С2(Чеч)
А 36



Айдамиров Абузар

# КХОЛЛАМАН ЦХЬА ДЕ





Айдамиров Абузар

# КХОЛЛАМАН ЦХЬА ДЕ

ПОВЕСТАШ

Национально
краеведческий
отдел

7143

СОЬЛЖА-ГIАЛА
«КНИГА»
1993

С 2 (Чеч)

А 36

Один день судьбы. Повести: Грозный. Книга. 1993

Вайн дешархошна дика евза яздархочун Айдамиров Абузаран цIе. ХIокху шен рогIерчу жайни тIехь цо вайна йовзуьйту повесташ «Кхолламан цхьа де», «Маршонан кIентий», «Калугера йийсар». Хьалхарчу повестехь яздархочо вайна гойту нохчий 1944 ш. бехк-гуьнахь доцуш, ямартлонца Даймахках баьхначу хенахь цара доьналлица лайна халонийн ерриге агIонаш.

ШолгIачу повестехь вайна дуьйцу ХХ-чу бIешеран юьххьехь Нохчийчохь иккхинчу гIаттамах лаьцна. Ткъа «Калугера йийсар» цIе йолчу повестехь Абузара шуьйра довзуьйту имам Шемалан ДегIастанахь а, Нохчмахкахь а имам хIоттаран некъаш, йийсаре вахар, цигахь цуьнан хилла дахар, паччахье цо динчу дехаршна иза Макка кхачар, иштта Шемалан тIаьххьара денош а.

А $\frac{4702700100-71}{М\ 135(03)-93}$ С 2(Чеч.)

# КХОЛЛАМАН ЦХЬА ДЕ

*1933—1941 шерашкахь ГУЛАГ-н лагерашкахь бархI шо даьккхинчул тIаьхьа шозлагIа а халкъаца даймахках ваьккхина, казахийн шийлачу аренашкахь халонаш а, баланаш а лайначу, цкъа а доьналлех, оьзданаллех, собарх ца вухуш ваьхначу, 1949 шеран 14 апрелехь Ош областерчу Жанги-Жол районерчу Успеновка юьртахь кхелхинчу, цигахь дIавоьллинчу сайн дена Iабдулхьаькамна.*

I

Шен раж эцна доьдура эзар исс бIе шовзткъе пхоьалгIачу шеран февраль беттан цIемза де. Къилбаседехьара хаддаза схьахьоькхучу шийлачу мохо лоькхура дерзина диттaш.

Къеггина, екхна хуьлу стигла оцу дийнахь дошан баса йирзина, кхоьлина, догIанан морхийн Iаьржа сомалкхаш охкийна, мохь аьлла елха йохкуш санна, кхохкийна кхозура. Цхьа дагна хийра, оьгIазе хеталора тIера ло даша доьлла Тянь-Шанан лаьмнийн Чаткхалан дерзина даккъаш.

Юткъа шок етташ лай тIера схьахьоькху шийла мох хьаккхабелла меже шелонца морцуш, кIад ца луш массо маьIIехула кхерстара. Адамийн дегнашна тIе цхьа беза сингаттам туьйсуш маьхьарий хьоькхура йочанийн кхаъ кхайкхош дерзинчу дитташна тIехула хьийзачу къийгаша.

Дерриге а Iаламехь хила ма деззара хуьлуш, цхьаннен а цхьа а тайпа хийцам бан ницкъ боцуш, шена ма тов чекхдолуш доллура и шийла Iа. ТIейогIучу бIаьстенан меттиг мукъа а боккхуш и Iа кхин цкъа а юха ца дан дIадерза дукха хан ца нисинера.

Оцу доьхначу дийнахь, ламанан тIулган басахула лаьхьа санна сетташ хьалаболучу гIашлойн новкъа, дечиган маххьаш а гехь меллаша охьайогIура ши зуда.

Шиннах цхьаъ — тIеюьйхина эттIа тIелхиг яьлла, берриге а бамбеш а оххабелла тиша тужурка а, бамбин одеялах тегна еха коч а, коьрта тиллина лелийна тишделла кIиниж йолу доккха кортали а, когахь истангах тегначу пезагашна тIехула юьйхинчу калошца шовзткъе итт шарал тIехъяьлла зуда, тIехьаьжча шен хенал а йоккха хетара.

Цхьана хенахь хазчу куьцахь хилла цуьнан лекхо дегI а, горга юьхь а хIинца а тIера хазаллин лар янза безамехь гора. Къеждел-лачу гиччоша а, хебаршка ихначу бесеша а, кIоргга хьех чуэгначу кхоьлинчу бIаьргаша а тоьшалла дора иза гинчу бохамаша хе-наза къанийна хилар. Амма и самукъанах цхьа а су шайна чохь боцу бIаьргаш, къинхетамах дуьзна, массарах а дог лозуш гIийла хьоьжура.

Важа, цуьнан накъост, ткъех шо алссам хенара юккъерчу дегIахь, Iаьржа еха месаш, горга юьхь-марш йолуш хазчу куьцехь къона зуда яра.

ГIо лоьхуш санна кхерстара Iаьржачу цкъоцкъамашна бухара схьахьоьжу, оцу дийнан стигланах тарбелла кхоьлана, белха кечбелла, бIаьрхих буьзна цуьнан Iаьржа ши бIаьрг. Царна чохь къегина гора цхьангге а балхоза, балхо меттиг йоцуш кийрахь IаьIна бала, къоначу, декъазчу дагна маслаIат дехар.

Масех де дара и шиъ ламанан цхьана чIаже дечиге оьху. Денна цхьанакхетара и шиъ цигахь, амма юьртахь цхьацца маьIIехь ехачу цаьршинна вовшийн кIезга евзара. Нийсса цхьа шо хьалха вовшашна генахь, Кавказан лаьмнашкахь, шаьш йиначу ярташкахь маьрша ехаш хилла и шиъ, кхолламо дай баьхначу, уьш дIабоьхкинчу лаьттах къастийна ялийна кхузахь цхьанатоьхнера.

Нийсса цхьа шо хьалха цаьршинна ца хаьара, шаьшшиъ баьлларг бехк боцуш, йинарг кхиэл йоцуш февраль беттан цхьана кхаарин дийнахь хIусмашкара ара а яьккхина, кхуза гена махка кхуссур юйла, шаьшшиъ а, шайн доьзалш а мацалла ца балийта хIара къиза къа хьоьгуш сагIа доьхургаш санна яьлла лелар юйла а.

Серсачу дарзо тIадийначу гIашлойн новкъахь ког шершина галъяьлла охьакхетарна кхоьруш меллаша ког буьллуш ларлуш охьа чу а йоьссина ворданан новкъа елира и шиъ.

Йоккхастаг кIадъелла гIелъеллера, амма иза шен ницкъ ма кхоччу хьалха дIагIертара.

— Хьо кIадъеллий-те, Хелипат? Жимма садаIа охьахаий вайша? — хьаттира, юха а хьаьжна, хьалха йоьдучу къонаჩо.

— ХIа-хIа, Зану, дIаяло хьо, — йоккхастаг саца а сецна, халла хьала а сеттина, хьалхахьа хьаьжира. — ДIогахь, некъа йистехь гучу IандагI кIел соцур вайша.

Зану хьалха дIахьаьжира. IандагIан дитт гена дацара. Пхи бIе гIулч елахь кхин гена яцара царна юккъехь, амма мацалло ницкъ эшийначу цаьршиннен догIмашна гена хийтира цига кхаччалц бан беза некъ.

Ши зуда кхин йист ца хуьлуш берриге шаьшиннан ницкъ тIе а гулбина, махьа кIел букар а яхана, меллаша хьалхахьа йолаелира. Шаьш йолаелла йоьддушехь Хелипатан ойла йора Занус. Зануна хаара дукха хан йоццуш Хелипатан цIийндай, вуьрхIиттаберхIитта шарчу яхана гIеметта хIоьттина хаза йоIий деллийла а, ткъа иза ша жимчу кхаа бераца Iазап хьоьгуш юйла а.

Шаьшиина вовшийн евзича Зануна чIогIа езаеллера и къиихетаме, догдика йоккхастаг. Iийшиичу баланашка ца талхалуш дисиичу цуьнан эсалчу хьажаро а, кIеда-мерзачу къамело а, йиичу нанас санна тIейийзайора иза.

Сих-сиха шаьшинъ IондагIана герга кхача йоллий а хьожуш, коьртехь уьйриг хилла хьийзаш еза ойланаш а йолуш йоьдучу цаьршинна генна хьалхахьа, некъана иттех гIулч юьстах Iуьллуш цхьа Iаьржа хIума а, цунна гонах хьийзаш жIаьлеш а гира. Шаьш герга мел гIоьрти иза адаман дегIах тарлора цаьршинна, ткъа гуттар а герга кхаьччахь и шинъ тийшира хьалхахьа Iуьллуш гург боккъалла а адам хиларх. ЙогIучу кху шиннах бIаьрг кхетча ши жIаьла меллаша доладелла коьллашлахь къайладелира.

Воьжна Iуьллург беркъа вухавелла воккхастаг вара. Ма боггIу лергашна тIе озийна тиллина, цкъа цхьана хенахь безчу мехехь хилла, шен холхазах боьхна, хIуманна меха боцу боьмаша холхазан куй бара цуьнан коьртахь. Дерзиичу дегIа тIе юьйхина эттIа, коржамаш а тийсина аьхна тужурка а, эттIа меттигаш тешций, бехчалгашций лерриna тIеттIа а нйзийна аьхна тиша хечи а, берзиичу когашна тIе туьйдина неIаран мачаш а яра.

Голаш мара а оьзна горгвелла Iуьллура воккха стаг. Цуьнга дIа а хьоьжуш ца соцуш тIехъелира хьалха йоьду Зану.

— Собардехьа, Зану, тхан эвлара Аюб ву-кх иза. Лаа Iуьллийте хIара кхузахь воьжна, — сецира тIаьхьа йогIу Хелипат. ТIаккха воккхачу стагехьа дIа а йирзина, цуьнга кхайкхира иза.

Шозза-кхузза мохь тоьхча а воккхастаг вист ца хилча я меттах а ца хьайча, тIеяханчу Хелипата цIе а йоккхуш меттаххьавира иза.

— Миска Аюб яI, — гIийла мохь белира лерриna цуьнан юьхьа тIе хьаьжначу Хелипатан. — ХIара-м вела Iуьллуш хилла...

Шена хезначу дешнаша хIумма а цец ца яьккхира Зану, амма тIе а яхана воккхачу стаге хьаьжначу цуьнан дагахь цкъа а диц-

лун доцу сурт дисира. Цунна хьалха Іиллара кІайн еха маж а яьлла можа юьхь. Аьрзонан зІок санна хьаьвзина дукъ тІе даьллачу мера чуьра а, багара а охьаІийдаделла соьла мераІуьргаш чохь а, мекхашна, можана а тІехь деттера. Набарна охьавижча санна хьабдина лаьттара бІаьргаш. ҚІеззиг гІаттаеллачу багахь гора цхьа а талхаза шагатІулгаш санна кІайн цергаш. Тужурки эттІачу херошкахула гора шелоно сендина оза дегІ. Юххехь Іуьллура мелла бертиг йихкина, цхьа-ши кана хьаьжкІех буьзна жима пІаьлдиг.

— Ялохьа, Хелипат, дІагІо вайша. Со цуьнга хьежалац-кх, дог эккхаш лаьтта-кх сан, — аьлла, шен хих буьзна бІаьргаш дехарца Хелипате хьовсийра Занус.

— Вайша дІа ма яьлли юхадогІур ду-кх и жІаьлеш. Цхьа а стаг вац-те новкъа вогІу гуш?

Зану некъа дІаса хьаьжира.

— Вай, Хелипат...

— Вайша хІун де-те, Зану?

— Новкъа дІаса лелаш адамаш долуш тІе жІаьлеш гІертар дац хир ду цунна. Кхузахь лаьттачул, чехкка цІа а гІой, нахе хаййта вайша?

— Хаййта-м хала ма дацара, Зану. Хаййтича хІара дІа а вигна, хІоккхуьна каш даьккхина, хІара лаьттах волла ницкъ кхочур болуш боьрша стаг тхан эвларчу наха юккъехь-м вац. Цхьаберш цомгаш эгна Іохку, важаберш шайн догІмаш халла ирахь лелош бу. Хаац-кх хІун дер.

— И цхьа ихи-ялх стаг ву оцу гІуллакхана юкъ йихкина лелаш. Цаьрга хоуьйтур вайша.

Цхьана минотехь ойла йинчул тІаьхьа Аюбана юххера дІаелира Хелипат. Кийра даш доьттича санна дегнаш дазделла, гІелъелла эвла йолаелира ши зуда. Цаьршинна хьалха хІуьттура и воккха стаг санна декъазчу Іожаллица беллачу шайн безачийн сурташ, шаьш хІинццалц схьа Іийшина баланаш, инзаре ирча тахане, кхин а ирча, буьрса тІе йогІу кхане...

— Велла кху дуьненара дІаваьллачу-м ирс дара, — элира Хелипата шаьшшинъ цунна дикка гена яьллачул тІаьхьа. — Дийна дисиичу вай хІун дика хьоьгур ду. Амма тамашийна бу-кх дуьненан белхаш. Маса хир дац моьттург хуьлу, ла иа дийгІинарг тІе догІу стагана. Хьажал хьо Аюбах хилларг. Цхьа шо хьалха, боккха доьзал, шортта даьхний, йоккха ков-керт йолуш нахана Іаламат дукха везаш, хьанал вехаш стаг вара иза. Цхьа шо далале доьзалх, бахамах ваьлла гІаж санна цхьалха висира. Ткъа мел онда, дегІехь ницкъ болуш, уьнах иІена стаг вара иза! Дезткъа шо гергга хан яра цуьнан, ткъа тхан юьртахь балха тІехь цуьнца ларош стаг вацара. Колхозехь собрани хуьлуш ударник ву бохуш даим стоьла улло, хьаькамашна юккъе охьахаавора иза. Цул сов, хІара Іедал доккхучу хенахь Микли паччахьана дуьхьал тІом беш

масех чов а хиллера цуьна. ХIинца а сайна гуш санна хета суна, ворхI-бархI шо хьалха депутаташ хоржучу дийнахь юьртахь дуьххьара яьшки чу тосу кхаж цуьнга тасийтар. ХIинца шен коьртахь болчу куйнаца, исхаран чоица, цуьна чухула юьйхина атлазан гIовтал, юкъах йихкина детица кхелина шаьлта. Оццул нисвелла, хазчу цуьнан Iожалла кхерстачу жIаьлин санна хили. ТIехь деша-м хьовха, аттала къилбехьа верзо стаг ца хилла уллохь. ОхIхIай, дела хьан болх бу-кх. Хаац-кх вайн Iожалла муха хир а, вайна латта мичхьа доьгIна а...

— Пекъар, стенга воьдуш хилла-те иза?

— Стенга воьдуш хилла хир вара иза? Цхьа нэшам бац ткъа вай дерриге а арадаьхнарг. Кхалла хIума лаха вахана хилла хир ву-кх. Веза дела, хьуна дика хаьа хир ду-кх. КIадъелла настаршна чохь са ца дисна са-м. Каррехь егайо-кх. Жимма ял яй вайша?

Зану реза хиларе а ца хьоьжуш, гира махьаца цхьаьна тIуьнчу лаьтта охьахиира Хелипат.

— Тамашийна стаг ю-кх хьо, Хелипат. Хьан амалех цецйолу-кх со, — элира Занус ша охьа а хиъна паргIатъяьлча.

— ХIунда бах ахь?

— Данма нахах дог лозуш, царна маслаIат дан гIерташ хуьлу хьо, ткъа хьайгарчу балех лаьцна цхьа дош а ца олу. Са чIогIа стаг ю хьо. Велла Iуьллу и воккхастаг гича со елхаза ца Iеели, ткъа хьан бIаьрге хин тIадам а ца белира...

Хелипат цхьа гIайгIане елаелира.

— ЭхIей, диканиг, дера дукха ма йилхина. Ма дукха йилхина-кх. Дукха елхарна бIаьргаш чохь хи ца дисна. Дог доьлху, ткъа бIаьргех хи ца долу. Ас хьаьнга балхор бара сайгара бала? Хьанна оьшу сан балхамаш, цIийзар? Мила ву цхьа бала кийрахь боцуш, даладелла Iеш? Цхьа а вац, Зану. Къанъела со хIинца, мел яьхча а дукха ехар яц, хала делахь а, Iожалло дIайиггалц са-деттар ду ас...

— Иза а ду-кх бакъ. Делахь а лаьа-кх шегара бала балхо, дог хьао, тIаккха шена синтем хир болуш санна. Велла Iуьллу воккхастаг гича, хилларш а, гинарш а дерриге карладевлла ойлаеш йогIий со-м. Сан а дара да-наний, шиъ ваший. Вай цIера ара дахале цхьа ах шо хьалха маре яхана со... ХIусамдеца кхуза ялийра. ТIамехь яьккхина, цхьа ност йоцуш вара иза. Ас нэша хIума-м ца дитира цуьна... Кху аьхка кхелхина иза...

Логе гIертачу елхаран къурдаша садукъдиччу Занус шен къамел сацийра.

— Хаьа суна, Зану. Вевзара суна иза. Аьтто ност йоцуш, озо еха юьхь-марш йолуш, Iаьржачу аматехь, хьийзана Iаьржа корта а болуш безамехь жимстаг. Некха тIехь ордалш а хуьлура цуьнан.

— ТIамехь хьуьнар гайтарна еллера цуьна уьш. Цхьаъ ордал яра, шиъ медал яра. Жима пIаьлдаг бина, кучапа чухула коча а

тесна йиллина дIа сайн дегIаца лелош ю сан уьш. Ткъа сайн нахах хилларг хаац суна вай арадаьхначу дийнахь дуьйна...

БIаьргаш буьззина чу хIиттина бIаьрхиш тIех а даьхкина, таттолгашца беснешна тIехула охьахьаьлхира Занон. Шен коьрта тиллинчу тишчу йовлакхаца хиш дIа а хьоькхуш, кийрахь йоьлхура иза.

**— Дера хаац суна-м, Зану, хIун дийр ду.** Цхьа дела болх бу-кх хIара. Дала динчунна реза а хилла Iийча, хьегнарг цхьа ял йоцуш довр дац хир ду вайн. Дависарг, Iовдалш хилин вай-м. Махках дахар гIалат ду, нийса дац, цунах кхеттачу Iедало юха цIадерзор ду бохуш, колхозо ваьшна деллачу латти тIе стохка бIаьста ялташ ца дийра. Цундела кху бухахь долчу къоманчул хьалха мацалла хIоьттина вайга. Вай схьа ма кхеччи дерриге балха а девллехь, вайна къастийна латтанаш тIе ялташ а дийнехь, кху хьолехь ца хила а мегара..

— Ма дийцахьа, Хелипат, — элира Занус, са а даьккхина. — Дукха бехк а бацара нехан. Тахана-кхана цIа доьрзу бохуш кху махках дог ца леташ Iийра-кх. ХIинца а ву массо, шаьш Даймахка юхадерза кхана новкъа девр ду моьттуш. Со а, хьо а теша цунах. Вайна иза дагара баьлла минот яц, аттала гIенах а. Ткъа мосазза кечъелла со новкъа яла сайн миска къелгаш дIа а хьарчийна? Мацца а цкъа со новкъа ялахь баа хир бу бохуш дIабиллина латтош ши кила мекхан цу бу сан... Латта-м ца дийра. Цкъа делахь вай дIагIур ду моьттура, шолгIа делахь кхузара латта вайн махкарниг санна лелош дац. Кхузара латта лело говзалла ма еза.

Новкъарчу тIулгах ког тасабелла галъяьлла Хелипат дIакхоссаелла бердан басех куьг гIортийна охьа ца кхеташ йисира.

— Доцца аьлча, гIуллакх галдаьлла-кх вайн, — элира цо куьйгах летта хатташ дIа а бохуш, — дIадаханчу шарахь адамаш даларна бехке-м мацалла а яцара. ХIетахь вайн керахь цIера деана мелла а ялта дара. И чекхдаьлча керара сал-пал а юхкуш хIума эца аьтту а хилира. Махкаллаш деш белира дукха нах. Кху Iай гIелди вай мацалло. Боккъалла а аьлча, дукха нахехь ницкъ а бацара шайна къастийна латта лело, балха баха а.

Хелипата аьллачо Зануна дагаданйтира бIаьста гуттар шайн гIаддайча ша куз бохка яхар. Иза бара шиъ-ах метр шуьйра, кхоъ-ах метр беха, хаза кечбина гIажарийн куз. Зану Маиле еача, ден цIа а яхана юха йогIуш нанас совгIатана белла. Занунa хезнера и куз мацах цкъа шен денанас гомаш а йоьхкина эцнера бохуш. Шаьшшинен долара дерриге хIума доьхкинчул тIаьхьа а ца бухкуш Занун ден а, ненан а безамна Iалашбеш латтабора цаьршиммо иза. Амма кху Iай цIеххьана цомгаш хилла, вехха меттахь висинчу Маилна кхачанна кхин дан хIума а ца хилла, иза бохка араелира Зану. Цхьана кертара вукху керта хIуьттуш юьртах чекхъелира иза. Безачу кузах цуьнга кховдориг я ах кийла даьтта, я жимо ши хьокхам хуьлура. Хьанна хаьара, луларчу ярташкахь,

къаьсттина царна бархI километр генарчу узбекийн юьртахь хIуттучу базарахь кузах ах мах бала а мегара. Амма Занун а, я цхьана а нохчочун бакъо яцара комендатуран бертаза цига ваха. Ткъа Манлан, цунна дукхавезачу, цуьнан гIийлачу Манлан кийра рицкъа дахаза масех де дара. Куз луччух дIабохка дийзира. Иза суьйранна цIа еара ах кийла даьттий, ши кийла нехчий, цхьа кийла хьаьжкIийн ахьаррий дохьуш...

— Хелипат! — чIоггIа йистхилира Зану, иза уллохь йоцуш, ткъа цхьа генахь, мохь тоьхча ца хеззехь йолуш санна.

— ХIун боху ахь, Зану? — цецъяьлла хьалатаьIира Хелипат.

— ХIун бехк баьлла доьхкина вай кху къизчу Iазапе? Ма хала ду хIара лан! Цхьа бехк баьлла таIзар токхуш делхьара а хIумма дацара. Бехк-гуьнахь доцуш цIийнах, махках баьхна бIарзбина лело зударий, бераш... ХIара-м адамана дуьйцу а цахезнарг дай, Хелипат... Стенна бехке ву и велла Iуьллу воккхастаг, вайша, кхин ээарнаш? Вай хьанна хIун дина, Хелипат...

Зану саца а сецна жоп доьхуш Хелипате хьаьжира. Хелипатана гира оьгIазаллех дуьзна догу Занун Iаьржа бIаьргаш, йолчу тIе а макхъелла юьхь, хорша еача санна его чIениг, вовшех еттало церташ.

— Хаац, Зану, суна хаац. Кха тIе а яхана нисса ян а халла хаьаш къанъеллачу суна ца хаьа хьуна жоп дала. Хьуна дешар хаьа, Iедалан балха юккъе а гIиртина. Сол хьекъал долуш хир ю хьо.

Маржа дуьне яI-кх! ДIа мел боккхучу кого, олучу дашо карлабоху-кх генара Даймохк, ирсе къоналла!

«Хьуна дешар хаьа, хьо Iедалан балха юкъа а гIиртина...»

Карладийлира юьртарчу школехь доьшуш Iийна шераш, Манлна цхьаьнн ворхI класс чекхъяккхар. Ша юьртан библиотекехь болх бина ши шо. Дуьххьара юьртахь вовшахтоьхна исбаьхьаллин цхьанакхетаралла. Соьлжа-ГIалахь нохчийн театран сцени тIехь шаьш концерт хIоттор; «Ленинан некъ» газетан йоьалгIачу агIон тIехь зорба тоьхна ша а, Манл а цхьаьна хелхадолуш даьккхина сурт; шайн коллективан кхиамех лаьцна радиочухула дуьйцуш, доккхадеш дог детталуш ша ладегIар. ХIетахь... хIетахь — и шиъ къона дара... Занун ялхитта шо, Манлан ткъаесна шо. ХIетахь тIом бацара, адам маьрша дехара, хIораннан бешахь а яра ирсе бIаьсте. Хьанна хаьара, хьанна моьттура...

«Гур буй-те юха Даймохк? Гур дуй-те кхин нохчийн маттахь газета, книга... хезар дуй-те радио чухула нехан маттахь къамел? — хеттара цо ша-шега, бIаьргех оьху дуьра хиш дIа а хьоькхуш. Ткъа Манл тешна ма вара тхуна тIехь хIоттийна хIара хьал Сталинна ца хууш, иза Iехийна хIоттийна хиларх, дерриге мадарра шена и хиъча цо тхо тхешан махка дерзориг хиларх... Ткъа Манла цкъа а ца олура харцдерг...».

Зану тешара мацца а цкъа шаьш дай баьхначу лаьтта тIе доьр-

зург хиларх. ХIораммо санна, цо а шаьш новкъа девр долу денош дохкура. Новкъа йогIуш цхьаьний пхи-ялх машина гича, станцешкахь яьсса лаьтташ цIерпоштан вагонаш яра аьлла хезча, хIора а дог теший хуьлура, уьш шаьш дIадига кечйина хиларх.

«ХIаъ, тхо-м, дийна диснарш-м маццa а цкъа цIа доьрзур ма дара, — ойла йора Занус, — Даймахке са а туьйсуш, цуьнга а кхойкхуш кхузахь лаьттах баханчийн къа ду-кх. Маил, сан хьоме Маил, хьо суна хир вац-кх...»

Оццу цхьана ойланаша дIалаьцна ши зуда кхин вовшашка йист ца хилира юьрта йоллалц.

II

Кхоьллина деана де къаьсттина а сингаттаме хуьлура Николай Кузьмична. Йочанца цхьаьна лаза йолура цуьнан хадийна ност. Лазарша карладохура тIеман хьалхара буьрса деноп.

Немцойн фашисташа тIе Iожаллин дарц детташ хIаллакдора машаре адамаш, сийначу цIарах йогураярташ, гIаланаш, адамо эзарнаш шерашкахь кхоьллинарг...

Хьомечу Украинан латта мостагIчунна а дуьтуш, дегнаш къуьйлуш Малхбалехьа юхадийлар. Цаьрца цхьаьна, шаьш иттаннаш шерашкахь гулбина бахам а буьтуш Малхбалехьа уьдура фашистийн олаллин кIел совца ца луу зударий, бераш, къенанаш.

Эххар а Волга-хин бердаш. Кхин дIа юхадовла бакъо яц. Кхузахь Толаман Де тIекхачале, минометан снарядо аьтту ност оту...

Эзар исс бIе шовзткъе шолгIачу шеран берхIитталгIачу ноябрехь цIен бос а богуш, элдарчу дегIахь, каде, самукъане хилла гвардии капитан Бороденко шолгIачу дийнахь дуьйна тIеман гIуллакхана пайденна хуьлучуьра дIавелира гуттаренна а.

...Еха санитарни цIерпошт. Юккъера Ази. Ташкент, кхузахь госпиталехь кхо бутт...

Госпиталера протезаца, Iасанашца араваьлла иза, хIетахь дуьйна кху гIиргIазойн лаьмнашкахь. Столыпинан заманахь кхуза кхелхинчу украинцаша йиллинчу юьртахь болх беш вара. Юьхьанца истори а, географи а хьехархо, тIаккха школан директор.

Хьанна моьттура хIара дахар иштта хаьрцар ду. Ткъа цуьнан сатийсарш, дахаран Iалашонаш?

Карлаелира иза Киевски университетан исторически факультетехь доьшуш хилла хан. ХIетахь цо шен дахарна хьалха яккхий Iалашонаш хIиттайора. Уггар хьалха — Iаьржа еха месаш, жугIара бIаьргаш долу аьрха Света Пантелейчук яло. ТIаккха, дика дешарца университет чекхъяьккхина, цхьаний аспирантуре даха, шиннех а Iилманчаш хила.

Iалашо кхочуш хуьлуш дIайоьдура, Светлана а ялийна. Шиммо а тIехдика чекхъяьккхира университет, ший а аспирантуре дахара.

Николай России XIX бIешеран исторех диссертаци язъеш вара, ткъа Светлана — арахьарчу мехкийн керлачу исторех. Амма эскарехь гIуллакх дан кхайкхаро, Николайн Iалашо цкъачунна юкъахъяьккхира. Делахь а, иза цуьрриг а шек вацара. Дикъ шо дукха хан ма яц. Иза-х къона вара, цуьнан шортта хан яра аспирантура чекхъяккха а, шен Iалашо кхочушъян а. Цо тоам бора зудчун кхиамех. Николайс эскарехь гIуллакх дешшехь, Светланех истории Iилманан кандидат хилира. Иза цхьана Iилманан-талламан институтехь балхахь яра. Кхуьуш жима кIант а вара цаьршиннен. Николайн къеначу нанна шел ирсе стаг дуьненахь а вац моьттура.

ЦIеххьана тIом. Цо дохийра Николайн доьзалан ирс. ТIом болабеллачу хьалхарчу деношкахь фашистийн бомбанаша дийра Николайн нана а, зуда а, кIант а...

Iилманча а цунах ца хили. Доьзал а бац. Аттала цуьнан ирс ца хили и хьерадаьлла фашистски экха лаьллина Малхбузехьа а дигна, ша схьадаьллачу тунгари чу а доьллина, цигахь цуьнан корта отуш дакъалаца а. Ткъа цуьнан бIаьхаллин накъостий цига кхочуш лаьтта. Советски латта тоххара цIандина фашистех. ХIинца тIом Германин махка тIехь бу. Стохка дуьйна шаьш биначу меттигашка юха дIаоьху тIом болчу хенахь Малхбалехьа кхелхина бахархой а. Цигахь юхаметтахIиттош ю яртащ, гIалаташ. Ткъа гвардин капитан хилла, амма хIинца заьIап хьехархо Бороденко кху лаьмнашка а хиъна Iа.

ХIун дийр ду цо? Дийна нисина йиша а фашисташа Германе дIайигна. Хууш дац иза дийна ю яц а. Цига вухавирзича а дерриге а карладийр ду. Юха а бастабаларна кхоьру хено берзийна деган чевнан мо. Изза кхоллам бу цуьнан зудчун а. Кху эвлахь, кху школехь девзина цаьршинна, кхузахь бозабелира цаьршиннен кхоллам.

Цуьнан майра а вийна Смоленск уллохь хиллачу тIамехь, Курскехь йиина жима йоI а. Цуьна а ца лаьа Курске юхаерза.

Хало шераш ду хIорш. Цхьа къена нах боцурш берриге а божарий фронтехь бу. Юьртбахаман гIуллакх дерриге а зударийн кочахь дисина. Партийни а, советски а, колхозан а куьйгалла хIокху кхааннен керахь ду. Иза ша парторганизацин секретарь ву. Анастасия Федоровна — юьртсоветан председатель, тIеман заьIапхо Сапар — колхозан председатель. Цара шайн ницкъ ца кхоош къахьоьгу фронтана. Дерриге а толамна, дерриге а оккупацих паргIатъяьхначу малхбузе областашна дIахьийзадо цара. Хала-м ду, амма юьртан цхьа а вахархо вац чIеIаш. Царна хаьа, мостагIа вохийна дIаваьккхичи бен Даймахкахь машаре дахар хIуттур доцийла. ХIинца цкъа-м хIор доьзалехь бала бу. Дукха хан ю ловзарш, эшарш, самукъне иллеш ца хеза.

Иоьхначу тIе а таро йохийна нийсса шо хьалха кхуза балийначу нохчаша. ДIадаханчу шарахь хIорш кхоъ мел гIертарх, цара лат-

та а ца дийра, массара колхозан балха тIехь дакъа а ца лецира. Шаьш тахана-кхана Кавказе юхадоьрзур ду моьттуш, Iехабелла къинхьегамна юьстах бевлла Iийра. Ткъа хIинца цаьрга мацалла хIоьттина. Махкаллин цамгарша ницкъ эшийна церан. Баларш хуьлу денна. Ткъа юьртарчу Iедалан, колхозан а ницкъ бац царна гIо дан.

Складашкахь йолчух кIез-кIезиг дIало царна, амма цунах кхачо хилац. Шайга терра холчу хьоле хIиттийна цара бухара бахархой а. ТIом боцчу хенахь-м хIуттур дацара цаьрга и хьал, ткъа хIинца хала ду-кх.

Иза оцу гIайгIанечу ойланех юкъахваккха санна, цкъа-шозза меттах а хьайна велхаозийра гаьнгали чохь вижина Iуьллу церан жима Вова. Николай Кузьмича доккха са а даьккхина, шен кера цIен къолам а эцна, хьалха уьйзира бицбелла Iохку Мария Петровнин дешархойн йозанан белхаш.

КIант а техкош белхаш талла вуьйлира иза. Амма хIинца цуьнан коьрте керла ойланаш хьийзара. Бес-бесара кехаташна, кехатийн кескашна тIехула язйинчу хIор цIеран шен-шен, амма цхьатерра биографеш яра. Петькин, Витькин, Аллин а дай фронтехь хIаллакьхилла. Доь доцуш вайна Мариникин да а. Любин да Прагехьа хьалхатеIаш ву, амма нана цомгуш Iуьллу. Ткъа Володин ваша, могIара салти, шина орденан кавалер ву. Машаре зама елхьара оцу берийн яххьаш берийниш санна хир яра, ткъа хIинца уьш къеначу нехан санна ю.

Аьстамиров Берсин болх карабеача, цунна бIаьргашна хьалха хIутту Iаьржачу аматехь оза, шийтта шо хенара жима кIант. Цуьнан баккхий кхиамаш бу литературан а, историн а, географин а предметашна. Амма иза ларавац оьрсийн меттан грамматикаца. Николай Кузьмична гIайгIа хуьлу цуьнан болх таллар. ХIор дашехь шишша-кхоккха гIалат. ХIетте а, Николай Кузьмична лаац, шиъ а диллина цуьнан дог дохо. Къинхьегамна тIера, дешарехьа боккха безам болуш, хьекъале бер ду иза. Цул сов, цаьршинна юккъехь цIеххьана, цхьа ша тайпачу хьолехь кхолладелла доттагIалла ду...

* * *

Юьртан а, школан а куьйгалхой мел чIогIа гIертарх а церан ницкъ ца кхаьчнера школехь доьшу хан йолу нохчийн бераш деррига а дешарна юкъаозо. Цуьнан кхоъ бахьана дара: нохчийн берашна я гIиргIазойн а, я оьрсийн мотт а ца хаара. ХIокху махках а, кхузарчу къаьмнех а боьлла цахилар, шайна тIе хIоьттина хало а. Цундела, школан хьехархойн коллективо къаьсттина а йоккха терго йора доьшуш долчу нохчийн кIеззигчу берийн. Занятеш чекхъевллачул тIаьхьа биллина дIа цаьрца болх бора, харцхьара лелча а гечдора. Шаьш ништта церан дог эцча, важа дисина бераш а школе дахкарга догдохура хьехархоша.

...Дешаран шо доладелла бутт а балале пхьоалгIачу классера Берса а, ворхIалгIачу классера Митька Величенко а валош Николай Кузьмичан кабинета чу еара пхоьалгIачу классан куьйгалхо, къона хьехархо Валентина Андреевна. Шина а кIентан яххьашна тIехь сийна буьччалгаш а, цIийн хьоькхнаш а дара.

— Сан бехк бац! Иза ша хьалха летира сох! — мохь хьеккхара Митькас велха а воьлхуш, — даим массеран а кочахь ву иза. Цо сайна тIулг тоьхча летта со. ТIехула тIе, ша урс Iоьттина сан гай хоьцур ю бохуш кхерамаш туьйсура цо...

Берса вист ца хуьлуш оьгIазе шен довхочуьнга а хьаьжна, доккха са а даьккхина соне вогIавелира.

— Митькас дуьйцург бакъ дуй, Берса? — хьаьттира Николай Кузьмича.

Берса вист ца хилира.

— Гой хьуна, Николай Кузьмич! Бакъ ду дера-кх! ДIатийний? Вистхила юьхь ма яц цуьнан!

— Ткъа хьо вист ма хила! Хьоьга ца хоьтту цо. Хьан гIоггIал воцу Берса ма дика лета хьох? Хьайн бехк нахана тIе тетта ма гIерта! — Берсигахьа гIодаьккхира Валентина Андреевнас.

Баракаллех буьзна ши бIаьрг Валентина Андреевне а хьажийна, юха а охьатаьIира Берса.

«Бераш бераш ду-кх, — ойла йора Николай Кузьмича, цаьршинга а хьоьжуш, — шайниг дуьтий ца Iа уьш цхьаннахьа а, цкъа а. Чевне хIума ца хилара царна юкъа догIург-м. Цхьа сахьт далале тан а тайна цхьаьний ловзуш дIаволалур ву. Амма Митька иштта дIавахийта тарлур дац. Цхьанна гечдахь, биснарш эвхьаза бевр бу».

— ХIаъа, дер ду шу, Митя, дика кIентий. Вокх-воккханиг жимчух лета. Кху цхьана баттахь мосазза а низам талхийна ахь. Классан куьйгалхочо мосазза а валхийна хьо. Хьайн къепа нана ас педсовете кхойкхийла лаьа хьуна? Хьан да вийча дагна хилла чов ца йоьрзуш синтем байна хьийза, хIинца хьох гIайгIа а хилла лела иза. Вайн ирсан, вайн даймехкан дуьхьа шен дахар дIаделлачу хьайн ден, тахана гена Польшехь фашистех леташ волчу хьайн вешин, ерриге халонаш эшош, шена там-товр ца лоьхуш, церан дуьхьа кху цIахь дийнахь-буса а къахьоьгучу хьайн ненан жимма мукъа а ойла ян езара ахь. Хьан хенара пионераш фронтехь фашистех леташ, халкъан турпалхой а хилла дIахIиттина, ткъа хьо... Дийцина а хIун до цуьнан!

Николай Куьмича пхьаьрсийн голаш стоьла тIе а хIиттош, шина куьйга корта а лаьцна, охьа а таьIна доккха са даьккхира. Митька корта а оллийна хIоьттина лаьттара.

— Уроке гIо ший а. Амма хаалахь, Митя, нагахь ишттаниг хьох юха далахь, хьо школера дIавоккхург хилар.

Митя сихха араиккхира, ткъа Берса, меттах а ца хьовш, ша лаьттачохь сецира.

— Вало, Берса, уроке дIагIо, — букъа тIе дайн куьг дуьллуш шеца хьалха дIаозийра иза Валентина Андреевнас.

— Со жимма тIаьхьа соцу, Валентина Андреевна, — элира вукхо хьала а ца таьIаш.

Валентина Андреевна бIаьргашца хаттар деш Николай Кузьмиче хьаьжира.

— Iадда витахьа, Валентина Андреевна. ТIаьхьа тIе вогIур ву иза.

Берсин цхьадолу аматаша Николай Кузьмична дагавоуьйтура 1942 шарахь тIамехь шен бIаьхаллин хьуьнаршца берриге махкахь гIараваьлла хилла нохчийн кIант Нурадилов Ханпаша. Сталинград мостагIех ларъеш турпала воьжна иза дIавоьллинера Донан лаьттах. Иза дара Николай Кузьмична чов хилале нийсса кхо бутт хьалха. Бакъду, Николай Кузьмична и ша цкъа а ца гинера. Амма цунна дика дагадогIура иза вийначул тIаьхьа Донски фронтан политурхалло арахецна плакат. ХIинца а шена гуш санна хетара оцу тIера къоначу нохчийн кIентан сурт. Маж-мекх далаза горгаюьхь, боккъала аьрзочух тера майра хьажар, некха тIехь ЦIечу Байракхан а, ЦIечу Седанан а ши орден. Советски Союзан Турпалхочун цIе вийначул тIаьхьа тиллира цунна.

ХIетахь Ханпашех лаьцна поэта Долматовскис яздина, бIаьхойн уггар дезачех цхьаъ хилла дIахIоьттина илли хIинца а дагахь хаьара Николай Кузьмична, хIинца а, цкъацкъа, ша висча лоххачу озаца шена олуш меттигаш а йора. Дагахь лаьттара плакатан цхьадолу могIанаш а:

...«ТIемало-наьрт, тIемало-аьрзу, тIемало-рыцарь — иза ю турпалхочун-пулеметчикан, гвардин старши сержантан, комсомольцан Нурадилов Ханпашин бакъ цIе...

..Нурадилов Ханпашас шега схьаэцнера доьналла долчу нохчийн халкъан тоьлла гIиллакхаш: цуьнан турпалалла а, аьрзунан кадалла а, цуьнан майралла а, къонахалла а, доьналла а...

...Нурадиловс шен пулеметаца 920 фашист хIаллаквина...

...Хьажал хьо, бIаьхо, ламанан аьрзунан, турпалчу пулеметчикан Нурадилов Ханпашин суьрте! Кавказан турпалан, нохчийн халкъан кIентан бIаьхаллин хьуьнарш, тIамехь доьналлин масал хуьлда хьуна а, хьан накъосташна а...

...ТIамехь кхерам хIун ю ма хаалахь, нохчийн халкъан доьналла долчу кIанта ма эшаярра, майрра эшаелахь Iожалла...»

Дерриге а шен фронтан дахарехь политрук хилла Николай Куьмич газеташ доьшуш дукхазза а тIеIитталора нохчийн халкъан кIенташкара дийлинчу тIеман хьуьнарех лаьцна долчу дийцаршна. Амма даиманна а цуьнан дагчохь виснарг Ханпаша вара. Ца диндора тIаьхьа «Извести» тIехь ша дешна, Нурадиловн коша тIехь цуьнан командиро динчу къамелера довха дешнаш а:

«Ламанан аьрзу! Иллеш дукхадезара цунна. ДIадевр ду шераш. Керлачу хазчу зIаьнаршца лепар ду вайн дахар. Ткъа Нохч-

ГӀалгӀайчоьнан ирсечу кегийраша, Донан мехкарша, Украиннан кӀенташа гвардин старши сержантах Нурадилов Ханпаших иллеш бохур ду».

Уьш дерриге а цхьана секундехь хьаьвзира Николай Кузьмичан коьртехь. Ткъа Берса, дӀавоьгӀча санна, ша хӀоттинчохь меттах ца хьовш лаьттара.

Хьехархо, и шиъ шаьшша а витина, араелира.

— Берса, хьан соьца гӀуллакх ду? — хаьттира цо, шен ойланаш дӀа а лаьхкина.

КӀанта, вист ца хуьлуш, корта таӀийра.

— Схьадийцал, цӀахь бохам-м ца хилла вайна? Воккхастаг цомгаш хилла?

Берсас корта ластийра.

— Я хьо хьуо могаш вац? Го суна, хӀокху деношкахь юьхь тӀера бос байна, гӀийла ву хьо. ЦӀахь юург яц хьан? Схьавоьл суна улло.

Берса, тӀе а вахана, Николай Куьмична хьалхха дӀахӀоьттира.

— Ю. Со а ву могаш.

— Ткъа хӀун хилла хьуна?

— Николай Кузьмич, со сайн бехкенна ца летта Митех...

— Иза-м суна хууш ма ду. Ас-м ца вира хьо бехке. Цунна сеццера хьо?

— ХӀан-хӀа. Митька коьртехь волуш, цхьа масех кӀанта тӀехбеттамаш беш араваьз а ца вуьту со...

— Забарш еш ма хуьлу, Берса, — велавелира Николай Кузьмич, — забарш а йо, наггахь буй-тӀара еш меттиг а хуьлу, амма уьш тӀаьхьало йолуш хӀумнаш дац. Ас дош ло хьуна, Митькина тоххар дицделла хир ду шуьшиннен дов.

— Амма суна ца дицло. Диц а лур дац. Царна забар хиларх, суна забар яц цара йийриг... ТӀехула тӀе иза я дуьххьар а, я со цхьанца йина а ца Ӏа уьш...

— Ой, хӀун ду иза, дан мукъане а? — цецвелира Николай Кузьмич.

Берсин ши бӀаьрг хих буьзира, ца велха гӀерташ бухара балда чӀогӀа цергашца схьалецира цо. Логашад хьала-охьа уьдура. ТӀаккха, жимма Ӏийна, дерриге шен ницкъ тӀе а гулбина, вистхилира:

— Бандит, фашист, ямартхо олий бен сан цӀе ца йоккху цара... Тхо, нохчий, Даймахкана ямарт хилла, бандиташ хилла, оха немцошна гӀо дина бохуш тӀехбеттамаш бо цара...

КӀант цхьа гӀулч хьалха а тесна, велхаран маьхьарца шен мара кхетча дегӀа тӀера массо а чо ирахӀоьттира цуьнан.

— Николай Кузьмич, ахь алахьа бакъдерг, — дерриге дегӀ дегош, шен корта Николай Кузьмичан некха тӀе а таӀийна воьлхура Берса. — Тхан юьртарчу нахана бӀаьрга а ца гина и бандиташ а, я немцой а... Кхечахьа, генахь хӀун хилла суна хаац, со жима ва-

ра... Дадас а боху шена хIумма ца хаьа... Дядя Коля, алахьа, бакъдуй цара бохург... Тхо махках даьхна кхуза схьа хIунда далийна...

КIанта даррехь хьалха хIоттийнчу хаттаро вохийра Николай Кузьмич. Мацах цкъа университетехь дуьненан историн муьлххачу а темих лаьцна кхиамца докладаш йина, лаккхара хаарш а, наггахь бен хуьлуш йоцу корматалла а ю бохуш профессорша хестийна, шен эскаран декъехь тоьлла политрук хилла, шарахь сов, хIор денна Iожаллина дуьхьал хIиттарх цкъа а ца воьхна Николай Кузьмич, хIинца оцу жимчу кIанта велхарца деллачу хаттарна дуьхьал дала жоп ца карош, дегIе хьацар тоьхна хиъна Iара.

— Ма велха, сан кIант, — элира цо эххар а, Берсин Iаьржа, жима корта шен некха тIе а таIийна, цуьнан гIоргIачу месех куьг а хьоьккхуш. — Уьш цхьа а бакъ дац. Оцу масех кIанта дуьххьал дIа хьо хьийзо шайггара даьккхина иза. Шу схьа хIунда далийна суна ца хаьа. Гитлеровски фашисташа болийначу, кху наьIалт хиллачу тIамо массо а ваьккхина шайн махках а, доьзалх а, йиш-вешних а. ХIинца цкъа цхьанне а дац атта. Амма, хIинца тIом чекх-бала герга бу. ТIаккха хуур ду вайна дерриге а. Ткъа хьо а жима ву. Цхьана а хIуманан ойла а ца еш, тIетаIIий деша. Воккха хилча, Iилманах кхетча, хьуна хьайна а хуур ду дерриге а...

Николай Кузьмича шен киснара схьадаьккхина кIайчу йовлакхца кIентан юьхь тIера бIаьрхиш дIа а даьхна, цуьнан пханарш тIе а хевшина лаьттачу бекъачу букъах дайн куьг туьйхира:

— Ткъа хIинца уроке гIо, сан кIант. Берашка а ас эр ду иштта забарш кхин ма елаш аьлла...

КIант классе дIа вигна, вуха чувеана Николай Кузьмич шена хьалха хIоьттинчу халчу хьолан ойла ян охьахиира. И дешнаш цунна хезнера хьалха а, лахара кхетам болчу цхьацца бакк хийрачу нахехь а. Амма баккхийнаш совцо атта дара. ХIинца дерг ша ду. И зуламе эладита берашна юккъе даржаро пайда бийр бацара. Амма муха сацо деза иза? И эладитанаш бакъ дац бахарх уьш совцур бац. Цаьрца тIетаьIIина кхетаман болх бан беза. Муха, мичара дIадоло деза? Николай Кузьмична шена а иа хаьа бакъдерг. Амма иза тешна вара дерриге халкъ бехке цахиларх. ТIехула тIе, шайн заманахь Маркса а, Энгельса а лаккхара мах хадийна оцу халкъан. Цунах лаьцна диканиг аьлла Сталина а, Орджоникидзес а, Кировс а, кхин дуккха а большевикийн партин деятельша а. Ткъа хIинца хIун хилла? Ца хаьа. Нагахь, оцу гIуллакха тIехь цо политически гIалат далийтахь, тIаккха а хир ду гуттар доьхнарг. Амма гIуллакх ишгта дуьтийла-м яц...

Дуккха а ойланаш йиначул тIаьхьа, цо сацам бира суьйранна педсовет гулъян. Оцу дийнахь шеца хилларг а, шен хилла сацам зудче дIабийцира цо.

— Хаац суна-м, Коля, хьуна хIун аьлла хьехар лур ду, — элира Мария Петровнас майрачуьнга лерина ла а доьгIна, тIаккха дика ойла а йина тIетуьйхира: — Ахь схьалацнарг политически

маьIна долуш гIуллакх ду. Цхьа бехк ца баьлча дийнна халкъ махках доккхур дац. ДIога, коьртехь хиъна Iаш Сталин ма ву дерриг хууш, гуш а. Цхьа бахьана ца хилча цо хуьлуьйтур ма дацара иза.

— Сан даго ма боху соьга, кхузахь дийнна халкъ бехке хила йиш яц, — шениг дуьйцура Николай Кузьмича. — ХIан-хIа, Машенька, со советски стаг, коммунист ву, со Iелур вац бакъдерг дIа а таIийна. ТIехула тIе сан йоллу ойла йолуш со цхьаъ хилла а ца Iа. Я хьо хьуо а ца теша айхьа дуьйцучух.

— Иштта-м ма дара иза, Коля. Амма ахь гIалат далийтахь бохам хир бу-кх вайна. Ас йийца ма ца оьшу хьуна хIара зама. Ког когах кхетта а галвалахь, вахана агIо ца хоуьйтуш тIепаза войу. Хьанна хаьа, вайн коллективехь хила а тарло хьуна бохам хила лууш стаг. Цул, айхьа цхьаъ доладелe, цкъа хьалха Рахьманкул Жапаровичах дагавалахьа. Шуьшиннен вовшийх лачкъийна хIумма а дац.

III

Школан дешаран декъан заведующис Рахьманкул Жапарович Юсуповс лерина ладуьйгIира Берсин хьокъехь Николай Кузьмича шега дийцинчуьнга. Амма и гIуллакх педсовете дилла цуьнан сацам хилар хиъча реза воцуш корта хьовзийра цо.

— Мегар дац иза, Николай Кузьмич. И тайпа гIуллакх педсовете ца дуьллу.

— Ца мага хIун ду кхузахь? Бераш кхетош-кхиош дац ткъа вай? Бахархошна юккъехь кхетаман болх бан декхар дац ткъа вайн?

— Амма вайн школан программина а, хьехархошна хьалха лаьттачу декхаршна а юкъа догIуш дац партин а, правительствон а сацамаш школашкахь бийцаре бар. И халкъаш партин а, правительствон а сацамца махках даьхна. Дисинчух хьо кхеташ хир ву моьтту суна.

Николай Кузьмич хьалагIаьттира.

— Делахь хIета, кхоьру-кх хьо? — кIоршаме Iоттар йира цо Рахьманкулана. — Ленински кхайкхамца партин могIаре хIоьттина, Ленинан весеташ кхочушдан дуй биъна, хьо шира большевик а вухаваьлча, партехь боичу хьехархошка дийца сан хIумма а дац!

Оцу шен моханца аравала дагахь дIаволавелла иза сацийра, вагийча санна цIеххьана хьала а иккхина, бIаьргех долу куьзганаш ка тоьхна дIа даьхна, сурт даккха санна цуьнан бIаьргашна чу вогIавеллачу Рахьманкула. ТIера массо чо а боьжна, хIоа санна цIанбелла корта, лекха, шуьйра хьаж, хьекъалe, гIайгIане ши бIаьрг, оза, еха юьхь, ло санна кIайн маж, юккъера даьIахк ца хаалуш, ведбелла, кхоьссина тIелатийча санна шуьйра мара...

БархI шо хьалха корта юьхь-мариш дIаьржа маж-мекх а долуш цхьана буса Iеттаре а тIеттийна вигна элдарчу дегIара Рахьман-

 

7193

кул, кхо бутт балале набахтехь къежвина, букар хьовзийна, юьхь эрча а яьккхина Колыме хьажийра. Дуккха а дехарш, аьрзнаш а диичул тӀаьхьа, тӀом болабеллачу шолгӀачу шарахь цуьнан аьтту хилира цигара дӀа фронте ваха. Амма Рахьманкулан шершинчу кого иза меттахӀотта ца вуьтура: цо дакъалаьцначу дуьххьарлерчу тӀамехь луьра чов хилла, иза вехха госпиталехь Ӏиллинчул тӀаьхьа цӀа а вирзина, кху школехь тийна болх а беш хан токкхуш вара.

Николай Кузьмич валлал дохковаьллера ша ойла ца еш аьллачу дешнашна. Цунна гора Рахьманкулан лекхачу хьаьжа тӀе оцу минотехь хьацар тухуш.

— Накъост Бороденко! Со большевикийн партии, советски даймехкан кӀант ву, — элира Юсуповс лохачу озаца, амма сацам боллуш. — ХӀаъ, ас дуй биъна Ленинан весеташ кхочушдан. И дуй бара сан дахарехь хала даьхкинчу деношкахь суна ницкъ а, собар а, къонахалла а лург. Хаалахь, партина, халкъана тешаме хилла со лаьттан кийра воьрзург хилар!

Рахьманкулас охьа а хиъна шен хьаьжа тӀе а, коьртах а йовлакх хьаькхира.

— Гечделахь суна, ойла а ца еш ас и дешнаш аларна, — бехказавала гӀоьртира Николай Кузьмич. — Кхетий хьо, Рахьманкул Жапарович, сан чӀогӀа дог лозу оцу нохчех... Тахана хилларг дуьххьар хилла гӀуллакх ма дац. Айса иза иштта Ӏадда дитахь суна сайх чекх са гур ду. Вай-х советски адамаш хилла ца Ӏаш, хьехархой, коммунисташ ду. Хьуна-м суначул а дика хаа ма еза къаьмнийн хьокъехь йолу ленински политика.

Николай Кузьмич луьйчура сецча, цуьнга хьала а хьаьжна догцӀена велакъежира Рахьманкул.

— Суна хӀунда дуьйцу ахь иза, Николай? — элира цо хьала а гӀеттина, тӀе вахана Николай Кузьмичан белша тӀе куьг а диллина. — Суна дика хууш ма ду уьш дерриге а. Хьо жима ву, цундела сиха а ву. Сихалла дика ма яц, цо стаг хӀаллакво. ТӀехула тӀе стеган ларлуш хилар кӀиллолла а ма лара цкъа а. Суна гинарг хьайна гинехь, ас лайнарг айхьа лайнехь, хьо а хир вара ларлуш. Стенна оьшу цхьанне а пайда а боцуш эрна хӀаллакьхилар? Со лоцучу шарахь сол хьалха сан накъостий лийцира. Царна юккъехь бара берахь дуьйна соьца цхьаьна кхиънарш а, дуккха а хенахь соьца балхахь цхьаьна лаьттинарш а. Халкъан мостагӀий бу аьлла лецнехь а, партина а, халкъана а тешаме, хьанал нах ӡуьш хиларх тешна ву со даим. Ас цаьргахьа гӀо доккхуш бакъдерг элира. ТӀаккха со а туьйхира царах дӀа. ХӀинца цкъа царах хилларг цхьанне а ца хаьа. Цхьанне а ца хаьа, цхьа а тайпа баьлла бехк боцуш тхо бехке дина хилар а. Халкъан мостагӀий ду аьлла, адамашна хьалха тхуна тӀе кхоьллина цӀе хӀинца а дӀаялаза ю. Партина, халкъана, даймахкана хьалха со цӀена хилар суна санна нахана а хаахьара, тахана а со валарх шеквер вацара со. И де цкъа тӀекхочург хиларх теша со, хӀунда аьлча, сайна тӀехь хӀоьт-

тийнчу харцонна ас бехке ца йо парти. Империализман гонна юккъехь дохку вай. Партин могIаршка, партин, советийн органашка балха нисбеллачу мостагIийн болх бу иза. Амма партин а, халкъан а бекхамах кIелхьара бевр бац уьш. Со хьоьга хIун ала гIерта аьлча, хьо ларлуш ца хилча и сайх хилларг хьох а хиларна кхоьру со. Вайшиннан вовшех къайле яц, цундела дуьххьал дIа боху ас хьоьга: нохчий Даймахкана ямарт хилла, уьш бандиташ бу бохуш и эладита ша-шах кхолладелла дац. Къайлах даржош ду. Иза хьуна хьайна а хаьа. ХIетте а ву хьо даррехь нохчий реабилитировать бан гIерташ. ХIан-хIа, Николай, дуьхьал ву со и Берсин гIуллакх педсоветан заседане хIотторна. ТIех шуьйра публика ю иза. Суна а ма хаьа оцу халкъашна тIехь йинарг ирча харцо юйла. Амма вайша тховса хьехархой а гулбина цIенна дIадийцахь, вайша кхана сарахь цIахь-м хир вац. Иза бакъдерг ду хьуна. Вайша хIаллакьхилча нохчий шайн махка боьрзург хилча-м вайша бIаьрнегIар ца тухуш лийр ма вара. Вайша хIаллакьхир ву, ткъа нохчашкара бала цуьрриг а байлур бац.

«Машас дуьйццург ду-кх хIокхо дуьйцург а, — ойла йора Николай Кузьмича, — школерчу дешархошна юккъехь орам тосуш шовинизм ю, ткъа со, школан директор, коммунист, юьстах а ваьлла Iен веза. ХIан-хIа, из хуьлийтийла дац...»

Николай Кузьмича, гIанта охьа а хиъна, доккха садаьккхира.

— ХIета, берашна юккъехь шовинизман ун а доржуьйтуш, цуьнга бен доцуш хьоьжуш Iийр ву-кх вайша. Иштта бохий ахь соьга?

— ХIан-хIа, Николай, ас ишта ца элира хьоьга. Ас-м ларлуш хила бохура. Ахь тховса хьехархой а гулбина, къаьмнийн доттагIаллин хьокъехь долу гIуллакх царна хьалха а хIоттийна, оцу агIор берашна юккъехь кхетаман болх бар царна тIедожорах вайн нисдала хIумма а дац. Хьан приказ, я педсоветан сацам кхочушбархьама, берашна къамелаш деш цхьана дийнахь цхьацца бахьанаш лело а мега цара. Амма шайн къамелашкахь цара нохчий бакъбеш дош а эр дац, я ала а баьхьар бац. Я цара хьуна луучу тайпана берашца къамелаш дича а, оцу берийн дегнаш чохь хьуна йита луу лар а юьсур яц. Оцу хьехархошка, цаьргахула берашка а, шайгга ойла яйта еза оцу гIуллакхан. Уьш шайн синкхетамца тешийта беза, ахь ма-аллара, вон, зуламе халкъ дуьненахь цахиларх, хила йиш яцарх, советски халкъийн бертахьчу доьзалан членийх и цхьаъ хилар а, массеран йоллу бакъо хила иза хьакъ хилар а. Амма муха дан деза иза? Кхузахь жимма ойла ян еза. Ас сайна хетарг эр ду хьоьга. Гой хьуна, Николай, хьо украинец ву, хьан зуда оьрси ю, со узбек ву. Тайп-тайпанчу къаьмнех долу вай кхоъ оцу нохчийн бала а кхаьчна хьийза. Кхечу агIор хила йиш а ма яц иза. Вайн советски халкъийн цхьа Даймохк а, цхьа Iалашо а, цхьа некъ а бу. Цундела, советски халкъийн доьзалехь муьлххачу а халкъана хилла бохам, лазам, вукху дисанчийн дагах кхета.

Стоьла тӀехь лаьттачу графина чуьра хи стака дуьззина чу доьттина дӀа мелла, шен сирчу мекхийх дай куьг хьаькхира Юсуповс.

— И нохчий кхуза схьабалабаллалц цкъа а суна гина адамаш дацара. Къилбаседа Кавказехь бехаш нохчий, гӀалгӀай буйла а, церан шайн автономин республика юйла а хаьара суна. Амма кхин дӀа царах лаьцна хӀумма а ца хаьара. Ткъа нохчий схьабалочу хенахь кхузахь дуьйцура, уьш бандиташ, разбойникаш, къуй бу, цара котам юьйчул башха ца хеташ шаьлта а хьокхий стаг воь бохуш. Со а, со саннарш-м ца тешара оцу эладитанех, амма тешарш а дуккха бара. Хьуна ма хаьа и дерриге а. Суна хетарехь, адамийн исторехь хилла яц дийнна халкъ бехке деш, дийнначу халкъана тӀехь таӀзар деш меттиг. Нагахь хиллехь а, суна ца хезна. Ткъа бала а бина зударий, бераш а, къена нах а кхуза охьатийсича, меца, гӀийла, махках бовларна дегнаш доьхна уьш сайна гича, оцу суьрто соьга ойла яйтира. ХӀара хӀун къам ду-те, сил луьрчу таӀзарна кӀел дожа кхунах хӀун бехк баьлла-те аьлла дагадеанчу ас, цкъа районе вахача, библиотеке а вахана справочни литература кегийра. Доцца аьлча, йоккхачу советски энциклопеди тӀера Кавказски тӀамах а, нохчийх а, церан республиках а лаьцна статьяш йийшира ас. Дуьззинчу шина бӀе шарахь цара турпал къийсам латтийна шайн къоман маршонехьа, паччахьан колонизаторшна дуьхьал Оцу шина бӀешеран къийсамехь паччахьан инарлаша къиза хӀаллакбина уьш. Байина, Сибире хьийсийна, эзарнаш доьзалш Турце кхалхийна. Со чӀогӀа цецвуьйлу и халкъ дуьззина хӀаллак ца хиларх. Шайн коча доьллинчу олаллица машар бан ца туьгуш турпала къийсам латтош Октябрьски революцина тӀе а баьхкина, уггар хьалха революцигахьа а бевлла, шайн махкахь советски Ӏедал а хӀоттийна, социализман толамехьа жигара къахьегна цара. Сайна хиьначо соьга кхин а кӀорга ойла яйтира. Шайн къоман маршонехьа, мехкан бозуш цахиларехьа, дуьненахь а уггар йоккхачу, нуьцкъалчу империна дуьхьал иттаннаш шерашкахь къийсам латталур ма бацара бандиташка, къизачу, ямартчу халкъе. Революци хьалхарчу деношкахь цуьнгахьа а бевлла шайн махка тӀехь советан Ӏедал хӀоттор дарий-те бандиташа, ямартхоша? Оцу хаттаршна жоьпаш лоьхура ас. «ХӀан-хӀа, царна тӀехь йинарг ирча харцо ю, — бохура ас сайга. — Царна юккъехь ямарт, зуламе нах хилла хир бу. Уьш хӀора халкъах бовлу. Амма ямарт, зуламе халкъ хилла а дац, я хила йиш а яц. Адам доьхна лелачу кху тӀеман заманах пайда а эцна, партина а, халкъана а ца хууш, я парти а, халкъаш а Ӏехийна, халкъан мостагӀаша дина гӀуллакх ду иза. Цуьнан шеко яц. Иштта, бехк боцуш бехке ца вира со? Иштта, бехк боцуш бехке а бина хӀаллак ца бина партина, халкъана тешаме сан накъостий, доттагӀий?» Амма сайн и ойланаш ас лачкъийра. Кхераме ю иштта ойланаш. ХӀун дан деза аьлча, оцу гӀуллакхана дуьхьал дӀа маӀашна тӀе а ца гӀерташ, флангехула

тIе ваха веза. Хьехархошна, берашна и халкъ довзийтича, церан цуьнга безам гIуриг хиларх дог тешна ву со. Историн урокашкахь теманаш ю Кавказски тIамах, Шемалах лаьцна. Оьрсийн сийлахь-баккхийчу яздархоша нохчех лаьцна боккхачу безамца язйина произведенеш ю. Урокехь а, урокал арахьа а царех пайда эцча?

ХIетталц кхоьлина, гIайгIане хилла Николай Кузьмичан юьхь цIеххьана екхаелира.

— Баркалла хьуна, Рахьманкул Жапарович, — тIе а вахана Юсупови чIогIа куьг лецира Николай Кузьмича. — Со гIалатах ларварна а, суна нийса некъ гайтарна а баркалла хьуна. Тховса цхьа план а хIоттийна, юха а цкъа хьох дагавер ву со.

«Ой, и дага да-м ма дезара суна! — ша шех цецвийлара Николай Кузьмич тIаьхь-тIаьхьа а. — Боккъалла а аьлча, приказаца тIетеIорах нислур долуш хIума а ма дац хIара. Приказ — приказ ду. Рахьманкула ма-аллара, коьртаниг — цара шаьш дийриг кхеташ, шаьш дечух тешаш дар ма ду. Рахьманкулас дуьххьал схьа ца аьллехь а, еккъа мершоккха ю со. Амма дика болх а хилла-кх Машас со хIоккхуьна тIе хьажийна...»

...Багара ца ходуьйтуш цигаьрка а уьйзуш, оцу буса вехха Iийра Николай Кузьмич оцу гIуллакхан ойла еш. Уггар хьалха цо схьалаьцнарг, уьссалгIачу классан учебника тIера, дIадаханчу бIешеран кавказски ламанхоша паччахьан колонизаторшна дуьхьал латтийнчу къийсамах лаьцна тема яра. Оцу къийсамехь йоккха меттиг дIа ма лаьцна барамехь царалахь уггар доккха хиллачу нохчийн къомо. Маркса, Энгельса, оьрсийн прогрессивни интеллигенцис оцу заманахь нохчийн халкъан лаккхара мах хадош аьлла дуккха довха дешнаш а ма ду. Ткъа граждански тIеман заманахь? Сталинан, Орджоникидзен, Кирови белхаш боьшуш иза дукха тIе ма Iиттавелла цара нохчех лаьцна яздинчу могIанашна.

Николай Кузьмичан юьхь цIеххьана екхаелира. Нохчийн халкъан истори а Iамийна, школехь дешархошца исторически суьйре вовшахтоьхча? Дуьххьал дIа, цхьа бахьана а доцуш иза дар-м дика а хир дац. Машас ма-аллара, ас гIалат далийта а тарло. Нохчий реабилитировать бан гIертарг хир ву со. Дерриге а дIадоло деза уьссалгIачу классехь. ТIекхочуш йолчу дIадаханчу бIешарахь ламанхоша шайн къоман маршонехьа латтийнчу къийсаман темина тIера. Оцу урокашна дика кечам а бина, берийн тидам царна тIе хьовзо беза. Кхузахь гIо далур ду Машига а. Оьрсийн яздархойн дахар а, кхолларалла а Кавказаца чIогIа йоьзна ма ю. Оцу дерригенах лаьцна йолу литература гул а йина школан библиотекехь выставка йича?

...Массо а цецваьллера, хьехош а йоцу педсовет директора цIеххьана гулъярх. Школехь болх а дика дIабоьдура, дерриге гул а делла дийцар дан оьшуш гучудаьлла гIуллакх а дацара. Берриге членаш схьагулбелча, чуеанчу Николай Кузьмича ша хиъна Iа-

чуьра хьала а ца гӀоттуш, цхьа а тайпа официале кепаш юкъа а ца ялош, хьехархошна дӀадийцира оцу дийнахь берашна юккъехь хилла дов.

— Шуна ма-гарра, сан Ӏалашо яц и гӀуллакх дийцаре а диллина, къамелаш дойтуш, заседани яхъян, — элира цо. — Вай советски хьехархой ду. Ас шуна хьеха оьшуш яц къаьмнийн хьокъехь йолу ленински политика. Юьртахь хьалха а хезна суна, шуна хезна хила а тарло, лахара кхетам болчу цхьацца наха нохчийн халкъах лаьцна даржийна цхьа а тайпа бух боцу эладитанаш. Вайна цхьанна а хууш дац и халкъ махках даккхаран бахьана. Гитлеровски мехкашдӀалецархойх вайн Даймохк маршабоккхучу тӀамехь дакъалоцуш ду вайн махкара дерриге халкъаш. Доккхачу халкъо ша доккха хиларе терра доккха дакъалоцу, жимачу халкъо шен жималле хьаьжжина жима дакъалоцу. Амма массара а Ӏепориг цхьа цӀий ду. Нохчийн халкъан дуккха а кӀентий бу тахана а фронтехь майра леташ. Хьанна хаьа, оцу жимчу халкъа юккъехь цхьа йовссарш евлла а хила тарло советски Ӏедал ца дезаш, Даймахкана дуьхьал ямарт куьг айбина. Ишттанаш массо халкъа юкъахь а хилла, болуш а бу. Амма нийса хир дац и йовссарш бахьанехь вайн дерриге а халкъ бехке дича. И бераш, зударий, къена нах хӀуманна а бехке бац. Вон, зуламе адамаш массо къоман юккъехь а ду, амма вон, зуламе халкъ дуьненахь хилла а дац, хила йиш а яц. Халкъ — халкъ ду. Хила а хилла, хир а ду. Аш дика ойла йича, шуна хуур ду, нохчашна хилла бохам вайна массарнчул а тӀех беза а, хала а хилар. Цундела, церан дог эца деза вай, церан деган чевнах хьакхадаларх лардала деза. Со парторг а, вайн коллективан куьйгалхо а хиларе терра, ас декхарийла до шу, деха а доьху шуьга, оцу эладитан дешархой ларбар а, бахархошна юккъехь и тайпа хабарш дуьйцуш стаг нислахь иза кхетош нисвар а.

Хьехархой дӀа а бахийтина ша висина Николай Кузьмич багара ца ходуьйтуш цигаьрка а уьйзуш вехха Ӏийра оцу гӀуллакхан ойла еш. Цо тоам ца бора ша накъосташка динчу къамелах. Приказ — приказ ду, амма коьртаниг цара шаьш лелориг кхеташ а, тешаш а лелон дезар дара.

Школехь кхин долу гӀуллакхаш дерриге Ӏадда а дитина, шолгӀачу дийнахь районе ваханчу Николай Кузьмича и де дерриге а партбиблиотекехь а, райбиблиотекехь а книгаш кегош дайира. Цуьнан болх дӀаболабелира тӀаьххьара а арахецначу Советски йоккхачу Энциклопедин ткъентталгӀачу а, кхузткъе цхьаалгӀачу а шина тома тӀера. Царна тӀера нохчийн исторех лаьцна статьяш ешча, цуьнан шен а боккха тидам тӀебахара нохчийн халкъан историна.

Николай Кузьмича дагалаьцначу гӀуллакхана тӀехь доккха гӀо дира Мария Петровнас а. Классал арахьа дешархошца цо ешара Пушкина, Лермонтовс, Толстойс язйина произведенеш, литератур-

ни кружокехь кIорггера довзуьйтура оцу сийлахь-баккхийчу яздархойн Кавказаца доьзна дахар а, кхолларалла а.

Цул тIаьхьа цхьанне а, цкъа а ца хезира нохчийн берашка тIехбеттамаш беш а.

Оцу хьелашкахь тасаделира Николай Кузьмична а, Берсина а юккъехь и ша тайпа доттагIалла...

## IV

ТIаьххьара бисина болх а теллина, дегIана жимма ял ян дагахь дIатевжинчу Николай Кузьмична сема наб озийра. Амма иза самаваьккхира велха волавеллачу Вовас.

— Ца оьшу тхуна дечиг, бабушка, ца оьшу! — хезара цунна уьйтIахь хIусамнанас цхьаьнга бен леткъамаш. — Шу дийнахь цхьа-шиъ веана Iийча а цхьа хIума дара, шу-м масийтта вогIий. Ас хIун лур ю шуна? Бац-кх сан аьтто!

«Юха а нохчий бу-кх, мисканаш!» — аьлла доккха садаьккхира Николай Кузьмича. ТIаккха хьала а гIеттина шен протез цIийзош неIаре а вахана арахьаьжира иза. Гихь тIедачу дечган кегийра маххьаш а долуш уьйтIахь догIанехь лаьттара ши зуда.

— Маша! Схьа чу кхайкхахьа и шиъ.

Дуьхьал жоп ца луш чуеана Мария Петровна неIарехь а сецна реза йоцуш майрачуьнга хьаьжира.

— ХIун дан воллу хьо и шиъ чу а ялийна?

— ХIун дан воллу бохург хIун ду? Вайн ерг цаьрца йоькъу-кх.

— ХIан-хIа, сан хьомениг, тоьар ду. Вай ваьш а ду халла лол бетташ хене довла гIерташ. ТIехула тIе, аса оццул хала кхиийна ялх котам а лачкъийна сан цара. Сийсара тIаьххьара йиснарг а яьхьна.

— Оцу шиммо лачкъийна хьан котамаш?

— Хаац суна. Нохчаша-х лачкъиний уьш.

— Иштта долуьйту-кх стага шех гIалат! Хьанна хаьа, нохчийн халкъа юккъехь цхьа масех йовссар яьлла хила тарло, уьш бахьанехь дерриг халкъ махках даьккхина. Уьш бахьанехь халчу таIзарна кIел эгна бехк-гуьнахь а доцу зударий, бераш, къена нах а. Хьо а гIерта изза дан. Цхьаммо хьан котамаш яьхьна, хIинца хьо кхузарчу берриге нохчийх бекхам эца гIерта. Ахь йиийриг нийсо яц, Машенька! Кхузахь мел дина къола оцу мискачу нохчашна тIе тоьтту. Амма цхьа нах зовкх хьоьгуш бу-кх дерриге а царна тIе а тоьттуш.

— Цара бен ца лачкъийна сан котамаш. Суна дика хаьа иза.

— Сан дела, ма доккха зен дина-кх ахь тхуна! Ялх котам! Дийнна ялх котам! — Гуттар беламе юьхь а чIачкъийна корта хьийзабора Николай Кузьмича.

— Вела хьо. Хьо вела а мегар ду. Хьайна хьалха йиллинарг йиъчахьана волуш волу, — дегабаам бира Мария Петровнас.

— ДӀаялахьа, Машенька, ялх котам бен юй уьш. Ялх нал яйча а хьийзар ма вац хьо санна бӀарзвелла. Дика лачкъайо! Мацалла бала-м ца беза уьш? Цхьа хало тӀеӀоттаелча-м вала охьа вожа ца везий, ткъа шен дахарехьа къийса деза. Хьуна боккъала а ала лаахь, сан безам бу оцу похчашка. Хьуна хьайна а ма хаьа церан истори. Цхьана а заманахь, цкъа а ца севцца боьхна. ХӀан-хӀа, Машенька, оьрсийн гӀарабевллачу прогрессивни кӀенташна уьш безар эрна ца хилла! Шаьш ма-ярра ламанан аьрзунаш ю! Ткъа хӀинца, ара а ялий чу кхайкха и шиъ. ГӀиллакххехь а ма дац и ши миска уьйтӀа, догӀане а хӀоттийна Ӏар!

Шен яйна котамаш дагаяьхкича Мария Петровнина цӀеххьана тӀееана моха иштта сиха дӀаяйра. Ша барта хӀуъа дийцахь а дагахь кхин дара цуьнан. Цхьа диканиг дан шена дагадеача, шеначул а тӀех майрачунна изза лууш хиларо йоккхаейора иза.

Шайн гира маххьаш охьа а дехкина, хотташа юьзна чу еана ши зуда, халла къаьсташ маршалла а хаьттина, йизалуш неӀарехь сецира.

— Ой, Зану, хьо яц иза? — цецваьлла хьалагӀаьттира Николай Кузьмич. — Маша, хьуна ца евзара хӀара? Бехк ма биллалахь, Зану, хӀоккхуьна хьуо ца йовзарна. Ӏаламат хийцаделла хьан юьхьсибат. Машенька, кхин а цхьа гӀант хӀоттадехьа стола улло!

ХӀусамнанас стола улло хӀиттийна гӀанташ неӀарехьа а оьзна, царна тӀе охьахиъна ши зуда йизалуш чухула дӀасахьаьжира. Муха ца йизало, хӀокху цӀа чохь цӀена дара, ткъа и шиъ хотташа а юьзна, тӀадийна лашкаяьлла яра. Царна и шиъ жерга хетахь? Ца хетийла а дац. Довхачу цӀа чохь малъеллачу мачашна тӀера даьтта санна лелина цӀуно, кегийра Ӏаьмнаш хӀиттош, цӀенкъа Ӏийдалора. КӀамлора догӀ а, амма мӀараш хьакха йиш янара. ОххӀай, ма дохкояьллера-кх и шиъ чу ярах! ХӀусамдай чохь цӀена Ӏеш, дог дика, оьзда нах бу. ГӀиллакхана цара чу йола аларх йогӀуш хуьлу ткъа. Хьанна хаьа церан дагахь дерг хӀун ду? ХӀун гӀуллакх дара, хӀокхарна хӀара гатто яи. Амма хаза-х ма ду кху довхачу цӀа чохь. ХӀетта деттиичу бепиган хазчу хьожано датна там беш цергех хи тийсийтора. Меро схьалецира хи чу йоьхкичу наьрсепомидорийн хьожа. Ма дика хир дара-кх хӀусамнанас цаьршинна цхьацца цастар бепиг а, цхьацца наьрс а елча...

Ткъа дохлуш долу догӀмаш тӀеттӀа тӀе кӀамлора.

— Машенька, хӀуъу лой а юург лохьа цу шинна. Миска Зану яӀ, баланаша гӀелйина-кх хьо. ДӀаяханчу аьхка хьайн майрачуьнца цхьаьна со шайга веана дагадогӀий хьуна? — хоьттура Николай Кузьмича. — ХӀаъа, хеназа кхелхи Маил. ХӀун дийр ду ткъа, иштта дуьне ду-кх хӀара. Велларг дӀавуллу, виснарг веха. Кху заманахь цхьа а вац дуьненах сакъералуш. ХӀора доьзале бала беана тӀамо. ХӀетахь шаьш хиллачу цӀеношкахь юй хьо?

— ХӀан-хӀа, сайн марваша волчохь Ӏеш ю со.

— И цхьа нхьарс сакхат берг вуй иза? Иза-м ца хилла фронтехь?

— Ца хилла дера-кх. Мацах цкъа нохчийн ловзаргахь девнаш даьлча цхьаммо шаьлта тоьхна сакхат бина цуьнан иза.

— Дов хьашт доцу хIума ю. ТIехула тIе, шаьлта хIунда туху? Буйн-тIара йина дерзо а ца мегара?

Шена оьрсийн мотт кIезиг хааре терра къамелана кIорге ца гIерташ, Николай Кузьмичан хеттаршна доцций жоьпаш а луш Зану а, йист ца хуьлуш Хелипат а хиъна Iара. Ткъа Николай Кузьмича, хIуъу дина а кху шиннен самукъа даккха гIерташ, ца соцуш хабар дуьйцура.

Уьш иштта Iешшехь, Мария Петровнас стоьла тIе юург а хIоттийна, ши зуда шуьна тIе кхайкхира. Цаьршинна гора тIера юькъа Iаь гIуьтту, чорпих дуьзна ши бошхап, мекхан бепиган кIеда цастарш. Чорпи чуьра ах гучу а евлла гуп масех картол дуьмин цуьргех тарлора, цергех хи доладелира хи чу йоьхкина копасташ чохь кад гича. Амма ши зуда шуьна тIе ца хуьлуш ехха Iийра. Эххар а вовшашка хьаьжна, хьала а гIеттина, шаьшшиннен гIанташ эцна яхана охьахиъначу цаьршиммо Iайгаш кера а лаьцна, тIехулара схьаэцначу чорпих меллаша цхьацца къурд бира. Гор яI, ма мерза, чомехь яра-кх и ши-кхо картолг юкъа а тесна керлачу копастех йина чорпа оцу мекхан бепигца юуш! Моьттура иштта мерза кхача дуьнен тIе яьлчахьана цкъа а ца биъна. Ялтийх рицкъа кийра дахаза мел хан яьллехь а, и шинъ сих ца лора юучунна тIехь. Сихха кхачорна кхоьруш, цуьрг дожа ца дуьтуш, кIез-кIезиг доккхуш, марзо оьцуш дехха бепиг Iуьйшуш, тата доцуш чорпех къурдаш деш, шуьна тIехь ма хуьллу хан яхъян гIертара и шинъ.

— Юзаелахь и шинъ, вайна бухахь цуьрг ца дите а, — бохура Николай Кузьмича шен зудче. — Мисканаш яI, ломара дечиг кхехьа нийцкъ бу ткъа шуьшингахь. ХIара цIомза де, гена меттиг.

Мария Петровнас яй карахь тIе а яхана, юха а бошхепаш дуьзира. Николай Кузьмична гира Занун накъосто шена хьалха Iуьллу баьпкан ши цастар хьа а ца деш, еккъа борш муьйлуш.

— Бепиг кхоллуш яа, — куьйга эшарца йоккха стаг кхето гIоьртира иза.

Бехкала яхана сла а къежна, Зануга масех дош элира йоккха стага.

— Хелипатан цIахь кхо бер ду. Церан кийра ялтин рицкъа даханза масех де даьлла. Аш пурба лахь и бепиг кхузахь а ца дууш шеца цIа хьур ду цо, — шаьшшиннен къамел, халла оьрсийн дешнаш а карийна, гочдира Занус.

Николай Кузьмичан хьаьрса, дуькъачу цкъоцкъамашна тIехуларчу шуьйрачу хьаьжа тIе шад гулбелира, дегийра бIаьрнегIарш. Цуьнан шен бертаза хи доьссира бIаьргашна чу. Хьала а гIеттина дехьа чу а ваьлла, Мария Петровна шена тIаьхьа кхайкхира цо.

— Машенька, сан хьомениг... — бIаьргех йовлакх а хьоькхуш, дегочу озаца вистхилира иза.

— ХIун хилла, Коля?

— Сан дехар ду хьоьга... вайгахь долу дерриге бепиг дIалохьа оцу йоккхачу стагана. Ойла ехьа, хьо санна зударий бу уьш, вайшиннен Вова санна, шайн бераш деза царна а. Мел хала ду царна...

Николай Кузьмичан дешнаша дог дохийна Мария Петровна корах арахьаьжира, арахь гуш адам дацара. Кхоьлина, дошан баса йирзина стигла, юкъ-юкъа лайн чимаш а ийна серсаш шийла дерз, гобаькхина хIоьттина сингаттаме тийналла.

— Хьанна хаьа, Сталин гIалатваьлла хила а тарло, — элира цо меллаша. — Иза а ма ду адам. Ткъа гIалат на долуш стаг хила йиш яц.

— ГIалат! ГIалат хуьлу иштта? Итт эзарнаш коммунисташ, партин, пачхьалкхан деятельш хIаллакбина! Гойтуш бехк а боцуш, йинарг кхиэл а йоцуш! Иза а гIалат хилийтахьа. Цхьанна, иттанна, бIенна, эзар стагана тIехь кхиэл еш а валийтахьа гIалат. Ткъа, масех халкъана тIехь кхиэл еш, уьш махках дохуш? Иза дуьххьал дIа къиза, зуламе акт ду!

— Коля! — мохь белира Мария Петровнан. — Доьху хьоьга, хьайн ойланаш хьайн коьртехь совцор! Со а ма кхета дерригенах а. Вайшиннал лаккхахь болчеран а ницкъ ца кхаьчча и харцо сацо. Ахь ма-аллара, эзарнаш адамаш хIаллакдина, халкьан мостагIий бу бохуш цIераш а техкина. Хьанна хаьа, иштта хьо санна, кху харцонашна реза боцуш, бакъонна тIегIертарна хIаллакбина хила тарло уьш а. Ткъа, могIара ши коммунист, юьртарчу школан хьехархо а бен доцчу вайшинга хIотталур яц дуьненахь нийсо. Амма вайшиннен ойланаш цхьанне хаахь вайша тIепаза-м дойур ду...

Зудчо дуьйцучуьнга ла а доьгIуш, готтачу цIа чохь дIасахьийза Николай Кузьмич, цIеххьана саца а сецна, цунна тIевирзира.

— ХIан-хIа, Маша, вайша тIепаза дайалур дац цаьрга, — тIаьххьара дош кхечарах къастош элира цо. — Вайша саннарш миллионаш бу! Цхьа де догIур ду, вайн урамехь дезде хуьлуш. Хено гойтур ду хиллехь гIалаташ а, йинехь ямартло а. Ленинан идейш ехар ю дуьненчохь адам мел деха. Ткъа хIинца дехьа чу а гIой, оцу шина зудчун догэца.

## V

Гобаькхина лаьмнаш долуш, тогIехь, шина республикан дозанаш къаьстачохь, нийсачу экъанна тIехь нийсачу урамашка йоькъуш йиллина юрт ю. Дукха хан яц иза йиллина. Урамашца дийгIина гIаргIеш хIинца а шайн къоначу хенал тIех ца девлла. Иштта къона ду бошмашкара стоьмийн дитташ а. Кхо-диъ шо хан

елахь, кхин яц цара стом ло. Хаза кхиа йоьлла бошмаш, толуш лаьтта урамаш, цIеноп.

Иза хIокху ламанан районан центр ю. Кхузахь бехаш нохчий бац, амма дийнахь ган тарло гондIарчу ярташкара меллаша гIаш, нисъелча ворданахь, кхуза схьаоьху нохчийн зударий, божарий, бераш.

ХIокху юьрта хIинца шозлагIа веана Муса. Амма, цуьнга къа а ца хьоьгуьйтуш, цунна атта карийра кхузахь больница. Иза хетта кIорггера мотт ца оьшура. Больницан цIе яьккхичхьана муьлхха а кхетара оьшучух. ХIинца иза лаьттара тIулган лекха бух буьллуш, ехха йиичу кIайчу гIишлон дуккха а корийх шиина рогIана тIехуьттуш. ЦIийнан тхевнна тIетоьхначу эчигана дай татанаш деш тIедеттара догIа. Тхевнан маьIагашкахь охьаIенара чахчарешна чохь IаьIна догIанан хи. ТIадийна шелвелла Муса хорша еача санна вегавора, амма цунна шело ца хаалора.

Дехьо корехь хIоьттина лаьтта кхин а цхьа нохчо, коран ангалина тIе а теIаш, чIогIа мохь бетташ, чохь волчу цомгашчуьнца къамел дан гIерташ воллу. Мусана вевза иза. Покровскера Iалха ву иза. ТIом болабалале хьалха школехь хьехархо хилла Iалха. Фронтера нохчий цIабохкуьйтуш иза Покровске веача цунна дуьхьара тIекхаьчнарг Муса ву. ХIетахь Iалхина тIехь эпсаран духар дара, некха тIехь цхьа орден, шиъ медаль йолуш. ХIинца цунна тIехь эпсаран чоа ду, тIехула шуьйра доьхка а дихкина. Коьртахь лергаш долу куй, когахь хохолаш. Амма чойн белшаш тIехь погонаш а, куйна тIехь седа а бац. Цул воккха цхьа ваша Сталинградана уллохь вийна. ХIинца уьш кхоъ ваша ву. Массо а зоьртала, могаш, догдика. Покровскехь болх ца нисбелла, шен вежарийн доьзалшца, лома, колхозан ферме балха вахара иза. Цундела, уьш дукха гIел ца луш хене бовлуш бу. Бакъду, дукха хан йоццуш цомгаш хилла, кхуза больнице валийна цуьнан къена да. Цунна тIаьхьа веана хир ву Iалха.

Цхьа бутт хан яра Муса генна лаьмнашка лесхозе колхозана хьун хьакха вахана. ПхийтталгIа шо бен доцчу цуьнан-м ницкъ дер бацара хьаннаш хедо, уьш ломан басешкахула охьа хи йисте текхо, чехкачу хи чу а туьйсуш охьахьийсо, лахахь схьалеца, аратекхо. Амма цIахь Iен йиш яцара. Цуьнан да кхузткъе итт шо хенара къена стаг ву. Иштта къена ю десте а. Оцу кхааннен кхин гергара а, юьртара а стаг вац хIокху агIор. Я уьш мича махкахь бу а ца хаьа. Цхьадика хIорш кхоъ хIинццалц могаш лаьттира. Схьадалийначу хьалхарчу шина-кхаа баттахь шаьш цIера еанчу шира гали хьаьжкIехь гIетакх деш Iийра. ТIаккха, кхаш тIера кIен, меххан кан лехьош, акха стоьмаш дууш а кIел ца диса гIиртира. Iа тIедеача ялтех буьртиг боцуш дисира. Ялта хаьдда биснчу хьалхарчу баттахь чекхъелира церан мискачу йийбарх йохка а, хийца а мегаш йолу массо а хIума. ХIинца болх бийр бу бохург хьехочохь а дацара. Iа ма дара. Дохнан фермехь ца бича кхин

болх а ма бацара Іай. Хилча а, къеначу шиммо болх муха бийр бара? Ткъа десте — десте ю. Уьш дика бехачу хенахь а меркІантаца къиза хилла иза. ХІинца къелло гатбича уггар а карзахъяьллера. Да чохь воц-воцчухула Муса хьийзавора цо сагІа деха гІо бохуш. Цо дуьххьара шега и дешнаш аьлча, Іадийча санна висира Муса. СагІа деха! Нохчаша даим а эхье лериналг! Я цунна а, я цуьнан вархІий дена ца гина сагІа доьхуш нохчо! Мусас дуьхьало йира. ТІаккха церан жимчу доьзалехь дов доладелира. Бакъду, шен зудчунна а, кІантана а юккъехь долу дов дена ца хаьара. Мусас дукха садиттинера дестечуьнгахьара хуьлчу цатемашна. Къеначу ден дог ца доьхчахьана. Ша бахьана долуш цаьршинна юккъе вас ца йоьжчахьана, шен цатам хиларх могуьйтура Мусас, амма дестечо хІинца тІе Іуьттург дан йиш йоцуш гІуллакх дара. Мацалла велча а.

— Цхьанна гахь тІаьхьарчу тІехьенна а тІехтохам хир бу. Ас дийр дац иза, нана, — вухагІоьртира Муса.

— Мацалла дала деза вай? Я къена со таьлсаш коча а тийсина араяларга догдоху ахь? Я хьо цІа хиъна а Іеш хьан къена да хІитта веза нехан неІаре? — тІеегалора цунна десте. — Вайнах боццуче гІо. Районехь Іеш цхьа а нохчо вац. Юьрта юккъе а ца хьийзаш, йистошкахула хІума еха. Адам дика ду. Жима хьо неІаре хІоьттича кхалла хІума ца луш вуьтур вац.

Муса вист ца хилира. ДІа ойла йича, цхьана агІор бакълоьра десте. СагІа деха эхь ду бохуш кху чу а дийшина мацалла дала йиш-м яц. Шена хьалхара да вохуьйтийла а ма дац. Дависарг яІ. Мусал хьалха кхечо дІадолийна мукъане а делира. Мусана ца лаьара и эхье гІуллакх шегахула дуьххьара къомана тІеэца. Хьанна хаьа, къайллах, иштта цхьаццанхьа кхин берш лелаш хила а ма мега? Цо динарг диса а ма тарло цхьанне а ца хууш. Амма хаахь? ХІан-хІа, иза дуьйцийла а яц! Цулла-м мацалла валар гІолехь ю...

Масех де делира цуьнан даг чохь къийсаман дарц хьийзаш. Де дийне мел дели ойла дестечо аьллачунна тІетийжара. Бакъду, шен дуьхьа а, я дестечун дуьхьа данне а дацара цуьнан ойла хуьйцург. ТІаьхь-тІаьхьа гІеллуш, мажлуш кІелвуьсуш лаьтта шен къена да гича, дог дешара цуьнан.

«ХІан-хІа, кІелхьарвала некъ лаха беза, — сацам бира цо тІаьххьара а, — хІара мацалла а валийтина, мацца а цкъа кхуьнан, сайн вежаршна тІе кхаьчча ас хІун ала деза?»

И сацам хиллачу шолгІачу дийнахь, Іуьйрре гІеттина, пхьаьрса кІел тІоьрмиг лаьцна кху юьрта веара Муса. Цхьана урамехула мосазза а дІаса вахара иза, мосазза а цхьацца цІенойн кетІахь сецира. Амма даго ца вуьтура кевнах чоьхьа а ваьлла, неІаре а вахана хІусамдайшка куьг кховдо. Іожал! Стенна кхоьру иза цунах? ХІун ду шен, шен доьзалан, шен къоман сил деза? Сий дайна вехачул-м валар гІоли ма ю! Вала хІунда ле? Буьйсанна ара а

вуьйлуш йолччуьра лачкъийча? СагӀа доьхучул-м къола дар тоьлу!

Оцу ойланаша Ӏехош шена хаа а ца луш юьртах араваькхина Муса юьрта йисттехь лаьттачу цхьана дехачу, тишачу божална тӀеӀоттавелира. Баьсса тӀоьрмиг карахь дестечунна хьалха гӀойла а ма дац. ТӀехула тӀе уьш кхоъ меца дара. Миччара яьккхина а пхьуьйранна хӀума яхьа езара. Ткъа хьанна хаьа, оцу божалахь каро а ма мега пайдехьа дерг. ДӀогахула котамаш лела ежаш. Божална чуьра хур-тӀур деш аранккхи ши хьакха. Цхьа хӀума ца хилча хьийзар ма яцара уьш оцу чу. Ма дика хир дара оцу чохь цунна хӀоаш карийча!

Муса божали чу велира. ЦӀенкъара нехийн баьрзнаш кегош кхии а шиъ хьакха йоллура. БӀаьргаш жимма боданех боьлча Мусана хиира и баьрзнаш мацах цкъа гурахь буракаш, жӀанкаш, копастанаш цӀанъеш дӀатийсиичу лоьдгийх хилла дуйла. Бехк ца хилла хьакхарчийн уьш кегорах.

Муса чуваьлча шайн болх битина хьалатаьӀира ши хьакха. Цхьаннан кӀомсаршна юкъалаьцна йоккха кӀайн бурак яра. Мусан ши бӀаьрг серлабелира. Хьакхин багахь дерг жовхӀар хиллехь-м тергал а дийр дацара цо. Цунна гург дийнна бахам бара. Цуьнан меца са духадерзо ницкъ болуш. Шен цергийх теснаху хих къурд бина, божалин неӀ тӀе а чӀаьгӀна, хьаьвдех хьокха а баькхина, тӀеволавелира иза. Дуткъий, доца цӀагарш хьала а сеттийна, хур-хур деш дӀанкккхира ши хьакха. Мосазза а хьокха тоьхча, эххар багара бурак охьатесира хьакхано. Схьаэцна, хечех хьаькхна, тӀера шеташ дӀа а яьхна, Ӏуьйшуш хан ца йойуш йиъна чекхъяьккхира цо. ТӀаккха неӀ йиллина ши хьакха ара а хецна, баьрзнаш тӀехь цаьршинан меттиг дӀалецира.

Дуьххьара карийнчу жимчу бурако дог-ойла гӀаттийра цуьнан. Нехаш кегор-м эрна хир дац! Таханенна десте Ӏеххол хӀума караяхьара. Кхана цхьа гӀайгӀа бийр бара цо. Ши жӀонк! Копастанан дог! ХӀан-хӀа, хӀара болх ишта каде хилахь, церан хӀусамехь масех дийнахь яа хӀума хир ю!

Цхьа-ши сахьт далале Мусан тӀоьрмиг юккъелц буьзира. Амма, шена карийнчу хӀоиццах бӀаьрмециг вуьйлуш цо кхин дӀа а кегайора нехаш. ХӀан-хӀа, кхиа карийча цуьнга яхьалур яц. Тоийта деза. Кхана юха а вогӀур ву иза. Амма хӀара меттиг къайлехь латто еза. Нагахь цхьанна хаалахь, адамаш гӀертар ду кхуза. ТӀаккха цара цхьана дийнахь къажбийр бу хӀара баьрзнаш.

Муса кхийриинарг хила а хилира. Иза мел къайлехь латто гӀертарх нахана хиира цо и беркат мичхьара кхоьхьу. Кхо де далале наха уьссузза тӀе-кӀел дехира и баьрзнаш. Церан доьзал юха меца бисира. ХӀинца къола ца дича кхин некъ бацара кӀелхьарвала.

— Дада, вай ишта мацалла дала Ӏийна девр дуй-те? — элира цо цхьана суьйранна шен дега.

— Ца Iийна хIун дийр ду ван. Со къена ву, хьо жима ву. Болх далла тIе а биллина совцур вай. Рицкъанаш делехь ду, — суьлхьанаш хьийзочуьра юкъах а ца волуш жоп делира цо.

— Наха къола дой а, шайна рицкъа лоху. Изза дийр ду ас а...

Ден керара суьлхьанаш охьаднйгира.

— ХIун элира ахь? — тевжана Iечура охьахиира иза. — Къола? Хьанна дан воллура хьо къола? Хьо хьера-м ца ваьлла?

Дена тIееана моха сихха дIаелира, кIант шена дуьхьал вист ца хилча.

— Варийлахь, Муса, кхин цкъа а хьайна дага ма дайталахь иза. Къола дар дика гIуллакх дац. Бусалба динехь дихкина иза, нохчийн гIиллакхехь оьзда дац иза. Хьо хьенап хIун лачкъо воллура? Кхузара бахархой а ма бу шайна дита а, вайна дала а доцуш. Шаьш оццул хала бохккушехь, шайн долчух вайна дакъа дан а гIерта. Эхь ма дара вайна, оццул дикачу оцу адамийн рицкъи тIе къайлах куьг кховдийча.

— Ас неханиг лачкъор яц, ткъа колхозаниг лачкъор ю... — халла къаьсташ вистхилира Муса.

— Цуьнан хIун башхо ю? Колхоз а, пачхьалкх а адамийн ю. Дерриге а ду адамийн къинхьегамца IаIийна. ТIехула тIе, колхозо а, пачхьалкхо а до вайна гIо. Колхозо лучух хене ца девлла вай дIаяханчу аьхка а, гурахь а? Варийлахь, мегар дац хьуна. ТIехь дола дан да-нана доцчара хIуъу леладарх иза хаза ду ма мотталахь. Эхь ду хьуна иза. Вай кхоъ бен дац, башха мацделча делха бераш дац. ХIинцца бIаьсте тIейогIур ю, тIаккха нитташ, хохаш гучубевр бу.

Хьовзийна чекхдаьхна сулхьанаш хьарча а дина гIовталан кисана а таIийна, тIаккха дехха доIа а дина, юха а цунна тIевирзира да.

— ДагадогIий хьуна, кIант, хьо доьшуш волуш, буьйсанна ахь суна дIаяханчу паччахьан заманахь адамашкахь, къаьмнашкахь латтийнчу Iазапах лаьцна, революцис, вайн махкахь советан Iедал хIотторах лаьцна книжкаш тIера хабарш дийцина? — хаьттира цо Мусага.

ДагадогIу дера-кх. Цхьа-ши шо хьалха ма дара иза. Цкъа иза «Чрезвичайни комиссар» йоьшуш волуш дена гира цунна тIехь нохчийн сурташ. Цо дийхира и книга шена хозуьйтуш ешар. Ши бIаьрг хьаббой, меллаша суьлхьанаш а хьийзош, вист ца хуьлуш, реза хуьлий наггахь корта а таIош, лерана ладоьгIуш Iара иза.

Цкъа Муса кIадвелла сенча, цо дийцира шаьш, нохчийн къехоша, советан Iедалехьа къийсам латторах, шена цкъа Орджоникидзе гарах лаьцна, кхин, кхин дуккха а.

— Ткъех шо хьалха йокъанаш хилла маццалла хIоьттира Украинехь. Мацаллех бевдда хене бовла рицкъа лоьхуш вайн махка баьржира Украинера, Кубанера дуккха а нах. Божарий, зударий, бераш. Доьзалшца цхьана. Меца, берзина. Нохчичохь ца хIоьтти-

нера мацалла. Лаьмнашкахь Іалашбеллера бахам. Цундела гІертара уьш цига. Амма, сов сискал йолуш нохчий а бацара. ХІинна тІедаьхкинчу вайгахь а, кху бухахь долчу къомехь а долу хьал хІоьттинера Нохчичохь. Бакъду, вай кхуза дукха далийна. Вайна тІебаьхкина гІалгІазкхий кІезга бара. Уьш вайна тІе шайн лаамехь баьхкинера, ткъа вай — нуьцкъах схьадалийна. Со хІун ала гІерта аьлча, оццул шаьш гІаддайна боллушехь, цкъа а, цхьаммо а нехан хІуманна тІе куьг ца кховдийра цара. Лачкъа а ца йора, еха а ца ехара. Цара болх бора. Къахетара мисканийх. Меца, дерзина бераш гича дог дешара. Дуьххьал дІа юучух болх бора цара.

Амма хала дара царна а, тхуна а. Мисканаш, хІинца вай санна массо а шайн синошкахьа бевллера уьш. Наношна сов девллера шайн бераш. Церан ницкъ бацара царна кхача латто, уьш дузо, уьш мецачу Іожаллех кІелхьарадаха. Ткъа бер хьоме хІума ю. Гуш лаьтташ уьш мацалла далийта ца лаьара нанойна. Цундела цара лехара уьш гуттаренна а шайна тІелаца нах. Бераш доцчу доьзало схьаэцара уьш. Гор, Муса яІ, ирс долуш ву хьо и наной ца гина! Кхечу къомана юккъехь, девзаш доцчу адамийн кара бер дІа а лой, маьхьарца юьртах йолура нана. Бер тІелоцуш стаг ца карийча, иза буса эвла юккъе, я некъа йистте охьа а дуьллий, шена цуьнан мохь хазарна кхоьруш, шина куьйга лергаш а къовлий, къаьхьа бІаьрхиш а Іенош, Іадийча санна дІахьаьдда йоьду нана гича, цунах дог Іаьвжий боьлхура тІеман цІергахь бахчабелла юьртара къонахой.

ДагайогІий хьуна ПетІамат, Элижа, Мархет? Вайна тІехула агІор басахь цІенош долуш волчу Кераман Жабраил? Хьаьрса а волуш, нохчийн мотт шера а ца бийцалуш? ХІетахь, иштта, вайн юьртахь дисина, оцу наха кхиийна бераш дара хьуна уьш. И дерриге а ца хуучунна моьтту и бераш оцу нехан ду, и нах оцу берийн дай-наной бу. Кхин а дуккха а дисира иштта бераш. Амма, шикхо шо даьлча, меца хан дІаяьлча буха а баьхкина цхьадолу бераш шайн дай-наноша дІадигира. Уьш диъ дисира. Хьанна хаьа, церан наной белла хила а мегара. Масех жима зуда вайнахе маре а яхана, шайн доьзал а болийна вайна юккъехь йисира.

Да ойлане ваьлла цхьана ханна вист ца хуьлуш сецира.

— Гой хьуна, Муса, цхьа де цхьаьнгахь ца лаьтта. ХІара пачхьалкх — вайн цІа ду, ткъа хІокхунна чохь деха къаьмнаш цхьа нана-доьзал бу. Йиш-вешех цхьанна цхьа бохам, цхьа халахетар хилча биснарш цунна гІоьнна, цуьнан дог эца гІоьрта. Иштта шайн ницкъ ма кхоччу вайна гІо дан гІерташ, вайн лазамна дарба лоьхуш лела кху мехкан къаьмнаш а. Царна ямарт хилча нийса хир дуй? Хьуна дагадеанарг дика хІума дац. Тахана тІамехь дакъалоцуш ду дерриге адам. Герз лело хьуьнаре волу массо стаг тІамехь ву. ЦІахь бисина зударий а, къена нах а царна дуург, тІедухург, герз латтош ду. ЦІахь долчу вай болх ца бахь, вайн барт ца хилахь, вайн къолаш дан долахь толам баккхалур бац вайн пач-

хьалкхе. Меца а, шийла а дуьсур ду. Вон а хьоьгур ду, лийр а ду. Амма ерриге халонаш ловш, сатухуш хила деза вай. Вайнчул мел хала ду тIамехь болчарна. Ахь дIа ладоьгIча цхьа а доьзал бац кхузахь тIамо да, кIант, ваша вайаза. Цхьа а доьзал бац кхузахь кийра буззалц сискал юуш. Цара садетта. ХIетте а, оццул холчохь шаьш бохккушехь цара шайн ницкъ кхочу гIо до вайна. Царна къола дан гIертар дика ма дац. Эхь ма ду иза. Далла а, Iедална а хьалха гIиллакх доцург ма ду ахь дагалаьцнарг. Сатоха деза, собаре хила веза, Муса.

Мусас сатуьйхира. Цул тIаьхьа дукха хан ялале цунна хезира хьун хьакха лесхозе нах бохуьйту бохуш. Баттахь болх бан цига воьдучунна ши пунт хьаьжкIаш, кийла моз а, кийла даьтта а лора. Цига ваха сацам хилира Мусан. Бакъду, колхозан председатель Сапар дикка юхагIиртира иза цига ца вахийта гIерташ. Жима ву бохура. Амма мичхьа бара цунна цига бахийта баккхийнаш? Бан а бацара-кх. Зударшка далург Мусага а далур ма ду. Муса къар ца лой хиъча, эххар а резахилира Сапар. Шена елла продукта ерриге цIахь а йитина, накъосташна тIаьхьа а хIоьттина лесхозе вахара Муса. Цхьадика, цуьнца цига баьхкинчу оьрсийн зударшкахь а, гIиргIазойн баккхийчу нахехь и жимма хIума яра. Иза цIахь доьхна хьал дитина веанийла хуучу цара, шайгахь йолчух кIез-мезиг луш меца ца витира иза.

Хьун хьакха вахана бутт кхочуш, стомара лулахоша цуьнга хабар кхачийра, да-нана чIогIа цомгаш больницехь Iуьллу, чехкка цIа кхача аьлла.

ХIинца иза больницан корехь ву. Цкъа воьдий десте чохь Iуьллучу цIийнан коре хIутту, тIаккха да волчу вогIу. Оцу шина кора юккъехь некъ биллина цо. Амма корах чу хьежар бен кхин цаьрга вист хуьлийла дац. Десте гуттар а чIогIа ю. Иза сиикхетамехь яц. Муса коре хьаьвзича, Мохьмад цкъа халла охьа а хиъна вистхилира. Амма Мусанна ца хезира цо дуьйцург. Мохьмад юха а дIатевжира. Муса вехха хьийжира кIайчу гIайбих халла бен ца къаьстачу ден кIайчу може, мокхачу юьхь тIерачу буткъбеллачу мере, нур дайначу бIаьргашка... Коьрте хьийза цхьаъ цхьаннел ирча, тайп-тайпана ойланаш. Бесешна тIехула охьаледара дуьра бIаьрхиш. Садукъдан санна логе хIуьттура хораман шад. Цо бесешна тIе куьг хьоькху, мара ийзабо. Амма ледачуьра сацац я ши бIаьрг а, я мара а. Маржа дуьне я!! Леш доллу-кх и шиъ. Iожал-м хIоранна тIе хIотта езаш киртиг ма ю. Дай-наной а даим лаьтташ ма дац. Мацца лей а цкъа ле уьш. Муса ша а лийр ву цкъа. И дац цуьнан дагна бала бинарг. Цуьнан ши бIаьрг догIанах белхориг, цуьнга са уьйзуйтург кхин ду. Даймахке, доьзалшка, йиш-веше сатуьйсуш леш доллучу цаьршиннах къахета. И шиъ делча цо хIун дийр ду цаьршинна? Больницера цIа дига деза, дIадолла кечдан деза, дIадолла а деза... Мила вер ву цунна улло? Хьа́н дийр ду цуьнан жимчу дагна маслаIат? Муха воьрзур ву иза шийлачу,

яьссачу, къечу хIусаме ша? ХIун хир ду цунах цаьршиннал тIаьхьа? Мичхьа бу-те цуьнан йинжарий? Дийна вуй-те ШахIид? Хаац-кх царна тахана Муса де доьхна хьийзийла...

Кийрара мохь ца балийта гIерташ дог къийлира цо. Дехьо коре хьийзачу Iалхех а эхь хетара велха. Муса жима ма вац, цуьнан пхийтталгIа шо ду. Хаза хир ма дац иза воьлхуш гича. Амма, амма ма чIогIа кийра хьаьвзина хIара бала. Логе хьала гIерта иза, кхин дIа сецалац иза...

Везан дела, хаац-кх цхьанне а хIокхуьнан кийрара къаьхьа бала. Мохь аьлла ша велхале Iалхнна гена вала гIоьртина, больницана гонах йолчу баролна тIе хьоду иза. Амма цуьнан ницкъ ца кхочу оцу масех секундехь сатоха.

Цуьнан кийрара къора мохь болу...

Дог юхадерза ца туьгуш, букъ тоьхна, пенах корта а таIийна, вехха лаьтта иза цигахь. Цунна ца хаало Iалха шена тIе вогIуш а, цо шен белша тIе куьг дуьллуш а.

— Ма велха, кIант, — хеза цунна гIенах санна. — Ма велха. Хьо жима велахь, а нохчочуьнгахь товш дац велхар. Дика тIе деача куравала а ца веза, бохам тIе беача велха ца веза. Халонна тIеIоттавелча гор вужуш ца хуьлу, ткъа берриге ницкъ тIе а гулбой, текхаш вахана а хьалха дIавоьду! Хьала айбал хьайн корта.

Мусан букъа тIехьахула дIа куьг а дохуьйтий, иза шена тIе озаво Iалхас. ТIаккха цуьнан пхьарс а лоций, цуьнца цхьана больницехьа дIаволало.

— ЦIе хIун ю хьан?

— Муса ю.

— Гой хьуна, Муса, хьо оцу шина коре хьийзаш тергалвеш Iийра со. Суна гира, кийра хьаьвзинчу балано бIарзвина, сайх къаьхьина хьо юьстах волуш а. Стаг даим могаш а ца лаьтта, даим дийна а ца лаьтта. Амма цомгаш хиларх, чIогIа цамгар кхетарх даим леш а ца хуьлу. Суна тахана гина хьан да-нана. Нана чIогIа ю, амма Мохьмад гIолехь ву. Да-нана даим лаьтташ дац. Церан дай-наной белла, сайнаш а лийр бу, вай дерриг а лийр ду. Иштта ма ду дуьне. Хьуна иза хаьа. Хьо бIарзвинарг кхин ду. И шиъ лахь айхьа царна а хIун дийр ду-те, царал тIаьхьа хьайх а хIун хир ду-те бохуш, ойланаш еш бIарзвелла хьийза хьо. Оцу даламукъалахь и шиъ толур ду. Амма дала шайна тоьхна оьмар чекх а яьлла и шиъ лахь а, церан вежарша, кIенташа лелон дерг лелош и шиъ дIа а дуллур ду ас, ткъа хьо хьайн нахана тIе кхаччалц сайн кIентан санна хьан дола а дийр ду. Хьуна оьшучохь да а, вежарий а хир ду тхо кхо ваша. Вохий ма хьийза. ТIехула тIе хьо цхьанна тIехIоьттина ца Iа хIара де. Цомгаш хилларг, кху чохь лоьраша дика дарбанаш а леладой, товой аравоккху. Да-нана деллачу берийн Iедало дола до. Ца гина хьуна эвла чу вуллучохь гонах беш йолуш долу даккхий, дехий, кIайн цIенош? Интернат ю иза. Нохчийн масийтта бер ду цигахь кхобуш. Даа а, тIедуха а ло

царна, хаза чохь Іен цІеношдуду, кІеда, цІена мотт-гІайба ю, хьоьхуш хьехархой бу. Ша мел холчохь делахь а, Іедало витац стаг бохамехь тесна. Вало, хІинца вайша Мохьмад волчу гІур ву.

Еха цІеначу сени чу ваьлча цаьршинна дуьхьалкхийтира лорйиша.

— Шуна хІун оьшу, накъостий?

— Цомгашчу воккхачу стагана тІехІотта лаьара тхойшинна.

— Мила ву иза?

— Покровкера Мохьмад.

— Фамили?

— Хаац суна. Зуда а, майра а цхьаний далийна и шиъ. Суна хетарехь, воккха стаг и дІо неІ йолчу палатехь ву.

Лорйишас корта хьовзийра.

— Мегар дац цунна тІе ваха. Къамел дар дика дац цунна.

— Амма цунна тІе ца хІиттича ца довлуш хьал хІоьттина-кх тхан.

— ХІан-хІа, мегар дац. Кхетий хьо, иза хІинца а чІогІа ву.

Лорйишин пхьарс а лаьцна, иза а эцна дехьо а ваьлла, цуьнца лохха къамел дан хІоьттира Іалха. Наггахь Мусага бІаьрг тухуш, корта а теІош, Іалхе ладоьгІуш латтара лорйиша. ТІаккха дежурки чу а яхана, ши халат йохьуш, сихха юхайирзира.

— Сагатдо ахь, жимстаг? — хьаьттира цо халат тІеюха Мусана гІо а деш. — Баккхий нах кестта то а белла цІа богІур бу. Воккха стаг вуьззина къонаха ву. Оццул чІогІа кхетта цамгар эший цо. Тахана хІума а кхаьллина, метта охьа а хуу. Са ма гатде, диканиг. Кестта цІа догІур ду и шиъ. Жимма ахь сатоьхчахьана, дерриг а дика хир ду.

ХІун дара а хаац, Іалхин а, оцу дог цІеначу оьрсийн йоьІан и дешнаша сапаргІат даьккхира Мусан. Лесхозехь наха шен дола деш, церан мах хадо ца хиира цунна. ХІетахь иза бохамехь вацара. Ткъа хІинца, бохам тІехІоьттича, цунна хьалха ша висина моьттинчу хенахь хааделира Мусана ша цхьа воцийла а, адамийн дикалла а.

ХІара шиъ чукхаьчча, Іалхас делла салам дІа а оьцуш, хьалаайавала гІоьртира Мохьмад. Амма Іалха, цуьнан оза куьг схьа а лаьцна, белша тІе дайн куьг диллина саца а вина, уллохь лаьттачу гІанта тІе охьахиира.

Мохьмадца цхьаьна палатехь Іуьллуш кхин а кхоъ стаг вара. Іалхина бІаьрг ма кхийтти хиира уьш мича къомах бу. Доккха сира ши мекх а, озачу юьхьа тІехь боккха, беха мара а болуш волу воккха стаг гуьржи вара. Цунна дуьхьал маьнги тІехь, коьртахь къорза пес ерг, узбек вара. Сонерчу маьнги тІехь нохчийн жима кІант Іуьллура.

Мохьмадана уллорчу тумбочкина тІехь а, чохь а миска даарш дара. Іаьржачу бепиган юьхк а, узбекийн кхаллар а, якъийначу кемсийн кам а, масех Іаж а.

— Воккхачу стагана тӀаьхьа даьхкина шу? — хаьттира гуьржичо. — Дика даьхкина. Дика адам ду Мохьмад. Оьзда стаг ву. Схьа чувалийнчу хенахь гӀуллакх дика дацара сан махкахочун. Амма тхо, кавказски къена нах, мокхаз санна чӀогӀа ду. Тхо лийр дац шуна, шайна паргӀат Ӏелаш. Шу цӀа дирзича, Мохьмад волчу хьошалгӀа вогӀур ву со. ТӀаккха тхойша цхьаний сан даймахка Кахете гӀур ву. Цигахь сан ширчу доттагӀаша тхойшинна хьалха хӀоттор ю чагӀарх юьзна чури. Тхаьшшинна хачапуриш юуш, тӀе чагӀар муьйлуш, чангула а лоькхуш, гуьржийн мехкаршца хелхавийр ву. Амма сан генацвале реза вац чагӀар мала. Шен цӀархочо шайна дихкина боху. ХӀумма а дац. Ишттачу дийнахь маларх къа хир дац. Амма хелха-м вер ву. Тхан юьртарчу уггар хазчу йоӀаца! ХӀан, генацвале?

Мохьмада, вела а къежаш, корта хьийзабора.

— ХӀара кхо стаг а, кху чуйогӀу и оьрсий йоӀ а ца хиллехь чӀогӀа бӀо оьшур бара сан, — элира цо, гуьржичун къамел сецча. — Шайна тӀаьхьа беанчу кхачех ах суна схьало. Ткъа и йоӀ ша балха йогӀуш суна хӀума ца йохьуш ца еана цкъа а. Хьашт дац, ас юур яц аьлча а ца Ӏа. Хьайн зудчунна ло олий, дехьа чу йохьуйту. Цхьацца забарш еш сан дог нэца гӀерта берриге а. ХӀара гуьржи ву самукъне стаг. Мосазза а Нохчичохь хилла ша боху. ДӀогахь Ӏуьллучу узбекан зуда яц. Ша товелча, цхьа жима зуда а ялийна, со ловзарга кхойкхур ву бохуш забарш йо цо. Дика адамаш ду. Вайх чӀогӀа къахета царна. ХӀокхара цамгар яййина сан.

Чувеанчу шиннан дукха Ӏойла доцийла хууш, къамел сацийна, дӀатийра Мохьмадан накъостий.

* * *

«Гор, ШахӀид яӀ, ма холчу хьоле вожийна-кх ахь со! — ойла йора Ӏалхас Мохьмадан лекхачу, хебаршка ихначу догучу хьаьжа тӀе шен шийла куьг а диллина. — Хьанна моьттура хьан доьзал суна кху хьолехь карор бу. Хьо дийна ву, хьо шайна тӀекхочур ву моьттуш хӀорш Ӏа, ткъа хьо, хьо вина, хьо кхиийна нана-нохчийн латта цхьана къацахетарша хьайгара дӀа а даькхина, хьо байлахь витаннйла хууш санна, генарчу белорусски лаьтто шен кийра тӀе эцца...»

...ДӀаяханчу аьхка, фронтехь хьалхатеӀачу советски эскарща цхьаьна, нюнан тӀаьххьарчу деношкахь Бобруйска улло кхечира Ӏалха гӀуллакх деш волу инарлин И. А. Плиевн дошлойн-механизированни группа. Цхьана суьйранна церан участкехь тӀом соцунгӀа а хилла, жимма садаӀа меттиг яьлла, шен эскадронца жимчу кӀотарахь садаӀа сецначу Ӏалхина тӀевалийра цуьна вевзаш воцу къона сержант.

— Накъост капитан, хьо нохчо вуй? — хаьттира цо маршалла хаттар а доцуш.

— Ву. ХIунда хоьтту ахь?

Нохчийн, гIалгIайн халкъаш махках даьхначул тIаьхьа оцу къаьмнех болчу салташний, эпсаршний тIехь ша тайпа тергам латтабора эскаршкахь гIуллакх дечу пачхьалкхин кхерамазаллин органийн белхалоша. Ткъа вуьшта, кхечу къаьмнех болчу бIаьхаллин накъосташца вошалла ларделира цхьа а тайпа хийцам боцуш. ХIетте а, органаша къайлах лелочу эладитанаша кIез-кIезиг буллуш цатемаш буллура цхьацаннийн дегнашна чу. Дукха хан яллале массо фронтера нохчех, гIалгIайх а могIара бIаьхой тыле дIабигира. Изза кхоллам эпсаршна тIе а кхочур буйла хууш, шайн полкан штабера стаг веача, я ша цига дIакхайкхича дог духура Iалхин.

— Кхузара дIа гена йоццуш цхьана юьртахь чIогIа чевнаш хилла Iуьллуш сан доттагIа ву... Нохчо ву иза. Тахана хилла цунна чевнаш. Валарна кхерам болуш хьал ду... Ша валале, я ша тыле дIавигале шена тIе цхьа нохчо кхачор дехна цо соьга. Цунна цхьанхьахула-м хезза кху полкехь хьо хилар. Кхетий хьо, накъост капитан, лачкъийна вигна а, хьо а воцуш цунна тIе вухаверза йиш яц сан... Хьайна хаахьара, тхойшинна вовшийн мел чIогIа дукхавеза. Тхан дивизин разведкин начальник ву иза. Iаламат майра, каде, хьунаре, догдика... ТIом болабеллачу хьалхарчу дийнахь дуьйна схьа даим а цхьаьна ву тхойша. Хьайна хаахьара, иза мел дика кIант ву...

— Гена вуй иза? — хьаьттира Iалхас.

— Пхи-ялх километр.

Сихха полкан командирана тIе а вахана, шена тIе Iоттаделла гIуллакх цуьнга дIадийцира Iалхас. Вуьшта а Iалха догдоьхна лелий хуучу полковникна, дуьхьало а ца еш, оцу буьйсанна мукъа витира иза.

Говрашкахь воьду хIара шиъ ах сахьт далале дIакхечира, яьгна чим хилла лаьттачу, хьуьнна юккъерчу жимчу юьрта. Ларамза дийна дисинчу деккъачу цхьана цIа чохь Iиллара чIогIа чевнаш хилла масех салти. Узарш деш, синкхетамах а бевлла, харц луьйш Iохкучу царна гонах хьийзаш лоргиша а, капитанан чинехь хирург а вара. Баьрччехь, кIел сийна буц а яржийна, оцу тIетесначу плащпалатки тIехь, берриге накха а, хьаж а бинташца дIа а лаьцна Iуьллучу дархочунна тIевигира иза сержанта. Дархо ши бIаьрг а биллина Iалхе хьаьжира. Цуьнан дог-ойла айалур яцара-те аьлла, салам делира Iалхас.

— Ва Iалайкум салом! Бехк ма биллалахь со хьала ца гIаттарна...

Дархочо са чу оьзча, цуьнан накха нэтIачу левсих тарлора.

— Лейтенант Магомадов, хьуна къамел дар зуламе ду! — схьа мохь туьйхира корехь лаьттачу капитана-хирурга. — Хьо тыле дIа хьажавале, хьуо кхоош хьайн дегIе жимма ницкъ байита. ХIинцхIинца машина кхочу бохуш ладоьгIуш Iа со.

Лейтенант велакъежира:

— Алексей Михайлович, со Iожалах цкъа а ца кхийриний хуъушехь, хIунда дуьйцу ахь иза? Со кхузахь вуьсур волуш ма ву. Цул, со а витина, шу дIа дахале, жимма къамелаш де вай... — дархочо шен ши бIаьрг сержанте хьажийра. — Баркалла хьуна, Вася. Шуна кхета хала болчу тхоьгарчу балано кхайкхийти соьга хIара махкахо сайна тIе. Айхьа суна мел доккха гIуллакх дина, мел боккха там бина хьайна хаахьара, Вася... Тхо, нохчий, жима халкъ ду. Цундела эскарехь гIуллакх деш берш а кIезга бу... Эзарнаш километрашка яхъеллачу фронтехь, масех миллион бIаьхошна юкъахь цхьацца-шишша массанхьа а баржийна сан махкахой каро хала ду... Амма, даима санна, хьо ларий хьайна тIедиллиничу халачу декхарца... Баркалла хьуна, Вася. ХIинца, ахь бехк ца биллахь, ас кху сайн махкахочуьнца тхешан ненан маттахь къамел дийр ду... Хьайн цIе йиийцахьа... — Iалхе хьалахьаьжира дархо.

— Iалха ю сан цIе.

— Мичара ву хьо?

— Веданара.

Дархо цхьана минотана садоIуш дIатийра.

— Суна хетарехь, сан оьмар миноташка йирзина. Цундела сайна ала лаьарг хьоьга сихха дIаала гIоьртар ву со... Нохчий шайн даймахкахь, шайн ярташкахь бехаш хилча-м вайх хилларг вайн доьзалшка дIахоуьйтур дара накъосташа, командованис... ХIинца со а, хьо а валарх вайн доьзалшна хаьар дац. Уьш мичхьа бу а, дийна бу бац а ца хаьа вайшинна... И ду соьга хьо схьакхайкхийтинарг... Сан дехар ду хьоьга ас йоху цIераш дIаязъяр...

Арахь машинан тата хезча, сиха корах ара хьожура лор. Амма цо ладоьгIу машина гучу ца йолура.

— Со Бенара ву. Фамили — Магомадов ю тхан, цIе — ШахIид ю. Кхузткъе итт шо хенара да ву сан Мохьмад цIе йолуш. Нана яц... Десте ю Бесира цIе йолуш. Элита а, Белита а цIераш йолуш сол йоккха шиъ йиша а, дойтта-пхийтта шо хенара, Муса цIе йолуш цхьа ваша а ву. Ший а йиша Бенахь марехь ю, Ахьмад, Iадиз цIераш йолчу шина стагехь... Хьо валанза дийна вайн нахана тIекхачахь, и сан нах а лахий цаьрга сох хилларг дийцалахь...

ШахIидан ницкъ тIаьхь-тIаьхьа оьшуш, аз гIеллуш хеда дуьйлира.

— Ткъа вайн нахе беана бала, бохам... Цуьнан ойла ян воьлча, хьераваллаза вуьсу... Амма вайн халкъ мацца а цкъа шен махка цIа доьрзур ду. Мацца дирзина а цIа доьрзур ду... Хено къастор ду дерриг а... Партис ишттa дуьтур дац и гIуллакх... Вай теша цунах. Ткъа вайнахана бохам бинарш таIзарх кIелхьара а бевр бац... Iалха, мацца а цкъа шаьш вайн дай баьхначу лаьтта тIе цIа дирзича, тхан юьртан кешнийн кевне, гу тIе, сан безамна цхьа жимо гIайракхан тIулг богIа алалахь...

«ХIан-хIа, ШахIид, ахь санна ас а лоцур ю и къиза Iожал. Со а тешна ву вайн халкъе беанчу нэрчачу бохамо хIара дуьне а къахьдина хьо хьуо Iожалан бага гIиртина хилар. Изза до ас а кху деноццкахь, амма хьо санна ирсе ца хилла со...»

— Лейтенант, къамел ма дехьа... — юкъагIоьртира лор. Амма иза ШахIида сацийра.

— ХIумма а дац, Алеша... Цхьа масех минот бен ца йисина...

ШахIид вала герга вуйла хиъначу Iалхас цуьнан корта мелла-ша хьала а айбина шен кара биллира

— Вася... сан доттагIа!

Шен цIе яьккхича сержант ШахIидана хьалхха гора вуьйжира.

— ХIун боху ахь, ШахIид?

— Хьуна хаьа-кх, Вася, тхан халкъана тIехь динарг... Тхо ямарт, кIилло а хилла-м ца дина цунна и таIзар... Тхан жима халкъ... Жимчунна халахетийта атта ма ду... Нагахь тхан халкъа-на хьо волчохь цхьаммо вон дош алахь... тхоьгахьа гIо даккха-лахь... Тхуна ямарт, кIилло нах дара ма алийталахь...

— Ахь хIун дуьйцу, ШахIид! Хьан эр дара шуна харц дерг? Дукха ченахь дуьйна дерриге а дуьненна хууш ма ду шун халкъ майра, тешаме, доьналла долуш хилар!

— Баркалла хьуна, Вася... Со теша хьох сайн вешех санна... Iалха... со леш воллу... Вайн дайн гIиллакхехь дIаволлалахь со... Виц ма лолахь Нохчичоь... Нохчийн кIенташка дохий ма хьийза ала.. Цул а яккхий халонаш тIеIиттаяларх вайн дай а ца боьхна... Дала хьукма долда... вайн халкъана тIехь и харцо лелийнчарна...

ШахIидан дешнаша гонах дерг дерриге а дицдина, цхьана ми-нотана шен ойланашца гена нохчийн лаьмнашка, винчу юьрта ва-хара Iалха. Нохчийн уггар ширчу яртийх цхьаъ. Буьрсачу Шема-лан столице. ГIараваьллачу харачойн Зеламхана дуьххьара шен бекхаман куьг айбинчу меттиге. Цигахь вина, цигахь ваьхна Ше-малан тоьллачу наибех цхьаъ хилла волу Iалхин ден-денда Эдал. Iаьлбаг-Хьаьжин гIаттамехь дакъалоцуш вийна Iалхин деда. Де-никинцех леташ Соьлжа-ГIалина уллохь воьжна Iалхин деваша. И санна ю нохчийн муьлххачу а доьзалан биографи. Нохчийн хал-къо бIеннаш шерашкахь шайн цIийца хьандина и исбаьхьа лаьм-наш дIадаьхна цаьргара. Ванах, кхин гур доцуш ду-те Iалхина ша вина, бераллахь левзина и хьоме лаьмнаш, хьаннаш...

Оцу къаьхьачу ойланех Iалха юкъахваьккхира ШахIидан мал-деллачу дегIо...

— ШахIид!? ШахIид!? — мохь белира сержантан. — Велла! Хьо турпалх а къинхетам ца би-кх Iожалло! ШахIид, сан доттагIа, сан ваша, ламанан кура леча... Суна хаьара ахь Iожал лоьхий-ла... Сан ницкъ ца кхечира хьо ларван... Ва неIалт хуьлда хьан цIенчу дагчу дIовш доьттинчунна!

Шайн халкъ бехк-гуьнахь доцуш махках даьккхинчул тIаьхьа эрриг фронташкахь а, партизанийн боламашкахь а дера а, тур-

пала а летара нохчий. Оцу тІе уьш тоьттура масех бахьано. Шайн халкъанна тІе кхоьллина и харцо а, дина эхь а ца лалуш, тІеман арахь Іожалла лоьхуш летар а. Даймахкана ямарт хилла аьлла нохчийн халкъана тиллина цІе харц хилар хаийта гІерташ. ТІамехь болчу нохчийн кІенташа турпала хьуьнарш, Даймахкана тешам а гайтича, бехк-гуьнахь доцуш харцо тІе а кхоьллина махках даьккхинчу халкъана тІера и харцо дІаяккхаре догдохуш а. Амма шен халкъана эхь дина, цунна харц таІзар дина аьлла мостагІашкахьа ца волура цхьа а.

Халкъ таІзар деш махках даьккхинчул тІаьхьа тІамехь хьуьнарш гайтинчу нохчашна орденаш ялар а, турпалхочун цІе тиллар а сацийра. Фронтан командованис я Москвахь чекх а ца бовлуьйтура уьш. Цундела, эскаран, дивизин, я полкан командованин хьехаршца, орденна а, я турпалхочун цІарна хьуьнар гайтинчу цхьаболчу нохчийн эпсарша шаьш кхечу къомах язбойтура — гуьржий, хІирий, гІезалой, гІумкий, суьйлий и. дІ. кх. а. Иштта цхьа могІа хІилланашца толаман де тІекхаччалц тІамехь бисира дуккха а нохчий.

Іалхина ца дийзира цхьа а хІилла лело. ШахІид дІавоьллинчул тІаьхьа цхьа бутт баьлча, тІамехь луьра чов хилла, еххачу хенахь госпиталехь а Іиллина, юха фронте ваха ца магош цІа хьажийра.

ЦІа мичхьа ду-м ца хаьара...

...Іалхас доккха садаьккхира.

Цхьа кІира хьалха хиънера Іалхина ШахІидан доьзал Покровкехь хилар. Цунна и хиъначу хенахь Мохьмад а, Бесират а чІогІа цомгаш дара, ткъа Муса лесхозехь вара. Цомгашнаш больнице а балийна, Муса цІа кхайкхира Іалхас. Амма ШахІидах хилларг Мохьмаде дІахоуьйтийла дацара, иза товелла цІа верззалц.

— Мохьмад, хІара кІант а валош со хьуна тІе варан бахьана дийца лаьа суна, — долийра Іалхас, ша цуьнан могашалла хиттина ваьлча. — Ас хьехар дала воккха ву хьо, цундела хьуна соьгара хьехар ца оьшу, ткъа гІо оьшу. Тхо санна махках ваьккхина хьо, амма хьайн йиш-вешех, юьртахойх къастаро хІара бала тхуначул базбина хьуна. Іожал вайна тІаьхьа хІоьттина лела. Сахьт дац валаран. Цунна а ца кхоьру хьо. Цунах кхера а воккха ву хьо. Кхузахь Іуьллучу хьайн а, хьайн хІусамненан а ойла кІезга йо ахь. ХІара дуьне иштта декъаза дуучул, нахана бала а хилла дехачул, делла дІададалар гІоле ма ю боху хьан даго. Амма хьан дагна бала бинарг, хьан са дуург, хьуна хьайн цамгар а, гонах хьийза Іожал а йиццйинарг кхин ду. Ахь ойла йо, делла шаьшшиъ кху чуьра арадоккху долчу дийнан. Тезет хІотто юьртахой а бац, кадам дІаэца гергарниг а вац, тІаьххьарчу новкъа ваккха нийсарой а бац. Тхо делча лийчо, марчо хьарчо, сагІа даккха, мел кхайкхо стаг хир вац-кх боху хьан даго. Цул а дазделла хьуна, шайл

тӀаьхьа кӀант висар. Цуьнан дола дан стаг цависар. Бакъ дуй и, Мохьмад?

Ши бӀаьрг хьаббина ладоьгӀуш Ӏачу Мохьмада меллаша кхузза корта таӀийра.

— Бакъ ду иза, Ӏалха. Сан дагахь дерг цӀенна схьадиййци ахь.

— Амма оцу агӀор ахь сагатдан ца оьшу, Мохьмад. Сингаттамо йолчу тӀе а чӀагӀйо цамгар, Ӏожал герга уьйзу. Хьан сапаргӀат мел хили дегӀа тӀера цамгар сиха дӀаайбалур ю. Генахь бисина хьоме Даймохк, байлахь дисина дай-нанойн кешнаш юкъа а лоцуш дуй биъна, ас дош ло хьуна, нагахь цхьа дела болх хилла сайл хьалха хьан а, хӀусамненан а Ӏожал хилахь, сайн да-нана санна лоруш, царна тӀехь айса дендерг шуьшинна тӀехь деш шуьшиъ дӀадолла а, шен нахана тӀекхаччалц хӀокху лаьттачу шун кӀентан сайн кӀентан, вешин ас дендолу дола дан а. Нагахь ас хӀара сайн дуй къарбахь, хьуна деллачу дашах со вохахь, дала хьуна дуьхьал юьхьӀаьржа а валавойла со!

Делкъанна юург йохьуш чу еанчу лорйишас юкъахдаьккхира Ӏалхин къамел.

— Гой хьуна, жимстаг, дада дика Ӏаш ву. — Мусан белшах куьг туьйхира цо. — Ткъа хьо воьхна хьийзара. ХӀинца арадовлар доьху шуьга, накъостий. Цомгашчунна дика дац дукха лер. ХӀокхо хӀума кхалла а еза.

Ӏалха хьалагӀаьттира.

— Амма шуьшинна хӀума хила йиш яц, Мохьмад. Шуьшиъ, даламукъалахь, толур ду. Схьало хьайн куьг. Меттахъхьен пурба дац хьуна, — Мохьмадан куьг схьа а лаца, тӀе охьа а таьӀна, цуьнан некхах шен накха туьйхира Ӏалхас — Марша Ӏойла хьо. Вайн везчу дала маршалла дойла хьуна! Варийлахь, цхьана а хӀуманна са ма гатделахь. Дала дикачна цхьана тухийла вай.

Цаьршинга а хьоьжуш хӀоьттнна лаьттачу Мусана гира ден балдаш дегалуш, дазделла бӀаьргнегӀарш тохалуш, царна юккъера схьа Ӏовдаделла бӀаьрхин тӀадамаш хебаршка ихначу мокхачу беснешна тӀехула меллаша шершаш кӀайчу можа юкъа а доьлла довш...

## VI

Тахана дог декхаделла, дегӀ дайделла райисполкоман председателан кабинета чуьра араелира Анастасия Федоровна.

Исполкоман председатела Турсунбековс цуьнга бешийтина спецпереселенцашна гӀо даран хьокъехь болу правительствон сацамаш. ЦӀеош-бахам вовшахтоха ахча а, машанна даьхний доло цхьацца бежан а лур ду царна. Цул сов, пачхьалкхо нохчашна син цӀарах ло ялта а жимма алсамдаьккхина. Дукха ца леш тӀедогӀучу ялташна дуьхьал гӀур бац-те уьш.

Кертах дӀатесна лаьтта шен говр схьаяста ойла хилла цкъа дуьрстана урх схьа а лаьцна, юха а дӀахиййцира цо. Дерриге гӀул-

лакхаш чекх а ца дохуш цIа гIойла а ма дац. Комендатуре а яхана, нохчийн хьокъехь дагаяла дезаш дуккха а гIуллакхаш ду Анастасия Федоровнин. Нохчашна юккъехь нисло хIинца а гIадданза наггахь стаг. Цхьаццаволчун ьтту хилла шайн долара безчу механ хIуманаш шаьш махках дохучу дийнахь кIелхьара яха. Цхьаццаволчун доьзал жима, кегий бераш цахиларо ьтто бина. Иштта, гай юьзна, дегIехь ницкъ болчу цхьаммо шен зудчунна тIе зуда ялийна. Цхьана стеган ши зуда хиларх-м кху махкахь башха тамаша а ца бора. И шираллах дисина гIуллакх Iедало дукха хан йоццуш дIадаьккхина меттигерчу бахархошна юккъера. ХIинца а нисло къайллах шиъ-кхоъ зуда кхобуш узбек, киргиз. Амма уьш мацах цкъа балийнарш бу. Кху тIаьххьарчу шарахь зудчунна тIе зуда а ялийна, уьш ший а цхьана стагехь ехаш меттиг хилла яц. ХIинца нохчашлахь долалуш лаьтта. Кхузткъе итт шо хенарчу воккхачу стага бухарчу зудчунна тIе йоI ялийна. КIел хIотта тхов а, даа-мала доцуш, вала верас воцуш йисина и йоI а яхана цуьнга...

Ткъа воккхачу стага Iедалах лечкъадо иза ша шена ерзийна хилар. ХIара да-нана делла йисина шен гергарчу нехан йоI ю, цундела тIе а лаьцна кхобуш ю боху цо. ЙоIа а чIагIдо изза. Ткъа, гIуллакх иштта цахилар Настина шера го.

Юьртахь нохчийн масштта бер ду, ткъа царех школе лелаш ялх бен дац...

Кхин масане ду уьш! Дерриге а юьртсоветан декхаршна чу догIуш а, Анастасия Федоровна шайца ларор йолуш а гIуллакхаш ду уьш. Амма нохчий спецпереселенцаш бу. Цаьрца доьзна кхолладелла гIуллакх — иза жимо делахь а, доккха делахь а комендатурехула къасто дезаш хуьлу. Хьалха кхузахь комендант хиллачу Чалийца дерриге а гIуллакхаш дика дIанисдора цо. ХIокхо санна нохчех къахеташ, доглозуш, церан гIуллакхана шен са дIаделла болх бора Чалийс. Амма иза цхьа бутт хьалха кхузара дIа а ваьккхина, кхечахьа балха вахийтина. Ткъа мила, муха стаг ву-те керла комендант?

Цхьа хIума-м яздеш стола тIе юьхьар а вахана хиъна Iачу коменданта, маршалла а хоттуш, Анастасия Федоровна чоьхьа яьлча, шен балхах юкъах ца волуш, цунна неIарехь гIант гайтира.

— Хьайн гIуллакх схьадийца ахь, гражданочка, нохчаша я къола дина, я йиттина хьуна?

Анастасия Федоровна цецъелира.

— Суна-м иза а, я важа а ца дина нохчаша. Со Покровкехь юьртстоветан председатель ю. Хьуна ма хаъара, цигахь бехаш нохчий бу. Церан хьашт-дезарийх лаьцна хьоьца къамел дан еанера со.

— ХIаъа, суна юьйцу хезна хьо. Васильева Анастасия Федоровна? Девзаш хир вайша. Сан фамили Кривошеев ю. Иван Хари-

тонович. Сол хьалха хиллачу комендаита Чалийс а, ахьа а нохчий шайн тIома кIел боьхкина кхаьбна бохуш дийцина соьга. Йоккха гуманизм ю иза-м. Схьадийцал. Со ладугIуш ву.

Анастасия Федоровнас цхьаъ ца дуьтуш дIадийцира нохчашкара хала хьал, оцу халчу хьоло уьш зуламашна тIететтар, комендатуро жимма а шен гIо лаьцча, нохчашка и цхьадолу зуламе гIуллакхаш ца леладайта а, цаьрга хIоьттина хала хьал жимма аттачу даккха таронаш хилар а. Ша и дуьйцуш аз дегадора, легашка шад хIуьттура Анастасия Федоровнин. ТIулг белхабалла инзаре ирча дара цо дуьйцург. Амма Кривошеевн еакIов юьхьа тIехь цхьа а тайпа хийцам ца хаалора. Оцу чохь цхьа а адам доцуш санна, шек воцуш ла а доьгIуш шен болх бора цо.

— Дийцина елин хьо? — хаьттира цо Анастасия Федоровна къамел дечура сецча.

— Оцу къеначу стеган бухарчу зудчо арз диний хьоьга шена тIе зуда ялийна аьлла?

— Ца дина.

— Къеначу стага йигначу йоIа арз диний хьоьга, ша шена ца везачу къеначу стага нуьцкъах маре йигна аьлла?

— Ца дина.

— Дай-наноша аьрзнаш дой хьоьга шайн бераш доьшуш дац бохуш?

— Ца до.

Кривошеевс ши куьг дIаса а тосуш белш саттийра.

— Ткъа ахь тхоьга хIун де боху?

Анастасия Федоровна цецъелира. Иза ца тешара шена и дешнаш хазарх.

— Ой, цара муха до аьрзнаш? Аьрзнаш дан йиш йоцчу хенахь кхолладелла и гIуллакхаш. Ткъа иштта гIуллакхаш хила таронаш вай йитича, хилла девлларш мага а магийтича, царех хIун хир ду, уьш вуьшта а бу боккхачу балехь...

— Белахь бу-кх шайн бехкенна, — юкъахъяькkхира иза Кривошеевс. — Шаьш советски Iедална дуьхьал гIуьттучу хенахь, шаьш Гитлерна герз буйнахь гIо дечу хенахь ойла ян езара цара таханлерчу дийнан. Цхьа а вац царна хиллачунна бехке, уьш шаьш бу. ДIадаханчу бIешеран дохалла оьрсашна дуьхьал гIазотан тIом биарш уьш ма бу. ХIетахь бIе эзарнаш оьрсий хIаллакбина цара. Революци хиллачу хьалхарчу дийнахь дуьйна, шаьш махках баххалц, советски Iедална дуьхьал герз буйнахь дуьхьало йина. ХIара тIом болабелча, цхьа а фронте ца воьдуш, шайн хьаннашкахь, лаьмнашкахь бандитийн гIеранаш кхоьллина, советски эскаршна букъа тIехьахула ямарт тIе летта. Доцца аьлча, кху тIаьххьарчу бIе шовзткъе итт шарахь кавказски ламанхошна а, вайн махкарчу кхечу халкъашна а юккъехь барт, доттагIалла хила а ца дуьтуш, цигахь къаьмнашна юккъехь мостагIалла лат-

тийнарш и нохчий хиллий хаьий хьуна, лоруш йолу Анастасия Федоровна?

Анастасия Федоровна йист ца хилира. Дуьххьал дIа шен легашка гIоьртинчу шадах къурд а бина сецира иза. Цунна хаац бIе шо, цхьаъ ах бIе шо хьалха хIун хилла. Ца хаьа цунна нохчий советски Iедална дуьхьал хилла ца хилла а, цара Гитлерна гIо дина ца дина а. Цо шен шовзткъе итт шо дерриге а Покровкехь даьккхина. Иза къинхьегамхо ю, йиъ класс бен хаарш а доцуш. Цунна дика хуург ялташ кхиор а, даьхний кхабар а, керт-ковхь гIуллакх дар а ду. Хьанна моьттура цунах йоккхачу юьртан куьйгалхо хир ю? Маса хир дац моьттург хилийти кху тIеман шераша. Амма цунна цхьаъ хаьа..

— Стенна бехке бу и зударий, бераш? — хьаьттира цо, Кривошеевна тIе ши бIаьрг боьгIна. — Уьш а бара Гитлерна гIо деш?

— Иза вайшиннен хьекъал оьшуш гIуллакх дац, накъост Васильева. Ас цхьа хьехар дийр ду хьуна. Хьо зуда а хиларна, хьан майра а, ши кIант а фронтехь хIаллак а хиларна, хIинца хьо цхьа хиларна а, ахь нохчашна деш долу йишийла шайна ца гучуха Iадда Iийна кхузахь. Амма тIех хIума дика дац. Советски Iедалан мостагIий хиларна, Даймахкана ямарт хиларна правительствои сацамца нохчашна таIзар дина. Сталина буха куьг яздина болу и санам цхьаммо а дIаса тетта а, бийцаре бан оьшуш дац. Кхийтин хьо? Уьш кхуза бусто а, кхетош кхио а ца балийна. Кхийтин хьо? Нагахь меттигерчу бахархойн, юкъараллин долаллина тIе куьг кховдадо-кх цара — тхоьга схьаала. Нагахь кхин хIуу цхьа Iедална, меттигерчу бахархошна зуламе дерг до-кх цара — тхоьга схьаала. Оха таIзар дийр ду. Ткъа уьш шаьшлахь вовшинн карах белча а вайн гIуллакх дац. Кхийтин хьо?

— ХIан-хIа, ца кхиити! Уьш а ду тхо санна адамаш, зударий, бераш, къена нах... — эххар а мохь белира зудчун.

— Делахь, хьо цIа яхча тховса ойла ер ахь. Хьуо тахана мичхьа хилла а ма дицде.

Кривошеев, кIоршаме вела а къежна, зудчуьнга араяла езар хоуьйтуш хьалагIаьттира.

* * *

Комендантуран сени чохь лаьттара безамехь, цIена юьхь-сибат долуш, юккъерчу дегIара, шовзткъа шо хенара нохчо. Беснин тIехь а, чIенги тIехь а уьрсо хадийна цIийн хьоькхнаш дара. Схьахстарехь, Iуьйранна аравалале маж-мекх даьшнера цо. Цкъа-шозза комендантан кабинетан неIаре а вахана ладуьйгIира цо. Чуьра схьа дов хезара. Зудчун а, стеган а.

Церан къамел дахдала доьлча уьйтIа а ваьлла, пальтон кисара кисет схьаяьккхира цо. Томкин цигаьрка а хьарчийна, иза бага а лаьцна, цIестуханца кIожам лато вуьйлира иза. Чолакхчу аьрру

пхьаьрсо новкъарло еш, дикка къахьийгира цо кIожамах цIе ца леташ. Эххар а, цигаьрка а латийна, боккха баьккхина кIур пехашна чу а оьзна, шуьйрачу мераIуьргашкахула а, багахула а дIахийцира. Коменданто ша хIунда кхайкхина ца хууш сагатлучу цуьнан са декъаделира.

Бешехьа а вирзина, керта тIе а тевжина цигаьрка уьйзуш лаьтта иза, цIиннан неI йоьллу а хезна, тIехьа хьаьжира. БIаьргех йовлакх а хьоькхуш, оцу чуьра араелира церан юьртда Васильева. Иза шега хьажа кхиале дIавирзира нохчо. Схьахетарехь, зудчунна ша кхузахь гойла ца лаьара цунна.

Оьзна ялазчу цигаьрканах кхоам хетта, цхьана метта шоззакхузза кIур а баьккхина, кертал дехьа а кхоьссина, чувахара иза. Цхьана масех секундехь неIарехь соцунгIа а хилла, неIарх пIелгийн голаш туьйхира цо. Чуьра схьа оьгIазе аз хезча, меллаша чу а ваьлла, маршалла а делла, неIарехь ирахь сецира.

Нохчочун маршаллина дуъхьал жоп ца луш, кехаташ кегош вехха Iийра комендант. ТIаккха шен цIен ши бIаьрг цунна тIебуьйгIира.

Хьалха а таьIна, гонаш севсина цIен ши бIаьрг цуьнан дегIа тIехула а кхарстина, цхьана юкъана нохчочун чолакхчу пхьаьрса тIехь сецира.

— Покровкера вуй хьо?

— Ву.

— Наибов Асвад вуй хьо?

— Ву.

Стоьла гIутакх схьа а оьзна, оцу чуьра схьаэцна цхьа кехат нохчочуьнга дIагайтира коменданта.

— ХIара кехат девзий хьуна?

— Девза. Хьалха хиллачу коменданта даьккхина соьгара иза.

— Хаьа. Тхоьца болх бан тIелоцуш ахь делла расписка ду хIара. Покровкехь а, районерчу кхечу ярташкахь бехачу нохчийн дагахь дерг а, лелориг а тхоьга схьадийца тIелаьцна ахь. Цул совнаха кхин декхар дуьллу хьуна тIе. Шаьш долчуьра оьрсех, киргизех, узбекех, кхечу къаьмнех болчу нахера Iедална дуьхьал даьлла дош, гIуллакх а тхоьга дийцар. Кхийтин хьо?

— Кхийти.

ДIакхевдина сейфа чуьра цхьа папка схьа а эцна, бIаьргех куьзганаш доьхкина, оцу юкъара цхьа-ши кехат деша вуьйлира Кривошеев.

«Аьстамиров Iабдул-Iаьзам. 1877 шарахь вина. Граждански тIом болуш Советан Iедалехьа тIом бина. Нохчичохь Советан Iедал хIоттош юьхьанца жигара дакъалаьцна. Амма тIаьхьа контрреволюцин элементашца уьйр йолуш хилла. Хьуьжарехь дешна ву. Iаьрба мотт хаьа. Ша-шеца болх беш бусалба динан Iилманан шуьйра хаарш долуш ву. 1932 шеран мартехь Нохчичохь Советан Iедална дуьхьал хиллачу гIаттамехь дакъа ца лаьцна цо, амма

оцу гӀаттаман дакъалацархошна гергарлонаш, доттагӀаллаш долуш хилла. 1933 шеран февралехь РСФСР-н УК-н 58-чу статьяца бехке вина лаьцна, бархӀ шо хан яьккхина, 1941 шеран февралехь лагершкара дӀахецна...»

«Эскарханов Ӏалха. 1916-чу шарахь вина. Юккъера образовани ю. ТӀом хилале хьалха эпсарийн школа чекхъяьккхина. Финашца тӀамехь а, хӀокху тӀамехь а жигара дакъалаьцна. Хьуьнаре, хьекъале, майра а эпсар ву. Партина а, советски Ӏедална а муьтӀахьалла гайтина. «ЦӀечу Байракхан», «ЦӀечу Седанан» орденаш, масех медаль ю. Шен халкъ махках даьккхинчул тӀаьхьа партина а, советски Ӏедална а хамталла еш дош а, гӀуллакх а ца даьлла цуьнгара. Амма цуьнан дагахь латтош къайленаш хиларан шеко яц. 1945 шеран аьхка, цхьана тӀамехь луьра чевнаш хилла, еххачу хенахь госпиталехь Ӏиллинчул тӀаьхьа, тӀамехь гӀуллакх дарх мукъаваьккхина...»

— Покровкехь вехаш Ӏабдул-Ӏаьзам, Ӏалха а цӀе йолуш шиъ стаг вуй?

— Ву.

— Уьш муха нах бу?

— Хаац. Уьш ший а тхан эвлара вац. ТӀе, Ӏалха тӀамера цӀа веана дукха хан а яц.

Комендантан хьаьжа юккъе шад хӀоьттира.

— Уьш бовза беза хьуна. И воккха стаг молла вуй?

— Хаац суна. Юьртахь белларш дӀа-м бухку цо.

— И «хаац» боху дош дицделахь таханчул тӀаьхьа. Со Чалий ца хилар а ма дицде. Оцу шина стага дӀа мел олучу дашна а, дӀа мел боккхучу когана а тӀехь тидам латтор бу ахь. Ӏаьрбин маттахь дешний ахь?

— Сан хенарчу массар санна, цхьана-шина шарахь дешна ас а.

— Молла-м вац хьо?

— Вац. Молла хила итт-пхийтта шарахь деша деза.

— ХӀинца буй шун иштта лакхара дешна молланаш?

— Бац. Цхьа наггахь бен.

— Кху районехь вуй цхьа а?

— Хаац. Берш бовза кхиъна вац со.

— Хьуна бевзарш?

— Хааршна сол дукха гена ца бевлла.

— Далла гӀуллакх дой ахь?

— Дукха хан ю ца де.

— ХӀунда?

— Ӏедало дехкарна а, со башха кӀорггера бусалба цахиларна а.

Нохчочо дуьйцучух ца вашара а хаац, я реза хилла дара а хаац, комендантан балдаш раздовлуш делакъежира.

— Тахана дуьйна дӀа хийцавала веза хьо. Ӏедалера маьрша ву хьо бусалба динца йолчу агӀонна. Делаца йолу хьайн юкъаметтиг

чIагIъян еза ахь. Даррехь далла гIуллакх а де. Хьайн бусалба динан хаарш шардан а, лакхадаха аˆлаьа бохуш, хIокху районерчу масех моллица гергарло а таса. Цаьрца а, кхечу цхьа масех стагаца а цхьаьнакхетча Iедална, Сталинна а ле. Массаьрна а кIеда-мерза хила. Массеран а хьайх тешам бахийта. Нохчашна гIоьнна пачхьалкхо ахча а къастийна. ХIора доьзална цхьацца бежана нисдан сацам а бу. Луш йолу продукта а жимма алсам яьккхина. Покровкерчу нохчашна уьш дIаяла хьо чIагIвина.

— Баркалла, Иван Харитонович...

— ДIабаханчу баттахь ахча деллий хьуна кхузахь?

— Ца оьшура иза-м...

Ша ахчанан ведомость кечъеш Кривошеевна дагаеара кху чохь цхьа кIира хьалха хилла инцидент.

Покровкехь вехаш волчу къоначу стага Солтагериев Лоьмас Сталине арз яздинера. Оцу тIехь кIанта дуьйцура нохчийн халкъ бехк боцуш махках даккхар а, махках дохучу дийнахь а, схьадалош новкъахь а цунна тIехь бина ницкъ а, кхузахь шаьш хьоьгу Iазап а. Кехат районера ара ца даьллера. Цхьа кIира хьалха и кIант ша волчу кхайкхира Кривошеевс.

Кривошеевна моьттура иза цхьа бIаьрле жимстаг хир ву. Амма хIара оза юьхь йолуш, дегIана хесара ялхийтта-вуьрхIитта шо хенара кIант вара. ХIокху шиннен къамел деха ца хилира.

— Солтагериев Лоьма вуй хьо?

— Ву.

— Оьрсийн мотт мичхьа Iемина хьуна?

— ГIалахь хьехархойн техникумехь шина шарахь дешна ас.

— ХIара арз ахь яздиний? — кхо маьIиг еш хьарчийна кехат дIагайтира цо.

КIантана девзира иза.

— Яздина.

— ХIара хIунда яздина ахь?

— Оцу тIехь дуьйцу ас иза хIунда яздина.

— Сталина, правительствос бинчу сацамашна дуьхьал ву хьо?

— Сталинна хууш дац тхан халкъана тIехь динарг!

— ХIета, цунна а ца хууш даьхна шу махках?

— Цунна ца хууш ца даьхна, цуьнга харц дерг а дийцина, иза Iехэ а вина даьхна.

Кривошеев хьала а гIаьттина, ши куьг букъа тIехьа а лаьцна, цIа чухула волавелира.

— Хьан тентак коьртехь хьекъал ду ткъа хилларш хаа а. къасто а? Шайн дайша а, вежарша а лаьмнашкахь советан Iедална дуьхьал тIом беш, фашисташна гIо деш мичхьа вара хьо?

— Бакъ дац иза! — мохь белира кIентан.

— Сацае хьайн муцIар, фашистийн къутIа!

КIант дIатийра.

— Кхин яздийр дуй ахь хIара тайпа арз?

— Кху районера арадолуьйтуш ца хилча, эрна ду яздар.
— ДIакхочург хилча яздийр дара ахь?
— Дара.

Иллош тIех волуш цIеххьана саца а сецна, шен ницкъ ма кхоччу лостийна цуьнан лерган агIох тIара туьйхира Кривошеевс. ДIакхоссавелла кIант, пен лаьцна, ирахь сецира. Цергашца къевллина балда а лаьцна, оьгIазаллех дуьзна бIаьргаш Кривошеевна тIе а доьгIна лаьттара иза. Цуьнан шина а мераIуьргахула цIий доладелира.

— Кхузаш схьадалош къа а ца хьоьгуш, шайн лаьмнашкахь дайа дезаш дара шу! Аганара бераш цхьаьна! Дуьненчуьра шун хIу дIадаккха! Бандиташ! Фашистийн хьадалчаш! ХIара тайпа а, цхьа тайпа а кехат яздан хьуна дагадагIахь! — кIентан мера кIел Iоьттира цо цуьнан арз, — Ас набахтехь вахкор ву хьо! И хьайн фашистийн диркх цIан яй суна гучура дIавала!

— Хьо ву-кх бандит а, фашист а! — мохь белира собар кхачийначу кIентан.

Шена хезначух ца тешаш, цхьана минотана акъваьлла лаьттира Кривошеев. ТIаккха, катоьхна шиний куьйга схьалаьцна шен ницкъ ма-ббу легаш Iаьвдира. Цуьнан садукъдала доьлча, дIа а хецна, вортанан тIера схьа а лаьцна, мийра тоьхна неI йиллина, сени чу кхоьссира...

— Солтагериев Лоьма цIе йолуш кIант вуй Покровкехь? — хаьттира цо нохчочуьнга, куьг таIо цунна хьалха ведомость а юьллуш.

— Ву.

— Къаьсттина а боккха тергам оцу кIантана тIехь латтор бу ахь. Iедална дуьхьал къамел дой хьожуш, ладогIа. Мацвелча къола данза Iийр вац иза. Иштанниг цуьнгара далахь, соьга хаам бе. Доцца аьлча, цо закон талхийна меттиг лаха.

Коменданта шега кховдийна ахча, дагар ца деш, пальтон чухуларчу кисана таIийра нохчочо...

## VII

Мария Петровнас дика юза а йина, кара бепиган буханкин цхьацца ах а, хи чу йоьхкина помидораш а елла, дечиг дIа а ца оьцуш цIа хьажийна ши зуда, шаьшшиннен маххьаш гIиргIазойн цхьана йоккхачу стагана сусмих[1] дIа а доьхкина, цIа йогIура. Шиннен а яххьаш екхаелла яра хIинца. Дицделлера кIадъялар а. Моьттура, дуьненара дерриге рицкъа кара а лаьцна шаьшшинъ цIа йогIу. Шен-м дукха ойла а ца йора Занус, иза йоккхаера кегийчу берашца йисиначу Хелипатан тахана хIара аьтту нисбаларх.

[1] Сусма — якъийна нехча.

Шаьшшиъ школана гено яьлча, Хелипат саца а йина, шегара помидораш а, сусма а цуьнга дӀакховдийра Занус.

— Ахь хӀун до? — цецъелира Хелипат.

— ДӀаэца. ХӀорш хьуна юьту ас.

— Делхьа оьцур яцара-кх. Хьо а ма яц цӀахь баьрчче хьаьжкӀийн гали хӀоттийна Ӏеш!

— Со цхьаъ бен яц. ХӀара бепиг суна шина-кхаа денна тоьур ду. ТӀехула тӀе, ас денна йоккху сайна мацалла ца яллал хӀума. Ткъа хьан цӀахь кхоъ бер ду. ДӀаэца, Хелипат, суна лаьа царна хӀорш лойла.

Хелипатан ши бӀаьрг хих буьзира. ХӀан-хӀа, цунна кӀезиг хӀума дацара иза. Цаьрца оьзна деши а, уьш а цхьацца агӀор дехкича цо и деши дӀа а теттина и дуьра помидораш а, сусмин пхи межарг а схьаоьцур бара. Шен дуьхьа а доцуш, ткъа мацалла мажделла, тишачу юргӀих хьаьрчина, ша цӀа яре ладоьгӀуш шийлачу цӀа чохь Ӏечу кхаа беран дуьхьа. ХӀетте а, уьш схьаэца царна тӀе куьг ца кховдадора Хелипата. Церан дуьхьа ма яхана ткъа Зану гена лаьмнашка, церан дуьхьа ма кегийна цо хӀара шийла хатт.

— ДӀаэца, хӀумма а дац, — кара таӀийра Занус цунна уьш.

Дегочу кьуйгашца схьа а эцна, уьш вукхарна тӀе тужуркин кисана тийсира Хелипата.

— Оцу вайн везачу дала хьан майрачун коьрта тӀера, цуьнан се кхачо, хьо хьайн дех-ненах, йиша-вешех дӀатоха, вай вешан даймахка цӀа дерзо, вайн везчу дала, пайхамарша, эвлаяаша къобал дина сагӀа хуьлийтойла хьан хӀорш, — бӀаьргех корталин тӀам хьоькхуш халла йистхилира и. — Дала дукхаяхайойла хьо, дала ирсе йолда хьо. Кху дуьненан даьхни дерриге а ахь сайна делча санна хазахийти-кх суна...

— Хьанал хуьлда хьуна а. Иза-м доккха хӀума дацара. ХӀара рицкъа вайна деллачу далла бу хастам. Иштта къинхетаме вайша тӀеэцначу оцу оьрсашна а хуьлда дела реза. Царшиммо хӀара дийр дуйла хиънехь оцу керта гӀур яцара со. Иэхь хетийти цара.

— Хьо-м дуьххьара еанера, Зану. Со хӀинца кхозлагӀа яхана цаьрга. Кхуззе а сан мохь дӀа а ца оьцуш кера хӀума а елла цӀа хьажийра. Иэхь хета дера-кх. Цкъа а, шозза а иштанехьа хӀума елча, кхозлагӀа мукъане а дечиг дӀаоьцур дац-те бохуш яхара. Ас-м иштанехьа а лур дара, ца оьшу хир ду-кх царна.

— Иэша-м дер иэшара царна. Цуьнан зуда ша а хуьлу хьардаш лехьош. Дуьххьал дӀа вайх къахеташ лела уьш а. Кхечунна дохкийта дуьту.

Гена боццуш лома хьала болчу урамехула схьагучувелира дуткъийчу серагийн цӀов ги а тесна вогӀу лекхачу дегӀера вуткъа воккха стаг.

— Вий, елла яла со делаӀ! — мохь белира Хелипатан иза гича. — Боккха болх бу-кх хьо гайӀ Ахь дицдо-кх доллу хӀума а.

— ХӀун хилла? — Хелипатах ца кхеташ дӀасахьаьжира Зану.

— ХӀун хилла бохург хӀун ду! Велла Ӏуьллу Аюб вицвеллер-кх суна. Цхьа дала ма лоьхху Ӏабдул-Ӏаьзам а ву вогӀуш.

Ши зуда воккха стаг тӀекхаччалц сецира.

ТӀе доьлхучу дерзо тӀадийнчу кетаран тӀемгаш хьала а карчийна, юкъах дихкинчу гатапах а доьхкина, шен когара маьхьсешна тӀехула юьйхина йоций тӀеш йолу калош ларъян гӀерташ, хатт кӀезиг болу меттиг лоьхуш керта йистошца, лаьтта бӀаьра а вогӀавелла вогӀура Ӏабдул-Ӏаьзам.

* * *

Оцу юьртахь пхи-ялх стагана а бен ца хаара и лекха, вуткъа хьаьрса воккхастаг а, цуьнан шийтта шо хенара хесара кӀант а мичара ву, мила ву. Амма массарна а хаьара, и шиъ нохчий маххах баьхначу хьалхарчу дийнахь цхьа гӀуллакх хилла луларчу юьрта вахханчуьра схьавалийна, шайн гергарчийх-м хьовха, юьртахойх а къаьстина, царах хилларг а ца хууш кхузахь хан йоккхуш вуйла. ХӀетте а, кхуза схьакхаьчначу дуьххьарлерчу дийнахь дуьйна везавелира иза массарна а.

Тахана санна йочане, амма бӀаьстенан юьхьан де дара иза. Шовзткъе итт километр генара, цӀерпоштан некъа тӀера стерчийн, говрийн ворданашца, эмкалийн ковраца схьабалийна ткъа доьзал юьтан клуба чу охьаханйра. Масех доьзал цхьана вагонна чохь а болуш, инзаречу гаттехь цхьана баттахь цӀерпоштан товарин вагонашна чохь шайн лаамехь доцуш бинчу бехачу некъо гӀелдинера адам. ХӀетахь хӀораммо а сатийсара, мичча махка, мичча хьоле кхийсина а цкъа оцу вагонаш чуьра ара а даьхна, цӀена хӀаваъ чу а узуш паргӀат садаӀарс. Цара сатийсина сахьт тӀекхаьччера. Амма хӀинца а гуш дацара церан дегнашна маслаӀат. КӀадделла, гӀелделла, бехделла адам. Доьлхучу берийн маьхьарий, цомгашчийн узарш. Ца бевза мохк, меттигерчу къоман ца хаьа мотт, ца евза амалш. Церан хӀораннен а йиша-ваша, гергарнаш, юьртахой бара. Амма мичхьа кхийсина-те уьш, хӀун хилла-те царах? Маца гур бу-те уьш, я гур а буй-те? Хаац. Хиндерг цахааро гӀайгӀане дожийнера адам. Ткъа оцу генарчу лаьмнашкахь царна дуьне къайладоккхуш тӀегӀертара Ӏаьржа, тийна, сингаттаме буьйса...

Оцу йоьхначу буса генарчу Тянь-Шанан лаьмнашкахь дуьххьара дийкира нохчийн назманан аз. Юьхьанца ша дека доладелла иза дӀанийцира юххехь хиъна Ӏачу шимма-кхаамма. Цхьа-ши минот ялале воккхачу стагана гонах гулбелира цу чуьра берриге а божарий. ДӀатийра берийн белхарш, цомгашчийн узарш а. Йиллинчу неӀарашкахула ара а дуьйлуш, Ӏаьржачу бодашкахула генна дӀакхерстира нохчийн ойланечу мукъаман аз.

ХӀан-хӀа, воккха стаг шен назманца деле, пайхамаршка, эвлаяшка ца кхайкхара, халкъе кхаьчначу боккхачу бохамна цо леткъамаша а ца бора, цуьна бехке болчарна неӀалт а ца кхайкха-

дора. Ша хIетта кхоьллинчу назманца цо йиййцира дайшиа тIехIиттина халонаш, ца бухуш цара уьш эшор, Даймехкан, халкъан сий лардеш дуьйцура маршонехьа къуьйсуш эгначу бIеннаш халкъан турпалхойх. Цо чIагIдора нийсонал, бакъонал харцо тола йиш цахилар, шен махках халкъ къасто ницкъ дуьненахь цахилар, кхайкхара собаре хиларе...

Назма дIатийча, адам самаделира. Хезара забарш, беларш. ТIаккха воккхачу стага клубан жимчу сцени тIе хьала а ваьлла, дог цIена вела а къежаш адамашка хьаьжна, куьг хьалалецира.

— ХIа-хIани, сан йижарий, вежарий! — адаман гIовгIа дIатийча, цхьанна а дагахь доцуш, къамел дIадолийра цо. — Мухха делахь а, Iедало махках а даьхна схьа а далийна, тахана кхуза охьдехкина вай. СхьадогIуш новкъахь дуьйна а наха цхьацца дуьйцу. Цхьаболчара новкъара юхадерзор ду, кхечара дIа ма кхаьччи, вукхар кхо бутт баьлча, шо даьлча юха цIа дерзор ду бохуш хабарш дийцира. Уьш дерриге а шуна хезна. ХIунда, стенна, мича бехкенна, мел ханна вай кхуза далийна хууш стаг вац. Шо, пхи шо, итт шо даьлча а юха вешан махка дерзо дагахь ца даьхна вай махках. Кхин цкъа а вайна вешан Даймохк бIаьрга ца гайта дагахь далийна. Амма иза иштта хуьлийла дац. Мацца дирзина а вайн халкъ цIа доьрзур ду. Тхо къеначарна и де, и мохк ца ган а мега, амма вайн тIаьхье шен Даймахка цIа йоьрзур ю. Дийнна халкъ шен махках а даьккхина диса йиш яц. Дукххаберш шина юьртара нах бу кху чохь, ткъа со санна йиш-вешех, юьртахойх а къаьстина нисвелла масех стаг ву. Вайна ца хаьа вешан йиш-вешех, юьртахойх хилларг. Цундела хIораннен а даг тIехь гIайгIа ю. Варийлаш, дохий ма хьийзалаш, собаре хилалаш. Йиш-вешех, юьртахойх хилларг а хуур ду, вовшашна тIе а кхочур ду, йиш-ваша цхьанхьа а гуллур ду. Дика адамаш доцуш халкъ дац дуьненахь цхьана а махкахь. Сайн дахарехь дуккха а адамаш, дуккха а къаьмнаш девзина суна. Цхьана доьззалехь а вон доьзалхо, цхьана халкъа юккъехь вон адамаш а нисло. Иштта наш кIезиг хуьлу. Амма халкъашна юккъехь вон халкъ хуьлуш дац. Вай кху бухарчу халкъана тIе диссина хьеший ду. Хьаша оьзда хила веза. Кхузахь дехаш кхечу къаьмнийн адамаш а ду. Цаьрца тардала деза вай а. Цул сов, хIоранна а хаа деза вочу стагехьа цхьанне а безам ца хуьлийла. Волчу дена-нанна а ца веза вон доьзалхо. Вай дика хилахь, вайца дика хир ду кхузара адамаш, вай вон хилахь, вайца вон а хир бу уьш. Цундела вай доха ца деза нохчийн гIиллакхех, къонахаллех, оьздангаллех, собарх, доьналлех.

Воккхачу стеган къамелах цхьа дош а шайна ца хезаш тIехтиларна кхоьруш санна, лерана ладоьгIура чохь болчу наха. Хезара юкъ-юкъа бер делха доьлча и дIатедан гIерташ нанас шабаршца и хьоьстуш я човхош.

— ТIехула тIе, вайх хIоранна а хаа деза, вайн пачхьалкххехь массанхьа санна, кхузахь а Iедал хилар, цо бохург ваьш дан де-

зар а. Тахана вай схьадалош новкъахь сан къамел хилира кхузарчу колхозан председательца а, юьртдеца а. Вайх хIора доьзална кечйина хIусамаш ю. ГIаддайначунна гIо дийр ду боху. Берашна деша юьртахь ишкол ю, цомгашчуьнга хьажа лор ву. КIелвисина цомгаш верг охьавижо, гена йоццуш, районехь больница ю. Тховса вайга са а даIийтина, кхана вай вешан хIусамашка дIаса дахале юьртан куьйгалхоша оцу дерригенах а лаьцна къамел дийр ду вайга. Уьш схьабахкале шу кечдан лууш дуьйцу ас хIара. Iедало а, наха шайн ницкъ кхочу гIо дийр ду вайна, амма Iедал а, адам а дика ду, тхо-м цара кхобур дара бохуш ларгIат девлла Iен йиш яц вайн. ХIусамашка дIатарделлачул тIаьхьа колхозан балха довла дезар ду. Варийлаш, вай вешан махка сихха цIадоьрзур ду бохучу эладитанийх а теший, дийший ма Iелаш. Дала а боху бахьанаш леладе. Къинхьегам, Iедална муьтIахь хилар адамашца ийна, адамашна тешаме хилар — иза ву шуна вайн гIоьнча. Цул сов, хIинца а чекхбалаза тIом бу. Цигахь хIаллакьхуьлуш ду дукха адам. ТIамо адам гIелдина, къийдина. Вайн цигахь санна, массанхьа а мехкан берриге ницкъ тIамехь леташ болчу эскаршна гIоьнна хьажийна. Кхузара могаш-таза берриге а божарий тIаме а бахана, бахаман гIуллакхаш зударийн, берийн, къеначийн кочахь дисина. Уьш ца ларабо, царна хала ду. Схьадийцарехь, мацалла тIегIоьртина Iаш бу хIорш. ХIинца шуна хаа деза, башха вайна гIо дан аьтто болуш кхузара Iедал а, адамаш а цахилар. Оцу зударшна, берашна, тIамехь леташ болчу бIаьхошна вайгара къинхьегаман гIо оьшу. Оцу дерригенах а кхеташ хила деза вай. Юха а сан дехар ду шуьга, нохчийн оьздангаллех, къонахаллех, гIиллакхах цадохар. Варийлаш, шайн хIусамашка дIатардаллачул тIаьхьа колхозан балха довлалаш. Ткъа хIинца гIеллой ца Iеш, делалой, декхалой хила! Иллеш ала, эшарш лакха! Кегийраша, мехкарша хелхаран бал баккха! Бохам, хало тIехIоьттича вайн дай а ца цIийзана. Иза вайгахь товр дац. Дала аьтто бойла вайн!

* * *

Цхьана эсарчу мохо дIаяьхьча санна дIаслира нехан дегнашна тIера гIайгIа. Цхьа кIеззиг юкъана осалдевлла церан дегнаш юха а чIагIделира. ТIоьрмиг схьа а биллина, цу чуьра Зануи кехат-пондар а, вота а схьа а эцна, цхьа йоI а гIаттийна сцени тIевелира Маил. Цхьа сахьт хьалха нохчийн назманан гIийла аз декначу клубехь, хIинца стеган дог-ойла гIаттош, къенаниг а къонвеш йолу нохчийн чеккачу хелхаран эшаран аз кхерстира. Тоьхначу вотано а, тIараша а егайора клуб. Кхоссавелла сцени тIе хьалаваьлла цхьа жимстаг, байн ког шершош го а баьхьна, каде бухь а боьгIна, шеца хелхаялар доьхуш Зануна тIевирзира. Хьеръяьккхина вота етташ хиъна Iечу Маиле хьаьжира Зану. Маила, эса-

ла вела а къежна, резахилла корта таІийра. Амма ша шолгІа го эцна йогІуш цунна гира майрачун кхоьлина юьхь. Стенна ойла йоте цо? Зануна дагаеара Маил тІаме вахале шаьш цхьаьна яьккхина ирсе хан. Цуьнан бІаьргашна хьалха хьийзара школа, уьш бинчу юьртара клуб, шайн хелхарийн, эшарийн кружок, даим а, ша а, Маил а цхьаьна хелхадийлар, республикехь хилла хьовсарш, газета тІе даьккхина шаьшшиннен сурт... Ткъа тховса? Ца бевза мохк, йоьхна еана буьйса, хІетте а уьш хелхабуьйлу... Самукъадаьлла-м ца лела уьш, делахь а иштта хила деза. Занун лерехь хІинца а декара воккхачу стеган дешнаш: «ЦІийзар вайгахь товр дац! Нохчийн къонахаллех, оьздангаллех, доьналлех ца духур вай!» Юха го бохьуш йогІуш дІахьаьжначу Занун а, Маилан а хьажар тІеттІа нисделира. Маилна гира, чу хиш диссина кхоккийна шен къоначу зудчун ши бІаьрг. Иза кхийтира шен гІалатах. Охьа а таьІна, цІенкъа ши бІаьрг боьгІна, гал когаш шершош Зану шена дуьхьал йолаелча, вота чехка а яьккхина, мохь туьйхира цо:

— Курра корта айба! Майрра ког шаршабе, нохчийн йоІ!

...Цул тІаьхьа шо даьлла. Амма мел дукха хийцамаш хилла оцу цхьана шарахь! Оцу буса клубехь хиллачийх дикка нах дийна бац. Велла хІетахь Зануца хелхаваьлла жимастаг а. Юьртарчу куьйгалло а, Іабдул-Іаьзима а бохург ца хилира. Цхьанне а ницкъ ца кхечира нахе шайн махках дог диллийта. Цара цуьнга сатуьйсура дийнахь а, буса а, набаро дІатебича гІенах а. Іожална тІаьххьара са уьйзучо а, шаьш тахана-кхана цига юхадоьрзур ду моттаро а, цамгийлаша а уьш ца битира кхузахь бахам вовшахтоха а, кхоччуш болх бан а. Тергал ца дира тІехь цІенош дан а, беш кхио а колхозо шайна къастийна латта а. Ца кечйира тІе догІучу Іаьнна ягориг а. ХІун до къахьегна? Тахана-кхана уьш-х дІагІур бу шайн дай баьхначу, церан цІийца хьандинчу, шаьш бинчу, кхиъначу махка...

Оцу дуьххьарлерчу дийнахь дуьйна нохчашна-м хьовха, оцу юьртахь дехачу дерриге адамашна а везавеллера Іабдул-Іаьзам. ГІийлачун дог оьцура, оьшучунна дас санна хьехар дора, гІо эшначохь дІахІотта даим а кийчча вара. ХІун дара а хаац, махкалло, мацалло адам гІелдинчу оцу шарахь цкъа а дегІах цамгар ца хьакхалуш могаш лаьттира иза. Хала дара цул къинхетам, дог цІена, оьзда стаг кхин хир ву ала. Массара адамийн гІиллакхе верзарх догдиллина галваьлла стаг а цунна хьалха хІоьттича, эхь хетий, ша мича эккхар ву ца хууш гатлой хьаьвзара.

Іуьйранна хьалхе хьала а гІоттий араволий иза, дІаяханчу буса велла дІаволла везаш стаг вуй хьожуш, хІоранна керта хІуттуш, хІора доьзале хаза дош олуш чекхволура. ТІаккха колхозан балха воьдура. Балхара цІа вогІуш хІора денна иштта цхьацца серийн цІов а бохьуш вогІура, тІаккха буьйсанна серагех тускар дора. Уьш цхьадерш цуьнгара колхозо къинхьегаман денош а яз-

деш дIаоьцура, цхьадерш юучух хуьйцуш бахархошна дIалора, амма дукха хьолахь кегийн тускарш а дой кегийчу берашна совгIатана дIалора.

Воккхачу стага доккха дакъалоцура юкъараллин дахарехь. Юьртан а, колхозан а куьйгалло цуьнгахула гIо дора гIаддайначийн, байшна, доьзал белла бисинчу баккхийчу нахана а. Массанхьа а кхочура и кхузткъе пхийтта шо хенара дог дика воккха стаг, амма нахана иза цкъа а гIелвелла, гIайгIане воьжна ца гинера.

Ткъа бала воккхачу стеган кийрахь алсам бара массерачул а. Амма цуьнгарчу балин теш вацара и тIулган лаьмнаш а, Iаьржа буьйсанаш а, цуьнан цIийнан дерзина пенаш а, жима Берса а доцург. Шен устазна тIаьхьа а хIоьттина Советан Iедалехьа къуьйсуш тIом биннера цо. Амма оцу Iедало ша кога хIоьттича 1933 шарахь лаьцна, Сибрех бархI шо хан а яккхийтира. Дийнахь ша балхара ваьлча, серийн цIов баккха лаьмнашна юккъе хьалавоьдура иза. Оцу хенахь лаьмнашца шалха буьйлуш бекара цуьнан назманийн гIийла мукъам, ша тайпа исбаьхьа аз. Мотт ца хуучу тIулган лаьмнашка цо дехара, гIенахь дисинчу шаьш санна тIулган, лекхачу Кавказан лаьмнашка маршалла далар, шех къастийна шен гIийла доьзал, нохчийн халкъ ца дицдар. Цигахь ша висча цунна хеталора оцу лаьмнаша шеца цхьаьна мукъам бо, ткъа тIулгаш тIехула шабаршца охьауьдучу шийлачу шовданаша шен кийрара бала дIахоьцу.

Буьйсанна Берса набарна охьавижжалц далла гIуллакх деш хуий Iай, цунна наб кхеттий а хьожий, тIаккха шен дагна маршо лора цо. Ши бIаьрг а хьаббой, цхьана куьйга корта а лоций, шен назманан мукъаме терра дегI а техкош иза кхайкхара генахь бисинчу Даймахке, цигахь дисинчу дай-нанойн кешнашка, деле къинхетам боьхура холчу хIоьттинчу шен жимчу халкъана. Амма цо цкъа а цIе ца йоккхура шех къаьстина, мичхьа бу а ца хуучу шен доьзалан, къеначу йижарийн, вежарийн. Иза ца кхерара Iожалх, амма иза кхерара шен Iожалла, каш даймахкана генахь хиларна.

Ткъа мискачу Берсе мел ойланаш йойтура цо. ЮргIанна кIел таьIна цуьнга ладоьгIуш кIантана карлайолура вина юрт, нанас бина йижарий, ша дукха левзина меттигаш, ниiсарой. Мичхьа бу-те уьш берриге а, гур буй-те цунна уьш цкъа а? Къена да а велла, хIокху хийрачу нахана юккъехь висахь цо хIун дийр ду-те...

* * *

Хоттах къехкаш шена хьалха лаьтта вогIавелла вогIучу воккхачу стагана ца гора некъа йисттехь хIоьттина лаьтта ши зуда. Цаьршинна хезара воккхачу стага ша-шена меллаша бечу мукъаман аз. ХIинца а иза мукъавалаза вара лаьмнашкахь шен коьрте йиссинчу ойланех. Амма шина зудчух бIаьрг кхетча, цуьнан сийна ши бIаьрг бекхабелира, хьаьрсачу мекхашна куьг а хьаькхна, цхьа

а талхаза цIенчу, кIайчу цергийн ши могIа гучу а боккхуш, догдика велавелира цаьршинна.

— ХIан-хIа, ийжарий, муха ду шун гIуллакхаш? Бераш могаш дуй? ХIусамаш шийла-м яц? Дукха гIаддайний шун? Собаре хила шу. ХIинцца тIекхочур ю бIаьсте. Ткъа бIаьсте — самукъа ду. ТIаккха шортта баа нитташ хир бу. Уьш дIабовлале царна тIаьххье кхин рицкъа тIе догIур ду. ДIадаханчу шаро-м Iехийра вай, амма хIинца Iехалур дац. Кхаъ бу шуна! ЦIенош деш вайна гIоьнна ахча лур ду пачхьалкхо. Цул сов, хIора доьзална цхьацца етт а ло. Иза билггал бакъ ду. Районера цIа йогIучу юьртдас хIинцца дийцира соьга иза. Ткъа и зуда цкъа а харц ца луьй. Бежнаш вешан божалахь долуш санна паргIат хила мегар ду вай. Ткъа бIаьста ма йоллура вешан огородаш а юьйр ю. ХIинца-м хаара вайна кхузара латта муха лелон деза! Колхозан болх а бийр бу. Огородаш йийна девлча, цIенош а дугIур ду. ХIаъ, маьIIаргонна дицлора-кх суна. Пачхьалкхо вайна луш долу кхачанан сурсаташ алсамдаьхна. Гур ду шуна, цхьа-ши шо далале, вай вешан вархIий ден ца хилла бахам а болуш даха охьаховшуш! Ирс хуьлда шуьшиннен, дала дукха яхайойла шуьшиъ!

Ши зуда шена некъ буьтуш сецна моьттуш, цаьрга и тIе-каре а йина тIехваьлла дIаволавелира воккха стаг.

— Iабдул-Iаьзам! — тIаьхьа мохь туьйхира Хелипата.

Воккха стаг, саца а сецна, вухахьаьжира.

— Делхьа, лакха ломан чIожара ара ма ваьллинехь долчу Iондаги тIе кхаччале велла Iуьллуш ву-кх тхан эвлара Аюб. Цунна хIун де-те вай?

Iабдул-Iаьзаман гира серийн цIов меллаша шершана лаьтта бахара. ЦIеххьана кхоьлира юьхь. ХIун дара-те къонахчун юьхь тIе гIайгIанен марха теснарг? Диннахь сарралц болх бина, кIадвелла цIа вогIучу цуьнан къеначу дегIо мало йора-те юха лома хьалавала, велла стаг цIа вало? Я шен нийсарг новкъахь, воьдуш лаьтташехь, Iожалло лацаро шен а ойла яйтира-те цуьнга? Шина зудчунна хетарехь, и гIайгIане вожийнарг оцу шиннах цхьаъ дара, амма и шиъ гена яра бакъдолчунна тIекхна.

Воккха стаг, цаьршинга кхин хеттарш ца деш, хьаж тIе куьг а лаьцна, гонах дIасахьаьжира. Схьахетарехь, цо шена накъост лоьхура .Амма оцу цIемзачу дийнахь урамехь гуш стаг вацара. Иштта таро йоьхна иза хIоьттина лаьтташ, юххерчу кертара аравелира воккха стаг Сарыбай. Цунах бIаьрг кхетча, сапаргIат делира Iабдул-Iаьзаман.

— Ассалам Iалайкум, Iабдулла-акхсакхал! — генара мохь а тоьхна тIевеанчу но шина а кьуйга Iабдул-Iаьзаман куьг лецира. — Шу догIанехь ма лаьтта? Сингаттам болуш хIума-м ца хилла?

— Керла сингаттам бац, Сарыбай, ша даим берриг бен.

— КIант хIун деш ву? Дукха хан ю иза суна ганза.

— Дика ву. Ткъа хьан йоккха стаг юй могаш? Кlентан кехат деаний?

— Каьмпар [1] а могаш ю, кlентан кехат а деана. Хlинца цкъа дийна ву иза. Кестта тlом чекх а баьккхина цlа вогlур ву ша боху. — Сарыбайс, дlаса а хьаьжна, доккха садаьккхира. — Акхсакхал, хьо дукха сиха вацахь, хьоьца жимма гlуллакх ма дара сан.

— Схьадиницал.

— Зударий болуш дийца ца лаьара суна.

Ши стаг юьстах велира.

— Iабдулла-акхсакхал, суна жимма халахетар хилла. Кхо уьстагl байна сан цlера. Хьуна ма-хаъара, со буьйсанна наггахь бен цlахь хуьлуш а вац, уьш лачкъош шена хиъча а каьмпар араяла а яьхьар яц. Ас хlун дан деза, акхсакхал, тlаьхххьара болу кхо уьстагl а лачкъийна витина-кх со.

— Нохчех дегабаам бу хьан?

— Бу дера, муха ца хуьлу, тlаьхххьара Iахар лачкъийна къу суна сайн шина бlаьргана гина хилча.

Iабдул-Iаьзаман юьхьах цlе летира. «Веза дела, ма йоккха юьхьlаьржо ю-кх хlара! — бохура цо ша-шега. — Ма дукха гlиртира-кх со гlуллакх кху хьола тlе ца далийта. Нах ца бала гlерта, хlокхарна хьалха со юьхьlаьржа хlуьтту!»

— Мила ву къу?

— Хlара сан лулахо Решед цlе йолу кlант ву-кх.

— Бакъ хир дац иза! Решед жима ма ву.

Сарыбайс дегабаам бира.

— Хlета со харц луьйриг ву-кх. Жима ву! Ас къоланна тlехь схьалаьцначу минотехь хьайна иза гинехь, эр дацара ахь иштта. Iахар схьа ца бала ша вала а, со вен а кийча-м дера вара! Делхьа, шен жималла хlуъу дан а эхь ма дац кхунна, аьлла хийтира суна. Ткъа, вуьшта а халла ирахь лелачу кхунна адамо тухур а ма яц, кхана акхсакхалаца дуьйцур ас аьлла Iахарций дlавахийтира ас.

— Валол хlета, чу а гlой хьажий вайша.

Цlеххьана ши стаг цlа чу ваьлча, вагийча санна товханна хьалхара хьаланкххиччу Решедан аьтту буйнахь доккха урс къегира. Кlегий санна догу бlаьргаш цу шина тlе а доьгlна, меллаша вуха а ваьлла, сонс дlахlоьттира иза. Цуьнга хьаьжна Iабдул-Iаьзам гlаддайна велавелира. Дан а дара сурт беламе. Товхана хьекхийча санна кlуьрзаша lаржйина оза юьхь, буьйсанна бодашкахь цициган бlаьргашка тера оцу тlехь кlегий санна богу ши бlаьрг, баьлла тхонкех тарбелла корта. Цуьнан дегlехь ницкъ бацара шел жимчу берана дуьхьало ян а, амма иза воккхачу шина стагах лата кечвеллера.

— Дика мел дерг догlийла шуьга, Решед, — вистхилира Iабдул-Iаьзам.

[1] Каьмпар — гlиргlазаша йоккхачу стагах олу.

ТӀаьхьа чу ваьлла Сарыбай бен Ӏабдул-Ӏаьзам гуш а воцчу кӀентан карара урс лаьтта охьадуьйжира воккхачу стеган девза аз хезча. Амма хаьттиичу маршаллина дуьхьал цо жоп ца делира. Ӏабдул-Ӏаьзам чухула дӀасахьаьжира.

Корах чу гӀийла серло кхетта бодане цӀа. Шардеш хьахаза, кӀуьро Ӏарждина шога пенаш. ЦӀенкъа дaржийнчу матар доьлла-чу ча тӀе теснaчу истанга тӀехь, цхьа шо хьалха цӀена хиллачу, амма хӀинца боьхачу юргӀанийх хьирчина могӀара дийшина Ӏохку бераш. Товханахь йогучу алонна тӀехь овкъарийх юьзна Ӏохку жижиган цуьргаш.

— Бераш цомгаш-м дац? — хаьттира Ӏабдул-Ӏаьзама.

— Дац.

— Жижиг доттуш ца хилла хьо? ХӀара мичара даьлла хьуна?

Решедан корта охьабахара. ХӀинца хӀун дан деза? Кхин стаг хилча-м аьшпаш боьттина а, валлалц дуьхьало йина а къар ца луш кӀелхьара вала гӀоьртур вара, ткъа Ӏабдул-Ӏаьзамс харц дерг дуьйцийла ма яц. ТӀехула тӀе, Сарыбайс схьа ма лаьцна иза Ӏахар тилош. ХӀун дан деза? Веза дела, цаьршинна хаахьара, цо шен дуьхьа иза ца лачкъинийла! Цуьнан шен дейтта шо бен дац. Ткъа кху чохь Ӏуьллу цуьнан кхо йиша а, ши ваша цул жима ду. Уьш меца дара, цара юург ехара. Церан да хӀорш цӀера бохучу дийнахь вийна, ткъа нана ши бутт хьалха кхелхина. Ша тӀаьххьара са дӀа луш, берийн дола дар доьхуш нанас весет дина Решеде. Ненан весет кхочуш а ца деш цунна дуьхьал эхарта гӀойла ма дац цуьнан. Ткъа иза нанна дуьхьал хӀотта а ца йисна дукха хан. ХӀан-хӀа, сийсара цо Ӏахар дӀалур бацара, шен дегӀах дакъа ца дича. И хнира Сарыбайна. Цундела дӀавахара Сарыбай. Амма, амма хӀунда веана Ӏабдул-Ӏаьзам цунна хьалха а ваьлла? Иза-х хьекъал долуш стаг ву. Цунна-м хаа ма дезара Сарыбайн Ӏахар цо хазахета ца лачкъинийла...

— Ахь шен уьстагӀий лачкъийна боху Сарыбайс. Бакъ дуй иза? — хезара цунна.

ХӀун ала-те цо? ХӀан-хӀа, къарвала ца веза! Сарыбай тӀаьхьа а хӀоттийна Решед Ӏораваккха ма веана Ӏабдул-Ӏаьзам. Иза иштта веана хилча, цунах цуьрриг а эхь дац аьшпаш боттарх.

Решед хьала а таьӀна майрра Ӏабдул-Ӏаьзаме хьаьжира, амма цуьнан гӀайгӀанечу юьхьа тӀера кӀайн маж, сийна ши бӀаьрг гича корта юха а охьабахара. Царна чохь Решедана гира къинхетам, доглазар, бехкбаккхар а. Иза вацара ткъа, ялла йоллучу церан нанна уллохь буьйса яьккхинарг, тӀаьххьара а цуьнан бӀаьргаш дӀакъевлинарг, чӀенг хьала а оьзна йовлакх дихкинарг, шолгӀачу дийнахь иза дӀайоьллинарг? И ши бӀаьрг, цуьнан сийна пхенаш тӀе а хевшина лаьтта декъана куьйгаш, дагна там беш долу цуьнан кӀеда аз дацара ткъа церан нана лечу буса байлахь дуьсуш долу ялх бер хьаьстинарш, цаьрга диканах дог ца диллийтинарш? Иза ван ткъа, хӀетахь дуьйна, денна бохург санна церан уьйтӀа а хӀуьттуш

цаьргара хьал-де хоьттург, церан дола дан гІертарг? ХІан-хІа, Решеда цуьнга харцдерг дуьйцур дац. Цуьнан бакъо яц и дийца...

— Суна-м хаьа, Решед, ахьа иза хазахета ца лачкъиний. Амма, оцу гІуллакхаша вайнехан вон цІе йоккхуьйту. Я нохчашна вониг олийла лаьа хьуна? Ас цхьа таро йийр ма яра шуна, ахь соьга аьллехь.

Решедан ши бІаьрг хих буьзира, балда озийра. Берриге ницкъ тІе а бахийтина ца велха гІоьртира иза, амма цуьнан ницкъ ца тоьара бІаьргийх тІех туьйсу хиш а, логе гІерта шад а сацо...

— ХІун боху цо? — хьаьттира хІинццалц вист ца хуьлуш Іийначу Сарыбайс.

— Цо ца лачкъийна хьан Іахар, — элира Іабдул-Іаьзама, Сарыбайга бІаьргашца ишарш еш.

— Муха ца лачкъийна? Товханахь дотту жижиг стенан ду? — Іабдул-Іаьзама шега йина хичаш ца гинчу Сарыбайс, берашна тІе а вахана, цхьанна гІевлангарчу гІайби кІел куьг а дахийтина, тІеда кхакха схьабаькхира. — ХІара хІун ю? ХІара ткъа?

Цхьацца гІайба хьала а ойуш царна кІелхьара схьабаькхина кхо кхакха Іабдул-Іаьзамана хьалхатесира цо. Берийн маьхьарий девлира.

— ХІорш хІун ю? Сан уьстагІийн кхекхий дац хІорш? — бохура Сарыбайс. — Я хьан хьайн жа дара? Ас таІІийна акт хІоттийна, кху дела сохьта комендантe дІавуьгуьйтур ву хьо!

Комендантан цІе яьккхича тІехь коч йоцуш волу цхьа кІант хьала а иккхина, вахана Решед шен берзинчу букъа тІехьа а лоцуш дІахІоьттира, ткъа йоккхах йолу йоІ Зараъ ян а еана Іабдул-Іаьзаман настарех хьаьрчира.

— Ваша, — мохь белира цуьнан, — ма вигийталахь цуьнга тхан Решед камдат волчу! Оха хІун дийр ду иза вигахь, тхан-х да-нана а дац... Ас хІун дийр ду тІаккха берашна... Ваша-а-а, Решед ма вига алахьа цуьнга...

Бераша дог Іовжийна воккхастаг, йоьІан Іаьржачу месийх куьг а хьоькхуш, кийрахь воьлхура.

— Тхаьш мацалла лахь а оха кхин хІумма а лачкъайойтур яц Решеде... Алахьа Сарыбайга, оха тхаьш даккхий хилча болх а бина и уьстагІий дІатокхур ду...

— Ма елха, Зараъ! ХІумма хир дац..., — йоІана маслаІат дан гІертара Іабдул-Іаьзам. Сарыбайс лелочо цецваьккхина Іабдул-Іаьзам шен дахарехь дуьххьара оьгІазвахара.

— Айхьа дуьйцург хІун ду хаьий хьуна? Акт хІоттадо? Комендантe-м хьовха, Сталине дІадахьийта! Дайнта цуьнга хІара бобераш! Уьш шайн махкахь дитанехьара цара хьан уьстагІий лачкъор дацара, кху тІуьнчу цІа чохь мацалла мажделла Іоххуш а хир дацара, шуьнаш санна доьшуш, ловзуш лелаш хир дара! ХІаъ, Іедална ямарт хилла, Іедална зулам дина далийна уьш кхуза!

Юха а таIзарна дIало! Ахь Iадда битича а кхо де далале дала шаьш дIаоьцур ду хIорш!

Сарыбай воьхна хьаьвзира. Къола динарг ша волуш санна эхь хетта цIийвелира иза.

— ХIара хIун гIовгIанаш ю аш йийраш? — йист хилира церан дов а хезна чу еана Сарыбайн зуда Умсунай. — ХIунда йоьлху Зара, хIун хилла берашна?

— Сарыбай ву-кх хIорш коменданте дIабала гIерташ!

— Iабдула-акхсакхал, сан кийрахь адаман дог дац моьтту хьуна! — мохь белира Сарыбайн.

— Бераш? Коменданте дIало бохург хIун ду? — майрачунна тIейирзира йоккха стаг. — Далла дохку байш! Хьо хьера-м ца ваьлла, чал? Ма доккха хIума хили и хьан гирзаш даьлла кхо Iахар...

— Хьайна цахуург ма дийца. Йоло цIа гIо. Цхьа а вац бераш коменданте дIадала гIерташ!

— Вала, вала хьалхавала! Хилийтахьа кхоъ-м хьовх, кхойтта уьстагI а, кхойтта эмкал а. Ас айса токхур ду уьш. Охьадахка кхекхий а. Берашна кIел тийса дика хир ду уьш.

— ДIадовлийша дIа! — оьгIазвахара Сарыбай — Шуьша ший а ца кхетта сох. Оццул къиза хила со экха ду-м ца моьтту шуна? Кхекхий дIахьур ду ас. Хьала-охьа а дахкалур ду кхузахь дитича.

— Мегар ду. ДIаэца хьайн кхекхий а. ДIа аравала чехкка! — кхекхий кара а делла, шен майра теттина неIарх араваьккхира йоккхачу стага. ТIаккха Зараана тIе а яхана, иза шен маракъевлира цо. — Ткъа хьо ма елха, сан жима лулахо. Хьо яцахьара-м каьмпаран дан хIумма а дацара. ХIокхо-м денна йогIуш суна хи а дохьу, керт-ковхь гIуллакх а до. Кхана Iуьйрре чал[1] ламтIе гIур ву, вайша цхьана Iийр ю. Тоьар ду, ма елха хIинца.

Бераш дIа а тедина, Iабдул-Iаьзамца араелира Умсунай.

— Суна хаьара Решеда уьстагIий лечкъадой, — элира цо шаьш кех девлча, — хIетте а сайна хIумма ца хуучуха Iадда Iара со, берех къахетара. Амма новкъа-м дара, лулахо ямарт хилар. ХIун дийр дара ткъа? Хазахеташ ма ца лелара иза. Воккхачу стага сийсара схьа ца лаьцнехь со-м уьш, хьан лачкъийна а ца хаьа аьлла, къайла дохур ду бохуш Iаш ярий. ХIумма а дац. Оцу кхаа уьстагIах тхо дехаш а хир дац, я къий а лур дац.

— Баркалла хьуна... шуна массарна а, Умсунай, — элира цIеххьана собарх а воьхна ша Сарыбайна барт тохарна дохковаьллачу Iабдул-Iаьзама, — суна ма хаьа хьо оцу берийн дола деш хилар. Цхьа мисканаш бу-кх уьш. Ца бала гIерташ лела-кх. Дийцина хIун до цуьнан, хьуна хьайна а гуш ду-кх цаьргара хьал.

— ДIавалахьа, ма дийцахьа уьш! Цул чу а дахана цхьаьний

---

[1] Чал — воккхастагах олу гIиргIазоша.

чай мер ду вай. Бепиг-м дац сан, амма Іаламат дика чай ду шура а тоьхна кхехкийна. Вало.

— Чай мала-м меца а вацара со, амма Сарыбайна хьалха бехказвала ца веача-м ца волу. ШайтІа даг чу а иккхина халахетийти ас цунна.

— Иза-м тоххар дицделла хир дара цунна.

Умсанайна тІаьхьа дІаволавеллачу Іабдул-Іаьзамана гира хьалхалеррачохь хІоьттина льтта Хелипат а, голашна тІе охьа а лахъелла Іен Зану а. БІаьрг ма кхийтти хиира Іабдул-Іаьзамана цхьана хІуманна тІехула цаьршиннан барт ийгІиний ла.

— ХІун хилла шуьшинна? — хаьттира цо тІе а вахана.

— Шеллуш, егош, ирахь а ца Іелуш ю хІара, — Занугахьа корта ластийра Хелипата, — цІа а гІой охьайижа аларх дІа а ца йоьду. Вайшинца дІайогІу ша боху.

— Могаш яцахь цІа яха еза, Зану. Тхойшинна кхии накъосташ нислур бу. ЦІа яхалур юй хьо?

— ХІаъ...

Гал юьйлуш дІайолаелла Зану гола тухучухула къайла яллалц цунна тІаьхьа хьоьжуш а Іийна, Хелипате ша хІинцца схьавогІу а аьлла, СарыбайгІеран керта вахара Іабдул-Іаьзам.

УьйтІахь кертах тесна лаьттачу боккхачу Іожачу старна хьалха йол таса гІерташ воллуш Сарыбай а, цунна тІе а хІоьттина дов деш лаьтташ Умсунай а карийра цунна.

— ГІовгІа а ца еш чу гІохьа, каьмпар! ХІара хІун ду ша дан ткъа? Іедале дІадала дезарг-м хьо а, Іабдулла-акхсакхал а дара. Ши Іовдал! Шуна-м дера моьттура и халла ирахь лела бер а эцна со комендант волчу ваха воллу. Со басмач ву-м ца моьтту шуна? Амма ашшиммо доккха гІо даьккхи цуьнгахьа. Ишттаниг цуьнга кхии ца леладайта иза кхеро гІертара со, ткъа ашшиммо со бехке во. Ас а магийтича, кхечо а могуьйтур ду моьттуш, иза цхьа адамалла доцчу стеган керта гІортахь? Цо вига а вигна Іедале дІалур ву, тІаккха иза ваьккхина берийн колоне дІавуьгур ву. Я Іедале дІа а ца луш лечу хьола тІе валлалц еттар ю. Иштта меттигаш кІезиг ца хилла. Байнарш а бу. Шаьш дикаииг до а моьттуш цунна зулам до аш.

— Бехке ву-кх со, Сарыбай. Вайша вовшех ца кхийтира.

— Бехке ву! Ву дера-кх. ТІехула тІе, каьмпара этІо дог. Цкъа кхаллал бен рицкъа дацахь а, иза оцу берашца йоькъуш Іеш ма ю иза. ХІетте а Решеда шена къола дича цуьрриг а оьгІаз а ца йоьду. Сийсара иза Іахар тилош воллуш тІе кхаьчча, айса цуьнан цІога ца дохдарх дохковаьлла со. Иза ахь дийр ду моьттуш Іийра-кх.

— ГІиллакхехь дацара, Сарыбай. Да-нана доцчу оцу мискачина муха тухур яра?

— Вайша ду-кх церан да-нана. Вай дац церан дола дан дезарш? ДІа чу гІо. Чай кечдешшехь, сту хи тІе бигна вогІу со.

Нох дохуш бежаш лаьтта сту а, цунна улло хІоттийна цхьа сту

бужу салаз а гича Iабдул-Iаьзамна дагадеара ша Аюб цIа валон накъост воцуш хилар.

— Хьо чу хIунда ца воьду?

— Чу веана Iойла дац сан, Сарыбай.

— ХIунда? Эхь хета хьуна? Дитахьа уьш! Хьо сол воккха ву, ахь аьлларг-м гарлур дара. Со а ма ву берийн да, сан кийрахь а ма ду дог. Цхьа кIант немцоша вийна Ленинграда уллохь. Вукхуьнан а бац тешам. ТIом — тIом бу. Цигахь цхьа минот а яц тешам болуш. ХIинцца дийна хуьлу хьо, ткъа цхьа минот ялале, мичара йогIу а ца хууш еанчу дIаьндарго тухий юьхьарвохуьйту. Кхузахь советан Iедал хIотточу шерашкахь басмачаш лоьхкуш лелла со а. Уьш мел къиза адамаш дара хьайна хаахьара. Амма фашистийн къизалло басмачаш а бицбина. ТIехула тIе хIара тIом эзарзза нуьцкъала а, къиза а бу хьалха хиллачел. Керла герзаш, керла техника. Ткъа оцу бераша диъна уьстагIий диццдер вай. ХIан, вало, чай мала воьду вайша. Сту тIаьхьа буьгур ас хи тIе. Хьо а воцуш чу гIахь юха а дов долор ду каьмпара.

— ХIан-хIа, Сарыбай, сан дIаваха деза. Цхьанхьа-м лома кIел велла Iуьллуш тхан цхьа воккха стаг ву боху. Иза цIа ца валийча ца волу. Сайца бига накъосташ лаха а беза ас. Амма ахь хIара сту а, салаз а сайга делча, накъосташ лоьхуш къа а ца хьоьгуш, сихха вахана иза цIа валош вогIур вара со. И гIуллакх дехьа суна, беррнге дика болх суна бинарг хир вара хьо.

— Сту-м хьала-охьа а лур бара ас хьоьга. Накъост ца хилча хьо хьуо ларор ма вац.

— КетIахь соьга хьоьжуш лаьтташ цхьа зуда ю. Тхойша ларор ду.

— ХIан-хIа, цунах гIуллакх хир дац, акхсакхал. ХIей, каьмпар! — чу кхайкхира Сарыбай — Ялол, чехкка яха а гIой, ТургIанбай схьакхайкхал. Доккха гIуллакх ду ала. Ма Iелахь. Ткъа ахь и зуда цIа яхийта, Iабдулла-акхсакхал. Вай кхоъ хилча тоьар ду.

И ши сту дIабоьжна валале, лаьттах Iаса а гIертош букар сеттина схьавеара лулара воккха стаг ТургIанбай.

## VIII

ТIетоьхначу догIано тIадийна, шелбина, лелхийна бигна ломахь цхьана жимчу хьеха чу боьхкина Лоьма а, Берса а, Юрка а, Адашбай а цIа баха догIа дIатере хьоьжуш дикка Iийначул тIаьхьа соцург а ца хилла, цIе а латийна, паргIатбевлира.

Дукха хан а яцара веа кIентан доттагIалла тасаделла. Цхьа кIира хан. Лоьма доьшуш а вацара, ткъа Берса а, Юрка а, Адашбай цхьацца классехь доьшуш вара. Царна юккъе гергарло тессера дукха хан йоццуш ломахь гучубевллачу акха кхуьучу хохаша. Дуьххьара кхузахь цхьанакхеттачул тIаьхьа, хIора дийнахь цхьа-

ний богIура уьш лома. Кегийн тIоьрмигаш дуззий хIетта хьалабевлла сийна хохаш а бохий, дечиган кегийра маххьаш ги а духкий, суьйранна цIа богIура уьш. ГIуллакхал сов, вуьшта самукъане а дара лаьмнашкахула кхерсташ. Къаьсттина Берсина а, Лоьмина а дезалора и гIуллакх. Оцу тIулган лаьмнаша цаьршинна карладохура генахь дисина даймехкан лаьмнаш. Амма цаьрца дуьстича, хIорш цхьа дерзина, десте санна хийра, шийла хетара.

ДогIано тIадийна бедарш якъо гIерташ цIерехьа цкъа букъ тухуш, тIаккха агIо лоцуш хевшина Iаччохь дIаса хьийзара уьш. Хабар дийца дог ца догIура цхьаннен а. Шелонна а дацара иза. Мецачу чон тIе биънaчу кIочу хохаша дог керчадора. Уьш бераш делахь а, хIораннен а дагна тIехь шайнначул бала а бара церан. Мере оьзначу голашна тIе корта а биллина, ши бIаьрг цIерга а боьгIна Iара Юра. Аьрхачу Лоьмас шек воцуш тIера схьаяьккхина шен эттIа тужурка цIерга хьийзайора. Халла хезаш, ша шена илли бохура Адашбайс. Ткъа Берса, шен йоьхна неIармачаш дIа а яьхна, тIергIан пазаташ якъо гIерташ воллура.

— Стенна оллавелла хьо, Юрка, гIийла бо санна горгвелла охьахиъна?

Юрас доккха садаьккхира.

— Советски эскаран дезде ма ду тахана. Ткъа тхан дай, вежарий генахь леташ бу. Хьанна хаьа, сан да кху минотехь мича хьолехь ву, я дийна ву вац а...

— Цунна гIайгIане воьжнера хьо? ХIумма а доцург! ТIамехь чов хуьлу, вен а вуьй. Iожал цкъа бен хуьлуш яц. Дала ша адамаш кхуллуш хIоранна тоьхна хан ю дуьненахь ваха. Шен оьмар чекхъяьлча минотехь а вехар вац. ТIамехь верг леш, цIахь верг ца леш ма дац. Цигахь Iожал йоьгIнарг лийр ву, ца йоьгIнарг могаш-дийна цIа вогIур ву. Ойланаш яи ца оьшу.

Юра кхин вист ца хуьлуш хьалха санна дIатийра. Цкъа Лоьмина а моттаделира ша цуьнан дагна маслаIат дина.

— Кху дийнах лаьцна кхин хIумма а дагадогIий шуна? — хьаьттира Берсас, шен болх юкъах а баьккхина, цIеххьана.

Юра а, Адашбай а хаттар луш Берсе а хьаьжна висира.

— ХIаъ, тахана-м вай махках даьхна нийсса шо кхочий, — бухара балда цергашна юккъе а лоцуш, мосазза а корта таIийра Лоьмас.

Хьехахь юха а тийналла хIоьттира. Юкъ-кара лайн чимаш а ийна, арахь тIедетта шийла догIа. Вовшийн даа санна, мацалла хьерча йоьхьаш. ЦIахь доцу дика хьал. Юрин сагатделира. Лаьара хIуъу дина а хан яцъян.

— КIентий, дийцийша тхуна, шаьш схьа хIунда далийна, — дехар деш Лоьмина а, Берсина а тIевирзира иза.

Берса вист ца хилира. Цунна на лаьара шел воккхачу, цIера арадахале цхьанхьа-м гIалахь доьшуш хиллачу, маттана шерачу Лоьмина хьалха лелха. Ткъа Лоьмина дага а ца догIура накъо-

стан хаттарна жоп дала. Похъелла тӀера Ӏаь гӀуьтту тужурка парггӀат тӀе а юьйхина, тӀаккха шен когара буьхьгаш хьала а хьаьвзина лаьтта английски ботинкаш схьа а яьхна, когийх хьерчийна тӀелхигаш якъо хӀоьттира иза. Къарладелира цхьаьнге ца дуъйцуш ша даг чохь къуъйлуш латто цхьа кӀира хьалха комендантаца щен даьлла дов.

— Боккъалла а, дийцахьа, Лоьма, — Юрина тӀетайра Адашбай а. — Шух лаьцна наха ца дуьйцуш хӀума дац-кх. Шу басмачаш хилла, аш фашисташна гӀо дина боху-кх...

Лоьма оьгӀазе Адашбайга хьаьжира.

— Ларлуш хила, кӀант! Хьанна хаьа, сан карара хецаелла хӀара ботинка хьан муцӀарх кхетахь а. Тхуна мичара хаьа тхаьш схьа хӀунда далийна? Хьуна хуур дарий, цхьана Ӏуьйранна хьуо меттара а гӀаттийна, шарбал тӀе юха а ца кхиавеш хьалха а эккхийтина, тӀаьхьашха тӀе автомат хӀоттийна лаьцна вигна, таӀийна чу а воьллина, тӀехула тӀе аьчган зайл хьовзийна, неӀаре автоматчикаш а хӀиттийна цхьана беттан некъа генна махка а вигна, хьуо охьатесча? ХӀай-хӀай!

— ОьгӀаз ма гӀохьа, Лоьма, — агӀо цӀерехьа а хьовзош цуьнгахьа вирзира Юра. — Оха цӀенчу даггара хоьтту, ткъа хьо. Нийса ма дац иза. Адаш бакълоь. Наха тайп-тайпанара дуьйцу дела, бакъдерг хаа ма лаьа тхуна.

— Ӏовдалш дийца бита аш. ХӀаъ, да дера-кх тхо-м бандиташ, къуй, ямартхой, фашисташ а. Къхин йисний тхуна тилла цӀе?

— Юха а карзахвуьйлу!

— ТӀаккха ткъа? Оха бакъдерг аларх тхох теша ца теша. Тхо адамаш ма дац, адамашдаархой ду.

— Харцлоь хьо, Лоьма! Хьуна хьайна а хаьа тхан дагахь и доцийла! Цхьацца боьхачу нехан дегнаш ишттa хилар тхан бехк бац.

— Шайна луъург мотта. Суна-м йовха а, шийла а яц!

ТӀе деттачу догӀанна жимма а лагӀдала дага а ца догӀура. Мелхо а, хьалхарчу ломана тӀехула дорцан кӀур хӀоьттинера. Берса реза вацара Лоьмин кӀоршамечу жоьпашна. Адашбай, Юра а Ӏаламат догдика, эсала ши кӀант ву. И шиъ гергарло дезаш Лоьмина тӀе гӀерта, ткъа Лоьмас уьш бухатоьтту. Дика ма дац иза.

— Бакъдерг дийца дезара... — нйзалуш, похчийн маттахь бехк баьккхира цо Лоьме.

— Къахетаре дог доху ахь? — кӀоршаме цуьнга хьажира иза.

— Ца го хьуна, халахетта цаьршинна...

— Вай хазахеташ лела?

— Церан бехк ма бац иза...

— Хаьа суна а. Хьо ма хьехар дала хӀоьтти. Цул, чӀеӀа а ца чӀеӀаш, хьайн мерах пхьош хьакха.

Лоьма, хьеха берте а вахана, тӀулгах агӀо а тоьхна дӀа а хӀоьттина, арахьежа вуьйлира. Цунна шена а валлал лаьара шина кӀанта хоьттург цӀенна дӀадийца. ХӀинцалц схьа цхьаммо а ца дехнера

цуьнга и дийцар. Моьттура иза ша дийцича, кийрара бала жимма а байлур бу. Ткъа иза-х бара кIеж туьйсуш кхеххкаш. Жимчу Берсина атта ма ду. Иза хIинца а дерригенах ца кхета. Лоьмина шена ца хууш хила а тарло дерриге а, амма хуурш, гинарш а тоьаш ду иза къона къежван. Деккъа и уьш цIера баьхна цхьа де тоьур дара цуьнан дог эккхийта. И де а ца деара массарна а цхьатерра. Массеран а бацара цIеххьана цIера арадовла аьттонаш. Ткъа Лоьмин хIусамехь оцу Iуьйранна ненан шийла дакъа Iуьллура. Цхьа-ши кIира дара нана цамгаро гуттар а кIелйинтина аьлла тIаьхьа хабар а деана, Лоьма доьшучуъра юкъахваьлла цIахь Iен. Хьалхарчу буса нах охьабуьйшучу хенахь слира иза. Оцу Iуьйранна хьалхха гIаттийна, лула юьрта гергарчаьрга иза еллийла ханйта хьажийна Лоьмин шича, цхьа сахьт далале айина цIа валийра автомаца харс аьлла пхьарс хадийна, мела цIеша а вуьзна. Иза а вара Лоьмин хенара кIант. Нана кешнашка а йигна дIаюллийла ца хилира. ДIа ца юллуш йита, шайн бошахь, гомха каш а даькkхина, цу чу таIийра цара иза. Оцу доьхначу дийнахь кхин цхьа нийсархо а вийра Лоьмин. Фермехь жаIу волчу шен дена тIаьхьа кхача эцна воьду Хьамид, юьртах араволуш, ха деш болчу салташна тIе а Iоттавелла, цара тоьхна вожийра. Цуьнан дакъа лаьттах долла а ца битира. ЦIа чохь, поппаран маьнги тIе метта охьа а виллина, цунна тIе юргIа а тесна иза Iадда а витина, кертара арабелира церан доьзал. Ткъа Хьамидан миска нана, хIинца а метта янза, тиларчу яхана хIума санна лела. Юьртал арахь, ги йоьллина хьаьжкIийн кийсаг йолуш, Iилла дисира Лоьмин лулахочун Айзанан дакъа а. Шен ялх берана ахьарна хьаьжкIаш ахьа хьера йоьдуш эвлах арайолуш тоьпаш тоьхнера цунна. Миоканашна ца хьаьара оцу буса шаьш ховха набарш еш меттахь Iохкучу шайна тIехь эрча кхэл йиннйла. Ца хаьара юьртана гонах ха хIоттийнийла а. Юьртах аравала гIоьртинчунна тоьпаш тоха аьлла омра дуйла а. Ткъа Iуьйранна оцу ханна тIенисделла Айзан, Хьамид, Хьасан а ца кхийтира салташа оьрсийн маттахь «Саца!» «Юхаверза!». «Тоьпаш туху хьуна!» бохуш деттачу маьхьарийх...

Лоьмин логе шад хIоьттира. Цхьадика, бIаьргаш чу хин тIуном ца юссура.

Хьанна моьттура иза хир ду. Юьртахь лаьтта салтий, берриге бохург санна, бевзара Лоьмина. Царна юккъера а бIаьхой Лоьмел цхьа-ши шо бен баккхий боцуш, кегийраш бара. Церан чIогIа доттагIалла дара юьртарчу шайн нийсаршца. Уьш цаьрца цхьаьна ловзарга а, синкъерамах а оьхура. Нохчийн сискал а, салтичун паек а йоькуъш юура. Лоьмин когара ботинкаш а ма ю цуьнан доттагIчо, къоначу лейтенанта, цунна совгIатанна елла. Оцу догдикчу адамийн, цхьана Iуьйранна шайн доттагIий цIийнах а, махках а баха дийзира...

Уьш дерриге дагадаьхкича, логе шад хIутту Лоьмин. Дависарг. ницкъ белира цуьнан, хилларг-м хьовха, таханлерниг а цхьана дер-

риге а дицдан. Синтем бац я дийнахь а, я буса набарх а. Бус-буса гІенах дуьхьал хІуьттту хьомс даймохк. Амма цуьнца цхьана дуьхьал хІутту и эрча къематде а. Самаваьлча... Цул хІумма а сина лан атта яц тахане а. Хало. И ерриге хало а, мацалла а йицъеш долу даймахке мерза сатийсар...

«Иштта хила ца везара со оцу кхаа кІантаца, — ойлайора Лоьмас. — Жима велахь а, Берса бакълоь».

Лоьма схьавирзича, цуьнан юхь тера а яцара цхьа масех минот хьалхалерчух. Яйнера цунна тІера аьрхалла а, цкъацкъа гучуйолу къизалла а. Иза цхьана луьрчу чевно Іийжочу дархочух тера озийна, яхъелла, хаба а хебна гора.

Вист ца хуьлуш шен метта цІера улло охьа а хиъна, дехьа лаьтта дечган мохь дІакхевдина шена тІе а озийна, цунна тІе дІа а тевжина, ши бІаьрг хьехан тховх буьйгІира цо.

— Юра, тхаьш схьа хІунда далийна дийца хаац суна, — элира цо эххар а. — Цундела цунах лаьцна сан дийца хІумма а дац. Арахь тІедетта догІа саца гена ду. Иза саццалц Іахь дикка Іан дезар ду вайн. Цундела, вайна хан яцъялийтархьама, шуна лаахь ас дуьйцур ду тхаьш махках даьхначу дийнах лаьцна доцца.

Ши кІант гергахьо таьІна ладогІа кечвелира. Амма Лоьмина ца хаьара ша мичхьара схьалаьцна доло деза. ТІехьа дахийтина ши куьг коьрта кІел а доьллина, къемелан юьхьиг лоьхуш санна тховх бІаьргаш кхерстабора цо.

— ХІун дуьйцур дара шуна? — Юрига хьаьжира Лоьма. — Шуна бакъдерг ала лаахь, дерриге а дийца сан ницкъ тоьар бац. Цхьа коьрт-коьртаниг олуш чекхвала хьожур ву со. Доцца аьлча, шу санна, дерриге адамаш санна, дехаш дара-кх тхо, тхан дай баьхначу лаьтта тІехь. Оцу лаьтто комаьрша рицкъа лора тхуна. Цунах тоам а бора оха. Далла хастам а бора. Вайн Советийн махкахь массанхьа санна Іедал а дара тхо долчохь. Баккхийчара болх бора, бераша доьшура. Дешна ваьлларг балха а воьдура. Цомгаш хуьлура, дала а лара. Хазахетарш а, бохамаш а, цатемаш а хуьлура. Тхешан даймохк дукха а безара тхуна. Доцца аьлча, кхечарел тоьлаш а, я оьшуш а доцуш адамаш дара-кх тхо. Церан йоллу ойланаш а, сатийсамаш а болуш. Аш санна оха а сатийсара, фашистийн гІера вайн маккхара дІа а лаьллина чехкка тІом чекхбаларе, фронтера тхешан дай, вежарий цІа берзаре. Цундела, оха тхешан ницкъ ца кхоабора къинхьегамехь. Цундела, оха чІогІа безаш тІенйцира шовзткъе кхоалгІа шо чекхдолуш тхешан ярташка балийна салтий. Іа юккъе далале массо юьрт юьзира цара. ХІор доъзалехь пхиъ-итт бІаьхо. Хьаша везаш тІеоьцу тхан халкъо. Иштта ду тхан дайшкара схьадогІу гІиллакх. Тkъа бІаьхой уггаре а лоруш лело ма безара. Тхан а ма бара фронтехь дай, вежарий. Оха салтий лоьрура, церан сийдора, тхайн ма хуьллу церан дог эца гІертара. Цара тхан сискал а, оха церан чоьрак а юуш, цхьа доьзал сан-

на, тхо бертахь дехаш дӀайоьдура хан. Уьш цигахь хӀунда латтабо ца хаьара тхуна. Шу кхуза хӀунда далийна аьлла хаьттича, цхьа-болчара — хаац, вукхара — садаӀа, кхечара — ламанца тӀом бан Ӏамо далийна олура. Европехь лаьмнаш ду, цигахь фашисташна тӀом бан Ӏамо. Кест-кеста, юьртал ара а буьйлуш, учебни занятеш а йора. Наггахь, буьйсанна тревога а лой, хьала а лоьлхуьйтура.

Шайна ца хезаш цхьа дош тӀехтиларна кхоьруш, лерина ладоьгӀура Юрас а, Адашбайс а. Юьхьанца забаршна, Ӏиттаршна тӀера волавеллачу Лоьмии дешнаш хӀинца дегнаш Ӏийжош диийшара берийн кийра. Лоьма ша а дӀалаьцнера шен къамело. Цунна ца хааделира лелхачу арчанан дечигах схьакхоссабелла суй шен аьхначу хечин кога тӀе бужуш а, иза кӀур туьйсуш бамбих булуш а. Цо къамел ца сацийра Берсас и цӀе дӀайойуш а.

— Нисса шо хьалха, 1944 шеран февраля 23-чу дийнахь хилира и бохам. Тахана санна кхоьлана деанчу цхьана кхаарин дийнахь. Ӏуьйранна арабевллачу салташа тхан юьртара берриге а боьрша нах школе гулбира. Советски эскаран де даздеш собрани гулбо бохура. Оццу Ӏуьйранна, оццу минотехь изза динера нохчийн а, гӀалгӀайн а ерригеярташкахь. Юьртара берриге а боьрша нах чугулбелла бевлча, неӀаршка ха хӀоттийра. Корашна уллохула хевшиничу нахана арахьаьвсича гира, хӀора корана тӀе юьхьигаш ерзийна хӀиттийна лаьтта пулеметаш а, церан логаш тӀе пӀелгаш дехкина царна уллохь Ӏохку салтий а. Адам цецделира. Иштта буьрсачу хьолехь хӀунда даздо Советски эскаран де? Мила ву царна кхерам туьйсуш? Я хьанна кхерам бу оцу машаречу нахера? Уьш цецбевлла а бовлале царна хиира, эпсарш собрани ян гӀерташ ца лелий. ХӀетталц оцу юьртахь царна гина а, я оцу эпсарийн духарах тера духар а доцчу цхьаммо дӀаса а ца хьийзош нахе омра дира шайгара герз охьадилла аьлла. ХӀун герз? Тиллах вац хетий и эпсар? Амма эпсара хеттарш дихкира. Цо пӀелг хьажийра нехан юкъах йихкиичу шаьлтанашна тӀе. Шуна хаийта боху ас, законехь нохчашний, гӀалгӀашний бакъо еллера шаьлтанаш лело. Церан духаран цхьа меже лоруш.

Маьрша, машаре колхозникаш хьала а гӀуьттуш, дайшкара дуьйна схьа лелош хилла шаьлтанаш схьа а йостуш, капитулянташа санна, эпсарна тӀе а оьхуш, цунна уьш охьатуьйсуш оьла йира. Шайх деш дерг ца хууш хьийза нах юха шайн-шайн метта дӀа нисбелча, оццу эпсара боцца хаам бира. Нохчийн, гӀалгӀайн халкъаш — ямарт, зуламе халкъаш ду. Царах боьллачу бехкана таӀзар деш правительствос сацам бина нохч-гӀалгӀайн халкъ гуттарсина а даха Юккъерчу Ази а, Казахстане а кхалхо. Кхелхачийн хьашташ кхочушдан бухахь бина кечам бу. Нагахь санна цхьаьна стага дуьхьало яхь, ерриге а юрт хӀаллакйийр ю. Юьртана бина го бу сийсара дуьйна. Цхьа а стаг юьрта вуьтуш а, я чуьра араволуьйтуш а вац. Бертаза юьртара аравала гӀоьртинчунна тоха аьлла

дина омра а ду. Кху чуьра нах арабохур бу нисса ши сахьт даьлча. Оцу шина сохьтех юьртара дерриге а адам — къена а, къона а, зударий а, бераш а — цхьа а са бухахь ца дуьтуш юьртах ара а даьккхина, билгалчу метте дIагулдина хила деза. ТIаккха, гонах ха а хIоттийна, шайн доьзалшна тIе дIадуьугур ду шу. ХIинца цкъа шуна юккъера цхьа масех стаг аравоккхур ву. Эпсаршца цхьаьна баха а бахана, цара юьртахь дIакхайкхо деза кхузахь шайна хезнарг. Адам кхалха кечдан деза цара. Адамашна кечдала а, йиллинчу метте дIагулдала а елларг ши сахьт хан ю. Вада гIоьртинчунна а, ши сахьт дIадаьлча юьртахь карийначунна а тоьпаш тухур ю. Совнаха мохь новкъа ма баккха. Шайн тIе юху бедарш а, мотт-гIайба а, цхьана баттана кхачан сурсаташ а. Цул сов мохь машинашна тIебоккхуьйтур бац.

Нахана юккъехь гIовгIа елира. Цхьаболчара бохура летта дала деза. Бисинарш дуьхьал бара. ХIун гIуллакх ду эрна хIаллакьхила? Вай дуьхьало йича шIера къенанаш, зударий а, бераш а дойур ма ду. Дела болх ма бу хIара. Дала диначунна муьтIахь хила деза. ТIехула тIе, хIокхара лелориг Iедална, Сталинна ца хууш шайггара лелош хила а ма мега. Сталинна хааза дуьсур ма дац хIара. Я вай кхеро хIоттийна кеп хила а тарло. Юьртах а даьхна юха цIа хоьцур ду... Доцца аьлча, болх далла а, Сталинна а тIе биллина сецира адам.

Оцу Iуьйранна деша дахана бераш новкъа а, школан кетIара а юхахьийсийра. «Тахана мукъа дуьту шу, — бохура цаьрга. — Шун школа чохь собрани хир ю. Аш садаIа». Мукъа дисира и де а, шолгIаниг а, кхоалгIаниг а. Бутт а. Ткъа дукхахболчарна ца дуьйгIира кхин цкъа а парти тIе ховшар.

Цхьа сахьт далале, адам махьшаре лоьхкучу дийне таръелира юрт. Зударийн цIогIанаш, доьлхучу кегийчу берийн маьхьарий. Къонахоша оьгIазе бетта барт. Махкана хиллачу бохамах кхетча санна Iоьху даьхни, угIу жIаьлеш. ДогIмех цIе хьаьлхина лела адамаш. Юьртал арахьа маьI-маьIIехь дуьйлу герзаш...

ХIетталц довха, маьлхе дара деноц. БIаьстенна ялташ дийна довлла дохкура. Халкъана тIехь хIоттийна харцо ца лайна дара а хаац. Я делан таIзарна дара а хаац, мухха делахь а, оцу дийнахь карзахделира Iалам. ЦIеххьана кхоьлира стигла. Юьхьанца меллаша дилла доладелла ло буьрсачу дарце дирзира. Суна цкъа а мел ширйлачу Iай а ца гинера и тайпа дарц. Оцу цIемзачу дийнахь, шайн йовха хIусмаш юьтуш, арадуьйлура адамаш.

Ойла ехьа, Юра, цIа дуьззина доьзал болчу стеган. Цуьнан аьтту бац царна массарна а бедарш, мачаш эца. Я аьтту боллушехьа, эца мало еш Iийна иза. Я берашна стенна оьшу и барзакъаш, уьш стенга гIур бара, бохуш Iийна иза. Йовхачу хенахь тIехь шарбалш, когахь мачаш йоцуш ловзуш лела цуьнан уьш. Шелъелча чохь совцу, я лула-кула ловза боьлху. РоггIана цхьа мачаш юхуш, цхьа пальтон тIелхиг тIе а кхуллуш. Арахь шелбелча бохба-

ла чу а лелхаш. Ден-ненан ойла яц Іаьнан шелах уьш эцна цІера арабовла. И ойла хилча-м цара хьалхе кечам бийр бара. ЦІеххьана хьийзочу дорцала аравала аьлча, да-нана мича хьоле дужур ду хаа хала дац.

Нохчийн боьршачу стагана эхь ду нахана а гуш шен бер ги доьллича. Амма оцу дийнахь, уггар ша бен мила ву бохучу къонахчун гихь а, керахь а цхьацца бер дара. Гихь а, марахь а цхьацца бер дара ненан а. Истангах, юргІех хьирчина юххе девллера дисинарш. Жимма а мохь айа ницкъ болчун кара лаьцна, ги боьллина а шенчул мохь. Гоьллелц догІучу лайлахула, коггаш Іуьйра, салтийн гонна юккъе а хІиттина юьртах буьйлура уьш. Суна гира оцу Іуьйранна салташа йийначу Айзанан майра шен берашца араволуш. «ХІара хир дуйла хиънехь-м шуна тІе а, кога а духучунна гІайгІа бина хир ма бара ас, бераш, — элира цо ялх бераца уча а ваьлла. — ХІинца дан хІума дац-кх. Далла тІе болх биллина новкъа девр ду-кх вай.»

Гихь а, карахь а цхьацца бер дара цуьнан. Юххе даьккхина кера лаьцна цхьацца шад а болуш, диъ. Чохь маьнги тІехь яхйина Іуьллуш йисира оцу берийн нана. Ворданахь цІе деанера цуьнан дакъа. Оцу бераша хьоькхучу маьхьарийн цІогІано дог дорура адамийн.

Ткъа цхьаболчу салташа, бІаьргийх мела хиш а лешаш, гІо дора нахана шайн миска салпал некъана кечъян, уьш чуьра араяха, йиллиничу метте дІаяхьа. Церан гихь а, керахь а гора кегий бераш, къен ларчанаш. Уьш гІертара берийн дог эца, баккхийчин дог-ойла айа. Ткъа шаьш а боьлхура. Церан дегнаш а дара Іийжаш, кхарзалуш. Амма церан ницкъ бацара и алха эрчо сацо...

Амма оцу догдикачу салтийн эзарнашна юккъехь къизанаш а бовлура. Иштачара хан ца лора некъана кечам бан а, оьшург схьаэца а. «Даймахкана ямартхой!», «Бандиташ!», «Фашистийн хьадалчаш!» «Аш Гитлерна пІо дина тхан доьзалш хІаллакбан!» — бохуш чехош, Іуьттуш нах хьалхатуьттура цара. Тхо машинашна тІе дохучу буса, суна хьалха нисъелира жима бер карахь зуда. Цкъа а машинна тІе мичхьахула а, муха яла еза а ца хаьа, тІехула тІе карахь жима бер долу иза хьеелира тІе ца ялалуш. Юххехь лаьттачу салтичо катоьхна ког лаьцна цуьнан карара схьадаьккхина бер кхоьссина юьстах, лайлахула дІадахийтира. Мохь хьаькхна тІехьаьдда нана и схьа а эцна, кхоьссина бер хьалха тІе а дахийтина, сихха хьалаелира.

Ас бехк ца буьллу оцу салтичунна. Хьанна хаьа, цхьанхьа фашисташа хІаллакбина хила тарлора цуьнан доьзал. МостагІийх бекхам эца лаарх дуьзна хила тарлора цуьнан дог. Хьанна хаьа, цунна хьехна хила тарлора, нохчаша гитлеровцашна гІо дина, уьш ямарг нах бу, хьан доьзал церан гІоьнца хІаллакбина бохуш. И бакъ моьттуш оьгІазло йоьссина хилла хир яр-кха цуьнан даг чу.

И буьйса яккхийтира тхоьга эвла йистехь, ерзиничу стигла кІел.

ГIодмийн цIевнех, истангех цхьа баннаш, четарш тайпа бахьанаш хIиттош, цу чу мох ца кхете ловчкъийра бераш. Буса сахиллалц ягош цIераш, царна гонах кIуьро бIаьргаш Iийжош хевшина Iара адамаш. Ткъа гонах луьра ха лаьттара. Туьпа тIе а ерзийна, гунашна тIе хIиттийна пулеметаш. Гонах хьийза автоматчикаш. Ца торчу гIуллакхана а юьстах ца волуьйтура цхьа а.

Шелоно сендинчу берийн белхарш. Цомгашчийн узарш. Хехоша детта маьхьарий. Оцу юккъехула пондарш а, эшарш а лоькхура. Кхоьлинчу стиглахула кхерстий, шийлачу дорцаца лаьтта охьадоьлхура къеначара олучу сингаттаме назманийн аз. Наггахь, адамийн дог-ойла ойуш, декара халкъан иллеш. Цхьацца нхьа юкъ-кера хелхара бал а боккхура.

Кхин а ирча яра шолгIа а, кхоалгIа а буьйсанаш. Вон дара ламанан некъаш. Цига машинаш яхкалур ю бохург хьехочохь а дацара. Тхо царна тIедаха дезара. Шен дегIаца воьдучу стагана сарралц бан а боцу некъ оха шина дийнахь бира. Дийнахь меллаша дIаоьхура, суьйранна цхьанхьа туп тохийта, гонах ха а хIоттадой совцадора. Тхан некъ лекхачу дукъаца охьа бара. Ткъа дукъаца къаьсттина а шийла хуьлу. Цхьана минотана а оха дог ца дуьллура тхаьш хIусмашка юхадерзор ду бохучух. Амма кхоалгIачу буса яьхкина тхуна тIехIиттира тIехула гатанаш тоьхна йолу американски студебекарш. Царна тIе а дохуш герггарчу станцешка а дигна, теплушкашна чу доьхкира. Уьш хиллера тхуна кечйина. Ши этаж полканаш еш. ХIора вагонна чу тIе-кIел 20 — 25 доьзал. Шайн сал-палца цхьана. ТIаккха болабелира и Iазапан беха некъ. Де-буьйса далале цхьа хьожа хIоьттира чу. Дийнахь цкъа-шозза бен чуьра ара ца довлуьйтура. Юьстах ваьлла дан дезачу гIуллакхо бIарздора адамаш. Арахула дIакъевлина неIарш дIа ца йоьллура леш валлахь а. Бовха кхача хьехочохь а дацара. ДогIмаш, тIера бедарш бехъеллера. Мезаша хьийзадора. Юкъа яьржира цамгарш. Дедда юкъа, цхьацца нхьа, эрна арахь эшелон сацийча, вагонаш тIера охьадохура беллачийн декъий...

Новкъахь сецарш дукха хуьлуш цхьана батте девлира тхо схьа ца кхочуш. Цхьанхьа станце кхочуш сатийсара цигара мукъана а тхаьш юха цIа дерзоре. Амма, шуна гуш ма хиллара, ца дерзийра. Цхьа шо а кхечи, тахана-кхана цIа доьлху бохуш. Шо кхечи нохчгIалгIайн халкъ дуьненан карти тIера дIадаьлла, тхан ненан маттахь йоза-дешар доцу, радиочухула дош ца хеза, тхох лаьцна зорбанехь дош ца олу. Амма оха диканах дог ца дуьллу. Тахана шо кхаьчча а цIа ца диги тхо. Кханенга сатуьйсуш, цо диканиг дохьур ду бохуш, цунах маслаIат деш, лийриг а ле оцу нана-даймахке сатуьйсуш, цуьнга кхойкхуш. Цо собар, хьуьнар луш деха тхо. ДогIур ду и де, мацца деана а. Цунах теша со. Тхо дерриге а теша...

Лоьмин хабар чекхделира.

ЦIераца дIа когаш а хецна, тIулган цIенкъа гола а гIортийна,

куьйга тӀе корта а биллина, Лоьмин хабаре ладоьгӀуш тевжина Ӏара Берса. Юьхьанца цунна хезара и къамел дерриге а. Бен доцуш ладоьгӀура цо цуьнга. Наггахь, юккъе чӀеш хьовзадой цӀе марса а йоккхуш, накъостийн яххьашна тӀехула бӀаьрг кхерстош, цара и къамел тӀе муха оьцу а хьоьжуш Ӏиллара иза. Амма дукха хан ялале, шен ойланца иза ша а вахара генарчу даймахка. Цо ша а ойланца карладохура оцу ирчачу дийнан сурт. ХӀоьттина ши бӀаьрг цӀерга а боьгӀна Ӏуьллучу цунна цхьа набарха санна хезара хьехачохь гӀайгӀане доьлху Лоьмин къамел. Ца хаалора шийлачу тӀулгаша шелбина агӀо тхьус булуш а. Ца гора Юрин, Адашбайн бӀаьргех леша сирла хиш а.

Лоьмин хабар сецча, шен ойланийх цӀеххьана самавелира иза. Хьалха санна арахь тӀедеттара шийла догӀа. Даккхийчу тӀадамашца ладарш Ӏено, хьехан тховца хьалха дӀакхевдина тӀулган йоккха экъа йоьлхуш санна хеталора. ХӀоьттинчу тийналлехь хезара Юрас уьйзу са а, Адашбайс ден къора къурдаш а...

## IX

ХӀетта йолаеллера шолгӀачу сменан занятеш. Хазара классашкахь урок хьоьхучу хьехархойн къамел, бераша лун жоьпаш а. Арахь ца сецаш, шен кабинета чу а вахана охьахиира Николай Кузьмич. Дешаран шеран кхоалгӀа четверть чекхъяла герга яра. Хьехархойн урокашка эха а, царна балха тӀехь гӀо дан а дезара. Амма Николай Кузьмичан дог ца догӀура тахана хӀумма дан а. Боккъала аьлча, ши-кхо бутт бара иза кху школехь цхьа а хӀума кара ца догӀуш лела. Колхозехь парторг волу иза юьртан а, колхозан а гӀуллакхаша ца вуьтура шен балха тӀеверза. Цо жоп ло оцу юьртахь хуьлучу муьлххачу а гӀуллакхах. Иза дика кхетара шена тӀехь латтачу жоьпаллин декхарх. ТӀеман зама ма ю хӀара. ТӀом гена малхбузехь белахь а, хӀара а ю ша тайпа фронт. Къинхьегаман фронт. Тылан балхах дозуш ду толаман гӀуллакх. Покровка-м лаьмнашна юкъа а яхана латтташ цхьа юрт бен яц. Амма къинхьегам, низам а хила деза массо юьртахь, массо кӀотарахь, хӀора бригадехь, фермехь, схьа стаг ша бен воцчохь а. Дерриге фронтана, дерриге толамна — иза ю партин, халкъан лозунг.

Амма хала ду-кх. Кху шарахь колхозан Ӏаьнна докъар кӀезиг кечъелла. Чекхъяла герга ю иза. Ткъа Ӏа хӀинццалцчул а дахдала ойла хилла ду. Докъар кхоош юхаозоро гӀелдина колхозан даьхний. Халчу хьоле довлархлардала гӀерташ, юьртарчу хӀора доьзало Ӏаьнах даккха колхозан цхьацца сту я говр шайн цӀа а дигна кхобуш ду. Уьш дикачу дилхалахь Ӏалашдан деза. ХӀинцца тӀе кхочур ю бӀаьсте, тӀаккха охунаш дан, ялташ дӀаден онддий стерчий, говраш ма еза. И хууш лела колхозникаш. Цхьадика, бӀаьстенна ден хӀу а кхоччуш долуш ду. Ӏаьнна кӀел ялта а дӀадаханчу шарахьчул шозза алсам дийна. ГӀуллакхаш дукха ледара-м дацара кхузахь, амма дагна синтем бац-кх. Цуьнан садууш деккъа ши хӀума ду:

тIом толамца сихха чекхбаларе сатийсар а, кхузарчу нохчийн кхоллам а.

Николай Кузьмича гIайгIане бIаьрг кхарстийра чухула. Дерриге а хьалха санна ду. Цуьнан белхан стол, пуржинаш ара а лилхина лаьтта тиша диван а, диъ гIант, тIе книгаш йоьттина лаьтта этажерка а. Пена тIера схьа цуьнга хьоьжу Ленинан хьекъале ши бIаьрг. Суртана лахахула дIатоьхна дуьненан политически карта.

Цкъа ойла хилира цуьнан юьртсоветехула а ваьлла колхозан конторе ваха. Амма арахь тIедеттачу догIано мало яйтора. Иштта-чу кхоьлинчу дийнахь карзахйолу цуьнан сакхат ност. Оцу настаро цуьна дагаваьйтира Маил. ТIаьххье бIаьргашна хьалха схьахIоьттира цо хIинцца дIахьажийна миска ши зуда. Ткъа маса бIеннаш хир бу уьш оццу хьолехь. Хьанна хаьа, Казахстанан доза доцчу шуьйрачу аренашкахула, киргизийн лаьмнашкахула дуьне мел ду дIабаржийна нохчий цигахь мича хьолехь бу.?.

ХIаъ, нохчашка хIоьттинчу хьоло сагатдора цуьнан. Меттигерчу бахархойн шайн цIенош, бошмаш, кертахь даьхний ду. Уьш цхьа а дац нохчийн. Даймахкаца цхьаьна цаьргара дIадаьккхира эзарнаш шерашкахь кхоьллинарг дерриге а. Дерриге а, дIадахнарг а, тIехиндерг а. Царна гIо дан ницкъ бац колхозан. БIаьста дIаден дитина хIу царна доькъийла а яц. Цул сов даьлла колхозан ялта кIезиг ду. Дерриге а — ши тони. Цунах цхьа буьртиг а меттигерчу бахархошна дала йиш яц. Иза дерриге а нохчийн доьзалшна хьажийна дитина цара. Иштта бу колхозникийн юкъарчу гуламан сацам Амма ма кIезга ду-кх иза ткъа доьзална. Ткъа уггар хьалха хуьлуш болу мукх тIебан хIинца а биъ бутт хан ю. Ерриге а дегайовхо пачхьалкхан гIоьнна тIейирзина. Цхьа бутт хьалха дуьйна хаам хиллера нохчийн хIора доьзална шайн бахам меттахIотто гIоьнна пачхьалкхо ссуда а, кхаба цхьацца бежана а лур ду аьлла. ТIехула тIе, районан куьйгаллин дехарца, лакхара охьа дош делла кху районерчу нохчашна син цIарах луп паек алсамъяккха а. Амма гена даьлла-кх и дерриге а. Тахана кхайкхина районе йигна Анастасия Федоровна оцу хьокъехь йигна хиларе дог доху юьртан куьйгалхоша.

«Амма, дерриге дуьне шайна дIа а делла миччахьа а цхьанхьа баха охьаховшорах, нохчашна гур бац и бахам а, шаьш хьоьгу дика а. Царах хIораннан а дага тIехь ирча луьра чов ю, церан дегнаш лозу. И чов ю дийнначу халкъан дага тIехь. И чов ерзалур яц лоьрашка а, ахчанца а, дохноша а. Кхузарчу бахархоша дог эцаро жимма маслаIат до церан лазамна. Амма лазар дIатуьйр дац, оцу гIе муо хьаьвзар бац уьш биичу лаьмнашка юха ца берзийча. Цигахь ду церан дарба», — ойлайора Николай Кузьмича.

«ХIун бехк баьлла царах?» — лерехь декара оцу дуьззинчу шарахь хаддаза цуьнан хье охкуш долу хаттар.

Хаац. Хаац. ОххIай, мел дукха ду-кх цуьна къайле хилла дисина гIуллакхаш!

Карлайниллара къона хан, студенчески шераш, эскарехь гІуллакх деш хилла машаре шераш.

Университетски аудитори. Иза а, кхин а бІеннаш а студенташ ладоьгІуш бу гІараваьллачу профессоран лекцига. Царна веза, цара лоьру и профессор. Иза дика стаг ву, цо берриге а шен ницкъ, хаарш схьало къоначу тІаьхьенна. Иза коммунист ву, партин тешате кІант. Иза ишттa хиларх шек вац цхьа а. Амма цхьана дийнахь и профессор балха ца вогІу. Ца вогІу шолгІачу а, кхоазлагІчу а дийнахь. ТІаккха царна хеза иза... партина дуьхьал, даймахкана ямарт, халкъан мостагІ хилла бохуш.

Хьовсийша цкъа? Ма Іовдал а хилла уьш! Денна шайна хьалха лекциш йоьшуш, шайца къамел деш хилла и къоьжа профессор халкъан мостагІа хилар ца хиъна царна! Делхьа, ма хууш хилла цунна шен ямарт дог лечкъо, ма саьхьара стаг хилла иза. Империализман агентуро Іамийна хилла-кх!

Кхин. ГІаларчу берриге бахархошна дика вевза республикан, партин куьйгалхо. Шира большевик. Паччахьан тюрмехь а валлийна, ссылкехь Іамийна. Амма иза кхеро, цуьнан дог-ойла харцо ницкъ ца хилла цкъа а. Кхаа а революцехь дакъалаьцна цо. Шен берриге ницкъ дІабелла цо советски пачхьалкх чІагІъяран дуьхьа. Мацахлерчу слесарах хІинца гІараваьлла партийни а, пачхьалкхан а деятель хилла. Цхьа а шек вац цуьнан дерриге дахар тІехь цхьа а томмагІа доцуш цІена хиларх.

Амма цхьана дийнахь Іуьйранна хьала а гІевттина, шаьш ураме бевлча, царна хеза и шира большевик халкъан мостагІа хилла бохуш.

Оцу цхьана шарахь «Іорабоху» эзарнаш «халкъан мостагІий», «адмашдайархой», «империализман разведкин агенташ». Леццa, следстви чекхъяьлла, тоьпаш тоьхна. Уьш ца бевзарш теша и таІзар нийса дина хиларх. Амма уьш хІоре герггара бевзаш, цаьрца бехха хала некъ биччу накъосташна хаьа, шен-шен накъост бехке воцуш хІаллакьхилар. ХІаъа, шен-шен накъост, доттагІа, гергарниг. Ца бевзачарна тІехь дина таІзар нийса хиларх теша. Ткъа цуьнан бехк боцу накъост, доттагІа, гергарниг бехке веш гІалатло ялийтина пачхьалкхана кхерам цахилийтаран органаша. ХІун дийр дара ткъа. Революцин дуьхьа шен дахар дІадала реза ма вара иза даим а. Иза-м миччa хенахь вала реза ма вара партин, революцин, халкъан, даймехкан дуьхьа. Иза хІаллакьхилла. ХІумма а дац, эзарнаш халкъан ямартхойх парти, даймохк цІандеш иза хІаллакьхиларх. Цундела, парти а, советски пачхьалкх а кхерамах кІелхьараяьлла.

Иштта ойланаш йора «халкъан мостагІийн» накъосташа, доттагІаша, гергарчара.

Изза хетара хІетахь Николай Кузьмична а. Иза тешамза ваьллера адамех. Іилманчех, партийн, пачхьалкхан куьйгалхойх, тІеман начальникех. Хьанна хаьа, хІара халкъан мостагІа, империа-

листийн агент велахь а? — даг чу оьхура цхьаъ гича. Иза юьхьанца дара. Амма и «шпионаш», «адмашдайархой», «халкъан моста-гIий» дукха хила боларо, цуьнга а ойла яйтира. Амма хеттарш дар, оцу гIуллакхана кIорге гIертар кхераме дара.

— Бехке ца хилча прессо даррехь бехке бийр ма бац уьш. Сталинна дика хуур ду. Иза гIалат волийла ма дац, — олий ша-шена маслаIат дора цо.

ХIетахь-м къона вара Николай Кузьмич. Цуьнан-м хьекъал а дацара оцу гIуллакхийн кIорге кхиа. Цул тIаьхьа бархI шо даьлла. ХIетахь дуьйна схьа массо а агIор кхиъна иза. ХIинца иза ленински коммунистически партин член ву. Цунна лаьа коммунистически партин сий халкъана, дуьненна хьалха цIена лардан. Иза хIора коммунистан сийлахь декхар ду. Цундела йо цо оцу гIуллакхийн дукха ойла. Мел ойла ярах а иза тIаьхьа кхиац кавказски халкъашна тIехь динчу таIзарна. Нагахь бархI шо хьалха юкъ-юкъара лоьцуш бIе эзарнаш нах хIаллакбеш хиллехь, хIинца дийнна халкъашна тIехь таIзарш дан долийна. Цхьана дийнахь — миллионашна. Царна юккъехь бу зударий, бераш, къена нах. Партина, халкъана, даймахкана даккхий гIуллакхаш дина нах а. Граждански а, хIокху тIеман а турпалхой а. Дийнна и халкъаш даймахкана ямарт хилла бохуш уьш бехдеш эладита леладо НКВД-н белхалоша. Амма оцу халкъийн бехках, царна тIехь йинчу кхелах лаьцна цхьа а дош ца аьлла прессо а, ца яздо литературехь а.

«ХIун ду-те хуьлуш дерг? — хоьттура цо шега. — ХIинца со теша ткъе вуьрхIитталгIачу шарахь хIаллакбина нах берриге а бехке хилла цахиларх. Ткъа махках даьхна халкъаш бехке ду бохург-м аьттехьа а дац. Империалистийн агентуран куьйгашца лелийна гIуллакхаш ду-те уьш дерриге а? Уьш-м даим бу советийн махкана дуьхьал тIамна кечлуш, церган хьекхош. Шаьш тIом болабале, шайн разведкин гIоьнца партийн, советийн, къаьсттина а тIеман деятельш хIаллакбина-те цара. Блюхер, Тухачевский, Якир, Уборович, Корка, Эйдеман, Фельдман, Примаков, Дыбенко. ...Кхин мел дукха бу уьш. Амма муха кхаьчна церан уьш хIаллакбан ницкъ? Схьахетарехь, империализман разведкин аьтту нисбелла хир бу партийни, тIеман, НКВД-н лакхарчу куьйгалла балха тасабала. Ткъа Сталинна хууш хилла хир дац и нах бехке цахилар. Харцонна дуьхьал язднна аьрзнаш, сигналаш цунна тIе кхочуьйтуш хилла хир яц. Ма йоьлххура уьш боккъал а болчу халкъан мостагIийн кара йоьлхуш хилла хир ю, ткъа цара уьш хIаллак а йой, Сталинна хьалха харц материалаш хIиттош хилла хир ю. Ткъа Сталин царах теша ма веза. Массанхьа массарна а тIе кхиьна вер ма вац иза...»

Николай Кузьмич, доккха са а даьккхина хьала а гIаьттина, коре вахара. ТIедоьлху догIа жимма лагIделлера. Малхбале айаяла гIерташ гора. Гена боццуш басахула чу кешнашкара охьабогIучу Iашлойн некъа меллаша охьавогIура цхьа воккха стаг. Иза Iаб-

дул-Iаьзам ву. Ша балхара цIа вогIуш и серий хIунда кхоьхьу а хаьара Николай Кузьмична. Цо дина тускар ду Мария Петровнин дукха хьомсара лелош. СовгIатана Николай Кузьмична а белла цо ша бина нохчийн Iайг. Говза куьйгаш а, хьекъале корта а, къонахаллин дуьзна цIена дог а, оьзда дегI а ду воккхачу стеган. Амма...

«Амма хIунда ваьккхина и воккха стаг махках? — хьаттира цо шега, воккхачу стаге а хьоьжуш. — ХIан, партийни, советски, тIеман куьйгалхой-м империалисташа шайна пайденна хIаллакбайтина хила а тарло. Ткъа и миска халкъаш махках дахарх хьанна пайда хир бара? Пайда, пайда... Хьанна хаьа, кхузахь а хила тарло империалистийн лехамаш. СССР халкъийн доттагIаллих, цхьабарт, цхьанийса бакьонаш, дахарехь цхьа Iалашо, цхьа идеяш хиларх ца йоллу ткъа советски пачхьалкхан йохалун йоцу чIагIо? И барт, и доттагIалла, и цхьалла йохаре сатуьйсуш, дарехь а, къайлах а цунна бух ахка гIерташ бац ткъа империалисташ? Шайн куьйга масех къоман автономи а йохийна, и халкъаш махках а даьхна, бехк советски Iедална, коммунистически партина тIе а теттина, изий, важий дуьненна хьалха сийсазъян Iалашо йолуш дина-те цара иза? Я советски халкъашна юккъе мостагIалла дожо Iалашо йолуш дина-те? Я гитлеровски фашизман гIаддайначу муьрехь и къаьмнаш махках даха меттах а хьадина, советски эскарийн букъа тIехьа гIаттам хилийта Iалашо йолуш дина-те? Къаьстийнарш а ду шайн исторически дIадаханчуьнга хьаьжча тIе бехк кхолла а, оцу бехках кхин долу халкъаш теша атта дерш. Иттаннаш шерашкахь паччахьан Россина дуьхьал къийсам латтийна нохчий. Мацах цкъа оьрсашна тIехь олалла латтийнчу татарех, монголех схьадевлла татарин, балкхаройн, кхарачойн, гIалмакхойн халкъаш а. ...ХIан-хIа, ойлаярх тIаьхьа кхуьур вац оцу гIуллакхана. Корта хьербер бу. Амма оцу харцонна бехкениг милла велахь а, ша дагалаьцнарг цуьнан кхочуш-м хир дац. Дуьненахь ницкъ хир бац советски халкъийн барт, доттагIалла, цхьалла дохо, халкъан партега болу тешам байа, и шиъ вовшах къасто, партин сий дайа. Партис шен съездехь, шен ЦК-н пленумехь ца хIоттийна, ца чIагIдина уьш махках бахаран гIуллакх. Амма, мацца а цкъа и харцо нисъеш, и гIуллакх дийцаре дуьллур ду съездехь. ОххIай, ма чIогIа а дуьйцур ду, ма неIалт а кхайкхор ду бехкеволчунна. Къаьмнийн хьокъехь йолчу ленински политикан толаман деза де хир ду иза. Цунах теша со а, со санна долу миллионаш советски адамаш а!»

Николай Кузьмична ца хаьара, нохчий а, гIалгIай а махках бохуш йиичу операцина тIехь куьйгалла динарг Сталинан уггар тешаме доттагI, гергара накъост, «халкъан сийлахь кIант» Берия хилар.

Больницера араваьлла Іалха цхьа сту боьжначу салазахь дакъа дохьуш вогІучу Іабдул-Іаьзамана а, гІиргІазойн воккхачу шина стагана а тІенисвелира.

Іабдул-Іаьзамана хазахийтира Іалха гича.

— ЭхІ, ма дика ду-кх, Іалха, хьо тІенисвелла. Миска Аюб ву оха цІа валориг. Лома кІел, некъа йисттехь велла карийна хІара. ДІаволла накъостий мичара хир бу-те бохуш ойла еш вогІура со. Цхьадика, Муса а ву хьоьца-м. Вадал, чехкка, миччахь велахь а схьакаравай, Межед, Іела а схьавалавел. И шиъ воцург кхин дегІехь ницкъ болуш боьрша стаг вац юьртахь. И шиъ охьавожахь айса хІун дер хаац. Лоьма- а, Берса а лаха. РогІана каш доккхур аш.

Любан ши кІант, ши йоІ дара. КІентий зударий, доьзалш болуш, шайн ков-керт йолуш, ткъа йоІарий луларчу ярташкахь марехь. Гуьмсехь эшелонаш тІе бохуш, цхьацца эшелонна тІе а баьхна вовшех къаьстина доьзал а. Ши кІант Ош областехь цхьацца районашка нисвеллера, ткъа ши йоІ мичхьа ю ца хаьара. Ши бутт хьалха хІусамнана а елла ша виснера Аюб.

Кху юьртахь гІиргІазойн цІенош билггал дара. Поппаран хьокхамех доьттина пенаш, легІана цхьана агІор хи додуш, латта тІе тесна тхевнаш. Цхьаццадолчийн цІа чохь пенаца хьала шуьйра товха хуьлура, ткъа дукхах болчара, цІенкъа юккъехь кІаг а боккхий, оцу чохь цІе а латайой, цунах алу яьлча, гонах мотт буьллий, когаш корехьа а болуш, цунна гобоккхий охьабуьйшура. ЦІенкъа юккъехь йогучу цІеран кІур, цІа чухула го туьйсуш хьийзий, тховх дитиичу доккхачу Іуьргехула араболура.

ЦІа арахула а, чухула а поппарца кхарта-муртане хьохура, амма я кир а, я кІир а ца тухура. Колхозаш яхккалц хІокху Покровкера дукхах болу гІиргІазой ярташкахь ца бехаш, лаьмнашкахь четаргш детташ, шайн жашца цхьанхьара кхечахьа кхелхаш леллера, цундела дара церан цІенош иштта мух-мухха дина.

Аюб чувахьале, цІа чуьра хьал муха ду хьажа чу вахара Іабдул-Іаьзам, Іалха. Аюбан йоккхачу стага пенаш шардеш поппар хьаьхха, можа гІум хьаькхна цІена дара цІа. ЦІенкъа а поппар хьаькхна шера яра. Товханахь кху тІаьххьарчу дийнахь-буса цІе ца латийнера. Схьахетарехь, цІе лато дечиг хилла хир дацара. ЦІенкъа дуткъа чкъор деш ча а даржийна, оцу тІе тесна цІена къорза истанг а, кенийн гІайба а, баьрччехь дІалеІна шиъ боьзан юргІа а, дуьххьехь хІоттийна гай чу таьІна цІестан кІудал а, тас, гІуммагІ а дара. Тесахь кІеззиг хи а дара. Схьахетарехь, Іуьйранна ламаз дича дІакхоссаза дисинера иза. Ши-кхо кхиира кад а, дечгап Іайгаш дара терхи тІехь. Кхин бахам бацара гуш.

— ХІусамнана еллачу хенахь хаза куз бара хІокхеран, — элира Іабдул-Іаьзама ойлане. — Юучух боьхкина хир бу мискано.

Дакъа цІа чу а деана, истанга тІе охьадиллира цара. Іабдул-Іаьзама тІе а вахана кІудал дІаса ластийра. Иза яьсса яра.

— Сарыбай, шуьшинна болх ло ас, — вист ца хуьлуш, дехьо лаьттачу шина вокхачу стагана тӀевирзира иза. — И шун кхазан олу боккха яй беза хи дохдан. Цхьанхьара карабай, ара дӀа а хӀоттабай, дуззий хи дохде. Хи дан хӀара кӀудал ю шуна. Дечиган гӀайгӀа а бе. ХӀокху кертахь чӀеш дац. Хьо соьца дӀавола, Ӏалха.

Ӏабдул-Ӏаьзаман цӀахь берриг гӀирс бара велларг лийчо. Цо ша лерина кечдина дакъа тӀедуьллу у а, миччара даьннехь а, сабанаш а, ша кӀадинах тегна каранаш а, стаммий, луьста цергаш йолуш маьӀах йина коьртах хьокху гӀиргӀазойн яхк а.

И гӀирс бохьуш вухавеача, Аюбана тӀера бедарш дӀаяха вуьйлира и шиъ. Амма уьш дӀайохуш дукха къахьега а ца дийзира. Дерзинчу дегӀа тӀе юьйхина чу бамба буьллуш аьхна тужурка а, хеча а, когахь тиша неӀар-мачаш — и дара дерриг веллачун духар.

— ХӀинца, делан дуьхьа, хӀара Аюб лийчор ву-кх вайша, — элира Ӏабдул-Ӏаьзама, азделла, массо даьӀахк тӀеяьлла дакъа уьнна тӀе а диллина.

Ӏалхина хаара Ӏабдул-Ӏаьзама велларг лийчош яхк хӀунда лелайо. ХӀара таханлера болх денна бохург санна бан безачу Ӏалхина дукха гинера модаша а, мезаша а дуьзна декъий. Мезий хуьлура коьрта тӀехь, цкъоцкъамашна, можана, мекхашна юккъехь а, чу-кӀелахь, чо мел баьллачохь. Уьш и яхк хьоькхуш дӀадохура, цунах а гӀуллакх ца хилча, цхьацца йолу меттигаш уьрсаца яша езаш нислора.

Цхьадика, Аюбан дакъа оццул ирча дацара. Ша мел мацалла вон хьоьгуш хиллехь а, ламазана дегӀ цӀена лелийнера цо.

— Дуьненахь адамашна лело сийлахь а, хала дерг — оьздангалла ю. ДегӀан а, син а оьздангалла. Ша мацалла мел доккха Ӏазап хьегнехь а, дегӀан а, син а оьздангаллех ца вухуш далла дуьхьал ваха хӀара. Цхьангге шегара бала ца балхий, цхьангге еха а ца ваха, цхьаннен рицкъи тӀе куьг а ца даьхьи. ДегӀ цӀена а лелий, ламаз-марха а ца дити. Миска, цхьанхьа шен йийбарх цхьа хӀума а йоьхкина, и цхьа кад хьаьжкӀаш йохьуш вогӀуш кхелхина. Дала гечдойла хӀокхунна.

— Кху чохь йисинчу хӀуманашна хӀун дийр ду? — хаьттира Ӏалхас. — Кхузахь хӀокхуьнан гергара стаг а ма вац?

— Цхьа аьтто боц-боцчарна хӀокхунна а, доьзална а тӀера сагӀийна дӀалур ю-кх.

Лийчийна дакъа истанга юкъа а хьарчийна, боккхачу меха тӀийриг йоьллина, гена-гена маха а боккхуш истанган йистош дӀатийгира Ӏабдул-Ӏаьзама.

— ХӀан, Аюб кийча ву-кх хӀинца. ХӀара Ӏазап хьегна ваьлла декъал да а ву. Сарыбай, салаз уьйтӀа озаел!

...Тезет, кадам... уьш дӀадевллера хӀокху тӀаьххьарчу масех баттахь. Веллачунна Къоран дешар, зуькар дар, сагӀа даккхар а лагадогӀучохь а дацара. ХӀинца хӀара Аюб санна, лийча а вой, ис-

танга я юргІаша, я одеялана юкъа а хьарчавой, шина-кхаа стага дІахьой, дІавуллура. ГІо дан и ши-кхоъ стаг воцуш, зудчо майра, нанас бер, йишас ваша, берийн гІоьнца, я ша салаз тІехь, я ги а тухий, я лами тІе а вуьллий текхош кешнашка а вуьгий, цхьа ах метр кІорга каш а доккхий, тІехь еса а, заІам а ца доьшуш беларш дІабухкуш меттигаш дукха нислора гондІарчу ярташкахь.

ХІара Іабдул-Іаьзам дІаваьлча хІокху Покровкехь болчу нохчашна а изза хир ду.

Хьалххе кхуза веанчу Іелас, Межеда а, Мусас а цхьа метр кІорга каш даьккхинера.

Кошан коьрте йоьгІначу дечига тІе Аюбан цІе язйира. Цуьнан ден цІе цхьанне а ца хаьара.

ТІаккха, Іабдул-Іаьзима дагахь еса а, заІам дешна, доІа дира.

ХІокху Покровке нохчийн ткъа доьзал балийна. ХІинцале кхузахь шовзткъа сов каш ду...

## X

Юьрта йисттехь, кхечарех къаьстина, бо санна гІийла го цхьа цІа. КІезиг ча а тухуш бинчу поппарх доьттина, цкъа а хьахаза долу цуьнан пенаш гобаьккхина эттІа, мохана дуьхьало йоцуш ду. Уьш къарздина тІедиттинчу гІийн хьокхамаша. ХІинца а ду уьш масех цхьана пена тІе латийна, хазза[1] дакъадалаза. ТІе латта а тосуш, легІана бинчу тхов тІера дика охьа ца хьоду хи. Цо тІеелхийна тхови йистеш экхано ка диттича санна ю.

Аннаш херадевлла, тиша неІ схьайиллича, боданечу жимчу цІа чу волу. Цхьа долчу цхьана коран шина бІаьрган ангалиш а дац. Уьш доьхначу теІийна тиша тІелхигаш ю. Чохь гуш яц мотт-гІайба а, кад-Іайг а. Мел стомма а стаг чухула паргІат хьала а валалур волуш йолчу товханан шуьйрачу туьнкалгехула охьадеттачу догІанна кІел лата ца туьгуш, кІур туьйсуш сийса тІуьна гІий. Гобаьккхина чу хьоькхучу мохо арабала ца буьту кІур чухула го бохуш хьийза. Цо Іарждина пенаш а, тхов а сегІаз хьаькхча санна лепа.

Оцу чухула дІа неІ йолу дехьара цІа цІена а, мелла а чохь йийбар йолуш ду. Цхьаъ бен кор дацахь а, ша дерг ангали диллина ду. Поппаран герхишна тІе хІоттийна масех пхьегІа ю, хьарчийна маьнгина тІе йоьттина мотт-гІайба, пешахь йогуш йоккха цІе а.

Ткъа дуьххьарчу, боданечу цІа чохь, цхьана маьІІехь тІуьнчу цІенкъа тесначу истанган бІегІага тІехь, хьарчийна тиша тужурка гІевланга а йиллина, дуткъачу юргІий кІел когаш мере оьзза Іуьллуш зуда ю. И адаман овгол бегабора. Хезара вовшех еттало церган. НеІарх, корах а чу хьоькху шийла мох эттІачу юргІех чекхбуьйлу. Шелло меженаш дІахьулъян гІерташ юргІа тІеуьйзу цо, амма кхечахьа делалой, ков долу. Сихдина садоьІу. ДегІ дега-

---

[1] Хазза — дика, кхоччуш

до. ДегIа тIехь хьацар ду, амма цунна шен кийрахь ша болуш санна хета.

— Шеллуш леш йоллу-кх... Везан дела, хьан болх бу-кх... Дависа хьо дуьненан... Букъа тIехьа юргIа таIо стаг мукъане а велара...

ХIав-хIа, цхьа а вац цунна орцахвала. Маилан маьхча Асвад эвла юккъе ваьлла, цуьнан зуда Себила а суьйранна бежнаш оза ферме яхана. Товханна чухула охьа цIийна тIехьа цхьа ши эдам луьйш хеза.

Сихдина доьIу са юха а оьзна, етталун церган тIеттIа а таIийна Занус ладугIу. Цунна девза оьрсийн а, гIиргIазойн а маттахь дешнаш лехьош цхьанца къамел ден гIертачу Асвадан гIоргIа аз.

«Кхайкха-те со цуьнга? — ойла хуьлу Занун. — КIел мох хьоькхучу юргIа таIадойтур дара-кх. Я хьанна хаьа, сох къа а хетта, шайн чуьра деана суна тIе юргIа таса а мегий цара-м...»

ЮргIийн маьIиг дIа а тосий корта гучубоккху Занус. Хи чу Iоьттича санна хьацар доьлла юьхь. Цунна тIе летта Iаьржа месаш. Кхохкийчу бIаьргашна чохь лепа чухIиттина бIаьрхиш. ОьгIазен шок етташ товханна чухула охьа хьоькхучу мохо сихха шелдо юьхьа тIера хьацар. Арара гIовгIош дIатоь.

Занус шен корта юха а юргIанна кIел буллу. Юха а уьйриг хилла горгделла цуьнан эгIаза дегI дегадо, юха а еттало церган, садеIар чехка долу. Коьрте цхьа башха ойланаш хьийза, бIаьргашна хьалха хIуьтту бес-бесара сурташ...

...Генахь йисина йина юрт. Цигара исбаьхьа Iалам. Школехь доьшуш дахкхина ирсе ворхI шо. Жимчохь дуьйна цунний, Маилний юккъехь кхоллабелла безам. ЦIеххьана иккхина тIом. ХIетта ткъаясна шо кхаьчна Маил шен лаамехь фронте вахар. Зану коьртехь а йолуш колхозехь вовшахтоьхна мехкарийн звено. ТIом толамца чекх а баьлла, Маил цIа а вирзина, цуьнца цхьаьна хIусамехь гуттаренна а яха охьахаа ша сатийсар. Курскана уллохь чов хилла аьлла Маилера деана кехат. Масех бутт баьлча цхьа пост йоцуш, некха тIехь орден, медалаш йолуш виичу юьрта иза цIа верзар. Шаьшшинна дуьххьара гина буьйса...

Иза дара Занун доттагIа Асет йолчохь. Iасанашна тIе а тийжаш неIарх чоьхьаваьлла Маил, дуьхьал хIоттийна лаьттачу гIанта тIе охьа а хиъна, Iасанаш улло пенаца дIа а хIиттийна, вела а къежна, Зануга хьаьжира. Зануна гора шена хьалха хиъна Iен оза. Iаьржа юьхь йолуш, Iаьржачу месашна юккъехь сирделла чоьш долуш жимстаг. Маил хийцавеллера. БIаьргаш а бацара хьалха санна самукъне. Мел иза лечкъо гIертарх а, царна чохь гIайгIа гора Зануна.

Зану, охьа хаа ца кхеташ, ирахь лаьттара.

— ТIаккха, Зану, хьан гIуллакхаш муха ду? — хезара цунна Маилан хийцаделла аз. БIаьрхиша тIехула марха теснaчу Занун бIаьргашна хьалха шалха дийлара Маилан сурт.

— Хьо йист ма ца хуьлу? — бохура Маила. — Ирахь ма латта, охьахаа.

Зану йоккхаера, цӀа чохь шаьшшиннал сов кхин адам цахиларх! Шен берриге а ницкъ тӀе бахийтина, ца елха гӀерташ къурдаш деш, шаддаш логехь сецадора цо. Амма ницкъ кхачалуш лаьттара. Цунна гора, мацах цкъа самукъне, мегаш, каде хилла, ткъа хӀинца цхьа ност йоцуш, дуьненан самукъанех хаьдда, хеназа къаьвелла цуьнан хьоме Маил. ХӀун дийр ду цо? Хьан хьостур ду цуьнан доьхна дог? Цуьнах да-нана, йиша-ваша а дац...

Занус, ша йолччу охьа а лахъелла, шина а куьйга корта а лаьцна, дагна маршо елира.

— Хьо хӀунда йоьлху? — воьхна хьаьвзира Маил. — Я со дийна цӀа верзар хаза ца хета хьуна?

— Маил... Хьуна и лазам болучул со еллехьара... Ас хӀун де хьуна...

Зану йоьлхура. Цуьнан дог хьааре ладоьгӀуш, вист ца хуьлуш цхьа хан яллалц Ӏийра Маил.

— Уьш ма дийцалахь, Зану, — элира цо эххар а. — ТӀом — тӀом бу. Цигахь чов хуьлу, вала а ле. Со цхьанна хилла ца Ӏа хӀара лазам. Миллионаш байина, бойуш бу. Миллионаш со санна заьӀап хилла, хир болуш а бу. Ткъа сан ност а, сан са а хӀун ю? Со хӀаллакьхуьлуш, чекхбаьлла хили белира хӀара къиза тӀом.

Муха йолу а ца хууш сиха чекхъелира гуьйренан и еха буьйса.

Цул тӀаьхьа ши бутт баьлча Маиле яхара Зану. Еххачу хенахь дӀатесна лаьттина цуьнан ков-керт цӀиннйира Занун тӀаламечу куьйгаша. Керла бахам вовшахтухуш цаьршинна гӀо дира доттагӀаша а, Занун дас-нанас а. Цаьршинна-м эша а ца оьшура и бахам. Шаьшшинъ цхьаьна хилчхьана дерриге а дуьне шайн долуш санна хетара.

Моьттура ирс шаьшшиннен карахь ду, шайна цкъа а, цхьа а тайпа сингаттам, бохам а хир бац. Амма стага ца лехарх, ца бехарх, ла ца дегӀарх, иза ша тӀекхочуш хиллера. Иза кхечира, оцу шиннна кхаьчна ца Ӏеш, дерриге а халкъана.

...ЦӀемза, шийла 1944 шеран февралан ткъе кхоалгӀа де. И йоьхна еана кхаара. Хиндерг массарна а къайлехь лаьтташ бина и беха цхьана беттан некъ. Генахь бисина даймохк. Мичхьа бу а, дийна бу бац а ца хаьа маьӀ-маьӀис дӀасабаржийна гергарнаш, юьртахой.

Маилан хеназа кхалхар...

Легашка холам хӀоьттинчу Занус юьхь тӀера юргӀа дӀатесира.

— Маил... Кхин гур вац-кх суна хьо... Кхин гур вац-кха... Дехненах, йиша-вешех хилларг а ца хаьа... Массарах хаьдда цхьа йиси-кх со...

Зану шен ойланийх юкъахъяьккхира чӀогӀа неӀ тӀе а тухуш чу веанчу Асвада. Ша уьйзу са, шен дего дегӀ сацо гӀерташ къовлаелира Зану марваша цӀа чу веача. Амма Асвад, кхуьнга вист ца

хуьлуш, дехьа чу велира. Цхьаъ шегара хьал хоттуш вист хилча а шен цамгарна маслаIат хир долуш санна хетара Зануна. Цуьнан къоначу, могашчу дегIана дуьххьар кхетта цамгар яра иза. Нагахь хIара яхлахь? Дуьххьарлерчу дийнахь а уьш ништта ида боьлча, тIаьхьа хIун хир ду?

Шина цIенна юккъера неI еллаелира. Сехьа чу ваьлла Асвад цкъа-шозза чухула дIаса а волавелла, тIаккха Зануна улло охьалахвелира. Зануна хааделира цо шен букъа тIехьа юргIа теIош. Иза тоьнра мискачу зудчунна там бан.

— Зану, — меллаша, цхьанна хазарна кхоьруш санна, кхайкхира Асвад.

— ХIун бах ахь, кIант? — юргIанна кIелхьара хьала а ца таьIаш, жоп делира Занус.

— Дехьачу ялахьа. Хьоьга дан къамел дара сан.

Асвад, кхин хIумма а ца олуш, шайн цIа чу вахара.

Асвад пхийтта шо воккха вара Маилал. Шен ден шичан кIант фронтера цIа веача цунна Зану ялош, бахам метта хIоттош а дика хьийзира иза. Кхуза схьакхаьчча а, хала хан тIе хIотталц Маилан дола а дира цо. Амма, тIаккха кIез-кIезиг хераволуш, эххар а дIатесира. ТIамехь а, Iожална хьалха а атта ца вуху стаг, амма къеллина хьалха ца вухуш дукха къонаха ца волу. Ткъа Асвад къонахошца вагарван стаг а ма вацара.

Махкалла а, мацалла а ца лайра Маилан заьIапчу дегIо. Цкъа узар дина а, цкъа латкъам бина а шен дагара ца хоуьйтуш, халонийх къурдаш деш, хIара санначу боданечу, тIуьнчу цIа чохь, салтин чон кIел тийна дIакхелхира иза. Цхьа волчу гергарчу цхьана стагах а къаьстина Зану буо санна цхьалха йисира. Къона нус цхьа йита ца лиира а хаац, я цуьнан къоначу ницкъах шайн ковкертахь дечу гIуллакха тIехь пайда эца лиънера а хаац, цкъа цхьана дийнахь веанчу Асвада шайн хIусаме дIайигира иза. ХIетталц урамехь тIекхаьчча а цуьнга чомахь вист ца хилла Асвад, оцу дийнахь дуьйна дика вара цуьнца. Себила цIахь йоцуш меттиг нисъелча цхьа кана-ахьар, я хьаьжкIаш, я мукх, я шаьш юуш йисча сирла чорпа луш а меттигаш ягIара.

«Кху шийлачу цIа чохь, тIуьнчу цIенкъахь, гуьйриг санна Iуьллучу сох къахетта хир дац-те цунна, — ойла йора цо. — Дехьа, довхачу цIа чу а йигна, йовхха чорпа а малийна, маьнги тIе йижор яц-те...» ТIаьххье кхин ойла гIертара коьрте. «Нагахь со цаьршинна сов яьлла хилахь? Со иштта цомгаш кIелйисарна кхерабеллехь? Майрачуьнга со ара яккха а аьлла Себила балха яханехь? Дехьа чу а кхайкхина, марвашас со йитахь? Везан дела, тIаккха со мича яха еза! Со хьанна тIетовжа еза! Со хьанна хьашт хир ю. Шаьш шайн синошна а хIун дийр ду ца хаьаш бIарзвелла ма хьийза массо а. Суна сайн нах карабаллац, со царна тIе кхаччалц кху чохь йитахьара...»

Уьйриг хилла коьрте хьаьвзинчу оцу ойланаша Занун дегIа тIе

хоршин керла чарп тесира. Кегийрчу тӀадамашца беснешна тӀехула догӀанах охьахьоьлхура дуьра бӀаьрхиш. Садукъо санна, логехь сецара кийрара арагӀерта елхаран къурдаш. Амма, амма маршо яла ца еза делха гӀертачу дагна. Кийрахь сацо беза тӀехтаса гӀерташ кӀеж туьйсу бала...

Зану дехьа чу йогӀург хиларх дог диллина, Асвад юха а сехьа чу а ваьлла, цкъа-шозза йовхарш а тоьхна ,цунна улло охьалахвелира.

— Зану...

— ХӀун боху ахь, кӀант?

— Хьо дехьа чу ма ца ели?

Асвада цуьнан коьрта тӀера юргӀа меллаша дӀа а тесна, тӀе хьацар тесна догучу хьаьжа тӀе шен шийла куьг диллира.

— Хьо йоьлхуш ца хилла?

— ХӀан-хӀа, хьацар ду иза...

— Дехьа чу ялахьа цхьана сохьтана.

— Ас хӀун дийр ду цигахь?

— Хьоьга дан къамел дара сан, — Занун хьаьжа тӀе летта месаш дӀахьаькхна нис а йина, беснеш тӀе мосазза а куьг хьаькхира цо.

Зану меттахъхьайра. Амма, цхьана сохьтехь тӀехь лаьттинчу хоршо чуьра са дӀадаьккхина, лозуш гӀелделлачу дегӀо аьлларг ца дора.

— Дехьа чу яла гӀор дац-кх соьгахь, кӀант. ХӀинца а хорша тӀера яланза ю со. Айхьа аьндерг кху чохь алахьа, ас ладугӀур ду хьоьга...

— Корта вон лозу хьан? — коьрта тӀе юха а куьг диллира цо, — хьо дехьа чу ялаелча дика-м хир дара.

— ГӀатталур яц-кх со.

— Ца гӀатталахь хӀун дийр ду, ткъа. Кхузахь эр ду ас-м сайна ала луург, — аз хийцира Асвада... — Гой хьуна, Зану, суна ваша а, хьуна хӀусамда а эшаре ца хьожуш, делан Ӏожалца Маил дӀакхелхина. Мел шена дукхавезарг валарх висинарг ца ваьхча ца волу. Хенан йохалла велларг а вицло. Стага зуда а ялайо, зуда маре а йоьду. Ткъа хьо къона а, хаза а ю. Майрачуьнца цхьана шарахь бен ца яьхна хьо. Майра веза хан ю хьан...

«ХӀан, хӀинца хуьлуш доллу со кхийринарг, — даг чу тесира Зануна, — йита а йитина со араяккхха воллу хӀара...»

— Амма маре яха а, зуда яло а хала хан ю хӀара. Ас-м баттахь а, шарахь а тханца кхобур яра хьо, тӀаккха тхуна а кӀордо гам бу хьо. Кху чуьра оха араяьккхича тӀе яха меттиг а бац хьан. Хьайн нах мичхьа бу а, дийна бу бац а ца хаьа хьуна. Цхьаммо къахетта тӀелоцур ала меттиг а бац хьан. ХӀоре а воллу шен дегӀ хенс ца даккхалуш.

Мел лерина ладегӀарх хӀинца Занунa ца хезара марвашас дуьйцург. ХӀинцале а цунна ша, оцу шен юргӀин тӀелхигца, чу яха

хIусам а йоцуш ерзинчу стигли кIел, цхьанхьа йоьжна Iуьллуш гора.

— Ас хIун дан деза, со мича яха еза! — шен бертаза узарца мохь белира цуьнан.

— КIелхьара яла цхьа некъ бу хьуна, Зану. Хьо соьга ерза еза...

Шен дегIа тIе кхехкаш долу хи тоьхча санна ягийна, шен хьаьжа тIе диллина Асвадан куьг дIа а кхуссуш метта кIегар охьахиира Зану. Цкъа а ца хилча санна тIепаза яйра дегIа тIера хорша. Мацалла гIелйина овкъаран баса йирзина оза юьхь даI санна цIийелла йогIура. Цунна гора мокха цергаш гучу а яьхна, цхьа кIанцIар жIаьла санна къежаш шега хьоьжу Асвад, цуьнан эхь дайна тешха ши бIаьрг.

Зану шена тIе кхета йоллуш санна хетаделла, Асвад шершана вухахилира. Амма зудчун дагахь кхин дара. Оцу йоццачу юкъана цуьнан бIаьргашна хьалхахула хьийзаш чекхдийлира и тIаьххьара масех шо. Школан шераш, шен а, Маилан а безам, иза фронте вахар, цуьнга ладоьгIуш, цунна бохам хиларна кхоьруш, и цIа верзаре сатуьйсуш кийра ша боьллича санна ша текхна ши шо; ност йоцуш иза цIа верзар, Асет йолчохь шаьш цхьаьнакхетар, цуьнга маре яхар; цIера даьхна де а, малхбале щхьана беттан некъ, везарг кхалхар... Маил веллачул тIаьхьа, зуда цIера мосазза йолу, Асвада шен йина терго...

— Асвад! — дегочу озаца дуьххьара цуьнан цIе яьккхира Занус. — Хьо ма варра ца вевзаш тахханалц кху хьан тхов кIел буьйсанаш яьхна ас. Кху керта йогIучу дийнахь елла хилла елира со. Эхь ца хета хьуна сан юьхьа дуьхьал хьажа? Сан цIийнда-х хьан ден шичан кIант, хьан ваша вара. Цуьнан коша тIе доьттина хи а ца дакъаделла. Хьуна со мила ю моьттура?

Асвада шен йола-йоцу майралла тIегулйира.

— Сацае и хьайн муцIар! — тIечевхира иза Занунa.

— ХIан-хIа, Асвад, ас сайн муцIар сацор яц, ткъа хьайниг сацор ю. Хьуна хьайн маьхча Маил вицваларх, суна ца вицвелла. Вицлур а вац суо дела эхарта яххалц, — Занус шен дага тIе буй туьйхира. — Иза-м кху чохь вай, Асвад. Хьуна хIун моьттура? Со къона хиларх, цхьана шарахь бен майрачуьнца цхьана ца яхарх, со майра везаш лела-м ца моьттура хьуна? Со цIийнда а велла, йиша-вешех а яьлла, гIаддайна, цамгаро а лаьцна кху хьайн сени чохь охьайоьжча, ас сайн сий а, оьздангалла а юхкур ю-м ца моьттура хьуна? Бакъ дац, Асвад, хьуна моьттург! Сан кийрахь детталалург-м нохчийн зудчун, оьздачу зудчун дог, пхенашкахь кхехкарг нохчийн цIена цIий ду. Амма хьан дог а, цIий а шекончохь ду!

— Сацийта ца боху хьоьга, йилбаз! Цхьанна хозуьйтур ду ахь.

— Хезан шена! Дависарг яI, ас тIе а яьлла мохь тоьхча дуь-

иенна а хезар долуш цхьа лекха лам белира, адамашна ма варра вовзуьйтуш хьо дIакхайкхо! Эхь хетар дарий хьуна? Дацара къорIанора-кх! Эхь хета юьхь а, яхь а мичхьа ю хьан!

Зану, шен тужурка тIе а юьйхина, дегочу куьйгашца шен юрга а, истанг а дIахьарчо хIоьттира. ТIаккха царна тIехула къевллина бухка а бихкина, уьш шен ги а тийсина, сонехь Iуьллу ша дечке лело жIоммагIа кара а эцна, араяла кечъелира иза.

Асвад кхеравелира. ХIинца араялийтахь цо-м иза нахала воккхур ву. Цаьршинна хилла къамел цхьанна хазахь, иза велла дIаваллалц цуьнгахь безам хир бац цхьана а стеган. Зударшна, тIехула тIе гергарчу зудчунна, ямарт хиларал доккха эхь ма дац нохчийн. Иштта стаг тIулгаш детташ къиза вуьйш, юьртах а, махках а воккхуш хилла. Ткъа несана ямарт хилла бохург дуьйцу хезна а дац. Кхеро еза хIара.

— Ахь хIун до? — Занун некъ лецира цо.

— ХIун до бохург хIун ду? Арайолу-кх. Кху хьайн ямарт цIа чохь со кхин дIа а юьсур ю-м ца моьтту хьуна?

— Араяьлла стенга гIур яра хьо? Хьуо дага йоьхна Iеш бу-м ца моьтту хьуна нах?

— Дуьне доккха ду. Сайн Iожална меттиг миччахьа а карор бу суна. Кху чохь ялар а сийдоцуш хета суна. Ткъа нахах жоп ахь ма ло. Хьо санна боьха дац адамаш...

— Ас хьоьца йинарг-м забар ярий...

— ХIаъ, оьзда забар ю иза-м!

Ша бохург ца хуьлийла хиъна Асвад ша лелийнарг кхечу агIор дерзо гIоьртира.

— Хьо нах безаш ю бохуш хезнера суна. Цундела хьо зен гIоьртира со...

— Зеелин хьуна?

— Со тийшин наха дуьйцург бакъ цахиларх. Хьайн сал-пал охьайилла. Вайшинна юккъехь хиллачу къамелах лаций цхьана а адаме цкъа а бага ма гIаттае. Нагахь ахь цхьа дош аьлла меттиг хаалахь, ас адамана хIума ца хоуьйтуш са доккхур ду хьан. Охьа яхка хьайн гира хIуманаш!

Занун гира юргIа, истанг а схьадаккха дагахь тIе куьг кховдийра Асвада. Амма цхьа гIулч юха а хилла, Занус куьг тIехьа а дохуьйтуш жIоммагIа хьалалецира.

— Сох куьг ма Iотталахь, ас диг тоьхна корта батIор бу хьан! Хьан несалара со дIаяьлла, суна хийра стаг ву хьо. Некъ бита суна!

ОьгIазаллих буьзна цIе санна богучу Занун бIаьргашна чохь бохалур боцу сацам гина Асвад, кIилло юьстах а иккхина, дехьа чу велира.

Мийра тоьхна неI дIа а йиллина араяьллачу Зануна лергашкахь дера шок етташ дуьхьал кхийтира Iаьнан тIаьххьарчу денойн шийла, тIуьна мох...

Асвадан кертара араяьлла Зану, урамехь ехха лаьттира, ша мича гIур ю ца хуьуш. Хелипат дагаеара. Амма иза юьртан дехьа йистехь гена яра. Цига дIагIерта дегIехь ницкъ бацара. Цхьа-ши цIа дехьа тоьли чохь Iеш долу бераш дагадаьхкира цунна. Царах воккхах волу кIант Решед дечке баханчохь цкъацкъа ЗанугIарца нислора.

И буьйса оцу берашна юккъехь а яьккхина, шолгIачу дийнахь Iуьйранна хьалххе Хелипат йолчу яха дагахь шен мотт-гIайба ги а тоьхна новкъа яьлча, ша хIун до а ца хууш эвлал араелира. ХIор дIа тосучу гIулчаца дегI гIелдала доладелира. Гира мохь беза бацахь, амма кийрарчу балано кIез-кIезиг еаттош букар хьовзийра нийса букъ. Цунна ца хаалора цIеххьана тIеделха доьлла, раз юьхьа дуьхьал деттало шийла догIа, дегIах чекхбуьйлу шийла мох. ДогIанах а ийна, беснешна тIехула комаьрша охьахьалхинчу бIаьрхиша хIоттийнчу дахкаро долчу тIе а кхолийнера цунна и йочане де.

Урамехь дуьхьал кхеташ стаг вацара. Массо а шен-шен хIусаме воьллинера цIемзачу дийно. Диттийн дерзинчу генашна тIера мела охьаледара догIанан тIадамаш. Мотталора уьш а шеца цхьаьна къаьхьа бIаьрхиш Iеном доьлху.

Ткъа Зану хьалха дIайоьдура. Цо хIинца тергал а ца бора хатт, ца ларйора когара хIетталц ша лерина ларйина Маилах йисина хахолаш а. Иза хьалха дIайоьдура, амма стенга йоьду шена а ца хаьара.

Стенга гIур яра иза? Асвада ма аллара, цхьа а вацара иза шайн хIусаме яре сатуьйсуш. Вац цхьа а юьртахо а, гергарнаш а. Цхьа волу цхьа юьртахо, марваша Асвад а ямарт хили. Мичхьа бу-те биснарш? Ца хаьа. Хьаьнга балхо беза дагна Iаьткъина къаьхьа бала? Вац цхьа а.

«Вац цхьа а. Сайн нах лоьхуш бIаьргаша юьгучухула дIаяхча? ХIан-хIа, тIаккха а гена гIур яц. Баттахь шозза вогIу комендант нохчашка куьйгаш таIадайта. Иза ван ши де бен ца дисина. Куьг таIо шена тIе ца еача цунна хуур ду хIара едда яханийла. ТIаккха тIаьхьа орца доккхур ду. Я орцане а ца хьожуш, хьалха тIекхаьчначу милцочо юхаялор ю. ТIаккха хан тоьхна Сибрех йохуьйтур ю...»

Зану юьртал ара а яьлла, ша къаьстина гу тIе хьалаелира. Кхузахь нохчийн кешнаш дара. Дуьххьара дIавоьллинчу шинна-кхаанна гIевланга хIиттийна, халла къаьсташ тIе цIераш а, терахьаш а яздина шога тIулгаш. Жимма тIаьхьо беллачеран гIевлинга йоьгIна IондагIан дечгаш. Царна тIера йозанаш тоххар дайна. Ткъа дисинчу кешнийн гIевлангахь йоьгIна хIумма а яц. ТIе буц яла а кхиале бицбелла оцу баьрзнашна кIел берш. Церан тIаьхьенаш дIаевлла, я мацалла Iохкуш ю. Белларш дагабогIучохь дац дийначийн хьал.

* * *

Кешнийн баьрзнашна юккъехула хьийзаш йоьду иза. ГӀевланга боьгӀна гӀамаран лоха тӀулг а болуш, тӀаламечу куьйгаша боккхачу безамца хьаьхкачу кошан борзана тӀехь соцу цуьнан ши бӀаьрг. Цигахь дӀавоьллина цуьнан хьоме Маил. Цунна тӀе йогӀу иза даим а шена бала базбелча. Кхузахь Маиле далхадо цо шен дог. Цуьнан бӀаьргех Іенначу мелчу хиша кхиийна оцу кошан борза тӀера юшанан корсам.

Зуда цкъа кошан гӀевланга охьалахло, тӀаккха цхьа дуьхьало хьаьддачу хих тера, цӀеххьана мохь олий, барз мара а къовлуш цунна тӀе южу. ХӀан-хӀа, иза зударийн цӀогӀане елхар дацара. Дуьххьара баьллачу маьхьарна тӀаьхьа хезара беха узам. Шен садукъдала доьлча логе ка а детташ, гӀайри тӀе теснач у чӀеро санна бага гӀеттош, юьхь сенъелла, халла са уьйзура цо. ДегӀера ницкъ эшар дара а хаац, я елхар дог хьанйна дара а хаац, амма зудчун елхар тӀаьхь-тӀаьхьа лагӀлуш, эххар а дӀатийра.

Якъаеллачу баца тӀе деттачу догӀано кӀеда татанаш дора. Ши бӀе метр бен гена йоцчу школехь бехха горгали бийкира. Цуьнан зов дӀате а кхиале, зевне маьхъарий а детташ школан чуьра арахьаьлхира бераш. Амма Занун а уьш цхьа а гуш а, хезаш а дацара. Цунна ца хаьара школана уллохула ша тӀехйолуш корах арахьаьжначу Николай Кузьмична ша гиниййла а, тӀаккха араваьлла иза шена тӀаьхьа хьоьжуш хӀоьттина лаьттинийла а, хӀинца иза Іасанна тӀе а тийжаш оцу догӀанехула кешнашка хьала гӀерташ вуйла а...

«Маил, сан хьоме Маил, ас хӀун де-те? — бохура Занус шабаршца ша шега, — хӀунда ца ели дала вайшинна цхьаьний Іожалла? Гой хьуна со, цхьаъ бен воцчу хьан маьхчан ямартлоно ара я яьккхина, тӀетовжа верас воцуш кху доьхначу дийнахь хьо волчу еана? Деле со ехахьа, Маил, дӀайигахьа со кху къизачу дуьненара...»

ЦӀеххьана цуьнан даг чу иккхира воккха стаг Іабдул-Іаьзам. Цхьаммо цуьнан цӀе йоккхуш, ша цунна тӀехьоьхуш санна хетаделира цунна. Меллаша хьала а нисъелла, куьйгах летта хьаьрса поппарш а ца гуш, уьш бистинчу бӀаьргех а хьаькхна шен юьхь мажйира цо. Воккха стаг дагавеача, цхьабоккха мохь шен гира охьабоьжча санна са паргӀат делира цуьнан. Ша а цецйиййлара иза хӀинццалц шена Іабдул-Іаьзам дага ца варах. Иза ма ву дан амал доцуш кӀелвисичун гӀо деш. Цуьнан гӀийлачу хӀусаме ма йоьду хӀинца Зану санна массарех хаьдда йисина зуда, байлахь дисина бер. Зударийн гергарнаш лоху, бераш Іедалца гӀайгӀа а бой берийн цӀеношка дӀало. Занунa дуккха а ма хаьа цо дина дика гӀуллакхаш. Иза тешна яра, шена и нийса некъ Маила гайтина хиларх.

Оцу ойланаша дӀалаьцна Іечу зудчун белша тӀе цхьаммо дайн куьг диллира.

— Ахь хIун до, Зану, кху доьхначу дийнахь кешнашна юккъе а хиъна? — кIеда-мерза бехкаш даха вуьйлира иза. — Бистина ши бIаьрг, хотташа юьзна юьхь, ткъазевлла бедарш. ХIан-хIа, кхузахь цIанлур яц хIорш. Яло, дIога татолага тIе а гIой, хьайн юьхь-куьг дила.

Зану дуьхьало ца еш, йист ца хуьлуш татол долчухьа дIайолаелира.

Шена хьалхарчу коше леррина хьежа хIоьттира Николай Кузьмич. Цунна шера девзира Маилан каш. Шина фронтовикана, шина заьIапхочунна юккъехь чIогIа гергарло тасаделлера цига нохчий балийначу дуьххьарлерчу деношкахь дуьйна. Амма цунна ца хиънера Маил цомгаш хилар а, иза дуъххьал дIа мацалло кIелвитина хилар а. Цунна ца хиира иза вала воллучу хенахь а. Маил дIавуллучу дийнахь нахаца цхьаьна кху кешнашка веара Николай Кузьмич, амма баккхийчу нахана ша кешнийл чоьхьа волийла ца лаьийла а хиъна арахьа сецира иза.

— ХIаъ, доттагIа, декъаза хили хьан Iожал, — элира цо доккха са а даьккхина. — «Даймахкехьа, Сталинехьа!» бохуш, шийла автомат хьалха а лаьцна фашисташна тIе хийла атаке ихна хир ву-кх хьо. Иштта эзарнаш нохчийн кIентий а. Мила ву-те хьуна а, хьан жимчу халкъана а бохамна харц дош аьлларг? И хаттар ахь дукхазза а дира соьга. Ткъа суна ца хаара хьуна жоп дала. ХIинца а ца хаьа. Амма хуур ду. Хено къастор ду дерриге а. Бехке волчуьнга луьра жоп доьхур ду. Цунах тешалахь... Ткъа хIинца паргIат Iилла хьо.

Дог доьхна Николай Кузьмич Iасанна тIе а тийжаш, Зануна тIевахара. Юьхь-куьг дилина а яьлла, шен юьхьах юргIан маьIиг хьоькхуш йоллура иза.

— Гой хьуна, хIинца цIанъели хьо. Дийцал хьайна хилларг.

— ХIумма а ца хилла..

Занун бIаьргаш юха а хих дуьзира.

— Бакъ дац и. ХIуъа хиллехь а цхьа цатам хилла хьуна. Суна цкъа а ца гина хьо иштта гIийла, догдоьхна.

— ХIумма ца хилла, Николай. Дуьххьал дIа са а гатделла Маилан коша тIе хIотта еанера со..

— Ткъа мотт-гIайба стенна лелайо ахь гехь?

Шен бIаьргех хьаьлхина хиш къайладаха дагахь керара диг охьа а дожийна, иза схьаоьцучух охьатаьIира иза.

Цкъа ойла хуьлура цуьнан шена хилла бохам цхьаьнгге а ца бийца. Амма зудчунна кийрахь сецо тIех беза бара цуьнга кхаьчна бала. Ша иза балхийча жимма а сина паргIато хир йолуш санна хетара. Ткъа мила ву цул тIаьхьа Николайна санна Маил везнарг? Цхьа а вац. ХIуъу хилахь а дуьйцур ду цо. Амма Зануна Iаламат кIезга хаьа оьрсийн мотт. Ткъа цуьнгара бала балхо-х ненан мотт а тоьар бац.

— Чу яха меттиг боцуш йисна со..., — элира цо беснеш тIера

бIаьрхиш пIелгашца дIа а хьоькхуш.

— И бохург хIун ду? Хьо марваша волчохь Iеш ю ма элира ахь селхана. Цо ара-м ца яьккхина хьо?

— ХIан-хIа! Нохчийн закон дац хьаша, гIаддайнарг чуьра аравоккхуш. Дуьххьал дIа со суо араяьлла... Уьш шаьш а халла бохкура...

— Ткъа хьан хьайн гергара нах бац?

— Бу, амма мичхьа бу а хаац.

— ХIаъ, хьо-м царах хаьдда лелий. Дицделлера суна. Мичхьа бу хиъча а, царна тIе гIойла а ма дац хьан, — ша шега луьйш санна элира Николай Кузьмича. ТIаккха цIеххьана, эсала вела а къежна, тIе а вахана Занун пхьарс лецира цо. — ХIумма а дац, Зану! Чу ерза хIусам йоцуш а, меца а юьтур яц вай хьо. Яло, Зану, ийза ма ло. Дика денош тIекхаччалц оха тхайца кхобур ю хьо. Цхьадика, кху некъехь цхьа уборщица балхара дIаяьлла тхан. Цуьнан метта балха йохуьйтур ю ас хьо. Ткъа, хенан йохалла гергарнаш а карор бу. Ас дош ло хьуна, мацца а цкъа хьо а эцна хьан нах болчу хьошалгIа ваха. Хьанна хаьа, шу-м шайн махка цIа дерза а мегий. Дийнна халкъ махках а даьлла дукха латта йиш яц. Гур ду хьуна, тIом чекхбаьлча, дерриге къасто аьтто нисбелча, партис шаьш цIа дерзош...

Занун юьхь, ша шен нахана тIекхаьчча санна, цIеххьана екхаелира.

— Манла а олура иза. Ткъа Маил цкъа а харц ца лоьра...

— ХIаъ, Маил дог цIена стаг вара. Шена тIехь мел къиза харцо йинехь а, иза а тешара и гIалат нисдийриг хиларх. ХIан, уьш хьехор дац вай, яла, цIа доьлду вайша. Хьо тхан кора уллохула тIехйолуш а гина, Машас хьо чу кхайкха ванйтина со.

Занус шен дегIа тIехула бIаьргаш кхарстийра. ТIеда, хотташа юьзна бедарш. Ги тесна тиша мотт-гIайба. ДегI а дац цIена. Довхачу цIа чу ма яьллинехь, юха а кIамдала доьр ду иза.

Шаьшшинъ школан кевне кхаьчча, Зану сецира.

— Николай, ахьа чIогIа сапаргIат даьккхи сан. Хайти со цхьа йоцийла. Ас цкъа а диццийр дац тахана ахь сан дог эцар. Баркалла.

— Хьалхе ду ахь суна баркалла ала. Нагахь санна, мацца а цкъа дерриге а вайн дегнаша ма боххура нислахь, тIаккха эр ду вай вовшашна баркалла.

— ХIан-хIа, Николай, хIумма а хьалхе дац. Дуьззинчу шарахь зийна оха шу. Ткъа хIара хала шо бIешеран новкъа ду. Шаьш халонгехь бохкушехь кхузарчу цхьаболчу оьрсаша а, гIиргIазоша, узбекаша а доккха гIо до тхуна. Иза дицдан йиш яц тхан. Ахь суна тахана динарг доккха вошалла ду. Баркалла хьуна, Николай. ХIинца араяьлла ас сайна цхьанхьа хIусам тарйийр ю.

— Муха? Хьо тхоьца Iен барт ца хилла вайшиннен?

— Шуьца Іиййр ю бохучух гІуллакх хир дац сан. Амма ахь со балха яхийтахь, суна берриге дика болх бинарг ву хьо.

— Ой, хьуна тхоьца Іен ца лаахь, ас школехь хьайнна Іен жима цІа лур ду хьуна.

Занус гІайгІане корта хьовзийра.

— ХІан-хІа, Николай. Со-м хазахета а Іийр яра шуьца. Суна сайна а атта хир дара. Амма шена луург дерриге дан а ца тарло.

— ХІунда?

— Ши бахьана ду суна иовкъарло йийриг, — Занус доккха са даьккхира, — цкъа делахь, гергара стаг а воцуш йолу къона со нохчех дІа а къаьстина, юьстах яха охьахиъча, наха цхьа эладита кхолларна кхоьру. ШолгІа делахь, массеран а боцу аьтто сайна а лехна дІакъаста а ца лаьа. Массарех хирриг хир сох а.

Николай Кузьмича ойла йира. Занус далийна бахьанаш нийса хийтира цунна.

— Ткъа мичхьа Іен йоллу хьо?

— Іабдул-Іаьзам волчу а яхана, цунах дагаер ю со. Хелипатан хІусамехь Іен а мега.

— Іабдулла Іаламат дика стаг ву. Цунах дага яла мегар ду. ХІун ду а хаац, иза гича, сайн да гича санна хета суна. ТІехула тІе и миска хьо санна шен нахах хаьдда висна а ву. Амма цхьа хІума тІедуьллу ас хьуна. Суьйранна тхайца пхьуьйре яр. ХІинца цкъа-м аьшпаш боьттина кІелхьара вер ву со Машас барт беттарх. Делахь хІета, юха вайна галлалц!

Зану дІа а йолаелла, юха а сецира.

— Николай, — йистхилира иза халла хезаш. — Ткъа со... со балха маца йола?

— Кхана Іуьйрре йогІур ю, хьомениг. Цунна сапаргІат хила. Дерриге а суьйранна дуьйцур ду вай. Ой, маьІІаргонна вицлора-кх со! Хьо йогІуш Іабдул-Іаьзам а, Берса а валавехьа. Ас а, Машас а чІогІа дехар деш кхайкхина ала. Башха шуна бан таммам бац тхан, амма ерг даккхийдеш лур ю.

...Ткъа стигла кхоьлина юхаерза ца туьгуш тІейоьлхура. Некъа йистехула охьадолчу хорша буркъаш туьйсуш, керчаш, хьере хьаьлхина йоьлхура мокха Іовраш. Амма Зануна хІинца ца хаалора и шийла догІа а, мох а. Цхьа сахьт хьалха язъелла егочу настаршна чу ницкъ беанера, ког байбеллера, паргІат доІура са а.

— Зану! Ца йогІуш ма Іелахь! Іабдул-Іаьзам а, Берса а валавелахь! — хезара цунна тІаьхьа бетта мохь.

Занун бІаьргех хьаьлхина хиш беснешна тІехь догІанах дІанийра. Амма уьш цхьа сахьт хьалхалера хиш дацара. ХІинца иза йоккхаерна йоьлхура. Муха ца йоьлху? Иза хІинца цхьа яц. Ткъа, хьанна хаьа, Маша ма-аллара, хІинца Николайс ма-чІагІдарра, иза-м цхьана дийнахь шен дех-ненах, йиш-вешех а кхетта даймахка цІа ерза а мегий...

## XI

Ги тесна тӀоьрмиг а, коча тийсина таьлсаш а долуш, берзина когаш тӀуьнчу лаьттах а бетташ вогӀу Мансур лекха гу хадош шина берда юккъехула чекх ваьлла, гун вукху агӀонна тӀе ваьлча, хьалха гира хӀетта сенарш этӀо доьллачу стоьмийн дитташа хаз-йина узбекийн йоккха юрт.

ШолгӀа де ду и шиъ гӀаш Наманганера схьавогӀу. ШолгӀа де а чекхдели. ДӀабуза лаьмнашка тӀе бахбала гӀерта малх а. ШолгӀа буьйса а тӀекхаьчча яьллера. ШолгӀа буьйса хилла а ца Ӏа цаьр-шиммо некъ бен. Тахана бархӀалгӀа де ду и шиъ луларчу областе-ра схьаваьлла. Карасура Намангане цӀерпоштаца веана и шиъ, ткъа бисина беха некъ беррнге а гӀаш бина. Бакъду, гӀалара ара-вала а, араваьлча Караташе боьдучу новкъа вала а ца хууш На-манганехь ши де дайна цаьршиннен. ТӀехула тӀе, дӀа ког мел баьккхинчохь бакъонаш хоьтту. Кхузахь атта вевза кавказхо. Хьо кавказхо велахь нохчо, я гӀалгӀа, кхарачай я балкхаро хила ма веза. Хьо царех велахь спецпереселенец а ма ву. Ткъа спецпересе-ленцан бакъо ма яц ша вехачу районера дӀасавала. Спецкоменда-турин бакъо а йоцуш дӀасавалахь ткъе пхи шо хан ю хьуна. Иштта ду Молотовс буха куьг яздина закон. Цундела, дуьхьал мел кхет-тачун, муьлхачун а бакъо ю хьан документаш хатта а, хьо юьрта чу ца вита а, юьртах ара ваккха а. Амма Матин а, Мансуран а ка-рахь бакъо ю. И шиъ Покровке воьду. Цигахь ву Матин ваша Ха-лид, цаьршиннан цхьа кӀеззиг гергара нах а.

Амма хала ду-кх къеначу Матина а хӀара гена некъ бан. Къе-наллина тӀе мацалла, цамгийла. Пехашца йовхарш ю цунна. КӀел-висина волуш лаьтта. Цхьаммо а машина сацайой ткъа хӀара шиъ тӀехаа? Хьанна оьшу и ши тӀуьйлиг? ХӀумма а дац! Мухха кхаьч-ча а дӀакхочур ву и шиъ. Йиш-вешина, юьртахошна тӀекхаьчча йицлур ю лайна халонаш.

ХӀара а ю-кх и шиъ шайх чекхвийлла иттаннаш ярташ санна юрт. Гомий урамаш. ТӀе латта а тесна нийса тхевнаш а тохкуш ди-на поппаран цӀенош. Гонах поппаран баролашца го къевлина юькъа бошмаш. Къаьсттина дукха ю кемсаш. Бакъду, хӀара юрт йоккха ю. Тамаша а бу райцентр яцахь.

Охьа чу хьоьжуш Ӏечу Мансурна гира дехьа басахула меллаша ког боккхуш юьрта вулуш воллу Мата. Къена велахь а, иза Ӏасан-на тӀе ца тийжа. Букъа тӀехьа ши куьг а дуьллий, лохха назманан мукъам а беш вогӀу иза. Наггахь саца а соций, бӀаьргашна тӀеху-ла куьг а лоций, хьалха дӀахьожу. ТӀаккха а дӀаволало. Цунний, Мансуринй юккъехь ши километр хиллал некъ бу. И некъ цхьана сохьтехь бина Матас. Иза бӀаьргана къайла валлалц хоий а Ӏай, тӀаккха тӀаьхьа воьду Мансур. ХӀинца а, иза юьрта вулуш воллуш гича, хьала гӀеттина шен ларчех тасавелира Мансур. Ларча-м яй ю. Кхузткъе итт шарахь дуьненахь ваьхначу , шовзткъе пхийтта

шарахь къахьегначу къеначу Матина бисина бахам и бу. Наманганехь жоьлгаша лачкъийна цо оццул лерина Іалашдина духар а: даточу бустамашца кечдина Іаьржачу исхарин чоа а, дато доьхка а, хьеса кІужалшца кечйина кІайн башлакх а, бухаройн холхазан боьмаша куй а, кІеда ши маьхьси а. Шо хьалха оцу духарца яра детица кхелина шаьлта а. Амма иза, хІорш махках бохучу дийнахь, цхьана майора хьажийта ло аьлла Матегара схьа а эцна, шен юкъах йихкира. ХІинца къеначу Матин атталгІа духар а дац. ЭттІа калда а яьлла кхозу тІаьххьара гІовтал, аьхна хеча а, тІергІа пазаташ а, калош а. Юкъах дихкина гата а... Цхьадика Іаламо къинхетам бина хІара денош маьлхе, довха а даьхки. Иштта а ца хиллехь хІун дийр дара цаьршиммо. Новкъахь даьхначу денойх дукхах йолу хан ерзиичу стигли кІел йоккхуш ма ву и шиъ. Милцоша буса вокзалан залашна чохь а ца вуьтура. Чайханщикашна а ца дезара хІара мезаш дуьзна ши адам. Мези-м гуш а ма дацара. Матина йовхарийн цамгар яра. Сих-сиха йогІучу йовхаршна цо дІатийсара юккъе цІийн пхенаш а хІиттнна соьзе шатт. Юххе даькххина лелош деса консервни гІутакх дара цуьнан. И йовхарш яра вокзалехь а, чайханахь а, цІерпоштан вагонна чохь а нахана и шиъ сов ваькххинарг, цу шиннах адам къехкарг. Делахь а дерриге адамаш а ма дац вон. Адамалла дерш дукха ма бу. Цара дІатарвора тхов кІел, рагІу кІел. Нагахь, цхьа хІума а лачкъийна вадахь олий, цаьршиннан документаш шайга дІа а оьций.

Сийсара а цхьана маьІІаргонна арахь висара и шиъ. Цхьадика, юьрта юккъерчу пхьалгІин неІаре нисвелла и шиъ пхьеро ша волчу чохь витира буьйса яккха.

Ткъа тховса? Хаац тховса мичхьа Іер, хІун юур а. Цаьршиммо некъана кечбина мекхан цу а тахана тІаьххьара чекхбаьлла. Кхин йохка а, хийца а хІума яц. Таьлсаш-м ду. Амма хьанна оьшу уьш?

Лаха чуьра хьала узбекийн иллин мукъам хезара. Герга мел гІоьрти Мансурна озах хиира иза кегийрех стаг вуйла. Иштта дан а дара иза. Некъо гола туххучохь цунна тІеІоттавелира вира тІехь вогІу цул воккхо узбекийн кІант. ТІеюьйхина кІайн-сийна мохаш йолуш халат, юкъах дихкина цІен йовлакх, четахь книгаш. Новкъара нацкъар а ца волуш Іечу Мансурах бІаьрг кхетча, кІентан илли цІеххьана хедира, ткъа тІекхаьчча вир а корта сацдор а баькххина сецира.

— ХІара хІун юрт ю? — хаьттира Анзора.

— Янги-Курган.

— Ткъа Караташ район гена юй?

— ДІога, лаьмнашкахь, — хьала пІелг хьажийра кІанта.

Изза олура селхана дуьйна дІа мел хаьттинчо. Морхашна а, дахкарна а юкъа хьаьрчина го и Іаьржа лаьмнаш генахь а дац, сарале шаьшшиъ царна тІе хьала вер ву моьттура Мансурна селхана. Ткъа уьш тІе мел гІоьрти дІа хуьлуш санна хІинца а генахь дара.

— Маса километр некъ бу цига?

— Ткъе итт-шовзткъа.

«Кхин некъахьовзам боцуш дIагIойла хилахь а, шина дийна некъ бу-кх, — ойлайора Мансура кIентан четарчу книгашка а хьожуш. — Схьахетарехь, школера вогIуш ву хIара. Милици юй-те кхузахь аьлла, хьаьттича хIун дара-те..? ХIан-хIа. Цецвер ву тIаккха».

— Район ю кху юьртахь?

— Муха район? — ца кхийтира кIант.

— Масала, районан берриге хьаькамаш болуш хуьлуш йолу юрт юй хIара?

— ХIаъ, ю.

«ХIета, милици а ю-кх кхузахь. ТIе кхаьч-кхаьччо ша-ша бен ца лоцу моьттуш, юьртара аравалале уьттуза лоцур ву».

— Доьшуш хир ву хьо?

— Ву.

— МосалгIачу классехь?

— УьссалгIачу.

«Тхо махках ца даьхнехь со а хир вара Михайловскехь хьехархойн техникумехь доьшуш...»

— Тахана хIун число ду? — тIаьххьара а хаттар дира Мансура

— Ткъе кхоалгIа февраль.

— Баркалла хьуна, дIагIо... — юьстах ваьлла кIантана некъ битира Мансура. Ткъа кIанта шен вир шина а чоьже кIажаш а таIийна хьалха човхийра. Кегийчу гIулчашца чабол эцна вир бердашна юккъехьа къайлаелира.

«Ткъе кхоалгIа февраль... Тахана нисса шо кхочу-кх тхо махках даьхна. Шо кхечи-кх гойтуш бехк боцуш, йиннарг кхел йоцуш махках даьхна тхо сийсаздеш. Ткъа оха, Iовдалчу бераша, сатийсира ворхI класс чекх а яьккхина деша даха. Ас а, Решеда а сацам бинера, хьехархойн техникум чекх а яьккхина, школехь болх бан... ХIун хилла-те цу шиннах? Дийна вуй-те? Я со санна ги ларча а тоьхна цхьанашха волавелла лела-те?..»

Гонах керт йоцуш тесна лаьттачу цхьана бешарчу лекхачу акхтарга кIел садаIа охьахиира и шиъ. Наггахь стаг а тIех ца волура цаьршинга мичара вогIу, стенга воьду ца хоттуш. Оцу цхьана шаро массо хIуманах а тешамза баьхна, сема, ларлуш хила Iамийнера нохчий. Цундела шимма-кхаамма шайга и хеттарш дича, сорсаваьлла и шиъ сихха цигара дIавелира. Мансурна ца лаьара районан центарна юккъехула чекхвала. Карахь документаш доллушехь а сецош новкъахьовзам бора цаьршинна. Цундела юьстах пе бетташ юьртан дехьа маьIIе а ваьлла, жимочу хин лекхачу тогIина тиллиичу тIай кIел сецира и шиъ. Кхин дIагIертийла дацара. Цкъа делахь, хIуъу таро йина а, жимма мацалла юха ца ерзийча ца нолура, шолгIа делахь, суьйре герга гIертара, охьавижа меттиг таръян а дезара.

И шиъ хиъна Iеччохь лаьттах бухдолуш шийла шиъ шовда дара. Мата ламаз а дина, кера суьлханаш а лаьцна ойланашка ваьлла дIатийра. Вист ца хуьлура Мансур а. Цаьржиммо кIелхьарвала некъ лоьхура. Мансур шен ойланех юкъахваьkkхира чуьчча пхьаьрсаш даьхна деана цаьршинна тIехула тIай тIехь сецначу оьрсийн къоначу зудчо а, стага а. Вовшашца забарш еш, доьлуш деана и шиъ кху шиннах бIаьрг ма кхийтти забарш, беларш дитина, лохха къамел деш сецира. Иттех минотехь цигахь хIоьттина а лаьттина, цаьршинна тIедеара и шиъ.

— Суьйре дика хуьлда шун! — голаш тIе лахвелира йоьIан накъост. — Шуьшиъ хIун деш ву кхузахь?

— СадоIуш, — дегаза жоп делира Мансура.

— Кхузахь садаIа мегар дац. Ца го хьуна тIуно, — лаьттах пIелг Iоьттира къоначу стага. — Кхузахь гена йоццуш чайхана ма ю. Ткъех метр дехьа. Цигахь хаза довхачу цIа чохь садоIийла а, довхха чай молийла а ду.

— Ахча дац тхан...

Стаг а, йоI а вовшашка хьаьжира. Мансурна гира стеган юьхь кхоьлаш. Цхьана юкъана вист ца хуьлуш а Iийна, тIаккха и шиъ мичхьара вогIу а, стенга воьду и аьлла хаьттира цо. Кхин дIа цуьнан хеттарш совцийра Матина цIеххьана яьхкинчу йовхарша. Адамашна ша жерга хетийла хуучу Матас шена боккха ницкъ бора уьш а, шат а кийрахь сецо гIерташ. Амма эххар а ницкъ а эшийна хецаеллачу цара цуьнан юьхьа тIера массо пха сенбира. Мансура хьалха лаьцначу гIутакх чу шат тесира цо.

— Ой, воккха стаг цомгаш ма ву! — мохь белира стеган. — Пехашца цамгар ю-кх цунна. Хьажийтал гIутакх. — Мансуран керарчу гIутакх тIе куьг кховдийра цо. Амма Мансура иза букъа тIехьа лецира.

— ХIунда? ХIара боьха ду...

— ХIума а дац, хьажийта!

Нуьцкъах ала мегар долуш Мансурера гIутакх схьа а даьккхина, шен бIаьргех куьзганаш а доьхкина, лерина гIутакх чу а хьаьжна, чохь дерг шена ца гича, цу чуьра шат кехата тIе а йоьттина, чIешалгаца кегийра цо.

— Хьажахьа, Галя, суна дика са ца го.

ЙоI, цунна улло охьа а лахъелла, шатс хьаьжира.

— ХIаъ, пехашца цамгар ю. Дукха хан а яц кхетта. Хьажийтал хьайн матте. Иштта, бага а гIаттаяй, мотт арабаккхал. Кхуьнгахь дика хьал дац, Вася. Хьайтал хьайн куьг. Пульс дукха вон а яц. Дагар ду-кх. Больнице охьавилла вигча муха хир дара-те?

ЙоьIан накъост Мансурна тIевирзира.

— Воккха стаг кхерамечу хьолехь ву. Пехийх цамгар кхетта цунна. Тхойша лор ду. Больнице охьавижа веза хIара. Цхьана баттахь Iиллича толур ву хьан папаша. Вало.

— Цо хIун боху? — хаьттира Матас.

Мансура деррнге а дIадийцира.

— ХIан-хIа, гIуллакх хир дац цунах. Суна а хаьа сайна пехашца цамгар юйла а, иза вон цамгар юйла а. Вайшинна еллачу бакъонна тIе язйинарг итт де хан ю. Цунах бархI де дIаделли. Ши де бен хан ца йисина.

— ХIун боху папашас? — хьаттира йоIа.

— ГIуллакх хир дац. Тхойшиннен бакъо яц кхузахь саца.

— ХIунда?

— Тхойша нохчо ву. И ду дерриге а галдаьлларг.

Къона стаг велавелира.

— Шу нохчий хилар тхойшинна бIаьрг ма кхийтти хиира. Вало ший а. Караташ гена яц кхузара дIа. Ткъе итт километр елахь кхин яц. Хьо дIагIур ву, папаша кхузахь вуьсур ву. Цхьа бутт баьлча хьо вухавеача хIара товелла карор ву хьуна. ТIаккха цхьаьнни дIагIор шуьшиъ.

— ЭхIе, дIаваьллахь! Тхойшиъ иштта ловзуш хьан лоьлуьйту хьуна! — гIайгIане велавелира Мансур.

— ХIинца больнице охьавижина сихха дарбанаш ца леладахь, цамгар гена ср ю, — юкъагIоьртира йоI.

Мансура ойла йира. Дех дага а велира.

— ХIан-хIа, гIуллакх хир дац цунах. Воккхачу стагана хаьа шен цамгар кхераме юйла. Кхузахь сацахь ши де ма даьллина ца воллахь а, товелла больницера ара ма ваьллинехь чувуллур ву ша боху. ТIаккха а лийр ву набахтехь. Тхойша шина дийнахь дIакхача веза. Караташехь больнице охьавуьжур иза. Шен болх делан кара буьллу ша боху.

— Ас тIелоцу товелча иза чу ца воллийта. ХьалагIатта ший а, — дехар дира къоначу стага.

ХIинца Мансур велавелира.

— И хьан карахь гIуллакх дац. Баркалла шуьшинна. Шу-м тхойшинна гIо дан гIертара. Амма шуна мел чIогIа лаарх хIара ши де дIадаьлча тхойшиннех жоп далалур дац шуьшинга.

Шаьш бохург ца хуьлий хиъча, юьстах а даьлла дехха къийсира цаьршиммо. ТIаккха юха а тIедеара.

— Тховса мичхьа Iийр ду шу? — хьаьттира стага.

— Хаац. Дитахь чайхана чохь Iийр ду, ца дитахь кхуззехь ца Iийча а девр дац.

— Вася, цаьршингахь ахча ма дац, — элира йоIа шен накъостан лере а таьIна.

Вукхо, шен массо кисана а Iоьттина, цатам хилла корта хьовзийра. ТIаккха кху шинна маслаIат деш хаза къамел а дина, дIадахара и шиъ.

* * *

Тховса юучуина а, буьйса яккха меттигана а цхьа таро ян дезара. Цуьнан ойла еш, деса таьлсаш хьарчийна пхьаьрса кIел а

доьхкина, юьрта юккъе кхаьчча Мансур, таьлсаш эца стаг лоьхуш лелара. Эххара, чайхана уллохь, цхьана жимчу цIелаг чохь болх беш волчу мачийн пхьеро дуккха а мах къийсинчул тIаьхьа пхеа туьманах дIанйцира цуьнгара уьш.

Пхи туьма. ГIаймакх санна буткъа, куьйгал боккха узбекийн ши хьокхам богIу цунах. И шиъ-м буур бара цаьршиммо, тIаккха буьйса яккхарна хIун дан деза? Кхалла хIума нисъяларх а ду доккха хIума. Мансурана ца моьттинчу тайпана дика мах хили цунах. Таьлсаш а дацара вон. ЦIенчу тIергIан, цIен, можий, Iаьржа а мохарш йолуш, даккхий цIена таьлсаш. ДIабели Мансуран ненан тIаьххьара безам а...

Мачийн пхьеро шега делла кегийра ахча дагардеш воллучу Мансуран белша тIе кIоршаме куьг диллира цхьаммо. Хьала хьаьжначу кIантана гира шена тIе оьгIазе ши бIаьрг а боьгIна лаьтта коьртахь сийна фуражка а, белшаш тIехь майоран погонаш а йолуш Iаьржачу аматахь, векъна, лекха узбек.

— Документаш! — элира цо Мансуран белш а Iовдуш.

Мансура, шен четара ден бумаьждиг схьа а яьккхина, цу чохь шалха тоьхна Iуьллу шайн бакъо майоре дIаелира... Ткъа вукхо тIе а ца хьожуш иза шен киталан хьалхарчу кисана йоьллира.

— Кхузахь сацалахь со араваллалц, — Мансуре омра а дина, чайхана чу вахара иза.

Майоре хьоьжуш вехха арахь хIоьттина а лаьттина, иза араверриг хиларх дог а диллина, цунах хилларг хаа а, кхаллар а эца дагахь чайхана чу вахана Мансур, чоьхьаваьлча кхин дIагIорта озавелла неIарехь сецира. ПаргIат чай муьйлуш, кIедачу гIайбешна тIе ах дIа а тевжина, Iиллара майор. Беркъа, тиша, неIарх чоьхьа ваьллачу Мансурна тIехь сецира чайхана чохь болчу нехан тидам. Цхьанхьа го а бина хиъна Iачу иттех стага шайна тIе а кхайкхина хеттарш дира цуьнга. ТIаккха массара а кхоккха, пхиппа сом тIе-кIел а тоьхна, Мансуре ахча кховдийра цара. Мансура дуьхьало йира.

— ДIаэца, дIаэца, — бохура къеначу узбека. — СагIина лург дIа ца эцча эхь ду тхан нехан. Хьайн да схьавалавай, шаьшшинне йовхха хIума а яий, кху чохь буьйса яккха.

Ахча схьа а эцна, царна баркалла а аьлла аравала кечвеллачу Мансурна улло хIоьттира хьалхалера майор. Цуьнца вара ткъе пхийтта-шовзткъа шо хенара цхьа узбек а. Дехьо нахаца чай молуш хиъна Iен цхьа стаг шена тIе кхайкхира майора.

— Алимжанов, схьавоьл цкъа. ДIога тIай кIел хиъна Iеш кхин а цхьа къена чечен ву хьуна. Кху кIентан да. И шиъ а, хIара стаг а — хIорш кхоъ со волчу дIа а виге дежурнига дIало, — Мансур а, важа узбек а хьалхатеттира майора. — Со хье ца луш дIавогIу ала.

Мансур а, важа узбек а хьалха а ваьккхина, тIай долчухьа дIаволавелира Алимжанов.

«ХӀан, хӀинца дӀадоладели хьуна хӀара, — дог дуьйхира Мансуран. — Дада тӀай кӀел вуйла а хиъна, цхьаммо дӀа аьлла-кх. Юха а лем[1], яппарш... Дуьхьало ян цхьа жимма ницкъ а хилла, шух летта ца велча дош ма дацара хӀара...»

Суьйре шийло яра. Цул сов хин тогӀийца шийла мох хьоькхура. Голаш мере а оьзна, суьлхьанаш хьийзош хиъна Ӏара Мата. Уллохь даржийнчу газета тӀехь Ӏохкура цхьа буханка кӀайн бепиг а, ах кийла хиллал налха а, цхьа литр догӀу шиша дуьззина шура а, якъийна кишмаш а.

Цецваьллачу Мансуран ши бӀаьрг къаьрзира. Дийнна бахам бара цунна гург.

— ХӀорш мичара евлла хьуна, дада?

— И ши оьрси хӀорш йохьуш юха деара. Итт туьма ахча а делла вайшинна. Схьа ца эца гӀиртира со, амма и шиъ къар ца делира. Чайхане а гӀой, цигахь хӀума а яий, буьйса яккха, бохура...

— Буьйса яьккхина вели моьтту суна вайша, — доккха са даьккхира Анзора.

Доллучух а кхетта Мата вевзаш воцчу шина стаге бӀаьрг а тоьхна, шен далла гӀуллакх доӀийца дӀа а дерзийна, суьлхьанаш кисана а тийсина, куьг лаьтта а гӀортош хьалагӀеттира.

...Поппарх чир юттуш йинчу лекхачу баролан гӀопан готтачу неӀарх чекх а ваьккхина вигна цхьана ширачу, даккхийчу цӀенойн неӀарехь хӀорш кхоъ а витина, чу вахана Алимжанов шеца милцо а валош сихха ара а ваьлла, хӀорш цуьнга дӀа а белла, дӀавахара. Ткъа милцочо дежурки чу а бигна охьаховшийра.

Цхьадика, дукха хье ца луш схьавеара майор. Милцочо цунна сий даларх а ,ткъа вукхо цуьнга ларамза дешнаш кхиссарх а Мансурна хиира майор кхузахь коьрта стаг хилар. Шен кабинете а ца воьдуш, кхуззахь, дежурки чохь гӀуллакх къасто вуьйлира иза. Лем кху шиннан накъостана тӀера дӀаболийра. Майора хаттар дийча хьала ца гӀоттуш хьевелира узбек. Амма вукхо цӀогӀане тоьхначу маьхьаро хьалаэккхийтина иза, Ӏад санна вулавелла дӀахӀоьттира. Оцу цхьана шарахь меттигерчу къоман меттанийх гӀеххьачул кхеттачу Мансурна хиира и шайца валийна узбек оцу областан кхечу районера хилар а, иза шен йиша йолчу Заркента воьдуш хилар а, цуьнгахь цхьа а тайпа документаш цахилар а. Маьттаза дешнаш юкъа а далош чехавора иза майора. Амма важа дуьхьал вист ца хилара. Майор цхьа хӀума аьлла шена тӀечевхича шен юкъах дихкина гата дӀа а даьстина, гата кара а лаьцна, ши куьг дегӀаца охьа а дахийтина малвелла дӀахӀоьттира узбек. ТӀаккха хьала а гӀаьттина тӀекхоссавеллачу майора цхьа къиза катоьхна некха тӀера халат шен буйна а хьовзийна дӀаластийна, пенах корта а кхеташ, соне аркъал туьйхира иза. Цуьнан четара охьадуьйжира муьлхачу а узбеко даим а шеца лелош хуьлу церан

[1] Лем — допрос.

къоман урс. Схьахетарехь, оцу стаге шен киснара хIумнаш схьаяха бохуш хиллера майора. Урс гича, кхин тIе а карзахваьллачу майора, катоьхна халат кочера схьа а лаьцна, озийна хьала а гIаттийна, шена тIе а оьзна, хьерваьлча санна мохь а хьоькхуш, оцу мисканна бетах мосузза а тIара туьйхира.

— Чу волла иза! Соьгара бакъонца бен цхьа а тайпа рицкъа а ма ло цунна! — эххар а оьрсийн маттахь омра дира цо неIарехь лаьттачу дежурничуьнга.

Дежурни милцо вухавеача цо шена тIе кхайкхийтира цхьа лейтенант.

Майора, шен киснара схьаяьккхина МатагIеран бакъо шена хьалха стола тIе охьа а йиллина, яржош нисйира.

— Мичхьара вогIу шуьшиъ?

— Ош областерчу Узген районера, — жоп делира Мансура.

— Стенга воьду?

— Джалал-Абад областерчу Караташ районе.

— ХIунда?

— Гергарнаш болчу.

— Воккхачу стага хIун до гергарнаш болчохь? Иза-х кестта лийр ву. Къена вир. ХьалагIатта! — мохь хьаькхира майора.

Мата халла хьалаайавелира

— Бандиталла дукха лелийний ахь? Фрицашна мел гIодина ахь? АхIа! Цхьана куьйган пIелгаш дац! Хьан даьхна хьан уьш?

— Граждански тIом болчу хенахь... — юкъагIоьртира Мансур.

— ХIай-хIай! Басмач хиллийца! И дилди а ю хьан бандитачух тера!

— ХIан-хIа, воккха стаг а, цуьнан ваша а советан Iедалехьа вара. Соьлжа-гIалахь бIедийнан тIамехь чевнаш хиллера цаьршинна...

— Сацийта, зуьдан кIеза! Хьан болх ас йийр ю. Комендатуро бакъо воккхачу стагана бен ца елла, ткъа хьо мича бакъонца лела?

«Ванах, оцу узбекана санна тхойшинна а етта волалахь, охашиммо хIун де-те? Дуьхьало ян ницкъ бацахь а сатохалур ма дац соьга. ТIаккха дуьхьало йина аьлла ший а таIIийна чувуллур ву...»

— Со а ву оццу бакъонна тIе язвина. ТIехьа агIор хьажа...

Майора стоьла тIе кхоьссина кху шиннен бакъонан кехат схьа а эцна, цуьнан шина а агIон тIе хьаьжира лейтенант. ТIаккха меллаша майоре вистхилира:

— Кху тIехь дерриге а нийса ду, накъост майор. Бакъо ден цIарах елла, ткъа кIант букъа тIехьа язвина ву.

— ХIунда сецна шуьшиъ кхузахь? — лейтенанте ла а доьгIна юха а мохь хьекха хIоьттира майор. — Узбекистанан территори шайна йихканий ца хаьа шуна?

— Караташ районе боьду некъ кхузаш чекхболуш ма бу...

— Некъ, некъ! Некъ белахь сеца а ца соьцуш дIагIо. Нагахь санна, цхьа сахьт далале районан центрера дIа ца валахь, ас таIнийна чувуллур ву шуьшиъ. Кхетий хьо, вирбекъа? Сан бакъо ю суд йоцуш шуьшинна ткъе пхиппа шо хан тоха. Яхийта!

Матина йовхарш яьхкира.

— Буьйса тIекхаьчча яьлла. Сан къена да цомгуш ву. Тхойша мича гIур ву? —ах оьгIазе, ах дехарийца хаьттира Мансура. — Тхойшиннен долахь хIинца а ши де хан йисина...

— Амма суна юха цкъа гойла-кх шуьшиъ кхузахь. ХIокху юьртара аравала ах сахьт хан ю шуьшинна!

Оцу дерриге а къамеле реза воцуш ладоьгIуш а, къеначу Матига дог лозуш хьоьжуш а Iийна лейтенант, майор чуьра араволуш тIаьхьа а сецна, Мансуран лере таьIнира:

— Шуьшиъ гена вахалур вац. Воккха стаг гIийла ву. ТIайл дехьа ваьлча дукха гена йоццуш цхьа жима чайхана ю шуна. Цигахь буьйса яккха. Ткъа шаьшшиъ начальникана юха гучух а ларло. Дера стаг ву шуна иза.

Мата а, Мансур а бода болале юьртах аравала сихвелира...

## XII

Кешнашкара араваьлла вогIучу Iалхина школана уллохула тIехволуш дагадеара ша дIабаханчу баттахь партвзнос дIаеллаца хилар. И декхар тIера далар а, суьйранна делахь а, шен хьаша Бороденко гар а хир ду аьлла, школе чувирзира иза.

Николай Кузьмич шен кабинета чохь а ца карийна, школан кертахь долчу церан цIа вахара Iалха. Араяьллачу хIусамнанас хIара чу ца веача неI тIе ца чIегIира.

— Валол чу. Таханлера де билгалдаккха накъост воцуш охьахиъна доллура тхойша.

Iалхина хIинцца дагадеара тахана 23 февраль хилар.

Стола тIехь ангалин жимчу кхабанна чу хIоттийна хIетта ломан когашкахь маьлхан басешкахь хьаладийла доьллачу кегийчу зезагийн курс яра. Бошхепаш чохь борщ, хи чу йоьхкина наьрсаш, копаста а. КхоалгIа гIант хIоттийна Iалха охьахаийра цара. Буфетан неI схьа а йиллина ,оцу чуьра схьаэцна буьххье боьллина кехатан тIус болуш шиша а, кхоъ стака деара Николай Кузьмича.

— Оха тхаьш даьккхина къаркъа ду хIара, Iалха, — элира цо иза стаканашна чу а дуттуш. — ХIан, дIаэца!

Николай Кузьмич цхьана ханна вист ца хуьлуш Iийра, стаки чу а хьоьжуш.

— Хьомсара накъостий! — долийра цо хьурмате озанца. — Тахана ткъе ворхI шо кхаьчна Советски Эскаран а, ТIеман-хIордан Флотан а. Вайн даймахкана уггар халачу шарахь кхолладеллачу Белхалойн, Ахархойн ЦIечу Эскаро турпала некъ бина оцу ткъе ворхI шарахь. Граждански тIамехь контрреволюцин, интервен-

тийн гӀеранаш хӀаллакйира цо. Польски, японски, фински агрессорш этира. Ерриг Европа шен когашна кӀел йоьллина, тешхачу ямартлонца вайн Даймахкана тӀелетта, вайн маьрша ярташ, гӀаланаш йохош, бӀе эзарнаш советски адамаш хӀаллакдеш, бӀе эзарнаш лолле дӀалоьхкуш хьердевлла лела фашистски экха отуш, лоьллуш, шен тунгари чу дӀадуьгу вайн турпалчу эскарша. Дукха хан ца йисина вай толаман де даздан. Даймехкан маршо, сий лардеш эгначу, Даймехкан маршо, сий лардеш тахана леташ болчу советски бӀаьхошна тӀера, церан хьуьнаршна тӀера, церан аьттонна тӀера, толамна тӀера хӀара кад дӀамер вай!

Николай Кузьмича цхьа къурд бина дасснйра шен стака. Мария Петровнас жима къурд бина охьахӀоттийра. Ткъа Ӏалхас шениг бете а ца баьхьира.

— Ӏалха, ахь хӀун до! — цецвелира наьрсах тасавелла воллу Николай Кузьмич. — Ахь хьалха-м ма молура?

— Тахана ца молу ас.

— И хӀун ду? Тахана а ца мелла хӀара маца а, хьанна тӀера а мала воллу хьо?

— Ма хеттахьа, Николай. Цул соьга хӀума янйтахьа. Тахана кийра рицкъа дахана дац сан.

Мария Петровнас йовха борщ йоьттина бошхап хьалха хӀоттнйира цунна. Ӏалха йиъна валлалц, вист ца хуьлуш Ӏийра Николай Кузьмич.

— Бехк ма биллахьа суна, Ӏалха. Суна дагара даьллера нисса шо хьалха, 23 февралехь шу махках дахар... Амма... Шун бохамна бехке вайшиъ санна болу советски тӀемалой ма бац.

Ӏалха вист ца хуьлуш мӀераца копаста кегош Ӏара.

— Ас хьуна дийца ма ца оьшу фронтехь вай а, вайн накъосташа а лайнарг, ловш дерг а. Фашисташа оккупаци йинчу Украинехь, Белорусехь, России области областашкахь а динарг.

Эххар а мӀара стола тӀе охьа а биллина, дегӀ нисдина, доккха садаьӀира Ӏалхас.

— Ишта-м дера дара иза, Николай. Украинехь, Белорусехь, России малхбузе областашкахь ярташ, гӀаланаш йохийна, бӀе эзарнаш машаре адамаш дайина, эзарнаш лолле дигна. Байнарш а, белларш а денлур бац, амма йийсаре лецнарш а, лолле бигнарш шайн даймахка цӀа боьрзур бу. Украинцаша, белорусаша, оьрсаша шайн ярташ, гӀаланаш, бахамаш меттахӀиттор бу. Юкъах йисинчуьра дӀа керла гӀулч йоккхуш дӀайолалур ю культура. Язъйийр ю истории керла агӀонаш. ХӀокху тӀамехь шайн халкъаша гайтина турпала хьуьнарш гойтуш. Цара а, вайн махкарчу массо халкъаша а. ХӀунда аьлча, церан даймохк бу, шайн дайн лаьттах кӀоргга тесна орамаш ду церан. Орам буьтуш хадийна дитт юха маргӀалш а тосий, денлой, заза доккхий дӀахӀутту, цунна тӀера даьржинчу стоьмаша кхин хьун кхиайо. Амма орамашца бух даьккхина дӀакхоьссина дитт дакъалой, дахкалой хӀаллакьхуьлу.

Ткъа нохчий, гӀалгӀай а, кхин масех халкъ а и орамаш бухдохуш шайн даймахках даьхна, казахийн аренашка, гӀиргӀазойн, алтайн лаьмнашка даржийна. Уьш хӀаллакьхуьлуш ду, мозий санна, мацалла, шелонна. Шайга беана бохам ца лалуш а. Іожалла ца хилла дийна бисинчийх хӀун хир ду? Цхьа ах бІе, бІе шо даьлча, бухарчу къаьмнех дӀа а ийна ларйоцуш довр ду и халкъаш. Шайн къоман мотт, истори, культура, гӀиллакхаш, амалш йиційнна. Дуьненахь нохчийн, гӀалгӀайн, гӀалмакхойн, балкхаройн, кхарачойн, гӀирмерчу гӀезалойн а халкъаш хиллийла хууш цхьа кӀеззиг Іилманчаш хир бу. Оцу халкъийн цӀе йоккхур ю «деллачу халкъашна» юкъахь. ТӀаккха хьий хьуна, Николай, сан халкъе беанарг мел боккха бала бу?

Николай Кузьмич шен киснара бІаран диттах дина томкийн гӀутакх схьа а даьккхина, газетах цигаьрка хьарчо вуьйлира.

— Ас-м цхьа бІе шо даьлча хиндерг дуьйцу, — юха а къамел долийра Іалхас. — Тхо махках даьхна цхьа шо кхаьчна, амма тхо махках дохуш я схьадалош новкъахь гинчарна, я кхузахь дехачу халкъашний бен ца хаьа тхо махках даьхнийла, тхоьга хӀоттийна Іазап а. Ткъа иза хууш болчу нахах дукхахберш теша, тхуна тӀехь дина таІзар нийса дина хиларх. Уьш теша, нохчаша Гитлерна гІо дина, нохчаша даймахкана ямартло, тешнабехк бина, уьш шен ерриг исторехь Россина тӀелеташ, разбойникаш, цІийна сутара халкъ хилла бохуш даржочу харц эладитанех. Царна ца хаьа нохчийн халкъо цхьа а кхечу къоман махках цхьа ге латта дӀа ца лаьцнийла а, кхечу халкъан махка тӀе а бевлла цхьана стеган а цІий ца Іанийнийла а, цхьана а халкъан маршонна дуьхьал герз ца айбинийла а. Масех бІе шарахь нохчийн халкъо шен маршонехьа къийсам латтийна паччахьан колонизаторшна дуьхьал. Ткъа нохчийн халкъо Гитлерна гІо муха до, нохчийн махка тІе фашистийн цхьана а салтичо ког биллина ца хилча?

Къамеле бевллачу божаршна юург йицеллийла хиъна, Мария Петровна чай кечдан хӀоьттира. Даима шен коьртехь бала хилла лаьтта цхьа хаттар дан юкъ ца йолуш, цигаьрка уьйзуш Іара Николай Кузьмич.

— Шуна юкъахь дуккха а бандиташ хилла бохуш а дуьйцура... — волавелира иза. Амма Іалхас оьгІазе юкъахваьккхира.

— Бандиташ, йовссарш юкъахь йоцуш халкъ дийцал ахь? Украинехь, Белорусехь, Россихь кІезга бу тахана бандиташ, дезертираш, даймахкана ямарт хилла нах? Фашисташкахьа бевлла, шайн даймахкана дуьхьал летарш? Полицайш? Ткъа Власовн эскар? ГІалгІазкхийн корпусаш? Юккъерчу Азерчу, Закавказерчу, Прибалтикерчу халкъийн легионаш? БІе эзарнаш бу уьш, фашисташкахьа, шайн халкъан даймахкан мостагІашкахьа а бевлла, советски эскаршна дуьхьал тІом беш, шайн къоман вежарийн цІий Іенош. Буй?

— Бу..., — корта таІийра Николай Кузьмича.

— ХӀара тӀом болабеллачу хьалхарчу шина шарахь шовзткъа эзар сов нохчо, гӀалгӀа а вахана фронте. Царах дукхахберш — шаьш лаамехь. Царах цхьа а стаг ййисаре ца вахана шайн лаамехь. Бертаза йийсаре нисбеллачу нохчех, гӀалгӀайх а цхьа взвод вовшех ца тохаелла фашисташка. ХӀунда аьлча, тхо цкъа а ямарт хилла дац даймахкана, халкъана, доттагӀашна а, цхьанне а. Ткъа бандитех дерг аьлча, уьш бацара тхан. Цкъа а хилла а бац. Паччахьан эскарша тхан мохк дӀалоцуш дуьззиччу шина бӀе шарахь царна дуьхьал тӀом бина нохчийн халкъо. Оцу тӀамехь ах халкъ хӀаллакьхилча, уггар тоьллачуьра ах мохк шайгара дӀабаьккхича, кхин дӀа дуьхьало ян ницкъ ца тоьъча, паччахьан правительствоца машаре барт бина тӀом сацийра тхан дайша. Амма Нохчичохь российски Ӏедал чӀагӀделча, паччахьан правительствос ямартлонца бохийра и барт. ТӀаккха, мосазза а гӀеттира халкъ. ХӀора гӀаттам чекхболура нохчийн ярташ ягош, адам хӀаллакдеш, Сибрех лоьхкуш. Юкъарчу гӀаттамах дог диллина, амма паччахьан къизаллина, Ӏазапна, олаллина кӀел севцца лайш хилла баха ца луу нах, лаьмнашкахь, хьаннашкахь къайла а буьйлуш, цхьацца ша-ша, я кегийрачу тобанашкахь цхьана а кхетий партизански тӀом бан буьйлира. Царах обаргаш олура, ткъа оьрсийн зорбанехь — абреки. Революци хилча, нохчийн, гӀалгӀайн халкъаш цхьаъ санна ма[illegible]о а стаг цуьнгахьа велира. ХӀунда аьлча, большевикаша царна дош делира, бӀешерашкахь цара сатийсина, шегахь цара турпала къийсам латтийна, оцу къийсамехь бӀе эзарнаш кӀентий хӀаллакъхилла маршо, латта а царна дала. Советан Ӏедалехьа тӀамехь итт эзарнаш кӀентий байира, иттаннаш ярташ ягийра. Ткъа оццул хала, гӀаьцца, цӀийца оха даьккхинчу Ӏедало а кхочуш ца дира шен дош. Латта а ца делира, маршо а ца елира. Колхозаш йохкуш нехан долара бежана, сту, гота, ворда а дӀаехира. Кулакаш ду бохуш цхьа миска нах махках бехира. Тхан баккхий нах, Ӏелам нах хӀаллакбира. Тхан маьждигаш дохийра, къорӀанаш, жайнаш дагийра. Тхан дин, къоман гӀиллакхаш сийсаздира...

— Иза-м массанхьа а хилира, Ӏалха. Шу доцчарна а...

— Хаьа суна. Кхин долу халкъаш дуьхьало ца еш, Ӏахарий санна, шайна арсаш хьоькхуьйтуш Ӏийра. Оха цкъа а ца лайна харцо, хийра олалла. Оха тхайн ницкъ ма кхоччу къийсина ежови, бериян чаьлтачашца. Цундела ца дезара тхан халкъ паччахьан Ӏедална а, хӀинца долчунна а. ХӀокху тӀамехь тхан кӀенташа жигара дакъалаьцна, турпала хьуьнарш гайтина. ТӀом болабеллачу хьалхарчу шерашкахь пхеа нохчочунна турпалхочун цӀераш техкина. Ерриг Ази, ах Европа дӀа а лаьцна, цигара халкъаш лолле дерзийна шина бӀе шарахь сов Ӏийначу татаро-монголийн ханашка а ца къарделла тхан халкъ. Ламчу духа а девлла, хаддаза тӀемаш беш тхан дайша шина бӀе шарахь са малха дала ца битина уьш. Тхан махка тӀехь хаддаза шовзткъа эзар тӀемало а, уггар говза полководцаш а латто дезна церан. Немцой тхан махка кхаьч-

нехь, тхо царна къарлур дара моьтту хьуна? Цара тхан зударий сийсазбеш, нах бойуш нохчий таьIна Iийр бара моьтту хьуна? Оха тхешан латта къахьдийр дара царна! Тхо ямарт ца хилла дела, кIилло ца хилла дела тхуна маршо езарна даьхна тхо махках. Ямарт болчарна, харцонаш лелочарна, къизачарна дуьхьал къийсарна, маршо, ийсо езарна даьхна тхо махках!

ЦIа чохь цхьана юкъахь тийналла хIоьттира. Иштта, цхьа дагна бала Iаьткъича бен кху тIаьххьарчу шина баттахь цигаьрка ца узуш волчу Iалхас, шена цигарка а хьарчийна, боккха баьккхина кIур пехашна кIорге чу уьйзира. Цунна дуьхьал хIоьттира, пхи бутт хьалха ша госпиталера араваьлча винчу лаьмнашка вахар. Грознера дIа гIаш воьдура иза. ХIетта нирзиичу чевнаша хаа•аш бора некъ бан воьлча. Къаьсттина чIу бойначу настаро. Цхьаннахьа ца гора нохчо. Ареица ярташкахь хIетта кхуза кхалхо болийна оьрсий, ламчу воьлча — суьйлий. Дай тIера бевлча тиндела цIенош, ков-керташ. Доьхна некъаш, тIайш. ГIийла лаьтта кешнаш. Аккхадевлла лела жIаьлеш, цицигаш. Дукхахдолу цIенош хIинца а керла дай схьакхачаза деса лаьттара.

Къематде хIоьттинера Iалхин даймахкахь.

Кхо де-буьйса даьккхира цо винчу юьртахь. Дийнахь хьаннашка, лаьмнашка а воьдуш. Шен дай баьхначу, ша винчу, бераллехь ша левзиичу меттигашка тIаьххьара бIаьрг тоха. КхоалгIачу дийнахь тIаьххьара лаьмнашка вахана, цхьана лекхачу орца тIе хьала а ваьлла, гондIа бIаьрг бетташ иза хиъна Iеш цунна тIевеара герзаца кечвелла да а, ши кIант а.

Цара Iалхина дийцира тешнабехк бина нохчийн халкъ махках муха даьккхира. Уьш кхоъ оцу дийнахь цIахь вацара. Кху лаьмнашкахь жа дажош вара. Хилларг царна хиира кIира даьллачул тIаьхьа. ХIинца уьш кхоъ шайн даймахкахь лечкъаш лелара. Юьрта баха а ца баьхьаш. Адамашна гучубовла а ца баьхьаш. Аккхарой санна адамех къехкаш.

— Таханлера дезчу денна гIера кад хIунда ца молу бохуш, соьга бехкаш доху ахь, — ойланаш дIа а лаьхкина, вистхилира Iалха. — Хьуна ца хаьа, тхан халкъ махках доккхучу дийнахь советски эпсарша а, салташа а Нохчичохь гайтина «хьуьнарш». ХIара де даздан митинге кхойкху аьлла тешнабехк бина ялхийтта шарера хьала берриг божарий школашка, клубашка а гулбина, царна тIе пулеметаш ерзийна, цхьана стага дуьхьало яхь уьш а, цIахь дисина зударий, бераш дойур ду аьлла, шина сохьтехь, оцу шийлачу Iай, дукхахберш когаш Iуьйра, массо адам ярташкара ара даьккхинера. Оцу Iуьйранна хиндерг ца хууш, шайн гIуллакхашна юьртал арабуьйлу нах, зударий, бераш дайннера. ТIе машина, ворда ца яхалучу ламанан ярташкара дерриг адамаш, цхьаццанхьа гIишлон чу а гулдеш, тIе бензин детташ, цIераш туьйсуш дагийнера. Юьртара арадаьхначу адамашна юкъара гIаш ца бахало къена а, цомгаш нах юьстах бохуш автоматашца байина. Больни-

цешкахь цомгуш Іохку нохчий мехий детташ байина. Кавказера схьа оцу бехачу некъаца даьІахкаш Іохку байинчу, беллачу нохчийн. Дийнахь-буса, цкъа-шозза эшалон сацош хилла цхьанхьа есачу арахь. Нах нишка бовлийта. Эшелонна итт метр гена ваьлларг вуьйш хилла. Зударийн сий до, зударшна хезаш цкъа а маьттаза дош ца аьлла оьзда нохчий, льатта бІаьра а богІалой шайн гІуллакх дан охьалахлуш хилла. Зударий, божарий. И эхь тІе ца лаца, ара ца бовлуш, ахкаргаш лилхина белла дукха зударий. Дийца воьлча дукха ду уьш. Ткъа ахь оцу эскарна тІера кад мала боху! Давнсарг яІ, Іедало шена тешнабехк беш буйла цхьа де хьадха хин делара сан халкъана! Хиънехь тахана тхо кхузахь хир дацара. Тхан махка тІера цхьа салти дийна аравер вацара, я тхо дерриг цигахь делла хир дара!

Мария Петровнас чай доьттира. Пиали чохь пакхаран моз а хІоттийра.

— Изза хьал ма хІоттийна миллионаш адамашка... Кулакаш бина махках баьхна а, бехк-гуьнах доцуш лецна а...

— ХІан-хІа, Николай, тхан халкъана тІехь санна харцо ца лелийна цхьана а халкъана тІехь. Дуьне кхолладелчхьана. Ас юха а боху хьоьга, кулакаш бинчийн, лецначийн, байиначийн шайн даймохк, оцу даймахкахь доьзалш, гергарнаш бисина. Шен хан яьккхича валаза висинарг царна тІе вухавирзина, я воьрзур ву. Тхоьгара даймохк дІабаьккхина. Тхан халкъо эзарнаш шерашкахь кхоьллинарг хІаллакдина. Тхоьга тхешан халкъан истори, мотт, культура а йицъяйта, тхан синкхетам дІабаккха, тхо эсах даха дуьне мел ду даржийна!

Николай Кузьмич, чай шена хьалха а оьзна, бениган цастарна тІе моз хьакха вуьйлира.

— Иштта хир дац иза, Іалха. Харцонаш лелла вайн махкахь. Иза шеко йоцуш ду. Амма тІом чекхбаьлча дерриг къастийна, нисдийр ду. Шу а доьрзур ду шайн даймахка. Тахана цкъа хала а, чолхе а зама ю хІоьттинарг. Шун халкъан историх цхьадерш хаара суна. Аш бІешерашкахь шайн къоман маршонехьа а, советан Іедалехьа а латтийна турпала къийсам. ХІинца тІекхоьллинчу эладитанаша тиларчу вигнера со. Ас дукха ойла йора, хІунда даьккхина и халкъ махках? Со санна кхетар ду вайн махкара халкъаш. Шуна бехк-гуьнахь доцуш къиза таІзар диинйла хиъча, цара а шоьгахьа гІо доккхуш аз ойур ду...

Іалхас ца вешаш куьг ластийра.

— Россерчу халкъийн аз дан а дац. Хилла а дац цкъа а. Даима кхоьруш, даим кхерош лоллехь латтийна. Шайна тІехь мел йоккха харцо, къизалла латтаярх дуьхьало ян а ца даьхьаш. Шаьш маьрша а боцуш, маршо яккха гІоьртина халкъ шен цІела а карчош... Революци хилале хьалха шина бІе шарахь паччахьан эскарша тхан ярташ ягош, тхан зударий, бераш, къена нах хІаллакбеш, тхо махках дохуш туркойн махка а, Сибрех хьийсош, бен доцуш

хьуьйсуш Іийна Россера къаьмнаш. Шайн йоцу маршо яккха гІертариа, шайгахь доцу доьналла цаьргахь хиларна нохчий ца безна цхьана а къомана. Цундела, цкъа а цхьана а халкъера гІо а ца хилла нохчашна!

Мария Петровнас чиркх латийча бен ца хиира Іалхина ша кхузахь дукха а хан яьккхинийла. ХІинца, хІокху цІемзачу буса, ялх километр гена гІаш дІаваха везара. Шелделла шен чай дІа а мелла, хІусамдайн Іодика а йина араваьллачу цуьнан юьхьа дуьхьал шийла мох, тІуьнчу лайн дарц кхийтира...

(1960—1962 шш.)

## МАРШОНАН КIЕНТИЙ

### I-ра корта

> «Оцу лаьмнех летта кхозучу хIусамаш-кахь дехаш а ма ду адамаш... Кхузахь а деттало адамийн дегнаш хазахетарций, бе-замций, массанхьа санна, кхузахь а бу ла-харе безам а, лаам а, дуьне мел ду дар-жиничу адамийн берийн санна, хIоккхеран а ю цхьа Iалашо — даха а, къахьега а, са-гатдан а, баккхийбе а, безам а...»
>
> Декабрист П. П. Беляев

Эзар исс бIе пхоьалгIачу шеран Iаьнан шийлачу буса Яьссин хи йистерчу жимчу юьрта вуьйлира цхьа некъахо.

Бутт тоххара дIабуьзнера. Куьйга кхийсича санна, стиглахь даьржинчу седарчаша серладаьккхинера лайн кIайчу шаршоно хьулдина Iалам.

Хан йоцчу хенахь урамехула воьдучу некъахочо ког безза бок-кхура. Хеталора, цуьнан когарчу латийнчу, яккхийчу валенкаша иза юха а озийна, хIинцца охьатухур вуй. ГIоргийчу пара а, цо лаьтта луьйзучу шогачу гIожо а цIийзадора шелделла ло. Цо ког мосазза боккху цIийзачу лайн гIовгIаной, наггахь тухучу екъачу йовхарший меттахъхьедора керташкара жIаьлеш. Амма уьш, шаьш Iохкуш бохбина меттиг а битина, ураме довла мало еш, дегаза жимма бага а тухий, дIатуьйра.

Букар таьIна воьду иза, ураман некъаш къаьстачохь я морзах-

довлучохь соций, шен дегI нисдой, гонах бIаьрг бетташ цхьана ханна хIуттий лаьттий, тIаккха, доккха са а доккхий, шен ги тесначу стоммачу гатанан пIаьлдиган доьхкарш белшашкахь нисдой, дIаволалора. Юьрта юккъе мел гIоьрти лагIлора цуьнан болар, сецар а дукха хуьлура.

Эвла юккъерчу майданахь лаьттачу рузбанан маьждигна тIе нисвелча, буйна къевлиничу хьозанан санна тохаделира цуьнан дог. Говзачу куьйгаша цистина тIулг нийса хьажош доьттина хIара маьждиг, кхуьнан лакха хьалаяхана момсар буьйсанан хьешо шен ма-хуьллу лоьхура юьрта юххе гIоьртичхьана дуьйна. Амма къоьжачу цIоцкъамашна кIелхьарчу сийначу бIаьргийн гIийлачу сина ца гира уьш, веана хIара царна тIеIоттаваллалц.

Маьждиган майданара дIасаоьхучу ураман некъашка бIаьрг а тоьхна, тIаккха, дуккха а тилавелла леллачул тIаьхьа новкъа ваьллачух тера, цIеххьана ша лаьттачуьра меттахваьлла, царех цхьана новкъа дIаволавелира.

Шина а агIор тIекхозаделлачу бIарийн дерзиничу дитташна кIелхула болчу урамехула хьалавоьду иза, цхьа-ши бIе гIулч дIавахча, гу тIехь доллучу тIулган шина чуртана тIекхаьчча, жимма сецира. Барз боцу ши чурт цхьана докъаза байначийн безамна доьгIна хила тарлора. Царех цхьаннах букъ товжийна, вехха лаьттира некъахо. Кхузара дIа цуьна, кераюккъехь Iуьллуш санна, шера гора ерриг юрт. Генна, охьа чуьра къорра хезара чехкачу Яьссин гIовгIа. Дехьо юккъехь нIаьна кхайкхира. Цунна жоп луш гена доццуш, цхьана дуткъачу озаца, йиш хаьлча санна, кхайкхира къона нIаьнакIорни. Дукха хан ялале шозлагIа декачу котаман гIовгIано дуьзира хIаваъ.

«Кху юьртахь, и серлонаш къегачу цхьана цIеношна чохь, маьрша бийшина Iохку хир бу сан кIентий... Айза а. КIентийн бераш а хила там бу».

Некъахочун дог тохаделира, юьхь гIийла екхаелира, кIаддел-лачу дегIе цIеххьана ницкъ беара.

Иза, чехкка волавелла, Iинца хьала а вахана, лакха маьIIехь, бIарийн къенaчу дитташна кIел сецира. Масех минот хьалха цуьнан даг чу иккхина воккхавер, деган йовхо дIаяйира гонах керт йоцуш тесна лаьттачу оцу къенaчу бешо. Леррина гонах дIаса а хьоьжуш, бодашкахь цхьа хIума лоьхура цо. ТIаккха хьаьдда вахана бешан цхьана маьIIе хIоьттира иза. Цунан сецар, лелар, дегIах цIе кхерстина хьийзачух тарлора хан мел ели.

Дуккха а иддачул тIаьхьа, бешан малхбузе маьIIехь, лаьттах дикка хьалаайабелла гучу борза тIехь сецира иза. Борза тIехь цхьа аьрша айаелла лаьттачу цIенойн ширчу херцарша гойтура, кхузахь мацах цкъа цIенош хилла хилар.

Оцу борза тIе а хIоьттина гонах гIийла бIаьрг беттара цо. Амма, мел хьежарх цунна на карадора ша лоьхург, ца карадора доьхна эккха доллучу дагна там беш цхьа а хIума. Цхьаннан чIир

кхобуш санна, кхоьлина хьуьйсура наха генаш хедийна, дохийна, дерзина даьхна бӀарийн къена дитташ. ЦӀенойн херцарех хӀоьттина барз, гонах кертан кол йоцуш лаьтта беш а къеначу кешнех тера хетара. Муьлххачу стеган даг тӀе снигаттам тосур болуш дара гонах лаьттачу Ӏаламан сурт.

Дийнахь а долуш некъахочунна юххехь хиллачунна гур дара, цуьнан аьтту бӀаьрган цкъоцкъама тӀехула дӀа болу ирчу герзо йиничу чевнах бисна цӀен, беха муо кӀез-кӀезиг кӀайлуш, кийра хьаьвзинчу, цуниий бен ца хаалучу, балин цӀаро кхохкийна сийна бӀаьргаш, его чӀениг.

Некъахочо, стигла хьала а хьаьжна, пхенаш тӀедевлла шога куьйгаш хьалакховдийра.

— ХӀай ницкъ болу дела! Хьо хууш ву-кх ненан кийрара ваьлчхьана ас диъна къиза дуьне, ас лайна халонаш. Къанвелла, дегӀера ницкъ эшна кӀелвисиичу хенахь ас хӀинццалц хьегнарг диццеш бала гайта воллу-те хьо суна? Мичхьа бу ткъе берхӀитта шо хьалха кхузахь бисина сан доьзал? Хьуна гуш ву-кх йиша-вешех, бевзабезарех ваьлла, цӀа-цӀе доцуш цхьалха висна со. Хьанна хьашт ду, хьан тӀелоцур ву со? Ялхийтта шарахь ас тӀеман цӀеран алу кегочу хенахь хӀунда ца йира ахь сан Ӏожалла? ХӀунда ца елира ахь суна Ӏожалла туркойн махкахь вешина уллохь я сийначу Сибрех накъосташца? Тоьур дац-те ахь сан зер, соьга хьоьгуьйту Ӏазап? Цкъа а хьуо дехнарг лур долуш велахь, лохьа суна тховса Ӏожалла...

Мохь тоьхна цо болийна кхайкхам дош мосазза олу аз лахлуш, шабаре белира. ЦӀийбеллачу бӀаьргашна чуьра юьхьанца къен ледда хиш, вал хьаьдча санна, хецаделира, мотталора багара дош къамкъаргехь кхеххаш, дуьхьалонашца къуьйсуш арадолу. Воккха стаг кхойкхура. Кхойкхура мохь бетташ, кхойкхура шабаршца а, дукхадерг бӀаьргашца дехар деш. Амма цуьнан кхайкхамна жоп луш цхьа а вацара я стиглахь а, я лаьттахь а. Воккха стаг дӀатийра, амма ца тийнера цуьнан кийрахь кхехка дог. Иза десташ, эккха доллуш санна хетаделла, некхах катуьйхира цо. Цхьа хьере детталора иза.

Воккхачу стеган кийрара схьаетталора кхагаран хьожа. Иза воьлхура. Воьлхура, шена гонах дерг дерриге а, ша дуьнен чохь дийна хилар а диццелла. Иза хӀинца ойланца генна шен беран хене дӀавахнера. БӀаьрхиша дуьхьал бода хӀоттийначу цуьнан бӀаьргашна хьалхахула, хе текхо чалх санна, цхьацца, шишша дуьйлуш чекхдуьйлура цуьнан дахаран декъаза денош...

Кхузткъе кхойтта шо хьалха, кхузахь, иза тӀехиъна Ӏен ненийн херцарийн барз болчохь, тӀе латта тесна тхов хиллачу кегийчу цӀенойн мискачу хӀусамашкахь машаре бехара цуьнан ден Абубакаран бертахь жима доьзал.

Амма хӀетахь дуьнен тӀе палаза хиллачу Ӏелина ца доьгӀнера шен да а, я иза чохь ваьхна цӀенош а ган.

Іаьржа Іожалла йохьуш, нохчийн ярташ сийначу цІарах ягош Яьссица хьалаволавеллачу инарлин барон Розенан яккхийчу тоьпийн татано цхьана дийнахь дохийра сийначу бошмаш тІехула тхов а тесна Іуьллучу Гати-Юьртан машаре дахар. Іелина ца хезара оцу яккхийчу тоьпийн хІоьънаша юрт отуш, цІеран меттанаша цІенош хьерчош, ца хезара цІеххьана хІоьттинчу оцу къематдийно хьере динчу дохно хьоькху акха маьхьарий, ца гора гаттийчу урамашкахула Іохкучу декъашна кІелхула йолаелла цІийн Іовраш. Цунна ца хаьара хІумма а. Иза оцу дийнахь шен ненан кийрахь вара, ткъа нана юьртарчу кхечу зударшца цхьаьна оцу кьематдийнах едда, орцахь, юькъачу хьаннийн хотийн кІоргехь лечкъина Іара.

Ненан кийрахь Іуьллучу цунна ца хаьара шен да а, дейтта шо кхаьчна ваша Лоьма а йогучу юьртахь мостагІех леташ вуйла а, ткъа нана, пхи шо кхаьчна Аьрзуй, цул йоккха ши йоІий мара а къуьйлуш, важа зударий санна, юьрта са а диллина Іеш юйла.

Цунна цул тІаьхьа масех шо даьлча бен ца хиира, оцу буса байинчийн декъий дохьуш орца юха бевллачу юьртахоша майрачун дакъа а, чов хилла Лоьма а шена хьалха веъча шийла мохь баьлла охьайоьжначу нанас шен хеназа дуьненчу ваккхар. Берзан кІезан санна, шен дуьненчу валар акхачу хьуьнчохь, йоьхначу буса хилар. И дерриге а тІаьхьа хиира цунна.

Декъаза хилла цуьнан дуьненчу волу буьйса. Іаьржа буьйса хилла дІаяхана цул тІаьхьа цо дуьненчохь яьккхина хан а.

Іела тІе хиъна Іечу борзана шина а агІор кхин а ши барз бу. Царех цхьаъ хьанна а къаьстар болуш, лаьттах дикка айабелла, ткъа важа, оцу бешан, цигахь даьхначу адамийн дІадахнарг ца хууйо я леррина тІе тидам ца бахийтича кхин хаалур болуш а бац. Цигахь динера церан доьзало шайн да вийначу буса дагийнчийн метта керла цІенош. Цул тІаьхьа дейтта шо даьлча, уьш лардеш шен къона дахар дІадала дийзира ІелагІарна ден метта виснйчу Лоьмин а. Оцу дийнахь паччахьан эскаро цІеххьана динчу тІелатаро хІоттийнчу инзаречу суьртан теш ша а хилира Іела.

И де Іелина гуттаренна даг чохь дисира. Оцу дийнахь байинчийн декъий наха дІадухкуш иза ша а вара кешнашкахь. Декъий барамашкахь ца кхоьхьура кешнашка. Цунна божарий ца тоьура. Уьш варданашкахь кхоьхьура цига. ОьгІазаллех юьзначу яххьашца, герзах боьттинчу наха, бист ца хуьлуш, лаьтте лора шайн дайн, нанойн, зударийн, йижарийн, вежарийн, кІентийн, йоьІарийн декъий... ХІетталц баьсса лаьттинчу сийначу бай тІехь цхьа бІе сов кошан барз, хІолламийн хьун хІоьттира оцу цхьана дийнахь.

Иза тІаьххьара де дацара буьрсачу тІеман. Дуьнен чохь а цуьцкъала, йоккха пачхьалкх, дуьненан къизачарна юкъахь а къиза паччахь шен берриге а ницкъаца нохчийн жимчу, маьршачу махка гІертара.

Жимчу халкъо шен паргІатонехьа къуьйсура.

Вийначу ден метта кІант хІуттура, вешин метта ваша хІуттура.

Лоьмин метта Аьрзуна юххе дІахІоьттира Іела а.

Оцу дийнахь дуьйна юкъах дихкинчуьра герз ца достуш, нуьйрара ца вуссуш, бовха кхача а биъна, тхов кІел кІедачу метта охьавижа аьтто ца нислуш дІаяхара цуьнан къона хан.

Уьш а дара адамаш. Церан кийрахь а дара безаман марзо а езаш, маршо а, дуьне а дезаш дегнаш. Амма уьш дера летара шайн а, шайх летачийн а цІий Іенош. Гор яІ, ма лаьара царна цкъа а адамана топ ца йолийла, тур-шаьлта ца ойийла, цхьаннен а нана, йиша ца йоьлхийла! Пайда ма бац царна лаарх. Шайн доьзалш, шайн догІмаш, шайн цІенош, шайн Даймохк ларбан деза церан, царна лаац шайн махка эскарш лоьхкучу генарчу оьрсийн паччахьо шаьш хьийзадойла, дуьненах хьегадойла.

Іелин кийрахь а догура бовхачу безамах дуьзна дог. Цунах цІе йиллира цуьнан юьртахочо Айзас. Цаьршимма сатийсара тІом чекхбаларе, цхьаьна а кхетта безамах марзо а оьцуш маьрша дахаре. Сатуьйсура, ши сту а боьжна дечиган нахарца ирзо аха, цхьа етт, тоьлий йолуш даха а хиъна, доьзал болоре. Амма церан сатийсар кхочушхила гена дара, тІеман чаккхе гуш яцара.

...Шемал тІелоцуш, нохчашна моьттура, тІом сихха чекхбер бу, колонизаторех шайн мохк цІанбина баьлча, шаьш Шемал а цІехьа хьажор ву, шаьш, хьалха санна, маьрша дехар ду. Амма и тІом иттаннаш шерашкахь бахбелира. Халкъ къиза таладора цхьана агІор Шемалан наибаша, вукху агІор тІамо.

Нохчашна кІордийна хьех а, сих а чекхваьллера и имам а, и тІом а. Амма лаъане а ца лаьара паччахьан Іедална кІел эга а. Царна дика евзинера паччахьан инарлийн акха къизалла. Шемалан Іедале безам а боцуш, амма шайн ницкъ цунна дуьхьал берзийча паччахьан эскаршна дан хІума а доцуш, мел ца лаахь а садетташ, шина а къизаллех хьалхабовла гІерташ хІилланца а, ницкъаца а кІелхьарбуьйлуш текхира цара и тІаьххьара итт шо.

Паччахьан эскарша нохчийн тІаьххьара юрт Ведана дІалоцучу хенахь ткъе ворхІ шо дара Іелин. Оцу дийнахь а, хІетале а нохчийн дуккха а наибаша дІатесира Шемал. Амма буьрсачу наиба, бенойн БойсагІара ца витира Шемал, цо ша витталц. БойсагІаьрца цхьаьна Шемална тІаьхьа суьйлийн лаьмнашка вахара масех бІе нохчо. Цаьрца вара Аьрзу а, Іела а.

Шемал Барятинскийна йийсаре воьдучу дийнахь, БойсагІаьрца цхьана гонна юкъара волуш, мостагІчун туьро йиничу чевнан муо бара Іелин хьаьжа тІехь биснарг.

Ягийна яртаobserver дІайохуш, хийла доьзал байлахь буьтуш, хийла да-нана доьзалх доккхуш, дийна биснчарна цкъа а дицлур доцу ирча сурт хІоттош чекхбелира и бахбелла буьрса тІом.

Мисийтта шарахь лаьттиничу тІамо лаьхкина лелийна гІелбелла

нах шайн йохийнаярташ меттахIитто буьйлира. Масех шарахь вовшех хьегначул тIаьхьа Iелин а, Айзин а аьтто нисбелира цхьанакхета.

Шаьш къона хиларе терра, кIад ца луш къахьегарца царшиммо мацах цкъа шайн дас цIенош дишчохь лаппагIанаш юьйгIира. Етт а, дужуш хьайба а дацара цаьршиннан кертахь. Уьш хьехо а ца оьшура. Чохь цхьана маьIIехь поппаран терхина тIе хIоттийна дечиган, кхийран масех пхьегIий, цIенкъа теса цхьа-ши кхаккхий, соне хIоттийна кохьаррий, цунна юххехь гирда сов хьаьжкIаш чохь йомеш ехкина галий — иза бара цаьршиннан бахам. Амма и шиъ хьага кхин тоьлла бахам болуш доьзал ерриге Нохчичохь а кIезиг бара. И шиъ цхьаьнакхетча я ловзар а, я синкъерам а ца хилира. Ца ихира керта совгIаташца зударий а. И гIиллакхаш цкъа ца хилча санна, моллица мах а бина, тийна дIадирзира нускал далор.

Сингаттаме дара керла даха хиънача къоначу шина адаман цIенойн дерзина пенаш. Оьшург бен хIума дацара, хIетте а шаьшшиннал ирсе адамаш дуьненахь а дац моьттура къоначарна. Дахар хала мел хили, оьшург алсам мел дели чIагIлора юккъера безам. Вовшийн дезаро оьшург ца гойтура, безамах дуьзна ши дог юххехь долуш атта дара денна тIетеIа халонаш лан. Амма иза цхьа йоца, кIезиг юкъ яра. Мецачу барзах тера бага а гIаттийна лаьттачу мацаллой, къеллой хьалахьажа ца лууш, шаьш шайн Iехо гIерташ цаьршимма токху денош а чекхдевлира.

Гор яI, ма атта дара гуш волчу мостагIчуьнца герз буйнахь къийсам латто! Ма атта дара иза! Амма муха къийса деза тIамал а буьрсачу мацаллица, къеллица? Муха йицъян еза дайшкахь дуьйна лаьттина маршо, муха нйза деза нйза ца Iемина олаллин дукъ?

ГIоли яц ткъа валар, лай хилла вехачул? Иза бохура хIораммо шега. Иза олий гIоттура хIора а, амма церан некъ тангIалкхашна тIе я Сибрех хуьлура. Вийра къена БойсагIар а, хьаьшира Шотойн Iумма а. Шайн стратегически хьесапашка хьовсий, Iедалша дIасалоьхкура ярташ. Дуьйцура, уьш ГIебартойн махкий, Теркал дехьа гIалгIазкхашна юкъий кхалхийна, нохчашкара мохк дIабоккху, нохчий керста дине берзабо бохуш. Нохчичоь юьзна лаьттара паччахьан эскарех. Туркойн махках бен карор яц паргIато, машар, цигахь ялсамане ю бохуш, нахана цига кхалхар хаздеш лелара гиххойн наиб СаIдулла, зандакъойн наиб Шахьболат, гезлойн Хасу, билтойн молла Нуркиши, кхин масех а.

Къизчу тIамо ах хIаллакбинчу, хIоьттинчу хьоло берриг хIаллакбан герга болчу нахана мичча бахана а, шайна синтем безара, хIаллакьхиларх хьалхабовла лаьара.

ХIетахь я Iелина а, цхьанна а ца хаьара нахана туркойн махка кхалха хаздийриг, паччахьан Iедало хIирийн Мусегахула царна эзар туьма ахча деллийла, шаьш цига кхалхар оьрсийн паччахьа-

на а, туркойн султанна а оьшийла. Царна ца хаьара, дуьнен чохь массанхьа а нийсо яцар, харцой, къизаллий юйла.

БІарзбелла уьш тийшира шайга дуьйцучух.

Іелина дагадеара, 1865 шеран бІаьста салтий, эпсарш юххе а баьхна, шаьш гІаш туркойн дозанашка дигар. Муш а, Эрзарум а шахьаршна юххехь ерзиичу стигли кІел массеран къинхетамах хаьдда нохчийн пхи эзар доьзало текхна ялх бутт. Мацалло хІора денна дІахьора бІе, ши бІе стаг. БІарзбелла нах Муш шахьарна цхьана дийнахь шозза тІелатар. Шаьш даймахка цІа дерзийтар доьхуш наха яздина дехар. Цо дехар духатоьхча, шаьш цІа дерза новкъа довлар. Чохь синош ду аьлча стаг теша хала, тІехула гуш можа чкъор бен хІума доцу адамийн чархаш, ши эзар ялх бІе стаг, зудий, бер Российн дозане кхачар, цигахь туркойн эскарша шайна тІе яккхий тоьпаш йиттина и доьхна де. Оцу дийнахь туркойн эпсарийн куьйго ножийна майра Аьрзу...

Царна ца хаьара паччахьийн дворецашкахь, тІеман штабашкахь инарлаший, дипломаташий шайх йохка-эцар йойла, ца хаьара цара шайна къайлах кечъеш къиза Іожалла юйла.

Ткъа царна гонах и гезгаш маша бузу масех шо а дара...

## 2-гІа корта

Буьйса. Некъо валий со кху эвла.
Диллиничу корах схьайогу серло.
Кхуьнга сатуьйсуш, геннара веъна,
Со лаьтта ладоьІна гІовгІане...

М. Мамакаев.

Шен ойланашца шовзткъа шо кІегар вахана а лелла, хІинца юха а тховсалерчу буьйсанга вирзинчу Іелин бІаьргех мела хи хьаьдира, легашка шед хІоьттира. Аьрзу вийна де дара цуьнан дахарехь уггар доьхна де. Дагабаьхкира кхузахь шеца тІаьххьара сахьт тІехІотталц даймахкехьа къийсина, Турцехь шеца ерриг халонаш екъна бІаьхаллин накъостий: самукъане, амма дарвелча лоьмах тарло Мовсар а, МІаьчиг а, даим буьрса, амма догдика Къосам, мискачийн молла, къопа бІаьхо Маккхал.

«ХІун хили-техьа шух? Даймахке кхойкхуш меца Іожалла тІеэцна, цигахь хиллачу лаьттан кийра дирзи техьа шу я, хІетахь санна, дай баьхначу лаьтте, шайн халкъе сатуьйсуш лела техьа шу?»

Амма, дуккха а халонаш Іуьйшуш, лечкъаш цІа вирзинчу Іелин а ца хилира шен доьзалца маьрша ваха хаа аьтто. Иза цІа веана шо а кхачале, гІаттам болабелира Нохчичохь. Паччахьан Іедалан колониальни политикана гІийла дуьхьало яра иза. Къонахчун дехкаро, вешин весето бакъо ца лора Іелина оцу къийсамна юьстах

виса. Иза, оцу гІаттамаи уггар жигара дакъалацархо хилла ца Іаш, цуьнан куьйгалхойх цхьаъ хилла дІахІоьттира.

Халкъан лаам кхочушбан дош даларца, цкъа хьалха адам дІа а тедина, шен аьтто а нисбина, паччахьан Іедало дІалеца болийра гІаттам болорхой. Туркойн махкара цІаверзарна а, гІаттамехь дакъалацарна а шозза бехке хилла Іела, итт шо хан а тоьхна, Сибрех хьажийра.

И цхьаъ вацара цига хьажийнарг. Кхин цкъа а хадийра Нохчичоь шен тешамечу кІентех. Мацалла гІело хьоьгуш, Іазапехь дуьсучу шен халкъан а, чохь хьакхо ялтин цинц боцуш шина бераца юьсучу Айзин а ойла еш, болатан шийлачу буржалша къуьйлуш лозучу дегІан межеиашка ла а доьгІуш, генарчу Сибрех ваха ткъе берхІитта шо хьалха кху юьртах велира Іела.

Ткъе кхоъ шо делира цунна шен ненан маттахь адам дистхуьлу хазаза. Къежвелла, дегІера ницкъ эшна, къанвелла кхечи иза ша дукха сатийсинчу винчу юьрта. Нуьцкъала каторжни балхаш ца лайна, мацалла гІелбелла, цамгарша эгийна веллера кхуьнца Сибрех нисвелла масех нохчо. Дала доллучу се бІарзбинчу накъосташна гонах хьийзаш я церан узаршка ладоьгІуш цо хийла йийхира шена Іожалла. Амма декъазчу Іелин са ца даьхьира Іожалло. Къонахаллех, собарх буьзна накъостий лаьттах а боьхкина, цхьа висира иза цигахь а. Иза дийна висина. Ца велла ялхийтта шарахь тІом барх а, туркойн жоьжахатехь а, Сибрех ткъе берхІитта шо доккхуш а.

Шен ненан кийрара ваьллачу минотехь дуьйна ирсан чам ца хууш, декъаза диъна дуьне дицдеш, дехаран малх чубуза регІа тІе лахбеллачу хенахь, цо дуьненахь яккха йисиничу хенахь цунна ирс дала валийна техьа иза кхолламо винчу юьрта, я, хьегнарг дицдеш, доккха вон гайта?

Воккха стаг ойланаша лаьцна кхузахь хиъна Іеш, цунна шена а ца хууш, дикка хан яьллера. ХІинцца хааделира цунна ша шелвалар. Шийлачу лай тІе хиъна Іийначу цуьнан лахе шелъелла леххера. Дегадора дегІ. Ша бинера можа тІехула некха тІе Іеннačу бІаьрхих.

«Кхузахь кхин жимма висахь, со-м гІорор ву», — дагадеара цунна. Амма мича ваха веза, цунна шена а ца хаьара

Гонах бІаьрг тоьхча, цунна гира бешан цхьана маьІІехь гІийла йогу чиркхан серло. Мила ву техьа цу чохь вехарг? Милла хилча а, цунна вевзарг хир вацара. Цуьнан нийсархойх стаг, нагахь виснехь а, дукха висина хир вац, верг а цунна вевзий а хаац. Ткъа миччa а цхьанхьа чу а вахана, буьйса яккха езара.

Уггар хьалха цунна хаа луург Айзех а, шина кІантах а хилларг дара. И кхо са бен дацара хІара Сибрех воьдучу хенахь кхуьнан цІийнах диснарг. И кхо адам, хІара вина мохк, валале хьалха цаьрга бІаьрг тоха лаар дара къена Іела цІа валийнарг.

Цо дукха сатийсинера винчу махке, хьомечу доьзале.

Цо кхочушдан дезара вешин весет. ХIинца иза цIахь ву.

Халчу дахаро а, Iедалан харцонаша а тешам байнна, ларлуш хила Iеминчу цунна ца лаьара, юьрта кхачарца ша дIаккхайкхо. «Хьанна хаьа кхузахь хIун хьал ду. Тохара туркойн маххкара цIа варна а бехке вира со. Сибрехара цIа бакъонца вагIахь а, Iедална хIун эхь ду, цхьа бахьана а хIоттийна, со юха хьажо. Цхьанне а ца вовзуьйтуш, цкъа хьалха кхузара хьал довза а, сайн доьзалх хилларг хаа а хьожур ву со. Нагахь доьзал дийна белахь — вовзуьйтур, бацахь... цхьа дала дайттинарг дийр ду-кх. Цул даккхий вонаш а лайна, иза а ловр ду. Амма муха лан деза и дерриг?»

Тхьусйоьлла настарш меттаяло гIерташ, цхьацца-шишша ког боккхуш, соьцуш, серло гучу керта воьддушехь, цо ойла йора ала кечдан дезачун. Цунна дагавеара тIом чекхбаьллачул тIаьхьа шен гергарло тасаделла Оьрза-гIалара гIалгIазкхи Андри. Керла бахам вовшахтухуш шений, Айзиний цхьацца оьшург эца ахча а, я дохка ялта а ца хилла, шен, Чорин цхьацца сту боьжна, дечиган кIорий, хьаннашкара лахьийна цхьацца акха стоьмашший бохка я хийца дагахь ворданахь ваханчу Iелина хIетахь дуьххьара вевзира и оьрси. Андрин ков-керт, пхьалгIий хIинца а шена гуш санна хетара Iелина. Цуьнан пхьалгIахь шортта кIора бара. Муха ца хуьлура, церан юьртана гена йоцуш йоккха хьун хилча. Амма, Iела мича дезаро араваьккхина хиънячу Андрис, цуьнан ворданара кIора охьа а боьхкина, цунна дуьхьал масех бел, цел а, мангал-марс а, кхин цхьацца хIуманаш а елла, цIа хьажийра иза. ХIетахь тасаделла хьошалла лаьттира царшинна юккъехь, Iела Сибрех ваххалц. Андрис, кху эвла а вогIий, юьртахошна мехах аьчган цхьацца гIирсаш кечбора. Иштта веана Iела волчохь ши бутт сов хан яьккхира цо хIара туркойн маххкара цIа веъча.

«Кхузахь со цхьанна а вевзар вац .Оьрсийн мотт а суна дика хаьа. Суо Андри ву эр ду ас хьаьттинчуьнга», — сацам бира цо воьддушехь.

Керта воьдуш, ков лоьхуш цхьа го тесначул тIаьхьа цунна карийра къевлина лаьтта ринжа. Кертара схьа жIаьла хьадарна кхоьруш, ша ринжа деллале йовхарш туьйхира цо. Амма меттахъхьов хезаш хIума а дацара. Кертахь цхьанхьа жIаьла хирг хиларх тешаш, ларлуш гонах хьоьжуш, вахана, тIе латта теснача кегийчу цIецойн уча а ваьлла, меллаша кор туьйхира.

Чохь цхьаъ меттахъхьайра. Iелина хезира когийн тата. ТIекхоьллина чоа а долуш, коьртаIуьйра боьрша стаг уча велира дукха хан ялале.

— Буьйса дика хуьлда хьан, хIусамда, — элира Iелас оьрсийн маттахь.

ХIусамдас хала оьрсийн дешнаш лахьийна жоп делира хьешан маршаллина.

. — Бехк ма биллалахь, хан йоцчу хенахь хьуо гIатторна. Ахь пурба лахь, тховса хьан хIусамехь буьйса йоккхур яра ас, — бех-

калавахара Iела, цунна оьрсийн мотт дика ца хаьий хиъна, ша эриг ма хуьллу къостуьйтуш ала а гIерташ.

— Буьйса яккхаран гIуллакх хоьттуш ца хуьлу. Чу а волий, хьайн хIусамехь санна, паргIатвала, — аьлла, неI йиллина, хьалха куьг тесира хIусамдас.

Цо куьг хьалха дIатосуш беллабеллачу чоьйин тIома юккъехула Iелин бIаьрг кхийтира цуьнан хечин борчах йоллучу тапчин макъарх.

«ХIинца а бу техьа нах, хьалха санна, маьрша бийша йиш йоцуш», — дагадеара Iелина.

Iела цIа чу велира. ТIехь шиша а доцуш, чуоьзна гIийла богучу чиркхо серлаяьккхинчу чохь поппаран маьнги тIехь наб кхетта Iуьллура диъ бер.

ХIетта гIаьттина хIусамнана, набаро дохийначу шен дегIан меженаш саттош, шуьйра бага гIатторца метта а еана, новкъара хIуманаш дIасалуьстуш, чухула йолаелира.

Ма дукха хан яра Iелина хIусамехь иштта доьзал ганза. Маьрша дийшина Iохкучу берашна тIе а вахана, уьш сама а даьхна, хьаста сакIамделира. Йовхачу хIусамо, нохчийн кхерчан дагна там бечу хазчу хьожано дахаре безам бахийтира.

— Же, ма Iелахь, зуда, — цIийннанна тIевирзира хIусамда. — Вайна тIевоьссинарг хийра хьаша ву. ГIазкхи ву хIара, доллачул хьалха юучуьнца там бел кхунна. Хьаша, хьо хьайна тIера кетар, когара мачаш дIа а яхий, паргIатвала, — аьлла, тIетуьйхира цо Iелигахьа а вирзина.

Цхьана баттахь гергга генара биначу некъо дегI а, чухулара бедарш а бехйина волу Iела воьхна хьаьвзира, сов-ков хIума дIаяккха дезча. Амма иза уьш дIаяха волаваларе ца хьоьжуш, тIеванчу хIусамдас валенкаш дIаозийра цуьнан когара.

Iелас, шен гира пIаьлдиг схьа а баьстина, тIера кетар дIа а яьккхина, уьш шена юххе охьаехкира.

ХIара шиъ и деш воллушехь, хIусамнанас йовхачу шурех буьзна боккха кхийра кад, сискал чохь шун хIоттийра Iелина юххе маьнги тIе.

— Бовха кхача кечбан хан яц хIара, тховса цкъа кхунах кхачо йина ца Iийча вер вац алахьа цуьнга, — дийхира зудчо майрачуьнга.

Царшиммо дуьйцучух ша ца кхетачуха, вист ца хуьлуш Iара Iела.

— Хьаша, хьуна сихха охьавижа ца лаахь, вай кхин бовха кхача кечбийр бу, цкъачунна хIара кхаллахьа, — элира хIусамдас.

— Баркалла, бераш, дала дукха дахадойла шу. Суна-м кху довхачу цIа чохь цхьана сонехь дIатовжа меттиг хилчахьана хIума ца оьший.

Оцу дийнахь, Iуьйранна цкъа-шозза хIума кхалларх кхин рицкъа кийра дахаза волу Iела, сискал кегийра чу а кагйина, яа

вуьйлира. Ша хийла сатийсина сискал йоккха кхоллуш, марзо а оьцуш, яа кхелаш хуьлуьйтург дуккха а мах лур бара цо.

Амма уьш яцара. Бага эцна сискал цо, лоррий шен хьалха йиснинчу са церга кIел а нисйой, меллаша Iуьйшура.

— ХIара хIун муьжги ву? — хьаьттира зудчо майрачуьнга.

— Хьанна хаьа и, — доцца жоп делира майрачо.

— Амма милла велахь а, маьттаза муьжги-м ву. Доккха хIума ду-кх, иза тIе а вижийтина, мотт бехбайта дезар, — цхьа хан ялийтина, юха а йистхилира зуда, хьешан яьллачу можей, коьртей, силмашийн, модаша юьзинчу бедаршкий хьаьжна.

— Иэхь хета жимма! Иза хIунда ву маьттаза, хьо санна, дала кхоьллина адам дац иза? — човхийра иза майрачо.

— Ас-м иза боьха, беркъа волу дела бохура, — аьлла, йоьхна жоп а делла, дIатийра зуда.

— Хьанна хаьа, вайга хIун догIур ду. Де эшначу стагах кхарда ца веза, дог лаза деза. Ша кхаьрдинарг шен коьрте догIу.

Церан къамеле ла а доьгIуш, кедара шура лаххьийна дIа а мелла, шуьнара вухахилира Iела. ХIетталц шуьне бIаьрг тоха дага ца догIуш Iийна хIусамнана, кхин а тIе шура йотта дагахь, пеша тIера кхаба схьа а эцна, тIехьаьдира.

— Баркалла, кхин ца оьшу, — дуьхьал куьг тесира боккъал вуьзначу Iелас.

— Дийцахьа, хьаша, хьо мила ву, айхьа хIун леладо. Хьанна хаьа, ахь айина лелочу гIуллакхана гIо дан ницкъ кхочур бацара техьа, — хьаьттира хIусамдас, хьаша вуьзна паргIатваьлча.

— Со Червлени станицера ву. Оьрза-гIалара.

— ЦIе хIун ю хьан?

— Андри.

— Андри... Андри... И цIе йохуш хезна-кх суна мацах цкъа, — цкъа ша-шега вистхилира хIусамда, аз лахдина. — Ткъа лаа веанийн хьо Нохчмахка?

— Къелло валийна. Доьзал хене баккха, жимма йолах бан болх лаха веана со.

— Доьзал дукха буй хьан?

— Диъ бер... КIентан диъ бер ду. Церан да вийна тIамехь.

— Мича тIамехь?

— Японица болчу тIамехь, дукха хан яц вийна.

— ХIаа, тIамо баланаш бохьу адамашна. Тхан эвлара а ву оцу тIамехь кхоъ. Цхьа а хабар доцуш... ХIун болх бийр бу ахь?

— ЦIеног дотта а, дечиган пхьола дан а хаьа суна. Мах белчхьана, суна-м муьлхха болх бен бац.

Майрачун а, хьешан а къамеле лерина ла а доьгIуш, амма дуьйцучух ца кхеташ Iечу хIусамнене шена хиънарг дIадийцира хIусамдас. Вукхуьнан юьхь екхаелира.

— Делхьа ма дика ду-кх хIара вайга нисвелла! Кхана вайн божлара кхелли керта тIехула беша тосуьйтур ю вай цуьнга.

— Иэхь хета цхьажимма! — оьгІазвахара хІусамда. — Товр-м дара вай хьеше кхош дохуьйтуш!

— Цунна хІун башха ду, шена мах белчахьана.

— И хир дац, зуда. Доккха хІума ду-кх сел сонта хилар. Болх бича, хьо хІун яла йоллура цунна? Вайх-х ваьш ду, и санна арадовла кечделла Іеш. Хаац, кху мисканна болх хьаьш ахь карор бу. Мехах болх байта йиш хьенан ю. Дена наьІалт хиларнйн, Іабден, СаьІидан, Хьусин ирсана нисвелла-кх хІара кхуза. Мел яарх ца бузу уьш, йоккха топ хилла лелхарш. Шен делан кхолламца, ницкъ белара сан, ахча а делла, хІара шен доьзална тІе дІахьажо. Оцу кхаа харина кхуьнга болх ца байта хІуьу дийр дара ас. Амма ницкъ бац. Сайн хьаша ас кхобур ву, болх цо неханиг бийр бу. Хаалахь хьайна, иза вайнехан хьешал дуккха а бехке хилар. Цул, иза охьавижо гІайгІабе. Пекъар, кІадвелла хир ву.

— Мича вижаво ас иза?

— Дер хаац Хьешан цІа чохь, тІе кІел санна, шийла ю. Бераш цІенкъа а дахий, маьнги тІе мотт билла ахь цунна.

ХІусамненан дагара хаале дуьйна а ша боьха хеташ, нийзаделла Іела, уьш ша маьнги тІе вижо бохкийла хиъча, хьала а гІаьттина, цара дуьйцучух ца кхетачуха, вистхилира:

— ХІинца аш нурба лахь, ас, охьа а вижина, садоІур ду. ХІоккхуза соне, суна кІел таса тишо истанг-черг хІума хир юй?

— Хьо дІога вуьжур ву, — бераш Іохкучухьа пІелг хьажийра вукхо. — Зудчо цигара бераш дІа а даьхна, хьуна мотт буьллур бу.

— ХІан-хІа, со кхуза вуьжур ву. Бераш меттах ма хьеде.

— Кху хІусамехь да со ву. Хьо сан хьаша ву. Ас аьлларг дан деза ахь.

— Шун нехан гІиллакхаш суна дика девза, жимстаг. ТІевоьссинчу хьешан лаам — хІусамдена закон ду. Аш и бераш самадаахахь, со лулахошка гІур ву.

— Хьалха сан хІусаме воьссина хьаша кхечухьа вижа вахана бохург нахана хезче ма хир дара! — нохчийн маттахь мохь белира хІусамден.

Цунах кхеравеллачу хІусамдас оьрсийн маттахь Іелига элира:

— Сан хьаша цІенкъахь Іиллина хилар нахана хиъча муха хир ду? Со сийсазван гІерта хьо? Ойла ехьа цуьнан!

— ХІумма а хир дац. Суна сайна ма ца лаьа бераш маттахьхьедан. Цу тІе, со Іаламат боьха ву. Ас бохург дехьа, диканиг.

Хьаша шечунна тІера ца ваьлла, кІелвисира хІусамда. Дехьа чу яханчу зудчо чу ча доьллина тиша гоьй, кенан гІайбий, дуткъа боьзан юргІий деара. Цо биллинчу метте а ваьлла, охьавижинчу Іелина там хилира, месийн назбаршла вижча санна.

ХІусамдай бийшаре ца хьажира цуьнан кІадделла къена дегІ. Ах сахьт далале хьешана чІогІа наб кхийтира.

## 3-гӀа корта

Хьуна тӀехь йоьлуш ерг мацъелла
и борз ю,
Хьоьха дог лозуш ерг и Ӏаьржа
хьаргӀа ю.

Нохчийн халкъан илли.

Ӏуьйранна хьалхе самавелира Ӏела. Малхбалехьара схьагӀерта де хӀетта гучудала детталуш дара хил дехьарчу регӀа тӀехула. Тайп-тайпанчу аьзнашца кхойкхура лулахойн нӀаьнеш. Хезара гена доцуш дегаза летачу къеначу жӀаьлин гӀовгӀа.

ЦӀийнан доьзал наб еш Ӏуьллура. Берех цхьаъ набарха цхьанна луьйш доллура. Оцу буса хьаша а веана, мотт гатбелла, ца тарлучу цара юргӀа къуьйсуш, наггахь вовшийн човхабора, юха а тапп олий дӀатуьйра.

Самадолучу Ӏаламе ладегӀахь а, Ӏелин ойланаш генахула хьийзара. Цунна хӀинца а теша хала дара ша винчу махкахь, шен юьртахь маьрша ву бохучух. Цо сатийсира хӀара де тӀекхачарс, ара а ваьлла бӀаьрг тоха. Цхьа-ши сахьт даьлча цунна гур ю ша вина, берахь левзина меттигаш. Цаьрга а хьоьжуш, цо дагалоьцур ю декъаза бералла, къаьхьа къоналла. Цунна гур ду дайн кешнаш. Хьана хаьа, цунна-м шен Айза, Ӏумар, Ӏусман ган а мегий. Цкъа бӀаьрг тоха йиш хилча, вала а хала ма дац.

«Ткъа хӀун деш хир бу техьа суна сайн воӀарийн метта хилла Петро, Кирилл, Датико, кхин иттаннаш накъостий? Схьахстарехь, уьш хьун хьокхучу дӀакхачча бохкуш хир бу. Ткъа Николаз? Иза кхана бен кхочур вац шен юьрта. Дала дукха вахавойла иза. Дуьненах догдиллина Ӏийна со цо валий кху махка. Амма бисинарш а беvр бу оцу жоьжахатера ара. Уьш къона бу, тоьхна хенаш дукха яц. Хан чекхъяллалц Ӏай хаац. Кхиберш санна, уьш а бовдур бу. Юха а шайн цӀа боьзур бу, маршонехьа къийсам латто. Везан дела, аьтто белахь церан, Ӏалашбелахь уьш! Кхоам бу хьекъалечу, майрачу, хьуьнаречу, къоначу церан хеназа хӀуллакьхуьлийла. Цара дош делла мискачу сан хӀусаме хьошалгӀа бахка. Амма коьртаниг ма дицделаш. Аш къеначу Ӏелина дош делла цуьнан халкъехь, массо а адамашкахь Ӏазап-бала латточу хьолахошна дуьхьал шаьш тӀом болош шайн могӀаршка соьга дӀакхайкха. Кхойкхурий техьа? Вицвир ву техьа цара со? Ой, царна хаа ма хаьа, сан вашас генарчу туркойн махкахь шен са долуш соьга дина весет. Цара суна гайта ма беза асий, сан дайший хьегначу Ӏазапна, уьш хӀаллакьхиларна бехкеберш! Ас царех бекхам эца беза. Ас гойтур ду, сайн къоначу доттагӀашна маршонехьа муха лета веза. Хоуьйтур ду, нийса топ тоха, каде тур лесто къеначу Ӏелина дицделла цахилар...»

Ӏела шен ойланех юкъахваьккхира, хьала а гӀаьттина, товха ла-

то тохаеллачу хIусамнанас. Дукха хан ялале лелхаш цIе кхерстира кхерча тиллиичу ножан дечигах. Iелина там беш, коьрте мерза ойланаш туьйсуш лестира хIусамненан карахь цаца. ХьалагIаьттина хIусамда, бедарш тIе а юьйхина, вист ца хуьлуш, аравелира. ХIинца хьалагIаьттича мегаш дара Iела а. Ша чохь вуйла хаарна кхоьруш санна, меллаша юххера схьаэцна шен миска барзакъ тIе а дуьйхина, чуьра аравелира иза. Уггар хьалха цуьна дагадеанарг — кешнашка вахар дар. Амма, тахана цкъа гIойла доцийла хиъна, дитира цо иза. «Керста» стаг шайн кешнашка хьийзар дезалур дацара нахана.

Сийсара шена ши чурт гинчу гу тIе вахара иза, меллаша волавелла. Цигара дIахьаьжча, кера юккъехь санна гуш яра юрт. Дукха а цIенош дацара хьалха хиллачохь. Иза Сибрех вахале диичех наггахь цIа а ца дисинера юьртахь. Шира дитташ хедийнийн, къанделлий дIадевллера. Къанделла пайда ца лучу девллера шовзткъе кхоъ шо хьалха кхуо дийгIина синтарш а. Царех цхьадерш, генаш хаьдда, чIана даьхнера. Мацах цкъа цо шайн коре боьгIна Iаж лаьттара бакъа а белла, еллачу хIуманан чарх санна. Беккъа цхьа малх бара, ткъе берхIитта шо хьалха санна, хьалхалерчухула схьакхеташ а, цигахула дIабузуш а

Кхин мел дерш хийцаделлера.

Хийла сатийсиичул тIаьхьа хIинца шозлагIа хьоьжура Iела даймехкан Iаламе. Амма Турцера цIа веъча а, хIинца а цхьатера яцара дог-ойла. ХIетахь мел дуьне доьхнехь а, ша кьона хиларе терра, дуьненах самукъадолура, дахар тодаларе сатуьйсура. Халачу дахаро теIош вохийначу къанвеллачу, мел паьхна а шина-кхаа шарахь бен вехар воцчу цуьнан кханенга сатуьйсийла а дIаяьллера хIинца. Доьзалах хилларг хаац. ДегIехь ницкъ бац. Кьеналло герганйзайо Iожалла. ХIинца кхуо сатуьйсург Iожалла яра. Шен лаьтта тIехь маьрша ваха ца витинехь а, кхузахь вала а, шен каш хила а лаьара. Юха кхузара дIа а ваьккхина, нехан хийрачу махкахь шен каш хиларна кхоьрура. ХIинца цуьна хIумма а ца оьшура, кхузахь цхьана тоьли чохь наргIат ша вала витичхьана, велча вижа иттех дол латта делчахьана. Амма и Iожалла кьийсамехь, герз буйнахь, мостагIех леташ хила еза...

РегIа тIехула хьалаайабеллачу маьлхан шийлачу зIаьнаршна кIел, детий санна, лепара семсачу лайно дIахьулдина Iалам. Iелина юххехула тIех а буьйлуш шовдан тIе оьхура Iуьйранна даьхни хитIа далош а, хи эца а богIу зударий. Цуьна улло нисбелча къаьрззий цуьнга хьовсура уьш. Наггахь зуда, ша тIехъяьлча а, юхахьоьжуш хуьлура. Шен хьежар эрна дуйла хуъушехь, Iела а хьоьжура цаьрга, вевзарг гаре догдохуш.

Пхьаьрсех тийсина кIудалш а йолуш, вовшашца цхьацца забарш а еш, зевне йоьлуш, ший йоI тIехъяьлча, царна тIаьхьа хьоьжуш Iелина карлаелира шен декъаза къоналла. Церан цIийнан корехула дIахьаьжча гучу, лулахойн бешан маьIIехула схьа-

хьаьвзачу урамехула хIинцца тIехъяьлла яхана и ши йоI санна, пхьаьрсах цIестан кIудал а кхозуш, хи эца шовдане йогIура Айза.

И хан, хIетахь лелийнарш гинчу набарх ваьлла, и гIан дагалоьцуш санна хеталора хIинца. ХIетахь дуьйна шовзткъа шо хан яьллера. Вац хIетахьлера Iела дуьненахь. ХIинца иза, къанвелла букархьаьвзина, баланаша юьхь а аьхна, настарш а шелъелла воккха стаг ву.

«Нагахь дийна слахь а, гича евзар юй техьа суна Айза? — дагадеара цунна. — БIаьргаш девзар ду. Хьекъале, къинхетаме, безамах дуьзна цуьнан Iаьржа бIаьргаш девзар дара суна мел дукха хан яларх, дуьненахь мел долчу бIаьргашлахь».

Цигахь хIоьттина латта кIордийча, цIаверза ойла хилла, цкъа дIа а волавелла, юха мухха делахь а вуха а вирзина, шина чурта гIе вахара Iела.

ГIайраккхан гIулгах кечдина цхьатерра ши чурт дара и шиъ. Говзачу пхьеро царна тIехь лерина дехкинера туьран, шаьлтанан, тоьпан, тапчин сурташ. Царна тIехь Iасий, суьлхьанаш цахиларо гойтура, и шиъ къоначчийн безамна доьгIна хилар. Iаьрбийн йозанаша тIехула хьекхна басарш мохой, малхой дIадайннехь а, гуш дара, и шиъ доьгIчахьана ткъех шо хан бен яьлла цахилар. Мацах цкъа Маккхала Iаьрбин йоза деша а, яздан а Iамийна Iела, охьа а таьIна, царна тIера цIераш еша вуьйлира. Цхьанна тIехь цуьнан вешин Аьрзун цIе яра, ткъа вукхунна тIехь... цуьнан шен цIе! Шен шина бIаьргах ца тешаш, юх-юха а йийшира цIераш. ГIалатволийла дацара. И ши чурт цуннийн, Аьрзуний доьгIнера.

Шена хIоттийна чурт гича, цкъа дегIе зуз хьаьдира Iелина. ГIенах хуьлура ишттаниг. Ткъа хIара дерриге а самах ду. Цхьа хан ехьира цо догдоьхна. Амма иза цIеххьана хазахетарца хийцаделира. Цунна а, Аьрзуна а цхьаммо чарташ доьгIна. Делахь хIета, цуьнан ши кIант дийна ву. Царшимма бен и гIайгIа бойла яц. Воккхачу стеган дахаре болчу безаман цIарах биснчу суйнах цIе летира.

«Ма тамашена хIума ю-кх хьо, дуьне, — ойла йора цо. — Къанвелча а ца лаьа вала. ХIора денна кханенга сатуьйсу, шена оцу кханено берриг дикаболх бохьур болуш санна. Мерза ойланаш еш, сатуьйсуш буса охьавуьжу, ткъа Iуьйранна самаваьлча дерриге а хьалха санна, хIумма а хийцадалаза карадо, я и керла де, бала а бохьуш, догIий схьакхочу. Лекха лам хадор санна хIума ду стеган дахар. Оцу ломан буьххье ваьлча, шена хьалха, хIетталц массарна а къайле хилла лаьттина керла дуьне схьаделлалур ду моьттуш, цига хьалагIерташ шен берриг къона ницкъ кхачабо. Оцу тIехь ду моьтту шен ирс. Ткъа шен дахаран шовзткъа шо хан йойуш некъ бина оцу лакхенга ваьлла дIахьаьжча, хIумма а ца карадо. Лахара хьалахьаьжча цунна цигахь ю моьттина хазна хIаваэхь лепа дIаьнарш хуьлий юьсу. ТIаккха дахаран и ах уьйриг юха луьстуш,

кӀегарван ницкъ белхьара! ХӀан-хӀа, бац. Мелхо а, цуьнан йисина ах дӀайостуш, кошан бодашка восса деза...»

«Нагахь чарташ доьгӀначул тӀаьхьа ши кӀант веллехь? — кхоьруш ойла йора цо, воьдуш лаьтташехь. — Со санна, ваьккхина цхьана агӀор вигнехь? Гур ву техьа суна и шиъ? Дела, хьан керахь бу-кх болх».

Ша буьйса яьккхинчу керта вирзина Ӏела, цӀа чу а ца хьаьвзаш, ма-воьддура божли чу вахара. ХӀусамнанас сийсара хьехнйна кхелли дӀаяккха дагадеара цунна. РагӀун кертан цхьана сонехь, лерина тӀе-кӀел юьллуш, бина барз бара кхеллин. Схьахетарехь, иза беша йохка яхкаялийта тойина шира кхелли яра. Цкъа ойла хйлира Ӏелин кхеллех дан дезарг хӀусамнене хатта. Амма хьешан дагахь дерг хиъча, цо бакъо лур яцара и кхочушдан: майрачо чӀогӀа дихкинера цунна хьеше болх байтар. Кертал дехьа, беша а ваьлла хьаьжча, цигахь цунна карийра кӀезиг кхелли. Шеко яцара йиснарг цу тӀе тийса езаш хиларан.

Божли чохь дечиган шада а карийна, тӀера кетар дӀа а яьккхина, болх бан волавелира хьаша.

## 4-гӀа корта

> Тхо цкъа а, цхьанне а
> Къарделла совцур дац.
> Маршо, я Ӏожалла
> Шиннах цхьаъ йоккхур ю.
> БӀаьстенга тхаьш довлахь,
> Цу кхахьпа элашка,
> ХьотӀца цӀий тийсийта,
> Делах дуй бина ду...
>
> Нохчийн халкъан илли.

Ша болийна болх бина а ваьлла, кхин дан гӀуллакх доцуш хиъна Ӏаш, ши чурт долчу гу тӀера цхьаммо чӀогӀа бетта мохь хезира Ӏелина.

— ЛадогӀалаш, нах! ЛадогӀалаш, нах!

Ӏелас лерина ладуьйгӀира.

— Делкъан ламазаш а дай, рузбанан маьждиган майдана гуллолаш! Тахана юьртан гулам бу. Хезий шуна, нах, ламазаш дича, рузбанан маьждиган майданахь юьртан гулам хуьлу...

Юьртан туркхан оцу маьхьаро Ӏелина карлаяьккхира генна дӀаяхана хан.

Оцу майданахь кхиэл ян охьаховшура юьртан тхьамданаш. Иза кхайкхайора юьрто а, юьртан тхьамданаша а шаьшлахь сий дейш къастийнчу юьртан баьччано. Цо буьгура юьртахой тӀаме а, цуьнан кара лора юьрто ша хӀоттийна Ӏедал машаран хенахь а. Оцу тхьамданашна юкъахь ца хуьлура ямарт, кӀилло, оьздангалла

йоьхна стаг, харцо ен ерг. Цара ниййсо йора цхьа а таппа озабезам боцуш. Церан дов шайн мостагIашца делахь а, бехк баьллехь, цара бехке бора шайн вежарий, кIентий, дай. Цара дегнаш а къуьйлуш, амма бIаьрганегIар ца тухуш, луьрчу таIзаре вуьллура бехке хилла шайн кIант, ваша а, дагна мел гергарниг а. Бехк бацахь, бехказа вора шайн цIийнан мостагIа а. Церан Iедал — ниййсо яра, дахаран Iалашо — юьртахь барт, ниййсо, беркат латтор яра.

«Муьлш бу техьа хIинца юьртан тхьамданаш? Цара кхэл а муха йо техьа? — ойла йора Iелас. — Хьажа веза цигахь хIун до».

Делкъал тIаьхьа, адам гулделла хир ду аьлла хеттачу хенахь, рузбанан маьждиган майдана вахара иза. Адам дикка гулделлера, амма тIеоьхучийн тIаьхье хадаза яра. Кхузахь лелориг шена бен а ца хетачуха, амма цара дуьйцург дика хеззе, майдана богIучу беа урамах цхьаннан керта улло а хIоьттина, нах тергалбора Iелас.

Оцу урамехула схьабогIучара, шаьш уллошха тIехбовлуш куьг а лоцуш, маршалла-могашалла хоьттура хIокхуьнга. Къамел доца хуьлура, диснарг куьйгашца, доьлучу бIаьргашца дуьйцура.

— Как дела? Матушка яхши? Баранчук яхши? Баранчук чорак ест? — хоттура цара, чIогIа Iелин куьг а Iуьйдуш, массара а цхьа барт бича санна.

Цара буьйцу и мотт нохчашла баьржина дукха хан яра. «ГIуллакх муха ду? Зуда могуш юй? Бераш могаш дуй? Берашна яа сискал хуьлий? — уьш шега хатта гIертийла шера хаьара Iелина. ТIаьххьара а вогIучу, буьрсо юьхь йолчу лекхачу стага, ша маршалла хаьттинчул тIаьхьа, нехан тоба йолчухьа дIаозийра иза.

— Вало, гIазкхи! Тхан юьртда селхана шен ден цIа вахана веана. Цо тхуна хIун совгIаташ деана хьожур хьо.

Iела ца вахара цуьнца. Нехан хеттарех къехкара иза. ТIехула тIе, хьанна хаьа, юьртдас кехаташ хаттахь, хуур ма ду иза Оьрзагlалара Андри а воцуш, кху Гати-юьртара Iела вуйла.

Маьждиган гонах йиллчу аьчган кертана арахула дехкинчу дукъошна тIехь, лохха къамелаш а деш, хевшина Iара баккхий нах. Биснарш, тIехIиттина, цара дуьйцучуьнга ладоьгIуш а, шайн-шайн тобанаш а йина, къамелаш деш а латтара. Нехан яххьашка хьаьжча а хиира Iелина, шаьш гулдинчу гIуллакхана уьш цуьрриг реза боцийла а, кхуза дегаза гулбеллийла а. Амма, мел хаа гIертарх, цунна ца хиира оцу баккхийчу нахах юьртан кхеташонехь хаьржина тхьамданаш муьлхарниш бу а, церан баьчча муьлха ву а. ТIаккха, юьртан тхьамданаш схьакхачаза хир бу аьлла, сацийра цо.

Адамаш гуллучуьра севцича, гонах керт йоцчу дIо цIеначу цIеношкара араваьлла виъ стаг веара майдана. Царах цхьаннан коьртарчу куйна гонах хьарчийна кIайн чалба а, гIодаюкъ къевлина цхьа куьг шуьйра Iаьрбийн юкъйоьхкург а яра. ТIерачу духарой, цуьнан леларой гойтура и лекхачу дегIахь, верстана буто вокха стаг хьаьжо хилар. БIаьргех доьхкина куьзганаш а, кера лаьцна суьлхьанаш а долуш, кегийра гIулчаш йохуш, цунна тIаьхьауьдура

эгIазо, юккъерчу дегIара стаг. Иза моллех тарвелира Iелина. И вуъ стаг тIекхаьчча, къамелаш а совцийна, дIатийра нах.

ХьалхавогIучу, говран коьртах тера ехо юьхь-марш а, мукадехкачух ши бIаьрг а, йоцца лергина хьаьрса маж а, дуькъа мекхаш а долуш, цIена логан кIело яьшна, лохачу дегIара верстичу стага, гона юккъе а ваьлла, куьг хьалалецира.

— ХIа-хIани, нах! — мохь туьйхира цо дуькъочу озаца, — шуна ма-хаъара, вайн укурган начальника, полконака Хьанжаловс кхайкхина Ведана вигначуьра со селхана сарахь цIа кхаьчча. КIезгачу гIуллакхана кхойкхур вац полконака пурстоьпал тIех а ваьккхина шена тIе. Суо дIавахаран бахьанаш дуьйцур ду ас шуна. Царех хьалхарниг юьртарчу наха Iедална такхамаш ца бар ду. ДIадаханчу шерийн шуна тIехь дисина декхарш дуьйцур ду ас.

Нахана юккъехь резабоцуш гIовIанаш евлира.

— Тхайна тIехь дисина декхарш-м дагахь хаьара тхуна, — вистхилира юккъера цхьаъ. — Уьш ткъе уьттазза дийцина ахь тхуна. Хьайн делахь, кхин дийцахьа, СаьIад.

— Бакълоь, БIаьштиг, бакълоь. Кху шелехь эрна хан яйа ца оьшу!

— Керланиг а дуьйцур ду, БIаьштиг, — шен гIовталан хьалхарчу киснара схьадаьккхина, деалха тоьхна кехат дарж а дина, цу тIе хьаьжира СаьIад. — Соьмаш, кепекаш ягарйийр яц ас. Пачхьалкхан налог дезткъа туьма. Юьртан юкъарчу гIуллакхашна яла еза налог шийтта туьма. Шера некъаш а, дика тIеш а, юьртахь цIена хиш а хила-м лаьара шуна, амма оцу гIуллакхана харж яр дезац-кх. БIаьн налог ткъа туьма. ХIор юьрто оц-оццул налог ца елча, мел IаьIа хьуйн шуна? Аш ахча ца делча, Iедале кхабалур дуй-те Нохчийчохь лаьтта эскарш?

— Дер деза оьрсийн махка дIадига. Нохчаша хьошалгIа кхайкхина ца далийна уьш, — мохь туьйхира хьалха лаьттачу жима, тиша, векънчу воккхачу стага.

— Янаркъа, вай кхайкхина хьошалгIа далийнехьара и эскарш тоххар дIадахана хир дара. Хьоьга хоьттуш схьа а ца далийна, хьуна лаарх дIа а дуьгур дац. ТIехула тIе, хьо юкъа ца лелхаш кхузахь къамел дойла а ца хилла сан. ТIаккха, салт ца довлархьама тоькху налог дезткъе итт туьма ю шуна тIехь. Салт ваьллачунна хьакхарчий яайо, цигахь далла гIуллакх дойла ца хуьлу, керстанашца вижар-гIаттар, цара кечбина кхача баар къилахь ду, бохуш салт ца довлу шу, я шаьш цIахь дитарна тIера Iедална налог а ца ло. Я пачхьалкхан декхар охьадилла, я яханчу бIаьста эскаре а бевлла, Япо тIаме баханчарна тIаьххье дIагIо. Эскарехь шо даьккхича ткъе диъ туьма ахча ло. Цхьана ден бахам! Цхьана шарахь. Шо кхочуш доллу Аьрсамирзин Эламирза а, Аьрзун Мохьмад а, Солтин Солтха а цигахь волу. Я цига гIо, я, цигахь гIуллакх дечуьна дала, Iедална ахча луо. ТIаккха, байначу баттахь Оьрза-гIалахь лачкъийначу шина говран а, цхьана аьттан а лар вайн махка

тIе еана. Церан мах ткъе ялх туьма бу. И ахча хIинца а схьа ца делла аш...

— Вайн махка тIе ялийнарг харц лар ю. Тхоьгара гIуда даккхархьама!

— Вайн эвлахь къуй бац!

— Шен ворхIа а дена наьIалт хуьлда и диначунна!

— ГIовгIанаш ма ейша, нах! — мохь бетташ, куьг лестадора СаьIада. — Къуй бац элира ахь, Доша? Хьуна уллохь лаьтта Хьомсаркъа мила ву? Эвлаяъ ву иза? ДIога лаьтта Мудар малик ду? Цо къаьркъа стенах муьйлу? Теркал дехьарчу ярташкара даьхни арадовла ца дуьтуш, къоланаш деш хене буьйлуш бац уьш? Я, со санна, хьалкамалла долуш а, я, Iабдин санна, туька йолуш, я Панта-Хьаьжин санна, дуьйш масех кха долуш беха уьш? ХIай-хIай! Полконака омра дина, юьртана тIехь долу Iедалан соьмаш, кепекаш цхьана ягарйича ши бIе шовзткъе итт туьман диъ сом а, къолана тоьхна ткъе ялх туьма а тахана дуьйна кхо бутт балале аш Веданан укурган хазне охьа ца диллахь, ша, бIаьста йоллушехь, кхуза тражникаш а бахкийтина, чуьра йийбар дIаладхьор ю, тIе цхьацца нах Сибрех а хьовсор бу, аьлла. Шу паччахьна дуьхьал ду, юьртдас а, суьдо а аьллачуьнга аш ла ца дугIу, аш йийриг бунт ю, боху цо. Цул сов, цунна хиъна, харачойн Зеламхас шен обаргашца вайн юьртахь буьйса яьккхиннйла. Ас дуьххьал дIа боху, Доша, ахь а, Хьомсаркъас а хIокху юртана бохам бийр бу. И обаргаш кху юьрта ма кхийла. ШолгIа и меттиг хаалахь, кху юьртахь виллина Iен гIалгIазкхийн бIе дошло воуьйтур ву ша боху полконака. ТIаккха атта хир ду шуна дуучуьнца-молучуьнца, говрашца уьш кхаба. ТIехула тIе, герз лелор нохчашна дихкиннйла шайна шал шера хуъушехь, герзах воьттана всана шу массо кхуза. Цкъа марах дер шуна иза. Герз схьадаьккхина ца дуьтуш, ла ца даллал гIуданаш деттар ду шуна...

— Хьан?

— Iедало.

— Шун маттаций?

— ГIалгIазкхашна йоллу бакъонаш хила еза нохчашна а. Цхьана паччахьан Iедална кIел даьхна ца Iеш, цаьрца цхьана маxка тIехь деха тхо. Нохчашна дихкина герз, ткъа гIалгIазкхашна, лело бакъо елла ца Iеш, доцчунна Iедало ша ло герз.

— ГIовгIош ма ейша, хIай нах, хIай! — Iаса хьала а лаьцна, мохь туьйхира чалба йолчо. — Ой! Шу муха ду? Эхь-бехк, гIиллакх бохург хIун ю а хаьий шуна? Вистхила витийша и стаг.

— ЛадогIа, нах, ладогIа, — хьала а таьIна, лохха вистхилира хевшина Iачех цхьа воккха стаг. — Шайна хетарг тIаьхьа эр аш. Дийца ахь, СаьIад.

Нуьцкъала балийна охьаховшийча санна, бист ца хуьлуш, реза боцуш ладоьIура баккхийчу наха шайн юьртдас кхийсаре дечу къамеле.

— Сан-м дац кхин хIумма а. Дийцарх ладугIуш стаг а вац кхузахь. Ас ништта дIаэр ду-кх полконаке: ас аьлларг цхьаммо ца до, со мукъа а ваккхе кхин юьртда хIоттаве. Янаркъа, Доша. БIаьштиг, Хьомсаркъа — дуккха ма бу уьш. Царех цхьаъ хIоттийча, цо дийр ду шун дола!

Накхармозийн тускарахь санна, гIовгIанаш евлира нахана юккъехь:

— Оха тхаьш хоржур ву тхаьшна хеттарг!

— Уьш хьайл оьшуш-м ца хета хьуна?

— Церан коьрта тIера цхьа чо лур бацара оха хьох, хьан полконаках!

— Ца оьшу тхуна хьо тайпа юьртда а, хьуна уллора къаной а!

— Кхин цкьа а тхо гуламе ма кхайкхалахь! Ахь хьовха, полконака кхайкхача а гуллур дац тхо!

— Цкъа собардейша, нах! — Шен шина накъостехьа гIо даккха юкъавелира бIаьргех куьзганаш долу эгIаза воккха стаг. — Делах мукъа а кхера вай! Дала даздина Жабраил маликехула Мохьмад пайхамарна дайийтинчу КъорIанехь дала аьлла ду, дуьненан паччахьаш ша хIиттош бу, цара кхайкхо Iедал шен лаамца ду. Паччахьийн пекъ хадийнарг, Iедало бохург ца динарг шена дуьхьал ву, иза гIопал хир ву. Мила ву хIара СаьIад? Делан пур банца хIоьттинчу паччахьо шен Iедал латто вайн юьрта тIе виллина стаг ву. ХIара вайн юьртан Iу ву, ткъа вай — хIокхуьнан жа. Жа долчунна хьалха Iуьно санна, паччахьна хьалха вайх жоп ло хIокхо...

— Жана а веза Iу!

— Дер деза «жан» дола дан!

— Собаре хилалаш, муъма вежарий! Аш къобал ца до кху СаьIада кхайкхо Iедал — делан лаамца вайна тIе веанчу оьрсийн паччахьан Iедал. Шу реза дац делан кхиэлана? ГIопал хила гIерта-кх шу. Ойла е, бусалба вежарий, ойла. Шаьш дийчунна дохкодовла, дала гечдийр ду. Iедало тIейиллина муьлхха а налог, пхи ламаз, ткъе итт мархий санна, парз ду вайна. Нагахь далла а, Iедална а хьалха вешан декхарш кхочуш ца дахь, эхарте даха дог дац вайн. ТIехула тIе, вай вешан и декхарш кхочуш ца дахь, ша Iедал кера деллачаьргахула дала бекхам оьцур бу вайх...

— Тонйтахьа, Хьуьса, и хьехамаш хьуо мимар чу хIоьттича бер ахь тхуна!

— Тахана ма хецавели хIара!

— Ас цхьаъ эр дара, нах. Пурба дуй суна?

Дуккха а лен ойла йолу Хьуьса наха юкъахваккхарх пайда а эцна, гонна юкъавелира цхьаъ. Гуламе воьхуш, Iела шеца дIайийзиннарг вара иза.

— Делхьа, Хьуьса-молла, масийтта шарахь оццул дукха вайн цIий Iенош дала деллачу хIокху паччахьан Iедалан чам тхуна-м низаре къаьхьа ма хета. Ван а веана полконака юьртана тIе хIит-

тийначу аш тоам бина тхуна. Нах, шуна хууш ма ду, Iедало хIиттийна юьртдай, къаной дIа а бохуш, гондIарчу ярташкарчу наха уьш шаьш хоржуш хилар. ХIорш лаьхкича хIун дара техьа вай а?

— Ойла йнйр ю вай, Доша!

— Шуна хIун моьтту, СаьIад, — хаьн тIе шн куьг а диллина, юьртдена тIекхохкавелира Доша. — Шу, мерза даа а дууш, хаза гIе а духуш, месийн назбаршла а керчаш, кхоккха зуда а ловзош, Iерах, тхо-м къелла къикъ доьлла, са логе а кхаьчна, хан токхуш дай. Наха юккъехь нийсо а, барт а латтош юьртан дола дан-м кьонахий безий. Ткъа уьш юьртана дика бевза. Шу наха хаьржина дац, веанчу полконака кха деха, кхелли лекха , киса стомма, дог Iаьржа, са кIилло хьепан ду а хьаьжна, шеггара хIиттийна. Шуьга дало юьртан дола? Цхьаьнга вайн махка тIе харц лар а ялаяйтина, бе а бехк боцуш, ткъе ялх туьма ахча юьртана тIе дожийна Iедало. И Iорадаккха ца гIоьрти шух цхьа а. Хьанна хаьа, иза шун бертахь дуйла а? Зулам доцург, шух болуш пайда бац. Iедало хIиттийна шу кхаба гIерташ, оха хIор шарахь дезткъа, дезткъе итт туьма ахча токху. Цул, нах, вай кхин харжа беза, маьхза болх бен берш, юьртан дола дендерш. Юха вай кхуза гулдалале цуьнан ойла елаш!

— Бакълоь, Доша!

— Вай а дац нанна тIаьхьа даьхкина!

— Ойла йнйр ю вай!

— Аш ладоьгIча, кху СаьIаде цхьа-шн дош ала лаьара суна. Нах! Шуна хьалхха, хIокху юьртана а хезаш, суна къу ву аьлла кху лаьттачу СаьIада. Цундела, шу массарна а хезаш, хIокхунна жоп дала лаьа суна, — куьг айбина, нахана юкъара схьагIертара беркъо стаг.

Наха, гIовгIанаш а совцийна, ладуьйгIира.

— СаьIад, со вац къу, хьой, дIора Панта-Хьаьжий, и лаьтта Хьуьсий, хIара Iабдий, кху наха юкъа кхета ца бешаш, юьстах лаьтта и хьуьлла ИнарлагIарий — шу ду къуй. Аш къайлах а, къулах а талош ду тхо. Тхьаьмданаш, шун сий дала дойла, эхь-бехк цо лоьрийла. Со хIун ала гIерта аьлча, дала сох тешийна дуьненчу даькхина нсс са ду сан хIусамехь. Амма, шуна махаъара, кIентий, сан латта дац. Тхан ден хилла кхо урд СаIада дуьйш ду. И кха, тхан да вийча, СаьIдан дас, Iедалехула цхьа маша а боьзна, шен дола даькхина. Дийцина хIун до цуьнан, шуна ма хаьий иза. И кха дехарх СаьIада схьа ца ло, Iедалехула и схьадаккхий, я кхечуьнгара кхин эций сан ницкъ бац. Нагахь ас иза аьхча, цу тIера со дIаваккха къонаха-м вацара хIара СаьIад, амма Iедале дIа а велла, Сибрех вохуьйтур ву. Дела а, Iедал а хьалдолчуьнгахьа ду. Аш сан латта лачкъийна, СаьIад, хьан да Товсолта а хилла къу, хьо а ву. Ас муха кхаба беза доьзал? Я, ахь санна, Iедалан ялхо а хIоьттина, цхьа мисканаш тало беза, я сагIа деха аравала веза. Сан да а велла маьрша, со а лийр ву.

— Амма мацалла вала ойла а яц. Аш юуш, тхо бӀаьра хьуьйсуш Ӏийр дац алахьа, Хьомсуркъа!

— Ой, йолчуьра схьа а эцна, ца йиъча волий со? Я доьзалца мацалла вала веза? Амма ас хӀокху рузбанан маьждигах дуй боуш цӀано йо шуна, айса цхьана а стеган цкъа кхаллал хӀума лачкъийна яц аьлла. ХӀаъ, ас даьхни даладо Теркал дехьара. Цигахь гӀалгӀазкхийн ярташкахь бехаш гӀалгӀазкхий бу, со санна, къен цхьа берш, хӀара СаьӀадгӀар санна, оцу мисканех цӀий Ӏуьйдуш важберш. Оцу со санначу пекъарша хӀун до аьлча, хьо санначеран хьарам даьхни схьа а лоций, соьга хьаладаладойту. Ткъа ас хӀун до аьлча, уьш кхузахь, я Ӏаьнда дуьгий духку. Оцу тӀера йолучу хӀуманах доьзал хене боккху кадетташ. Цкъа доцург, со бахьанехь цхьана а юьртана гӀуда ца тоьхна, иза асий, сан накъосташа-гӀалгӀазкханий сов а доккхуш, дӀатеккха юьртана. ХӀинца дуьйна цхьа ойла ю сан, Хьуьса. Иза жайнахь муха хир ду хаац. Схьатоьхча дӀатоха олуш ду. ГӀалгӀазкхашка даим даьхни хьала а кхоьхьуьйтуш, ткъа со даим царна тӀе ши куьг а ластадой воьдуш товш дац. Иштта, шу цхьа таро йол-йолчу нехан даьхний наггахь мукъа а охьа ца дигахь, царна хьалха юьхьӀаьржа хуьлу-кх со?

— Тхан даьхни а эцна хьо мича ваха воллура? — гуламехь дуьххьара вистхилира шен шичошца юьстах лаьтта Инарла.

— Мичий? Хьуьнах, Зеламха волчу. ТӀаккха ас, барзо санна, кадеттар дара шух!

— Хьайца со а вигалахь, Хьомсуркъа!

— Къаьркъа молу стаг Зеламхас шен тобане ца оьцу боху, Мудар. Цунна къуй, малархой ца оьшу.

— ТӀаьххьара а цхьа ши дош олу ас, — шен къамел чекхдаккха вуьйлира Хьомсуркъа. — Юьртана харц тӀе хьожийна ткъе ялх туьма я Ӏедале дӀадаккхийта, я, бехкениг каравай, цуьнга охьадиллийта, я шаьш такха. Со Ӏедалан бага ма Ӏитта. Со дӀавоьду, соьца вогӀург схьа гӀаьхьахӀотта.

Хьомсуркънина тӀаьххье гуламера дӀавахара Янаркъа, Доша, Бети, кхин а масех стаг. ТӀаьхь-тӀаьхьарниш дӀаоьхуш жимма хан яьлча, хевшина Ӏен баккхий нах бен, адам ца дисира майданахь.

— Аш хӀун олу хӀокху гӀуллакхана, Лорса? — царна тӀе вирзира СаьӀад, шен оьгӀазвахарна халла са а детташ. — Со юьртда хиларах, дика вон тӀедеъча цуьнан бала кхача безарш, и листа дезарш-м шу дай. Тхол лакхарчу Ӏедало, кхана Ӏуьйрре схьа а деана, юьртан тхьамданаш схьагулбе эр ду соьга. ТӀаккха хӀун дан дохку шу?

Лорса дукха хье ца велира жоп дала.

— Ӏедало жоп деха, тхо цхьаммо а хаьржина нах дац, СаьӀад. Я нахе хӀара де, важа дита ала карахь хӀума а дац тхан. Тхоьга жоп деха ца оьшу Ӏедало. И дӀадели. ШолгӀа. Ахь дагардина декхарш такха долахь, кху юьртарчу хӀор доьзало бохург санна

цхьацца хьайба дохка деза. Долчо-м духкур дара иза, доцчо хIун дан деза?

— Долчо токхур ду цунна тIераниг а.

— Нехан аьттонаш бац, СаьIад. Еккъа цхьа сискал ца тоьаш бохку нах. Цу тIе ахь ма дуьйцу дукха а дац нахана тIехь долу декхарш. Аш цхьа хьарамло лелайойла тхуна хууш ду. Адамийн собар кхачийна, СаьIад. Адам оьгIазе ду. Кхин жоп дац сан цхьанне а дала.

Баккхий нах хьалагIитта буьйлира.

— Цхьа а тайпа дан къамел дац тхан. Лорсас аьлларг оха аьндерг ду. Оцу полконака, шена лаахь, стохка санна, схьа а веана тхан тIелхигаш дIахьор.

— Лорсас ма-аллара, адамийн собар кхачийна, СаьIад. Массо хIуманан ю юьхьиг а, чаккхе а. Ларлуш хилар гIоли ю хьуна.

Вовшийн Iодика а йина, шайн Iасанаш а луьйзуш, шишша-кхоккха цхьаьна дIасабекъабелира баккхий нах.

«Тохарлерниг бац юьртан гулам а, — ойла йора Iелас царна тIаьхьа а хьоьжуш. — Сий дайна цуьнан».

ХIетахь, Iела къона волчу хенахь, хIор стеган шен шен меттиг яра оцу майданахь. ХIетахь ца хьуьйсура стеган хьолей, тайпанан доккхаллей. Хан а, хьекъал а, къонахалла а лорий дора стеган сий, Баккхийнаш болчохь охьа ца ховшура къонаниш, цаьргара пурба доцуш бист ца хуьлура. Цхьаммо къамел деш юкъа ца гIуртура цхьа а. Амма баккхийчу нахана а хаара шайн къеналлин сий деш тIехIиттина лаьттачарлахь хьекъална а, хьуьнаршна а, къонахаллина а шайл ца оьшурш буй а, шайл тIаьхьа цара оцу майданахь шайн меттиг дIалаца езийла а. Цундела баккхийчу наха сий а, тIалам а бора тIекхуьучу къоначийн. Царалахь къастабой шайна тIеийзабора хьекъале, хьуьнаре кегийрхой. Царна хьоьхура дуьнен чохь яьккхинчу хенахь шайна Iемнарг, зеделларг деррие а. Оцу тIоккхуьучу къоначех бара хIетахь Маккхал, Аьрзуй, Чорий...

## 5-гIа корта

Хlан-хIа,
ГIоли ю дорцах нийкъ бустар,
Садаллалц къийсамехь летар,
Воьлхучул чевнашка а хьоьжуш,
Тийначу бердашка а хиъна...

А. Мицкевич.

Оцу дийнахь суьйранна бен шен хIусамда ца гира Iелина. Вижина Iуьллу воккха стаг меттахъхьаван а ца лиъна, цуьнга вист ца хуьлуш рогIехь же вахана иза суьйранна тIаьхьа бен цIа ца

веара. Шайн хьешо божли чуьра кхеллий дӀаяьккхиннйла хиъна оьгӀазвахана иза зудчунна дов дан вуьйлира.

— ХӀай стаг, хӀай, ахь хӀун де боху соьга? Вайн устазор ца хиъна суна цо дийриг делккъехь бен. Ас ийзаварх иза чу а ца веара, даккха гӀертарх шада схьа а ца делира. Ахь сайн бехк бийр буйла хууш, со-м дукха гӀиртира цуьнга и дӀа ца яккхийта, — елхха йоллура бехкала яхана хӀусамнана.

Дарвелла хӀусамда генавала воллийла хиънчу Ӏелас хала меттавалийра, дерригенна ша бехке ву, мукъалла хӀун дийр ду а ца хиъна, цхьангге хаттаза ша бира и болх аьлла.

Ӏелас хӀусамдега дийцира ша тахана юьртан гуламе нисвалар, амма цигахь дуьйцуш шена хезначух дош ца элира.

— Тхан юьртдас кху тӀаьххьарчу хенахь дуьйцург дерриг цхьаъ ду, — цавашаре куьг ластийра хӀусамдас. — Цигахь ца хилча а хаьа суна, цо хӀун дийцина. Ӏедалан налогаш, гӀуданаш такхар. Бес-бесар цӀерш а техкина, хьесап дина ца наллал дукха ю уьш. ГӀуда туху, хьо ког тасабелла галвалахь а. Эвла мел веана а, эвлахула тӀех мел волу а хьаькам кхаба веза, царна говраш, ворданаш латто еза. Сайн шина старах чомахь дезар эца йиш ца хилла сан цкъа а. Даима Ӏедалан гӀуллакхана даьхна лелош. ДӀадаханчу шарахь етт белла сан бердах бахана. ТӀедогӀучу шарахь бен дехкар дац цунна тӀаьхьара шинара. Я бежана, я ялта ца доьхкича кера шай дан агӀо яц. Ткъа суна тӀехь, хӀокху шериаг йоцург, пхийтта сом Ӏедалан налог ю. Кхаа-деа туьманал лахахь хир яц хӀокху шеранг а. Лаххара а пхи туьма дала деза сан Ӏедална. Мичара лур ду иза? Аттана тӀаьхьара дохкана духкур олийла а яц. Ялта дохка м хьовха, аттала даа а тоац. КӀордийна хьех, сих чекх и юьртда а, хӀара Ӏедал а даьлла. Поккхачу тоьпа а воьллина мархашка кхоссахь а, царна дала шай долуш вац. Стохка тражникаш балош веанчу пурстоьпо лаххьийна чуьра салпал схьна сан. Базара яьккхича хӀун доьху хоттур долуш хӀума дац кху декъа тӀехь. ХӀетте а пхийтта сом дитина тӀехь. Иза-м хӀуьттарейна дитинера цара. Тхешан ден хилла герз дахьа уьш гӀоьртича дуьхьало йина ас. Оцу тӀехула оьгӀазло а йина суна тӀера ах декхар бен дӀа ца далийтира. Зуда, и саьрмасекх, кад, оккхалой лохьа соьга, берам кечбе ас.

ДегӀана цхьа там хилира, йоккха цӀе а латийна йохйинчу чохь. Хьер баьлча санна кхеххара товханчуьра очакха тӀе хӀоттийна кӀай долу яй. Цӏенкъа лахъелла, хьолтӀамаш еш йоллура хӀусамнана. Хьакхийна межарг холах тарбеш бохь а баьккхина лаьттара гекхахь. Цунах кӀез-кӀезиг межаргаш дохуш, цкъа буйнахь гала еш, тӀаккха кера юккъе таӀабой чӀапбеш, цхьана агӀор охьатуьйсура цо. Жимах долу кхо бер а доллура, нанас шайна беллачу межаргах йина кегий сискалш ятта гӀерташ, цӀарна гонах хьийзаш.

— Гуттар хьийкъина деанчу шарахь, тхешан ялтица халла

бӀаьстенга довлу тхо, — дуьйцура хӀусамдас саьрмасекхан церган а цӀанъеш, — цхьа етт, шуьстуй Ӏаьнах даккха Теркал дехьа боьлхура нах. Масех стаг цхьанакхеташ, мехах дежийла а лоьцуш. Итт мах боккхура тхоьгара. ХӀинца цига а ца дохуьйту, Ӏедало дихкина тхуна даьхни ломара охьалахкар. Цу берашкахь дерг хьо гуш ву-кх. Ӏай кху чуьра арадовла де дац церан. Берзана бу. Бохцу аьтто, етта налогаш. ТӀехула тӀе, бала а бой юьрта масех баттана салтий ховшабо кхабийта. Цара дуург, мерг новкъа цацара делахьара. Шайна доьгӀнарг бен дуур дарий цара. Оьзданаллех чо бац цаьрца. Хьаккхарчий ю-кх, боьха хьаккхарчий. Шишша-кхоккха, хӀор керта бекъна уьш, шайн ворхӀий ден баьрче кхаьчча санна безабе, моханаш лелайо. ТӀекхаьччарг йоу, хазъелларг дӀаоьцу. Хьан елахь говр а, ворда а церан гӀуллакхана кийча хила еза. ЦӀера а, арара а хьайн гӀуллакх дойла мичара хуьлуьйту хьуна. Уьш дӀабахча, юьртахь екаш котам хезар яц хьуна. Лаххьайой йойу. Яппарш йо, боьха баганаш лейо доьзалшка. Я царех летта вала веза, я уьш ловш, котам хилла Ӏен веза. Цкъацкъа ойла хуьлу царех а, хӀокху Ӏедалх а дог Ӏабийна, Зеламханна тӀахьахӀотта. Дуккха а нах бу шайн доьзалшца обарг бевлла лелаш.

Тахана мосазза хеззера Ӏелина адамаша оцу Зеламханан цӀе йоккхуш.

— Мила ву и Зеламха? — хаьттира цо.

ХӀусамда цецваьлла шен хьеше хьаьжира.

— Ой, харачойн Зеламха вуьйцу хазаза ву хьо?

Ӏела вуьйхира. Зеламха цӀеяххана стаг хилча, Оьрза-гӀаларчу нахана иза ца вевзаш хуьлийла а ма дац. Ша гучуваларна кхеравелира иза.

— Хезна. Амма цунах лаьцна тайп-тайпана дуьйцу.

— Зеламха мила ву хьтту ахь? — Ӏелина гира шен хӀусамден бӀаьргаш чохь цӀе леташ. — Муха вуьйцур ву хьуна иза? Зеламха — Харачуьра БӀаьхон Гушмазукъан кӀант ву. Зеламха обарг ву. Цуьнца бу маршонехьа, харцонна дуьхьал къуьйсуш бала кийча нохчийн, гӀалгӀайн уггар дог цӀена, дог майра, дог дика, бӀаьрг сирла кӀентий. Зеламха, нехан цӀий муьйлуш, харцонца бехачу нахана, хьаькамашна тӀе Мулкулмовт хуьлий вуссу, къечун, мискачун, гӀийлачун догьоьцу цо, къизачех, ямартхойх бекхам оьцу. Иза ву-кх Харачойн Гушмазукъан кӀант Зеламха!

Суьйранна пхьор а диъна, шаьш паргӀатдевлча, шен доьзалх лаьцна хеттарш дан велира Ӏела.

— Ткъе берхӀитта шо хьалха дика таро йолуш вехаш вара со. Сан долахь аьчган пхьалгӀа а, дика беш а яра. ХӀетахь со сих-сиха вогӀура кху юьрта, нахана цхьацца гӀирсаш бохка, пхьола дан. Оцу заманахь хӀокху юккъехь хьаша вара сан. Туркойн махка вахана шо а даьккхина, цӀа веана иза, дукха хан ялале лаьцна Сибрех вахийтира. Оццу шарахь сан гӀуллакх а галделира. Доьзал хене баккха гӀерташ, дуьне ма-дду волавелла лела дийзира сан.

Донехула, Кубанехула. ХIетахь дуьйна вовшийн гина вац тхойшинна я хIун хилла а ца хаьа цунах.

ХIусамдас цецваьлла ладоьгIура хьешо дуьйцучуьнга. Гуш дара иза цхьа хIума дагаданйта гIерташ хилар.

— ЦIе хIун яра цуьнан? — хьаьттира цо цIеххьана.

— Цуьнан цIей... — йицъелла цIе дагайоуьйту сурт хIоттош, соцунгIа а хилла, тховх хьалахьаьжира Iела. — Цуьнан цIе Iела яра моьтту суна. Шел воккха цхьа ваша бен кхин стаг вацарий хьовх хIетахь цуьнан. И ваша а Турцехь вайнера.

— Сийсара ахь хьайн цIе Андри ю аьлча, дукха ойла йира ас, и цIе йохуш сайна мичахь хезна техьа бохуш. ХIинца дагадеа. Мацах цкъа, со жима волуш, тхайн нанас хьехош хезна суна, кхуза аьчган пхьола дан вогIуш, Андри цIе йолуш, Оьрза-гIалара цхьа гIалгIазкхи вара, бохуш. ГIенах дара, я самах дара хаац суна иза. Схьахетарехь, самах хилла.

— ТIаккха, оцу сан хьешах, Iелех, хилларг хаьий шуна?

— Дера хаьа. ХIетахь лаьцна Сибрех вахийтира иза, кхин хабар доцуш, вайна ткъе берхIитта шо ду. Цуьнца бигнарш а байна, иза а вайна.

— Суна вевзиначу хенахь зуда а, ши кIант а дара цуьнан. Царех цхьаъ хилла хир ду-кх, — дог детталуш сецца, ладуьйгIира Iелас.

— Цхьаберш дийна бу.

ХIусамден багах и дешнаш девлча хазахетта Iела, мохь а хьаькхна, хьалаэккхаза висира.

— Мичхьа бу уьш? Кху юьртахь буй?

— Дера бу. Цуьнан жимах волу кIант со ву, ткъа...

ДIахьажавеллачу хIусамдена гира бос баьхьна, макхвелла Iен шен хьаша.

— Ой, хьуна хIун хилла? — хьешана тIехьаьдира иза. — Же, ма Iелахь зуда, шийла хи далахь!

— Ца оьшу, ца оьшу, — меллаша хIусамда дIахилийра Iелас. — Цкъацкъа коьрте цхьа вон лазар туху суна. Дукха а ца лаьтта. ХIинца дIаделн. ТIаккха, дийцал ахь. Хьан цIе хIун ю?

— Iусман.

— ХIаъа, хIинца дагаеа суна. Iумар, Iусман цIераш йолуш ши кIант варий цуьна-м. Iумар хIун деш ву?

Iусманан юьхь кхоьлира.

— Iумар воцуш ву...

Iелин дагна кхин а цхьа чов хилира. Дерриг а лан Iеминчу цо собаре сатуьйхира.

— Муха хилла цуьнан Iожалла?

— Салташа вийна. Iаьлбаг-Хьаьжина тIаьхьа а хIоьттина тIом бира Iумара, тIаьххьара де тIе хIотталц. Цкъа чIогIа чов а хилира. ХIетахь цуьнан ялхийтта, сан дейтта шераш дара. ГIаттам хьаьшначул тIаьхьа цхьа ах шо даьлча нах леца юьрта салтий

бальхкича, церан кара ца ваха веддера Іумар. Цаьрца хиллачу тасадаларехь Іожалла хилира цуьнан...

Хилларш карладевлла, цхьана юкъана вист ца хуьлуш ойланашка велира и шиъ.

— Іелин вешин Аьрзуи зуда а, кІант а дара. Цаьршиннах хІун хилла?

— Эсет кхелхина пхи шо хьалха. Цуьнан кІант Мохьмад волуш ву. Дукха хан йоццуш, хІокху эвларчу шина стагаца яроца болчу тІаме вахана иза.

Хьаша юха а дІатийра.

— Шайн ден хилла меттиг дІа хІунда тесна аш?

— Тхан цІенна товш яц иза. Оцу меттига тІехь тхан ден дас дина цІенош а ,тхан девашас, тІаккха тхан дас дина цІенош а дагийна. Иза-м хьалха тІом болчу хенахь хиллера. Ткъа цул тІаьхьа тхан дас доьгІна цІенош а, иза лаьцна Сибрех а вахийтина, пурстоьпо дягадайтира. Массара а олура и меттиг тхуна товш яц. цІийнах висна тхойшиъ хІаллакьхилахь цІийнан кІур бов, цигара дІа а валий, кхечухьа цІенош догІа.

— Шун ненан цІе хІун яра? — хьаттира Іелас эххар а.

— Айза.

— Ткъа Айзех хІун хилла, дукха къанъеллий хІара?

— Дера къанъелла. Иза кхечухьа марехь ю.

Оцу дешнашца Іусмана Іоьттина шен дагах чекх шаьлта яькхича санна, дог Іовжийна, некхе катуьйхира Іелас. Юьхь, кир тоьхча санна, кІайъелла дІахІоьттира цуьнан. Коьрта тІехь наггахь бисина Іаьржа чо а эццахь кІайбелча санна хетаделира цунна. Букар дахана дегІ кхин тІе а хьаьвзира шалха доьдуш санна. ДегІе хьаьдлачу шелоно егайора настарш. Амма шен кийрара узам баларна кхоьруш, берриг ницкъ гулбина садеттара цо. Зуда маре яхар дара цуьнга даза дисинарг. Оцу тІе хІотталц дерг лайнера. Шена а, накъосташна а тІехь хІиттийнчу акхачу эрчоннийн теш хиллачу, езачу иттех чевнех дисна моьнаш дегІа тІехь лелочу, Іожалла бІозза дуьхьал яларх бІаьрганегІар цатоьхначу Іелин дог дагийра кІанта аьллачу деа дашо.

«Гор Айза яІ! Хьо, дийна а йолуш, кху хьолехь карочул хьан коша тІе хІотта дезаш хили велара со. Я суна сайн Іожалла карийна елара генарчу Сибрех, — бохуш бІаьргех хи ца догІуш, кийрахь воьлхура иза. — Амма сатоха ахь, декъаза Іела, дукха хан ца йисина дуьненан баланех хьо хьалхавала».

Хеттарш а совцийна, ойлане ваьллачу шен тамашийначу хьеше а хьоьжуш, дІатийра Іусман а.

— Делхьа, кІантана нана совъяьлла хилла-те? — хьаттира Іелас, — я цуьнан шен цІийнах догдаьлла хилла-те?

— Хьанна ер ю нана сов? ХІан-хІа, Андри, суна хІетахь а езара иза, хІинца а еза, ткъа тхан да цо вицвина хан цкъа а яц. Тхан да лаьцначул тІаьхьа ткъа шарахь сов Іийра иза цуьнга ладоь-

гIуш. Тхойша а кхиийра цхьацца лол бетташ. Цуьнан-м цкъа а яцара тхойша а витина маре яха ойла. Iумар вийча со цхьаъ висира цуьнан. Цул тIаьхьа иттех шо а делира. Кху юьртара цхьа стаг виснера зуда а елла. Мухха делахь а, цхьана наха оцу стагана хьахийра иза. И гIуллакх хьехош хилар а, тхайн нанна маре хьаштдоцийла а хаьара суна, и дерриге а мел сайх къайладаккха гIертарх а. Оцу деношкахь даима гIийла, кхоьлина, бIаьргаш цIийбелла хуьлура нана. Эххар а тхан ненадас, со шена тIе а кхайкхина, элира: «Нана маре яхана бохург кIантана хаза хеташ хIума дац. Делахь а ишттаниг хуьлуш схьадогIуш дуьне ду хIара. Кхузахь бусалба динехь а, нохчийн Iадатехь а эхье хIумма а дац. Шуши кIант кхобуш шен ерриг къона хан дIаяхийтина цо. Велларг вуха вогIур вац, ткъа виснарг вахаза валац. ХIинца хьо воцург, шун цIийнах боьрша стаг а, я зуда а дац. Цхьана дена вина цахиларх ваша а хуьлу, йиша а тов. Айзас-м шега хьеха а ца дойту маре яхар. Амма тховса и захало деха суна тIе вогIур волуш ву вайн устаз. Цунна и дехар далаза ца волу со». Сайна новкъа делахь а, ненадена луучунна тIетайра со.

— Кху эвларчу стагехь юй иза?

— Ю.

— Хьенан мила ву хIара? Вевзар техьа суна?

— Ахьмад ю цуьнан цIе. Акхболатан Ахьмад.

Акхболатан Ахьмад. Iелас ойла йира. Цунна дагадеара тIом чекхболучу тIаьхьарчу шеран аьхкенан цхьа довха де. Стаг юкъа а ца гIорталуш, юькъа, дIаьвше кIохцал долчу оьртхана коьллаша дIалаьцна гезлойн аре, цIеххьана Хоьшкалдана тIегIоьртина инарла Бакланан дошлойн эскар. Оцу гонах йолчу шина-кхаа юьртара зударий, бераш регIаца йолчу ярташка дIакхалхадаллалц, нохчийн оцу агIор болу коьрта ницкъ гезлошний, хоьшкалдахошний тIехьарчу дукъаца чIагIбаллалц и тIегIерта паччахьан эскарш совцо дезаш я вала везаш дIахIоьттина ши бIе нохчо. Царна юкъахь вара Iела а, Ахьмад а. Де делкъенга даьлча, тIетта йолиййчу яккхийчу тоьпийн хIоънаша бух йохуш ирх оьхуьйтура оьртханан коьллаш. Дага дуьйлира хоьшкалдахойн цIеноош. КIегар довлуш дIаядо аьтту хиррг шайн ши йоккха топ гу тIе, къайленга а хIоттийна, гена йоццуш йолчу боьлакахь Iин чу говраш дIа а тийсина, мостагIа тIекхачаре хьуьйсуш къайлабевлла Iара IелагIар.

Дуьне къардан санна, цхьана-шина сохьтехь йиттина яккхий тоьпаш жимма лагIъелира. Цара аьттачу оьртханан коьллийн арахула шуьйра меттиг дIалаьцна хьалха доладелира гIашлойн эскарш. ТIаьхь-тIаьхьа герга гIертара еттачу вотаниийн гIовгIа. Малхехь къегара цара хьалалеццачу тоьпашна буьххьера цхьамзанаш, эпсарийн белшашна тIера хесан кIужалш. Уьш цхьа-ши бIе гIулч герга ма-кхаьччинехь, ека йолаелира тIулгех юьзна хIокхеран ши йоккха топ. Нийса еттачу тоьпийн хIоънаша хьоккхуш охьабохкура

тIегIерта салтий. Амма уьш, цхьа а леш воцуш санна, хьалхагIертара. Шера къаьстара церан баккхийбер а, къиза тIулгаш яххьаш. Хьалхарниш охьаоьгура, ткъа тIаьхьарниш, наггахь совцуш бертахь тоьпаш а тухий, зингатий санна, тIегIертара. IелагIеран жимчу бIона юккъехь байнарш, чевнаш хилларш гучубевлира. Цхьаболчара уьш регIа дIакхоьхьура, вукхара тIегIерта мостагIий сецабора. Эххар мостагIчуьнца чучча бахара уьш. Юкъ-юкъа бен топ ца йолуш, дека доладелира болат.

Бист ца хуьлуш оьгура шина а агIорхьара. Амма хIорш юха ца бовлура. Дацара юхабовлийла, хIунда аьлча, тIехьа лаьтташ зударий, бераш дара, уьш кIелхьара даххалц мукъа а мостагIа сацо везара. Iелина гира, шина салтичо цхьамзанаш Iоьттина хьалаайбина Iаьларойн Вара кхоьссина юьстах вохуьйтуш, мичара вели ца хууш схьанкккхинчу мескитхойн Iабас царшиннах цхьаннан гайх шаьлта Iуттуш а, вукхунна некха тIе а таIийна тапча тухуш а. ЦIийн Iовраш, узарш, кIур, шаьлтанийн лепар, терса говраш...

Салтий кIез-кIезиг бовлуш юхабовла буьйлира, амма геннахь гучубевлира коьллашкахула чаболахь богIу дошлой. IелагIар шайн ши йоккха топ а такхийна, боьлаке юха а бевлла, дойшна тIехевшира. ХIинца уьш бIеннал кIезга вара, итт мостагIчунна дуьхьал цхьаъ ца кхочура. ХIун дийр ду ткъа, хIуъу дина а кхин цхьана сохьтехь сацо веза мостагIа.

Юха а вовшахдеттачу болатан гIовгIа. Iелина уллохь кадс хьийза Акхболатан Ахьмад. Цуьнан шина а буйнахь цхьацца тур ду. Аьтту а, аьрру а агIор леста и шиъ. Iела тIехь волу сира дин бужу. Оцу тIера паргIатвала гIертачу цуьнан аьтту белш дIаьндарго ягайо. Ша хIетта Iелина тоьхна, кIур туьйсуш лаьтта тапча доьхкарх а юллий, цунна тоха тур ойбу хьаьрсачу эпсаро. «ХIинца-м чекхделира хьо», — хетало Iелина. Амма оцу минотехь дегIаьхь къаьста эпсаран корта. «Воха ма вохалахь, Iела! — мохь бетта Ахьмада, шена тIегIерта мостагIий шина а агIор цоьстуш.— Супа тIехьа хаа!» Ахьмадан говран гоа тIе вала гIоьрта Iела, амма валалац. ТIаккха Ахьмада ондийчу куьйгашца ойий шена хьалха пурхал вуьллу иза. «Дийна виснарг вухавала! Дийна виснарг вухавала!» — мохь бетта Ахьмада.

Iелина цул тIаьхьа шех хилларг ца хиира. Буьйсанна юккъехь синкхетаме веъча, цунна юххехь хиъна Iеш Аьрзу а, Маккхал а, чов хилла аьрру пхьарс кочахь Ахьмад а вара...

Iела, доккха са а даьккхина, Iусмане хьаьжира. Хаац цо стенан ойла йора, цунна хIун карладаьллера, амма иза а пара, куьйга корта а лаьцна, гIийла.

— Ткъа муха стаг ву Ахьмад? — хаьттира Iелас.

— Дика стаг ву. Суна ден метта лаьтта иза.

— Айзина муха ву хIара, реза юй иза шен хIусамдена?

— Дика ву. Массарна а ву иза дика. Амма нана ирс доцуш

стаг хилла тхан. Ша цIа мосазза йогIу, тхан хьалха хиллачу беша а йоьдий, дукха йоьлху иза. Вицлац цунна тхан да. Вицлац. Амма Ахьмадана хамталла а ца йо. Мацах цкъа Ахьмада тхан да лечуьра ваькkхина боху. Цунна чIогIа сий до оха цуьнан.

«Маржа Айза яI! Девзина, вовшашка безам баханчул тIаьхьа ма дукха лийлира вайша, цхьаьна а кхетта, вовшийн хила йиш йоцуш. Халла вовшахкхетча а, цхьаьна ма кIезиг хан яьккхира вай, мел кIезиг марзо ийцира безамах. Вайшинна вовшийн ца дезний, вовшашка са ца тийсинний-м ца даьлла хьуна вайша вовшех. Дала азаллехь иштта яздина хилла-кх. ХIинца хIун дан деза?» — ойла йора Iелас.

Ерриг къона хан а, безам а, тешам а шена схьабелла, ягарйина ца валлал дукха халонаш шеца цхьаьна лайна Айза ган лаьара цунна. Амма хIун аьлла кхайкха веза нехан зудче? ХIун эр ду цо дагна гергарчу, амма нехан Айзе? ХIетте а лаьара иза ган. Моьттура, Айза гича, цунах бIаьрг кхетча шен кийрара бала байлур бу, иза ах цо дIаоьцур бу.

— Генахь буй АхьмадгIар? — хаьттира Iелас.

— ХIан-хIа, Лаха юккъехь бу.

— Бераш дуй Айзин цигахь?

— КIант ву.

«Дика ду-кх иза а. Сан кIантана ваша ву-кх. Амма суний, Айзиний юккъехь берд бу иза».

— Кхайкхича схьайогIур ярий техьа Айза?

— ХIунда ца йогIу.

— Цо хьекхийна дукха межарган биъна ас цуьнан хIусамехь. Гича со вовза а магара цунна. Хьо ган лууш Андри цIе йолуш цхьа гIалгIазкхи ву, йогIийла делахь, йола алахьа цуьнга.

— Иза-м хала доцу гIуллакх ду, — аьлла, шен зудчунна тIевирзира Iусман. — Хьада ялол, зуда, нана йолчу а гIой и хьоьттуш Андри цIе йолуш Оьрза-гIалара цхьа гIалгIазкхи ву, ас схьайола боху алал цуьнга.

ХIусамнана сихха ара а яьлла яхара. Iусман шайн халчу дахарх лаьцна цхьацца дийца велира. Амма лерина ладоьгIуш нелахь а, Iелина ца хезара цо дуьйцург, иза дог детталуш хьоьжура дукха ца Iеш Айза чоьхьа яьн йолчу неIаре...

Къанделлачу майрчун, зудчун дуьненахь шиъ ирс дуьсу: бераш а, шишшиъ вовшийн а. Шаьш онда довллалц бераш дех-ненах хьерча, царна тIегIерта, царех хаьдча гIорасиз дуьсу дела. Амма бераш даккхий мел хуьлу, шаьш шайн амал ечу мел довлу, кIез-кIезиг довлуш царех херадовлу. Уьш шайх хера мел довлу да-нана царна тIегIерта, къан мел ло и шиъ беран лортIе доьду, бераш церан гIортор ю. Къандаларе терра зудчун а, майрачун а вовшашка болу безам а, лерам а тIеттIа тIе чIагIло. Хаьа, къаналло кIелдитича шаьшшиъ берашна а, вовшашна а тIе ца тийжича шайна кхин гIортор йоцийла.

«И цхьа гIортор-м кагъелла дIаели сан, — ойла йора Iелас, — за, сан къоналлин безам, хIинца ма чIогIа оьшура суна хьо...»

## 6-гIа корта

Суна гац хьан бIаьргаш лиэпаш
Дуьххьара со вохвеш санна,
Массарел а ирс долуш хеташ,
Айвина со лелош санна?
Алахьа, ца йисна хьоьца
Вай тIомахь лелийна йовхо?
Дог сацаш къуоналла лоьхуш,
Даханчух богу суй боьхуш...

М. Мамакаев.

Iелас ладоьгIура. ЛадоьгIура, арахь адам дистхуьлу, когийн тата доле, жIаьла латаре. Амма ца хезара. Делахь а, цунна шена хезаш санна хеталора масийтта шо хьалхалера Айзин зевне аз, самукъане елар. Хан мел ели чехкадуьйлуш детталора буйна доьллинчу хьозанчух тарделла цуьнан дог. Набарх санна хезара Iусмана бен балхам. Эххар а, Iелин ойла цо дуьйцучунна тIеийрзира

— Хала ду, Андри, тхан ламанхойн дахар, — дуьйцура цо, шен хьаша ша дуьйцучуьнга леррина ладоьгIуш Iа моьттуш. — Латта ду кIезиг. Ткъа тхан дерриг хьал цунах доллу. Хьалха Теркан йистошций, Соьлж-хиций хилла нохчийн дика латтанаш пачхьахьо, цигара уьш дIа а баьхна, шун гIалгIазкхашна делла. Меттахбаьхна нохчий кху лаьмнашка кхалхийна. ХIетахь дуьйна дерриг тIе кIел кху кIажахь дохку тхо.

— Хьо жимма галваьлла, Iусман, — юкъахваьккхира иза Iелас. — Ахь боху шайгара дIадаьккхина латта гIалгIазкхашна делла. Бакъду шун латта тIе баха гIалгIазкхий ховшар. Шайн цIийца оьцу цара шаьш лело латта. И латта бахьана долуш пачхьахьо, дуьненан са а маьIIе лоьхкуш, хIаллакбо уьш. Дуй ткъа церан массеран а латта? Дац. Нисса ах сов гIалгIазкхий бу лаьттан коржам а, баьпган юьхк а йоцуш, кхечарна бецаш, со санна, сагIадоьхургаш а хилла лелаш. ТIехула тIе, шуьгара дIадаьккхина латта цхьана гIалгIазкхашна делла а ца Iа. Шун мохк дIалоцуш гIо динчу нохчийн эпсаршна совгIатана а декъна иза.

— Иза а, дера, бакъхила ма тарло. Сан долахь цхьа кха ду, доккхачу вертано хьулдалла. Юьртара, цхьа иттех цIа доцург, массо воллу со санна. Ткъа тхан юьртан мехкан ах сов латта оцу иттех стеган долахь ду.

— Царна мичара даьлла иза? — духе кхиа гIоьртира Iела.

— Мичара дера дара? Дера дац хьуна иза церан дайх дисний, я цара хьун хьокхуш цIандиний-м. Iедалан хьадалчаш хилла нах бухкуш, талораш деш, кера деанчу ахчанах эциа-кх. Ткъа хьаьн-

гара, муха эцца хаттал ахь? ТӀамой, цунна тӀаьххье еанчу мацаллой, къеллой, паччахьан Ӏедалой божарий а баьхна, и шайн долара лаьттан кийсак лело а, я шайна сискал лаха а ницкъ боцуш биснича зударшкарий, байшкарий цхьана уьрдах гирда ялта а луш, нэцна-кх. Я уьш Ӏехошший, нуьцкъалий шайн дола дерзийна, я Ӏедало совгӀатана делла!

КӀанта дуьйцучо ойла йойтура Ӏеле. И ниийсояцар Ӏелина гинера туркойн махкахь а, оьрсашлахь а, кхин шена девзинчу къаьмнашлахь а. Амма цунна ца моьттура харцо ца езачу нохчашлахь иштта нах хир бу. Ӏелина дагадеара ши бутт хьалха цхьана буса шай, Петрой къамел деш Ӏаш цо шега аьлла дешнаш: «Паччахьо шайн мохк дӀалацца лц элий а, мехкадай а боцуш, шайн лаамехь даьхначу шуна йовзац хьоладайн къизалла, ца хиъна цара адам муха дацадо. Амма хӀинца хуур ду шуна, я хӀинцале хиъна хила а мега. Шу а декъалур ду шина декъе: хьолахошкий, къехошкий. Царех классаш олу. Хьалдерш кӀезга бу, адамех пхи дакъа дича цхьа дакъа а хир бац уьш. Къехой дукха бу. ХӀетте а хьолахоша бацабо уьш, хӀунда аьлча, паччахь а, Ӏедал а, эскарш а, дин а цаьргахьа ду. Хьо хьайн махка вирзича, хьайн бӀаьргашна гур ду хьуна иза дерриге а. «Ткъа со Ӏовдал ца тешара нохчашлахь иза хьал хӀоьттина хир ду цара аьлча», — ойла йора Ӏелас.

— Муьлш бу и делах беилла нах? — хаьттира цо цӀеххьана.

— Айхьа хӀун дуьйцу хаьий хьуна, Андри? — велавелира Ӏусман. — Уьш-х уггар далла шаьш гергахь нах бу! Молла Хьуьса, къеда Панта-Хьаьжа, юьртда СаьӀад, совдегар Ӏабди, иштта цхьа могӀа бу-кх хӀара дерриг дуьне кхалларх бузур боцуш. Кхин эхь ца хеташ, рузбана а оьху, устазана улло а хуьйшу!

«Дин а цаьргахьа ду. Паччахь а, цуьнан Ӏедал а делан лаамца лелаш, делера гӀуллакхаш ду, цунна муьтӀахь хила деза, дуьненахь бала хьегнарг эхартахь декъала хир ву, хьоьху динадайша къехошна, ткъа шаьш кху дуьненахь декъала хила гӀерта. Хьоладай а, динадай а вовшийн гӀортораш ю. Царех цхьаберш дӀабевлча вуьш а лаьттар бац. И хууш вовшийн гӀо до цара,» — дагалоьцура Ӏелас Петран дешнаш. И дешнаш бакъ хилар чӀагӀдира гуламехь юкъаваьллачу молла Хьуьсин къамело.

Генарчу сибирски каторге накъосташна тӀеяхана Ӏелин ойланаш юкъахъехира арара схьахезначу леро. Ӏела тешна вара йогӀур Айза хиларх. Цуьнан хьажар неӀарна тӀе догӀаделира. Цо ладоьгӀура ткъе берхӀитта шо хьалха ша цӀахь ма-йиттара къона Айза оцу неӀарх чоьхьа яларе. Амма йиллинчу неӀарехула чу букархьаьвзина йоккха стаг елира.

Шен керара гӀаж неӀаран соне а хӀоттийна, коьртах хьарчийна доккха кӀинжийн кортали схьа а даьстина, несе луш, хьеше маршалла а хаьттина, нешах букъ а тоьхна, миндара тӀе охьахиира иза.

— Алахьа цуьнга, Ӏусман, хьо гича, сайн кӀентан да гича сан-

на хазахийти суна, тхо ца дикдарна баркалла боху хьуна нанас,— элира Айзас ша паргlатъяьлча.

— О, суна сайн хьаша, цуьнан доьзал а бицбелла хан цкъа а яцара! Ас дукха сатийсира шу гаре. Амма хlара дуьне хьежац вайн лааме. Цул тlаьхьа яьлла ткъе берхlитта шо хан ас кху меттигашна генахь яьккхина. Хено къандина вай. Кхечухьа тlеттlа кхаьччехь, вовшийн девзар а дацара, — жоп делира lелас.

— Зама lац шениг дитина. Амма суна цкъа а ца дицло, со, кху кlентан да дуьххьара даха хууш, ахь тхуна дина гlуллакх. Адамана ма гойла юха и хан. Цо йиша-вешех, безачех, дуьненах, ирсах а яьккхина, хlара бала хьега йити со...

Айзин кlоргге хьечу эгна, кхоьлинчу бlаьргашна чуьра арагlоьртина хиш цуьнан хебарша аьхначу беснешна тlехула сетташ охьадоладелира.

Вист а ца хуьлуш, цуьнга хьоьжуш lечу lелин хьаьжа тlе, берцан буьртигаш санна, хьацаран тlадамаш хlиттира. Цо, шен коьртара лергаш долу кхакханан куй дlа а баьккхина, хьацарна куьг хьаькхира. «Хlун де техьа ас? — хоьттура цо шега. — Суо вовзийта техьа ас кхарна, я сайх догдиллинчу кхарна ца вовзуьйтуш Николаз волчу Гуьржех гlо техьа со? Цара ма аьллера соьга, сан халкъерчу бохамна бехкечех бекхам оьцу де герга ду. Маршонехьа къуьйсучийн могlаре хlуттур со. Хьанна хаьа цигахь Петр, Миша, важа накъостий ган а мегий суна-м...»

— Вай елла яла со делаl!.. Хьанна моьттура хьо дийна хир ву, хьо гур ву! — Айзин мохь хезира lелина.

Хьалахьаьжначу цунна гира, юьхьа тlера бос баьхьна, шена тlе хlоьттина лаьтта Айза.

— Я суна гург гlан ду, я дуьхьал хlуьттуш бlарлагlанаш ю? Алахьа, lусман, со кхетамехь юй?

lусманний, цуьнан зудий цецдаьлла лаьттара, Айзас дуьйцучух ца кхеташ.

— Ахь хlун до, хьуна хlун хилла, ва нана? Хьо хlунда яц кхетамехь? — тlехьаьддачу lусмана дlалецира дог малделла охьайоьду Айза.

— Собар, кlант, — хьаьжира иза, — со кхетамехь елахь, хlета, суна гург гlан дац, я дуьхьалхlуьттуш бlарлагlанаш а яц! И муо ас ерзийнчу чевнан бу. Ткъа царна бухара бlаьргаш... Уьш эзарнашлахь бевзар бара суна!.. Иза ву, кхин хуьлийла а дац!

Дегl малделла, шена тlе язъелла Айза маьнги йисте меллаша охьа а хаийна, цуьнан юьхьах шийла хи хьаькхира lусмана. Цхьана хlуманах шекваьлла, амма гlуллакхах ма-дарра ца кхета иза цкъе lеле, юха нене хьожура. Шен керара хи чохь зока охьахlотто а йицъелла лаьттара цуьнан зуда а.

— Ахь лелориг хlун ду, ва нана? Хьо хlунда йоьлху? — хеттарш дора кlанта.

— Со яла хьан, кlант, хlара-м муьжги ваций, хьан да вай! —

аьлла, йистхилира иза эххар а. Іусмана дІахийцира Айза. Іусманна дукхазза хезнера нанас дуьйцуш, шайн ден хьаьж тІехь туьран чевно битина муо хилар. Амма хІинций бен цуьнан тидам ца хилира шен хьешан хьаж тІерачу муонан. Иза, Іадийча санна, вогІавелла хьоьжура Іелига. ТІаккха юхххе вахана, леррана хьаьжира иза цуьнга. Іусманан балдаш, чІениг егайора, хорша еъча санна.

— Дадий? Дада! — мохь аьлла, тІеккхетта, Іела маравоьллира Іусмана. — Дада! Хьо цІавирзи, сан да! Хьо хІун деш Іара хІинццалц ца вовзуьйтуш! ХІинца вайша къастор вац-кх дуьненан цхьана а ницкъо! — бохура цо, шен шогачу куьйгашца да мара а къуьйлуш, велхарна юккъехула.

Цхьана ханна белхар хІоьттира чохь. Ден голашна тІе юьхь а таІийна, бер санна, къора воьлхура Іусман. Шина куьйга корта а лаьцна, ши бІаьрг цІенкъа а боьгІна, охьа а таьІна, догІа санна йоьлхура Айза. Царшиннан делхаран аьзнаш къардеш мохь хьоьккхура несо. Вокккъа цхьа Іела вара кийрахь воьлхуш. Амма цуьна совцо ницкъ ца кхочуш бІаьргех Іийдалу тІадамаш Іенара керахь Іуьллучу кІентан коьрта тІе. ХІоьттинчу хьолах ца кхета кегий бераш, цецдевлла баккхийчаьрга а хьуьйсуш, тапъаьлла тийна Іара.

Къаьхьачу балано лаьцнера ден а, ненан а, кІентан а ойланаш. Оцу кхаанне а хьаьара да цІа верзаро шайн хІусаме ирс ца деанийла. Церан дегнаш вовшахдоьзначу гуш доцчу пхенаша вовшашка лора кийрахь кхехка бала. Велхаро дагна гІоли йо, амма цо балера ца воккху. Вукху шингахьчул боккха бала шегахь хиллехь а, уггар хьалха меттаеара Айза. БІаьргех ихначу хиша кучан юх а хьаькхна, доккха са а даьккхина, йистхилира иза:

— Іусман, вай доьлхуш Іерах гІуллакх нислур дац. ХІара цІа веанийла хиъча, адам гуллур ду. ХІинца ша ма-варра хІара пахана гойтийла дац. Корта а баьшна, дегІ а цІандина, тІе бедар а юьйхина, хІара жимма басе ца валийча девр дац вай. Медина, хьо чехка хитІа гІуо. Ткъа, Іусман, ахь дечиг даккха.

КІант, нус сихха араделира. Вовшашка дист ца хуьлуш цхьа хан ялийтира Іелас, Айзас.

— Хьо чу кхачаре ладоьгІуш Іийра со, Айза. Суна моьттура хьо къанъелла а хир яц, вайша къаьсташ санна, къона сайна хьалха хІуттур ю. И де селхана долуш санна хетара суна.

— ХІетахьлера хьан Айза йоцуш ю, Іела. Иза елла берхІитта шо хьалха. Везан дела, хІунда ца дайтира ахь хІетахь сан са эца Мулкалмонт!

Айза юха а елха йолаелира.

— Хьо хІунда йоьлху, Айза? Я со цІа веана хаза ца хета хьуна?

— Іела, со схьа, со хьуна хьалха бехке ю...

— ХІунда?

— Соьга ма дийцийта... ТІаккха а юьйр яй ахь со... Цул хІинцца ей дІаяккха...
— Со кхетац ахь дуьйцучух, Айза...
— Со кхечу стагаца еха берхІитта шо ду...
— Хаьа суна.
— Ас хьуна юьхьІаьржо йина... Хьуна сан цІий хьанал ду...
— И хьан бехк бац, Айза. Суна дерриг хаьа.
— ХІан-хІа, сан бехк бу иза. Сан даго соьга бохура, хьо дийна ву, эзарза Іожалла эшийна сан Іела атта лийр вац, хьо суна гур ву...
— Айза, сан дехар ду хьоьга цунах лаьцна кхин дош соьга цаалар. Вуьшта а дукха дийци ахь. Хьо бехке яц хиллачунна. Дерригенна бехке зама ю. Со суо а вацара сайна шу гур ду моьттуш. Ахь хьайна бала бахь, ас гечдийр дац хьуна. Мел дукха, къиза баланаш лайна вайша цхьаьна а, къаьстина а. Кху тІехь а собар хила деза. Нохчочун нана, нохчочун зуда, дуьненан муьлхха а бала лан, собар, ницкъ болуш, боьршачу стагехьчул сов хьуьнар а, къонахалла а йолуш хила езар ас хьайна хьехна дицделла хьуна?
Марахь дечиг долуш чоьхьаваьллачу Іусмана хадийра цаьршиннан къамел.
Оцу буса кхин цхьанна а ца хиира Іела цІа веанийла.

## 7-гІа корта

Ой, мила Іийр ву
Шен кІажахь тар туьйсуш,
Даймахкахь сийлахьниг кхуллуш?

Ф. Шиллер.

КІезиг долу хІума а сиха даьржа нохчашлахь. Юьртара юьрта долуш, хьаьнгахула деана а, мичахула арадаьлла а ца хууш кхарста долу.
ШолгІа де делкъанга далале гондІарчу ярташкахула даьржира доь доцуш вайна, массара велларг лерина Іела цІа веана боху хабар.
Иза, массо а цецвоккхуш, керланиг дара. Къаьсттина боккха болх беллера оцу гІуллакхо мотт-эладитанна сутарчу адамашна. Іела цІа веана, ткъа Айза кхечухьа марехь ю. Цуьнан ши майра ву. Адамашна дуьйцу хезна хІума ду иза ткъа? Айзас хІун дийр ду техьа? Муха хир ю техьа Іелин, Ахьмадан юкъаметтиг?
Цхьаберш гІайгІане лаьцнера оцу гІуллакхо. Іелиний, Ахьмаданий юккъе хІоьттина хьал кхераме дара. Царшинна юккъе мостагІалла дожа тарлора. Юккъе мостагІалла ца дужуьйтуш хІун дича дІадоьрзур дара техьа и гІуллакх?
Іела ган оьхучу адамийн гуш чаккхе яцара. Кхуза лестара генара а, гергара а, гІаш а, говрашкахь а. Ахьарх дуьзна кеташ

кхоьъьура зударша. Наг-наггахьчуй керахь гора деман чамий, дакъийнчу жижган коржам. ХIоранна а лаьара Iусманна шайн ницкъ кхочу гIо дан. Наха гIо ца дича цуьнан ницкъ бацара керта леста адам юучух кхоьтуьйтуш дерзо.

КетIахь хIоьттина дукха адам латтара. Кертаца диллинчу масех дукъо тIехь кера лаьцна суьлхьанаш долуш, Iасанийн юьхьнгаш лайла а Iуьттуш, хевшина Iара бакххий нах. Царна юкъахь вара Хьуьса а, Панта-Хьаьжа а. Миска Iела, тIеоьхуш мaралелхачу нахехьара охьахаа ниш йоцуш, ирахь лаьттара Iуьйрре дуьйна.

Баккхийчу наха хIорамма рогIехь дуьйцура къоначу хенахь шаьш лелийнарш. «ДагадогIий шуна», — олий волалора хIоре, цул тIаьхьа дийцархочуьнга ладоьгIучеран бIаьргашна хьалха хIуьттура оцу денойн эрчалла, карлабуьйлура тIеман шераша хеназа бехьна вежарий, доттагIий, нийсарой, дуккха а шерашкахь иллешкахь бийца бисина оцу халчу шераша кхоьллина халкъан турпалхой.

— ЭхI, ма кIант вара-кх иза! Кхоам бара цуьнан лаьттах гIойла! — хезара юкъ-кара.

— Кхин вайна гур йоцуш, оцу хенаца дIаяха вайн маршо. Ирс долуш бу хIетахь белларш. Делан цхьана таIзарна санна, вай цхьа декъазниш дисина хIара баланаш Iийша.

— Шек ма довла шу, кIентий, гена дац вайна паргIато гуй йолу де! — аьлла, гIайгIане эгначу нехан дог-ойла айа гIоьртира Iела.

— И хьан лур ю вайна, шашах йогIур ю иза?

— ХIан-хIа, цуьнгахьа къийса деза. Иза герз а буйнахь яккха еза!

— Иза-м эрна хьаха ду, Iела. Вайн махка тIехь цхьа а керста воцчу хенахь а ца ларийна вай и дан... ХIинца мукхе а ларор дац. Уьш вайл дукха бу Нохчичохь. Ткъа мел ницкъ болуш ву керста паччахь? ДIаваьллахь, хьеха ма делахь! ХIаллак м хир ду вай, амма маршо-м гурий хьовха!

— ХIан-хIа, Янаркъа, хир ю маршо. Вай керстанна дуьхьал летар дац. Ткъа церан мискачу халкъаца цхьаьна, цуьнан а, вайн а юкъарчу мостагIех тасалур ду. Оьрсийн гIоьнца вохор ву вай нешан мостагIа, церан гIоьнца йоккхур ю вай паргIато. Хаалаш, и де гена дац.

ХIетталц дийца хIума доцуш Iийна молла-Хьуьсa меттахъ хьайра:

— Маржа, Iела, яI, керстанашца даьккхинчу оцу ткъе берхIитта шаро тиларчу вигна-кх хьо. Айхьа дуьйцург хIун ду хаьий хьуна? Керстанан гIоьнца тои! ОстопираллахI, эхартан зама герга гIерта вайна! Бусалбаниий, керстаний юккъехь машар хир бац цкъа а. И хаалахь, Iела. Цаьрца гергарло лоьхург, цаьргара гIо эцнарг, шайтIа санна, делах къаьстина стаг ву. Делан къинхетам боцр бу цунах а, цуьнан гергарчех а, юьртахойх а. Дала лардойла вай шайтIанан карадоьлхучух.

— Юкъа маслаӀате дерг олучу меттана, тхо керста паччахьан Ӏедална дуьхьалдаха гӀерта-кх хьо, Хьуьса? — накъосташка бӀаьрг таӀош, кхоссар ира Янаркъас.

— Вац, вац! Паччахь а, цуьнан Ӏедал а, иза керста велахь а, делера ву. Ас буьйцурш муьжгий бу, ДошагӀаьрций, Хьомсуркъа-гӀарций гергарлонош лело...

— ХӀан-хӀа, Хьуьса, иштта дац хьуна иза, — цуьнгахьа вирзира Ӏела. — Бусалба а, керста а адамашна юккъехь цхьа а тайпа къастам бац, дин цхьаъ дацар бен. Хьо санна хьолечу вайн молланаша а, церан мозгӀарша а херо йоьллина нохчашний, оьрсашний юккъе. Ткъа берриг оьрсий бу моьтту шуна вайгахь латтийначу, латточу Ӏазапна бехке? Бац. Царех пхи дакъа дича цхьа дакъа хьолахой бу, важа диъ дакъа къехой бу. Хьолахоша бацош, вай санна Ӏазап хьоьгуш, маршоне сатуьйсуш, цуьнгахьа къуьйсуш бу уьш. Шуна ма-хаъара, со туркойн махкахь хилла. Гуьржех лелла, оьрсийн мохк а теллина ас. Массанхьа а, бусалба махкахь а, керстанийн махкахь а цхьаъ ду. КӀеззиг болчу хьоладайша бацабо къехой. Паччахьой, хьоладайший дӀаяьккхина адамашкара маршо, дӀадаьккхина латта а. Уьш бу шуна вай Ӏенийчу цӀийна а, туркойн махка эзарнаш нохчий кхалхорна а, уьш цигахь хӀаллакъхиларна а, тхо Сибрех хьийсорна а бехке! Уьш бу шуна хӀинца шуьгахь долчу Ӏазапна бехке а!

— Ткъа Шемалан заманахь вайн ярташ ягийнарш, зударий, бераш хӀаллакдинарш муьлш бара? — хаьттира цхьаммо.

— Паччахьо а, хьоладайша а Ӏехош, нуцкъала вайна тӀе лоьхкуш, вай санна, миска нах хилла-кх уьш а. Салтий а, вай а хӀаллакьхуьлура, ткъа вай Ӏенийна цӀий паччахьан, элийн, мехкадайн, царна муьтӀахь болчу динадайн кисана доьдура деший хуьлий. Вай лоьтуьйтора, ткъа шаьш хьал ӀаӀадора.

— Ӏела, хьо тиларчу вахана стаг ву, — юкъавуьйлира Панта-Хьаьжа. — И тайпа хабарш дуьйцу стаг хьо схьавеанчу вуха дӀахьажош ду хьуна кхузахь. И хаалахь, хьайна юха ваха ца лаахь!

— Со кхеро ма гӀерталахь, Панта-Хьаьжа. МостагӀаша Нохчичоь сийначу цӀарах ягочу шерашкахь, хьо а, Хьуьса а зударшца орца вуьйлуш, лечкъаш лелачу хенахь, оха цӀий Ӏенийна даймехкан дуьхьа, цуьнан дуьхьа къийсарна вахийтина со Сибрех а, амма цуьнан дуьхьа сайн са тахана а дӀадала реза-м ву со.

— Дика кхетийпа вац иза ткъе берхӀитта шаро! — Панта-Хьаьжин лере а таьӀна, шабар дира Хьуьсас.

— Бакъ ду иза, Хьуьса, — элира цуьнан дешнаш хезначу Ӏелас. — Дика кхетта вац со хӀинца а. Амма кху тӀаьхьарчу шарахь соьца нисбеллачу оьрсийн, гуьржийн накъосташа суна тоъал хьекъал делла. Цара со кхетийна дерриг къаьмнаш—бусалба а, керста а — цхьана дала кхоьллина цхьа вежарий хиларх, массо къоман къехойн цхьаъ бен мостагӀа цахиларх, и мостагӀа паччахь,

хьоладай хиларх, церан гIоьнчий шу тайпа динадай хиларх. ХIинцца, ткъех де хьалха Петарбухехь салташка нах байийтинарг а ву боху хьо тайпа цхьа мозгIар. Суна кхин дIа хаац, амма оццул хууш хуьлуьйтур вара ас массо а нохчо!

ОьгIазвахана Хьуьса маккхелла хьалаиккхира. Амма юххехь Iачу Панта-Хьаьжас, юха а озийна, шен метта охьаханийра иза.

— Сих ма ло, Хьуьса. Оцу нехан беснаш ца го хьуна? Уьш-х цуьнна тIаьхьахIитта кечбелла Iеш бу.

Дов дала герга дара. Амма оцу минотехь урамо голатухучухула гучуваьллачу дегIана лекха, зоьрталчу стага и къовсам девне балале саццийра. Наха вовшашка ден къамел дIатийра, массеран а тидам оцу стагана тIе бахара. Стаг герга мел гIоьртиа къаьстара хIетта сиръелла йоца лергина маж, хаза хьовзийна ши мекх, цIен бос бетталу беснеш. ГIедуьйхиначу бустамаш долчу чонийна тIехула дихкина детица кхелина шаьлтий, доьхкий дара, лепара чухула юьйхиначу атлазан гIовталан кач. Кхузткъе итт-пхийтта шо хан хир яра цуьнан, амма тIехьаьжча шен хенал къона хетара иза. Лекха хьаж дIакъовлуш дуькъачу цкъоцкъамашна тIетаIийна тиллиначу месалчу куйнна бухара схьахьоьжучу оьгIазечу шина бIаьрго а, дукъ тIе даьлла хьаьвзиначу меро а ламанан аьрзонан сурт дагатуьйсура цуьнга хьаьжначунна.

Цуьнна тIаьххье гучуелира тIехь ахьарх а, демах а буьзна масех тIоьрмиг а болуш, тIаьхьа тесна ерстана йоккха гомаш а йолуш стерчийн салаз.

Стаг соцунгIа а хилла, салаз шена тIаьхьа а кхиийтина вистхилира стерчийн юьхь лаьцна вогIучу жимачу стаге:

— Салаз кертал чоьхьа а яккхий дIахIоттае. Оцу старана сихха шаьлта хьакха ала Iусмане, — гIаккха аз лахдина тIетуъйхира: — Амма цкьа хьалха Iелина мараэккха...

— Иза мила ву? — хаьттира Iелас шена юххерчу Янаркъе.

— Иза дер ву Ахьмад. Цуьнца волу жима къонаха Айзин кIант ву, Ахьмадана нина...

ДIаса а хилла наха дитиначу кевнехула тIевогIучу Ахьмадана дуьхьал волавелира Iела, ша хиъна Iачуьра хьала а гIеттина.

И минот яра юьртарчу цхьана аламаша тIекхачаре сатийсинарг.

— Ассалам Iалайкум! — аьлла, Iелин куьг лецира Ахьмада, вукхо иза шена тIе а озийна, маракъевлира. — Эзар балех волийла хьо, дала кхин керстанан буйна воьдучух ларвойла, — элира Ахьмада цуьнан бесни тIе шен бесни а таIийна.

— Дала дукха вахавойла хьо а, — аьлла Ахьмад шен марара дIа а хецна, амма куьг дIа а ца хоьцуш, вигна шена улло охьаханийра Iелас: — ТIаккха, Ахьмад, гезлойн арс, айхьа со Iожаллин багара а ваьккхина, хоьшкалдхойн хьаннашка вигна де диццделлий хьуна?

Ахьмад воьлла хьаьвзира.

— Муха дицло, дицдан мега оцу шерийн денош...

— Оцу дийнахь дуьйна со бахьана долуш висира хьо аьрру куьйга тур ца тохалуш. ХӀинца муха ду хьан иза?

— Дика ду. Уьш дитахьа, Ӏела. Нехан доллу аьтту куьг ду вайн, шинна метта а болх бийр болуш. Цул дийцахьа айхьа лайнарг, хьо цӀа муха веана.

— ХӀун дуьйцур ду хьуна? Сибрех гена, шийла меттиг ю. Хала ю каторга а. Цигахь хьоьгуьйтучу Ӏазапо хеназа къанво, вожаво, Ӏожалла йо. Тхуна тоьхна итт шо хан чекх а ялале, Ӏожалло баьхьира сан накъостий. ТӀаьххьара а соьца висина Бенара Лом-Ӏела а кхелхира шуьйтталгӀачу шарахь. Писина ткъе ялх шо хан вай нехан стаг бӀаьрга ца гуш яьккха ас. Бакъдерг аьлча, ас дог диллинера со кху махка воьрзур ву, вайна гур ду бохучух.

— Хьайн хан яьккхина ваьлча, цӀа ца хийцира хьо?

— ХӀан-хӀа. Цигахь ваха маьрша витира, амма цӀа верза бакъо ца лора. ХӀунда сецавора суна сайна а ца хаьара. Схьахетарехь, Ӏаьлбак-Хьаьжа имам валаро яхйирий техьа моьтту суна цигахь сан хан. Мосазза ведира со. ХӀораззе а лоций тӀе хан тухура. Къанвелла цӀа хоьцур ву а, хецча цӀа ван хуур ду бохучух а, кху махках а, шух а догдиллина сецнера со... Кху тӀаьххьарчу шарахь цхьа тутмакхаш кхийла болийра со волчу. Политически тутмакхаш олура царех. Я вуьшта аьлча — Ӏедална дуьхьал болу нах. Со цига муха кхаьчча хиъначу цара паччахьна тӀекхаччалц аьрзнаш деш сан гӀайгӀа а бина, мукъаваккхийтира со. Цаьрца вара Николаз цӀе йолуш гуьржийн жимстаг. Цуьнан хан чекхъялар а, со мукъаваккхар а цхьаьна нисделира. Шеца цӀа валийна, со Соьлжа-гӀалахь охьа а воссийна, Гуьржех дӀавахара иза. ХӀинца со шуьца цӀахь ву. Иза ду-кх доцца дийцича ас лайнарг.

— Хьайца схьавало везаш хиллера ахь иза, — элира Янаркъас. — Вай хьошалла дийр дарий цунна-м.

— Ӏайла дацара цуьнан. Даккхий гӀуллакхаш вовшахдетташ бу уьш цигахь. Амма цо дош-м делла, ша мукъаваьллачухула вайн кхузахьа гӀорта

— Ткъа и ахь буьйцу тутмакхаш хӀун нах бу, Ӏела? — юха а хаьттира Янаркъас.

— Уьш хьекъале, хьуьнаре, майра, догдика адамаш ду, Янаркъа Уьш паччахьна а, хьоладайшна а дуьхьал бу. Цара боху, паччахь а, хьоладай а мел бу адамашна маршо, токхо хир яц. Цара боху, Россехь дехаш долчу дерриге къаьмнийн къехой, маршо езарш цхьабарт болуш, цхьа вежарий хилла цхьаьна а кхетта, герз а буйнахь паччахьан Ӏедална дуьхьал гӀовтта беза. ТӀаккхий бен яккхалур яц маршо. Царна лаьа хьолахошкара латта схьа а даьккхина, халкъан кара дала, адамашна, къаьмнашна юккъехь ниисо хӀотто, цкъа а адамаша вовшийн цӀий ца Ӏенадойла, дерриг къаьмнаш цхьа доьзал хилла, ирсе дехийла.

Юха а хьалхалерниг долалуш доллийла хиъна Хьуьсий, Панта-

Хьажий гӀаьттина дӀавахара. Дисина адам, вовшийн дӀаса а тоьттуш, Ӏелина тӀе горгделира.

— Иза-м тамашийна хӀума ду!

— Ткъа муха далур ду, кеста хир дуй и гӀуллакх?

— Кеста хир ду бохура. Цара иза муха дийр ду-м ца хаьа суна. Вайн хьекъалийн ницкъ кхочур бац оцу гӀуллакхийн кӀорге ган. Амма аш цхьаъ ца диццдойла лаьа суна: и де тӀекхаьчча, вай царна юххе хӀитта деза. Оьрсийн паччахьо вайгара дӀаьккхина маршо, оьрсийн халкъо вайна юхаерзориг хиларх со тешийна цара. Цунах, со санна, берриге а вайнах тешийла лаьа суна. Амма, вай дийшина а Ӏеш, хир дац иза. Вай, уьш санна, Ӏеламнах дац, амма тӀемалой ду. Цара нийса некъ гойтур бу, ткъа вай царна юххе а хӀиттина оцу новкъа дӀагӀур ду.

Ӏелас дуьйцучуьнга ладоьгӀуш Ӏечу Ахьмада мосазза муьшка йира цунна, иза сацо гӀерташ. Амма Ӏелас ша дуьйцург ца сацадора. Кхин дан хӀума а ца хилла, хьалагӀаьттира Ахьмад.

—ХӀан, цкъа дӀасадевлла, делкъан ламазаш дер вай. Схьаоьхучуьра адам лагӀделлачуьра, Ӏелас а жимма садоӀур.

* * *

— Ӏела, ахь дукха майра хабар дуьйцу юьртарчу нахана юккъехь. ХӀара тохарлера зама ю моьтту хьуна? Цхьажимма а галдерг хьоьгара далахь, пурстоьпе мотт эцна гӀон берш бу хьуна юьртахь, — элира Ахьмада, шаьшшиъ ӀусмангӀеран керта воьдуш Ӏелига.

— Хир буйла хаьа суна. Амма со тешнарг адамашка дӀа ца олуш Ӏен бакъо яц сан.

— Юха лацахь, хьо кхин цӀа воьрзур воцийла хаа деза хьуна.

— Иза а хаьа. Цига юха гӀур вац со, Ахьмад. Со къанвелла, кхин Сибрех воьду хан яц сан. Ткъа мацах цкъа вай цхьаьний маршонехьа болийна къийсам ас сацор бац, сайна чуьра са дӀадаллалц. Со герз буйнахь лийр ву, амма сан каш кху вайн лаьтта тӀехь хир ду.

— Ӏоттар ю-кх ахь йийриг, Ӏела. Со кхеравелла, сайн са кхоийна сецца моьтту хьуна? Дуьххьал дӀа эрна дара вайн летар. Эрна хӀуллакьхуьлура вай. Хьо лаьцначул тӀаьхьа имам велира симсаройн Ӏаьлбак-Хьаьжа. Инзаре майра кӀант вара иза. Иза ша а, цунна тӀаьхьахӀиттинчех нисса ах а хӀаллакьхилира.

— Шемалан заманахь дуьйна хьалха вайн халкъан баьччанаша бен некъ гӀалат хилла, Ахьмад. Уьш вайга керстанна дуьхьал гӀазоте кхойкхура. Вайна, ваьш ца кхетарна, кхин долу къаьмнаш дерриге а вешан мостагӀий хетара. Цундела ца баккхабелла вайга толам. ХӀинца вай кхечу новкъа гӀур ду. Вай хӀинца кхечу къаьмнашца цхьаьна деwр ду паргӀатонна ара.

— Iела, и дан хьан ницкъ кхочур бац. ХIаллакьхила воллу-кх хю.

Iела сецира

— Ой, суна-м хаьа и дан цхьана сайн ницкъ боцийла. Амма и дан ницкъ а, хьекъал а дерш Россехь бу. Цундела боху ас нахе, оьрсий вайн мостагIий бац, доттагIий бу, церан гIоьнца бен вайна ларгIато ер яц, оцу ленна кийча Iе.

— Ларлуш хила-кх.

— Баркалла хьуна, Ахьмад.

— Къаьсттина, Хьуьса моллех а, Iабдих а. Делаций, бусалба динаций кIезиг гIуллакх долуш ву хьуна и Хьуьса. Iедало шена гIуллакхана хIоттийна.

— ХIинца-м хала дацара цаьрга ца Iехавайта!Важа, Iабди хьенан мила ву?

— Совдегаран ХортIин кIант ву-кх. ДагавогIий хьуна иза?

— ВогIу дера кх. Шен дега хьаьжна-тс кIант а? Да-м дика вохкалуш стаг вара цуьнан.

— Дел тIехваьлла кIант. Кху юьртахь цхьа иттех цIа ду шайна кера сом догIийла хиъча шайн ден дакъа а духкур долуш. Уьш шаьш боцурш кхин къайлах лелаш айкхаш а бу церан.

— Баркалла хьуна, Ахьмад!

## 8-гIа корта

Нагахь хьо стаг велахь,
адамех ма лара,
Даймехкан кхолламе
бен доцуш хьоьжуш верг...

А. Навои.

### I

Iела цIаверзаран хьурматана кхаа дийнахь ловзар лаьттира Гати-Юьртахь. КхоалгIачу дийнахь, Яьссин тогIи йистехь, ЦIеран Аре олучу шерачу акъари тIехь говраш хахкийтира, деза совгIаташ юкъа а дехкина.

И кхо де дIадаьлча шайн-шайн цIа дирзира юьртара а, арахьара а адамаш. Шайн цIа дирзира Ахьмад, Айза а. Iела ша висира шен хIусамехь. Къаьхьачу ойланашца. Амма цул а холчахь дара Айза, Ахьмад а.

Пхьуьйра ламаз дина, суьлхьанаш хьийзош поппаран маьнги тIехь голаш гIе юьхьар а вахана хиъна Iара Ахьмад. Цуьнан ойланаш дукха гена яра ша далла дечу гIуллакхана. Ахьмадан хIусамнана нехан цIартIехь зуда ма ю. Iела дийна цахиларх массара а догдилланчул тIаьхьа ткъа шо даьлча ялийна. Ахьмада ша дага

а ваьлла ялийна а яц. ХIара хIусамнана а елла цхьа висча, цхьана наха дага а бевлла, ялийна. ХIокху шинпен а бертаза. Ахьмадан декхар дацара Iелех йисина зуда яло. ДIора гергара дацахь а, доттагIалла а ма дара цаьршинна юккъехь. Цул сов, вовшийн чIогIа сий деш ши къонаха а ма вара и шиъ. Амма нахана карийра Ахьмад а, Айза а берта дало бахьана. Юьрта баьхкинчу салташа воккхах волу кIант а вийна, цIенош дагийна, кертахь мел долчу хIуманах а яьккхина, Iусманца ша йисинера Айза. ЦIа-цIе доцуш. Доладан стаг а воцуш. Да а къаналла кIелвисинера. Доьзалхо воцуш висинчу шена Iусманах кIант а хир вацара-те аьлла дог а дехира. ЦIа-цIе а, вала да а воцуш дисинчу цаьршинпен ша дола дича, дала цхьана йоле дилларе дог а дехира. Азаллехь синош кхуллуш дала йина кхэл лелла, рицкъанаш хилла цхьанакхийтира и шиъ. Юьхьанца шийло лаьттира цаьршинпен юкъаметтигаш. Айзас къайллах дог ца дуьллура Iелех. Амма кIант хиллачул тIаьхьа Iелех дог а диллина, Ахьмадана дика а, муьтIахь а хIусамнана хилира цунах.

Массара а велларг лерина, вицвина Iела ткъе берхIитта шо даьллачул тIаьхьа цIа веана. Эхартара веача санна. Цуьнан зуда Ахьмадехь марехь ю. Ахьмадана цкъа а дуьйцу хезна хIума ма дац хIара.. Нехан цIартIехь нуьцкъах зуда йигнарг вуьйш Iадат ду. Нагахь зудчун бертахь йигнехь шийй а доь. Ткъа хIокху шиннен гIуллакх ша тайпа ма ду. ХIуьттаренна, гамонна лелла а дац. Оьзда боцчу наха мостагIалла а лелор долуш, оьздачара машаре дерзор а долуш. Сибрех ваххалц Iелел оьзда стаг вацара хIокху Яьссин тогIица. Майра а, оьзда а, къинхетаме а. Махках ваьлла, халкъах хаьдда даьккхинчу ткъе берхIитта шарахь хийцаеллий-те цуьнан амалш? Дардиний-те цуьнан дог? Дицциний-те цо шен къоман оьзда гIиллакхаш? Дог боьхачу нехан эладитанаша дIовш дуттурий-те цуьнан даг чу?

Ши-кхо де хьалха уллохула тIехволуш туькана чу вирзира Ахьмад. Чохь Iабди, Хьуьси бен кхин стаг вацара. ХIара гучу ма ваьллинехь, шиннен а велавар иккхира.

— Ахьмад, шарIо цхьана стеган йиъ зуда хила магадо. Амма цхьана зудчун ши майра хила магийна бохуш дуьйцу а ца хезна цхьаннс а. Айза хьоьца ехаш ю, Iела волчу а йоьду. Шуьшиннах муьлхачун сте ю иза? — хьаьттира Хьуьсас.

Iабдин, «кхи-кхи-кхикх» аьлла, велавалар иккхира. Вист ца хуьлуш вахана неI тIе а чIагIийна, чухула гIуй боьллина, Хьуьсина тIе а веана, шен нуьцкъалчу куьйга цуьнан гIовталан кач лаьцна, ветанаш лоьлхуьйтуш, озийна шен мера кIел валийра Ахьмада.

— Кхахьпано дина кхахьпа! Хьакхин хьотIах даьлла хьакха! Ямарт чангIалкх! Ирс хили шуьшиннен юкъах йихкина шаьлта а йоцуш со кхуза нисвелла. Амма хаалаш, нагахь Iелин, Айзин, сан

а ашшиммо диканна а, вонна а цӀе яьккхина бохуш суна хазахь, шаьшшинен кортош дегӀах къаьстарг хилар! Хьакха!

Кхеравелла, ши бӀаьрг хье тӀе а баьлла лаьтта Хьуьса хьала а айбина, гӀопастанал дехьахь вегош лаьттачу Ӏабдина тӀе а тоьхна, сихха аравелира Ахьмад.

ХӀокху гӀуллакхан цхьа йист яккха сацам бина Ахьмад, арентӀарчу цхьана воккхачу Ӏелам стагана тӀе а вахана, цунах дагаваьллера. Цо дийцарехь, майра веллачул тӀаьхьа биъ бутт а итт де а даьлча маре яха бакъо ю зудчун. Ткъа гена махка меха вахана, тӀаме вахана, йийсаре вигна, кхечу бахьанашца доь доцуш вайначу майрачух дог а диллина зуда маре яхча, ткъа и стаг, хӀара Ӏела санна цӀа верзахь, йигначо и зуда йита а йитина, хьалхалерчу майрачунна юхаерзо еза. ТӀаккха, оцу хьалха хиллачу майрачо, нагахь и зуда шена юха езахь, цуьнца мах бина, шен дола яккха еза. Иза дан ца лаахь, шариӀатехь йита а йитина, маьрша йита еза иза.

ШариӀатехь-м ишта дара, амма нохчийн гӀиллакхашца ца товш, лело там боцуш а гӀуллакх ду-кх иза. Амма цхьана агӀор ца листича ца долу. Амма, муха?

## 2

Товханна хьалха, кхакханах биначу кӀедачу миндарна тӀе охьа а хиъна, суьлхьанаш хьийзош, оццу ойланаша дӀалаьцна Ӏара Айза а. МаьркӀажал тӀаьхьа товхана йиллина ножан стомма гуьйриг алу хилла яьгна чекхъяьллера. Чуьра мехкадаьтта лахделла терхи тӀе хӀоттийна чиркх а гӀелбала боьллера.

Ӏела а, Ахьмад а балехь вуйла хаара Айзина. Амма цаьршингахь берг бала ма бацара Айзин кийрахь болчуьнца буьстича. Оцу балано кийра боттуш бара цуьнан. Ӏелина тӀедеанчу эхьана Ӏела бехке вац. Ахьмад а бехке вац хӀокху гӀуллакхана. Шега еача зуда йигна цо а. Цаьршингге беанчу бохамна бехке иза ша ю. Сибрех доьза вайна майра а волуш маре яхана. Ткъа шо даьлча хӀун дара? ЦӀа-цӀе, керт-ков цахиларх хӀун дара? Цхьа бун йина, сагӀа а доьхуш, шен кӀант а кхобуш Ӏийр яра-кх. Яллалц. И сацам бина яра Айза. Ӏелех дог ца дуьллуш. Амма цамгаро кӀелвитинчу къеначу дас бохийра иза. Ша вала герга ву бохура цо. Хьан йишаваша а, атталла гергара нах а бац хьан а, я Ӏелин а. Шел тӀаьхьа кӀантаца цхьа юьсу хьо. ЦӀа-цӀе, керт-ков а доцуш. Дола дан гергара стаг а воцуш. Ӏелин цхьаъ бен кӀант а я кхин доьзалхо а вац. Дала тӀе ма доуьйтийла иза, Ӏусманна цхьа хӀума хилахь Ӏелин цӀийнан кӀур бов. Шуьшинна цӀа-цӀе тардина, кӀантана сихха зуда а ялийна доьзал боло беза. Амма хьан хӀоттор ву иза кога? Иаха хьо Ахьмадана хьехайо. Вайн устаз соьга вистхилийта ойла йолуш а бу. Цуьнан дехар духатоха бакъо яц сан. ТӀе. оцу гӀуллакхана

со реза а хилча. Ахьмад оьзда, бусалба динехь нисвелла, доьнал-ла долуш къонаха ву. Цо хьан а, хьан кlентан а дола дийр ду. lелех дог ца дуьллу бах ахь? Ца лаахь а, дог ца диллича ца долу. Ткъа шо даьлла цуьнан цхьа а хабар доцу. Дийна велахьара цхьа кост ца кхетош lийр вацара. Тоьар ду вай ткъа шарахь ладегlча. Шен де тlе кхаьчча, массо ву вала везаш. Амма виснарг ца ваьхча а валац. Хlара сан гlаьххьара дехар ду хьоьга...

Дела ву-кх и дерриг хууш. lела вицвелла а, маре дагадеана а ма ца яхара Айза. Цунна майра ма ца оьшура, ша мел къона елахь а, ша къона йолуш lелица мел кlезиг хан яьккхинехь а. Сихха цlа воьрзур ву аьлла Хонкара вахча, кхо шо даьлча цlа веара. Тlаккха, дукха хан ялале, итт шо хан тоьхна Сибрех ва-хийтира. Тlаккха воккхах волу кlант lумар вийра салташа. Иза вийна а ца lийра. Цlенош а, ков-керт а дагийра, церан миска йий-бар а ягийра, халла кхиийна шиесту а, етт а дlабигира. Хlара жим-чу lусманца ерзнчу стигли кlел иисира. Къеначу ден къен лаппа-гlа ца ягарйича. Маре а, майра а дагавогlучохь яра ткъа иза. Цунна минотана а ма ца вицлора lела. Шен дуьххьарлера а, тlаьх-хьара а безам. Азаллехь синош кхуллуш Ахьмадца кхоллам язбел-ла хилла-кх цуьнан. lусманан а, шен къеначу ден а дуьхьа реза хилира-кх. Ахьмаде безам бохург хьехочохь а дацара. Шена а, lусманна а иза мел дика велахь а. lусманна цlенош а дира цо, стерчий а, бежан а ийцира. Хlетте а шийла яра цаьршинне юкъа-меттигаш. Юьхьанца кlант, тlаккха йоl а хилча, шен кхолламна къера а хилла сецира. Даг чохь керла безам ца гlаьттинехь а, Ахь-мадана муьтlахь, тешаме а, дика а хlусамнана хилира цунах. Ам-ма далла дика хаьа-кх Айзина мар оьшуш цахилар. Хlара хир дуйла хиънехьара...

— Айза... — лохха кхайкхира Ахьмад.

— Хlун бах ахь... — гlийлла йистхилира Айза.

— lела цlа веачхьана ойланаша хьере дина вайша. Ишта lий-на девр дуй-те вай?

— Хlун дийр ду ткъа?

— Вайшиннен кхоллам муха хилла хаьа-кх хьуна. Бакъдерг аьлча, хlусамнана а, доьзалхо а воцуш цхьа виснчу суна-м хlу-самнана оьшура хlетахь. Амма хьо мар оьшуш а, маре дагадогlуш а яцара. Азаллехь синош кхуллуш дала йина кхиэл лелла-кх. Ахь дина йоl а, кlант а ду сан. Хlинца lела цlа веана. lеле а, вайшин-га а дуьхьал схьа ца алахь а, тlаьхьаш лелаш нехан эладитанаш ду. Хlун дича бакъхьа хета хьуна?

— Хаац. Хьоьга яле, я lела цlа вале со еллехь дика хир дара. Цхьана юкъана цlа чохь тийналла хlоьттира.

— Цкъа а хlокху дуьненахь ирсан чам ца хууш къанвелла lе-ла. Баланаш лайна, дала кхоьллинчу цхьана а стагана ла ца бал-ла. Бусалба динехь, шариlатехь хьан бакъо ю, хьайна лаахь юха цуьнга дlаяха. Кхин хlусамнана а ялийна цуьнца ваха хаа хан а

яц цуьнан. Ахь мукъа а дог ца эцча, къанвеллачу хенахь иза стенах Iехалур ву?

Айза йист ца хуьлура. ХIун аьлла хила еза? Ахьмада лелориг гIиллакх ду. Юха а шеч оьздангалла гойту цо. Амма Айзин иза дан йиш яц. Айзин кхоъ бер ду. Цигахь — кIант, кхузахь — кIант а, йоI а. Iела а, Ахьмад а ший а дика хилла Айзина. Амма данма дIа цуьнан даг чохь лаьттинарг Iела ву. Цуьнан дуьххьарлера безам. ХIинца дIабаьлла иза а. ХIокху къизчу кхолламо къинхетамза бийна. Айзин бIаьргех дуьра хиш хьаьлхира.

— Ахь жоп ма ца ло суна?

Айза йилхира хецаелла. Цуьнан дог хьаъалц вист ца хуьлуш дикка Iийра Ахьмад.

— Алахьа, Айза, хьайна хетарг...

— Берриг а бехк сан бу... Хьоьга еана. Даго хьоьхура суна Iела дийна ву, велла вац бохуш... Массара дог диллича а ас дог ца дуьллура цунах. Маре гIур ю бохург цкъа а дага а ца догIура... Вала воллучу дена лаьарг а дина, байлахь висинчу кIентан ойла а йина хьоьга еара. Хьайн дикалла, ахь дола а дира тхойшиннен. Хьайн кIентан ден доцу дола. Тхойшинне иза дицлур ду моьтту хьуна? Амма мацалла дала диси делира тхойша...

— Уьш дIадевлла, Айза. Ас кхочушдинарг нохчочун, бусалбанан декхар ду. ХIинца вай дохкодийларх а, делхарх а нисдала хIума дац. Бехкениг а ца лоьхур вай. Лелларг делан кхиэл ю. Iелин дагахь а хIун ду-те?

Айза, букъ нисбеш, хьалатаьIира.

— Суна муха хаьа цуьнан дагахь дерг. Цуьнга и хоьттуш со лелар йоцийла ца хаьа хьуна.

— ГIаддайна хоьттура ас-м.

Цхьа хан елира и шиъ дист ца хуьлуш.

— Ахьмад, хилларг а, лелларг а хьуна дика хаьа. Iелин кIант а, хьан кIант, йоI а йижарий, вежарий бу. ХIуъа хилча а вовшех къаста йиш йоцуш. Шуьшиннах цхьанна хилла лазам оцу кхаанна хуълу. Со-м хьехор а яцара вай. Шуьшиъ наха лоруш, хьекъал долуш, оьзда ши къонаха ву. Нах юкъа а ца бухкуш, хаза ший охьа а хаий, вовшех дага а валий, бусалба динехь а, нохчийн гIиллакхехь а цхьа некъ лахийша.

3

Ши-кхо де хьалха кIантаца дехха къамел хиллачул тIаьхьа шайн шина доьзална юккъе хIоьттинчу хьолан кIорггера ойланаш яи вуьйлира Iела а. Iусмана цхьана маьIIера дуьйна схьа, ма-дарра дийцира цуна, шайн нана маре ялар муха нисделира. ХIинца Айзехь, Ахьмадехь болу бала а, шен воьхна хьийзар а.

— Делхьа, Iусман, ма вай оццул доьхна хьийза доккха хIума

дац-кх вайна тӀедеанарг, — элира Ӏелас, кӀанте лерина ла а доьгӀна.

— Дацара, наха эладитанаш ца леладахьара. Ахь и шиъ ден деза бохуш хабарш дуьйцу...

Ӏела гӀадвахана велавелира.

— ХӀунда? Мича бахьанница? Со дийна вуйла а хьаш, нах безна, хьуна а, суна а эхь дина и хьан нана яханехь-м я йигнехь-м мостагӀалла хьедар тӀедожара суна. Бусалба динехь а, нохчийн Ӏадатехь а. ХӀусамда веллачул тӀаьхьа ларъян еза бусалба дино тоьхна хан чекхъяьлча маре яха бакъо ю зудчун. Ткъа хьан нана массара со велларг а лерана вицвинчул тӀаьхьа а ткъа шарахь Ӏийна маре ца йоьдуш. Ахь дийцарехь, ша яллалц Ӏийна а хир яра ден дехар кхочушдан ца лиънехь, жимчу хьан ойла а ца йинехь. Ткъа Ахьмада а йигна иза, шега еача. Бусалба динехь, нохчийн Ӏадатехь. Цаьршиннен хӀун бехк бу? Делан кхиэл ю лелларг. Берийн да велча маре бахана дукха наной бу хьуна. Бакъ ду, «веллачул» тӀаьхьа «денведла» со цӀа варо жимма чолхе даьккхина хӀара гӀуллакх. Делахь а, вай доьхна хьийза оьшуш дац. Вайгахь доьналла хилчхьана дерриг а дӀанислур ду.

КӀантаца хиллачу къамелана тӀера яьлла ойла, хьаьвззина ткъе пхиъ шо кӀегар, Сибрен каторге дӀаяхара Ӏелин. Шеца лаьцна валийна масех нохчо хьалхарчу кхаа шарахь вала а велла цхьа висча, лагерехь волчу цхьана гӀезалочунца уьйр тесира Ӏелас. Ӏедалйа дуьхьал ву аьлла бехке а вина, итт шо хан а тоьхна валийнера иза а. Бусалба хиларал совнаха, иза кӀоргера Ӏилма долуш Ӏелам стаг хиларо цуьнга безам бахийтира Ӏелин. ХӀора буьйсанна а, мукъачу деношкахь а Ӏелина бусалба динан Ӏилма хьоьхура Низамуддина. Масех шо далале Ӏелина Ӏаьрбан а, туркойн а меттанаш Ӏемира. ШариӀат Ӏамош, зуда ялор, маре яхар, дӀасакъастар юкъадаьлча дукха а хеттарш дан вуьйлира Ӏела. Оцу тӀехь Шемала шариӀат талхош меттигаш лелийна бохуш хезнера цунна. Маре яха хан кхаьчча йоӀ а, жоьра бисина зударий а маре луш, церан шайн бертаза, безам боцчаьрга а дӀалуш. Божаршка уьш бигийтора царна ца безахь. Боьрша нах тӀамехь хӀаллакьхуьлуш кӀезиг, ткъа зударий алсам бара. Цундела, боьршачу стеган цӀахь зуда елахь а, нуьцкъах шолгӀаниг йигар а тӀедожадора. Шемала лелочух-м кхетара Ӏела. ТӀамо хӀаллакден адам, къаьсттина божабераш, дебо Ӏалашо йолуш дора цо иза. ТӀе марехь боцуш Ӏаьӏна зударий хьарам новкъа ца бовлийта а дора. Шена ца еза зуда, я зудчунна тӀе зуда йига дуьхьал ваьлларг зинданна[1] чу воллара, иза реза хиллалц ара а ца воккхуш. Оцу чохь цо йоккхучу хӀор буьйсанна цуьнгара эппаза гӀуда а доккхуш.

— Хьекъал долуш стаг хилла и шун Шемал, — элира Низамуддина, Ӏеле ла а доьгӀна. — Цо динарг шариӀатца галморзахал-

---

[1] Зиндан — лаьттах яьккхина набахти.

ла йолуш дац. Зуда яло хан кхаьчна боьрша стаг шега йогӀуш елахь зуда ца ялош Ӏер а, маре яха хан кхаьчна йоӀ я жоьра йисина зуда ша юьгуш стаг велахь маре ца йоьдуш Ӏер а кънлахь лору бусалба динехь. ХӀунда аьлча, цкъа-делахь, дала адамийн хӀу таса дуьненчу даьккхина ду и шиъ, шолгӀа-делахь, шариӀатехь гайтинчу некъаца марехь йоцу зуда а, зуда йоцу боьрша стаг а бусалба дино бихкинчу хьарамчу новкъа бовла тарло.

Низамуддина дийцинчун ойла а йина, цхьа масех де даьлча, юха а оцу хаттаршна тӀевирзира Ӏела.

— Сан къона зуда йисина цӀахь, жимчу шина кӀантаца. Тхан къоман Ӏадатехь, со цӀа верзаре ладоьгӀуш Ӏа иза. Суна тоьхна итт шо хан тоххара чекхъяьлла. Цунна а, сан гергарчарна а сох хилларг ца хаьа. Со велла бохуш Ӏа хир бу уьш. Со даймахка, доьзална тӀе вухавоьрзург хиларх дог дуьллу ас а цкъацкъа. ТӀе, Ӏожалла а ма ю когашна кӀел. Сан зудчо соьга ладегӀар, я сох дог диллинехь а маре ца йоьдуш Ӏар муха хир ду?

— Иза маьрша хила еза шен кхоллам къасто.

— Цунна маре яха ца лаахь? Ши кӀант а ма ву тхоишиннен.

— Маре яхар, цаяхар цуьнан шен гӀуллакх ду. Ткъа хьан декхар — шена луъург дан цунна маршо ялар.

— Ас муха ло цунна маршо, и дӀакхето кхузара дӀа воьдуш стаг а, дӀадоьдуш кехат а ца хилча?

— Дела теш а лаций, кхузза цӀе а тасий йита. ТӀаккха, далла хьалха а, цунна хьалха а бехказа хуьлу хьо.

— ТӀаккха, делан лаамца мацца а цкъа сан цӀаверзар хилахь?

— Айхьа дуьххьар ялош санна, шариӀатехь мах а бина юха а хьайн цӀар тӀе йоккхур ю-кх.

— Маре яхана хилахь?

— Йигначо йита а йитина, хьуна юхаерзо еза. Нагахь хьуна иза юха яло лаахь. Ца лаахь, йигначуьнгахь юьсур ю. Иза а, важа а хьан лааме хьаьжжина хир ду.

И къамел хиллачул тӀаьхьа, дика ойла а йина, дела а, Низамуддин а теш лаьцна, Айза шен цӀартӀера маьрша яьккхира Ӏелас. ХӀетахь ша иза деш Ӏелина ца моьттура ша дийна даймахка цӀа иоьрзур ву а, цӀа вирзича, Айза маре яхана карор ю а...

Сагатлуш, кертахь цхьацца гӀуллакхаш дан гӀерташ лелла, чувирзина, маьркӀажан ламаз а дина, вирд даккха охьахиира Ӏела. Медана шайн да-нана долчу яхана цӀахь яцара, кӀентан ши кӀант а кхарста ваханера. ХӀусамехь деса, тап-аьлла, сиигаттаме дара. Цхьадика, хьера вахана Ӏусман цӀа кхечира.

Цхьа а сакъера чу а ца вогӀу бохуш хӀара дог диллина Ӏеш, когашна тӀера ло дегош учахь когаш а тоьхна, цӀа чу велира Ахьмад. Вовшашка хьал-де а хьаьттина, юьртара керла хабарш дийцина ваьлча, ша деана гӀуллакх дийца вуьйлира Ахьмад. Цо дуьйцург а, хьалха Ӏусмана дийцинарг а цхьаъ дара.

— Ишта, делан кхиэл лелла, цхьана рицкъанаш нисделла тхойшиннен, — дерзийра Ахьмада шен къамел. — Хьайна лаахь нохчийн Iадатехь мостагIалла лело бахьана а ду хьуна, лаахь, бусалба динехь хIара гIуллакх машаре дерзо некъ а бу хьуна. Дела сан дог гуш а, хаьаш ву, Iела, хилларг, лелларг тхойшиннен бехкенна дац, делан кхиэл ю лелларг. ЦIенчу дагара и Айза хьан хIусаме юхайоьрзийла а лаьа суна. Хьан кхиэле дуьллу ас хIара гIуллакх.

Ахьмада дийцинчунна жоп ца луш, Iусман чукхайкхира Iелас.

— Хьада, чехка гIой, Лорса, Панта-хьаьжа, Доша, Солтха а схьакхайкхал. Сиха дуьйла а ала.

Массарал тIаьхьа схьакхаьчча Солтха паргIатваьлча, доцца къамел дира Iелас.

— Ас ца дийцича а шуна дика хаьа хIокху Ахьмаданий, суний юккъе хIоьттина хьал. Доцца аьлча, сан доьзало а ,ерриг юьрто а со дийна хиларх дог диллинчул тIаьхьа ткъа шо даьлча, и сан хилла хIусамнана хIокху Ахьмаде маре яхана. ХIокху Ахьмада иза йигна. Нохчийн Iадатехь а, бусалба динехь а цхьа хьаьрк гал хIума доцуш делан лаамца хилла кхоллам бу иза. Соьгахь бархI шарахь Iийна Айза, ткъа хIокху Ахьмадехь — берхIитта шарахь Суна вина цхьа кIант ву Айзин, хIокху Ахьмадана дина кIант а, воI а ду. Оцу берхIитта шарахь сан кIентан дола а дина Ахьмада. Шинхьара а бераш цхьана нанас дина йижарий а, вежарий а бу. Сой, Ахьмаддий, Айзий къанделла, мел даьхча а дукха дехар дац. Амма тхойшиннен бераш а, церан тIаьхьенаш а яха еза. Вовшашца мостагIалла-м хьовх, гамо лело а хенаш а яц тхан, я лело бахьанаш а дац. Далла а, суна а бен ца хаьаш цхьа хIума а лелла хIокху гIуллакхана юкъа догIуш. Сибрех ваханчул тIаьхьа пхийтта шо даьлча, со дийна цIавоьрзург хиларх дог а диллина, сайца цигахь нисвеллачу цхьана воккхачу Iелам стагах гIезалочух дага а ваьлла, дела а, и Iелам стаг а теш лаьцна, кхузза цIе а тесна, и Айза, сайн цIертIера дIа а яьккхина, шена лаахь маре яха а, лаахь ца яха а, сайн декхар йолчуьра маьрша йитинера ас. Нагахь сан дашах шу ца тешахь, айса иза дина аьлла шуна хьалха КъорIанна тIехь дуй баа кийча а ву со. ШариIате даьккхича а, нохчийн Iадате даьккхича а, мискъала-зарратал бехке дац Ахьмад а, Айза а, цаьршиммо цхьанне дина эхь а дац. Соьгахьара цхьа а тайпа хьагI-гамо а хир яц цаьршиннеца. Со цIа вале санна, шинхьарчу берашна юккъехь гергарло хила а деза. ХIокху юьртахь зударша а, царел а оьшучу цхьацца божарша а тхох лаьцна цхьа питане элдитанаш леладо бохуш хезна суна. Цундела, тховса вайн хилла хIара къамел юьрте дIаханийта. Тховсачул тIаьхьа и тайпа элдита даьккхина стаг суна хаалахь, цуьнца сан цкъа а машар хир боцуш мостагIалла хир дуйла а хаийта. И дехар къаьсттина а хьоьга ду сан, Панта-хьаьжа, хIунда аьлча, и элдитанаш айана лелаш хьан уьйраш йолу нах бу боху.

Хьешкий дӀа а бахана Ӏела ша висча, «даргӀ-диргӀ» аьлла неӀарш тоьхна, вовшашна хьалхавала къуьйсуш, хьуъхь воьлла садоьӀуш, цӀа чу иккхира Ӏусманан ши кӀант. Цаьршиннен яххьашна тӀехь воккхавер, куралла а гора. Ша-ша хьалха ала гӀерташ, вовшийн дӀаса а тоьттуш, шаьш деанарг цхьатерра схьаӀаниpра цаьршиммо:

— Дада!

— Ва дада!

— Эвла Зеламха веана!

— Вайга вогӀуш ву боху!

— Хьо волчу!

Ӏела шайга хаттар дан а кхиале, тӀе-кӀел неӀарх ара а иккхина, вайра ши кӀант.

Геннара схьахезара говрийн бергийн татанаш, летачу жӀаьлийн гӀовгӀанаш а. И татанаш а, гӀовгӀанаш а тӀаьхь-тӀаьхьа герга гӀертара. Берашна цхьаъ тарделла хир ду-кх бохуш, хиънaчуьра меттах а ца волуш Ӏара Ӏела. Амма дукха хан ялале говрийн бергийн татанаш церан кетӀахь севцира.

Ӏелин дог тохаделира. «Ой, боккъал а со волчу вогӀуш-м вац хир ву иза? — цецвелира иза. — Соьца хӀун гӀуллакх хир дара цуьнан?»

Сихха хьала а гӀаьттина, аравала дагахь шена тӀе бедарш юха хӀоьттира Ӏела. Амма хӀара лелла валале, керта арахь нехан къамелаш хезира...

## 9-корта

ЦӀа дезаш схьавогӀург,
Тхайн баьрчче воккхур ву.
Мацвелла чуваъарг
Вузийна, вижор ву.
Тхаьш дезаш схьавеъарг,
Везаш тӀе оьцур ву.
Цуьнан Ӏано погӀуш верг,
Шен цӀийла керчор ву...

Нохчийн халкъан илли.

Зеламха...

И цӀе яра гкъолгӀачу бӀешеран юьххьехь Нохчичохь а, генна цуьнан дозанал арахьа а хезаш. Мискачара, гӀийлачара безамца, дозаллица йоккхура иза, ткъа хьолахоша — цабезамца, сийсазе.

Зеламха обарг вара. Обаргалла — иза дӀадаханчу бӀешеран юккъехь Нохчичоь тӀеерзор тӀаьххьара а чекхдаьлча, кхузахь паччахьан къизачу Ӏедало кхоьллинера. Обаргалла — иза Нохчичохь паччахьан тӀеман-колониальни Ӏедалшна дуьхьал цхьаццаммо а, цхьанакхетта а адамаша латто къийсам бара.

И къийсам болабелира паччахьан колонизаторшна кхузткъе пхийтта шарахь йина турпал дуьхьало эххар а кагъелча, цунна тӀаххье хилла дуьххьарлера гӀовттамаш цӀийла керчийна, керла юкъара гӀаттам кеста хиларх цара догдиллича.

И ша тайпа къийсам дӀаболорхойх вара дӀадаханчу бӀешеран кхузткъалгӀачу шерийн юьххьехь обарг ваьлла гиххойн Вара.

ЦӀарна а цӀе яханчу нохчийн обаргаллин тӀаьххьара чубузу сирла седа бара харачойн Зеламха.

Зеламха — иза иттанаш шерашкахь паччахьан Ӏедална дуьхьал турпал къийсам латтийна, эххар а цо нуьцкъала карадерзийна, амма паччахьан набахтица машар боцуш мосуьйттазза гӀаьттина, мосуьйттазза шен цӀийла карчийна, етташ, лоьллуш, кхалхош, сийсаздеш, бӀарздина, дардина, гӀелдина, амма хӀетте а колониальни олаллина кера ца Ӏемаш, цунна къар ца луш, харцонна дуьхьал къуьйсу дийнна нохчийн халкъ дара.

НеӀарх хьалха чуваьлла Доша, Ӏелига салам а делла, дуьхехь сецира шена тӀаьхьа вогӀучу хьешана некъ а буьтуш.

— Ӏела, хӀара Харачуьрчу БӀаьхон Гушмазукъан кӀант Зеламха ву. Хьо ган а лиъна, схьавеана хӀара.

Ӏелина тӀевеара Ӏаьржа верта а кхоьллина, бӀаьргаш, марий бен ца гуш боьмаша башлакх хьарчийна юккъерчу дегӀара стаг.

— Ассалам Ӏалайкум. Суьйре дика хуьлда хьан, воккха стаг.

— Ва Ӏалайкум салам, марша вогӀийла хьо, Зеламха, — куьг кховдийра Ӏелас.

— Маршалла хуьлда хьуна а, — шен ондачу доккхачу шина куьйга юккъе къевлира цо Ӏелин куьг. — Дагйта дика а долуш, дала вон ма хьажадойла кху хӀусамашка.

— Дала диканца дукха вахавойла хьо. Дала юьхьӀаьржонах, ямартлонах, тешнабехках Ӏалашвойла хьо. Делхьа ма дика ду, Доша, шуьшиъ веана. Суо висина сагатделла воллура со. Жс, дӀаяккхалаш тӀера сов-ков хӀума. ОхӀ, дала дог дика де шуьшиннан...

Кхоьллина верта а, коьртах хьарчийна башлакх а цо дӀаяьккхича, Зеламхе бӀаьрг тухуш, коьртера когашка велира Ӏела. Юьхьиг охьа а ерзийна, коча тесна дошлойн топ, некха тӀехь мор зах йохуш, юкъахйнхкина патармийн кхо гӀап, коча тесна дайн тур, юкъах йнхкина кхелана шаьлта, шиъ тапча.

— ХӀоккхуза валий охьахаал, Зеламха. Товхана уллохьа. Доша, хьайна а цхьанхьа охьахуийла нисъехьа. Ӏусман, шайн нана могуш яц аьлла яхара Медана. КӀант вахийтахьа цунна тӀаьхьа.

Кочара схьадаьстина тур Дошега дӀаделира Зеламхас, амма, ша охьахууш, топ шена улло дӀахӀоттийра. Бехкала даханчу цуьнан бӀаьргаша шера схьабохура: «Хьох-м тешара со, хӀусамда, амма хьо доттагӀа хиларх, мостагӀий дуккха а бу сан. Уьш ма бу даим сема, сакх, ас дӀа мел боккху ког тергалбеш. Хьанна хаьа, хӀокху минотехь уьш хьан цӀенна тӀе текхаш бу бац? Иштта ду

обарган дахар — нехачул бӀаьрг сирла, лерг сема, хьекъал ира, куьг каде долуш, массо хӀуманах ларлуш хила веза иза».

— ТӀаккха, Зеламха, цӀеранаш хӀун деш бу, могаш буй, хьо а лелалой?

— Дала дика кхобу, Ӏела. Шу хоьттуш Ӏийра со-м Ӏусмане.

— Дала делла хьал токхуш дохку тхо а.

ХӀорш вовшашка хьал-де хаьттина, дара-дацара аьлла бовлучу юкъана, аранккхиичу Ӏусмана шен кхоъ бен боцчу уьстагӀах цхьаъ бийна, тилийна, чубеъна, дукъох боллучу мӀерах хьалаоьллира.

Шаьш кхоъ вовшашка цхьацца хеттарш деш къамеле ваьлча, Ӏелас даим шена дагахь лаьттачун ойла йора. Зеламха шен ойланашца мила ву а, иза ша волчу хӀунда веана а сагатделлера цуьнан. Наха дийцарехь, Зеламха обарг ваьллера зударшна тӀехула даьлла дов бахьанехь. Амма луралла хьаьрчина стаг лечкъаш лела, чӀирхоша ша витталц я валлалц. Доьзалца юьртах а волий, генна кхелхий а воьдий. Лурбоьллачу нахах наггахь бен ца волу галораш дийриг, ца ваьллачу денна, тӀетовжа кхин меттиг ца хилча, дуучу рицкъина, тӀедухучу барзакъна, герзана лорий. Иза къехка шена тӀе кхин керла цӀий дожарх. Цуьна цуьрриг лаац Ӏедална новкъа гӀерта. Шера хаьа, шина мостагӀчух — чӀирхойх а, Ӏедалх а ларвала шен ницкъ кхочур боцийла. Лурвоьлла стаг деккъа цхьа шен са дадийна лела. Ткъа Зеламха? Обарг ваьллачул тӀаьхьа керла масех цӀий хьарчийна цо шех. Ӏедална зулам дарх-м мукхале а ца ларлора иза, мелхо а, цуьна дуьхьалваьлла. ХӀанхӀа, луралла дац Зеламха Ӏедална дуьхьалваьккхинарг, къизчу хьаькамех а, цӀубдарша санна, къинхьегамхойх бекхачу хьоладайх а цуьнга бекхам оьцуьйтург. Кхин ду бахьанаш. Кхин. Амма мила ву Зеламха? Революцин дарц даьлча, нохчийн халкъан коьрте хӀотта а, бусалбий, керстий ца къестош, кхечу халкъашца цуьнан барт кхолла а, иза паччахьан Ӏедална дуьхьал дига а ницкъ кхочур барий техьа цуьнан? Дийцарехь, хӀара хьекъале велахь а, Ӏилманан охӀла вац. Майра, хьуьнаре, оьзда, хьекъале, амма бодане нохчо. Хьекъалан пайда ма бац, цуьна уллохь Ӏилма ца хилча. Ӏилма а эрна ду, цунах пайда эца хьекъал дацахь.

Оцу цӀарна а цӀе яханчу обарган даг чу, хьекъалан кӀорге хьажа лаар дара Ӏелига иза ган сатуьйсуйтург. Ӏела ларлуш хеттарш дан вуьйлира хьеше. Ткъа хабаре воцчу Зеламхас юьхьанца халла бен жоп ца лора хеттаршна. Амма хеттарш тӀаьхьо шен деган чевнех хьоккхадала доьлча, хецавелира иза.

— ХӀан-хӀа, луралла дац со а, соьца берш а арабаьхнарг, — эххар а Ӏелин хьалхарчу хаттарна жоп делийра цо. — Массарна а йолу къеллий, мацаллий, мискаллий хилла а ца Ӏа со обарг ваьккхинарг. Вайгарчу берриге бохамийн, баланийн, гӀайгӀанийн нана хӀара нейӀалт хиларг — паччахьан Ӏедал ду, Ӏела. Къеллина а сатуху. Мацалла а лало. Ӏожалла а лела-кх шен новкъа. Халаниг, са цатохалург, собар ккхачориг хӀун ду аьлча, Ӏела, цхьаммо хьо сий-

сазвар, хьо стаг хьовха, адам а цаларар ду. Веданахь гӀап мел ю. оцу гӀопа чохь эскар мел латта харцо дӀаер яц Нохчмахкара. Ткъа мел ю и гӀаьпнаш Нохчичохь? Нохчийн дегӀана дина даьӀнаш ду уьш. Царел сов, вай дага юккъехула доьккъуш схкина гӀалгӀазкхийн ярташ. Хьо ца хилла Веданан гӀопехь, со а хир вацара, цхьа нохчо а гӀур вацара цига шен ницкъ кхаьчча, амма эшамо вуьгу. Эшам даима тоьла къехочун ницкъал. Оцу гӀопан баролал чоьхьа туьканаш ю оьрсийн а, вайнехан а совдегарийн. Башхо яц хьенна хилча а. Ерриге а цхьа хьакхарчий ю уьш. ТӀеюха бедар еза. Кертахь марс-мангал, бел-шада оьшу. Уьш цаьргара ца эцча кхин хуьлийла яц. Кхечухьа-м гӀур вара, амма хьо дӀакхаьччохь, бухахь изза хьакхарчий карайо-кх. Хьо хилла вац, Ӏела, Веданан гӀопахь. Дала тӀе ма доийтийла хьуна цига вахар. Зуда санна, юкъ а яьстина шаьлта салташка а елла, церан цхьамзанашна кӀелхула а ваьлла ваха веза цу чу. Цара боьлуш, Ӏоьхуш, хьо сийсазвеш ечу яппаршка ла а доьгӀуш. Хьанна хаьа цара хӀун дуьйцу, уьш стенах буьйлу? ДегӀах хьуьйсу. Зударшна а... Вайца дерг дерриге а беламе хета царна, дерриге а сийсаздо цара — дела а, дин а, амалш, гӀиллакхаш, бедарш. Деда вара тхан бӀе цхьаъ шо долуш. Къоьжа, букар а хьаьвзина. Тхан да а, со а Соьлжа-гӀаларчу набахтехь волуш, шен са дацарна, тхо цӀа хецахьара аьлла дехар эцна шена тӀевеъча, Веданарчу полконака Даброльскис цуьнан сиръелла маж лаьцна, иза дӀаса а лестош, бага лейинера. Муха хета хьуна иза? Йоккха майраллий, оьздангаллий яц иза оьрсийн полконакана! Амма со и дицдина Ӏеш вац, ас марх доккхур ду цунна иза. Оцу гӀопан баролал чоьхьа бехачарна шаьш — элий, ткъа арахьара берш — лайш хета. Оьрсий хилчхьана цуьнан бакъо ю оцу чохь ваха, ткъа нохчочун — иза эпсар я цхьа кал-цӀолла елахь. Муьлш бу цу чохь бехарш? Кхахьпанаш! Эхьбехк а, оьздангалла а яйна кхахьпанаш. Дийнахь, бусий хаддаза муьйлуш маларш, ловзош кехаташ, оьзда мел доцурш!.. Вайнехан эпсарш бохий ахь, цаьрга терра лела гӀерташ, царел а тӀехбевлла, гуттар цӀармат лела. Оцу гӀаьпнаша чуьра араоьхучу боьхучу хьожано бехдина хӀара вайн лаьмнаш.

Юьхьанца оцнул сапаргӀатечу Зеламханан аз, тӀаьхь-тӀаьхьа айалуш, чӀагӀделира, сийначу цӀарах богура оьгӀазлонах буьзна ши бӀаьрг.

— Иза, Ӏедало вайна латто харцо, къинзалла, вай сийсаздар, иза ду, Ӏела, нах цунна тӀе берза ца буьтург, со ара ваьккхинарг. Цо лерац вайн дайн гӀиллакхаш. Вай ваьшлахь луьсту долу гӀуллакх шайга а оьций, дерзоран меттана довхошна юккъе мостагӀалла дожадо. Юьртана тӀе муьлш хӀиттабо Ӏедало? Хьекъале, оьзда, ниьсо ен йолу нах ца хӀиттабо. Доккхачу тайпанах, хьалдерг, харцбакъ ца хьехош, шаьш дӀакхоьдийнарг ден дерш хӀиттабо. Иштта бу массо юьртдай а, къеданаш а, моллапаш а. Церан гӀоьнча ву гай юьзна мел верг. Уьш берриге а Ӏедална бохкабелла нах бу-

Уьш Iедало вайна тIехIиттийна шегахьа болу дела, вайн мостагIий болу дела. Церан цхьабарт бу! Тхуний, тхан захалашний юккъе деана дов ництта гена дер дацара тхан а, махкатIхойн а юьртдай оцу юкъа ца боьллехь. Оха тхайн вешина Солтмурдана ялийна йоI шайн кIантана езаш хилла махкатIхойн юьртда. Цара къайллах лелийнчу хIуьц-пуьцалгаша доьллира тхуна юккъе мостагIалла. Цара тхох а, оха царах а цхьацца стаг вийра. И шиъ дуьхь-дуьхьал а вахана, тхо нисделлера. Наха тхуна юккъехь машар бичхьана дIадолуш гIуллакх дара. Амма Iедал дуьйлира юкъа. Тхан юьртда а, пурстоп Чорний а. Юьртдас пурстоьпана тIе мотт баьхьнера, цо тхо Ведана дIадийхира. Виъ стаг. Тхан да а, со а, девешин кIант Iеламха а, Солтмурдан доттагIа Iизраил а. Дахара тхо, керахь герз а доцуш. ХIумманах шек а доцуш. Iедал Iадда Iийчахьана, иза дIалистаделла даьлла гIуллакх хеташ. ГIопан баролал чоьхьахь, салташна юккъехь майравелира Чорний. Когаш, куьйгаш дехкийтина, суна тIара туьйхира... Цигара дIа Соьлже а дигна, суьдехь хенаш а тоьхна, Сибрех хьовсийра. ХIунда? Оха ялийна йоI махкатIхойн юьртдена шен кIантана езарна. Иза тхан юьртден хьаша волу дела. Уьш берриге а Iедалан хьаькамаш, бартахойн, сан а, со санчийн а мостагIий болу дела. Тхо кIелхьардоху шаьш бохуш, тхо да мел долу хIума а доьхкина, аблакатана делла ши бIе туьма а, хи чу тесча санна, дайра. Баьржина дIабахара тIера боьрша нах дIабевлла тхан миска бахам а. Полконака шена дина нэхь а, тIебеана бала а ца лабелла, аравелира къена деда. Сибрехахула хьийзийна, юха а Соьлжан набахта далийра тхо. Дов юха хатта. Амма Чорний юха а тIетаьIира тхан гIуллакхана. Цуьна хаьара, оцу чуьра со араваьлча, шена хиндерг. Хьалхалерра хенаш тIехь йисира тхуна. Iизраил набахтехь кхелхира. Со ведира. Сибрехах кхеравелла а ца ведира. Iожаллех озавелла а ца ведира. Суна ца дицлора Чорнис сайна тоьхна тIара. Суна ца йицлора Дабролскис сайн дедена, сира маж а лаьцна, йина яппарш. Ца вицлора тхоьгара дIаяьккхина йоI шен кIантана а йигна Iеш волу махкатIхойн юьртда. Цундела ведира со. Ца йицлора Ведана-гIап — и кхахьпанийн, хьакхарчийн бен. Цундела ведира со. Царех нийсонан бекхам эца. Халкъан мостагIех бекхам эца. Сайн дегIа чуьра са дIадаллалц царех лета, уьш къинхетамза хIаллакбан.

— Амма Iедало шен газеташна, жайнашна тIехь ца боху хьо халкъан маршонехьа, Iедална дуьхьал къуьйсуш ву. Хьо оьрсашна дуьхьал, оьрсийн Iедална дуьхьал ву, хьо талархо, адамашдайархо, тешнабехкахо ву бохуш кхайкхаво. Хьо ца вевзарш теша оцу аьшпех, къаьсттина кхечу къамнех долу адамаш.

Iелин дешнаша ойла яйтира Зеламхане. Куьйга корта а лаьцна, шен гIайгIане ши бIаьрг цIерга а боьгIна, цергашца бухара балда а къуьйлуш, мекхех куьг а хьоькхуш, вехха Iийра иза ойла еш. Левси санна ийалора цуьнан шуьйра накха.

— Хаьа суна. Амма уьш цхьа а бакъ дац, — элира цо, доккха са а даьIна. — Со а ца лела хазахета. Цхьа минот яц синтем болуш. Наггахь нехан хIусаме нисвелча бен бовха кхача ца буу ас, бовхачу метта ца вуьжу. Йисина ерриг хан, акхачу экхано санна, хьаннашкахь, лаьмнашкахь токху ас. Ерзанчу стигли кIел. Iай а, бIаьста а — массо хенахь. Да вийна сан, вешех ваьккхина. Хьан сий дала дойла, доьзалш бу сан Сибрех. Мичхьа бу а, дийна бу бац а хаац. Iедалан кера ца бахийта гIерташ, сайца бовдийна дукха леллийра ас уьш. Амма со адамаш дайархо вац. Ас дойурш ямарт жIаьлеш ду, вайнах бойуш куьйгаш а, мущIарш а цIийша юьзна лела Iедалан хьаькамаш, церан гIоьнчий. Ас цхьа а стаг ца вийна тешнабехкаца. Айса стаг веле, ас цуьнга хьалхxе дIакхайкхайо сайн кхэл, ахь зулам дитахь маьрша ву хьо, ца дитахь ас вуьйр ву хьо олий. Ас къинхетамза бойу эскарехь гIуллакх деш а, Iедалан гIуллакххехь а шаьш боццушехь со лаца, со вен, сан коьртах шайна ахча хиларе догдохуш, Iедалан юьхь а лаьцна, сан лар толлуш лелараш, мотт беттарш, ямартхой. Оьрсашца, керстанашца дац сан мостагIалла. Ас цхьа а машаре керста ца вийна, диканиг бен вон хIума а ца дина царна. Сан тIом паччахьан Iедалца, цуьнан хьаькамашца, церан хьадалчашца, вайна тIехь хIара къизалла латточаьрца бу. Хуьлда уьш бусалбанаш, керстанаш, мунепикъаш. Хуьлда уьш оьрсий, нохчий, гуьржий, гIалгIай. Хуьлда иза сан да, ваша, кIант! Цаьрца бу сан тIом. Талорашший? ХIаъа, ас талабо нехан цIий Iуьйдуш, хьарам даьхни гулдинарш. Ас паччахьан банкаш кхоьхьу. Ас хьоладай йийсаре а буьгий, царна тIера ахча доккху. Амма сайн кера догIучух ас цхьа кепек сайна пайде ца хьовзадо. Мискачу нахана дIадоькъу. Цхьана нохчашна, бусалбанашна декъна ца Iаш, оьрсашна, кхечарна доькъу. Мискачарна, вай санна ца хьегахь а, вайга гIоьрттуш гIело Iуьйшучарна.

«Набахтехь а, Сибрех а яьккхина хан эрна ца яхана хIокхуьнан, — ойлайора Iелас. — Амма ниййса кхетанза хIуманаш дукха дисина. Суначул а. Шена ма-хаъара, ма-хеттара къуьйсу кхуо адамашна ницкъаш барна дуьхьал...»

— Цхьана агIор-м нийса ду-кхи ахь дийриг, — шен Iалашонна тIегIертара Iела. — Оцу агIор хьох баккха бехк бац. Амма ахь банкаш йохош, хьолахой галош доькъучу ахчанех адамийн бакъо, къелла меттахIуттур ма яц, Зеламха. Цуьнан ойла йинний ахь? Ахь цхьацца хьаькамаш байарх паччахьан Iедал духур ма дац. Ахь байинчийн метта кхин боххуьйтур бу, хьалхарчел къизанаш, сий доцурш хоьржуш. Iехула гIе, ахь цхьа хьаькам вийча, Iедало бехк боцу итт нохчо воь, бIе Сибрех хьажаво. Хьайна лаа а ца лууш, хаа а ца хууш адам хIаллакдо ахь, доьзалш байлахь буьту Iедало эххар вуьйр ву хьо. Я тIамехь, я цхьаммо тешнабехк бина. Хьан корта беанчунна берхIитта бIе туьма ахча а, кхо бIе десятин латта а кхайкхийна Iедало. И ахча паччхьалкхан хазнера а, я хьолахойн кисанара а дац. Нохчийн къехошкара даьккхина ду. ХIан,

хьол тӀаьхьа кхин а цхьа Зеламха гӀоттуьйтур вай. Цунах а тӀаьххьара а изза хир ду. Оцу некъо толор дац вай.

Зеламха гӀайгӀане велавелира.

— Ӏела, ахь ишта аьлча, нехан хӀун бехк бу. Шайх Мовсаран заманахь дуьйна схьа паччахьан эскарша хӀаллакдина адам, ярташ. Сибрех хьийсина доь доцуш байнарш — уьш берриге а сан бехкенна хилла хӀаллак? Со дуьнена ваьлла а дац ткъе кхойтта шо бен. ХӀун дан деза ткъа, оцу цхьаболчу молланаша ма-хьеххара, Ӏедало дечунна дерригенна а садетта деза?

— ХӀан-хӀа, садетта ца боху ас, — хаза элира Ӏелас, стаг тӀеверзош долчу шен хазчу озаца. — Юха а боху ас хьоьга, ахь цхьа хьаькамаш байарх, паччахьан Ӏедал духур дац. Я масийтта шарахь тӀом барх доха а ца делла нохчашка шайга. Мосазза гӀиттина уьш цхьаболчу лулахошца а. Амма данма цӀийла керча. Оццул доккхачу оьрсийн къоме а ца даккхало шена тӀера хӀара Ӏазап. Ткъа бакъболу къийсам хӀинцца болалуш бу, Зеламха Ша тайпа къийсам. Оьрсийн паччахьан махкахь мел деха къаьмнаш цхьаьна а кхетта, цхьабарт бина гӀевттича, тӀаккха баккхалур бу толам. Ахь элира-кх вайгарчу Ӏазапан, балин, бохамийн, вайна тӀехь латточу харцонан нана вайна тӀера Ӏедал ду. Кхузахь хьаькамаш байарх Ӏедал духур ма дац. И нана мел ю, цуьнан кӀорнеш — хьоладай, эпсарш, инарлаш, церан хьадалчаш, — кхуьур ю. Янарх кхачалур йоцу и кӀорнеш цкъа а дуьненчу ца йовлийтархьама йийна дӀаяккха еза оцу кӀорнийн нана — паччахьан Ӏедал. ХӀара доха а дина, кхин вешан къехойн Ӏедал хӀоттийча бен маршо хир яц вайна. Иза дийр ду кестта хинболчу, паччахьан Ӏедална дуьхьал халкъаш цхьанакхеттачу ша тайпанчу тӀамо.

ТӀепаза яйра Зеламханан бӀаьргашна чуьра гӀайгӀане мархаш, оьгӀазлонан цӀе. ХӀинца царна чохь йовхо йогура. Халла хаалуш делакъежира балдаш. Сатийсамо цхьана юкъана деллачу ирсо къагийнера цуьнан юьхь. Ӏелас дуьйцучунна реза хилла, корта теӀабора цо.

— И дешнаш суна дуьххьара мичхьа хезна хаьий хьуна, Ӏела? Орамбургехь тхо совцийна долуш цхьана оьрсечуьнгара. Изза диннира суна кху аьхка Шуьйтан-гӀопарчу цхьана шица салтичо а. Цхьаъ лор вара. Махсам. Инзаре дика ши стаг. Къайлах тӀе а оьхуш, сан шина накъостан чевнаш тойира Махсама. Оццул ас кхийдорах мах а ца ийцира. Вукхо, Аликсес и ахь дуьйццург дийцира суна.

«ХӀета, тхан лаьмнашка а кхаьчнаний социал-демократийн Ӏилма. ХӀан-хӀа, мелла а цаьрга ладоьгӀна стаг, иза мел бодапехь валлахь а, серло кхетаза ца вуьсу» — ойла йора Ӏелас.

— ХӀинца вуй Шуьйтахь и ши стаг? — хаьттира цо Зеламхане.

— Вац. Дукха на хилира и шиъ цигахь. Аликсе лаьцна Сибрех вахийтира. Балшек ву бохура иза. Паччахьан Ӏедална дуьхьал. Махсам вайн махкара дӀаваьккхира.

— Кхин буй вайн махкахь хьуна бевзаш и шиъ санна ойла йолуш оьрсий?

— Соьлжа-гІалахь ву цхьаъ. Супа хетарехь, цуьнан дуккха а бартахой бу цигахь.

— ХІета, хьуна-м синачул дика хаьа дарц дада герга дуйла, — резахилла велакъежира Іела. — Керлачу тІамехь керлачу новкъа гІур ду вай. Мацахлера вайга керстанашна дуьхьал гІазоте кхойкху зама яц хІара. ХІинца кхета доьлла керста а, бусалба а къаьмнаш. Царна хаа доьлла шайн мостагІ мила ву, доттагІ мила ву а. Оьрсашна, гуьржашна, кхечу керста къаьмнашна дуьхьал ойур дац вай герз. Ткъа цаьрца цхьаьна, церан а, вайн а юкъарчу мостагІчунна, паччахьан Іедална дуьхьал ойур ду. Паччахьна, цуьнан бартахошна дуьхьал халкъаш гІевттиначу кху керлачу, тІамехь шен халкъана ниса некъ гайта кхечу халкъашца барт кхолла, царна юккъехь ниса дІакхехьа, хІора халкъан коьрте хІотта даккхий хьекъалш а, хьуьнарш а долуш, майра, оьзда къонахий беза, Зеламха. И къонахий хила беза халкъо лоруш, сий деш, халкъ тешаш. Хьан сий ду вайнахалахь хьовха, ДегІастанахь а, ХІиричохь а. Хаалахь, Зеламха, хьо а, хьан накъостий а санна кІентий вайн халкъан кестта чІогІа оьшург хилар.

ХІусамдайша доггах хьалха биллина кхача а биъна, шаьшшиъ паргІатваьллачул тІаьхьа, хьеше гІуллакх-болх хаьттира Іелас.

— Делахьа, Іела, хьо ган лаара бен кхин гІуллакх доцуш ма ца веана со-м, — стенна делахь а, цхьана хІуманна нйзалуш къамел долийра Зеламхас. — Наха вуьйцу хезча, хьо гаре сатесира ас. Дуьне девзина, халонаш Іийшина, замано хьекъал делла стаг веш вуьйцура наха хьо. Хьоьгара хьехам а оьшура. Хьо ган а лаьара. Мел дийцича а, Шемалан бІаьхойх нах кІезиг бисина хІинца. Ахь бехк ма билла, Сибрех болчу сайн доьзалх хІума хьуна хааре дог а дохура ас.

— Дависа цуьнан, Зеламха, ма ца хезна-кх суна церан хабар. Соьций, со волчу агІорний-м муххале а вацара вайнехан стаг, уьш дуьненчохь буй-техьа аьлча санна даьккхира ас хІара тІаьххьара ткъе ялх шо. Мичахьа хета хьуна уьш?

— Минусинск олучухьа.

— Минусинск. Цунна дуккха а дехьа, малхбалехьа вара со. Нерчинск олучохь. Оцу шина меттигана юккъехь, хІинца герггара хьесап дича, кхузара Уьстамалачулла некъ хир бу. Кехат догІий церан?

— ЧІогІа хьеделла. Сан хІусамнана а, ялх бер а, вешех Солтамурдах йисина Зезаг а ю кІантаца цигахь. Ойла ехьа, Іела, генахь, боьршачу нахана а халачу Сибрех ворхІ бераца ши зуда. Хууш мотт-йозий а доцуш. Тхан тайпанах бІе сов стаг ву лаьцна Сибрех. Божарий-м хІун дара, зударий, бераш дохку датахь.

— Са ма гатде, дала бийр бу къинхетам.

— ТӀаьххьара деанчу кехата тӀехь йоккхачу йоӀа яздора шаьш могаш а ду, цигара оьрсий чӀогӀа дика а бу шайца бохуш. Сох лаьцна газеташа яздинарг дешна боху цигарчу бахархоша. Данма шайга хьошалгӀа кхойкху, дӀа а дуьгий даар-малар хӀоттадой, сох хабарш дуьйцуйтуш Ӏа боху. Цхьа хӀума а ду со воккхавеш: берашна шера оьрсийн мотт Ӏемина боху.

— ХӀаъа, вайна чӀогӀа оьшу оьрсийн мотт. И ца хуу стаг хьайбанах тера ву кху ярташкара дӀаваьлча. Вайна чӀогӀа оьшу дуьненан Ӏилма а. Ткъа Ӏедало цунна тӀе вай кхачийтац. Бодане стаг Ӏехо атта ду. Зуламе гӀуллакх серлонгахь ца дало. Амма кӀез-кӀезиг вайна юкъара а буьйлу оьрсийн махкахь дуьненан Ӏилма Ӏамийна нах. Бакъду, Ӏедало ша къастийна Ӏамийна уьш. Ӏедалехьа а бовлий, вайна коьшкала-м ховшу. Данма хир дац ишта. МостагӀийн керахь елахь а, серлонах пайда балаза дуьсур дац вай. Вайн халкъана дуьненан Ӏилма оьшу. Ӏедале, хьолахошка ша ца Ӏехадайта. Шена тоьхначу буржалех маршадала.

Дуьйцурш кхачориг ца хилла, дуьххьара котам екначул тӀаьхьа ихьуьйра ламазана хӀоьттира и шиъ.

— Я аллахӀ, хӀай везан дела, — доьхура Зеламхана хозуьйтуш доӀанехь. — Нагахь ас нийсадоцург дагалацахь, сан ойла оцу тӀера йохаелахь, куьг духаозалахь. Нагахь ас бакъонца дерг дагалацахь, и кхочушдан ницкъ лолахь. Ас ниййсонна куьг айича бӀаьрг серлабаьккхалахь, куьг чӀагӀделахь сан. ХӀай веза дела, ямартлонах, тешнабехках ларвелахь со, сан Ӏожалла иманехь елахь, харцонца къуьйсуш лаамца а, лаамаза а ас леточу къиношна гечделахь суна. Я аллахӀ, хӀай веза дела, ас дӀакхоьхьучу хӀокху деъазчу новкъа волучух, хӀокху харц дуьненахь ас токху хӀара къиза хан токхучух ларвелахь бусалба а, керста а. Я аллахӀ, хӀай веза дела, со бахьанехь Ӏедало махках даьхна декъаза адамаш могаш-маьрша цӀадерзаделахь, хилла зен меттахӀоттаделахь, беллачарна гечделахь...

Мисканна дика хаьара, цкъа цхьана ямарт матто шена тешнабехк бийр буйла. Амма ца хаьара и ямартхо ша тешаш волу шен доттагӀа хир вуйла а, мискачу нахера Ӏедало дӀадаьккхина бӀерхӀитта бӀе туьмий, кхо бӀе десятин латтий а эцна цо цомгаш кӀелвисина Ӏуьллучу шена тӀе паччахьан отряд ялор юйла а, хӀинца санна, доӀина куьйгаш лаьцна далла дуьхьал вирзина Ӏеччохь цо тӀе хьажийначу стага шена тӀехьахула топ тухур юйла а...

Эрна дара мисканан доӀа...

Оцу минотехь Зелимханна ца хаьара, генарчу Минусинскехь шен жима Ахьмад, Солтмурдан Лом-Ӏела а велла, шен зуда Биций, вешех йисина Зезаггий, дийна дисина ихи бер мара а къуьйлуш, догӀанаха йоьлхуш Ӏайла...

# 10-корта

> ...ХIумма а цецдовлийла яц, ша латта оху тIаьххьара стуй, ша берашна шура йоккху тIаьххьара еттий тIелатарш дечу хенахь вай дIадуьгуш, нохчо вайх дера летарх...
>
> Властов.

Лаа ца аьлла, стеган дагна тIе боьду некъ гай чухула дIа бу. Шайна тIехь политически а, социальни а ниисо яцар латторна-м садеттара нохчаша, халаниг мацаллий, къомера Iазаппий дара. Доллучул хала ю мацалла. Ша тIейнрзича цо гIиллакхах ца вохош, зуламе ца вожош наггахь стаг бен ца волу. И лаьттан къелло хIоттийна мацалла, къаьмнашна юккъе, къоман вежаршна юккъе мостагIалла дожорца уьш шен кога кIел латто лерина паччахьан колониальни акха политика, тIеман-феодальни урхалла дара Нохчичохь цхьаъ вукхунна тIаьххье гIиттамаш хуьлуьйтург, уьш Турце кхалхийнарг, нохчашний, гIалгIазкхийн бахархошний юккъехь диллина дов, мостагIаллий латториг.

Мацалло цIийнах а, юьртах а воккхий доьзална рицкъа лаха хьажавора доьзалан да. Кхузахь кхо некъ хIуттура цунна хьалха: я гIаланашкахь болх лахар, я хьалдолу нах талор, я аренга охьа а вахана мехах гIумкийн, гIебартойн элийн, гIалгIазкхийн латтанаш лелор. ГIалахь баха ховша бакъо яцара церан. Дуккхахберш тIаьхьарчу новкъа бовлура. ГIалгIазкхийн доларчу махках нисса ах а бацара цара пайдаоьцуш. Иза, буьйш-берзош боцуш, тIе къух даьлла лаьттара. Цундела цига гIертара нах. Нохчмахкара бIеннаш доьзалш бара паччахьан Iедало шайгара дIа а даьккхина гIумкийн, гIебартойн элашна а, гIалгIазкхийн станицашна а, пачхьалкхан казнина а делла шайн латта мехах оьцуш, оцу тIехь хене бовла гIерташ. ХIор шарахь ах миллион сом ахча токкхура нохчмахкахоша оцу керлачу мехкадайшна. ХIетте а правительствос шен политически Iалашонца станицийн юкъараллашний, гIалгIазкхашний доьхкура ламанхошна мехах цхьана ханна лело латта далар. Цара кхечарчул сов кхоъ, пхиъ, итт мах белча а. Правительство кхоьрура цхьаьна баха хевшича гIалгIазкхийн, ламанхойн доттагIаллий, гергарлой чIагIдаларна, классови къийсамехь уьш цхьанакхетарна. Цундела, паччахьан Iедало, нохчашний, гIалгIашний цигахь ехкина кIотарш йоха а еш, уьш лам чу, шайн ярташка дIахьийсабора.

Иштта юхабаьхначех вара пхи шо хьалха Теркал дехьара цIавеана Iаьрчхехь тоьла а яьккхина охьахиъна Жаьнтамаран Муса.

Цхьана дийнахь сагатделла хьаннашкахула кхерсташ лелаш Iаьрчхера гIашлойн новкъа хьалаваьлла Iела цхьана жимчу ирзо тIе велира. Цхьа урд хиллал бен доцу иза керла дара. ХIинца а кIуьрах цIанъяланза яра керла маргIалш а хецна лаьтта хе-

дийнчу диттех йисина юьхкаш. Цо пачхьалкхан хьун хьаькхна а, я нехан долара меттиг чулаьцна а олийла дацара ирзо долчуьнга. Кхин дӀаса шордан таро йоцчохь даьккхинера иза. Басе шершина Іин чу а еана хӀоьттиичу терхи тӀехь даьккхинчу цунна, гобаькккхина ала мегар долуш, лоха берд бара.

Мокхачу басахь, уьшалан хьожа етталучу, юкъ-юкъа туьха даьллачу лаьтта тӀехь можа бос бетталуш, гоьллец йогӀучу хьаьжкӀашна асар даккха гӀерташ воллура сира, еха маж а йолуш, векъана воккха стаг. ХьаьжкӀашна юккъехь гора луьста хьалайнйлла кхоьш а, гӀабакхийн хуталш а.

— Ассалам Іалайкум, хьекъийла хьан! — мохь туьйхира Іелас, ша цуьнга нисвелча, саца а сецна.

Асархо, хьала а таьІна, гӀовталан пхьуьйшаца юьхь тӀера хьацар дӀа а хьаькхна, хьаьж тӀе куьг а хӀоттийна, схьахьаьжира.

— Ва Іалайкум салом! Дела реза хуьлда хьуна а. Ванах, Іела, хьо вац хӀара? — Шен цел белша тӀе а тесна, хьаьжкӀашна юккъера схьавелира Мусха. — Ахь хӀун лeладо, лаа мукъа вуй хьо?

Іелина иза ца вевзара.

— Сагатделла дукъа ваьллера-кх.

— ТӀаккха, могаш, маьрша лелий? Охьалахлохьа. КӀант а, кӀентан доьзал а буй могаш?

— Дала дика кхобу. Шу муха дохку ткъа?

Мусхас доккха садаьккхира.

— Шу бохург дан а дац. Со воллу-кх кху холбатахь хан токхуш. Охьалахлохьа, кхуза, баца тӀе. Жимма дара-дацара а олуш, садаӀа вайша. Хьуна-м со вевза а хир вац, Іела. Хаьа суна ца вевзий. Со вевзаш нах кӀезга бу кхузахь. Ас вийцича-м вовза мегара хьуна. Тохара, шу Хонкара дахале цхьа шо хьалха, тхан дай, сой шина Терка юккъе кхелхина ваха араваьллачу дийнахь, кетӀахь тхуна тӀе нисвелира хьо. Цул тӀаьхьа шовзткъе бархӀ шо даьлла, хӀетте а, оцу дийнахь тхо юьртах довлуш, ахь тхан дега доггах аьлла дешнаш цкъа а ца дицло суна.

— Мила вара шун да?

— Жаьнтамар.

Іела цхьана минотана шен ойланашка шовзткъе бархӀ шо кӀегар вахара. Цунна хьалха схьахӀоьттира Васалган урд аха шен старца божа сту лаха ша араваьлла де, стерчийн ворданна тӀе шайн сал-пал а йоьттина, царна тӀехула тӀе кӀентан бераш а ховшийна, новкъахь лаьтта къена Жаьнтамар. БӀаьргех хиш а леташ, Іодика йора цо ша новкъа ваккха бевллачу лулахойн. Іелина чӀогӀа чам байра иза кхелхина Теркал дехьа воьдийла хиъча. Вуьшта а кӀезга бисинера юьртахь нах. Белларш-м денлур бацара, ткъа хӀара дийнаниш мукъана а юьртахь совцийла лаьара цунна.

— Вон кхелха шу цига, — элира Іелас Жаьнтамаре, — лахь а,

дисахь а кхузахь цхьаьний Iиийр дара-кх. Вайнехан латта ма ду аш йолах лело схьаоьцург. Жимма яхь хила ма еза кийрахь.

— ХIун дийр ду, Iела, — корта ластийра цо бохург шена хIуьттаренна доцийла хуучу Жаьнтамара. — ВаллахI делор, хIумма а хазахеташ ца воьду хьуна со цига. ХIара цIоз кхузахь хене даккха хала ду. КIентан доьзалш ма болабелла сан. Со, вайна махаъара, тIевеана стаг ву кху юьртахь. Пхьоьханахь сий дац сан. ТIехула тIе, дайн хиллачу махка тIехь церан кешнашна уллохьа ваха а, вала а, лаьттах ваха а лаьа. Шу а ма дац кхузахь даладелла Iеш. Со санна тIебаьхкинчара йолчу тIе а гатто йина шуна...

Ша Гати-юьртара а вацара Жаьнтамар. ТIом болчу хенахь Соьлжан йистера я Теркал дехьара веанера хаац, оцу шиннах цхьанхьара-м, ягийнчу шайн юьртан метта гIалгIазкхийн станица йиллича, доьзалца Нохчмахка веана, Гати-юьртахь сецира иза. Жаьнтамар санна, арентIера бевдда хьалабаьхкина доьзалш Iаламат дукха бара Нохчмахкахь. Вуьшта а гаттехь бохкучу кхузарчу бахархошна лаьттан къелла йинера цара. Цара сатуьйсура, тIом толамца чекх а баьлла, шайн махка юхадерзаре. Кхузахь гуттаренна а совца ойла йоцчу церан дог ца латара хийрачу юьртах, адамех. ТIом болчу хенахь церан дог оьцура бухарчу наха. ТIом чекх ма-беллинехь дIатIур болуш, цкъачунна тIебаьхкина хьеший лоруш ра уьш. ТIом чекхбелира хIорш оьшуш. ГIалгIазкхийн ярташ кхеран лаьтта тIехь йисира, ткъа хьошалара бевллачу ЖаьнтамаргIеран сий дайра нохчмахкахойн ярташкахь. Церан цIе тIебаьхкина нах яра. Юьртахоша боькъуш мехкан дакъа а, кхеташонехь куьйган бакъо а яцара церан. Дерригенан а ойла йинча, Iелас бехк а ца буьллура царна кхелхина бахарх. Уьш муха бехар бара кхузахь? Берриге мохк наха дIалаьцнера. ХIор шарахь вовшех летара шунаш, дозанаш къуьйсуш. Хьалха-м доьзалехь кIант кхиъча, и юьрта тIе стаг веъча, цунна мохк боккхура, хьун а хьокхий. ХIинца хьун хьокхур олийла а дацара. Ерриг хьун пачхьалкхо шен дола яьккхинера...

Iела дIахьаьжира шен къамелхочуьнга. Хиъна Iечуьра кхий даш, хьаьжкIашна гонахара асарш куьйга дIадаха гIерташ воллура иза.

— Цуьнан шина кIантах муьлхарниг ву хьо? — хаьттира Iелас цуьнга.

— Воккхахверг. Мусха.

— Мусха... Хьо-м хIетахь вара моьтту суна доьзал болуш?

— Кхо кIант, ши йоI дара. Уггар доккхачун ворхI шо дара..

— Ткъа хьан доьзалх хIун хилла, Мусха?

Мусха вист ца хуьлуш Iийра вехха.

— Дийца воьлча дахлур ду иза, Iела, — элира цо эххар а. — Доьзалх хилларг сайн ма-хуьллу лечкъадо ас. Дийцича дерриге а карладуьйлу, ца дийцича цIеран уьйриг хуьлий кийрахь хьийза. Амма хьоьга дийцаза Iалур вац. Баланаш дукха Iийшина ахь.

Соьга гІоьрттуш цхьа стаг ву. Цхьа бохам шена тІебеъча стага ойла йо, ванах, сан декъе воьжна стаг вуй техьа олий. Шега нисвелларг карийча дагна хьаам хуьлу. Хьан кийрахь сингаттам бу, Іела. Амма и хьайгарниг гІан тарлур ду хьуна соьга ладоьгІча.

Іела хьалхе цецвелира Мусхас дуьйцуш долчух. «Суна цагинарг, ас цаІаьвшинарг хІокхунна тІе хІун деана-техьа?» — хоьттура цо шега.

— Хьуна хууш ду, мацах цкъа, тхан да, тхо а эцна, кхузара кхелхина шина Терка юккъе вахар. Цигахь гІалгІазкхийн юрт ю. Цунна уллохь жима кІотар а йиллина, даха хевшира тхо. Тхаьш цигахь дитарна а, тхаьш лелочу махках а юьртана мах лора оха хІора шарахь. Иштта ехкина кІотарш дикка яра аренца. Нехан чу хІиттинчу ялхойн доллучул а сий дацара тхан. Кху агІор ярташкахь я гІалахь вайнахера шайна цатовриг даьлча, тхо сийсаздора. Цхьанхьа шайна къола дича, тхох, кхелхина даьхкинчех, оккхура. Оха гІе къуй лестабо олура. Дуккха а меттигаш нислора гІалгІазкхашна дина къола бехке доцчу тхоьга меттахІоттадойтуш. Дукха хьолахь и къолаш кхузарчу наха дора. Амма нохчийн къуй цига кхуьйлурш тхо дацара, цигара гІалгІазкхий шаьш бара. Уьш шаьш ма бу нисса ах, вай санна, цхьа пекъарш. Цуьрриг вайца мостагІалла а ца дезаш, мелхо а, вайца машаре баха лууш. Дерриг дохкийнарш вайна юккъе питанаш туьйсу и хьалдолу гІалгІазкхий бу. Уьш бахьана долуш сих-сиха девнаш лелха вайнаханий, гІалгІазкхашний юккъехь. Органна дехьара цхьа стаг вахара тахана кхузашха дІа. ХІинцца, кху деношкахь, гІалгІазкхийн, гІалгІайн ярташна юккъехь доккха дов хилла, гІалгІайн масийтта вийна, масийттанна чевнаш йина, Яндаркъа йохийна бохуш, дийцира цо. Иштта хиллачу девнехь, тхо цига дахана дукха хан а ялале, вийра сол жимаха волу ваша...

Яндаркъахь хилла дов Іелина а хезнера. Троицки станицина уллохь вийна карийначу цхьана гІалгІачунна тІехула яндаркъахошний, Троицки станицерчу гІалгІазкхашний юккъехь кхийсарш йолаелча, шайчарна гІоьнна баьхкинера гондІарчу ярташкарий, станицашкарий гІалгІай а, гІалгІазкхий а. ТІом болабелча, шайна ницкъ хила боллийла хиъначу гІалгІаша дов къасто а, шайн машар бан эскарш дехнера. Царна хаьара, бацахь а бехк шайна тІехь буьсур буйла. Шеца пулеметийн рота а, гІашсалтан батальон а, кхо бІе гІалгІазкхи а волуш схьакхаьчначу отрядо, довхошна юккъехь машар баран меттана, Яндаркъа йохийнера. Дуьйцура, ткъех стаг вийна, оццул нахана чевнаш хилла, дукха даьхний, цІенош дагийна, доьзалш эрна арахь бисина, бохуш.

— Иттех шо хьалха, кІотарш а йохош, цкъа цигара дІадехира тхо. Нехан цІенош вовшах а дохий, мегаш болу гІирс гІалгІазкхашна бухкура Іедало, пайденна боцург багабора. Гонах салтийн ха а хІоттийна, тхо хьаладалийра. ХІетахь сан аьтто хилира сайн а, кІентан а цІенош дийна дита. Тхан хьешаша, гІалгІазкхаша, Іе-

дале элира тхан цIенош шаьш эцна, уьш хье ца деш дита. Цхьа хан яьлча, цига вухаверза ойла яра сан. Кхин мича гIур вара? Хала м дера дара цигахь. Шалха налогаш тоьххура. Тхаьш гуттаренна а дIаяздиничу ярташкахь а, цхьана ханна дехаш долчохь а. ХIетте а, хьалавеана кхузахь цхьа шо а даьккхина, тхешан доьзалшца юха а охьавахара со тхешан цIеноп чу. Шина гIалгIазкхичо, дала аьтто бойла церан, цхьа хьостам ца оьшуьйтуш, Iалашдинера уьш. Ши-кхо шо а делира тийна, Iедало со ца хьевеш. Цхьа хаза бахам а хIоьттира тхан. Даьхни а IаьIира. Шина кIентан а, сан а даьхни дагардича шиъ шуьсту а, кхаарийчу яхана ши старгIа а, биъ етт а, цхьа говр а яра тхан. Деле тхаьш меттах цахьедар доьхуш, ма-хуьллу юьртан Iедалх а къехкаш Iара тхо. Амма диъ шо хьалха юха а йохо йолийра вайнехан кIотарш. Сан хьеший мел дика хьийзарх, хIинца кIелхьара ца валавелира со. Гуьйранна меттахъхьадира тхо. ДогIанаш, ткъевнаш йолуш хан яра иза. Ницкъ ма бацара оцу доьхначу некъашкахула лома хьала кхалха. Кхораш санна, кегий бераш дара шина а кIентан доьзалехь. Теркана ша баллалц ца Iийча, дехьа довла тIай дацара. ХIетталц, лайн некъ хIотталц дитахьара бохуш оха а, тхан хьешаша гIалгIазкхаша а дехарш деш, Iаьна кIел дахара тхо. Дуьххьара ло матессинехь, шеца салтий а балош веанчу юьртдас, цигахь атаман олу цунах, кхо де далале юьртах ца довлахь, шаьш цIенош дагор ду элира тхоьга. Цара къинхетамза и дийр дуйла суна дика хаьара. Иза дира цара оцу некъехь шаьш ГIизале йохош а. ХIун дийр дара. Тхешан сал-пал стерчийн шина салазана гIе а йоьттина, тIехула тIе бераш а ховшийна, болх далла тIе а биллина, новкъа девлира тхо.

Мусхана дуьйцучуьнга ла а доьгIуш, цуьнан тоьле бIаьрг беттара Iелас. Йиллина разъяьлла лаьттачу неIарехула дIахьаьжча поппаран маьнга а, оцу тIехь яржийна кетар а, сонехь хIоттийна берданга а гора. Арахь, кхерча уллохь, бертал тоьхна Iуьллура чуьйнан горга яй а, тIехь сискал ятта тойнна тIулган экъа а

— Жимах волчу кIентан кIант тIехьа а хаййна, говрахь даьхни лаьхкина салазашна хьалха вогIу со, суьйранна Теркана герга гIоьртича, берашка дохие хьовса а аьлла, гечо лаха дагахь чехка хьалавахара. Ша тIехула дехьаяьллачу берзан лар карийра суна, хица дIасаволавелча. ГIехьа хаййна кIант а волуш, берзан лоррах цкъа дехьа а ваьлла, юха сехьа а ваьлла, шан чIогIалла зийра ас. Буто бацахь а, чIогIа бара иза. Хууш ду, ша мела хилча, оцу тIе борз ца йолийла. Цунах цхьа дегайовхо хилира. Со цигахь лаьттащ схьакхиира салазаш. Салазаш тIе яхале, юха а ша зе дагахь, вукхаьрга собар де а аьлла, даьхни лаьхкина дехьавелира со. Салазаш лан декхар хетара шано. Сехьадовла аьлла, цаьрга куьг а ластийна, нацкъар дIахьаьддачу старгIина тIаьхьаваьллачу суна сайна тIехьа цхьа хIума эккхаш тата а, тIаккха вон маьхьарий а хезира. «Дада, ша кагбеллаI» — мохь белира суна тIехьарчу

кІентан. Вухахьаьжначу суна гинарг ма гойла-кх вай дезачунна... Кагбелла ша, тІедаьлла хи. Шайн ненан пхьарс лаьцна цхьаъ, шен карадеанчу цхьана берах хьерчаш важа, цкъа буха воьдуш, тІаккха тІевуьйлуш, хи чохь ветталу сан ши кІант. Чуханашца тІе ялтийн галеш къевлничу салазаша хи буха ийзо стерчий. Шина кІантах цхьаъ мукъа кІелхьара ваккхалур вацара техьа аьлла, вагийча санна, дІахьаьдира со. Мичара. Со тІе кхачале и шийтта адам, бин стуй дІа а хуьйдина, кагбелла ша а, тІеяьлла сал-пал а айбина, жижигах дуьзна там хиллачу экханах тера, буркъаш туьйсуш керчара буьрса Терк...

Мусхас шен къамел сацийра.

— Ткъа висина кІентан кІант вуй хьоьца? — хьаттира Іелас, хІоьттина тийналла йохорхьама санна.

Мусхана доккха садаьккхира.

— Кхин дІа дийцар гуттар хала ду, Іела. Цундела сецира со.

Кхехкийча санна макхвелла, хьацар тоьхна, гІайгІано хьарчийна цуьнан юьхь тера яцара сахьт хьалха Іелина гинчух.

— Цкъа ойла хилира сан, Терка чу а иккхина, велла дІавала, — цхьа хан яьллча, къамел кхин дІадора Мусхана. — Нека хууш воцу, тІехула тІе къена со хи чу ваьлчахьана веллий вара. Іожалло бен йойур яцара сан кийрахь кхерста буьрса цІе. И инзаре къа а, эхь а тІеэца сацам бира ас. Ша тІе даьллачу хи чухула дІа воьдуш, хІун дара а хаац, цІеххьана вухахьаьжира со. Воьлхуш йишхаьлла, ша шех кадетташ хи йистехула дІасауьдура кІант ТІаккха, цІеххьана, сан дагара хиъча санна, ши куьг хьалха а кховдийна,: «Вай дада, со ма витахьа, ас хІун дийр ду хьо ца хилча...» — шийла мохь аьлла, суна тІаьхьахьаьдира иза. Оцу беро ойла яйтира соьга. Хилларг хилла ма даьлла. Царна тІаьххье со оцу ша кІел эккхарх нисдала хІума дацара. ХІара буо, сол тІаьхьа доладан стаг воцуш, ша дуьсу. Дала диллина де кхаччалц Іен веза кху дуьненахь аьлла, вухавирзира со. Хилларг хууш санна, Іоьхуш, доьхна хьийзара бежнаш а. Со вуха шена тІевеъча , къаьрззина соьга а хьоьжуш, кІегар гІертара кІант. ТІаьхьа хиира суна и цецваьккхинарг хІун ду. Цхьа сахьт хьалха Іаьржа сан кортий, маж-жий, ло санна, кІайделлера. Чу алу йоьхкича санна богура кийра. ХІун дан деза ца хууш, тентакбаьллера корта. ДІавахана орца ала гергахь юрт яцара. Орца деъча, цо хІун меттахІоттор дара. Ша кІел дахана шийтта адам денлур дацара, гІоьнна дерриге дуьне деъча а. Декъий схьакарор олийла дІаяьллера. Буьйса тІекхаьчча яьллера. Жимма са меттадеача, даго диканиг ца хьоьхур техьа аьлла, циггахь буьйса яккха сацам бира ас. Цу тІе, са ма тесса арадаьхна, сарралц некъ бина даьхни а ма дара мацделла, кІадделла. Сайна бохам хиллера бохуш, уьш дІатийсина дуьтийла а яцара. Вахана, баьккхина цхьа мор эрз а беана, цунах цІе а латийна, циггахь туп тоьхна, буьйса яккха сецира тхойша. Іуьйре

хIума кхалларх, кIант а вара меца. Бер бер хуьлий ма дуьсу дика-нехь а ,вонехь а. Амма тхойшингахь рицкъа дацара бага таса. Дей экха я олхазар карор дацара техьа аьлла, дохна гонах хьийзаш берзалой хилахь, уьш а къахко дагахь сайна тIера кетар хьарчий-на, кIант охьа а хаийна, тоьпаца эрзала велира со. Вехха волавел-ла леллачул тIаьхьа, хIума карорах дог а диллина, вухавирзинчу суна эрза юккъехула сайна дуьхьал цхьа хIума йогIуш хийтира. Борз я пал ю хьуна иза аьлла, татанаш хеззачу, эрзаш меттахъ-хьечу хьажош топ йожийра ас. Сан топ ели, цхьа экханан боцу мохь а, тIаьххье узарш а хези суна. Юха дIатий уьш. ТIаккха оцу узарех цецваьлла, волавелла эрзаш дIаса а теттина, хьаьжначу суна хьалха, шалха а вахана, мелчу цIийлахь Iуьллура... сан кIен-тан кIант.

— ОстопираллахI, дала собарца хьуьнар ло хьуна, Мусха! — шашаха мохь белира Iелин. — Дала собар ло хьуна, ма дакхий хIуманаш ду уьш цхьана дийнахь стагана тIе даздала!

Ткъа Мусхин якъаеллачу юьхьа тIера, дуькъачу цIоцкъамашна бухара боккха, гIайгIане ши баьрг, чохь са доцуш санна, хьаъна дехьа басе боьгIна бара. Хьанна хаьа, кху акхачу хьуьнхахь, хол-батахь санна, ша хан токхуш волу Мусха цкъацкъа къонахаллех вухий, бIаьрхийн каравоьдуш хила а мегара, чуьра тIуналла ца йолу, и хIиттина бIаьргаш. Амма, цуьнан дакъаделла некхау сет-тош, кийрара хьалагIерташ къаьхьа бала бара. Iелина гора, сиха дечу къурдашца цо иза юханехьа чутеIош.

— Миска, цигахь ша висча кхеравелла хилла а хаацара я су-на сагатделла а хаацара, мухха делахь а, со хьевелча суна тIаь-хьагIоьртина хиллера и миска! И буьйса цигахь а яьккхина, шол-гIачу Iуьйранна кIентан дакъа сайна хьалха а лаьцна, дисина бежнаш а лаьхкина, гергахьа йолчу юьрта вахара со. КIант ци-гахь дIавоьллира. Кхуза хьалакхаьчча, со а, сайн ший кIант а да мел волу хIума сагIийна а даьккхина, кхузахь хIара тоьла йоьгIна, хьахиъна со. Оццул дуьненна тIаьхьахьаьдда лелча, суна бисина бахам хьуна гуш бу-кх. ХIетахь, даьхни хьалха а лаьхкина Терка тIе воьдуш, ас йина мерза ойланаш. Со тешна вара, хьалакхаьчча, пахал тоьлаш суо ваха хуург хиларх. ХIинца со гуш ву-кх хьуна. Дегара охьа цIийца гулдинарг, со дIасахьаьвзина валале, Терко дIахуьйди. Шайн дуьхьа ас оццул къахьегна сан доьзалш бац. Гой хьуна, Iела, шеначулла сиигаттам боцуш дукха вац хьуна. Хьан-м кIант ву, цуьнан бераш ду. Суо да мел волу хIума а, зу-дий, ши кIант а, царшиннан бераш а — уьш шийтта адам хIаллак хилла суо висча, суна моьттура сайга дан кхин вон дисина а дац. Цхьа сахьт далале суна иза диццдира, сан керах кIентан кIант ва-ларо. ХIинца а Iа со, кхин-м дац соьга дан хIума бохуш. Ткъа и хаьий? Мичара? ХIан, Iела, дIагIо. Сайн дагна хьаамна, ас бага-м йитти хьуна. Бехк ма билла. ХIокху дуьненан балапашна садетта дала собар лойла вайна!

## II-гIа корта

Маьршачу, майрачу халкъал
Сийлахь халкъ ду-техьа дуьнен чохь?
Iедалан мукъ кералоцуш,
Цо ша шен гIуллакхаш толлу,
Адамаллехь долчуьнга лахлой,
Сема ладугIуш схьаоьцу.

Ф. Шиллер.

Оцу шеран наггахь де а ца догIура гатиюьртахошна жима я доккха, хIуъу цхьа керланиг ца дохьуш.

Хьалхара керланиг — иза Зеламхас шен мостагIа, Нохчичохь уггар къизачу администраторех цхьаъ, округан начальникан заместитель, подполковник Добровольский а, подъесаул Невветальский вер дара.

ШолгIа керланиг — оьрсийн-японски тIамера нохчийн дошлойн мятежин бIо Нохчичу цIа берзар дара. Винчу юьрта цIа вирзинера Солтин Солтха. Мацах, оьрсийн-туркойн тIамехь шен дас Солтас санна, шен аьрру пхьарс битинера Солтхас генарчу Маньчжурехь. «Акхачу» дивизерчу нохчийн дошлойн сиха догделира империалистийн шина пачхьалкхо шайн олаллин классийн хьашт-дезарийн дуьхьа бечу харцонан тIамах. Уьш йолах салт бовлуш цаьрга бохура Росси хIинца массеран а юкъара даймохк бу, иза арахьарчу мостагIех ларбар ду шун декхар. Амма дIакхаьчча царна хиира и тIом вовшахлетачу шина пачхьалкхан шинен бехкенна болабеллийла, цара шайн къинхьегаман халкъийн хьашташ ца лоьхийла. Уьш кхин тIе карзахбохура салтий эрна хIаллакбечу инарлийн сонталло. ДIадаханчу шеран октябрехь Маньчжурехь Лапузо юьртана уллохь нохчийн 5-чуй, гIебартойн 1-чуй бIоша сацам боллуш дуьхьало йира фронтехь хьалхарчу позице баха Командованига цара дIахьедира шайна хIара тIом оьшуш бац, шаьш цIадерзаде аьлла. ТIаккха шайн герзашца тIамера юха а баьлла, тыле бахара ши бIо. Амма царна тIаьхьадаьккхинчу гIалгIазкхийн эскаро цхьа масех де далале тIаьхьа а кхиъна, гуо бина хьовззийна герз дIа а даьккхина, юхабалийра уьш. Дукха хан ялале ханна йолчу тIеман-аренан суьдо Мукденехь суьдаш йира «бунтана» бехкечарна. Шина бIаьн командирашна: нохчочунна Тасмахилов Пашиний, гIебарточунна Керифов Зелам-Гериний вен кхел хилира, шовзткъе ялх нохчочуний, ткъе шиъ гIебарточуний каторгехь яха берхIитта шаре кхаччалц хенаш туьйхира. Уггар хьалха бехке винчу кхойттаннах шиннан — гатиюьртахойн Аьрсамирзин Эламирзин а, Аьрзун Мохьмадан а аьтто хилира суд хилале вада.

Мятежин дошлойн шина куьйгалхочух цхьанна — Тасмахилов Пашина вен кхиэл, цуьнан даккхий хьуьнарш, майраллий хьесапе а эцна, Кавказски дошлойн бригадан командиран эла Орбелианан,

инарла-адъютантан Мищенкови дехарца фронтан командующис инарла-адъютанта Куропаткина каторжни белхан итт шарца хийцинера.

Шайн кIезиг махкахой Генарчу Малхбалехь империалистически тIамна дуьхьал гIовттар сиха хиира Нохчичохь. ТIамо жимйинчу Терско-Кубански полкана Нохчичохь керла дошлой эца гIертарх гIуллакх ца хилира. ХIинца шарахь эскарехь гIуллакх дийриг шовзткъе бархI туьма а лора. Амма кхузахь ца карийра цхьа а йолахо. Шайн махкахошна йинчу кхэло карзахбаьхначу ламанхошна юккъехь цхьа гIурт эккхарна кхеравеллачу сардалан дехарца, тIом чекхбаьлча цIа ялийна, дIахеццнера Терско-Кубански дошлойн полк.

КхозлагIа керланиг дара, Россин чоьхьарчу губернешкахь стражникийн гIуллакх дан йолах нах лаха Нохчичу Петербухера цхьа полковник вар.

ДоьазлагIа керланиг дара, Кавказан сардал Воронцов-Дашков Соьлжа-гIала вар. Иза кхуза веъча шайна далалур ду моьттура нахана. Муха ца моьтту, даладалийта цо дош делла хилча. ТIехула тIе, цхьана нохчаша хьовха, цаьрца цхьаьна гIалгIаший, хIирашийи, гIебартоший цуьнга дехар ма яздинера. Жимма мукъа а лаьттан паргIато а яхьара, шайна тIера къиза урхалла хийцарца шайгара Iазап жимма дайдахьара аьлла. Хьалха, паччахьан Iедал тIедале шайн ма-хиллара, юьртан урхалла мукъе а шайга харжийтахьара бохуш. ТIаккха, шайна тIелеттачу кегийчу, амма Iедалан ирча дукхачу, цIубдарех мукъа а шаьш паргIатдовларе догдохура нара.

Моьттура, сардал Соьлжа-гIала веъча, ярташкара лоруш болу нах шена тIе а бехна, царех дагавуьйлуш цо нохчашкара хьал толлур ду. Амма иза аьттехьа а ца хилира. Наха къастийна Iела а, Солта а, Доша а витина, шеца СаьIад а, Хьуьса а, Iабди а, Инарла а эцна Соьлжа-гIала вахара Гати-юьрта веана пурстоп. ТIаьхьа нарна тIе вахана юьрто хаьржина хIорш кхо векал сардална тIе а ца витира.

Уьш цигара цIа кхачале хиънера нахана, шайн дехарна жоп луш, сардала даькххина керла закон. Амма наха чIагIо йинера Iедалан законца харжамаш бар тахана чекх ца далийта.

Нах вовшашца барт бан ца кхиийта санна, цIеххьана гулбинера таханлера юьртан гулам. Юьртдас а ца кхайкхинера иза. Шеца кхо салти а волуш веанчу пурстоьпо гайтира таханлера гIуллакх Iедало низаре мехала лоруш хилар.

Лохха къамелаш а деш, хевшина Iара баккхий нах. ХIинццалц даима дукха луьйш хуьлу Аьрсамирза оьгIазе, тийна вара тахана. Мел иза гIертарх къайла ца болура цуьнан кийрара сингаттам. КIантах хилларг ца хааро са дуура цуьнан. ТIамехь вийнехь-м догдиллина Iийр вара иза. Цуьнца лаьцначу шийтта стагах — ворхI нохчой, пхиъ гIебартой — шиина тоьпаш тоха кхиэл хилла, иттан-

на — шийтта шарера берхIитта шаре кхаччалц хенаш тоьхна.. Накъосташца лаьцна Сибрех велахьара а царех хирг хир ду-кх цунах а бохуш Iийр вара. Ткъа хилларг цахаар тIех сингаттаме дара. И сингаттам болчу тIе а алсам боккхура йиллина кIантана йоьлхучу йоккхачу стеган чIеIамаша. ВаллахI, Аьрсамирзас дукха ма бехира ма гIохьа цига, вай мацалла лахь а дац хIума. Ша бохучунна тIера ца велира кIант. Шен да санна, сиха амал йолуш стаг вара иза. Ялх баттана шена салтан йолана делла шийтта туьма цIахь а дитина вахана. Оцу шийтта туьманах кхааричу яхана ши старгIа иийцира Аьрсамирзас. ХIинца къона шисту бу цуьнан божа а, аха болла а мегаш. Амма мел безчу мехах нисбелла цунна и шиъ къанвеллачу хенахь. Ткъа Солтни Солтха цIа вирзи. Бакъду, Солтха цигахь пхьарс битина веана, некха тIехь кхо жIар елахь а. Ший пхьарс боцуш, ший ност йоцуш мукъа а кхечи велира кхуьнан Эламирза а, Аьрзон Мохьмад а.

Амма Аьрсамирзас цхьана хIуманах хьаам бора шен дагна. Цуьнан кIант ледарчех вац. «Цигахь Iедална дуьхьал эскар даьккхинчарна юккъехь а хилла иза, ткъа шаьш лецча, суд яле вада карах а даьлла. КIант-м Аьрсамирзин хила ма-везза вуI»

Аьрсамирза шен ойланех юкъахваьккхира къамел дан воьллачу пурстоьпо.

— Тахана шуьца цхьаьна вай, керлачу законна тIе а доьгIна, юьртан правлени хоржур ю, — бохура цо шен йишхаьллачу озаца. — Амма кхаж таса дуьладалале хьалха, шун дехарх лаьцна шуьга дIаханйта цуьнан локхалло сардала тхайна тIедиллар шуьга дIаала а, харжамех долу керла закон шуна довзийта а деза сан. Лаьттах дерг доцца аьлча, и гIуллакх къасто комисси хIоттор ю боху сардала. Герз лело бакъо ца ло шуна. Шуна хаац герз лело. Аш вовшийн а, юха тхан а хедо къамкъаргаш тоам беш ю. ГIалгIазкхий ца багарбер вай. Уьш паччахьан гIортор ю. Цаьргахь герз дуьту, шух Iедал лардан, аш ден талораш, къолаш совцо, шун мятежин бунташ хьешийта. Кхузахь машар, синтем латто. ХIинца юьртан урхаллех лаьцна. Шуна бакъо ло шайн юьртда а, писар а харжа. Амма округан начальнико чIагIвича бен и шиъ законехь ца хуьлу. Керлачу законо шуна боьхку хIара санна болу юьртан юкъара гулам. Цуьнан метта хир ю аш хаьржинчу нахах кхуллу правлени. Ткъа муьлш хила беза юьртда а, писар а, правлени хоржу берш а? Шух уггар хьекъале, дог цIена, доьналла долу нах. Амма аш къастийна списка а йина округан начальникан хьалха хIиттийна нах ништачех бац. Масала, аш юьртден метта билгалвина Акхболатан Ахьмад. Вуй иза тешаме стаг? ДIадаханчу Iай цо кхерамаш тийсина массара лоруш волу молла Хьуьса а, совдегар Iабди а вен. ТIехула тIе, шен мостагI хила везачу Абубакаров Iелица доккха гергарло леладо. ХIунда? Ша дуьнена ваьлчхьана дуьйна схьа Абубакаров бунтар волу дела. Цига аш билгал-

вина Солтаев Солтха. Со хууш вац, и мятежник шен накъосташца цхьаьна каторгехь хIунда вац?

Васалган Юсупца цхьаьна тIехьарчу могIаршкахь хIоьттина лаьтта Солтха, ерриг юьхь кхохкийна, шен цхьана куьйга нах дIаса а туьттуш, хьалхахьа гIоьртира. Амма цигахь лаьттачу БIаьштига иза, шена улло нисвелча, кхин ког ца боккхуьйтуш сацийра.

— Собар, Солтха, дийца вита иза.

Пурстоьпана уллохь цхьана хIуманах воккхавеш, я дог Iаьбба, векхавелла лаьттара Iабди а, СаьIад а. Оцу юьртахь оьрсийн хьаькамийн виллина талмаж волу Iабди, шега шен декхар кхочушде олийла хьоьжуш, пурстоьпе ладогIуш лаьттара. И шиъ мел векхавелла велахь а, даг тIехь гIеххьа вас-м йисина, цаьршиннан хьовха, церан накъостийн а. Цара дукха сатийсинера сардал Нохчичу вогIу волчу дийне. Сатийсира цо шаьш дворянски а, земски а, ахархойн а банкашна тIе кхачийтаре. И цара дукха сатийсинарг, царна гIенах а дуьхьалтийсинарг кхочуш ца хилира. ХIетте а, шаьш Соьлжа-гIала бахале хилларш бацара уьш хIинца. Оцу тIаьхьарчу хенахь кхоьруш горгделла, хьийзина, хебна догIмаш юха а нисделлера, дегош хилла аз хецаделлера. Цхьана ханна цара къайлабаьккхина нахе болу цабезам юха а юьхьа тIе баьллера.

— Аш правлене харжа билгалбина Султхаджиев Доша, Абакар-Ха[illegible]киев Аьрсамирза... — Хамов велавелира, шен маларо Iаржйина ц[illegible]рган гучу а яьхна. — ХIара-м беламе дай! Цхьаъ бандит ву, схьалаца [illegible]маьIиг ца хиларна оха Сибрех ца вохуьйтуш вуьтуш. Важа? Ша — б[illegible]штарь, кIант — мятежник. Нагахь салтийн тоьпо ца вийнехь, я лаьцн[illegible]а каторге ца кхоьссинехь, цхьанхьа даккхийчу некъашкахь разбойник лелаш хила мега Аьрсамирзин кIант. Доцца аьлча, округан начальник господин Ханжалов реза вац уьш чIагIбан. Тхо дуьхьал дац, аш МаIазов Лорса шайн юьртан молла харжарна. Амма кхузахь кхин цхьаъ ду. Кестта Владикавказехь юьллуш динадайн цхьа комисси ю. Оцу комиссис толлур ду хIора юьртан моллин хаарш а, кхетам а. Цигахь зийна чекхваьлларг бен юьртан молла хила йиш яц. Лорса а, Хьуьса а цига нахийта. Комиссех чекхваьлларг шун молла хир ву. Амма юьртан урхалле кхин нах гайта. Хьекъале, дог цIена, тешаме адамаш. ХIинца сан къамел гочдел, Iабди. Хаттарш дуй ала.

Хамовс иттех минотехь дина къамел гочдан гIерташ цхьа сахьт герга хан яйира Iабдис. Шеггара тIедетташ цхьаьцца дерш гуттар а стамдеш. Дийцира шаьш Соьлжа-гIала дIакхачар, сардална хьалха гулдалар, цо дина къамел, цуьнан юьхь-сибат а, шена гинарг, хезнарг а

— Доцца, доцца, — лохха човхийра иза Хамовс. — Кхечухьа еттар ахь и хьайн бага. Кхин кандидатураш ялае ала цаьрга

— ХIинца, нах, вай хьалха къастийнчу нехан кера юьртан Iедал дала реза бац хьаькамаш, — элира Iабдис, курра нахе а хьаьжна. — ТIаккха, муьлш харжа техьа вай?

дӀасахьежара. Цхьадика, кхо салти, гулбеллачу нахана юьстахо Ӏийр ду тхо! — хадош элира БӀаьштига.

— Аш пурба делча, ас эр дара цхьа масех дош, — хьалха гӀоьртира Домбин Мудар. — Вайна стенна оьшу Ӏедалан бертаза юьртан дай харжар? Цул, хьалхалернаш Ӏадда битича? Хьаькамашца гӀуллакх а догӀуш, тӀедеанарг хӀуъу листа ницкъ болуш, къонаха стаг ву СаьӀад...

— Ву хьан дена неӀалт хилда!

— ДӀаяла оцу юккъера, пис!

— ГӀовгӀанаш!.. Алийта цуьнга!

— Собар, нах! — мохь туьйхира БӀаьштига. — Алийта цуьнга шен ала дерг.

Нехан гӀовгӀанаш евлча, кхоьруш хаба а хебна, бӀаьрг беттара Мудара, ша юкъа теттиничу, цхьана агӀор жимо тоба а йина. Инарла коьртехь а волуш лаьттачу ткъех стаге.

— Доцца аьлча, СаьӀад юьртда, Панта-Хьаьжа писар хӀотто веза вай, — сихдира цо шен къамел. — Ткъа оцу юьртан правлени бохучу харжа Ӏабдел, Инарлел, Хьуьсел, ЧӀонакъел бегӀийла нах бац кху юьртахь...

— Къаьркъанан кедах дохкаделла гӀизби!

— Хьий хьуна тийса иза, талу хилла, мерах!

— Ялхой!

— ЖӀаьлеш!

Хамовс мосуьйттазза мохь туьйхира, нехан гӀовгӀанаш совцо гӀерташ. Амма дуьххьар кхойкхучу нӀаьна-кӀорничух тера цуьнан йившхаьлла аз тӀепаза довра нехан оьгӀазечу маьхьарийн нуьцкъалчу тулгӀешкахь.

— Совца, нах, — хьала куьг лецира гонна юккъе ваьллачу Дошас, — уьшалахь пхьидаша санна, аш маьхьарий хьекхарх нисдала хӀума дац кхузахь.

— Стенна хьоькху аш маьхьарий, — гӀовгӀанаш дӀа а тийна, меттиг баьлча нахана тӀекъевкхира пурстоп. — ДӀа мел кхаьчначахь шу таипачу жӀаьлеш летаре ладегӀа везахь, со-м кхаа баттахь вер вац сайн участкехь харжамаш бина. Варраш санна Ӏоьхучу шайга ладегӀа веана моьтту шуна со? Маймалш!..

ТӀаьхь-тӀаьхьа чуьра вуьйлуш, яппарш ян воьлла пурстоп сацийра шен цхьаъ бен доцу куьг шаьлтанан кӀайчу маьӀан макъара тӀе а диллина, цунна тӀевеанчу Солтин Солтхас.

— ЖӀаьла хьо ду-кх, керста жӀаьла, — лохха Хамов човхийра цо. — И хӀун яппарш ю ахь нахана йийраш? Айхьа дуьйцучух хӀорш ца кхета дела майра ваьлла хьо? Вир хьо ю-кх, гирзаш даьлла вир! Хьуо вир дацахьара, хьайн халкъа юккъехь хир вара хьо. Шайн цӀахь ца мегнарг, нехан хьовха, Ӏедалан а тешам байна ямарт, къиза писаш бен тхуна юкъа хьовса а ца йо. Хьаьрса зуд!

Солтхин дешнаш салташна хезна хиларна кхеравелла Хамов

дIасахьера. Цхьадика, кхо оалти, гулбеллачу нахана юьстахо кертах а тевжина, вовшашца къамелаш деш лаьттара.

— АхIа, хьо вани хIара, Солтаев! — кIоршаме вела а къежна, коьртера охьа когашка бIаьрг а тоьхна, Солтхина тIевогIавелира Хамов. — Ткъа хьуна хIун моьтту? Хьуо Георгин жIаран кавалер хилча, айхьа Iедалан векале хьайн бага еънарш йийца еза моьтту хьуна? Хьан доттагIий Аьрсамирзоев, Аьрзаев а суьдах бевдда кIелхьара муха бевлла суна ца хаьа моьтту хьуна? Собарде ахь! Хьайн накъосташна тIаьххье Нерчинске хьо дIавахийта тIелоцу хьуна ас, хьоьца къамел ас кхечухьа дийр ду!

Наха юккъехь шен сийсазвар салташна хаарна кхеравелла Хамов, гIуллакх, кхин гена ца доккхуш, дита сихвелира. Амма дагахь цо дуй биира и минот йиц ца яи а, Солтхех къиза биэккам эца а.

— Хьо хIунда лаьтта тхоьга ладоьгIуш, и виран лерга дуьйлина? — Iабди човхийра цо. — Кхин кандидатураш юй цхьанне а?

— Яц! Мудара цIерш яьхнарш харжа реза ду тхо! — сихха мохь туьйхира Инарлин шичас Цаьнцас. Ткъа наха юккъехь дIасабаьржинчу церан бартахоша маьI-маьIера схьа маьхьарий деттара:

— СаьIад юьртда харжа!
— Панта-Хьаьжа — писар!
— Iабди къано харжа!
— Хьуьса а, ЧIоьнакъ а!
— Шайн дена пеIалт хилда шуи а, церан а!
— Седа дуьхьал хоржийла уьш!

Вой даьлча санна, гIовгIа елира майданахь. Дехьа юккъехь вовшашна тIеттIа гIертара Хьомсаркъий, Цаьнций. Шаьлтанийн макъарш буйна а къуьйлуш, шайн тхьамданийн омре ладоьгIуш, хала садетташ вовшашка хьуьйсура дов долийнчу шиннан накъостий. Шеко йоцуш цIий Iанорца чекхдаьндолу дов доладалале сацийра хIетта майдана кхаьчначу Iелас. Иза гонна юкъаваьлча, дIатийра адам.

— Нах! — мохь туьйхира цо шен паргIатчу озаца. — Аш маьхьарий хьекхарх, вовшашна хьокхий деттарх, шаьлтанаш Iиттарх, галдалахь бен нислур дац хIара гIуллакх. Юьртан урхалле харжа луучу нехан цIераш пай а яьхна, шайчарна цIераш цара а тоьхна Маьхьарий а ца хьоьккхуш, кхаж таса. Кхаж сов баьлларш вайн хьаькамаш хир бу.

— ХIун боху цо? — хаьттира Хамовс шена уллохь лаьттачу Iабдига.

— Девнаш ца деш, кхаж таса боху.
— Шуи кхаж сов бер буй ткъа?
— Мичара!

— Делахь хIета, шайн худар шаьш даа! Бехирий шуьга, шайчаьрца барт а бай, нах балха бахханчу хенахь кхайкха хIара гу-

лам! ТӀаккха кхузахь берш берриге а шуьнаш хир бара. Тодакхаш!

— ХӀинца дича а... ца мега иза?

— ХӀинца муха до?

— Тахана кхаж ца тосу аьлла, адам дӀа а дохийна, ваьшлахь цхьа де билгал а дина, цӀеххьана хьо схьавалор ву-кх.

Пурстоп, ца вешаш Ӏабдига а хьаьжна, кӀоршаме велакъежира.

— Айхьа къамел хьаьнца до хаьий хьуна? Со бер-м дац аш дӀасакхайкха?

— Бехк ма биллалахь, господин пурстоп, хьан къа эрна дойур дац оха...

— ХӀан, мегар ду, мегар ду. Амма хаалахь, айса хьоьгу къа эрна доцийла хиъча бен, со вуха вогӀур воцийла. Кхаж тасар дӀатотту ала нахе. Кхузахь цара хӀара гӀурт лелорна. Доцца. Диснарг шун шуьнахь дуьйцур вай.

— ХӀай, нах, хӀай! — мохь туьйхира Ӏабдис. — Аш девнаш дарна, кхаж тасарна новкъарло ярна, тахана кхаж тасар тӀаьхьатотту ша боху пурстоьпо. ХӀара гӀуллакх галдаьккхинарш муьлхарш бу хаьа, царна Ӏедалехь дан догӀу таӀзар дийр ду ша а боху. Кхаж тосу де билгал дац. Ша юха кхуза ван кхиъначу дийнахь хир ду боху. ХӀинца дӀадерза шайна!

— Цхьаьллиг цхьаъ дӀаса ма ваьллаш! — цуьна хьалха иккхира Доша. — Цкъа а тосур белахь, кхаж тахана тосур бу вай.

— Дуьло, нах, цӀа! ЦӀа гӀо аьлча, ма латта! Мудар! Хьайн накъостий эций цӀехьа яхийта!

— Кхаж хьехабо хӀокхар. Кхуза-м хьерадаьлла жӀаьла а хьаьвзар дац, — бохура Хьуьсас шена уллохь лаьттачу Пантa-Хьаьже. ТӀаккха нахехьа а вирзина, мохь туьйхира цо. — Тхо цхьадерш дуьхьал ду тахана кхаж тасарна!

— ХӀунда, шаьш юкъахь ца хилча, овголгаш тхан куьйгех латарна-м ца кхоьру шу?

— Яхийта, яхийта, — шен цхьаъ бен доцу куьг тӀаьхьа лестадора Солтас. — Оха хаьржинарг хир ду юьртан Ӏедал.

— Нийса боху!

— ЛадогӀа, нах, Ӏела цхьаъ ала гӀерта!

КӀез-кӀезиг туьйш, дӀатийра нехан гӀовгӀанаш.

— Кхаж тасарна цхьаболчара кечам бешшехь, шуьга цхьа масех дош ала лаьа суна, юьртахой. Тохара ша хӀара мохк дӀалоцучу хенахь вайн халкъана ямарт, ткъа шена тешаме ялхой хиллачу вайнахах бевллачу цхьацца эпсаршна, совдегаршна, молланашна а совгӀатана мохк бийкъира оьрсийн паччахьо. Кху нохчмехкан яртех иттанан долахь долччул латта ду оцу нахах хӀораннан а долахь. Ткъа гондӀарчу къаьмнийн элашна хӀоранна цо беллачул мохк ерриге а Нохчмехкан долахь а хир бац. И вешан дайн латтанаш, безза мах лой цхьана ханна цаьргара эца а оьций, леладо вайнаха. ХӀетте Ӏедало цига а ца буьту нохчий. Ӏаьрчхехь тоьла

а йоьгӀна охьахиъна Мусха гуш ву шуна. Цара дакъазабаьхначу эзарнех цхьаъ ву иза. И нохчийн эпсарш, совдегарш, молланаш а, и гӀебартойн, гӀумкийн элий а, шайн долара мехкаш вай тайпанчу къехошка юкъахь а лелaдойтуш, шаьш балхах куьг а ца тухуш, мерза дууш, хаза духуш, хӀара дуьне ловзош лела. Вайн хьацар, вайн цӀий ду цара Ӏуьйдург. Царех помещикаш олу Россехь. Уьш вайна юкъа баьржина шовзткъа шо хан бен яц, хӀетте а уьш ца лалуш, цаьрца машар ца хуьлуш, я хир а боцуш, цаьрца къуьйсуш схьадогӀу вай. Ткъа и помещикаш цӀе йолу мехкадай оьрсашлахь болу масех бӀе шо ду. Вай санначу мискачу оьрсийн ахархоша бӀешерийн дохалла къийсам латтабо оцу мехкадайшна дуьхьал. Цара латта а, маршо а лоьху шайна. Амма паччахь, Ӏедал, килс а мехкадайшкахьа бу. Кхузахь санна, шайна дуьхьало йинарг набахте тосу я Сибрех хьажаво. Амма ахархой къарлац. Цара шайна латта а, маршо а лоьху. Уьш герз керахь гӀевттина. Тахана сийна цӀе кхерста Россехь. Ахархоша шайн дола доху мехкадайн латта, хьаннаш. Къинхетамза бойу къизанаш, цӀерш туьйсу церан бахамех. Ӏедална дуьхьал гӀевттина гӀалапашкара белхалой. Паччахьан ницкъ ца тоьу шайн гӀорторашна — оцу мехкадайшна гӀо дан, халкъан бекхамах уьш ларбан. ХӀора юьртахь эскарш латтадойла яц. ТӀехула тӀе, салташа герзаца дуьхьало ца йо ахархошна. И салтий шаьш бу селханлера ахархой, царна ца лаьа шайн дайшна, наношна етта. Амма стен совцор бу маршонехьа гӀерта оьрсийн ахархой помещикийн Ӏазапан дукъа кӀел? Хьан Ӏалашбийр бу и оьрсийн помещикаш оьрсийн халкъан бекхамах?

— Цхьаммо а! Маршо — оьрсийн къехошна!

— Дайна дӀадахя деза халкъан цӀий муьйлу цӀубдарш!

— Вайчаьрца цхьаьна!

Нуьцкъалчу маьхьарца дегадора хӀаваъ.

— ХӀан-хӀа, вежарий, уьш Ӏалашбан нах карийна, — оьгӀазе аз айдира Ӏелас. — Карийна ламанхошна юккъехь. Вайнахана юккъехь... Вайн юьртахь. Домбин Мудар, Дасин Расуй...

— НеӀалт хуьлда хьолахошна къаьркъанах похкаеллачу Мудар бохучу писана!

— НеӀалт хуьлда Расу бохучу оцу тӀуьйлигана!

— Дала хӀаллакбойла уьш!

— Дала цӀа берза пурба ма лойла царна!

— Юьртана а, махкана а эхь ду иза!

— И тайпа писаш яц ткъа вайн халкъ дакъаздаьккхинарш?

Куьг хьала а лаьцна, гӀовгӀанаш совцийра Ӏелас.

— ХӀинца Россех а бахана, жӀаьлеш санна, помещикийн бахамаш Ӏалашбан бохку уьш. Тахана вайн юьртара кхо салти санна, цигахь цхьана юьрта а бахана, хӀинцца дӀаяхана СаьӀадагӀар, ӀабдигӀар кхузахь санна, оьрсийн ахархой хьийзо, хьеша Ӏедална гӀо дан бохку. Вайнанах чаьлтачаш ца бевлла цкъа а. Вайнанах ялхой, сагӀадоьхургаш бевлла бацара. ХӀинца уьш гучубийла боьл-

ла. Амма вай совцо беза уьш. И эхь халкъана тIе лоцучул, мацалла вала веза хIора нохчо! Уггар къиза Iожалла тIеэца реза хила веза! Амма вайн бертаза цига боьлхучарна хIун де вай?

— Кху юьрта богIу некъ бехка-кх!

— Царна а, церан тIаьхьенна а!

— Юьртах баха беза доьзалш а!

— Седа дуьхьал гIойла уьш!

Нах дIаса а тоьттуш, веана Iелина хьалха хIоьттира дерзинчу дегIа тIехь морсачу машин эттIа чоа а, хеча а, когахь якъаелла неIармачаш а йолуш, коьртахь тиша кхакханан куй болуш, юккъерчу дегIара, шовзткъа шо хир долуш векъана стаг.

— Iела, ахь и гIовгIанаш совцаяхьара, хIокху нахе цхьа-ши дош эр дара ас.

Оцу тIелхигашна тIехула юкъах дихкинчу кхелинчу доьхкарх кхозучу безчу механ кхелинчу шаьлтанан макъарна тIе цхьа куьг а диллина, важа хьаьн тIе а хIоттийна, цхьа ког хьалха а тесна, майданахь лаьттачу нехан яххьашна тIехула шен ира хьажар кхарстийра цо

— Шулахь цхьаммо мохь туьйхира, и Расу боху тIуьйлиг аьлла, — велавелира иза, йовхарш тоьхна, аз а тодина. — Ас хьанна къола дина, со хьаьнга еха вахана, ас хьанна хьалха корта таIийна? Я сан бераша хьенан шун дохийна? Я уьш хьенан кIари чохь карийна? Я юьрте бохам беъча, суначул тIех хьенан дагна Iаьткъина? Диканиш хилча суначул хазахеташ мила хьаьвзина? ХIаъа, со къен ву. Амма, хIара сан маззакъ доьлла куьйгаш, кийрара ях йолу дог хьанал-м ду шуна а, суна а. Шаьш ца лоруш дош олуьйтур дац цара. Суна тIуьйлиг аьлла кхахьпа гучудала, ша боьрша велахь! Iела, гахханалц со ца кхеттера айса схьалаьцначу некъах. Шуна ма-хаъара, сан исс бер ду, кертахь хьайба дац, ткъа ирзо тIера евллачу хьаьжкIаша тхо Iаьнера ца доху. Цига вахча даамала, духа-тилла а, шарахь шовзткъе ялх туьма ахча а ло бахарх Iехавелла, суо дIаязвайтира ас. Яло тIаме вахар санна ду моьттура суна иза. Со цигахь вехь а, берашна тIадамана бежана а, йожа хIума а хиларе сатуьйсура. ХIинца кхетта. Тхайн кертарчу итт адамаца суо тховса мацалла лийр велахь а гIур вац со цига и эхье гIуллакх дан! И ду сан дош.

ТIевеанчу Дошас къевллина маравоьллира иза.

— Баркалла хьуна, Расу, дала дукха вахавойла хьо. Хьан къонахаллех шек стаг вац кху юьртахь. Ткъа тIуьйлигаш вай ерриге а ю. Амма хьан доьзал ихьуьйраза а буьтуш, тхайниш шуьнехь Iийр бац. Баркалла хьуна.

— Нагахь санна Домбин Мудар вайн бертаза траждик хилла оьрсийн ахархошна тIехь и эхье чаьлтачалла дан водахь, и Домбин Мудар юьртах воккхуш, цунна хIуй кхайкхо реза дуй шу? — хаьттира Ахьмада нахе.

— Реза ду!

— Реза воцуш стаг вуй?
— Вац!
— Кхечу ярташкарчу наха, сардалан а, паччахьан а цIарах кехаташ яздина шайн маршонехьа къуьйсучу оьрсийн а, кхечу къаьмнийн а гIовттамаш хьошуш дакъалаца вайнах йолах салт а, стражникашка а бохуш Россе дIакхийларна дуьхьало еш, — бохура Iелас кхидIа. — Цу кехаташна гIехь яздина, нохчий цкъа а ца хилла чаьлтачаш. Маьрша баьхначу, амма и маршо оьрсийн паччахьо дIа а яьккхина, цуьнан Iедалан Iазапан дукъа кIел бохкучу, шайн маршонехьа къуьйсучу нохчашна дика хаьа маршонан мах а, Iазапан дозалла а, къеллин къахьо а. Массо къаьмнийн къехой тхан вежарий бу, оха Iенор дац тхешан вежарийн цIий. Стражникашка язбелларш къелло бIарзбина, Iедало Iехийна, шаьш кхочушдан дезачу декхарх ца кхеташ бодане, декъаза нах бу. И нах Iехош Росси а кхоьхьуш, цаьрга тхан вежарийн цIий ма Iенадайта. Доцца аьлча, изза ду наха сардалан а, паччахьан а цIарах яздинчу кехаташна тIехь. Нагахь шу реза делахь, изза аьлла кехат вайн юьртан цIарах а яздан лаьа суна.
— Реза ду тхо!
— Бехк боцчу адамийн цIий Iенор дац вай!
— Керстанаш белахь а, вай санна, цхьа пекъарш бу уьш!
— Бусалбий, керстий къесто эшац!
— Берриг къехой цхьа вежарий бу!
— ХIета, и кехат яздан векал мила во аш?
— Хьой, Солтхий, Лорсий!
— Дуьхьал вуй цхьа а?
— Вац!
Iелас юкъадаьхна гIуллакхаш а къастош, цуьнца цхьаьна наха чекхдаьккхира кхаж тасаран гIуллакх. Массарна а гуччу аркъал охьабиллина бара Хьомсуркъан Iаьржа куй а, БIаьштиган кIайн куй а. Ахьмад юьртда а волуш, хоржучу юьртан правленигахьа болчара шайн овголгаш кIайчу куйна туьйсу, ткъа СаьIадагIаргахьа болчарна — Iаьржачу куйна. Кхаж нийса тасарна тIехь терго еш уллохь хевшина Iара оцу гIуллакхана адамаша къастийна БIаьштиг коьртехь пхи стаг. Цхьа Iела воцург, массо кхаж тесна ваьллера. Шен овголаг кIайчу куйна а тесна, Iела юьстахваьлча, куйнаш бертал а даьхна, овголгаш дагардан вуьйлира БIаьштиг. Майданахь пхьа а ца вуьсуш, СаьIадан бартахой дIа а бахана, баьсса бисинера Iаьржа куй. Овголгаш дагардина а ваьлла, жамIаш кхайкхо вуьйлира БIаьштиг.
— Юьртахь куьйгаш бакъо йолчу пхи бIе кхузткъе ялхийтта стагах виъ бIе берхIиттаммо кхаж тесна. И дерриг кхаьжнаш Аккболатан Ахьмадана а, МаIазин Лорсина а, Солтин Солтаханна а, Султхьаьжин Дошина а, Абкар-Хьаьжин Аьрсамирзина а кIайчу куйна тийсина, ткъа СаьIадагIарна биллина Iаьржа куй, яьлла топ санна, беса бу. Дела а, шу а тешаш долуш, вай нийса теснарчу кхо-

жаца, Акхболатан Ахьмад юьртда, Солтин Солтха писар ву вайн, ткъа Султхьаьжин Дошний, Абкар-Хьаьжин Аьрсамирзий, МаІазан Лорсий — къапой бу. Оцу кхожана МаІазан Лорса юьртан молла а харжавелла вайн. Цхьаннан а ала хІума дуй?

— Дац!

— Делахь, оха керла хаьржина тхан юьртан дай, дала аьтто бойла шун тхуна юккъехь нийсой, барт, машар латто, хІара юрт вонех ларъян, диканна цІе яккхийта!

— Амин!

— Нагахь санна, шун дегнашна чу ямартло йолахь, юьртан гІуллакх тІехьа а тоьттуш шайн аьтто леха шу долахь, аш харц кхиэлана дош алахь, куьг айбахь, ког баккхахь, вайн везчу дала шен нийса хьукма дойла шуна тІехь!

— Амин!

## 12-гІа корта

И тІулган ламанаш
Даш хилла лаларах,
МостагІийн арданго
Тхо гора дегор дац.
И Іаьржа ва латта
Молханах лелхарах,
Тхешан сий доьхкина,
Тхо лаьтта доьрзур дац...

Нохчийн халкъан илли.

Цул тІаьхьа цхьа иттех де даьлча, цкъа Іусманца мангала а вахана цІа веана Іела, бешарчу Іожа кІелхьарчу бай тІе истанг а даржийна, гІайбн тІе а тевжина, Іиндаг Іехь садоІуш Іуьллура.

Таханлера де чам боцуш деанера юьртана. Делкъахан хуьлуш цІеххьана веанчу пурстоьпо, гуламе нах а кхайкхина, цаьрга кхаж тасийтинера юьртан Іедал хоржуш. Цига харжа кхожана шина а агІор хьалхатеттира дІабаханчу гуламехь цІерш яьхна нах. Амма кхожехь дакъалаьцнарш берриге а СаьІадагІеран бартахой, церан гергара нах хиллера, царна дуьхьал йолчу агІонах цІахь нисвелла цхьа масех воккха стаг воцург.

Іела хьалха дуьйна а шек вара оцу тешнабехках. Округан начальника чІагІбийр бац хьалха хаьржина АхьмадгІар. Амма наха къобал а бийр бац тахана хаьржина СаьІадгІар. Шин Іедал ду-кх юьртахь. МостагІаллин шина тобане екъаелла юрт. Къечийн тоба йоккха ю, амма церан мостагІийн агІонгахьа нуьцкъала Іедал лаьтта. Юхадовла мегар дац. Амма наха шайга делла Іедал охьа а диллина, АхьмадгІар юьртан коьртера охьабиссахь бов хала баьккхина толам. Юьртахь ши Іедал мел ду машаре догдохийла яц.

Дено-дено марсадийр ду мостагIалла. Ткъа хIара Нохчмахка а ма ю молханах эккха кечъелла Iеш. Къорте хIотта стаг оьшуш сацаелла. Ккхузарчу яртийн тхьамданаша мосазза а дехар дина Iелига, имам хилий, пахана хьалха валахьара аьлла. Амма цо иза аьттехьа ца дуьту.

«Мисканаш яI, моьтту-кх царна соьгахь доккха хьекъал ду, сунна дерриге а хаьа, шаьш толаме дига соьгахь хьуьнар ду. Ма аьттехьа дац-кх иза. Суна оьрсийн мотт а, кIезиг йоза а хаарх тоьий... Цкъа-делахь, къена ву со, шолгIа-делахь, гIовтта деза хан тIе ца кхаьчна. Наха цхьана хаина дIалоьцур ю Нохчичуьра гIаьпнаш. Схьалецийтахьа цаьрга Соьлжа-гIала а. Амма и гена дер дац. Дайм санна, адам эрна хIаллак а хуьлуш, тхо оьшуш доьрзур ду. ГондIарчу къаьмнашца барт оьшу, уггар хьалха оьрсийн халкъаца. Цаьрца барт болуш тхо гIевттича, халкъан коьрте ваккха Зеламханал гIоле къонаха эрриге Нохчичохь ца хила там бу. Горлера сан Петро яI. Муха ца хиивар хьо хIинца суна уллохь! Ахь хIун хьехар лур дара техьа? Вистхилийша цхьаъ...»

— Iела!

ЦIеххьана шен цIе а йоккхуш кхойкху хезча, и шега кхайкхинарг хIинцца ша дагахь бехначу шен каторжни накъостех цхьаъ ву моьттуш, хазахийтира цунна. Къаде хьала а иккхина, дIахьаьжначу цунна шайн кетIахь воьхна лаьтташ юьртан туркх гира.

— Пурстоьпо канцалле кхойкху хьо, — элира цо.

Юьртан канцелярн чохь йолчу цIеношна тIекхаьчча, Iелина гира уьйтIарчу гоьзанах тесна лаьтта пиъ говр а, кочахь тоьпашца дехий тарраш а теххош, дан хIума доцуш кертахула волавелла лела кхоъ салти а.

Деха, меха дохка тодича санна, лерина ирдеш хьовзийна дуткъий мекхаш долу лекхачу дегIара векъана Хамов, маларо бIаьргаш цIийдина СаьIад чехош, бахтарех юьйцина шед меллаша эткан бертигах етташ, чохь дIасахьийзаш карийра Iелина.

— ХIара ву-кх ахь кхайкхийтина Абубакаров Iела, — элира СаьIада.

Iелас маршалла хаьттира.

— Хьо ву и бунтовщик? Социал-демократ! — маршалла дIа а ца оьцуш, цавашаре вела а къежаш, Iелига хьежа хIоьттира пурстоп. — Делор ву церан ваша хила ма-веззара! Нохчийн социалдемократ! Революционер! ХIара-м беламе дай! — аьлла, Iелина белша тIе куьг а тоьхна, гIадвахана велавелира иза. ТIаккха ки санара схьадаьккхина кIайн йовлакх шен куьйгах а хьоьхкуш, тIетуьйхира:

— Большевикех ву хьо, я меньшевикех ву?

Дог къуьйлуш ладоьгIура Iелас цуьнан Iиттаршка.

— Со халкъехьа болчех ву. Революционераш сийсазбан ма гIерта. И хир дац. Уьш турпала, оьзда нах бу! — жоп делира Iелас, сих ца луш, амма сацам боллуш

Пурстоп, жимма кIегар а иккхина, ши куьг хаьи тIе а хIоттийна, сецира. Цкъа а ца хилча санна, дайра юьхьа тIера велар.

— Сацае муцIар, хьайба! Хаьий хьуна хьо хьанна хьалха лаьтта? ДIабаккха коьртара куй!

— Тхан гIиллакх дац коьртара куй боккхуш.

— ДIабаккха куй, я ас шед етта хьан оцу боьхачу коьртах! Ас сайна хьалха вилар тоькхуьйтур ву хьо!

— Хьайга бохург дехьа, Iела... — юкъавуьйлира СаьIад. Амма Iелин вон хьажаро дIатевира иза.

— Ладогахьа, эпсар, хьуо мила Iамо, мила кхеро гIерта хаьий хьуна? Карзах ма вийла. Сан кхузткъе кхойтта шо ду. Сан дейтта шо кхаьчча, кера герз а эцна, шун харцо, аш дохьу Iазап тIе ца лаца гIерташ, ялхийтта шарахь тIом бина ас. Цхьана шарахь Турцехь Iожаллица къийсина, ткъе берхIитта шо Сибрех даьккхина. Со цхьаъ вацара иштаниг. Паччахьо тхоьгара мохк дIабаькхина, тхан даьIахк кхачаза латта дуй хьовха Турцехь а, Сибрех а. Тхо хIаллакьхилира буьйцу ца хаззал боккхачу ницкъа кIел, амма тхо гор эго, тхан коьртара куйнаш дего, тхан догIмех цхьана бекхамаза шед хьакхо ницкъ цкъа а ца хилла, я хир а бац!

ОьгIазваханчу Хамовс, тапчин хумпIарх катуьйхира.

— Меллаша, эпсар! Хууш хилалахь, кхин меттах хьах хьайн дегIах са къаьстарг хилар! — элира Iелас, шаьлтана тIе ка а диллина, пурстоьпана тIе гIулч а тесна.

Кхин ша хIун дийр ду а ца хиъна, СаьIадана тIевирзира Хамов.

— Ткъа хьо хIун деш лаьтта кхузахь вегош, кIилло. Салтий схьа а кхайкхий, дIалаца иза!

Оцу минотехь гIовгIанаш евлира. Корах арахьаьжначу Iелина гира юьйлина топ карахь уьйтIахь говрахь хьийза Доша а, цуьнца масех стаг а.

— Гучудала, СаьIад боху гIизби! — хезара цуьнан мохь. — Нагахь аш Iелин коьрта тIера чо хьабахь, молла Хьуьса буха а виллина, оха сийначу цIарах дагор ду шу!

Тахана шаьш цIахь доцуш кхаж тесийла а хиъна, кхаш тIера цIа хьаьлхина говрашкахь а, гIаш а герзех боьттина цхьацца-шиншша схьалилхиничу наха оцу минотехь юьзира керт. ТIехула тIе, юьртан туркхо Мовлас гучу мел волучуьнга пурстоьпо Iела чувоьллина олура.

— Ахь тIаьхьа бехна хир бу уьш? — ара пIелг хьажийра бос бехьначу пурстоьпо.

— ХIан-хIа, — курра жоп делира Iелас. — Со цхьангге а вист ца хилла. Нахе орцах кхайкккхал боккха болх ца хета суна суо.

— Кху делан сохьта ахь уьш цигара дIа ца бахахь, ас ирх уллуьйтур ву хьо!

— Ас уьш дIабохур бу ,амма сайн дуьхьа доцуш, церан дуьхьа.

Iела аравелира. Керта хьийзачу нахана тIе тоьпаш а ерзийна, шаьша хIун дан деза ца хууш, боьхна лаьттара учара салтий.

— Бераш, охьаяхийта тоьпаш, — элира Іелас салташка эсала. — Вай-м дерриг цхьа адамаш дай.

Наха шаьш детта маьхьарий а совцийна, ладуьйгІира Іела учахь гучуваьлча.

— Вежарий, хІунда гулделла шу кхуза? Шу хІун дан гІерта?

— Ямартхойх бекхам эца!

— Тхуна хаьа, уьш хьо лаца баьхкина!

— Вайна тешнабехк бина оцу жІаьлеша!

— Іабдис къаьркъа мийлийна царна!

— Арадовла оцу чуьра, кхахьпанаш!

— Іела, хьо вуьйгуьйтур вац хьуна!

Іелас шен карара Іаса хьалалецира. Карзахдаьлла адам юха а дІатийра.

— ХІан-хІа, Хьомсуркъа, къанвелла со вац царна оьшург. Шаьш къайлах дагалаьцнарг тахана тешнабехкаца чекхдаьккхина цара. Амма хилла даьлларг девнаца нислур дац. Собар ду коьртаниг. Бакъдерг тоьлур ду шуна. Дуьло шайн-шайн цІа. Сих ца луш, вовшех дага а девлла, цхьа нийса некъ къастор бу вай.

Массарал карзахваьлла хьийзачу Янаркъас, уидечига тІе а гІортийна, шен говр тІехьарчу когаш тІе хІоттийра.

— Іела, тхо Іехо гІерта хьо? Уьш хьо а, оха юьртан Іедале хаьржина пхи стаг а лаца баьхкина! ХІей, СаьІад, дІахоуьйту хьоьга, хІара Іела ахсахьт далале пурстоьпо цІа ца хецахь, иза а, кху юьртара иттех цІа а догург хилар!

— Янаркъа! — бІогІамах Іаса туьйхира Іелас. — Лецахь лоьцур ду-кх, тхо лецарх шу дуьсу. Ерриг юрт, ерриг Нохчичоь, Россера дерриг халкъаш набахте доккхалур дац! Сан дехар ду шуьга, ас бохург де. ДІасадовла кхузара! Аш лелочун хан яц хІара!

Иза а аьлла, кхин вист ца хуьлуш, чувахара.

— Уьш дІа хІунда ца боьлху? — оьгІазе хьаьттира кхеравеллачуьра хІинца а меттавазачу пурстоьпо.

— ХІинца гІур бу.

— Цара лелочо гойту хьо церан баьчча хилар. Амма хаалахь, кху юьртарчу Іедална новкъа хІума хилахь, хьан дегІ тангІалкхех кхозург хилар, я хьуо схьавеъначу вуха гІуриг хилар.

— Со кхеро а, цецваккха а хІума ца дисна дуьненахь. Со кхеро а ца гІерташ, хьайн гІуллакх схьадийца.

— Адамашна юкъа пиганаш хІунда туьйсу ахь?

— Иштаниг соьгара даьлла дац.

— Аьшпаш ма ботта, воккха стаг. Цхьа кІира хьалха майданарчу адамашлахь нохчий стражникашка бовларна дуьхьал вийлларг хьо вацара? Цига ваханчу Домбиевна наьІалт кхайкхадайтинарг хьо вацара? Ахьа-х цигахь цуьнан Императорски Воккхаллина дуьхьал къамел дина. Кху юьртахь хьовха, ерриг Ведана округехь нах Іедална дуьхьал боху ахь.

— ХІаъ, нохчий стражникаш бахарна дуьхьал къамел дина ас.

Цунна къера ву со. Амма нах Іедална дуьхьал бовларна бехке вац. Цунна бехке шуй, шун Іедал, къизаллий, нийсо яцар ду.

— И мотт дукха шера бу хьан, ларлуш хила. Сибирски каторгашкара ахьий, эскарера Солтаевссий деана уи ду кхуза даьржарг. Оьрсийн мотт-м дика хаьара хьуна, ткъа йоза?

— Цхьа таро яло.

— И хьан Іамийна хьуна?

— Каторгехь, бакъболчу оьрсаша.

— Муьлхарш бу и «бакъболу» оьрсий? — ца вешаш хьаьттира пурстоьпо.

Іелас, шен дегІ къона долуш санна, хьала а айина, курра жоп делира:

— Аш сибирски каторгашка хьийсочу, амма дуьненан цхьана а ницкъо халкъах дІахербен боцу Российски белхалойн социал-демократически партии членаша, оьрсийн халкъан тешамечу кІенташа!

—Сацае хьайн муцІар! — хьаланкххира Хамов. Ткъа шен дагахь ойла йора цо; «Тамашийна адамаш ду-кх и эсдекаш. ХІара акха нохчо а шайгахьа ваьккхина, уьш баккъал дан а ду кхераме адамаш».

— СаьІад, схьадал кехат, къолам. Таханчул тІаьхьа герзаца а, дашца а, цхьана а тайпана цкъа а айхьа Іедална дуьхьало йийр яц але, тІелацам бел суна... Я хьашт дац. Цул КъорІа да. Дуй боуьйтур вай.

ГІуллакх дан кечвелла СаьІад, вахана цхьа минот ялале, КъорІа а керахь чувелира.

— Дуй баал, ас ма-аллара.

— ХІан-хІа, ишта дуй буур бац ас.

— Ас баор-м бу хьуна!

Іелас корта хьовзийра.

— Иза хуьлийла дац, господин пурстоп. Сайн халкъан хиллачу бохамашна бехкечех бекхам эца, сайн дегІах са дІакъастталц маршонехьа къийса дуй биъна ас цкъа. Иза кхочушбийр бу.

Пурстоп ойла ян хІоьттира. «ХІун дан деза хІинца? — хьаьттира цо ша-шега. — Биснарш лоьцур бохург хьехочохь а, я хІара дІавуьгийла а дац. Оцу шиннах цхьаъ ас дахь, тхо кху юьртара дийна арадевр дац. Собар де ахь, къена жІаьла, юха со ван а хуьш вогІур ву кхуза!..»

— ХІун дийр ду ткъа, тхо къинхетаме ду. ХІинца цкъа вуьту оха хьо. Амма ас хьоьга хьалххе дІахоуьйту, нагахь суна таханчул тІаьхьа цхьанхьа хьан цІе вонна йоккхуш хазахь, ас хІара юрт лаьттаца дІашарйийриг хилар! Сихха велла дІавалар гІоли ю хьуна иштаниг долуьйтучул. ХІинца яхийта хьайн алаша!

Іела церан Іодика а ца еш аравелира. ТІаьхьаваьлла СаьІад хьаставала хІоьттира:

— Хьуна ма мотталахь, Iела, хIара гIуллакх ас цхьаъ аьлла меттахъхьадина. Мичара! Цхьана мотт сацаро миччахула делахь а дIахазийна, ткъа наха суна тIе тоьтту. Декъаза адам дай со-м.

Iела, дIа а ца хьожуш, иза луьйчохь а витина, дIавахара.

## 13-гIа корта

Цхьацца адамаш оьздангаллех доха тарло, амма халкъ — цкъа а ца духу.

Ю. Фучик.

Гуьмсе станцера меттахъяьлла цIерпошт, цIогIане мохь а тоьхна, Соьлжа-гIала юьйлира. Иза УьстаргIардойн-эвлах тIех тилчахьана товарни вагоннийн неIаршка а гулбелла, вовшашна тIеттIа а теIаш, арахьуьйсура нах. И масех вагон йоьттина ши бIе нохчо, цхьа бутт хьалха цхьаммо шу Россех хьовха, Соьлжа-гIала гIур ду аьлча а цецбевр бара. Юьртахь цхьана эшшара дIаоьхура церан дахар. Дийнахь болх, суьйранна пхьоьха, тIаккха белахь синкъерам. Я лула-кулахь сакъерар, цул тIаьхьа охьабиллшар. ХIора дийнахь а цхьаъ. Наггахь луларчу ярташкара дика-воне а боьлхура. Юьртара цхьаъ Соьлжа-гIала, ГIизларе вахана веъча, цунах тамаша беш, цуьнга хеттарш деш, цо дуьйцучуьнга ладоьгIуш Iара. Царех цхьанне а ца моьттура шена цIерпошт гур ю, оцу тIе ша хуур ву, хиъча а иштта гена, ца бевзачу махка гIур ву. Амма и декъаза ши бIе стаг доьзалех а, яртех а, махках а ваьккхинера къинхетам боцчу эшамо.

Топ буйнахь неIарехь лаьттачу салтичуьнна улло а хIоьттина, вогIура Мудар. Цхьа сахьт хьалха Гуьмсехь меллачу чагIаро бохбина корта шелбаларе терра дIаоьхура цо даьккхина самукъа, ткъа цунах яссало меттиг дIалоцура цхьа цкъа а цунна ца хаабеллачу башхачу сингаттамо. ЦIахь буьсучу доьзална сагатдалар а дацара иза. Вагоннийн чкъургаша «даркх-даркх», «даркх-даркхехь» дечу цхьана эшшарчу татанаша дог огура цуьнан. Генна тIаьхьа еха аса юьтуш, яйно туьйсучу Iаьржачу кIуьро а, агIор еттачу Iаьнаро а шен садукъдеш хеталора. Ткъа сингаттам тIеттIа алсамбуьйлура чкъургаша мел боккхучу гонаца. Мел иза ца хьажа гIортарх, цуьнан ши бIаьрг хьаьвззий тIебоьрзура къилбамалхбалехьа тIаьхьаюьсучу лаьмнийн Iаьржачу раьгIнашна.

«ЦIахь Iийнехь тоьллерий техьа? — дагаиккхира Мударна, — санна новкъа бевллачу нехан санна боккха доьзал а ма бац сан. Сох хIун хир ду техьа? Суна-м оьрсийн мотт а, йоза а ца хаьа. Шайн дена неIалт хилариш, СаьIадгIар ма бу хIара гIуллакх суна хаздинарш-м».

ХIаъа, цара хаздина Мударна стражникашка язвалар. Цхьа шо даьлча, шортта ахча а, пурстоьпан Хамови доллу чиш а дохьуш,

шерра оьрсийн мотт а Iемина цIа вогIур ву хьо, бехира цуьнга. ТIаккха? ТIаккха Веданан-гIоперчу нохчийн эскаршца я пурстоп болх бийр бу бохура. Царна хIун хуьлура Мудар Россех хьажорах. Округан начальника Ханжаловс царна тIе ма диллинера стражникашка ваккха шиннал лахара воцуш стаг карор.

«Амма, хIуй а кхайкхийна, юьртахоша эвлах-м хадий со... Далахьеха, кисанахь шортта ахча а долуш, дика пуха а велла аьрхачу динахь со вухавеъча, тIаккха ша ваьхьарг ваьр-кх уьш суна дуьхьал. ТIаккха-м ас СаьIадгIарна а хоуьйтур дац! Тоьар ду, ялхо санна, цара сан вацор»...

ЦIеххьана сецначу цIерпошто иза юкъахваьккхира оцу ойланех. Дерриг урамаш а, вокзалан хьалхе а юьзна адам дара. ТIеяздина даккхий йозанаш а долуш, ехачу гIожамашна тIе лецна кIадийнаш, дуткъий аннаш. Мударна ца хаьара цигахь яздинарг деша. Амма цунна тIехьа лаьтта цхьаъ уьш меллаша деша хIоьттира:

— Вежарий, ламан-хой... шу Iехийна. Ду-ха-дер-за шайн ярташка...

И дерриг адам массо агIорхьара схьа вагонашна тIегIоьртира Уьш сецо гIерта полищейокеш, ницкъ эшна кIел бисина, кIегарбуьйлура.

— ТIечIагIа вагонийн неIарш! — вагонийн неIаршкарчу салташка мохь беттара царех цхьаммо, схьахетарехь, церан коьртачо, МударгIеран цIерпоштан йохалла дIаса а уьдуш.

Уьш сецо гIерта полищейскеш, ницкъ эшна кIел бисина, кIегардига-х ца бохкий техьа хIорш аьлла, цецвелира Мудар. Амма цIерпошт, гуттар юьстахарчу цхьана некъа тIе а яьлла, сецира. ТIаккха хьалхара яй, лаьллина цхьана агIор дIа а бигна, хIорш шаьш болччохь битира. НеIарш тIе а къевлина, готтачу корехула бен чу мох кхетийла йоцчу вагонашна чохь бисина нах, оцу бурконе а хевшина, хуьлуш долчух ца кхеташ, тийна Iара. Царна хезара арахь оьрсийн а, нохчийн а маттахь детта оьIазе маьхьарий. Амма оцу хьолехь дукха ца лаьттира. Арахь тIегIертачу наха, уьш ларбеш лаьтта салтий-хехой дIа а баьхна, дIайиллира вагонийн неIарш. ТIаккха Мударна хьалха схьахIоьттира масех бIе стагах лаьтта къорза тоба. Юкъ-юкъара гора нохчийн куйнаш, чоьэш. Эххар а и гIовгIанаш а дIатийра, вагонашна хьалха, тIе-кIел йоьттинчу яьшканашна тIе а ваьлла, цхьана оьрсичо куьг хьала лаьцча. Тахана керл-керла хуьлучу а, гучу а низаречу гIуллакхаша цецвоху Мудар, уьш дерриге а дицделла, акъваьлла висира, оцу оьрсичунна тIаьххье хьала а ваьлла, цуьна улло дIахIоьттина шен юьртахо Iела гича. Шен бIаьргех ца тешаш, уьш хьакха а дина, юха а дIахьаьжира Мудар. Шекьхуьлийла яцара. Лекха, векъана, хьаьжа тIехь бехо муо. Кура, майра хьажар. Iела ву-кх.

«Ванах, хIара мичхьахула кхаьчча кхуза, хIокхо хIун лелало? — хьаттура Мудара шега. — Тхуна тIаьхьарвала ойла яц а юй техьа кхуьнан?..»

— Вежарий-ламанхой! — къамел долийра цунна хьалха хьалаваьллачу оьрсичо, — масех бIе шо ду оьрсийн паччахьан а, хьоладайн а Iазап кIел халкъо узарш деш. Тхох Iуьйдучу цIийх Iаба а ца Iаьбна, цIарца, туьрца цо шен кога кIел доьхкина кхин долу кегий къаьмнаш а. Шун дайша бIе шарахь гергга турпал дуьхьало йира паччахьан колонизаторшна, цуьнан Iазапан дукъа кIел шайн маьрша корта ца бахийта гIерташ. Нуьцкъала а, Iехош а, церан бертаза а шун ярташка лоьхкура оьрсийн салтий. Цаьрга хIаллакдойтура шун халкъ, сийначу цIарах ягайора ярташ. Шун жимчу халкъан ницкъ ца кхечира шайн махка гIерта дуьненахь йоккха, къизчарлахь къиза Российски импери юхатоха, сацо. Шоьгара угар дика мохк дIа а баьккхина, шу дерзиччу лаьмнашка доьхкина оьрсийн паччахьо. Амма ма мотталаш, и латта оьрсийн къинхьегамхошна делла. ХIан-хIа, иза тхан а, шун а инарлашна, эпсаршна, элашна, шу а, тхо а дацо шена гIо дечу йовссаршна совгIатана декъна цо. Хьовсал, гIали чу бIаьрг тохий. Шуна гучу хазчу, дикачу цIеношна чохь хьолахой беха, ткъа царна и цIенош дина, царна и хьал IаIош долу тхо тIекхетта йохкучу тIуьнчу лаппагIаш чохь я набахтел тоьлуш йоцчу баракаш чохь деха. ДIахьовсал Суьйракоьрте. Шу дIа а даьхна, нефтан вышканаш йоьгIна цига. Английски, французски, бельгийски хьолахошна доьхкина паччахьо шун мехкан хьал. Ткъа шу, хIокху дашочу мехкан дай, сагIадоьхургийн хьолехь дalладо. Господинаш АхвердовгIар, КиреевгIар бу цунах берсташ. Тхан, оьрсийн халкъан, долахь хIара къерсигдевлла белхан берче куьйгаш доцург хIумма дац. Амма тхо белхалойл а холчахь бу ахархой. Тхо тхаьш а ду селханлера ахархой. Ярташкахь олалла дечу помещикийн къизаллой, цара хIоттийначу мацаллой арадаьхна, болх, баьпган юьхк лаха гIала даьхкина тхо. Вежарий-ламанхой! Паччахьан а, капиталистийн а, помещикан Iазапан кIел детта са а, собар а кхачийна гIевттина оьрсийн белхалой а, ахархой а. Революции цIе кхерста Россехь. Сийначу цIарах богу помещикийн бахамаш. Халкъо бекхам оьцу шегахь Iазапдаллорхойх. Оьрсийн халкъ маршадала гIерта бIешерийн Iазапах. Амма мостагIа вайн юкъара ву. Тхуна а, шуна а, Россерчу дерриг а халкъашна а тIехь хIара Iазап латториг оьрсийн паччахь, хьоладай бу. Шайна дуьхьал вай массо къаьмнийн къинхьегамхойн барт хилла цхьана ца кхетийта, вай чIагI ца далийта, вайна юкъа питанаш тийса, мостагIалла латто гIерта паччахьан Iедал. ХIинццалц шуна тIе лоьхкура оьрсийн, гуьржийн, кхечу къаьмнийн салтий. ХIинца Iедална дуьхьал гIевттинчу церан цIий Iено дуьгу шу...

Вагонан корехула арахьоьжучу Мударна гира, ира цхьамзанаш а буьххьех хьалалецначу тоьпашца адамийн тобанна тIе йогIу салтийн отряд. ХьалхавогIучу эпсаро, саца а сецна нахана тIе а вирзина, мосазза а цхьа омра деш мохь туьйхира. Наха ша тергал ца вича, салташкахьа вирзина, цаьрга омра дира цо. Тобанах къаьстина, салташна тIе а вахана, цхьана белхалочо масех дош

элира. Салташка куьйгаш а лестош, цхьаъ-м бохуш маьхьарий деттара бисинчара. Эпсаро, тIе а вахана, чехабора салтий, амма вуьш, шайн тоьпийн баххаш латта а хIиттийна, меттах ца хьовш, тIулгех бича санна, латтара.

— Гой шуна и дIо латта салтий? — цаьргахьа пIелг хьажийра къамелхочо. — Тхо кхузара дIасалахка, тхуна тоьпаш тохийта балийна уьш. Амма салташа массанхьа а дуьхьало йо шайн вежарийн цIий Iано. Цундела дуьгу шу Россех, церан декхар шуьга кхочушдайта. Аш къинхьегаман халкъана тоьпаш тухург, эхье гIуллакх кхочушдийриг делла шуна Iедало шортта ахча. Вежарий, ламанхой! Аш кхочушден долчу эхьечу гIуллакхо боьха томмагIа дийр ду шун майрачу, оьздачу халкъан цIенчу гIиллакхашна! Шун халкъах цкъа а ца бевлла **чаьлтачаш! Ахчанах Iехалой, шайн халкъ ма бехде!** Цул мацалла далар гIоли ю шуна! ГIалин пролетарис, бохамехь шун вежарша, оха доьху шуьга шайн ярташка духадерзар! Декъала хуьлда революци!

Адамийн тобано тоьхначу тIаpаший, маьхьарший лергийн само къарйира Мударан.

— Декъала хуьлда революци!

— ДIабаха хьоладай!

— Декъала хуьлда маршо!

Адамийн гIовгIанаш дIатийра оьрсичо куьг хьалалаьцча. ТIаккха вистхилира Iела.

— Вежарий! ХIокху суна уллохь латтачу оьрсийн белхалочо шуьга дина къамел шеггара дац. ХIокхо и къамел дина кхуза гулбеллачу а, кхуза бахказа бисинчу а гIаларчу белхалоша тIедилларца. ХIокхуьнан къамел ас шуна гочдийр ду цхьа дош тIе ца тухуш, кIел ца дуьтуш...

Кхуза гулделлачу хIоккхул дукхачу адамаша шайна юкъара къаьстийна оцу лакха тIе ваьккхинчу шина стагах — оьрсичух, нохчичух — цхьаъ шен юьртахо Iела хиларо даг чу куралла йоссийра Мударан. ХьуьсагIара, IабдигIара шаьшлахь иза мел сийсазвеш хиллехь а, уьш гена бу Iелега кхача. Хьекъалца а, майраллица а, оьздангаллица а, къонахаллица а стиглаццийн, латтанийн юккъехь йоллучул юкъ-м дер ю.

«ХIун ю СаьIадгIар, IабдигIар Iелина хьалха? — бохура цо ша шега. — Марцарш! КуоIанаш! ХIокху адамашна юкъа яхка а яьхьар яцара и кIиллош! ХIетте а, цара бохург а деш, IелагIарний, АхьмадгIарний, СолтагIарний, ДошагIарний кIел ор доккхуш лелла со. Докъна маларг, и малар ду со галвохург...»

Вaставелча-м доxковуьйлура иза ша лелийначунна. Амма тIаьхьа а хуьлура-кх. Даим санна. ТIаккха оьгIазъоьхуш керл-керла гIалаташ дуьйлуьйтуш, ямартлоина кIорге вуьйжира Мудар. ХIинца цуьна шех чекх са гора...

— Тхан эвлара ву иза! — куро кхоссар йира Мудара, шена уллохь латтачу лохачу шоточунна муьшка а Iуттуш.

— Ахь боккъал бохий? Ой, дадиса кхуьнан, и гIазакхийн мотт ма шера буьйцу цо!

— Сибрех ткъе берхIитта шо а даьккхина, хIинцца дукха хан йоцуш цIа веана иза...

Тобанна тIехьа лаьттачу адамийн цIеххьана лоха гIовгIанаш евлира. ДIахьаьжначу Мударна гира гIаш а, говрашкахь а кхаа агIор тIедогIу эскарш.

Стражникаш Росси дIабахийтар сацо кхуза гулбелла гIалин белхалой цигара дIасалахка ялийнчу салтийн взводо царна тIе тоьпаш тоха дуьхьало йича, гIалара керла далош эскарш дара уьш.

— Вежарий! Кху оьрсийн накъоста шуьга аьлларг, цхьа дош тIетоха ца оьшуш, кхачо йолуш ду. — Шен къамел чекхдоккхуш вара Iела, тIедогIучу эскаршка дIа а ца хьожуш. — Оьрсийн паччахьо шайгара дIаяьккхина маршо ламанхошка юхаерзалур яц оьрсийн а, Россехь дехачу дерриг халкъан гIоьнца бен. Цундела, паччахьан Iедало а дисиччу къаьмнашначул тIех бохамаш биччу царел тIех доккхачу Iазапехь даллочу нохчийн халкъан декхар ду, нагахь шена маршо езахь, оьрсийн халкъаца, дисиччу дерриг Россин халкъашца, доцчуьнца доттагIалла а, гергарло а тасар, долчуьнца иза чIагIдар, харцонна дуьхьал, маршонехьа бечу тIамехь церан могIаре дIахIиттар. Амма аш Россехь кхочушден долчу эхьечу гIуллакхо нохчашний, оьрсашний юкъара гергарло чIагIдийр дац, иза херадоккхур ду. Вайн халкъана эхь дан доьлху шу. Ярташкара цхьанакхеттачу векалша тахана сардалан а, Пачхьалкхан думехь Теркан областерчу халкъийн депутатан Эльдарханан Таьштамаран а цIарах Пачхьалкхан думе телеграммаш яхьийтина. Царна тIехь боху: «Шодмашций, тоьпашций ахархойн кхетам кьарбина байа гIертачу, маршонехьа кхузаманан боламан чаьлтачийн цIерина уллохь дуьххьара яха йолийна Теркан областан ламанхойн цIерш: церан къеллех, бIаьрзаллех пайда а эцна, Iедало йолах баьхна Росси а бигна, помещикийн бахамаш ларбан хIиттийнчу, эшамца а, бакъо яцарца а шайн вежарий болчу цигарчу къечу ахархошна тIехь суд а, ницкъаш а бечу нохчийн, хIирийн. Мотта тарло, цIий цара хазахета Iеиадо, оцу халкъийн адамийн цIийга сутаралла ю. И хабарш а, эладитанаш а харцдарца Пачхьалкхан думе оха дIахьедо, Кавказан ламанхоша машаречу, паргIатчу дахаре диллина сатуьйсуш хилар, къайлах а, я дарехь а церан цхьана а къомаца мостагIаллий, гамой цахилар а, шайн кхетам бацарца чаьлтачийн декхар кхочушдечу оцу шен цхьа кIеззигчу кIенташца, маршо езачу ламанхойн хIумма а догIуш цахилар а. Нохчийн халкъо доьху, нохчийн халкъо тIедожадо шуна, оцу эхьечу гIуллакхна юкъа нохчий ийзор сацор а, цига дIабигна декъаза нах шаьш биччу ярташка бухаберзор а...»

ТIедогIучу эскарех цхьана декъо дIалецира станци чу догIу урамаш къаьста меттиг. Iаккха цхьана агIор тIетаьIначу пулеме-

тийн ротин командой, вукху агIор тIетаьIначу гIалгIазкхийн ах бIе дошлочой тоьпийн баххаш а, шодмаш а етташ, вокзалехьа кIегардаккха долийра адам.

Юкъ-юкъа лезара тоьпийн декъа йийларш, къора татанаш дора деттачу тоьпийн бахxаша, шакаршца хIаваъ цоьстуш, нехан баккъашна, кортошна, яххьашна етталора гIалгIазкхийн шодмаш. Амма шайн хирг наха а дора дуьхьал. БIаьргаш а цIийдина, хьербевлча санна, тIегIергачу салташний, гIалгIазкхашний цара а деттара тIулгаш а, аьчгаш а, дечгаш — шайн кера йогI-йогIург.

— Нохчий! Мудар! Хезий шуна! Цхьана махкахь, хIорш санначу цхьана мисканашна иштта етта, бакъдолчуьнгахьа болу церан къийсам хьаша дуьгу шуна шу! Эхь хуьлда шуна цига гIонделахь! — ТIаьххьара а мохь туьйхира Iелас, яьшканашна тIера ша чувоссале.

— Накъостий! ХIара воккха стаг нохчо церан кера ма вахийталаш! — Iела шена тIехьа а лоьцуш, мохь беттара къамел динчу оьрсийн белхалочо.

Цхьа сахьт хьалха белхалоша вагонаша хьалхара дIа а баьккхина депо бигна яй, тIехь а, гонахъяьлла а цхьа рота салтийн ха а долуш, балийна юха а вагонашна хьалха туьйхира. Вагонаш Iаьнарла хьерчош, цIогIане мохь а тоьхна, меттахбаьлла, меллаша малхбузехьа болабелира иза. Бевдда хьала а буьйлуш, тохарлера шайн меттигаш дIалийцира хехойн салташа.

Къен велахь, оцу къелло оьздангаллех вохийнехь а, амма Мудар ламанхо вара. Цуьнан дагах мIараш туьйсуш гIуьттура ламанхойн уггар оьздачех цхьа гIиллакх: цо доьхкура царна герз доцчу стагана, иза мостагIа велахь а, герз айар.

«ХIета, тIаме ца дуьгу-кх тхо, — хьоьжура Мудар шена хьалха хIоьттинчу оцу ирчачу сурте. — Оцу салташа, оцу гIалгIазкхаша санна, керахь герз доцчу, ян дуьхьало а йоцчу иштачу наханий, зударшний етта дуьгу-кх. Веза дела, ма доккха эхь ду оха тIелаьцнарг. Амма хIун дан деза? Цхьана шарна куьг а таIийна, схьаэцна ахча ас дайнна. И суна юха дерзалур ма дац... Ас куьг таIийна кехат ма ду полконакехь... ХIинца валахь, лаьцна Сибрех вохуьйтур ма ву...»

ТIаьххьара а цо бIаьргашца лехира Iела. Мударна гира иза, къамел динчу оьрсичунна улло а хIоьттина, цхьа куьг шаьлтанан маквэрна тIе а диллина, вукхуьнца и оьрси шена тIехьа татта а гIертош, шен майра ши бIаьрг салташна тIера ца боккхуш кIегарвуьйлуш.

Ша шена оьгIазваханчу Мудара, ага санна, церган хьакхийра, цо къевлинчу буйнашна кераюккъехь чуйиссийра пIелгийн мIараш. Нахана юккъехь ца хилллехь, зуда санна воьлхур вара иза.

«Мосазза кIегарваьлла иза, хIетте а къар ца луш, хьалхатеIа и болатан стаг, — гIайгIане ойла йора Мудара. — Ткъа сан кийрахь дог ца хилла...»

ХIаъа, Iела хIинца а соцур вац вухаваьлла. Баккъалла а болу къийсам тахана ма болабелла. Тахана кхочушхили цо дукха сатийсинарг, — цуьнан бIаьхаллин накъостий — Аьрзу, Маккхал, Берса, Чора шега мерза сатуьйсуш кхелхинарг: цкъа а церан шеца машар хир боцчу мостагIчуна, оьрсийн паччахьана, дуьхьал цара латточу къийсамехь, тахана дуьххьара шена уллохь цуна хаало оьрсийн накъостан тешаме, онда агIо.

## 14-гIа корта

Суна хийра бу ситем,
Со декхар ву
ДIауьдучу Iалашонна тIаьхьакхна.

Ф. Шиллер.

И аьхке а дIаяхара Гати-юьрта хIара ду аьлла керла хIума ца дохьуш. Цхьа кIира хьалха регIа баханчу нахана Iаьрчхехь, дуо санна веста а вистина, шен тоьли чохь велла Iуьллуш карийра Мусха. Тап аьлла иза дIа а воьллина, цхьана дийнахь тезет-белхар а лаьттина, шолгIачу дийнахь массарна а диц делла дIадирзира и гIуллакх а.

ГIирмера[1] схьа кехат деанера Мударан а. Шаьш могаш ду, бийриг хала къахьоьгуш болх бац, Iелас бийцинчу помещикийн бахамаш ларбичхьана даа-мала а, тIедуха а ду. Амма сагатло. Делахь а, дан хIума дац. ТIелаьцна хан чекх ца яьлча, цIа догIийла яц. Шаьш бертахь я бертаза цIа дало нохчийн ярташна тIера шайна тIаьхьаваийтина Гермачкара Визи Хьомстха лаьцна цигахь набахте воьллина, бохуш яздора цо.

Iусманца ирзе а вахана суьйранна чувеанчу Iелина цIахь шега деана кехат карийра.

БIаьрг ма кхийтти хиира цунна, иза шен накъосташкара дуйла. Кехат Николазера дара.

Цо хIун яздо хьажа сатеснначу Iелас, тIера сов бедар дIа а яккхале, туьлуш лаьтта ламаз а дитина охьахиъна, конверт схьадиллира.

«Суна хаьа, со тийна Iарна хьо оьгIазвахана хир вуйла, хьуна ма хаьа тхан хьал, тхо тхешан лаамехь нах цахилар. Бехк ма биллалахь суна.

Оха хьоьга йиййцина хан тIехIоьттина. Ерриг Россехь яккхийчу шахьаршкахь белхалой герзаца гIаттамна кечлуш бу. Кху аьхка дуьйна хьолахошца къийсам латтош бу тхан ахархой а. Хьуна уьш дерриге а хууш хила тарло. Революцин байракха кIел маршонехьа латточу къийсамехь цхьанакхетта вайн мехкан дерриге а къинхьегаман адамаш. Тхоьца бу оьрсий, гуьржий, эрмалой, азербайджа-

[1] ГIирме — Крым.

наш, украинцаш, ламанхой, кхиберш. Церан массеран Іалашо цхьаъ ю: дерриг халкъашна ирсе, токхе, нийса дахар кхоллар. Амма хьоладайшкахь хІинца а боккха ницкъ бу. Цара питанаш туьйсу къаьмнашна юкъа. Ямарт а хилла тхох дІакъаьстина тхан партехь болчу нехан цхьа тоба. Царех меньшевикаш олу. Большевикех бен ма тешалахь, уьш бу хьуна къинхьегамхошна, къаьмнашна паргІато а, нийсо а лоьхуш. Ткъа Ленинах, оцу башхачу стагах, ас дуьйцур ду хьуна вай вовшахкхетча.

Хьоьга кхаъ боккху ас: вайн Петр дукха хан йоццуш лечкъина цІа веана каторгера. Тхойша цхьаьна ву. Доггах мара а вуллуш, хьан майра куьг лоцуш долчу минотах хьаьгна ву тхойша.

Ткъа хІун деш бу нохчий? Тхуна хезна шун цигахь а гІеххьа девнаш лелха бохуш. Варийлаш, ларлуш хилалаш, шаьш Іеха ма дайталаш. Миша а, Кирилл а маьрша ву, Россехь шайн гІуллакх деш бохку уьш. Датико хІинца а каторгехь ву.

Тхоьгара довха маршалла луо вайн вежаршка-нохчашка.
Хьан кІентий: Петр, Николаз».

Іелас юх-юха а доьшура и кехат... Цунна дицделлера тилла даьлла ламаз а, шен мацвалар. Ца хааделира кІез-кІезиг долуш малхбузехьа регІал тІехьа де къайладолуш а. Цуьнан ойланаш генарчу Гуьржех, лаьмнашца кхерстара. Хеталора и кехат доьшуш шена и шинъ гуш, царшиннан къамел шена хезаш санна.

«ХІунда ца веа шуьшинъ тхо долчу, тхуна хьехар дала, дан дезарг ала. Цигахь шу доцурш кхин а хир бара...» — дагахь къамел дора Іелас цу шинца.

Коьрте хьийзачу ойланашна лаьцначу цунна, сахуьлучу хенахь, сацам тІеэцначул тІаьхьа бен наб ца кхийтира.

* * *

Сибрех волуш Іелас нигат динера, нагахь ша мацца а цкъа даймахка цІа а верзахь, могашалла а хилахь, Хонкара а вахана, цигахь дозанехь вийна дІавоьллинчу шен вешин Аьрзун а, цуьнан доттагІчун Чорин а кешнашна тІехІотта. И шен нигат дицделла Іеш вацара иза. Амма и кхочушдар дІатеттира цуьнга цІа кхаьчча хІокху бухахь карийнчу хьоло. Цуьнан цхьа агІо а ца йоккхуш вахча, меттанаш долчу нахана хІокхуьнна цхьа осала цІе кхуллуш дийца эладитанаш хир дара.

ХІинца Ахьмадций, Айзиций дерг а чекхдаьллера. Нехан эладитанаш а севццера. Сибрех шеца хан яьккхинчу шина накъостера кехат деача, и шен нигат кхочушдан сацам хиллера цуьнан.

Нийсса аьлча, хІара юрт къахьъеллера цунна. Дера, хІокхуьнгара сингаттам хуучу наха мосазза а цуьнга зуда ялор а ма хьахийнера. Юьртара а, гондІа ярташкара а хІокхуьнан хенара а, хІокхул къона а, куьце а, оьзда а зударий ма хьехабора. ХІокхуьнга бахка реза а болуш. Амма Іелас баркалла а олий, гІиллакхехь совцадора

и хабарш. Хилларг шена эхь долуш гIуллакх дацахь а, цуьна хала дара Айзин маре яхар диццан. Ша цхьа моссаза вуьсу цуьнан шен бертаза дагаоьхура шаьшшиннан къона хан, доза доцуш боккха безам, кхолламо къестош, вовшех хьоьгуш, вовшашка сатуьйсуш яьккхина хан. Къанделлачу хенахь шаьшшиннен дегнашна хилла чевнаш.

И чевнаш йолучу хенаца ерзаре сатуьйсура цо. Амма уьш ерзо хан езара. Ткъа къанвеллачу Iелин яц и хан. И чевнаш цо шеца коша хьур ю. Цхьана ханна юьртара дIаваьлча мелла а садекъадаларе дог а дохура цо. АьрзугIеран кешнашна тIе хIоттар а хир. ХIокху лаьмнашкахь керла дарц дала герга ду. Цуьнан морхаш хьийза стиглахь. Нагахь халкъ Iедална дуьхьал гIаттахь, юьстахваьлла Iойла а дац цуьнан. ГIаьттинчу халкъана шен коьрте хIитто майра, хьекъале, доьналла долуш кьонахой оьшу. Тахана Нохчичохь уьш хиларх шек ву Iела. Иттаннаш шерашкахь лаьттинчу, хIорш оьшуш чекхбаьллачу къизчу тIамо а, тIаьхьа паччахьан Iедало къинхетамза хIаллакбина а дIабаьхна и къонахой. Нохчий а бац хьалхалернаш. Цхьаберш кхерабелла кIел севцца, цхьаболчара маршонах догдиллина, биснарш бен доцуш хьуьйсу шайна тIехь латточу Iазапе. Цул сов, халкъана юкъа баьржина дуьненан хьолах Iедало эцца нах. Эпсарш, совдегарш, мехкадай, динадай. Шайн долахь бIеннаш десятинаш латтанаш, туьканаш, эзарнаш кортош даьхний а долуш. Бацош шайн нохчий а болуш. Царна бала а бац Iазапехь доллучу шайн халкъаца. Шайн тайпанца а, шайн гергарчу нахаца а. Уьш кийча бу муьлххачу паччахьна, муьлххачу Iедална гIуллакх дан, цара шайн бахамаш, хьал, даржаш лардичхьана. Цара дуьтур дац халкъ барт хила. Халкъан барт хилахь иза паччахьан Iедална дуьхьал даьлла Iийр дац. Халкъо дIакхуьссур бу шена юкъара бевлла оцу Iедалан ялхой а, церан ялхой а.

И барт бац тахана халкъан. ГIатта-м гIоттур ду, амма юха а эшам хуьлуш доьрзур ду, цIий Iанийна, эзарнаш хIаллак а хуьлуш, эзарнаш махках а бохуш.

ХIун дан деза? Николаза а, Петрос а оцу хаттарна шена жоп даларе дог а дохура Iелас.

ШолгIачу дийнахь шаьшшиъ цхьа висча, шен сийсара хилла сацам кIанте бийцира Iелас.

Iусман воьхна хьаьвзира.

— Цигахула лела могашалла ма яц хьан, дада. Иза гена некъ ма бу.

— Могашалла-м, дала мукъалахь, хIинца цкъа дика ю сан. Ткъа геналлех дерг аьлча, ас Сибрехара цIа биначу некъаца буьстича, Хонкара болу некъ уьттазза боца бу. Гуьмсехь цIерпошта тIе хиъча, цхьана-шина дийнахь дозане кхочур ву со.

Ден нигат дохо а ца лаьара Iусманна. Амма массара велларг лерина вицвина, дала шайна схьавелла да дIахеца а ца лаьара. ХIинца вахча иза вуха ца варна а кхоьрура. Къена ма ву иза. Iо-

жалла а ма ю къоначарна а, могашчарна а тІаьхьа хІоьттина лелаш.

— ХІета, хьо Іание а ца Іахь, гІур ву вайша.

— Со со воьду.

— Дера ца воьду со а воцуш-м.

— Хьан цІера волийла дац. ЦІахь а, кхаш тІехь а болх бу.

— Хьеха ма делахь!

— ХІан-хІа, Іусман. Со суо вахана вогІур ву. Балхал сов, ша синтем боцуш зама а ю хІара. Хьо доьзалца цІахь хила веза. Ткъа суна са ма гатде. Даламукъалахь, могаш ву. Суна шера оьрсийн а, Іарбийн, туркойн меттанаш хаьа. Гуьржашца бийца церан мотт а хаьа. Гена некъ ма бац иза. Цхьа бутт балале цІа вогІур ву со.

Деган цхьана кІоргехь халла хаалуш кхераман пха бетталора Іусманан. Даго диканиг ца хьоьхура. Амма деца къийса бакъо а яцара. Ахьмаде орца ала сацам бира цо...

* * *

Іела Хонкара воьду боху хабар сиха даьржира юьртахь. Ахьмаде а вуха ца ваккхавелира иза шен сацамна тІера. ХІара зама синтеме йоцу дела, новкъахь цунна цхьа бохам хиларна кхоьрура дуккха а нах. Амма ІабдигІарна боккха кхаъ хиллера цунах. Цхьана ханна иза кхузара дІавалар а маслаІат хетара царна. Цигара иза вуха ца варе дог а дохура.

Іела кхана новкъа волу аьлча, тховса суьйранна цуьнан хІусамехь мовлад деша гулбелла нах, Іела могаш-маьрша цІаверзор доьхуш доІанаш дина, цуьнан Іодика еш дика мел дерг аьлла, дІабахара. ТІаьххьалц иза волчохь севцира Ахьмад, Лорса, Доша, Солтха, кхин масех а.

Іелас царна дийцира шаьш Хонкара кхалхар, цигахь шаьш лелийнарг, лайна халонаш, хьегна баланаш, тІаьххьара а даймахка цІа верза новкъа ваьлла ши эзар сов нохчо дозане кхаьчча туркоша тІе яккхий тоьпаш а етташ вухаверзор а.

— Эрчонаш дукха гина вайна. ТІамехь. МостагІаша вайн ярташ ягош, зударий, бераш дойуш а. Амма оцу дийнахь цигахь хІоьттана сурт ша тайпа дара. Хийрачу махкахь мацалла ца дала шайн даймахка цІа гІоьртина ши эзар сов адам. Къена нах, зударий, бераш а. Адамаш аьлча а, адамийн чархаш яра-кх. Чохь синош ду аьлча стаг тешар а воцуш. Царна дуьхьал даьхнера туркойн а, оьрсийн а эскарш. Уьш шайн даймахка цІа ца берзийта. ГІуллакх оьрсашка ца долуьйтуш, тІе яккхий тоьпаш етташ буханехьа лаьхкира уьш туркоша. Уггар хьалха вуьйжира Чора, тІаккха Аьрзу. ТІаккха и тогІи юьйдира зударийн, берийн декъаша...

Турце кхелханчийн кхоллам буьйцу-м дукхазза а хезнера чохь

болчарна. Амма цул тӀаьхьа иттаннаш шераш девлча, и дерриг шен бӀаьрга гиначо дуьйцуш лерана ладоьгӀура цара.

— Бусалбанаша бусалбанашна тӀехь и къематде хӀоттийна бохучух тешар вацар-кх со, Ӏела, иза кхечо дийцинехь! — элира Дошас. — КъорӀано дихкина ма ду бусалбано бусалба вер...

— Дуьне къийса боьлча хержац бусалба а, керста а, — юкъавуьйлира Лорса. — Бусалбанаш хилла ца Ӏеш, цхьа нохчий долу вай а дац ткъа вовшийн дойуш. Шемалан заманахь вовшех лийтира тайпанашка а декъаделла. Ӏаьлбаг-Хьаьжа имам ваьллачу хенахь цунна дуьхьал леташ а бара нохчий. Хьолахошна, динадайшна тӀаьхьа а хӀиттина. Тахана вайга безам болуш Ӏеш бу ткъа ӀабдигӀар, ХьуьсагӀар?

— Туркойн эскарша тхуна тӀе яккхий тоьпаш еттарх туркойн халкъ бехке дац мегар дац, — элира Ӏелас. — ХӀетахь цига кхелханчу масех бӀе эзар ламароша Ӏаламат халчу хьоле хӀиттийнера бухара туркой. Шаьш мел къен-миска белахь а, тхуна гӀо дора. Кхачанций, цӀепошций. Массо агӀор а тхан дог эца гӀертара. Дозанехь тхуна и бохам хилча орцах баьхкира гӀондӀара туркой, курдой, гуьржий, эрмалой а. Байнарш дӀабухкуш гӀо а дира, диййна биснарш кӀелхьара а бехира. Цхьана къоман кӀеззигчу нахах зулам даьлча и къам дерриг бехке до. Ткъа оцу къоман кӀеззигчу наха дина дика церан шайн цӀарах кхайкхадо. Вон халкъаш дан а дац дуьненахь. Амма хӀор халкъа юкъахь зуламе адамаш ду. Нохчашлахь а хӀумма а кӀезиг дац ямарт, зуламе, оьзданаллех доьхна адамаш. Халонгахь девза адамаш, Сибрех соьца лагерехь бара массо къаьмнех нах. Майра, оьзда, хьекъале къонахой а бара царна юкъахь дуккха а, амма адамаллех цхьа чо боцурш а бара. Дерриг а дала кхоьллана ду-кх вай. Диканаш а, вонаш а.

Къамелаш хьаьвззина тахана Нохчичохь хӀоьттинчу хьола тӀе девлира.

— Цхьацца ярташа Ӏедална ечу дуьхьалонех хӀун хир ду-те, Ӏела?

— ТӀехь ла ца даллал Ӏазап, харцо а латтош хилча дуьхьало ца еш таьӀна Ӏар лайн амал ю. Амма и дуьхьало муха а, маца а ян хаа деза. Вайн цхьа декъаза амал ю. Даима герзаца, майраллица вайшна маршо яккха гӀертар. Цундела даим вай оьшуш доьрзу. Эшна ца Ӏа, хӀаллакьхуьлу. Цкъа мукъане и маршо хьекъалца яккха гӀорта дезара вай. Цхьадолу халкъаш ша-ша гӀовтту, Ӏедало уьш хьошу. ТӀаккха раж кхечаьрга кхочу. Бусалбанаш, керстанаш ца къестош, вайн санна Ӏазапехь даллочу кхечу къаьмнашца барт а бина, ницкъаш цхьана а тоьхна ца гӀовттахь, Россерчу цхьана а къомана шенна маршо яккхалур ма яц.

— И барт хир буй ткъа къаьмнийн?

— Хилийта гӀерташ къахьоьгуш цхьа нах бу Россехь.

— Дала аьтто болда церан.

— Кхечу къаьмнашца барт хилар-м хьехочохь а дацара. Вайн нохчийн шайн барт хилахьара. Цкъа тайпанашка, юха вирдашка а бекъабелла вовшашца хьагI-гамо лелайо. Цундела, вайна тIехь атта олалла латтадо муьлххачу Iедало а...

Хьешний дIабоьлхуш цхьана минотана тIаьхьа сецира Ахьмад.

— Iела, дукха-м доьхура ас... Вайнтахьа со хьайца?

— ХIан-хIа, Ахьмад. ХIара зама карзахе ю. Нагахь цIеххьана дарц далахь хьо оьшур ву кхузахь. Буьрса дарц, мох баьлча къоначу диттийн хьун таьIа царна юккъехь Iаламан ницкъо дахчийна къена, зоьртала пепнаш, нежнаш ца хилча. Хьой, сой саннарш хила беза маршонан къоначу кIенташна юккъехь. Царна къонахаллица, майраллица, собарца масал гайта. Суна са ма гатде, цхьа бутт балале вухавогIур ву со.

Оцу буса массеран Iодика а йина, Iуьйранна са ма-тессинехь новкъавелира Iела.

Ша новкъаваьккха цхьа а ца вайтира. Шеца цхьаьна регIа бевлла Ахьмад, Солтха, Доша, Лорса, Iусман цIа а хьовсийна, масех минотехь цигахь сецира иза.

Уггар хьалха цуьнан бIаьрг сецира Iаьрчхехь массарех къаьсташ лекха, зоьртала лаьттачу попанна тIехь. Цуьнан бакъабала боьллачу бохьан дерзиичу ган тIехь Iара Iаьржа маккхал. Оцу попа кIел ваьлла иза дуьненчу. И йоккха, юькъа пепиийн хьун хилла цунна дуьххьарлера цIа. Гобаьккхина гуш йолчу хьаннаша, нанас санна, дола деш, кхиийна иза ткъе иттех шарахь. Цунна евза оцу регIахь массо меттиг. Дагна хьоме ю хIора кол, гу, ор, Iин... Кхечарел башха, гергара ю кхузара стигал. Даим боьлуш, ша хьоьстуш, эсала хьоьжуш хета малх. Ткъа латта? Маржа даймехкан латта яI! Жимчохь ненан некхах къаьстиичу берах тера хуьлу-кх хьох хьаьдларг. Ма дукха деза-кх хьо мискачу Iелина, ма дукха хьегна хIара хьох. Хьан дуьхьа шайн цIий Iенийна, хеназа хьан кийра бирзина цуьнан дай, вежарий, кIант... Хьоьга сатуьйсуш цхьа буйн латта шен беснн кIел диллина хийрачу махкахь лаьттах вахана Аьрзу. Маса, маса эзар воьжна хьан дуьхьа, маса эзар вужур ву шайн бераш маьрша, машаре хьуна тIехь дахийтаран дуьхьа!

Iела, ша волччу бертал а воьжна, лаьтте шабаршца къамел дан вуьйлира:

— Со вина сан нана, со кхиийна сан да, тхан цIийца хьандина даймехкан латта! ХIинца кхозлагIа букъ туху-кх ас хьуна, хIинца кхозлагIа воьду-кх со хьуна чохь са а дитина. Амма со вухавоьрзур ву, хьан маршонехьа къийса. Вухавоьрзур ву дийна ца верзахь, велла а. Хьан кийрахь бен карор бац суна синтем, хьан кийрахь бен хетар вац суна со ирсе. Нагахь вайна юха ган ца доьгIнехь, марша Iойла шу, хьоме латта, хьаннаш, ас декъаза бералла гекхна меттигаш!

ТIаккха схьаэцна цхьа буйн латта шен чоьн бустамийн патарми

чу а доьхкина, хьала а таьIна, кхин цкъа гонах бIаьрг а тоьхна. чоьнан ши тIам доьхкарх а боьллина, хьалха дIаволавелира.

Иза воьдура дIаса а ца хьоьжуш, чехка. Саца а ца соцуш, цо наггахь нисбора шен гира гатанан пIаьлдиг. Иза бара ша Сибрехара цIа вогIуш Iаьнан оцу шийлачу буса цо юьрта беанарг.

Некъ хьуьнах буллучохь саца а сецна, кхин цкъа а регIа бIаьрг а тоьхна, волавелла иза къайлавелира.

Попан бухь гIехь Iен маккхал, дIаса а хьаьжна, шозза-кхузза сигаттаме мохь а тоьхна, гIаьттина хьала яьлла, хьаннашна тIе хула хьийза елира.

ЦIеххьана баьллачу чехкачу мохо тахкийра къена хьун Цо идо дитгийн можа гIаш хIаваэхь керчаш лаьтта а оьгий, оьрнашна чуй, коьллашна кIеллий лелхаш соьцура.

Стиглахь цIеххьана Iаьржа морхаш гулъелира. Генахь къосаз за а ткъес къегира. Дуьне къардан санна, къевкъира стигал. Лаьтта эга доьллачу догIанан даккхийчу тIадамашна новкъахь чан гIаттийра.

Оцу сохьта хийцаделла дIахIоьттира Iалам.

Ткъа воккха стаг дIавоьдура. Цунна тIехула мохо сеттош, вовшех хьекхош цIийзаш, тийжаш техкара къена хьун. Юьхьа дуьхьал деттара догIанан дарц. ТIаьхь-тIаьхьа хотто дIалоцура когаш. Амма цо болар ца лагIдора. Мохо ловзадора башлакхан тIемаш Мотталора, иза Iаламан ницкъо айина вуьгу.

Дуьхьал хIуьттура тIеман ялхийтта шеран буьрса денош. Лерехь декара Аьрзун весетан дешнаш. Цо ша дIакхойкхуш санна хетара...

## 15-гIа корта

> Ша-ша вай кIезиг а, гIорвсиз ду,
> Ткъа бертахь катохахь, лам ластор бу.
>
> К. Хетагуров

Дерриге а доладелира, докъан пхьор хиларшна, Инарлин говрашна тIехула. Буьйсанна дIахоьцу уьш Хьомсаркъин жимчу ирзу тIерачу хьаьжкIашна юкъа йоьлхура. Цара оцу юккъехь хIоттийнарг дийр дацара хьакхарчаша а. Цкъа а, шозза а, кхузза а элира Хьомсаркъас Инарле и говраш ма лехка цига, шен е а ноцу хьаьжкIаш хIаллакйо цара. Амма Инарла дуьхьал жоп дала а ца вешира. Ткъа цхьана Iуьйранна лехча Инарлин шиъ говр ца карийра. ГIеназа яйра уьш яхана а, евлла а лар йоцуш. Къолина бехке а вина, Хьомсаркъа Iедале дIакховдийра Инарлас. Оцу тIехула даьллачу девнехь Инарла а вийна, Хьомсаркъа Зеламхах дIакхийтира.

Амма оцу тIехь чекх ца делира Инарлин говрийн беркат дацар.

Шена салтийн отряд а ялош, юьрта веанчу пурстоьпо лецна бигна Сибрех хьовсийра Хьомсаркъин гергарчу нахах масех боьрша стаг. Герз лаха цIийнах хьовсу аьлла бахьана а дина, талораш дан боьллачу салташца даьллачу девио обарг ваьккхира Доша а. Шен йоIаца забар ян гIоьртинчу салтичунна, герз схьа а даьккхина, гIиба валлалц йитинера цо. Оцу тIехула ша лаца хьовзийча, доьзална цIера аравелира иза а.

ХIетахь Гати-юьрта веана Хамов хIумма а юьхькIам хилла ца вирзира юха. Кхуза вогIуш цо чIагIо йинера Абубакаран Iела а, Солтин Солтха а лаца. Амма и шиъ лар йоцуш тIепаза вайнера. ЦIийнах хьаьжча карийнарг хIун ю? Итт патармица цхьа бердаңг, азиатски кхо топ а, тиша бархI шаьлта а, ши тур а. Берданган да ларьцна Ведана дIавигира цо. Амма цунах кхачо ца хилира округан керлачу начальникана полковникана Галаевна. ДIадаханчу Iай шозза УьстаргIардойн эвла гуламе гулвеллачу масех эзар стага сацам боллуш дIахьедарца областан начальникан инарлин Колюбакинан дийзира къизалла цIе яхана Ханжалов мукъаваккха. Бакъду, дукха болх бан кхиале Зеламханан керах Iожалла хила хьаьхна кхуза нисвелла Галаев а вацара цуьрриг дог кIеда а.

Къаьмнашна юккъехь хаддаза мостагIалла латтор Росси чоьхьарчу шен политикан коьртачу Iалашонех цхьаъ йиччу паччахьан правительствос къаьсттина лерина дIакхоьхьура иза Нохчичохь. Кхузахь шен къиза тIеман-колониальни урхалла латтадора цо гуьржийн а, эрмалойн а, кавказски кхечу къаьмнех болчу нехан куьйгашца. Ткъа оцу къизчу администраторшка нохчийн болу цабезам а, мостагIалла а уьш схьабевллачу къаьмнашна тIе баьржира. Дукха хан йоццуш кхузара дIаваьккхиччу дегIастанхочун Ханжаловн метта ванйтина хIара Галаев а вара хIирн.

Хамов тешна вара цуьнгара ша выговор оьцург хиларх. Иза кийчча долуш дара. Хамовн дог дохийнера кхечу гIуллакхо. Ша бохург ца хуьлуш шен отрядаца цхьаьна Гати-Юьртара дIавоьдучу Галаевна тIе тIулгаш кхийсира Самби-кIотарарчу бахархоша. Царех цхьаъ пханарех кхетта, букъ лозуш вара пурстоп ша.

Мятежни Гати-юьртана таIзар дарехь доггах гIуллакх ца дарна а, кхузара коьрта ши бунтарь кIелхьарвалийтарна а Хамовна выговор а делла, и гIуллакх шен кара лецира Галаевс.

Стомара юха юьрта веанчу Хамовс, нах майдана а гулбина, царна дийшира керлачу хьаькаман приказ:

«...Цуьнан Воккхаллина ерриг Росси... императорна, цуьнан цIенна дуьхьал, цуьнан Iедална, цо хIиттийнчу порядкашна дуьхьал яьллачу мятежни Гати-юьртана тIе дожадо:

§ 1

Нисса итт де делале 100 топ а, царна ши эзар патарма а, 500 шаьлта а, 50 тур а Веданан гIопе охьадиллар.

§ 2

Яланза йисинчу хIор тоьпа тIера 50 сом, тур-шаьлтанна тIера 10 сом, патарми тIера 50 кепек ахча далар.

§ 3

Герз дIаделлачул тIаьхьа цIийнах хьаьвсича нагахь кертахь я керахь герз карадахь, и дIадаккхарал сов бехкечуьнгара гIуда даккха:

3-линейни тоьпана 300 сом
Японски тоьпана 200 сом
Бердангина 100 сом
Нохчийн тоьпана 50 сом
Тапчина 50 сом
Туьрна, шаьлтанна 20 сом
Патармина 50 кепекан тIера 3 соьме кхаччалц.

§ 4

Юьртана тIехь долу 5104 сом пачхьалкхан а, Iедалан а декхар итт де далале охьадиллар.

§ 5

Нийса итт де далале, Абубакаров Iела а, Солтаев Солтха а, Султхьаьжиев Доша а, Сулиманов Хьомсаркъа а лаьцна Iедале схьавалар.

§ 6

Тоьхначу хенахь хIара приказ кхочуш ца дахь, Гати-юрт йохийна лаьттаца шаръян.

Веданан округан начальник.
Полковник (*Галаев*)

Юьртахь хиллачу оцу хьовр-зIовро Соьлжа-гIала базара валийна Янаркъа, ша деанчу пхеа вертанах диъ бархI-бархI соьмах дIа а доьхкина, диснарг белша тIе а кхоьллина, оьцуш стаг валаре хьоьжуш вертанаш духкучийн могIарехь лаьттара.

Селхана делкъал тIаьхьа Гати-юьртара схьа гIаш пхийтта чакхарма некъ бина Гезлойн станце а веана, цигахь хьешашкахь буьйса а яьккхина, сатоссуш йогIучу цIерпоштахь, малх лакха баьллачу хена схьакхаьчнера Янаркъа. Ша цIера ара ваьлчхьана вогуш веара иза гIала. Некъах цуьнан догдаьккхинарг иза кех ма

велли дуьхьалкхетта Мандатан еса кIудал яра. Хих юьзна гехь шийтта кIудал хилча а иза ша тоьар яра стеган некъ эгIо. Кхин тIе а догдохийра цуьнан сийсара гинчу вочу гIено. Дукха адам, цара буьйцу и ца кхета мотт, дов, цIий. ГIенах цIий гар-м дика ду бохура, делахь а, Янаркъа реза вацара оцу гIанна.

Схьакхаьчча кхузахь цунна хезна хабар а дацара хIумма а дагна там беш. Базара баьхкинчу наха дуьйцура салт баьхначу гIалгIазкхаша ши-кхо де хьалха шаьш тIехь долу цIерпошт Несарехь сецча, цунна гондIара гIалгIайн ярташ талийна, цигахь баьллачу тIамехь дика гIалгIай а, гIалгIазкхий а байина бохуш. Амма, дийцарехь, кхерам тIеттIа герга гIертара. Сийсара шаьш Соьлжа-гIала ма-кхоччура, тIе мел нисбеллачу ламанхошна етта буьйлабеллачу цара цхьана чIебарлочунна чIогIа чов а йина. ГIалахь муьйлуш, талораш деш лелаш а бу бохура уьш.

Янаркъин ойла дукха ца лаьттира оцу эладитанна тIехь. Цуьнан кийрахь кхин беза бала бара.

Янаркъина тIехь а дара Iедалан тоъал декхар. Налогаш, гIуданаш дерриг цхьана тоьхча, ялх туьман диъ сом ах сом ахча. Iалелай, мел дукха ахча ду-кха иза Янаркъина! Мел дика а цхьа етт. Ткъа Янаркъин кертахь-х дац цхьа аьттан цIоьллик йоцург беа коган хьайба. Янаркъа а, йоккха стаг а хене доккхург цаьршиннен къена куьйгаш ду. Тохара, цхьа итт-пхийтта шо хьалха-м шарахь ткъе пхиъ верта дора царшиммо, хIораннан мах туьма а болуш. Амма хIинца дегIехь ницкъ бац. Йиттаннал тIех верта ца дало. ТIехула тIе, хьалха цара уьш шайн тIергIах дора, хIинца уьстагIий а дац шайн. ХIара карахь долу верта дохкалахь диъ туьма хуьлу цунна. Цхьа туьма мукъана а шенний, йоккха стаганий Iаьнна духарна ца дайнча ца долу. Миска, кIнвж йолу коьртали далахь бохуш йисина йоккха стаг. Шена хIума ца эцна а, цунна кортали дахьа деза. Цхьа кхо туьма мукъа а цIа кхачалур дац техьа. Ах декхар тIерадоккхур дара цо. Амма и ялх туьман диъ сом ах сом дIаделча а хилац гIуллакх... Герз а, ахча а доьху. Янаркъин яц аттала нохчийн топ а, я тапча а, еккъа цхьа тиша шаьлта йоцург. Иза дIаялларх вуьтур ма вац. Юьртана бIе топ а, пхи бIе шаьлта а, шовзткъе итт тур а, ши эзар патарма а тоьхна. Янаркъина шера хаьа шайн юьртахь итт стеган бен оьрсии, японски топ йоцийла. Царех шиъ Дошицин, Хьомсаркъицин хьуьнах яхана. ХIан, йолчу дайша важа бархI дIаелча а ма юьсу юьртана тIехь езткъе шийтта. Уьш эцна яла еза, я церан метта хIоранна тIера пхиппа туьма ахча дала деза. Мел хуьлу иза? Хьанна хьаа иза лара! Цул сов, шаьлтанаш, тарраш, патармаш ду. Лаххарчу хьесапехь а исс-итт туьма дужу Янаркъина тIе. Дерриг лерича — ялхийтта туьма. Иза такха долахь, дууш-молуш а, духа-оьцуш а доцуш, шина ша рахь къахьега деза царшиммо...

Амма гатиюьртахоша лур дац Iедална я и декхарш а, я герз а. Нохаяхь йохонда шена церан юрт. Амма цара дуьхьало ца еш-м

доккхур дац салташа ур-атталла кертах чӀеш а. Иштта бу церан юьртан гуламан сацам.

— Эткаш хьанна еза! Дика эткаш! ЧӀогӀа эткаш! Эткаш езарг схьавола! — сих-сиха мохь тухура Янаркъина уллохь лаьттачу векъана, бесачу оьрсичо, шина эткан бертигашна чу куьйгаш а доьхкина, церан айраш вовшах а детташ.

Стигала кхолайоьлча сагатделира Янаркъин. Нагахь и дисина верта хьалхехьо дохкалахь, оьцург а эцна, цӀа ваха ойла яра цуьнан. Амма оцу дисинчух цхьаммо а ялх соьмал тӀех ца лора. Муха лур дара иза оцу мехах. Поккхачу стага буьззинчу батгахь хьегна къа. Вукхарел ледара-м дара хӀара. ВорхӀ ах делча-м лур дара цо иза.

— Вон ду вайшиннан гӀуллакхаш, ваша, — элира эткаш юхкучу оьрсичо. — Вайшиннан товар дорах деза массарна а. Ткъа сан цӀерачу хӀорш йохкаре хьоьжучу бархӀ къамкъарган бала бац цхьанна а. Эткаш езарг вала! Йорах дӀало шуна!

ХӀетталц паргӀат мах беш хилла базар, нохийнчу знигатийн гуьйлигах тарлуш меттаххьайра. Янаркъина гора нах шайн хӀуманаш дӀа а лоьӀуш, уьш пхьаьрса кӀел юхкуш, ги а етташ базарара дӀауьдуш. Дехьо, ялташ духкучу могӀарехь гӀовгӀанаш евлира. Цигахь ялташ духкурш дукхахберш нохчий хуьлу дела хӀун хилла техьа аьлла, сагатделира цуьнан.

— Хьажал хьо, ваша, и схьагӀерта бехна гӀалгӀазкхий, — муьшка йира Янаркъина эткаш юхкучо. — Тхан станичникаш бу уьш. Слепцовскера. Хьалдолчех. ЦӀахь а, арахь а синтем бац-кх цаьрахьара. Хьажахьа, хьажахьа! Со велла волийла царна хьалха ваьлла вогӀург жулик яцахь! Суна сайн шина бӀаьрга ма гина, цкъа къоланна тӀехула иза лаьцна вуьгуш! Диканна ца гӀерта уьш схьа. ДӀаваллий вайша кхузара?

Оьрсийн мотт ца хаахь а, Янаркъа кхийтира, шен лулахочо цуьйцург нах дӀаса а туьттуш, воьлуш, терсаш, базара юкъахула шайна схьа тӀегӀертачу пхеа стагана реза воцуш дуьйцуш хиларх. Ламанхойн духарна вухавелла коча тийсинчу таррашца волу виъ гӀалгӀазкхи вуйла хиира Янаркъина бӀаьрг ма-кхийтти. Ткъа царна хьалха иккхина вогӀу лекха, зоьртала стаг гӀалахойх вухавелла вара. Янаркъина а ца везавелира, бехна хьерабевллачу нехачех тера доцуш бӀаьргаш цӀийделла, догӀмаш ца лелалуш, техкаш, кхийсалуш вогӀу цунна тӀаьхьара виъ гӀалгӀазкхи. Царех бӀаьрг ма-кхийтти Янаркъина дагадеара ши-кхо де хьалха Несарехь а, сийсара вокзалехь а хилла дов.

— ХӀан, дед, верта духкуш ду хьан? — Янаркъин белшах кхозучу вертанна пӀелг Ӏоьттира хьалхавогӀучо. — ХӀун доьху ахь?

— Один червон. Цхьа туьма.

— Ӏовдал, хӀокху истангах туьма хьан ло? Иштанехьа схьало. ХӀа, дӀаэца, кӀентий, шуьгахь товш хир ду хӀара.

Янаркъин белша тӀера верта озийна схьа а даьккхина, гӀал-

гIазкхичун кара тесира лекхачо. Уьш шегара верта эца гIерта моьттуш, цара дуьйцучух ца кхеташ Iийна Янаркъа, уьш верта а эцна дIабуьйлабелча, кхийтира дерригенах а. ТIаьхьа а хьаьдда, хьаьрса стомма, лохачу гIалгIазкхичун пхьаьрса кIелхьара шен верта катоьхна схьа а даьккхина, маракъевлира цо. Амма схьавирзиничу гIалгIазкхичо, эрабугIано санна ворта а саттийна, чухьаьдда чоьже буй тоьхна, кхоьссина аркъал вахийтира иза.

— Аш хIун до, станичникаш! Мича бехкенна етта аш оцу мисканна! Делах мукъа а кхера... — мохь оьхура эткаш юхкучу гIалгIазкхичун, амма лекхачо тоьхна аркъал вахийтира иза а.

— Вежарий! Етта нохчашна!

— Етта ордина!

— Уьш бахьанехь дуьгу вай эскаре!

— Етта акхарошна!

ШолгIа тоьхначо синкхетамах ваьккхина Iуьллучу Янаркъина ца хезира гIалгIазкхаша хьоькху акха маьхьарий, ца хаалора уьш шена тIехь хелхабуьйлуш а...

* * *

Синкхетаме веъча, ша цхьана ца евзачу хIусамехь карийра Янаркъина. ОхьатаIIош шен хьаьжа тIе диллина хица шелдина гата дIа а теттина, чухула дIаса бIаьрг туьйхира цо. Кху чохь дерг цунна цкъа а ца гиначу кепара башха дара: стол, гIант, иза тIехь Iуьллу лекха гIовлеш йолу сетта маьига а, сонехь тIехула гата а тесна кхозу икона а. Уллорчу гIанта тIехь лаьтта хи чохь доккха йозан зока. НеIарехь кхозучу бедаршна юккъехь шен чоа а, куй а, цIенкъахь неIармачаш а гира цунна. «Ванах, со мичхьа ву? ГIенах ду хIара я самах ду техьа?» — ойла йора цо шех хиллачух ца кхеташ. Корах чу кхеттачу маьлхан асано цхьа тамехь бохбинера цуьнан аьтту агIо. ЦIа чохь хIоьттиничу оьрсийн чомечу мекхан бепиган хьожа чуузуш мерах са а даьIна, богу кийра тебан хи мала дагахь ха харца гIоьртира иза. ТIаккхий бен ца хиира цунна шен дегIера хьал. ДIаметтах мел хьайиначу межено иназре чIогIа лазар кхарстадора дерриге дегIе. Деккъа цхьа аьтту куьг дара хIума кхетаза паргIат лелаш.

КIез-кIезиг хIуттуш цуьнан кхетамехь меттахIоьттира селханлерчу дийнан сурт. Амма, муха кхаьчна техьа иза хIокху хIусаме? Хьаьнгахь ву техьа иза? Цуьнан верта а дац гуш. Цунах хIун хилла-техьа? Ванах, даьхьи-техьа иза гIалгIазкхаша? Иза-м дайча а хIун дара, ахча мукъа хилахьара кхуо диллинчохь. Хьала а гIаьттина хьожур вара. Амма хьожийла дац. Цкъа делахь, дегI лозу, шолгIа делахь, хьаьнгахь, мичхьа ву а ца хууш бакъхьа ма дац чухула дIасалела.

Дукха хан ялале неIарх чоьхьаелира ткъе пхийтта шо хенара безамехь зуда. Самаваьлла Янаркъа гича, шен да гича санна, хазахетта тIехьаьдда цунна улло гIанта охьахиира иза.

— Хьо-м сиикхетаме веъна! Муха ду хьан дегI? Дукха лозий?

— Харшо. Якши. Дика ду, — цо хоьттучух кхетта, шена махуъу жоп луш, цергаш йоцу бага йоккха гIатта а йина, дог цIена велакъежира Янаркъа.

— Далла бу хастам, хьуна гIоли хилла, — елха озийра зуда. — Сой, сан майрий тIекхаьчча, халла хаалуш садоьIуш, велча санна, Iуьллура хьо. Суна-м хьо велла моьттура. Верриге цIийший, чевнаший а вуьзна, Iаржвелла... Кхераелла, маьхьарца кIегар иккхира со. Федяс шена гIо дар дийхира. ТIаккха, цуьнан доттагIчой — оха кхааммо айбина юьстах ваьккхина, цIан а вина, извозчик а лаьцна, цIа валийра хьо. Сийсара хан яллалц харц луьйш вара хьо, тIаккха буьйсанна юккъехь набарна дIатийра. Оцу сий доцчу акхароша шуна тIехь хIоттийнарг ирча гIуллакх ду. Хьо-м дийна висина. Байинарш бу.

Зудчо къамел дора цкъа елха ийзош, тIаккха екхалуш, шен ховха куьг сих-сиха Янаркъин хьаьжа тIе дуьллуш, тIера юргIа нисдеш. Ткъа Янаркъас, цо дуьйцучух ша ца кхетташехь, леррина ладоьгIура цуьнга, иза елаелча велакъежаш, елха озийча кхоьлаш.

— Сан цIе София ю. София Ивановна, — бохура зудчо шен некха тIе куьг а детташ.

— Сопи, Сепият. Нохчий цIе ю хьан, — воьлура Янаркъа, юхьюха цуьнан цIе а йохуш.

— Ткъа хьо мичхьара ву, дедушка?

Дукха а къахьегначул тIаьхьа Софиян хаттарх кхийтира Янаркъа.

— Гати-юьртара ву со.

— Юьйцу ца хезна суна. Схьахетарехь, кху гонах яц и юрт. Гена хир ю иза. Лаьмнашкахь.

— Гена ю. Далико.

— ХIумма а дац, дедушка. Карор ю вайна хьан юрт а, Федяс шеца балхахь волу цхьа нохчо валор ву ша цIа вогIуш. Хьамзат ю цуьнан цIе. Тхан доттагIа ву иза. Дика кIант ву, оьзда. Шера оьрсийн мотт а хаьа. ХIинца митингехь ву и шиъ. Базаран майданахь. Цига гулбелла гIалара белхалой а, ярташкара баьхкина нохчий а. Суна а лиира Федица цига яха. Хьоьга хьожуш цIахь йити. Тхойша гIала деана а ма яц дукха хан. Червленерчу гIалгIазкхех ду тхойша. Латта а дацара, йожа сту-говр а дацара. Ткъа доьзал хене баккха дезара. Пхиъ бер ду тхойшиннан. ХIетахь-м кхоъ бен дацара. Диъ шо ду тхойша схьакхелхина. Федяс промыселехь нефть доккхучохь болх бо, ткъа ас бедарш юьтту. Алапа кIезиг ду. Иза а чомахь кара ца кхочуьйту. Мацалла ца дала, сагIа а ца деха гIерташ цхьаццa лол бетта. Таронашна-м хIун ден дара, берашка дешийталахьара. Вокххах волчу кIентан итт шо ду, доьшуш вац. Школехь доьшуьйтург мах боккху. Ткъа алапа тхуна юхучунна хьовха, мегарг юучунна а ца тоьу. Массо хIума деза ду. Чудуьйла,

Митя, дедушка самаваьлла. Хьуна гIовгIа ца яйта, лула ловза бахийтинера ас хIорш. ХIара воккхачул жиманиг ву тхан. Ма кхера, схьачувола. Урамехь дуьйщуш хезна, нохчий къиза адамаш ду, цара нах бойу бохуш. Бераш цецдаьхна вочу адамийн меттанаша.

ТIеюьйхина тиша, амма лерина летийна боьзан цIена ехо коч, йоца хеча а тIехь, коьрта Iуьйра, хьаьрса жима кIант, неIарх чоьхьа а ваьлла, корта а таIийна, кIелдIахула Янаркъе а хьоьжуш, неIарехь сецира. Цунна тIаьххье неIарехула гучубелира жимчу йоьIан хьаьрса корта.

— Чуйола хьо а, Марина. Дедушкас-м хIумма а дийр даций. ХIара дика стаг ма ву. Нохчий вон нах бу бохучара дуьйцурш бакъ доцийла хуур ду шуна Шун папа а, дядя Хьамзат а санна, дика адамаш дай хIорш-м. Дуьло, маршалла хатта дедушкига.

ТIе а деана дIахIоьттинчу шина берана ша хIун там бийр бу ца хууш царшиннан коьртах куьг а хьаькхна, хIусамнене шен гIовтал схьайиийхира Янаркъас. Йоккхастага базарна аьлла, машин йоккха йома а латош динчу гIовталан чухуларчу кисана куьг Iоьттира цо. Ахча меттах ца хьадинера. Лерана шед беш бехчалга юкъа хьарчийна цIера деана цхьа сом кегийра ахча схьа а даьстина, берашка дIакховдийра цо.

— ХIун до ахь! — мохь белира иза дан гIертачух кхеттачу ненан.

— Кампет кушайт.

— Ца оьшу! Мегар дац! — Янаркъин куьг юхатеттира Софияс, амма дехарица а, сацам болуш а шега хьаьжначу воккха стеган дог цIенчу сийначу бIаьргаша иза сацийра.

— Веза дела! Оццул ахча берашна! Муха мегар ду иза. Иттех кепек елча а цхьа хIума дара. Дийнна сом! Хьанна хаьа, иштта гIиллакх хила там бу церан. ТIаккха иза дохадойла яц. Ой, со а ю хаза! Лазархочунна чай дала а диццелла, хIоккхуза бага етташ Iа!

Дукха хан ялале цIа веара хIусамда Федор Тимофеевич. Дезочу дегIара, горга юьхь, дуькъа Iаьржа мекхаш, жухара бIаьргаш, метта буьххьех лер долуш волчу цуьнга бIаьрг ма-кхийтти безам бахара Янаркъин. Цуьнца вара кегийчу нахех нохчо а, кхин цхьа оьрсий а.

— ОхI, сан хьаша-м хьаха то ма нелла! — тIехьаьдира иза Янаркъина. — Ткъа ас лор валийна хьуна дарбанаш леладайта. Охьаховшал, Василий Степанович, Хьамзат, хьо тхуна уллохьо хаахьа, талмажалла дан. ТIаккха, воккха стаг, муха ю хьан могашалла? Василий Степанович, хьажахьа цуьнга, къамел дечу хьолехь вуй техьа иза.

Хаза еакIов тойнна хьаьрса маж йолу воккха стаг-лор шен бIаьргех куьзганаш а доьхкина, Янаркъина улло охьа а лахвелла, цуьнан бекъана пхьарс кара а лаьцна, пульс ягаръян хIоьттира. ТIаккха цуьнан садаIаре ла а догIна, хьалагIаьттира иза.

— Кхераме хIума дац. Цхьана кIиранах Iиллича, товелла цIа гIур ву.

Хьамзата Янаркъина дийцира селхана мел хилларг. Бехна хьербевлла лела гIалгIазкхий совцо далийнчу салтийн эскарша уьш совца-м муххале а ца бира, мелхо шаьш тоьпаш етта буьйлира нохчийн туьканашний, петаршний. ВуьрхIитта стаг вийна, ткъа Янаркъа санна йиттина кIелбитинарш дуккха а бу. Царех цхьаберш баларна кхерам болуш бу. Дерриге кораш, неIарш отуш талийна нохчийн туьканаш, петарш.

— Далла бу хастам. Дуьххьал дIа са чIогIа а хилла лечуьра ваьлла хIара. Селхана тхо тIекхаьчначу хена гинехь, кхуьнан къина воьлхур вара хьо. Хьанна моьттура хIара вуьсур ву. Хьамзат, дийцахьа вокхачу стагана митингехь вайн хилла къамелаш. Ала, цига гулбеллачу оьрсийн а, нохчийн а, гIалгIайн а къинхьегамхоша нажжаз до Iедалан и Iаьржа гIуллакхаш. Оьрсийн къинхьегамхойн, со санначу къечу гIалгIазкхийн цхьа а тайпа мостагIалла дац ламанхошца. Мелхо а, тхуна лаьа, царна улло а хIиттина, паччахьан Iедална дуьхьал къийсам латто, иза дохийна дIададаккха, шуна а, тхайна а маршо яккха, дика лулахой, цхьа вежарий хилла даха. Амма Iедална хаьа, къийсамехь вай цхьанакхетча, иза шайна дуьхьал мел боккха ницкъ хир бу. Цундела , шайн ма-хуьллу къаьмнашна юккъехь мостагIалла латто гIерта Iедал. И шуна йиттина гIалгIазкхий а иштта Iехийна. Царна юккъехь къайлах эладитанаш лелийна, махкахь адам карзахдаьккхинарш ламанхой, эрмалой, жуьгтий бу, уьш оьрсашна, къаьсттина гIалгIазкхашна, дуьхьалбевлла, уьш бахьанехь шу, шайн бахамашна тIера а даьхна, эскаре кхайкхина бохуш. Иза бакъ дац, иза хьолахоша, черносотенцаша дуьххьал дIа шайн аьттонна вайна юкъа туьйсу питана ду. Вай мостагIий дац, ткъа доттагIий, цхьа бартахой ду. Мила ву вайн мостагIа? Хьолахо ву-кх. Массо къоман хьолахой вайн массеран а мостагIий бу, массо къоман къинхьегамхо вайн массеран а доттагIа ву. Оьрсийн паччахьо а, цуьнан Iедало а тхан бертаза лелочу эхьечу гIуллакхашна тхо, къинхьегамхой, юьхьIаьржа ду. Амма тешалахь, догIур ду сирла де, и вешан мостагIий вай аьтта дIа а баьхна, цхьана деп-ненан доьзал, цхьа вежарий хилла бертахь, ирсе вай дехаш!

Хьамзата нохчийн маттахь гочдинчу оцу къамеле лерина ла а доьгIна, Федор Тимофеевичан, лоьран, куьйгаш схьалецира Янаркъас:

— Хьамзат, ала цуьнга, тхо нохчий дерригенах а кхета. Оха цхьана а хIуманна бехке ца до оьрсийн халкъ. Масийтта шарахь тхо хIаллакдарна, тхоьгара маршо дIаяккхарна, хIинца тхуна тIехь хIара къиза Iазап латторна, селханлерчу эхьечу гIуллакхана бехке Iедал, хьолахой бу. Паччахь, хьолахой, уьш ма дац оьрсийн халкъ. Оьрсийн халкъ — иза шуьшиъ, селхана суна уллохь эткаш юхкуш хилла оьрсий, шу саннарш ду. Иштта дийцира суна

сан доттагIчо Iелас. Амма со дика ца кхетара. ХIинца кхийти. Со кхетий селханлерчу дийно. Баркалла шуна. Со Iожаллех кIелхьара ваккхарна ца боху ас и баркалла, ткъа аш лелийнчу гIиллакхана, шаьш суна довзийтарна, сан даг тIера шеко, хьагI дIайоккхуш, аш сан дог цIандарна боху. Суна дика хета селхана сайна еттар. И де ца хиллехь, сан аьтто хир бацара иштта шу довза. Баркалла шуна...

Берахь дуьйна велхаран чIикъ ца баьлла Янаркъин ши бIаьрг тIунбелира. КIез-кIезиг къийлалуш гулбелла царна чуьра арабаьлла боккха ши тIадам хебаршка ихначу бесин тIехула хьийзаш, керчина бахана гIайби тIе буьйжира, важа меран агIонца шершина мекхашна юккъехь байра.

### 16-гIа корта

> Мацалло хьовзадахь,
> Орамаш дуур ду.
> Хьогалло тхаьш бIарздахь,
> Бецан тхи мийра ду.
> Цу лаьмнийн хьехашкахь
> Шах цIераш летор ю,
> Тхайн таррийн юьхьигашца
> Уьш марса йохур ю...
>
> Нохчийн халкъан илли.

Кху шарахь къаьсттина хьалхе а, шийла а дуьйлира Iа. Аз кхолха дохуш, кеглуш охьадетталора хьаннашкахь дукхах долу дитташ, дерзана довла а кхиале тIедиллинчу лайн дозалло юьхьар сеттийна генаш а, баххьаш а. Дикка ханна дукъделлера некъаш. Амма, шеца гIашсалтийн отряд а, гIалгIазкхийн масех бIо а, ламанан артиллерий а йолуш нохчийн мятежни ярташна экзекуци ян походан маршехь аравелира кхин дIа Iен йиш йоцу полковник Галаев. Цо шен приказаца елла хан чекхйолуш лаьттара. Цо, хIора юьрта а хIуттуш, ультиматумца дIахьедора хIинца: Iедало шена тIедиллинарг юьрто ткъе деа сахьтехь кхочуш ца дахь, ша иза лаьттаца дIанийсо, олий. Ша дуйцург моттаргIина доцийла хаийта, цхьацца долчу цIеношна улло хIоъннаш а дийшош, ярташна тIехула масехазза йоккха топ а тухура.

Веданан округера, ерриг бохург санна, ярташ цIий Iанор доцуш муьтIахь хилла кIелсевцира цунна Шайна тIера Iедалан а, пачхьалкхан а декхаршший, мятеж ярна таIзар деш тIейиллина контрибуций текхна ца Iеш, цара Галаевна гIо дора цуьнан тIеман нишкъгаш луларчу юьрта кхалхо. И гIо-м цара дукхахдерг уьш шайн кочара дIабахархьама дора. Галаеви приказан ерриге а пункташ кхочушйора массо юьрто, цхьаъ йоцург — цо боьху нах дIа ца лора.

Шен отрядашца Галаев чекхваьллачу яртийн хIусамашкахь

сингаттаме тийналла хIуттура, чуьра хIетта дакъа арадаьккхича санна. ХIетте а, вер-ваккхар ца иккхичхьана, важдерг лалора нахе. Амма гIоли цхьаъ валар яра, берриг доьзале хIара Iаьржа де хIуттучул.

Полковника нуй хьаьккхина дIабаьхьна церан миска бахамаш. Даьсса лаьтта рагIош, божалш, кIареш. Сатосуш кхайкха нIаьна а ца йисина эвлашкахь. ГIалгIазкхаша, къамкъаргаш хьийзош кортош а дохуш, нийна котамаш. Ткъа маса доьзал бисина да воцуш. Лецна бигна церан дай, наггахьверг бен юха ца вогIучу гена, шийлачу Сибрех.

ХIаьа, да дIа а воьллина, сарахь чубирзиничу доьзалах тера ю тховса Нохчмахкара хIора хIусам. Юха а къурд бина цара шаьш сийсаздарна. Амма хIара де цара цкъа а диццийр дац. Царна цкъа а дицлац шайна дина дика а, я вон а. Цкъа а декхарийлахь ца буьсу оцу шина а гIуллакхана. Аьтто нисбаллалц а Iай, дика диканца, вон вонца доьхху.

Ерриг ярташ къаръелла кIелсевцича а Iедална дуьхьало йо цхьана Гати-юьрто а, цунах уи даьллачу луларчу Саьмби-кIотаро а, Шал-дукъо а. ТIаьхьарчу шиммо-м шайна тIехула шозза-кхузза йоккха топ тоьхча, Галаевна тIе векалш бахкийтира шаьш цо бохург до аьлла. Амма Гати-юьрт .. Логехь дисиничу чIеран кIохцало санна, сагатдо цо Галаеви. Сийсара дуьйна ву иза Яьссел сехьара цунна яккхий тоьпаш етташ. ХIинцале ткъа хIоъ тоьхна цо цунна тIехула. Амма гатиюьртахоша Iедал цIоганах а ца хьокху. Баккъал юьртда хилла, Iедал шен кера а лаьцна Iиириг Акхболатан Ахьмад ву цигахь. Юьрто иза векал вина Iедалца дийцарш дан. Ткъа цо тахана Iуьйранна юьртан цIарах сацам боллуш дош делла, Iедало шайна тIетеIо харцо къобал ца еш шаьш дерриге а летта лийр ду аьлла.

Саьмби-кIотарарчу юьртден хIусаман хьешан цIа чохь, корера беша бIаьрг а бетташ, хIоьттиничу хьолан ойла йора Галаевс. Массарна а марш хилла лаьттачу кху Нохчичохь декъаза кхаж баьлла ша цхьаъ лорура цо... Массо зуламан хьоста кхузахь ду. Кхузахь бу обаргийн бен а. Зеламханах кхоьруш а доллу цхьана агIор са дала. Зеламхана хаам бина цуьнга, нагахь цо и къизалла ца сацаяхь, кхин адаман цIий Iанадахь, ша и вуьйр ву аьлла. Ткъа Зеламхана цкъа а эрна бага ца етта. Цуьнан дош дош ду. Ши бутт хьалха Къеда-юьртан станцехь цо динарг...

..Соьлжа-гIаларчу базарахь нохчийн цIий Iанор шена ма-хетта дийкхира Зеламхана. Цул тIахьа нисса итт де даьлча, вуьрхIитталгIачу октябрехь, Къеда-юьртан станцехь пассажирски цIерпошт а сацийна, оцу тIера уггар дика вухавелла, хьолахойн бос болу, амма ша бекхам оьцучу гIуллакхана мискъала зарратал бехке воцу, вуьрхIитта оьрси охьа а восийна, Зеламхас царна тоьпаш туьйхира. Иза ма дара оьрсий а, къаьсттина гIалгIазкхийн а, нохчийн а, гIалгIайн а бахархошна юккъехь машар цахилийтарна мо-

нархисташний, черносотенцашний дезарг. Иза лаьара нохчийн къоначу буржуазина а, цуьнан гIоьнчашна — динадайшна а. Шайн политически Iалашонаш кхочушъярехь цара ницкъ ма-кхоччу шайда оьцура шайн къомерчу бохамех, Iедалца йолчу цуьнан галморзахаллех. Цкъацкъа церан аьтто хуьлура Зеламха Iехо а, цуьнга цхьацца террористически акташ леладайта а. Цара лерехь цхьа зурма лекхаза ца динера Зеламхас ша Къеда-юьртахь динарг а. РСДРП-н Соьлжа-гIалара группа дукха гIиртира нохчашка чIир йоькхуш цIий ца Iанадайта, шина а агIорхьара халкъаш бакъдолчух кхето, амма ницкъ ца кхечира.

«ХIаъа, кхузахь лерг сема хила веза, — ойла йора Галаевс. — Нагахь юкъара гIаттам хилахь, сахьт далале хIаллакйийр ю сан ерриге гарнизон. Ас корта а биттина ялийна гIалгIазкхийн пхи сотни хIара гIуллакх чехк ма-делли дIаюьгур ю ТIаккха беккъа сайн гарнизонан ницкъаца вуьсу со. Ирс дера ду, отделан начальникашкахь Правительствос лучу тIеман ницкъал сов виллина церан лаамехь ву масийтта эзар гIалгIазкхи. ХIа-хIанний ма-эллинехь, нохчийн ярташна тIе хаххавала кийчча. ХIинцца, дукха хан йоццуш, Кавказски эскарийн Коьртачу штабан бакъонца Георгиевски тIеман складера итт эзар берданга а, масех миллион патарма а белла гIалгIазкхашна инарла-губернаторан Колюбакинан дехарца. Герз делла а Iай ткъа! Уьш герзаца кечбеш хецца дойуш пачхьалкхан ахча ду. Ткъа сан округехь чоьхьарчу гIоьнс-м догдохийла а яцара, атталла сунах хьакъ долу гIо а ца ло...»

— Господин полковник, Гати-юьртара делегаци ю еана, хьоьга ша тIеэцар доьхуш лаьтташ, — элира чувеанчу дежурни эпсаро.

— ХIун боху цара?

— Хаац. Хьан цIарах яздина хIара дехар а дохьуш баьхкина.

— ХIун ду оцу тIехь?

— Хаац, Iаьрба йозанца шайн маттахь яздина.

— Гуттар сиха поручике Сейталиевга гоч а дайте схьадахьа иза.

— Ткъа нохчашка хIун олу ас?

— Маса ву уьш?

— Кхоъ.

— Схьа чу бахкийта. Цхьана сохьтехь арахь а латтабай.

«Суна хаьара, мацца баьхкина а уьш цкъа сайга дехаре богIур буйла, — кIоршаме велакъежира Галаев дежурни эпсар араваьлча. — Виран амалш. Иза хуьлу-кх шена йиттича бен берта ца йогIуш, цхьа вон амалш йолуш. И виран амалш-м юьтуьйтур яра ас шуьга».

Цхьа сахьт даьлча Хьуьса хьалха а волуш неIарх чоьхьавелира СаьIад, Iабдий. Церан болар, хьажар, меттахъхьер Галаевна чIогIа тарделира шен хIусамдена хьесталучу кIанцIар жIаьличух. Кхузахь оьшуш а дацара къамел. Кхааннен а яххьашна тIехь шера дешалора цара деана дехар. Амма Галаевс ладоьгIурш хIара векалш бацара. ХIорш ма бац Гати-юьртан мукъ буйнахь латто-

раш, шен отрядашца Галаев юьрта ца вуьтуш, Галаевна оьшурш кхин дехархой бу, Акхболатан Ахьмад коьртехь волу.

— Стенна даьхкина шу? — хаьттира цо, бен доцуш церан куьйгаш а лаьцна.

Арахь лаьттина шелвелла вегочу оцу кхааннах Iабди хьалхавелира.

— Дехар дохьуш даьхкина тхо, хьан сийлалла.

— ХIун дехар? Къинхетам боьху шун хьерабевллачу юьртахоша?

— Хьан сийлалло бакъ боху! — хьаставелла, качвелла ша лаьттачохь дIасатехкира Iабди. — Бан а бу тхан юьртахой хьерабевлла нах. Бацахьара Iедална дуьхьало йийр яцара, йича а, кхиберш санна, шаьш лелийначунна дохко а бевлла, ахь аьллачунна тIебирзина хир бара...

— Доцца дийцал ахь, реза буй уьш омра кхочущдан? Ас шуна тоьхна хан тховса суьйранна чекхйолу.

— Бац, хьан сийлалла, иза кхочущдан ницкъ бац шайн боху цара. Баккъал аьлча, таронаш яц нехан. Такхалур дац цаьрга оццул ахча...

Iабдин къамел юкъахдаьккхира чувеанчу арахь цаьргара кехат дIаэцначу эпсаро. Галаев цо шега делла кехат деша вуьйлира. Iабдис дуьйцург тергал а ца деш.

«Веданан округан начальнике полковнике Галаевга. Гати-юьртахь бехачу наха гуламехь дийшира хьан омра. Оцу тIехь яздинчо карзахдехира тхо. Амма сихалха тIеэцначу сацамо дукха хьолахь тIаьхьа дохковоккху дела, оха барт бира, кхаа дийнахь-бусий хIораммо ойла а йина, тIаккха юха майдана а гулделла, шена-шена хетарг ала. Гати-юьртарчу наха дика ойла а йина, хьоьга а, хьол лакхарчу Iедале а хIара ала сацам бина.

Тхо миска нах ду. Тхайн доларчу ардашна тIера даьллачу ялтица Iаьнера ца довлало тхо. Юьртан хьаьрам яц тхан. Мехкан цани тIера яьккхина йол йолчун шуьсту Iаьнера баккха а ца тоьа. Бераш ду тхан Iай чуьра арадовла йиш йоцуш дерзана, тхаьш ду тхо тIелхигаш а охкийна лелаш. Хьалха, щун Iедал тIедале, хIора шарахь юьртан мохк боькъура оха кIуьран цIарах. Оьшу мохк, хьун а хьокхий, тIе боккхура. ХIинца иза дан а йиш яц тхан. Юьртан мохк бекъна хIор цIенна тIечIагIбарца, аш дIадаьккхина иза кхожаца юхабекъар. Хьун аш пачхьалкхан дола яьккхина, тхан бакъо яц ирзош даха-м хьовха, цу юкъара ур-атталла коьчална гIирс баккха а. Тхан юьртан нийсса ах мохк Iедалан гIоьнца шайн дола баьккхина кхузарчу масех стага. Цхьацца ьтто боьхна нах хIинццалц Теркайисте а боьлхий, цигахь цхьана ханна лело мехах латта а оьций, сискал яккха гIуртура. Иза а аш тхуна дихкина. ГIалахь даха ховшаре-м тхан догдохийла а яцара, кертахь оьшучуйна цхьацца йохка-эцар ян базара даха йиш мукъа елара тхан аш сийсаз ца деш.

Тхан юьртана го бина лаьтташ эскар ду, тӀехула етташ яккхий тоьпаш ю. Оха ниййса ца лору, харц лар тхешан махка тӀе а еъна, къолазна бехке дина тхайна тоьхна гӀуда. Тхан дац шуна дала герз. Герз дацарна тӀера гӀуда оха лур дац.

Тхан герз дан а дац, тхуна иза цкъа а хьашт а хир дацара шун кху харцонаша карзах ца дахахьара. Дитийша тхо Ӏуьйранна тхешан кхаш тӀе а доьлхуш, суьйранна цӀа а догӀуш даха. ТӀаккха оха шаьтанаш а лелор яц шуна.

Ткъа аш боху нах тхоьга лецалур бац. Абубакаран Ӏела ваьл ла агӀо йоцуш вайна, Солтин Солтаха туркойн махка вахана боху, висина шиъ Зеламханца ву. Аш тхуна тӀе дожийна ялхийтта бӀе туьма ахча мичара каро деза, вуьшта а сагӀа доьхучу хьол тӀе а девлла Ӏечу оха? Гати-юрт кхузза йоьхкича а вовшахкхетар дац оццул яхча.

Зударшна а, берашна а лазам ца баккхархьама, оха хӀуъу дина а дӀатокхур ю хьалха тхаьшна тӀехь хилла пачхьалкхан налог, кхин цхьацца декхарш. Иза дан реза ду тхо. Амма къоланна бехке деш тоьхна харц гӀудий, доцчу герзана доьху ахчий, Ӏедална дуьхьало йина аьлла тоьхнарггий — уьш такха тхан ницкъ бац. Оха къобал а дина тӀелоцур дац аш хаьржина тхан юьртан Ӏедал. Оха хаьржина нах бита юьртан коьртехь. Нагахь оцу тӀехь тхоьца барт ца тайча шаьш йохор йолуш елахь, Гати-юрт йохае, доьзалшца цхьаьна тхо дагаде, амма тхо дийна а долуш юьрта ког буьллур бац аш...»

Кехат дешна ваьлча, шен нилха хьаьрсачу мекхех куьг а хьаькхна, хьаьжа юкъ хабийна, цӀийбелла къорза ши бӀарг, нур эца санна, роггӀана цхьанна тӀера вуккхунна тӀе а хӀиттош, царна тӀе вогӀавелла дӀахӀоьттира Галаев.

— ХӀара дохьуш даьхкина шу? Массо сан приказ кхочушдина, массо юьрто Ӏедална хьалха шайн декхарш кхочушдина, ткъа аш... ХӀара хьенан бехк бу? Шун бехк бу-кх, юкъарлонна девлла лелачу! Шу кӀилло долу дела юьртахь сий дац шун! Шу Ӏовдалехь нах дан гӀоьртира тхо, амма шух хиланц! Ас кху делан сохьта лаьцна Сибрех дӀахьажор ву шу кхоъ! ХӀан-хӀа, цул шу кхоъ юкъахь а волуш, Гати-юртах чим бийр бу. Тахана! Сарале!

ТӀахь-тӀаьхьа чуьравуьйлучу полковникана хьалха кортош а охкийна, бист ца хуьлуш лаьттара гатиюьртахой. Оьрсийн мотт хаар ца оьшура цо дуьйцучух кхета. Ништта ма ца дуьйцу диканиг, кӀарул-Ӏаржвелла, багах чопаш а туьйсуш. Амма мел ца лаахь а, гахана юьртехьа гӀодаккха деза оцу кхаааннан. Нехан дуьхьа доцуш, шайн дуьхьа. Нагахь юьрта яккхий тоьпаш етта йолаяхь, нехачаьрца цхьаьна церан цӀенош а догур ду. Нагахь шаьш юьрт тало болахь, гӀалгӀазкхаша церан бахамаш хӀурпака бохур бу. И ду хӀокху цӀемзачу дийнахь уьш кхоъ схьавалийнарг.

Хьалхе дуьйна цара къамелана кечвинчу Хьуьсас, шен юткъа

еха кIайн маж буйнах а яьккхина, йовхарш тоьхна йиш а тойина, меллаша цхьа-ши гIулч хьалхатесира.

— Ницкъ бац тхан, полковник, еза ясакх такха, — гIийла балхам болийра цо. — Оха къорIанна тIехь дуй буур бу-кх хьуна, тхайн юьртахь цхьа а топ яц аьлла. Мичара лур ду наха шайн доцу герз? Къинхетам бехьа юьртах, дала цхьана йолс дуьллур ду хьан иза...

— ХIун юьйцу ахь, къена гIаз? — човхийра иза Галаевс, Iабдис масех дашца гочдира декъазчу Хьусин юкъахдаьлла къамел.

— Кхечуярташа ма ца яздина соьга ишта кехат? — цара деана юьртан дехар Хьуьсин мера кIел Iуьттура Галаевс. — Царна мичара даьлла ахча а, герз а?

— Гуьржех а оьхуш, цигара эцна деана делла кхечу ярташа шаьш делла герз. Шуьга шайн ярташ ца ягаяйта, шаьш хIаллак ца хила. Ца делла хьуна цара иза шайн долахь а хилла-м...

— Эца аша а. Шуна ца карабо цига боьду некъ?

— ХIинца хала ду герз эца. Кара а ца до. Даздина.

— Ахча ло! Ахча! Хезий шуна? Иштанехьа хIумма а дац!

— Шайн дена неIалт хиларийн, Iелин, Солтин бехк бу шаберг. Царех даьлла ун ду, — дуьххьара вистхилира СаьIад.

— Хир дацара ахь шен хеннахь лаьцна и шиъ Iедале схьавеллехь. Шу Iеш ду, тевна хевшина къуьрдагаш санна, шай эвлара нах тIемашна кIел бохбеш, Iалашбеш. Шу-м ас дохдийр ду шуна! Хаалаш, нисса бархI сахьт далале ялхийта эзар цхьа бIе диъ сом ахча аш кхуза схьа ца дахьахь, ас шайн юьртах чим бийриг хилар!

— Хьан сийлалла, тхан бахамех, цIенойх, доьзалех хIун хир ду тIаккха... — мохь белира СаьIадан.

— Кхечарех хирриг хир ду шух а.

— Господин полковник, иштта нийса ма хир дац! Тхо цхьадерш тешаме а, дог цIена а хилла шуна...

— Цхьаннех цхьа а тайпа къинхетам хир бац! Тешаме хилла! ХIун дина аш тешаме хилла? Тхуна тIе къайлах мотт бохьуш-м догIура шу. Амма вуй ткъа шаьш лаьцна тхоьга схьавелла стаг? Вац. ХIунда ца велира аш уьш виъ стаг тхоьга схьа? Шаьш кIиллош долу дела. ДIаэца шайна хIинца! Кхечу ярташка оха шаьш санна хIиттийнчу нахах масал эца ца хин шуна, амма кхечарна масална таIзар ас шу веанна дийр ду!

— Господин полковник, оха кхааммо дехар до хьоьга кхаа дийнахь юрт ца йохош йитар. Оцу кхаа дийнахь хIуъу дина а нах бертабало хьовсур ду тхо. Оха, юьртарчу цхьа иттех цIийно, хIара совгIат дIаэцар а доьху хьоьга, хьан сийлалла, — четара схьаяьккхина кIайчу кисин цIенчу йовлакха юкъа хьарчийна ахчанан йоккха бог стоьла тIе охьайиллира Iабдис.

СовгIатах бIаьрг кхетча Галаеви юьхьо, цIеххьана кIадъелла,

бос хийцира, тохаделира дог. Амма и шен хазахетар къайладаккха гIоьртира иза.

— ХIун ду аш лелориг? — ирхъиккхира Галаев. — Со эца гIерта шу? Довла ара! Ас кху делан сохьта лоьцуьйту шу. ДIабаккха суна гучуьра и шад!

Галаевс хIоттийнчу кепо кхерина СаьIад, Хьуьсий неIарехьа кIегарвелира, амма мекара Iабди Iехой, кхерой хала дара. Цунна шера хаьара, полковника лелориг моттаргIа юйла а, иза гена ер йоцийла а. Ахчанан шадах бIаьрг кхетча, Iабдина а гуш, бос хуьйцуш, кIадъелира цуьнан юьхь.

— Хьан сийлалла, тхо-м хьо эца а, хьоьга закон талхадайта а ца гIертий. Закон хьо ду-кх. Ахь динарг хилла ма ду кху Веданан округехь. Оха хьоьга йоьхург кхо де хан ю. И омра кхочушдар кхо де тIаьхьадахарх хьан галдала хIума дац. Мелхо а нислур ду. Кхо де даьлча, хьайна луъург дер ахь. Амма оха цхьаъ доьху. Яккхийчу тоьпашца болу хьан салтий дика иччархой бу... Хьуна хIара совгIат вовшахтоьхначу итт стеган цIеноош кхечу цIенойх къаьсташ ду юьртахь. Даккхий, тхевнаш тIе гериг йиллина я эчиг тоьхна, гонаха яккхий бошмаш йолуш. Шаьш кхуссу йоккха топ царех ларъеш тоха алий хьайн салташка омра дехьа. ТIехула тIе, хьан сийлалла, юрт тало болахь, вайн керташка ма кхийдийтахьа уьш. Баркалла хьуна, господин полковник!

— Iодика йойла хьан!

— Дала аьтто бойла хьан! Дала дукха вахавойла хьо!

Полковник ветталучуьра сецча, шайн дехар кхочушхиллийла а хиъна, векалш сихха арабевлира. Уьш учех чубисса а кхиале хьаьдда ваханчу Галаевс, неIарна гIуй а боьллина, катоьхна схьаэцна баьстира цара битина чIогIа нафталинан хьожа йогIу стомма шад.

Оцу юккъехь цунна карийра гуттар лерина хьажош дIанисдина ши бIе туьма ахча...

«Чам бац-кх ас къаръян езарг хIара тIаьххьара а юрт хиларна, — ахча кисанашка теIадора полковника. — ХIара Нохчичоьм етт бай, хьуна вакха хиъчхьана, биллина дIа шура луш. Амма цуьнан тIара массара ийзийна жIормак хиллачу хенахь кхаьчна сан бага. ХIара а дац вон, иштта дика озийча суна тоъал хIума ер ю кхунах. Коьртаниг — кхеран барт хила ца битар, юкъа питанаш тийсар ду. Сайна яккхалург схьа а яьккхина, кху жIуганийн бен чуьра дIавала веза со. ХIинца сан таро ю ХIирчохь уггар тоьллачуьра цхьа-ши бIе десятин латта, я Владикавказехь уггар хаза особняк эца...»

Амма и шен мерза ойланаш кхочушъян ца дуьйгIира Галаевн: цул тIаьхьа ши шо даьлча, 1908 шеран аьхка, Зеламханан бекхамечу куьйго цхьа-ши квадратни метр латтех тоам хир болчу, цхьа а особняк ца оьшучу дIахьажийра иза...

## 17-гӀа корта

Бакъволу доттагӀа бохамехь вевза.

Эзоп.

ДоттагӀий уьш бу-кх...
Вайн гӀоьмаш шайн коча эцнарш.

Хисроу.

Чекхъелира гуьйре. Ӏа а деара тӀе. Кхо бутт баьллера Ӏела цӀераваьлла. Амма цуьнгара хезаш цхьа а тайпа хабар дацара. СаьӀадгӀеран баккхийберан доза дацара изий, Солтхий Гайтн-юьртара дӀаваьлча. Амма йисинчу ерриг юьрто сагатдора. Сагатдора лулархчу ярташа а. Цара сатуьйсура иза цӀа кхачаре. Уьш гешара цуьнан хьекъалах, кхетамах, кхечу къоман нахаца долчу цуьнан гергарлоннийн ницкъах. Иза царна оьшура тахана, хӀара хала киртиг тӀехӀоьттинчу дийнахь хьалхавала, цуьнан хьехаме ладогӀа.

Амма Ӏела цӀа ца вогӀу. Аттала хабар а дац. Вахана агӀо а хаац, Гуьржех вахана бахар бен.

Синтем байна хьийзара Ӏусман. Халла карийна да юха а керара волуш волу цуьнан. Цхьа шо хьалха ду, тхох хьо къасто ницкъ кху дуьненахь бац бохуш, ден кара корта а биллина кӀант вилхина. Ма атта дара тохара, иза вевзана а, гина а воцуш, дуьненахь воцург лерина Ӏеш. Иза-м да хилла а ца Ӏарий цуьнан... Оцу юьртарчу Яьссин тогӀица болчу берриг нахана санна, цунна-м иза шен баьчча хетарий. Ша цигахь хьелур ву, амма вухавогӀур ву, шена тӀаьхьа ма гӀерта аьлла вахана. ХӀетте а, сингаттамо эккхийна вигна Ӏусман, цунах хилларг хааре догдохуш, Соьлжа-гӀалахула, БуритӀахула кхирстина веана. Вац цуьнан къена дада, лар а яц. Шена тӀахьавар цо мел дихкинехь а, хӀара хьовр-зӀовр дӀаяьлча-м Гуьржех воьду Ӏусман. ГӀур а ву, дада карор а ву, иза воцуш цӀа а вогӀур вац, кхин цкъа а цунах ца къастархьама.

Сийсара чомахь наб ца йина цуьнан доьзало. Я юьртарчу цхьаммо а. Сахьт мосазза дели Яьссил дехьахь йоккха топ йолура. Ткъа паноша бераш мара а къуьйлуш ладоьгӀура, шакарца урӀуш богӀу хӀоъ мичхьа кхета хаа. ХӀора а Ӏара иза шайн хӀусамна тӀе богӀу моьттуш вегош, деле, эвлаяашка орцах кхоьйкхуш. Амма хӀинца цкъа уьш юьртана юьстах оьгура. Цара кӀалда яьккхинера Ӏусманан деден бӀаьрийн къена беш...

Тховса зударий а, бераш а дийшина Ӏахкахь а, амма юьртара къонахий сема бара. Цара сема ха латтадора юьртана гонах. Цара дуйнца чӀагӀо йинера, шаьш дийна а долуш шен эскаршца полковник Галаев юьрта ца ванийта.

Тховса охьавижа рагӀ яра Ӏусманехь. Амма цунна наб ца кхетара мел кхетийта гӀертарх. Бодашкахь бӀаьргаш а бетташ Ӏуьллура иза, сих-сиха ха а хорцуш. Сема велахь а, цунна ца хезара арахь

шок етта дорцан шийла цӀийзар а, ха дечу нахана летачу жӀаьлийн пӀовгӀа а. Бен ца хетара яккхий тоьпаш тоьхна хӀара цӀа а, юрт а тӀе-кӀел даккхарх. Цуьнан ойланаш генахула лелара. Ца бевзачу махкахула. Гуьржийн лаьмнашкахула.

— Ӏусман!

Цхьа гӀенах санна, цхьаммо шен цӀе йоккхуш хезна, ладуьйгӀра Ӏусмана. Цхьаммо меллаша кор деттара.

Хьала а гӀаьттина, бодашкахь катоьхча карадоггӀе вуьжуш охьадиллина шен барзакъ схьаэцна сиха тӀе а дуьйхина, шаьлта юкъах а йихкина, тапча доьхкарх а йоьллина, патармех юьзна ши гӀап некха тӀехь морзах йохуш коча а тесна, юьйлина японски топ кера а лаьцна, аранкхира иза.

КетӀахь лаьтташ кхо стаг гича, уьш хӀун адамаш ду ца хиъча тӀе ца воьдуш, сецира Ӏусман.

— Муьлаш ду шу? — мохь туьйхира цо.

— ХӀара-м со вара, Ӏусман.

— Доша, хьо ву иза. Схьачудуьйла.

Шоца болу накъостий кетӀахь а битина, Ӏусманна тӀевеара Доша.

—Соьца берш хийра хьеший бу, Ӏусман. Вайнах бац уьш. Цхьаъ воцург.

ТӀе диллинчу лайно кӀайвинчу кхаа хьеше маршалла а хаьттина, уьш чубийхира Ӏусмана.

— Цкъа хьалха чугӀой, чиркх латабай, хӀорш чубига цӀа кечдехьа, Ӏусман, — элира Дошас. — Оха арахь собар дийр ду.

— Мох ца кхетий мукъа довлийша, Доша. Ас хӀокху делан сохьта чудуьгу шу.

Сихха гӀаьттинчу Меданас, хьешан цӀа чуьра товха цӀарах юьйлира. Ӏаьнан шийлачу денца ца догӀучу дуткъачу духарца болу хьеший цӀарна гонах хьаьвзира. ЦӀеран серлонгахь бӀаьрг макхийтти хиира Ӏусманна уьш цхьаъ нохчо а, важа шиъ оьрси, гуьржи хилар.

Хьешашка хаттар ца дора Ӏусмана. Цхьана хӀуманах дог кхиъна, чу алу йоьхкича санна, кийра богура цуьнан.

— ХӀара кхоъ Гуьржехара веана, — элира Дошас. — Ма боггӀура Саьмби-КӀотара кхаьчна хӀорш, цигахь суна тӀеннсбелла...

— Ванах, тхан дадин хьешех ши стаг ву техьа хӀара шиъ, — шен дагахь дерг схьаэлира Ӏусмана. — Цо бийцинчу нахах ду кху шиннан аматаш.

— Волчух тера ду...

Данма санна, ша сихалха лун кхача — сискал, йовха шурий чохь хьешашна шун хӀоттийра Меданас. Шуьнца тховса тӀекхеттарг гӀалмакхан чай дара, шура а тоьхна, тӀе даьтта а диллина тодина. Бохбелла, буьзна хьеший паргӀатбевлча, юьрта хӀоьттинчу хьолах лаьцна жимма къамелаш деш а Ӏийна, хьешашка шен са дуу хаттар дира Ӏусмана.

— ТӀаккха, мехкан воцу ши хьаша, шуьшиъ мичхьара веана, стен валийна сан мискачу хӀусаме. Шаьшшинна оьшург аш схьадийцахь, иза делан гӀоьнца кхочушдийр ду-кх вай.

— Тхо кхоъ Гуьржехара веана, — элира гуьржичо. — Хьан да Ӏела Сибарех вевзина суний, Петроний. Ши бутт хьалха иза Гуьржех дӀавеъча, цигахь юха а цхьанакхийтира тхо кхоъ.

Ӏусманан кийра цӀе кхерстира.

— ЦӀерш хӀун ю шуьшиннан?

— ХӀара Петр Егоров ву, сан цӀе Николаз ю. Николаз Беридзе.

— Дадин уггар гаргара ши доттагӀ ву-кх шуьшиъ.

— ХӀаъа, тхан доттагӀа хила ца Ӏа хьан да. Оха, тхайн да санна, лоьру иза.

Хьеший дӀатийра. Уьш кхийтира шаьш дуьйцучух Ӏусман шек хиларх. Баккъалла а, жимма Ӏийча Ӏусмана цӀеххьана хаттар дира цаьршинге:

— Со цхьана хӀуманах ца кхета, Николаз. Дада цига вахана кхо бутт кхочуш боллу. Шуьшинца цӀа хӀунда ца веана иза, шуьшиннах къаьстина цигахь хӀунда висина иза?

— Нийса хоьтту ахь, Ӏусман. Иза цига кхаьчча дукха цхьаьна Ӏайла ца хилира тхан. Тхойшиннан Росси ваха дийзира, цхьана баттана. ТӀаккха Ӏелас ша Турце воьду элира. Тхойша Росси вахана вогӀучу юкьана ша Турце а вахана, цигарчу вешин коша тӀе а хӀоьттина, Гуьржех вухавоьрзур ву аьлла, вахара иза. Ша цигара вуха ца верзахь аьлла, хьоьгий, Ахьмад цӀе йолчу шун юьртахочунгий цхьа весет дитина цо.

— Оцу тӀехь дерг соьга сайгга дийца ца мега аш?

— ХӀан-хӀа, мегар дац, Ӏусман, — корта ластийра Беридзес. — Хьой и Ахьмад цӀе йолу стаггий цхьаьна хила веза.

«Везан дела, хӀун ду техьа ашшиммо деанарг дан мукъана а, — чу бала хьаьвзина, тӀаьхь-тӀаьхьа чехкадуьйлуш, хьерадаьлча санна, детталора Ӏусманан дог. — Диканиг дохьуш веанехьара, тоххара схьадийцина хир дара...»

— Тховса кхойкху ас Ахьмаде, я кханенга даккха а мега вайн иза? — хаьттира цо, хьешашна лоург дан.

— Хьайна мел хало хилахь а, тховса схьакхайкхахьа цуьнга. Шун кхузахь а машаре дац, тхан цигахь а... тешаме хан яц. Хьанна хаьа кхана хиндерг.

Кхин хан ца йойуш, Ахьмад каро араиккхира Доша. Цунна хаьара хӀокху цхьана-шина дийнахь Ахьмад наггахь бен шен хӀусаме ца воьрзийла. Цунна ца луъушехь, наха юьртан баьччалла деллера цуьнга. Уггар карзахечу, уггар хьеречу хенахь. И гӀуллакх ша тӀе ца лаьцча Ӏелин кочахь дуьсийла хиъча бен реза ца хилира Ахьмад иза шена тӀелаца. Харжамаш хуьлучу хенахь юьртден метта Ӏела хьалхатуьттура адамаша. ТӀеман заманахь а, машаречу хенахь а юьртан дола дан цул хьакъ волуш стаг вацара

эвлахь. Юьртан хьовха, мехкан коьрте хIотто а мегар вара иза. Ша майра а, оьзда а, хьекъале а хилла ца Iаш, дуьне девзина, шерра оьрсийн мотт а хууш, махкал арахьа дуккха а гергарлонаш лелаш стаг ву бохура иза наха. Цундела ца везара иза ХьуьсагIарна, СаьIадгIарна. Iела Iалашван везара кхечу доккхачу гIуллакхана. Кег-мерса гIуллакхашна юкъа Iиттарца Iедална гучу а ца вохуш. Цундела нийцира Ахьмада и юьртдолал коча. Моьттура, таханлера де юьртана тIе хIоьттича дагавала уллохь Iела хир ву. Вац иза. Ткъа мостагIа юьрта гIерта. Наха дуьхьало ян чIагIо йина. Ярах тоьий ткъа, ницкъ на хилча. Ахьмадана-м лаьара цIий ца Iенадойла. Амма наха боху-кх, хIара дуьне иштта къиза дуучул летта, делла дIадовлар гIоли ю. Герзах доьттина долчу паччахьан эскаршна дуьхьал хIорш хIун яккха бохку? Юьртахь яц иттех топ бен. Герз оьшура, герз. ХIокху тIаьхьарчу масех дийнахь цуьнан гIайгIа беш Нохчичухулий, ДегIастанахулий чекхваьлла Ахьмад, кхин масех стаг а.

Ахьмад охьавижаза карийра Дошина. Юьртана го а баьккхина, хIетта цIа вирзина иза, тIера сов бедар дIа а яьккхина, неIармачаш кханенна кечъеш воллура. Хан йоцчу хена ша волчу веанчу Дошин макхъелла юхь гича, иза хIумма а диканиг дохьуш ца веанийла хиира хIусамдена.

— Доша, хьо лаа лелий? — хьаьттира цо, шен ма-хуьллу паргIат.

— Iелин ши накъост веана Гуьржехара.

Ахьмадан дегIах шийла хьацар туьйхира.

— Iела вуй кхаьрца?

— Вац...

— ХIунда?

— Ву... амма цигахь вийна цIа валийна. Гати-Юьртара хьал кхераме хиларна, Саьмби-КIотарахь цуьнан дакъа а дитина даьхкина тхо. Iусмане хаийтина а дац.

ХIетта ша царна чуьра схьаяьккхина тIеда къаж юха чу а таIийна, мачаш кога а юьйхина, гIорийнчуьра ясталуш, ладарш Iийдалуш кхаьзна кетар тIе а кхоьллина, месала куй а тиллина, вист ца хуьлуш хьалхавелира Ахьмад.

Ахьмад неIарх чоьхьаваьлча, каде хьаланкккхира кхо хьаша. Царах цхьаъ Iаьржа корта а, хаза хьовзийна Iаьржа мекхаш а долуш, дукъ тIе даьлла мара а болуш, Iусманан хенара стаг вара. Ткъа важа воккхо ала мегар долуш, хIетта сиръяла йоьлла хьаьрса маж а, хье тIера тила боьлла корта а, кънихетаме сийна ши бIаьрг а болуш, лекхочу дегIара стаг оьрсий вара. Салам луш тIеваханчу Ахьмада, куьйгаш а лоцуш, роггIана маракъевлира и шиъ, цаьршинца волу ши нохчо а.

— ХIара Петр Егоров ву. — элира Iаьржачо. — Ткъа со Николаз Беридзе ву.

— Iаламат дика хета суна шу сайна девзина. Iелас дукха дий-

цина тхуна шух лаьцна. ДӀа дош мосазза олу шун цӀерш йохура. Охьаховшал.

Хьешашка хьал-де а хаьттина, тӀаккха Ӏусманна тӀевирзира Ахьмад.

— ХӀума йиъний кхара?

— Жимма кхетта.

— Дика ду. Дийцал, хьеший, муха хилира гӀуллакх?

Кхо хьаша воьхна вовшашка хьаьжира. Цецвелира Ӏусман а.

— ХӀумма а дац, кӀентий, дохе ма хьовза. Суна хаьа шу кхоъ лаа ца веанийла. Схьаала шаьш деанарг, баланаш Ӏийша Ӏемина ду тхо.

«Ахь дийцахьа», — бӀаьргашца дехар деш Петрога хьаьжира Николаз. Ткъа Петрои меттиг бацара кхечунна тӀе татта.

— Хьаьа тхуна, Ахьмад, адамашна ца лабаллал баккхий баланаш аш Ӏийшинийла, муьлххачу а бохамана сатоха шуьгахь собар а, къонахалла а юйла. Цундела, майрра олу ас: Ӏела ву...

И шийла кхаъ шена тӀе хьалххе кхаьчнехь а, Ахьмадан юьхьо бос хийцира, цӀоцкъамаш дусаделира. Цуьна гира Ӏусманан бӀаьргаш тӀунлуш. БӀаьрганегӀар тухучу юкъана ша дӀатесна къонахалла юха а ерзийна, гӀовталан кочара ветанаш дӀа а даьхна, Ӏусмане вистхилира иза:

— Къонаха хила, Ӏусман, къонаха. Иштта киртигаш ю дуьненан. Хийланна тӀехӀиттина уьш. Амма собар хила деза. Хьан ден, цуьнан нийсаройн — тхан а, тхешан дай, вежарий тӀамехь эгча, бӀаьргехь хин тӀадам ца баьлла. Ма Ӏийжара дегнаш, ма хала дара дейтта-пхийтта шераш бен хенаш йоцчу тхуна и бохамаш лан. Дан хӀума дацара. Царех дисина герз кара а оьций, церан метта дӀахӀуьттура. Ишта хила деза шу а, Ӏусман. Дийцал, Петро...

— Ӏусман, тхо кхета хьуна хьан дагах, — бохура Петрос. — Дог Ӏовжош хӀума ду да-нана далар, и къахьо ас а мелла. Амма сан да шозза вели, Ӏусман. Миска Ӏела, иза хьан да хилла ца Ӏара, хьуначул тӀех везарий техьа аьлла, дукхавезара тхуна иза. Цундела боху ас, сан да шозза велла: со шен цӀийх схьаваьлларг санна ас сайн да лийрина, везаш хилла Ӏела а. Каторгехь цо шен дахаран некъ буьйцуш бӀаьргех хиш туьйсуш ладоьгӀура накъосташа. Цуьнан хьуьнаро, оьздангалло, собаро ницкъ лора тхуна халонаш эшо, къийсамехь майрра хьалха дӀадаха. Иза вуьззина турпал вара. Гуьржех, тхо долчу кхечира иза цигара ахархой гӀевттинчу, хӀара тахана шуьга хӀоьттинарг санначу хьола тӀе. Цигахь тӀом хилира. ОхӀ-вай, ма дукха гӀиртира-кх тхо оцу тӀамехь цуьнга дакъа ца лацийта тӀом болабалале иза цигара цӀа хьажо. Амма цо ла ца дуьйгӀира цуьнга. Шуна ма хаьа, цуьнан дашна стаге дуьхьало ца ялойла. «Шовзткъа шо ду ас кху дийне сатуьйсу, — бохура цо тхоьга. — Витийша со шайна улло а хӀоьттина вайн юкъарчу мостагӀчух бекхам эца!» Массо хенахь, массанхьа а тхоьца вара иза. Адам цецдоккхура цуьнан майралло, собаро, тӀеман говзалло.

Амма майра, собаре, каде хиларх лоцу къизчу дӀаьндарго Лецира цо Ӏела а. Ши кӀира хьалха, тхо хевсуретин лаьмнашка юхадовлуш тхуна тӀаьхьабаьхначу гӀалгӀазкхийн тоьпийн дӀаьндарго некхах чӀогӀа чов йира цунна...

Шен къамел а сацийна, Ӏусмане хи дийхира Петрос. Шега кховдийнчу йоьзан доккхачу зоки чуьра хи са ца доӀуш лаххьийна дӀа а мелла, балдех йовлакх а хьаькхна, кхин дӀа дуьйцура цо:

— Чов хиллачул тӀахьа кхаа дийнахь вехира иза. Данма, шен дегӀа чуьра са дӀадаллалц, кхетамчохь вара. Цо тхойшинга дийхира, шена тӀе нохчийн молла кхачор а, нагахь цигахь шен Ӏожалла хилахь шен дакъа виичу юьрта дӀадигар а. Цуьнан дехар кхочушдеш оха гуьржийн дозанерчу цхьана юьртара молла валийра. Цуьнца цига веара хӀинца тхоьца волу хӀара Муса а. Лечу хенахь, шун динехь, гӀиллакхехь дан дезарг дерриг дира. ТӀаккха оцу нохчийн юьрта а вигна, цигахь кечвина оха кхааммо цӀа валийна. Шун юьртахь кхераме хьал ду аьлла хезна, луларчу кӀотарахь а витина схьадаьхкина тхо. ТӀаккха, хӀара кехат а дитина цо шуьга дӀало аьлла.

Костюман чухаларчу кисанара схьадаьккхина сийна конверт Ахьмаде кховдийра Петрос.

— Баркалла шуна. Дела реза хуьлда. Инзаре доккха гӀуллакх ду аш динарг.

Конверт керахь дӀаса а хьийзош, шен ши бӀаьрг цунна тӀе а боьгӀна ,цӀеххьана дӀатийра Ахьмад. Николазана гира, чӀогӀа цергаш тӀеттӀа а таӀийна, цо сихдина до къурдаш. Амма бӀаьргаш декъа лаьттара. Аттала бӀаьрнегӀарш а ца тухура. Николазана ца хаьара иза ойла еш Ӏа а, я шаьш беанчу кхоо Ӏовжийна дог духадерзийта гӀерта а.

— Маржа Ӏела яӀ, ма къиза дуьне дитъна ваха-кх хьо далла дуьхьал, — элира цо эххар а, доккха са а даьккхина. — Ца биси кху дуьненахь хьуна ца гуш, ахь ца Ӏовшуш а бала. Дала гечдойла-кх хьуна а, хьуна тӀаьхьа догӀур долчу тхуна а. Ӏусман, делан кхиэл хилла яьлла. Да-нана цкъа бен леш дац. Амма оцу шина дийнан къаьхьо Ӏовшаза цхьа а ца волу. Шен ирс дерг царел хьалха дӀаволу дуьненчуьра. Ӏела вухавогӀур вац. Вай доха ца деза, вайгахь собар оьшу, къаьсттина кху чолхечу деношкахь. Ас аьлларг дахь, кху шина-кхаа дийнахь арахьарчу нахе а хоуьйтуш, тезет хӀоттор дац вай. Ӏела вац аьлла хезча, дуккха аярташкара адам схьагӀуртур ду, ткъа тӀе яккхий тоьпаш а ерзийна вайн юьртана гуо бина лаьтташ паччахьан эскарш ду. Цара юьрта чу а, ара а стаг ца вуьту. ХӀуъу дийцинехь а, тахана полконак волчу баханчу ХьуьсапӀар цхьаъ дийцина, кхаа дийнахь юрт ца йохош ита цуьнгара дош даьлла. Цара соьга дийцарехь, хӀокху кхаа дийнахь юрт йохорна кхерам бац. Вайна-м хьеший шина-кхаа дийнахь кхузахь бита лаьар дара, амма хӀоьттинчу хьелашкахь иза кхераме ду. Цундела, хӀорш новкъа а бохуш, тховссехь велларг

цIа вало даха деза вайн. Амма хIорш новкъа бахале, цкъа Iелин кехата тIехь хIун ду хьовса деза. Хьуна хIун хета, Iусман?

— Иштта бакъхьа ду.

— Делахь хIета, вайн бартах кхетаве и шиъ.

Шаьшшиннан бартах хьеший кхето пIерташ дикка къахьийгира Iусмана. И шиъ тховссехь юьртара дIавала везийла а атта хаийтира цо, амма бахьанаш дийца воьлча хьевелира.

— Тхойша кхета дерригенах а, — сацийра иза Петрос. — Амма шун юрт ишта кхерамехь йолуш а, Iела дIаволлалц а дIаваха пурба дац тхойшиина. Iелас гечдийр дац...

— Иза дийца а ца оьшу. Шуьшиъ висарх тхуна хила аьтто бац, амма шуьшиина цхьаъ хилахь тхаьш дуьненахь мел деха дагахьбаллам хир бу тхуна.

Сийна конверт схьа а даьстина, цу чуьра схьадаьккхинчу шина кехатах цхьаъ, шена ца девзачу оьрсийн маттахь яздинарг, Петрога а делла, важа, шегахь дисина Iаьрбан йозанехь дерг, деша кечвелира Ахьмад.

Петрога делла кехат, вовшашна тIеттIа а тевжина, дагахь деша вуьйлира Петрой, Николаззий.

Ахьмада хозуьйтуш, юкъ-юкъа тийсалуш деша долийра Iелин кехат:

«Iожалла тIаьхьа а хIоьттина лелаш хиларна, сайх хиндерг ца хаарна, хьалххе хIара весетан кехат яздо ас.

Суна хаьа, нагахь кхузахь сан Iожалла хилахь, сан лаам кхочуш а бина, накъосташа со винчу юьрта валор вуйла.

Шуьга ду хIара весет, сан вежарий ,кIентий.

Со Сибрехара цIа веъча ас шуьга дийцинарг хIетталц хезнарг дара, амма иза дерриге а хIинца сан бIаьргашна кхузахь гуш ду. Паччахьан Iедало вай санна хьоьшучу, Iазапехь дахкочу адамаша латта, маршо, ийсо лоьху. Цара дехарш ца до хIинца, царна хаьа дехарш дарх хьолахошкарчу къинхетаме догдохуьйла йоцийла. Уьш герз а буйнахь гIевттина шайн лаам кхочушбан. Цара маршонан байракх айина. Оцу байракха тIехь дац вайн кийрахь цабезам гIиттийна аьрзунан сурт а, я цхьаьна а экханан, герзан сурт а. Иза адамийн цIийн басехь цIен байракх ю. Оцу байракха кIел паччахьан Iедална дуьхьал бевлла цуьнан эскарех лета оьрсийн, гуьржийн, эрмалойн, гIажарийн, дуккха а кхечу къаьмнийн, вай санна миска, декъаза нах. Царна юккъе питанаш тийсарца церан барт бохо гIерта паччахьан хьадалчаш. Иштта хьал хIоттийна эрмалошний, гIажаршний юккъехь. Амма бакъ хир дац хьолахошна моьттург. Бакъдолчо толам боккхур бу, ткъа бакъдерг а, ницкъ а халкъехь бу.

Сан вежарий! Бес-бесар духаршца, бес-бесар меттанашкахь къамелаш деш, цкъа а молханан хьожа а яккхаза болу нах цхьаьна я кхетта, вайн юкъарчу мостагIчух, паччахьан эскарех, леташ эга

боьлча, церан мопІаршка ца хІоьттича ца Іевелира со. Інйча эхь дара суна.

Со леташ ву. Лета вайн а, вайн накъостийн а юкъарчу моста-гІех, вайн массеран а маршонан дуъхьа. Хаац суна со тховса лер а, кхана лер а. ХІумма а дац дийнахь-бусий со бІозза велча а! Иш-тачу адамашна юккъехь, ишттачу къийсамехь Іожалла тІеэцар лов-зар ду!

Ахьмад, сан бераш! Со эвлаяъ вац хиндерг хаа, амма суна цхьаъ хаьа: мацца ягІахь а цкъа ирсе зама йогІург хилар. Хаьа, оцу заманахь къаьмнаш цхьаьна доьзалехь санна, вовшашца мер-за, цхьабарт болуш дехарг хилар. Цкъа барт болчу доьзалера иман-беркат, токхо, ирс цкъа а ца хеда. Инша-аллахІ, цу даламу-къалахь, оцу заманахь дехар ду вайн бераш, церан бераш... Иза боху соьга большевикаша, ткъа уьш догдика, къинхетаме, майра адамаш ду, нехан ирсан дуьхьа муьлхха халонаш лан, шайн синош дІадала чІагІо йина. Уьш иштта хиларх со теша, хІунда аьлча, цаьр-ца бу ас дуккха а халонашкахь, бохамашкахь зийна, даима суна тешаме хилла Петр, Николаз, Михаил, Датико, Кирилл, кхин дуккха а.

Паччахьан Іедална дуьхьал вайн халкъо бІе ткъа шо хьалха болийна къийсам хІинца а сацаза бу. Маса эзар къонаха вихьна цо, маса эзар доьзал байлахь битина! Вайн жима халкъ ца лара-дора шена тІе теІачу инзаречу ницкъаца, вайн барт бацара кхечу халкъашца-м хьовха, атталла вовшашлахь чоьхьа а. Іехошший, нуьцкъалий вайшна дуьхьалдаьхна кхин долу къаьмнаш вешан мос-тагІий хетара вайна. Амма иза бакъ ца хиллера. Дерриге а цхьа некъарш ду вай, хьолахоша къацахетарца дацош. Даккхий а, ке-гий а — дерриге а халкъаш цхьаьнакхетча бен вайга бохалур бац мостагІий, яккхалур яц вайшна маршо.

Іусман сан кІант ву. Цунах къасталац соьга Ахьмадан Лоьма а. Шуна хаьа, со муьлхачу новкъа веана, со муьлхачу новкъа воь-ду, иза стенна тІе боьду. Хуур ду шуна со мичхьа сецца а. Іожалло со саццийнчуьра дІа оцу новкъа шуьшинъ гІойла лаьа суна. Лаьа суна, вайн дайн лаьтта тІехь маршо, ниса хІотталц аш цаьргахьа къийсам латтабойла, оцу къийсамехь шу дерриг дуьненан къинхье-гаман халкъийн вежарий хуьлийла.

Хаалаш, оьрсийн паччахьо вайн халкъера дІаяьккхина маршой, нийсой дерриг халкъаш цхьа барт болуш гІевттачий бен юхаерзо-риг цахилар.

Петр, Николаз! Сайн даймахках а, халкъах а хаьдда, цаьрга туьйсу са а кхачийна, царех дог а диллина со генарчу Сибарех кІел-висча, дог дикачу аш верзийра со сайн даймахка, сайн халкъ дол-чу. Ашшиммо, шуьшиннан накъосташа дІаайира иттаннаш шераш-кахь суна хьалха лаьттина Іаьржа бода. Шуна тІе со кхаччалц ма-хиллара, бодане, тиларчохь ду сан жима халкъ. Цуьнан бехк бац иза бодане, къен, дера, кхечу къаьмнех ца тешаш хилар. Ые

шо сов зама ю иза оьрсийн паччахьо хIаллакде, хьийзо. БIе шо сов зама ю иза хьоладайша, церан ялхоша а Iехо. Цара латточу харцоно, кьелло дардина иза, тешам байнна дерригенах. Иза боданехь ду, цунна бихкина серлоне боьду некъ.

Ас доьху шуьшинга, сайна ца гинчу, ца бевзинчу, шуьца цхьа ойла йолчу берриг шун накъосташка а, цо дукха сатийсина, цуьнан дуьхьа цо дукха цIий Iенийна маршо сан халкъо яккхалц цунна вошаллин пIо деш цуьнца хилар.

Ахьмад, шовзткъе ворхI шо хьалха со лечуьра ваьккхина ахь БерхIитта шо хьалха сан кIантана ден метта хилла дIахIоьттина хьо. Хьан лаамна дуьхьало а йина, эхарта суна дуьхьал ван пурба дац Iусманна.

Вай везачу дала гIо дойла шуна аш латточу бакъонца къийсамехь мостагIчунна тIехь толам баккха!

Вайн везчу дала барт цхьаъ бойла вайн халкъан цо маршонехьа латточу сийлахьчу къийсамехь!

Маршо я Iожалла! Кхин некъ бац.

ХIара весет яздина Гати-юьртара схьаваьллачу Абубакаран кIанта Iелас, 1326 шарахь, шаввал беттан 20 дийнахь».

Ахьмад кехат дешна ваьлча, цхьана ханна тийналла хIоьттира цIа чохь.

И сингаттаме тийналла йохийра Петрос.

— МостагIчун къинхетамзачу дIаьндарго тхох къастий хьо. тхан хьоме доттагI, революцин майра бIаьхо. Амма хьо даима тхан дегнаш чохь вехар ву. Хьо санна дуьнен чуьра дIаваьлларг леш вац цкъа а. Дерриг хьайн дахаран, халачу бехачу новкъахь харцонца къийсина, хьайн даймехкан, хьайн халкъан дуьхьа турпала летта, къинхьегаман халкъан дуьхьа хьайн са дIаделла хьо вицвийр вац хьан юьртахоша а, оха, хьан каторган накъосташа, я.

Ахь Iамийна со халонаш эшо, къийсамехь майрра хьалха дIаваха. Иза суна цкъа а дицлур дац. Ахь, хьайн кIентий санна, лийринчу, везначу ас а, Николаза а дуй боу хIара хьан весет кхочушдан, хьуна дукха дезна хIара хьан декъаза лаьмнаш маршадахарехьа латточу къийсамехь тхьаьшшиннан берриг ницкъ, эшначохь синош а дIадала. Хьо тешна хилалахь, оцу къийсамехь хьан халкъаца Россин берриг тешаме кIентий хирг хилларх.

ШолгIачу дийнахь Iела дIа а воьллина, нах кешнашкара арабевлча, Iусман царна тIаьхьа цIа а хьажийна, ша Iелин коша уллохь сецира Ахьмад.

«ХIан-хIа, Ахьмад, хьо вопIур вац соьца, — кошан борза тIе куьг а хьоьккхуш, Iелин тIаьххьара дешнаш дагалоьцура цо. — Хьо кхузахь оьшур ву. Дарц дала герга ду, буьрса дарц. Буьрса дарц, мох баьлча къоначу диттийн хьун таьIа, царна юккъехь Iаламан ницкъо дахчийна къена, зоьртала пепнаш, нежнаш а ца хилча Хьой, сой саннарш хила беза маршонан къоначу кIенташна юккъехь. Царна къонахаллица, майраллица, собарца масал гайта...»

Каде хьалагӀаьттина къена Ахьмад, шаьлтанан макъара тӀе ка диллина, бекхаман лаамах буьзна ши бӀаьрг лаьмнашца а кхарстийна, ондда гӀулч йоккхуш оцу буьрсачу дорцана дуьхьал накъосташна тӀаьхьа юьрта волавелира...

1957 — 1965 шш.

# КАЛУГЕРА ЙИЙСАР

## I

Лохачу пара тӀехь, ло санна кӀайн шуьйра, сха маж шалха кагъеш некха тӀе а таӀийна, когаш чуьчча а боьхкина, ши бӀаьрг цӀенкъа а боьгӀна, янтаран Ӏаьржа буьртигаш долу суьлхьанаш меллаша дохуш, ойлане вахана хиъна Ӏара букар хьаьвзина воккха стаг.

Иза Шемал ву. ХӀокху тӀаьхьарчу ткъе пхеа шарахь хьакъ долуш дуьненан массо маьӀехь хастаме цӀе яьржина. Масех шо хьалха Нохчийчоьнан а, ДегӀастанан а буьрса имам, тхьа хӀинца — оьрсийн паччахьан хьурмате йийсар.

Цунна тӀехьа баьрччера пен берриге дӀалаьцна боккха куз, ткъа дуьхьал пенаца — бустамашца кечдина баьццара истанг кхозу. Оцу шинненна а тӀехула оьхкина ду дешица, детица кхелина безчу механ герзаш. Дуьхехьо, дехачу гӀонта тӀе хӀиттийна гаттийн къамкъаргаш, шуьйра гайнаш долуш цӀестан шиъ кӀудал а, гӀуммагӀ а. ЦӀенкъа юккъехьо оьзна, чоь гатйина, хьанийзина когаш долуш, куьзга санна къегина тӀехуле йолуш, Ӏаьржа йоккха стол а, цунна гонах масех венецнански гӀант а.

ХӀокху цӀа чохь вовшах йина Европа а, Ази а. Цхьана пенаца лаьтта даккхийчу жайнийн юьзна шкаф. Цунна уллохь — орган. Шемала шен имаматехь нахана чӀогӀа дихкинера зурманаш, цӀузанаш, шедагаш, пондарш а лекхар, иллеш, эшарш алар а, хелхарш а. ТӀеман замано тоьттура иза оцу бехкамашна тӀе. ХӀора дийнахь тӀамехь леш долу адамаш. Сингаттамаш. Бохамаш. Оцу юккъехула ловзарш, иллеш, синкъерамаш а гӀиллакхца а, оьздан-

галлица а ца догIура. Цуьнан бехкам бохийна стаг шен коьртах волура. Ткъа хIинца Шемалан хIусамехь уггар хьурмате меттиг дIалаьцна, жайнашна уллохь уггар тоьлла орган лаьтта.

Ша гергаозийначу нахах цхьанна — талмажна Мустафина тIедиллира цо орган лакха Iамор. ХIинца Мустафина дика Iемина и инструмент. Шемал гIайгIанечу ойланаша дIалаьцча, вист ца хуьлуш охьа а хоий, оцу органца эшарш локху Мустафас. Генарчу лаьмнийн эшарш. Оцу эшарша садоькъу къенначу имаман.

Боккъал а, эрна боьхкуш хилла цо ламарошна дуьненан синкъерам. Цхьана гIайгIанашца, балапашца ваха аьлла кхоьллина ма дац стаг. Цара само, майралла а ма артйо, дуьнене, дахаре безам ма бо. Ткъа хIокху эшарша дахаре безам кхуллу. Цхьана ханна гIайгIа а, бала а бицбо.

ХIинца, хIокху Россехь, Шемала шен бертаза дохадора мацах цкъа ша шен Iедална кIелхьарчу ламарошна хIиттийна луьра низамаш.

Шемал кхоьлина го тахана. Ткъа ойланашца иза гена ву Калугана. Тахана Шемал волчохь хилла ашильтахо Мохьумад. Шен ваша Хьасан-Хьаьжа волчу веана иза. ХIинца цуьнан цIе Хьасан-Хьаьжа яц. Иза штабс-капитан Парамонов ву. Суьйлийн могт а ца хаь цунна. Бицбелла. Жима бер долуш оьрсийн эскарша Ашильта дIалаьцча, цигара валийна иза. Зуда а оьрси ю цуьнан.

Шемалан дехха къамел хилира Мохьумадца. Гена даймахкара веанчу хьешо дуккха а дийцира. Цуьнан герггарчу нохчийн наибаша БойсагIара а, Атабис, Iуммас Нохчичоь гIаттор а. БойсагIар ирхъоллар, важа шиъ Росси ссылке вахийтар. Шемалан шира дуьхьалонча Кунта-Хьаьжа лацар. Шелахь адамаш дайар а. Малхбузе лаьмнашкара ламарой Турце кхалхор а.

Дукха хан ю хьаша хIокху хIусамера дIавахана. Шемалан багара дош ца даьлла. Массо ара а ваьккхина, ша висина иза.

Ойланаш ян.

* * *

Шемала ша шега къамел до. Дагахь. Ойланашца.

...Йоца оьмар ю стеган хIокху дуьсудолчу дуьненахь Вухахьажа а кхиале — дIаволу. Хаалац къаьлуш а, Iожал герга гIерташ а. Зиитаго санна къахьоьгу адамо. Iункар а, бертал а хьалха дIатекха. Ша цкъа а лийрвоцуш санна. Шен гергарниг, везарг а, шел къонаниг, къенаниг велча а ца хаьа ша а лийрвуйла. Цкъацкъа гергарчун бохамо дог а ца дохадо. И адамаш ца хилча ша воцийла а хаац. Ша лийриг ца хиларх тешна веха. Вала лаац-кх. Ша хIара дуьне мел декъаза даахь а. Хиндолчуьнга сатуьйсу. Тахана декъаза велахь, кхана ирсе хиларе сатуьйсу. Оцу сатийсамашца веха. Шена гондIа хуьлуш дерш а ца гуш. Шена а, шен доьзална а веха.

ТӀаккха, Ӏожална дуьхьалнисвелча, самаволу. ТӀаккха кхета иза, ша даймахках, адамийх, цхьа гуш доцчу пхенашца чӀогӀа возавелла хиларх. ХӀетталц цкъа а ша пусар ца диний. Шен дахарехь ша девнаш дина, сийсаздина, халахетийтина, изза шена тӀехь а дина адамаш шен дагна гергара а, хьоме а хиларх.

Ӏожалла герга гӀоьртича схьахерца хӀутту стаг шен дахаран тептаран агӀонаш. Шен гӀалаташ, нийса мичхьа хилла, бакъ мичхьа хилла хаа гӀоьрта. Оцу тӀаьххьрчу миноташкахь шена уллохь го цунна гергарнаш, доттагӀий, лулахой. Цкъа а шен уьйраш ца хилларш а. ХӀинца уьш берриге а беза цунна. ХӀинца массо а ган лаьа цунна. Цкъа а шена ган ца лиънарш а цхьана. Мел дагна хьоме хета цунна кора тӀе кхозаделла къеначу Ӏожан га. Цунна тӀехь «чӀир-чӀир» деш дека хьоза а. Оцу боданечу корехула чу Ӏовдаелла, тишчу юргӀанна тӀе йийшина маьлхан зӀаьнарш а. ХӀаъа, массо ган, массеран а аз хазаре сатуьйсу цо. Арахь цхьанхьа керта кӀел дижина Ӏуьллу месала, кан тилла, къена жӀаьла а цхьана.

Дуьхьал хӀуьтту шена дагахь тоххара хӀокху дуьненара дӀабаханчийн аматаш а. Дай-нанойн, вежарийн, йижарийн, доттагӀийн, нийсаройн. Кхоьлинчу бӀаьргийх къорам схьаӀийдало бӀаьрхиш, хебаршца беснешна тӀехула охьалеша.

Изза хьал хӀутту шен Даймахках, шен халкъах къаьстинчу стаге а. Цхьа а цӀе йоцчу цхьана башхачу цамгаро диллина дӀа доьжу цуьнан дог. Иза шерашца, деношца ца къанло, ткъа сахьташца къанло. Хеназа къеждо чоьш, хебарша оху юьхь, бӀаьргашна тӀе гӀайгӀанан морхаш хӀуьтту, ӀаддарпӀа хуьлий сетта букъ. Ткъа ойланаш... Уьш йиллина дӀа генарчу даймахка хьийза, дагна гергарчу адамашца хуьлу.

* * *

Ӏедалан коьртехь волу стаг мостагӀий боцуш ца хуьлу. Иза мел нийса, къинхетаме велахь а. Нийсо ца езарш, къинхетам, адамалла доцурш цуьнан мостагӀий ма хуьлу. Цундела, шен дахарехь дукхха а мостагӀий хилла Шемалан. ХӀинца цхьа а вац. Царах уггар шен луьра мостагӀа тахана шена хьалха хӀоьттича, ма хазахеташ маракъевлина, самукъадаьлла охьахуур вара иза цуьнца. Ненан маттахь къамел дан, генара даймохк дагалеца, хилларш, леллаpш, хезнарш а дийца...

ХӀара къилбаседан еха буьйсанаш дӀаоьху цуьнан, хӀара суьлхьанаш карахь, ламазаш деш. Балдаша шабаршца делан цӀе йоху, ткъа ойла ша винчу лаьмнашкахь кхерста. Шемала меллаша хоьрцу шен дахаран тептаран агӀонаш. Шен эшамийн бахьанаш лоьху. ДӀа ойла йича ша бина некъ нийса хета. Цо халкъан гӀуллакххехьа ма къийсара. Исламан бакъдин чӀагӀдан, иза мунепакъийх, гаурийх лардан ма гӀертара. Бусалба динехь ца нисделча халкъан барт а, сий хир ма дац. Бусалба динан некъа тӀера даьл-

лачу халкъан барт а, цо лелочух иман-беркат хир ма дац. Иза маьрша а хир ма дац. Я халкъ ца кхетара-те цунах, Шемалах? ХIаъа, цо къинхетамза таIзар дора. Амма хьанна? Исламана дуьхьал бевллачарна, исламан мостагIашна, хIокху ламаройн мостагIашна, я оцу мостагIашна ойла йолчарна, я ша, Шемала, дIахьочу некъе бен доцуш хьуйсучарна. Иштанаш дуккха а бара. Ша дIа мел йо кхел делан, исламан цIарах йора цо. Цундела дала лакхаваьккхира иза, Шемал, Делан лаамца Нохчичоьнан а, ДегIастанан а имам хилира.

Дала лакхаваьккхира шен тешаме лай... ТIаккха охьакхоьссира. И хIунда дира-те цо? Шен бакъдинан мостагIий хIунда толийти-те цо? Мичхьа гIалатваьлла-те Шемал, мичхьа, маца оьгIазвахийтина-те цо дела? Я шен тешаме лай зерхьама дина-те дала хIара? Шен пайхамарш а ма зийна цо иштта халонашца. Я даим дог цIена ца хилла-те Шемал, ша дина цхьацца гIуллакхаш делан дуьхьа доцуш, шен дуьхьа дина-те цо? Маца, мичхьа вахара-те Иблисан кара? Нагахь иза схьавеана некъ нийса бацахь, иза гIалатвийллехь, хIета, цул хьалха хилла бусалба паччахьаш а ца лелла кх нийса. Уьш-м Iедална коьрте гIерташ, хьал гулдан гIерташ ма лелла. Хьал гулдора шайн Iедал чIагIдархьама, оцу шиннех а пайда оьцура ислам чIагIдеш. Амма цуьнца цхьаьна, шайн а, шайн доьзалийн, гергарчийн гIангIа а бора. Иза-важа а деш, оцу бусалбанийн паччахьаша боьхий-цIений гIирсаш ца хоьржура. Цара къинхетамза хIаллакбора, хIаллакбо шайн мостагIий, шайн дай-наной а, вежарий, йижарий, доьзалш а. Ткъа Шемала иза а ма ца дира. Цо шена а, шен доьзална а дуьненан хьал-бахам ца лехнера.

Цундела къена Шемал мел ойлаярх ца кхетара царал дог цIена а, къинхетаме а волу ша вожаран бахьаний.

...ХIаъа, Шемала шен са ца кхоош къийсира исламан, ламанан халкъийн маршонехьа, церан мостагIашца. Юьхьанца, шен юьртахочунна, доттагIчунна, хьехамчанна ГIеза-Моллина улло а хIоьттина. ТIаккха иза вийча, цуьнан гIуллакх дIа а кхийхьира цо.

Мел дукха хийцамаш хилла дуьненахь Шемалан бIаьргашна хьалха. ХIара дуьне харцийна вукху агIор тоьхча санна. Ша жима волуш цунна дага а ца догIура, воккха хилча шен буйнахь эзарнаш адамийн кхоллам хир бу бохург. Цхьа масийтта шо даьлча шех, хIокху лаьмнашкахь-м хьовха, ткъа дерриге дуьненахь цIе яхана стаг хир ву бохург. Бакъду, бераллехь цо даим дIа сатуьйсура ша дегIехь ницкъ болуш хиларе. Шен дегIан аьрха ницкъ а, майралла а, хьекъале ойланаш а маршоне хеца даим дIа цхьа ков лоьхура цо. Иза хьалдолуш вацара лакхенга кхача. Амма цуьнан хьекъале корта а, майра дог а дара. Цундела, даим дIа хьалха, лакхенга гIертара иза. Юьхьанца — шен нийсаршна юкъахь, тIаккха —хьуьжарехь мутаIеламашна юкъахь. Хьанна ца лиъна, я ца лаьа иза? Дала кхоьллинчу цхьана а адамана ца лиъна ша кхечул

эша. Шен вешел эша а. Цхьана стага хIор ламаз тIехь ша доIа деш деле доьхуш хилла боху: «Я АллахI, хIай веза дела, сан вашо массарал а толийталахь, со цул ма эшавелахь», — бохуш. Иза майрра гIулч йохуш хьалха дIавоьдура. Хала-м дера дара, Iаламат хала. Екъа сискалан юьхк а йоккхура къизчу къица. Амма дешарехь иза хьалха вара массарел а. Цхьана ГIезал тола ницкъ бацара. Ма хьекъале корта бара иза! Дог а дара цуьнан майра, къонахаллих дуьзна. Изий бен кхин стаг вацара лаьмнашкахь, шена хьалха Шемал суждана воьдуш.

Бераллехь дуьйна даима дIа доьзалехь лаьттачу къеллийн багара вала сатуьйсура Шемала. Ша а, шен доьзал а, кхин эзарнаш миска ламарой а охьатеIочу нехан олаллих уьш маршабаха. Амма хIетахь ца хаьара и шен сатийсамаш кхочуш хир буйла.

* * *

Оьрсийн Iедал ДегIастанан лаьмнашка кхаьчча дерриге хийцаделла тIекIелделира. ХIетталц кхузахь халкъашна тIе нуьйраш техкина, юккъе тIе а хевшина Iара нуьцкъала, къиза ханаш. Массо а вара церан карахь. Iадатан а, шариIатан а законаш а. Ханаша Iеламчийн дола дора, ткъа Iеламчаша ханашна гIо дора. Цара цхьаний Iазапехь латтадора халкъаш. Къиза, къинхетамза бацабора ламарой. ХIара ГIеза а, Шемал а санна эз-эзарнаш. Цхьа а ца ваьхьара хьолахошна дуьхьал аз айда. Паччахьаш, Iедалхой, динадай делан лаамца лелаш бу, царна дуьхьало яр, церан мулка[1] тIе куьг дахьар къилахь ду бохура. И бехкам талхабарал доккха къа ца дуьйцура. Цхьаберш хьоле, цхьаберш къен хилар а делан лаамца ду. Цо азаллехь яздинарг дохалур ма дац, я дохо йиш а яц. Ханашний, Iеламчашний дуьхьалваьлларг, дала дуьхьалвалар ма ду. Цундела ловра ламароша ханийн, бекийн, шаьрца бертахьчу цхьаболчу динадайн а Iазап. Цара шайн меттаниих юнаца Iуьргаш даьхча а. Ю Iуьттуш бIаьргаш даьхча а, мерIуьргаш этIиийча а. Даьшначу кортошна тIе кхехкаш кIеж туьйсу даьтта доьттича а. Боданечу, тIуьначу зинданашна[2] чохь бахкийча а. Шайн зударий, йоIарий сийсазбича а.

Дерриге а ловра. Иза дерриге а делан лаамца ду бохуш.

ТIаккха керстанаш баьхкира. Цхьаболчу ханаша дуьхьало йира, цхьаберш дуьхьало ца еш, муьтIахь хилира царна. ТIаккха, масех шо даьлча, массара тIейийцира гаурийн Iедал. Цаьрца берта бахара берриге ханаш. Ханашна, бекашна безчу механ совгIаташ дайитора гаурийн паччахьо. Селхана чордачу машин чоица я кхакханан кегарца лелларг исхарца вухавелла, белшашна тIехь хьесан погонаш, некха тIехь орденаш йолуш дIахIоьттира.

[1] Мулк — долара бахам (Iаьрб)
[2] Зиндан — лаьттах яьккхина набахти

Селхана хIумма а ца хиллачух тахана воккха инарла, хьалкам хуьлура. Ой, изза нах ма бара селхана бусалба динехь воцу муьлхха а стаг ламарочун мостагIа ву баьхнарш! Иза да, кIант, ваша велахь а. Керстанна гIуллакх динарг, гIо динарг, керстанан куьг кхетта кхача биънарг, духар дуьйхинарг, цуьнгара ахча, совгIат эцнарг, цуьнца цхьана тхов кIел охьавижнарг жоьжахатан цIергахь вогур ву баьхнарш!

ХIинца дерриге а хийцаделира. Дерриге а эделира. Ханаша шайн хIусамашка луьстура керста инарлаш, хьалкамаш, цаьргара совгIаташ оьцура. Хьолахоша хьоьшура пайхамаран хьехамаш, сийсаздора бусалба бакъдин, шарIан низамаш. ХIинца кIез-кIезиг дIадохура дина ца догIу Iадаташ, кIез-кIезиг юкъадаладора керстаниййн Iедал, гIиллакхаш а. КIез-кIезиг доккхуш дIадаккха долийра Iеламчийн карара Iедал. Гаурийн Iедало дехка долийра нахана Макка каIабе бахар. ХIинца Iеламчийх дагабийраш, бусалба динехь дахаран некъ лоьхурш кIезиг бара.

Цхьа хан яьлча адам реза ца хила дуьйлира оьрсийн Iедало шайга хIиттийнчу хьелашна. Ханаш — шайн Iедална цо доза тохарна. Динадай — шайн хьалхалера сий а, лерам а лахбаларна. Халкъ — хьалха шайн яьIни тIехь лаьттинчу ханашца цхьана паччахьан Iедалхой ховшарна.

Халкъ карзахдийла дуьйлира. Шен яьIни тIера ханаш, оьрсийн чиновникаш а дIакхийса гIоьртира иза. Ткъа ханашна лаьара, паччахьан чиновникаш кхузара дIа а баьхна, цхьаьнцце ца доькъуш Iедал шайн каралаца, халкъах схьаIуьйду пайда шайна бита.

Оцу дорцан гIовгIанехь массерчул чIогIа хезара бакъболчу динадайн аз — Шайх Моххьумад ал-ЯрагIи, Джамал-Эддин а, Шемалан доттагIчун ГIеза-Моллин а хьехамаш. Халкъерчу берриге бохамашна бехке ханаш, гаурш бу бохуш кхайкхамаш бора цара. Оцу дела воцчу гаурша бусалбанийн латта хьоьшу бохура. Гауршна а, цаьрца бертахьчу ханашна а, бекашна а дуьхьал гIовттаре кхойкхура. Керста а, мунепикъ а, цаьршиннен бартахо виййнарг а, церан карах велларг а бартхаттам боцуш ялсамане гIур ву бохуш, тешаллаш дора. ГIовтта бусалба вежарий, гIазотана гIовтта! Далла хьалха массо цхьаъ ву, цхьа а стаг цхьана а стагал лаккхахь хила йиш яц, адамашкахь, халкъашкахь Iазапдаллархой хила ца беза!

ТIаккха кхехка юьйлира Нана-ДегIаста. Цуьнан тулгIенийн сирта тIе нисвелира хIетталц аддамана а мичхьа ву а ца хууш лаьттина къона, миска Шемал. Цуьнан хьекъал, майралла а, бусалба дина муьтIахьалла а бахьана долуш, ГIеза-Моллина уллохь.

ГIеза-Молла дуьхьал вара оьрсашна а, ханашна а. Халкъ Iазапехь даллочарна массарна а. КъорIано, пайхамара гайтинчу некъа тIера ваьллачу муьлххачу стагана а. Халкъан ирс, нийсо а, кху

лаьмнашкахь машар а, беркат а бусалба динца, адамийн дегнийн цIеналлица, къинхетамаллица гора цунна.

Шемална хьалхахIоьттира шен дахарехь дуьхьара шена тIе деана хала де. Нохчийн ярташ сийначу цIарах а ягийна, шен эскарца ДегIастана веара инарла Розен. ХIетталц ша масех толам баьккхинехь а, ГIеза-Моллин ницкъ бацара цунна тIехь гуттаренна толам баккха. Тайп-тайпана меттанаш, гIиллакхаш, амалш йолу ханийн, бекийн олаллин кIелхьара ДегIастанара масийтта къам цхьана а тоьхна, царах цхьа буй бина иза мостагIчунна дуьхьал баккха ницкъ бацара ГIеза-Моллин. МостагIа Гимрана тIе вогIуш ша вовшахтоьхначу гIуллакхах дог диллинчу ГIеза-Моллас шена тIегулбира шен герггара накъостий.

— Сан Iожалла герга кхаьчна, — элира цо. — Кхузахь, со винчу юьртахь, лийр ву со. Бусалба динан а, вайн халкъан а маршонан, нийсонан дуьхьа. Ишта вала лаьарг соьца виса. Ца лаьарг дIагIо...

Гимра ларъеш ГIеза-Моллица ялх бIе тIемало вара. Iуьйранна малх схьакхеташ болабелла буьрса тIом суьйренга белира. МостагIчо, хаддаза яккхий тоьпаш тIе а етташ, сих-сиха тIелетарш дора. Де суьйренга лестича байина лагIбелира ГIеза-Моллин бIаьхой. Яккхийчу тоьпийн хIоънаша аьттера юрт. Массо маьIIехь декъий Iохкура зударийн, берийн. Кхин дIа дуьхьало эрна хиларх тешна ГIеза-Моллин накъостий хIара а витина бухабевлира. Цо орца дехна Хьамзат-бек шен эскарца веана Гимрана ши чакхарма сецира. Юьртахь хIаллакьхуьлучу адамашка бен доцуш хьоьжуш. ГIеза-Молла а, Шемал, цаьршинца пхийтта мурд а тIаьххьара йисинчу бIов чу къовлабелира. Шайгара хIоъ-молха чекхдаллалц дуьхьало йира цара. Мурдаш байира.

— Кху чохь эрна хIаллакьхуьлучул, кIелхьарвала хьажа веза, — элира ГIеза-Моллас, — аьтто балахь кIелхьаравер, Iожал елахь, летта лер.

**Мохххьумад-ТIахIир ал-Карахи:** 1248 шеран джумада ал-укра 3-чу дийнахь ГIеза-Моллин бIо бухабаьлча, 13 стагаца ГIеза-Молла а, Шемал а цхьана цIа чохь чIагIвелира. МостагIаша гуо бира цIенна, тхов тIе а бевлла, тхов а бохийра. Чуьрчара а, арарчара а дуьхь-дуьхьал тоьпаш еттара. Шемалан топ юьйхира. ГIеза-Моллас нахе омра дира неIарх а лелхий мостагIашна тIелата аьлла. Амма нах ара ца бовлура. ТIаккха иза, баттара тур а даьккхина, ша араиккхира. Цунна тIаьхьа араиккхира цуьнан шича Махьумад-Султан а. Шемала омра дира нахе, цаьршинна тIаьххье аралелха аьлла. Амма цхьаммо а ла ца дуьйгIира. Шемала хьаттира нахе: «ГIеза-Молла вуьйжин-те?» — аьлла. Цунна жоп делира: «Гена валале охьавоьжна иза» — аьлла. И жоп хезча, Шемал хIумма а гIайгIане ца хилира. Наха шега ла ца дугIийла хиъча, шен тур баттара а даьккхина, доьхкарца цхьана ботт юьстах а кхоьссина, араиккхира иза. Хьалха тIе нисвелла шиъ салти

вожийра цо тур тоьхна. Кхоалгlачу салтичо некхах схьатоьхна цхьамза букъа тlехьахула чекхбелира цунна. Цхьана куьйга и цхьамза схьа а лаьцна, тур тоьхна и кхоалгlа салти а вожийра Шемала. Кхечу салтичо хьажийна схьатоьхна топ ца кхийтира цунна, иза а тур детташ верира цо. Тlаккха цхьана салтичо схьакхоьссинчу тlулго аьрру пханаран даьlахк кагийра Шемалан. Оццул халачу чевнаша ша lелвинехь а, охьа ца вужуш, салташна тур лестош, гонна юкъара а ваьлла ведда кьртах велира иза. Оьрсий цхьана кlиранах лаьттира Гимрахь. Цара лехира исламан дуьхьа воьжначу Гlеза-Моллин дакъа. Иза каро царна гlо дира муненикъаша-гимрахоша. lеламчо Саид-ал-Хоросанис омра дира оьрсашка цуьнан дакъа Гимран лаьттах дlа ма долла аьлла. Цига иза дlадоллахь, цуьнан коша тlе адамаш оьхур ду, тlаккха юха а хьоврзlовр хир ю кхузахь. lеламче ла а доьгlна, оьрсийн командованис Гlеза-Моллин дакъа Таркха а даьхьна, цигахь дlадоьллира. Тlаьхьа, иттех шо даьлча, Шемала Таркхара схьа а деана, Гимрахь дlадоьллира Гlеза-Моллин дакъа...

* * *

Шемал Унцуклехь lуьллуш баккхий хийцамаш хилира Дегlастанахь.

Гlеза-Молла вийна аьлла шена хезча, шен бlоца сихха Гоцатле а вирзина, Хьамзат-бека Дегlастанара динадай, лоруш болу баккхий нах а Карадахана маьждиге кхайкхира, ша лечу хенахь Гlеза-Моллас шен метта имам ша витина аьлла. Ткъа нахана хууш ма дара, Гlеза-Молла лечу хенахь Хьамзат-бек Гимрана ши чакхарма генахь кlилло лечкъана lар, имамана уллохь Шемал хилла хилар а. Массеран а лаам цхьаъ бара: Шемал имам хила веза. Цунна бахьана а даладора: Шемал Гlеза-Моллин герггара доттагl а, мурд а вара. Хьалхарчу дийнахь дуьйна, тlаьххьара минот тlехlоттале цуьнан бlаьхьаллин накъост, имам лечу хенахь цунна уллохь а хилла Шемал — lелам стаг а, майра стаг а, халкъо лоруш а ву. Хlетахь чевнаш ерзаза lуьллуш вара иза. Гlуллакх къовсаме а, чолхе а долийла хиъначу цо кехат яздира Карадахехь гулбеллачу нахе:

«Оьрсий шайн толам базбеш бу. Гимра йоьжна, имам вийна. Ислам меттахь латто барт оьшу вайна. Баьчча муьлхха хилахь а, халкъ цунна муьтlахь хила деза. lедалан лакхе къуьйсуш, вай тардала ца деза даьlахк къуьйсучу жlаьлийх. Дала лардойла вай ништачех. Вай вовшех леташ lешшехь, гаурша и даьlахк дlаяьхьна дуьтур ду вай. Деле орца а, собар а дехий, цо гайтиначу новкъа гаурина дуьхьал цхьанакхета вай. Иза дина вайн дайша. Саламмаршалла ду шуьга.»

И кехат даржийра массо ярташка. Тlаккха Хьамзат-бек имам хаьржира. Шемална дика вевзара Хьамзат-бек. Цуьнан дас Ис-

кандер-бека дукха гІуллакхаш динера суьйлийн ханна Іали-Султан-Ахьамадана. Цундела, шен майра велча, ханан зудчо Паху-бикас шийтта шо долу Хьамзат-бек Хунзахе а валийна, шен доьзале тІе а эцна, воккха хиллалц кхебира. Кхузахь Суьйличоьнан коьртачу къедица Нур-Мохьумадца дешна велахь а, Іилман кІорге йолуш вацара Хьамзат-бек. Шегахь мел майралла ю-м цо хаийтира Гимра южучу дийнахь, шен эскарца лечкъина а Іийна. Ханийн доьзалехь кхиъна Хьамзат-бек къиза а, кура а стаг вара. Иза шена дика вевзашехь, ша товелча, халкъан гІуллакхан дуьхьа Хьамзат-бекана тІе а вахана, иза декъал а вина, ша цунна гІо дан кийча хилар хаийтира Шемала.

Хьамзат-бекана Суьйличохь олалла дезара. Амма цуьнан лаамна новкъа бара оьрсашца барт болу цигара ханаш. Хьамзат-бека ямартлонца уьш байарна кхоьру Шемал машарна юкъавуьйлира. Амма Шемал кхийринарг хилира. Хьамзат-бека байира ханаш а, церан доьзалш а. Атталла ша кхаьбначу ханших Паху-бикех а къинхетам ца бира. Цуьнан а корта баьккхира, иза КъорІан доьшуш хиъна Іаччохь.

Дукха хан ялале Хьамзат-бекана дуьхьал тоба кхоллаелира. Цуьнан коьртехь Хьаьжа-Мурдан ваша Іусман-Хьаьжа а волуш. Эххар а Хунзахан маьждига чохь вовшахлетира шиний агІорнаш. Уггар хьалха Іусман-Хьаьжас шаьлта тоьхна Хьамзат-бек вийра, амма иза ша а вуьйжира Хьамзат-бекан мурдан карах.

Хунзахера адам реза дацара Хьамзат-бекана. Цуьнан дакъа деа дийнахь лаьттира Хунзахан майданахь. ТІех мел волучо неІалт а кхайкхош. Цуьнан мурдаш цхьаберш байина, бисанарш лелхийна дІасабаржийра. Суьйличохь Іедал цхьана ханна Хьаьжа-Мурдан карадуьйлира. ТІаккха, оьрсийн инарло Хунзахе а валийна, Суьйличохь хан кхайкхира ГІазгІумкойн Аслан-ханан кІант Мохьумад-Мирза. Иза а дукха ца лаьттира. Цуьнан метта хІоттийра Мехтулахойн Ахьмад-хан.

Хьамзат-бек вийначул тІаьхьа Гимре цІа вирзира Шемал. Иза вина юрт йолчохь цІеран чим бара. Оьрсаша ягийнера Гимра. Царна хьалха а ваьлла Шемалан цІа дагийначу Уллунайн шен куьйга корта баьккхира Шемала.

* * *

ГІеза-Моллас болийна маршонехьа, бусалба динехьа къийсам цхьа кІеззигчу ханна юкъахбелира. Лаьмнашкахь хІинца а лараш яра инарла Ярмола къинхетамза ягийначу яртийн. ХІинца а хІара ламарой хьошуш, бусалба дин сийсаздеш хІокху лаьмнашкахула толаме кхерстара гяурийн эскарш. Церан ялхой хилла хьийзара ханаш, бекаш, цхьаболу динадай а.

ХІинца ца ларъяхь цкъа а маршо хир яц ламарошна. Цкъа а. ХІинца ца лардахь довр ду бусалба дин а, къоман гІиллакхаш а.

ХӀокху лаьмнашкара дӀалахка беза гаураш а, царна гӀо деш болу мунепикъаш а.

Шемала ламаройн гулам кхайкхира. Имам харжа. Массара цхьа лаам болуш цӀе яьккхира Шемалан. Амма цо дуьхьало йира имамалла тӀелаца. Шемала хьалхатеттира ДегӀастанахь а цӀе яххана Ӏеламча Игалера СаӀид. Цо а тӀе ца лецира и хала дукъ. Ша дагна кӀеда стаг ву бохура. Гуламо шолгӀа а дехар дира Шемале. Шемал реза ца хилира. Цо цӀе яьккхира Каратерчу Газион. Иза имам харжахь, ша цуьнан гӀоьнча хир ву а элира. Амма Газио а реза ца хилира. Гулам бахбала буьйлнра. Имам харжар дӀатетта хан яцара. МостагӀий бара гобаьккхина. Имам ца хоржуш халкъ дӀасадахча, юха гулдан хала а хир дара.

Шемал эххар а резахилира.

* * *

Ашильтахь ша имам хаьржинчул тӀаьхьа пхийтта де даьлча Шемала, Хьмзат-бека йийначу ханшин Паху-бикин ерриг хазна а, дийна висина цуьнан жима кӀант Булач-хан а Ашильте схьакхайкхира.Шемална тӀаьхьа долчу халкъо Булач-ханан Ӏожалла лоьхура. Иза воккха хилча, гаурийн гӀоьнца халкъана бале валарна кхоьруш. Халкъан лаам кхочушбеш, шен имамаллин хьалхара гӀулч цӀий Ӏанорца яьккхира Шемала. Цо омра дира жима Булач-хан Гимрана а, Унцуклана а юккъерчу тӀай тӀера ГӀойси чу кхосса аьлла. И гӀулч шен бертаза яьккхира Шемала. Карзахдаьллачу халкъан лаам кхочуш ца бан ницкъ а ца тоьъна. ХӀетахь ша яьккхинчу оцу гӀулчо тӀаьхьа кӀоргера ойланаш а яйтира цуьнга. ГӀеза-Моллин зама ша тайпа яра. ГӀеза-Молла ша а вара башха стаг. Ша саннарг кхин хир воцуш. Майра. Оьзда. Къинхетаме. Ӏелам. Къен. Цо шена дуьне а, бахам а ца лоьхура. Иза делан дуьхьа, халкъан маршонан дуьхьа гӀаьттинера. Ярмол-инарлин а, цул цуьрриг а къинхетаме боцчу ханийн а къизалло, Ӏазапо а дардина халкъ ГӀеза-Моллина тӀаьхьахӀоьттира.

ХӀинца а бара лаьмнашкахь гаурш. Амма Суьйлнчохь церан гӀорторош-ханаш дӀабевллера. Уьш дӀабевллехь а, церан гӀорторош хилла лаьттинарш бисинера. Бекаш, цхьаболу динадай а. Цара Шемална дуьхьал яьхнера дуккха а ярташ. ХӀокху йоьхначу, чолхечу заманахь халкъ а даьллера шен лааме. Къаьсттина Хьамзат-бекан имамаллин иcс батахь. Шемалехьа а, ханашкахьа а. Цхьана а агӀор боцурш а. Маршонан, бусалба динан а бала боцурш а. Къуй, талорхой а. ХӀара цхьа а Ӏедал доцчу юкъах пайда а эцна ярташка, тайпанашна, тукхамашна коьрте хӀитта гӀертарш а. Ярмартхой, кӀиллой а, зуламхой а.

Халкъан кхолламан, цуьнан маршонан, бусалба динан кхолламан жоьпалла шен яьӀни тӀе доьжча кхийтира Шемал, ша тӀелаьцнарг мел беза ,мел жоьппалин боккха мохь бу. Хиира, шен лааме

даьлла халкъ хазчу хабаршций, кхайкхамашций низаме далалург цахилар. Маршонехьа къийсамехь болатан низам оьшийла. Шен деган дикалла а, къинхетамалла а дIататта дезар. Ямартхошна, къушна, талорхошна, мунепикъашна, бусалба дин, къоман гIиллакхаш талхош болчарна луьра таIзар дан дезар.

Уггар хьалха — ГIеза-Моллас долийна шарI даржор а, чIагIдар а юха дIадоло дезара. ХIокху лаьмнашкахь дехаш масийтта къам дара, хIоранниен ша тайпа меттанаш, Iадаташ, гIиллакхаш, амалш йолуш. Уьш цхьана а тоьхна, царах цхьа буй бина, гауршна дуьхьал гIитто цхьаъ бен ницкъ бацара : дин, шариIатан низамаш а.

* * *

Оцу халкъаша кхоьллина, бIешерашкахь кхиийна, зийна, халкъаша тIе лаьцна, кIоргге орамаш тийсанера Iадаташа. Цул сов, шариIатан низамел демократе дара къоман Iадаташ. Цундела, Iадаташ шариIатца хийца воьлча, кхечаьрца цхьана яккхий дуьхьалонаш нисъелира Шемална. Уггар хьалха унцукулхой дуьхьалбевлира имамана. Шен юьртахоша гимрахоша а эккхийра. Ашильтахоша а сацам бира иза шайн юьртара дIаваккха. ТIаккха Шемал сацам боллуш тIетеIа вуьйлира шена муьтIахь ца хуьлчу суьйлийн ярташна. Уггар хала киртиг Шемална тIехIоьттича, цунна орцах баьхкира нохчийн баьччанаш. ШоIип-молла, Ахьверда-Махьма, Жовтхан а. ТIаккха иза къобал вира нохчийн гIараваьллачу баьччас Ташу-Хьаьжас. Шеца Удди-молла, ши бIе нохчо а волуш иза Гумбете веача, Шемала цуьнца цхьаьна шена тIеерзийра Унцукул, Йигали, Урата, Араканн, Ирганой, Кодух, Херадар, Балахна, кхин дуккха а суьйлийн ярташ.

Имамаллин хьалхарчу шина шарахь, хIара бу аьлла толам ца хилллехь а, дегайовхонаш яра Шемалан. И дегайовхо а, сатийсам а чIагIбора сих-сиха цунна орцах богIучу нохчийн баьччанаша. ТIаккха Нохчичохь тIом марсабаьккхира оьрсийн инарлаша. Нохчийн баьччанаш шайн эскаршца цига бухабирзира. Шайн ярташ ларъян. Шена дина гIо декха Шемал а вахара царна гIоьнна. Амма Эвтара уллохь цуьнан а, Ташу-Хьаьжин а цхьаьнакхетта эскар дохийра инарла Фезис. ТIаккха Шемал ДегIастана вухавирзира. ХIинца иза ша висира оьрсийн инарлашна а, царна гIо дечу ханашна Мехтулойн Ахьмадана а, ГIазгIумкийн Мохьумада-Мирзина а дуьхьал къийсамехь.

Цкъа, гуттар а шен гIор эшча, оьрсашца машар бан а гIоьртира иза. Нохчичохь а, ДегIастанахь а цхьана хенахь шиннахьа а тIом бан ца ларочу оьрсийн инарлашна а оьшура машар. И шиъ цхьаьнца, кьаст-къаьстина къаръян Мохьумад-Мирза юкъара а хилла, шоца шн бIе тIемало а волуш инарла Клюке фон-Клюгенауна тIевахара Шемал. Тифлисе веаичу паччахьана тIе а гIой, айхьа

лелийначу зуламашна гечдар деха, цунна муьтIахьаллина чIагIо еш дуй баа, бохура инарлас. Шемал реза вара иза дан. Оцу машарах пайда а эцна, ницкъ IaIo Iалашо йолуш. Амма Ташу-Хьажин, Кибит-х Махьмин, Iабдурахьман-къедан а бертахь бен шен иза дойла яц элира. Шаьш веаммо дуй биъна вовшашна къайле еш барт а, хIума ца лело.

Чиркейра вухавирзича Шемала шен мурдашна дийцира инарлашца шен хилла къамел. Халкъ реза хилча шена Тифлисе ваха лаар а. Амма халкъ дарделла дуьхьалделира. ШариIатана муьтIахь хила дуй къарбина керстанашца машар бан ваха дагадагIахь шаьш могуьйтур дац, элира наха.

ТIаккха Суьйличохь хан волчу Ахьмад-хана инарла Фезига гIо дийхира. Телетли уллохь Шемала толам баьккхира инарлина тIехь. Амма дукха хан ялале шеца бархI батальон гIашсалтий а, кхо бIе гIалгIазкхийн дошло а, 22 йоккха топ а йолуш веанчу инарлас Хунзах дIалецира. Ахьмад-ханна оьгIазваханчу Шемала, шеца пхи эзар бIаьхо а волуш Суьйличу а вахана, масех юрт йохийра. ТIаккха, къилбсехьара схьа шен эскарца веанчу инарла Головина а, Суьйличохь волчу Фезис а юкъа а Iаьвдина, вохийра Шемал. Цара дIалецира Ахта, Самур, Рутул. Нохчичухула схьавеанчу инарла Граббес Чиркет, Гумбет дIа а лаьцна, Ахульго чутаIийра Шемал...

Ши бутт кхочуш боллура, пхи бIе тIемалочуьнца Шемал шена чукъовлавелла хIара лекхачу ломана буьххьера Ахульго паччахьан эскарийн болатан гонна юккъе къевлина латто.

13500 салтичо, виъ эзар гергга дегIастанхойн лаамхошнй хIор денна хаддаза тIелетарш дора юьртана.

Юьртана гондIарчу лаьмнашна тIехIоттийнчу 30 йоккхатоьпо денна отура ламаройн миска лаппагIаш а.

Инарла Граббен ойла яцара вухавала. Амма юрт ларъярхоша а дуй биънера, тIаьххьарчу стагана тIехIотталц лета.

Ши бутт кхочуш боллура цара Ахульго турпала ларйо ХIанхIа, уьп фанатикаш бацара, уьш маршонан кIентий бара. Шемал ша а ца къаьстара могIарчу бIаьхойх. Хьалхарчу могIаршка а хIоьттина, иза лом санна лера летара гаурех.

Тахана тIаьххьара де дара Ахульгон, Шемала герз деллера зударшка а. Гауршна карагIучу далахь, шаьш шайна а тохий, ле аьлла. Имаман омра кхочушдира дуккха а зударша.

Инарла Граббес хIор денна штурмаш йора юьртана. ХIор денна векалш бохкуьйтура, карадуьйла бохуш.

Юьханца Шемала тIе ца оьцура инарлин векалш. ХIора сахьта ладоьгIура Ташу-Хьаьжа, ШоIип-молла, Удди-молла а коьртехь нохчийн орца кхачаре. Иза кхача деза хан тIех ма яьлла. Цаьрца барт ма бара Шемалан. Амма Шемална ца хаьара нохчашца хилла цуьнан барт иннарлашна гучубалар. Нохчийн баьччанаш Ахульгона гIоьнна ца бахийта, хаддаза Нохчмахка экспе-

дицеш еш юйла. Нохчийн орцанах догдиллинчу, ницкъ эшначу Шемала пхи де хьалха юьртан цхьана бІаьвна тІехь кІайн байракх айира. Зударий, бераш а Іожаллех кІелхьардахархьама. Нагахь Шемала дуьхьало а сацийна, шен эскар дІасахецахь, амалтана кІант а лахь, шен эскарца кхузара дІаваха дош лора Граббес. Шемал реза хилира. БІеннаш зударий, бераш а хІаллакдечул, цхьана кІантах къастар гІоле хийтира цунна. Изза бохура цуьнга цхьаболчу мурдаша а. Цо дог къуйлуш инарле дІавелира шен воккхах волу кІант, бархІ шо долу Джамал-Эдин. Амма инарлас кхочуш ца дира шен дош. ХІинца Шемале шена тІевола бохура цо. Кавказан сардарна хьалха хІотта. ТІаккха хиндерг дика хаьара Шемална. Цунна вуьйцу хезнера инарла Головин. Стохка ду хІара Шемал вийначунна цо бІе туьма деши кхайкхийна.

Шемална ца лаара шен лаамехь саьрмакан бага ваха. Амма кхузахь дуьхьало а эрна яра. Чим беш аьттера нисса ах юрт. Декъий Іоххура массо маьІІехь. ДІадохка нах а, я хан а йоцуш. Шемал Іожаллех ца кхоьрура. Иза кхоьрург йийсар дара. Цигахь ша сийсазварна, ирх оьллина, я корта баьккхина верга, я винчу лаьмнашна гена а ваьккхина, доьзалца цхьана керстанашна юккъе кхоссарна, шен берийх керстанаш хиларна. Бусалба дин, хІара лаьмнаш, кхузара халкъаш гаурех лардан ша дина нигат юкъахдисарна.

Уьш массо а кхузахь хуьлчу Іожаллел кхераме дара.

Цундела, бисинарш кІелхьарбаха, цхьа кІант амалтана дІавелира цо. Болх далла тІе а биллина. Нехан а ма белла хІокху тІамехь эзарнаш кІентий. Неханаш бойуш, Шемалнаш дийна буьсуш а хир дац. Лахь а, цхьаъ лер, керста хилахь а, оцу цхьаннах хир, аьлла. Делан къинхетамца иза а, важа а ца хуьлуш, дала иза шена вухаверзоре дог а дохуш.

Тахана Іуьйранна, шайн имам тІамехь вийна ша баьчча воцуш дисарна кхоьручу халкъан дехарца юрт а йитина, юьртана кІел, ГІойсина тІехь йолчу цхьана хьеха чохь къовлавелира имам. Шеца масех мурд а, ах доьзал а болуш. Делан кхиэл хилахь чохь гІазотехь вала.

Лакха тІехь — тІом, лаха чохь — ГІойси гІергІара. Хьийзаш керчара Шемалан ойланаш а.

ГІеза-Моллина моьттарг ца хили, цунна, Шемална, моьттург а ца хуьлуш доллу. ГІеза-Моллас масех толам а баьккхира. Цо-м оьрсийн паччахьан масех гІап дІалецира. ГІизлара а цхьаьна. Нохчашна гІоьнна кхачара. Лечу дийнахь а велира, хІумма а кІилло а воцуш. «ЦІа чу а воьлла воьйтучул, лом санна, мостагІашна чу а хьсдаш валар гІоли ю,» — аьлла.

Лакха тІехь, юьртахь, тІом кхехка, лаха чохь, кІоргехь — ГІойси гІергІа.

Шемална дуьхьал ю дуккха а ярташ. Инарлашца цхьаьна а, ша-ша а, гІовттамхошна тІаьхьатоллуш бу гІазгІумкийн хан

Мохьумад-Мирза, мехктулинхойн хан Ахьмад-Хан, таркхойн шовхал Маьхьти а, суьйлин бек Хьаьжа-Мурд а, кхин а...

Ткъа доттагlий, тешаме накъостий хlор дийнахь бойуш кхачош льтта. Уьш маьl-маьllехь байина. Дуккханнийн декъий lохку лакха тlехь, юьртахь а.

Нахе, тlом а сацабан, инарлина тlе гlо, олу Шемала. Зударий, бераш а хlаллак а ца хуьлуьйтуш. Ша кхузахь вала а витий.

Амма наха иза ца до. Царна маршо еза. Гаурийн олалла тlелоцучул бала реза бу.

**Н. ДУБРОВИН — Зударий, бераш а, шаьлтанаш, тlулгаш карахь салтийн цамзанашна тlеккхийссалора, я шайн догlмех дог а дуьллий, бух ца гуш кlоргачу бердех чулелхара. Салтийн кара ца дахийта шайн бераш дойура наноша.**

**Ша шена шаьлта а lуттуш бердах чуиккхира Шемалан йиша Петlамат а, муьшах кхийзалуш хьеха чувоьссинчу Юнуса шийла кхаъ беара Шемална.**

**— Имам! Деле собар деха хьайна!**

**— Хlун хилла, Юнус, кхин а доьхнарг? Сан тешаме накъостий байина. Кlантах а ваьлла со, йиша а йийна. Кхин а хlун хилийта воллура хьо?**

**— Хьо дийна мел ву делан диканах дог дуьллур дац вай.. Амма тахана хьан хlусаме бохамаш баьхкина.**

**— Хlусам хьенан ю, Юнус? Сан-м чуваха хlусам а яц. Со санначу эзарнийн а. Махкахоша а тешнабехк бина...**

**— Ницкъ болчу дала яздинчух вала йиш яц цхьа а. Хьан денваша майра Борта-хан вийна, имам...**

**Шемалан дегlаца шело хьаьдира.**

**— Я аллахl, сан тlаьххьара а гlортор кагйи-кх ахь. Амма ахь динчунна реза ву-кх... Кеста со а гlур ву цунна тlаьхьа...**

**Имама доцца доlа а дина, ши куьг юьхьах хьаькхира.**

**— Имам! Дика а, вон а делера ду, собаре хилалахь. Хьан цlийнан нана Жовхарат а йийна...**

**Голашна тlе а таьlна хиъна lен имам, ши бlаьрг а хьаббина, хlетта сиръяла йоьлла lаьржа маж некха тlе а таlийна, цхьана минотана дlатийра. Берийн нана яларо дог lовжийра цуьнан. Зуда-м кхин а ма яра цуьнан Петlамат. Имама юха а доlийна куьйгаш лецира.**

**— Муха хили цуьнан lожалла? — хьаьттира цо, шозлагlа а накъосташкара кадам схьа а эцна.**

**— Коьртах топ кхеттера цунна. Бердах охьа, Гlойсни чу йоьжна иза. Дакъа лохийла а ца хилла...**

**— Дала гечдойла-кх цунна. Кхин хlун деана ахь?**

**— Хьан кlант Саlид а вийна...**

**МОХХЬУМАД-ТlАХlИР ал-КАРАХИ: Шемал хьехах къовлавелча, кхаа дийнахь юьртахь йисинчу Жовхаратан ницкъ нйшира. Цо мосазза а дийхира Тlахlире ал-Унцукливн къамкъарг тlадо**

шена жимма хи лахьара бохуш. И хи ша яллалц ши шо долчу СаӀидана лора цо, шен корталин тӀемагах шад бина кхоо латто кхаьрзина ялтийн буьртигаш Ӏийша а Ӏуьйшуш кӀантана даадора. Иза йийча кӀант цунах хьерчара, нене а, Шемале а кхойкхуш... Цул тӀаьхьа шо даьлча Жовхаратан дакъа карийра ГӀойси чохь, гӀамарлахь...

Ӏоьттина чекх шаьлта яьккхича санна, Ӏовжийра имаман дог, къамкъарге бекъа шад хӀоьттира. Кхарзабеллачу кийрара арагӀертара цхьа буьрса цӀе, иза юхатоьттуш, тӀаьхьий-хьалхий масех къурд бира цо. Сихбелла хьала-охьа лелара логан шад. Масех де хьалха кхоъ кӀант вара цуьнан: Джемал-Эддин, ГӀеза-Махьма а, СаӀид а. ХӀинца цхьаъ бен ца висина. ГӀеза-Махьмий бен. Гаур инарлас амалтаиа дӀавигна Шемална уггар дукхавеза Джемал-Эддин. ХӀинца хаац цунах хиндерг.

Шемалан Ӏаьвжина дог кӀез-кӀезиг хьаьаш дӀатийра. Юха а кхечу агӀор карзахделира. ОьгӀазлонна.

— Юрт ларъярхойн ницкъ эшна, имам. Дуккха а тӀамехь эгна. Дийна бисинчара хӀинца хьо дӀавоьху.

Шемала, цхьана ханна вист ца хуьлуш, ойлайо.

— Нагахь со юха а царна коьрте хӀоттахь, ас машар ма бохабо? ТӀаккха гаурша хӀаллакдийр ду юьртахь дисина дерриг адамаш...

— Гаурша шаьш бохийна машар. Шайн эскарш дӀадига дагахь а бац уьш. Ца хеза хьуна лакха тӀехь кхехка тӀом?

Зуда, йиша, кӀант, ден-ваша а валаро дог кӀаддинера имаман.

— Со сайн дашах вохахь, сан Джемал-Эддин вуьйр ма ву инарлас?

Юнус, цхьана минотехь ла а дугӀий, сацам боллуш вистхуьлу:

— Имам! Хийла ден кӀант велла лакха юьртахь, хийла кӀентан да велла цигахь, хийла зуда жоьра йисна!

Имам шен накъосташка хьожу. Уьш бист ца хуьлуш, лаьттан бӀаьра богӀало. Шемал кхета церан дагахь долчух. Цуьнан месала ши цӀоцкъам тӀеттӀа доьду. БӀаьргашна хьалха хӀутту коьртах топ кхетта елла Жовхарт. Докъаза яйна иза. КӀентан докъах хилларг а хаац. Ткъа йиша? ДегӀана зоьртала йолу иза, салтий герга кхочуш юьхьах кортали а хьарчийна лекхачу берда тӀера ГӀойси чу иккхина. Шен вешин, шен имаман омра кхочушдеш.

— Бакълоь хьо, Юнус. Сан кӀант ГӀеза-Махьмий, цуьнан наний мичхьа ду?

— И шиъ дийна ду, имам.

— Мурдашна хӀун оьшу соьгара?

— Ахь гауршна тӀе хьалхадигар.

— Кху хьехахь гӀазотана сецна со.

— И нах а севцна цигахь гӀазотана.

— Ткъа и жӀаьлеш хӀинца а ду лаха чохь?

— ХӀун жӀаьлеш, имам?

— Инарлина гIо деш болу вайн дегIастанхой.
— ХIаъ, церан барам хIор сохьтехь тIеттIа-тIе алсамбуьйлу.
— Мел хир бу?
— Лаххара а пхи-ялх эзар.
Цхьана минотехь ойла а йой, сацам боллуш жоп ло имама:
— ДIагIо, Юнус. Халкъе ала, гIазотана нигат дина кху хьехахь чIагIвелла сецна шун имам хIинца цхьана вала дIавогIу, алий. Оцу майрачу турпалхойн дуьхьа...

* * *

1839 шеран 22 августехь юьйжира кхаа баттахь гергга турпала дуьхьало йина Ахульго.
Цуьнца цхьана дуьйжира ДегIастанахь Шемалан имамалла а.
Шемал — фанатик а, кIилло а вацара. Иза майра, хьекъале къонаха вара. Цунна ца лаьара майралла гойтуш эрна вала. ТIаьххьара а хала минот тIехIоьттича, шен хьехархо ГIеза-Махьма санна, гIазотехь Iожалла тIеэца мостагIашна юкъа ца ваьржира Шемал. Цунна ваха лаьара. Халкъан маршонан дуьхьа. МостагIчун мела меттиг а лоьхуш, гонна юкъаравала гIерташ, дарделла лом санна лийтира.
Гезло куьйга тур детташ, шиний агIор мостагIий а бегош, хьалхагIертара чов хилла Шемал. Цунна тIаьхьа бара кIеззиг на къостий.
ХIорш гонна юккъера бовла гIерташ леташ, когах чов йира Шемалан кIантана ГIеза-Махьмина. Иза Шемалан мурдан Салахьан гихь вара. Салахьана салтичо хьажийна цамза кIентан когах бахара.
— Салахь! Бердах хи чу кхосса со! Хи чу кхосса со! — мохь оьхура жимчу ГIеза-Махьмин.
КIантана ца дицделлера, чохь са а долуш, гаурийн кара ма гIолаш аьлла дас дина омра.
Шеца ворхI мурд, доьзал болуш тIамца гонна юккъера ваьлла Шемал, дийнахь ша чукъовлавелла Iийначу хьеха вухавирзира. Кхин дIа гIойла дацара. Кхалха гуо бара бина.
Iаьржачу хьеха чохь вовшийн яххьаш ца гора. Чов лозура жимчу ГIеза-Махьмин. Амма велха вахьац. Иштта, садетташ, къайлах къурдаш до цуьнан нанас ПетIамата а. КIадбеллачу мурдашна набарш кхета, буьйса юккъе яьлча.
Ши де-буьйса даккхира цара хьехара арабовла ца хIуьттуш. Салтийн ха дара лакхахь, лахахь, массо маьIIе хIоттийна. Хало йиннера кху хьехара арадевлча дехьадовла дезачу ГIойсин чIожо. Йоккха юкъ яц чIожан шина бердана юккъерниг. Ткъех дол. Амма кIорга ду чIаж. Охьахьаьжча халлий бен бух ца гуш. Лаха чухула, халла къаьсташ, детийн сара санна го буьрса ГIойси.
Дехьа берда тIехь ю церан маршо. Сехьа — Iожалла.

Имаман омре ладоьгӀу цуьнца бисничу мурдаша. Юнус-ал-Чиркави Салихьа а, ХудакӀитӀил Мохьумада, Билади-ал-ГоцӀатӀли, ХиматӀил-ал-ГоцӀатӀли а, МуртӀадил-ал-Харадири, Муса-ал-Балагани, Нур-Ӏела-ал-Харадири а.

Ткъа имам вист ца хуьлу. ТӀулга тӀе а хиъна, шиний куьйга корта а лаьцна, ойланаш еш Ӏа.

Лаха чохь ГӀойси гӀергӀа, иза самаваккха, сихван санна.

Амма имам вист ца хуьлу. Цунна хазац ГӀойсин гӀергӀар. Ца хеза чов хиллачу кӀентан наггахь довлу узарш а. Имаман кийра дарбелла кхехка. Цуьнан кхехкаре хьаьжча хӀумма а доцург ду хӀара хьере ГӀойси.

Стенна дарвелла имам, хӀун ду цуьнан дог дохийнарг?

Халкъо теша а тешна цуьнга делла имамалла дуьйжи-кх тахана. Юьхьанца тӀе ца лоцуш цо дуьхьало йинехь а, и имамалла шена тӀехь дуйла хаьара цунна ворх шо хьалха, 1832 шеран 17 октябрехь. Гимрахь, ГӀеза-Молла воьжначу дийнахь, луьра чевнаш хилла ша Ӏуьллуш ГӀеза-Моллин уггаре тешамен мурд а, доттагӀа а ма вара иза. Шемалал воккха Ӏеламча ма вац ДегӀастанахь. Цхьа къена Джамал-Эддин воцург. Иза, Шемал, воцург кхин стаг вац ДегӀастанахь имамалла дӀадахьа. Лаьмнашкахь маршо, бусалба дин а лардан. Шен доттагӀчун, устазан чӀир екха.

Дуккха а халонаш эшо дийзира цуьнан цкъа хьалха имамаллина тӀе а, тӀаккха иза чӀагӀдан а гӀерташ. Цунна тӀедерза ца туьгура ДегӀастанара цхьадолу тукхамаш. Къаьсттина карзахбевллера цуьнан шайн суьйлий. Цуьнан шен гимрахой. Я аллахӀ, ма нийса ду-кх шен махкахь цхьана а стагах пайхамар ца хилла бохургӀ Нохчийн баьччанаша гӀо ца динехь хала хир дара цунна ДегӀастанахь когаш тӀе хӀотта. Къаьсттина Ташу-Хьаьжас. Иcса аьлча, дуьххьар цунах имам винарг шовзткъа нохчой, ткъе итт ашильтахо а ма вара. И Ташу-Хьаьжа а ма ву ГӀумкара, Эндериэвлара ведда цига вахана стаг. Нохчичу кхаьчча цӀарна а цӀе а яхана стаг хилла дӀахӀоьттина. Шена тӀаьхьа дуккха а бӀаьхой болуш, баьчча хилла цунах. Цо ша нохчо вац, турко ву аларна. Иза нохчо вуйла хиънехь цара тӀелоцур вацара. Шен махкахь пайхамар ма ца хилла цхьаннах а.

ГӀойсин гӀовгӀанна юккъехула халла хеза лакха тӀехь зударийн белхарш а, мостагӀийн толаме маьхьарий а.

Шемалан кийра кхехка. Дарвелла а, халахетта а. Гауриша зудий, кӀанттий дерна а, кӀант амалтана вигарна.

Оцу гаур инарлина гӀо деш виъ эзар гергга дегӀастанхо хиларна а. Дукхахберш — хӀоккхуьнан шен махкахой.

Имаман коьрте ойланаш хьийза. Цхьа масех бӀаьргашна хьалхахула чекхдуьйлу и хьалхара шераш... Ва дела хьалла кхузахь ког ца хӀутту Шемалан. ХӀара имам ма кхайкккхинехь, уггар хьалха шен гимрахой дуьхьалбевлира цунна. Шайн юьртара дӀа а валий, хьайн гӀеранца кхечахьа тунгари лаха, элира. Юхьанца ашильта-

хоша тІелецира иза, тІаккха цара а сацам бира хІара юьртах араваккха.

Дерриг долийра унцуклахоша. ТІаккха ерриге а Суьйличоьно. Къинхетам а, маршонехьа къийсам цхьана тарлур доцийла хиъча цо хІаллакбира тІилитхахойн бекаш. Хьамзат-бека Хунзахехь динарг дира. И дакъа шайга кхачале, Шемална дуьхьалбевлира ханаш — суьйлийн Ахьмад-хан а, гІазгІумкийн Мохьмад-Мирза а. Инарла Фезига шайна гІо а дехна. ТІаккха ТІилитІлахь Фезина дуй баа дийзира Шемалан. Кху лаьмнашкахь халкъаш кхин карзахдохур дац аьлла. Уьш карзахдохург Шемал ма вацара. Гаурийн паччахь а, цуьнца цхьана ханаш, бекаш бара.

Дагабаьхкира шен баккхий эшамаш а. Гергебилехь, Гимрахь, Самурахь, Ахтахь, Зиурехь, Урхалехь, Хунзахехь, РутІулахь, Аргуанахь а...

Амма ког хІоттац-кх цуьнан кху ДегІастанахь. Муха хІутту, цхьа а тІулг а, кол а цунна тешаме ца хилча.

Ткъа хІара Ахульго цуьнан дакъазаллин бухь бу.

ХІинца мича ваха веза иза? Кху виничу лаьмнашкахь-м вуьсийла а ма дац. ХІара хьалха тІенисвеллачу юьрто схьа а лаьцна гауршка дІалур ма ву. Иштта омра ду инарлийн а, ханийн а. Иза-х Шемална дика хаьа. Мича гІо-те иза? Шен са дадийна вахана, цхьанхьа лечкъина Іойла а ма дац цуьнан. Цо бекхам эца ма беза. Халкъан маршо хьоьшучех, бусалба дин сийсаздечех, цуьнан зуда а, кІант а, йиша а дийначу, цхьа кІант йийсарехь латточу гаурех а, царна гІо диничу шен махкахойх а. Амма и Іалашо кхочуш ян ницкъ мичхьа хир бу цунна? ГондІара дерриге а къаьмнаш гаурийн Іедална кІел севцца. Церан гІоьне догдохийла а яц. Уьш шаьш а Іа, шайн гира мостагІа дІакхосса деле гІо доьхуш, доІанаш деш. ДоІанашца эшалур вац мостагІа. Кхузахь ира тур деза. Къонахойн карахь. Маьршачу къонахойн карахь.

«ХІан-хІа, сан сатийсамийн мохк бац хІара ДегІаста. Ханаша а, бекаша а шайна тІехь латто Іазап а, къизалла а собаре ловш Іеш долу къаьмнаш. Сайна герз а, гІортор а кхечу махкахь, маршонехьа къуьйсучу халкъа юккъехь лаха деза ас. Тахана цкъа ишта мохк Нохчийчоь ю. Амма цара туш лур дуй-те суна? Я аллахІ, ма нийса аьлла-кх, шен махкахь цхьана а стагах пайхамар хилла вац!

* * *

Нохчий — массара лоруш къам ду кху лаьмнашкахь.

Иза барамехь доккха, майра къам хилар а дац иза. КІилло, ямарт къаьмнаш дан а дац, я хІокху лаьмнашкахь а, я дуьненахь а.

ІШайн лулахошка иза лоруьйтург кхин ду. Кху лаьмнашкарчу кхечу къаьмнашца дуьстича, мелла а иза маьрша хилар.

Элий, ханаш а бу хІокху Кавказан дерриге къаьмнийн. Оцу

элийн, ханийн, бекийн карахь ду мехкаш. Церан кога кIел ду халкъаш. Цара, цхьаммо а жоп ца доьхуш, шайн луъург до адамашна тIехь. Меттанаш, бIаьргаш доху, лергаш, марош доху, мераIуьргаш этIайо. Зинданашна чохь бахкабо.

Шеп дегIан, доьзалан а да вац оцу элийн, ханийн Iедална кIелхьара стаг.

Хьалдерш, мисканаш-м дер бу Нохчичохь. Хьалхарчара шолгIанаш бацош а бу. Амма оцу хьолахойн долахь юрт яц, церан бакъо яц стаг сийсазван, вен, вохка а.

ХIокху Кавказерчу къаьмнийн элаша вовшашца тIемаш беш меттигаш дукха хиллера хьалха. ДегIастанхойн элий вовшех а, гуьржех леташ а, гуьржийн элий вовшийх леташ а, гондIарчу къаьмнашна тIелеташ а. Изза хьал лаьттинера ГIебартойн, черга-зойн къаьмнашлахь а. Цара массара нохчашна хIума тухуш меттигаш а кIезиг ца хиллера. Амма нохчаша ца бора и ницкъаш шайн лулахошна. Царна тIехь элий ца хилар хир дара-кх иза.

Амма цара йоI-бIаьрг санна лерина ларйора шайн маршо. Юьхьанца дегIастанхойн, гIебартойн, ногIийн, гIалмакхойн, черга-зийн а элийх. Нохчаша уьш дIалоьхкура шайн махкара, амма Терка тIехь а, ГIизларехь а, Аштаркханехь а лаьттачу паччахьан инарлаша шайн эскаршца цига а богIий, нохчийн дуьхьало а кагйой, юха а церан яьIни тIе ховшабора и олаллахой. Эххар а оьрсийн паччахь ша а вуьйлира нохчийн мохк дIалаца, уьш шайн Iедална кIелберзо. Амма нохчаша цунна а карзахе дуьхьало йора.

Уьш къарбан хало хилира паччахьан инарлашна. ГондIара къаьмнаш карадало аттахо дара. Цкъаделахь, шайн элийн, ханийн къизачу Iедалал къинхетаме хетара царна оьрсийн паччахьан Iедал. ТIе, и къаьмнаш маьрша даха ца дуьтура хаддаза церан мехкадайн вовшалахь хуьлучу девнаший, къилбехьара тIелетачу гIажарошний, туркоший. Кхозлагiа-делахь, и къаьмнаш тIедерзош аьтту бора паччахьан Iедало чинаш, совгIаташ луш оьцучу элаший, ханаший. Цара шаьш тIебирзина ца Iеш, гIо а дора кхузахь паччахьан Iедал хIотто а, чIагIдан а.

Туркойн, гIажарийн а тохарш, талораш тIе ца кхочура хIокху лаьмнийн дега юккъехь лаьттачу Нохчичоьнна. Нохчашна ца хиънера я оцу шина паччахьан а, я мехкадайн а къизалла. Цкъа къаьхьаниг ца диъначунна, мерзачун чам хаац боху. Цундела, аьрха хетара оьрсийн паччахьан Iедал а.

Шовзткъе пхийтта шо хьалха, шайх Мансуран замалахь, нохчаша паччахьна дуьхьал болийна къийсам цкъа лагIлуш, тIаккха марсаболуш кху шаре схьабеанера. Юьхьанца — шайх Мансур, тIаккха — Бийболат, ХIовка, Iабдул-Къедар, Мохьмад... Оцу шовзткъе пхийтта шарахь хIокху ламаройн шайн маршонехьа къийсаман дог хилла лаьттира Нохчичоь, ткъа и нохчий — дисинчу къаьмнашна маршонехьа къийсаман масал гойту къилба.

Шемална хьаьара Бийболат дIаваьлчхьана и буьрса ницкъ кор-

та боцуш биснийла. Хаьара, оцу къомах цхьа буй бан ларийнчу стеган карахь буьрса ницкъ хир буйла. Шен деган кIоргехь Шемала сатуьйсура, оцу халкъана гонах дерриг ламанан халкъаш цхьана а тоьхна, церан массеран а юкъара маршо арахьарчу мостагIех ларъян.

ХIокху хьехахь яьккхинчу шина буса дуккха а ойланаш йинчу Шемала сацам тIеийцира Нохчичу ваха. Цкъа-делахь, ваха кхин меттиг бацара цунна. Хоикара ца гIахь. Амма, хIунда дара а хаац, оцу туркойх дог ца латара цуьнан. ШолгIа-делахь, нохчаша дика тIе а оьцура, дола а дора гIаддайна арахьара шайна тIевеанчу стеган. Цига уьдура шайн элаша хьийзо суьйлий, гIумкий, хIирий, гуьржий, гIебартой, чергазий, оьрсийн салтий, муьжгий...

**ИНАРЛА А. ЕРМОЛОВ — ХIара нохчий тIех нуьцкъала а, вайна кхераме а къам ду. Лулара кегийра къаьмнаша ницкъ ло царна. Шаьш нохчашна деш долу гIо, я цаьрца гергарло долуш а, я уьш безаш а, я вайца мостагIалла долуш а ца до цара. Дуьххьал дIа, и нохчий вайн кога кIел баьхкича, цаьрца цхьана шаьш а кIел догIий хууш лела-кх. Берриг ницкъ Нохчичу хIунда тоьтту бохуш Iиттарш йо суна, кхузара хьал ца хуучара. ХIара нохчий —дIаьвше лаьхьий ма ду, ткъа цаьрца дуьстича гондIара кегийра къаьмнаш — чуьркаш хета. Лаьхьарчаша цIий муьйлуш хилча, чуьркийн ю хаалац. Нохчий къарбой — Кавказ къарлур ю. Уьш ма бу хIара ерриге Кавказ карзахйохург. Шайн махкахь зулам дина кхечу къаьмнийн разбойникаш а, вайн уьду салтий а гIадбоьлхий тIелоцу нохчаша. Цундела, мел байарх лах ца луш, шо-шаре мел дели деба уьш. Цул сийдоцуш, аьрха, сонта къам кхин хир дац хIокху малха кIел. ХIара дуьне мел ду адам хьоьхкхуш лела Iаьржа ун а ца кхета царна, церан вуолла!**

МОХХЬУМАД-ТIАХIИР-АЛ-КАРАХИ — КхоалгIачу буса бовда кечамбира хьеха чохь левчкъинчу наха. Кхин дIа кхузахь совца дезаш хилча а, совца аьтту а бацара. Чекхдолуш дара цара тIаьхьалонна лардина кхачанан сурсаташ а, хи а. ТIе, кIорда а динера, деш хIума а доцуш, хIокху боданечу, тIуьнчу тIулган хьехахь Iахка.

**ГIойсин дехьа берда тIе довла цхьа некъ бара — шиний йистте дукъо а тесна, цунах тIай дар. Цунна хьалхе кечдина дукъо дара церан. Кхераме бара и ткъех дол некъ. Галваьлларг, бух ца гучу чIожан кIорге , буьрсачу ГIойси чу вужур волуш. Цул сов, массо гу, гечо Iалашдеш салтийн ха лаьтттара. Ткъа арахь беттаса дара, хIара лаьмнаш къагийна.**

Татанаш ца дан гIерташ, муьшца айбина, дукъон юьхьиг меллаша дуьхьал берда йистте йижийра цара. ДIасахьайнна чIагIйира, амма мела Iиллара иза. ТIехула стаг волуш сацо дезара.

Шемала ойлайора дехьаваларан. Меттахъхьайча дегIе лазаран он тухура чевно. ТIе, чов хилла кIант а вара дехьаваккха везаш. Иза карахь дукъо тIе валар кхин хилча ца маггал кхераме дара.

Берриге кечам хилла баьлча, накъосташка вистхилира иза.

— КӀантаца дехьавалалур вац-кх со. Цхьаммо гиволлийша хӀара.

Цхьамма а, я хӀаъ а, хӀан-хӀа а ца элира. КӀант дӀа а ца ийцира. ГӀеза-Махьма ги а тоьхна ша дукъо тӀе велира иза. Дуьххьал дӀа, шен майралла а, берахь дуьйна каде Ӏамаро а гӀо дина, дехьавелира Шемал.

Шена тӀе хала киртиг хӀоьттича мурдаша ша тесна витар инзаре новкъа деара Шемална. ХӀета, кхо де хьалха хӀорш гонна юкъара бовлуш, имам кӀелхьарваккха гӀерташ ца летта-кх уьш. Шаьш кӀелхьарабовла гӀерташ летта. ХӀинца, хӀун аьлла теша веза иза царех? Кхин кхераме, хала киртиг тӀе нислахь, иштта, гӀо доцуш тесна вуьтур ву-кх цара иза...

ТӀаккха, дӀа ойла йича, шен накъостий дукха бехке а ца бира цо. Шен са а, накъостийн синош а терзанна тӀе дехкича, цо а ма дира изза. Хунзахерчу маьждига чохь дов даьлча, шен накъост хьалха а теттина, шен са кӀелхьара ма даьккхира цо а...

Цхьанна ца хаалуш дехьа берда тӀе а бевлла, лечкъаш ГӀойсин йистонца богӀу уьш, Ӏуьйранна малх кхеттачу хенахь Гимрана дуьхьал нисбелира. Шемал гӀайгӀане хьоьжура винчу юьрта. Шен бералла, къона хан дӀаяханчу юьрте. Юьртахошна гергахь иза вехначуьра цкъа а ца васталучу Донага-Махьмин кӀант вара, беран хенахь нахана хьалхавуьйлуш сискал йоккхуш хене вийлла. Ца дицделлера, шен цӀа дагийнчу Уллунайн цо корта баккхар...

ЦӀеххьана дехьа бердашка хьажавеллачу Шемална боккха бӀо гира. ХӀан-хӀа, хӀара лаца тӀаьхьабаьлла Ахьмат-Ханан ал Сахалин а, Хьаьжа-Мурдан ал Хунзахин а бӀо бацара иза. Уьш Шемала генахь ма битина. ХӀай-хӀай ткъа, хӀокхуьнан шен гимрахой бу-кх.

ХӀорш гича хил дехьара гӀашлон а меттахбевлира. ХӀуъу хилча а шаьш сехьа агӀонна тӀе довлалур дацахь а, дерзина даьхна тарраш, шаьлтанаш лестош, маьхьарий хьоькхуш, шаьш болччехь дон хьийзадора цара. Масехамма кочара схьаяьккхина, хӀокхаьргахьа ерзийна, тоьпаш кхоьссира. ХӀокхарна-м кхетийла а дацара. Лакха, тӀулган бердийх детталуш, чӀаплуш, охьадоьгура дошан хӀоьънаш.

— Хьий шу дуьсийла варраш елла, эхь дайна жӀаьлеш! — яппарш йира Шемала, тӀулган тарха тӀе а ваьлла, баттара даьккхина тур гезло куьйга лестош. — ХӀе-хӀей, гимрахойн жӀаьлеш! Оцу везчу делан гӀоьнца, дуккха хан ялале, хӀокху гезло куьйга, хӀокху туьрца ас шун кортош ца цастах со Донага-Махьмин кӀант вац шуна! Изза дӀакхетаде Ахьмат-Хан а, Хьаьжа-Мурд бохучу шина зуьде а!

Шемал Нохчичу гӀертара. Яртех, даккхийчу некъех къехкаш. Лаьмнийн гӀашнекъашкахула. Я дууш, я молуш а доцуш. Атталла цхьа къурд бан хи доцуш шина дийне а бевлира уьш. Церан некъаца хи дацара, иза долчухьа баха уьш а ца баьхьара. Иза-м хӀун

дара, берриге цхьана тобане гулбелла бахар а дара кхераме. Жимчу шина тобане гулбелла боьлхура уьш. Шемал тӀаьхьарчу тобанца вара, ткъа ГӀеза-Махьма — хьалхарчу тобанца, Салахьан гихь. Гуттар а хьогалла бӀарзделча, лаьмнашкахь шаьш тӀенисделла ши стаг хи дан вахийтира Шемала, цаьршинна мах а белла. ТӀаьхьарчара кӀез-кӀезиг молуш, хи чохь долу чӀинжалг хьалхарчаьрга дӀалора. Хьогалла яйъал-м ца хилира иза, делахь а догӀмашна мелла а ницкъ белира цо.

Хьалхарниш садаӀа севцча шен тобанца царна тӀекхиира Шемал. Хи меллачул тӀаьхьа гӀеххьачул хӀайтс бара накъостий. Веккъа цхьа жима ГӀеза-Махьма вара, юьстах чхара тӀехь, гӀийла хиъна Ӏаш.

— ТӀаккха, ког дукха лозий хьан? — хаьттира цуьнга Шемала, тӀевахана, улло охьа а лахвелла.

— Ца лозу.

— Хьо гӀийла хӀунда ву ткъа? Хих ца Ӏаьбна хьо?

— Ас меллла а дац...

— ХӀунда?

— Суна тӀадам ца луш, лаххьийна шаьш дӀа а мелла, чӀижалг бердах чу кхоьссира цара...

Имама бӀаьрг туьйхира шен вархӀ мурде. Уьш шек а боцуш, цхьацца гӀуллакхаша дӀалаьцна Ӏара. Юнус аркъал Ӏуьллура, стиглахь хьийзачу аьрзоне хьоьжуш; Нур-Ӏелий, Муртазий цхьаъ хечин борчах, важа кучан пхьош харцахьа а даьккхина мезийх хьоьжуш; ХудакатӀил шен эттӀа чоа тӀеттӀа нийзош, Муса — топ цӀанъеш, Салахь а, Химат а бертал вижина.

«Соьца, шайн имамаца, гӀиллакх а, я вовшашца яхь-м ца лецира хӀокхара, хӀокху берах къа, я эхь хетах дезарий. ХӀара де ас дицдийр дац шуна», — шен дагахь чӀагӀо йира имама. Амма Шемалан юхьа тӀе хьаьжначуьнна хуур дацара цуьнан дагара. Иштта, барга, массаьрца а хаза гӀиллакхе вара иза, ткъа дагахь — цхьаннех а ца тешара. Тешамах ваьккхинера. Тахана доттагӀ верг, кхана мостагӀ хуьлий дӀахӀуттура. Имам Ӏемаш вара оьгӀазло а, воккхавер а къайлаяккха.

Схьа а эцна кӀант шен белша тӀе хаийра Шемала. Амма гӀелвеллачу ГӀеза-Махьмин корта охьаоьхура.

— Корта базбелла-кх сан...

— ХӀумма а дац, кӀант, сатоха ахь. Кестта вай хи долчу кхочур ду. ТӀаккха хих а, сискалх а Ӏабор ву ас хьо.

Шемал ондда гӀулч йоккхуш хьалхаволавелира.

III

**А. ДАНИЯЛОВ:** Кхо эзар сов дегӀастанхоша гӀо а деш оьрсийн эскарша Ахульгохь вохийна Шемал, цул тӀаьхьа дегӀастанхой а битина, коьртачу декъана нохчашна тӀетевжира. Шен наибаца Ахьвердил-Махьмица Нохчичу вахара иза. Нохчаша

**шаьш «аристократаш», «лаьмнийн дай», ткъа дегӀастанхой «муьжгий» лоруpa. ДегӀастанхошка нохчийн болу цабезам шен ницкъ ма-кхоччу марсабохура Шемала. Ша Нохчнчохь дӀатарвелча 1839-чу шарахь шен наибашна омра дира: «Нохчичу баьхкина дегӀастанхой чӀанабаха Ӏеламчаш белахь — байа. ХьаьжкӀаш ян баьхкинчаьргара говраш дӀаяха... Цул тӀаьхьа, ДегӀастанахь цхьа а лерам боцуш висина Шемал, еккъа цхьана Нохчичоьнан разбойникийн аристократина тӀетийжира.**

Нохчичохь дика евзара Шемалан цӀе. Дукханна а гинера иза, мацах цкъа ГӀеза-Моллина уллохь волуш а, дукха хан йоццуш нохчашна орцах веача а. Кху тӀаьхьарчу шерашкахь цунна гӀо дан ДегӀастана ихначу нохчийн тхьамданашца Ташу-Хьаьжица, ШоӀип-Моллица, Джовтханца, Удди-Моллица, СаьӀад-Моллица, Оьздамарца хиллачу бӀаьхошна а. Нохчийн тхьамданашна дика евзара цуьнан амалш. Майралла а, хьекъал а, доьналла а. ХӀетте а цуьнга кура хьуьйсура уьш.

Ткъа могӀарчу нохчашна гергахь иза эвлаяъ, шайх Шемал вара. Шайх Моххьумадан ал-Яраги Накъшбендин тӀерикъатӀан вирдан эӀенаца ГӀеза-Моллас шен векал вина витина. Дерриге хууш а, гуш а, дерриге дан ницкъ кхочуш а.

Диламхула, БуртӀунайхула охьабевлла ШемалгӀар нохчийн махка тӀе бевлира.

ХӀинца имаман бӀаьргашна хьалха схьаяьржира буьрса, чолхе, къармазе Нохчичоь. БӀешерийн къена, юькъа хьаннаш. Царна юккъехь къайлаевлла лаьтта нохчийн ярташ. ДегӀастанахь, латта шен кӀезгалла дешин меха долчохь ярташ яккхий ю, вовшашна генахь. Ткъа кхузахь уьш кегийра, амма дукха ю. Тайпанийн ярташ цхьана гулахь. Шемал кхузахь ца хиллехь а, цунна евза уьш. ХӀара, нийсса дуьхьал Ӏохкуриш — зандакъойн тайпанан ярташ ю. Лахара тогӀеш, раьгӀнаш а — аьккхийн. Лакханехьа — гендаргуиойн, кхин а хьала — карзахе беной а, цӀонтарой а.

Хийлаза тӀом кхихкина оцу хьаннашкахь. Дукха хан яц инарла Розен туьрций, цӀарций кхузахула чеккхваьлла. Оцу яртийх хӀораммо а дера дуьхьало йира цунна. Къинхетам инарлас а ца бора. И дӀога, дуьхьал регӀан басахь яьржина Ӏуьллу Зандакъа. Цигахь, хиллачо сурт хӀоттадо йисинчу кхузткъа юьртан кхолламан.

**И. ДРОЗДОВ: — 1836 шеран августан 22 — 23 буса, шеца 2030 цамза, 621 тур, итт йоккхатоп йолуш Ямсуца хьалавогӀу полковник Пулло, 23 августехь, Ӏуьйранна 4 сахьт долуш, Ташу-Хьаьжа къовлавеллачу Зандакъана тӀелетира... Шайн доьзалш дӀаловчкъо ца кхиаро а, тӀелатар цӀеххьана даро а юхьанца бохийнчу бахархоша, жимма Ӏийна саметта а баьхкина, дера дуьхьало йира Уьш дерригенах дог а диллина, хьербевлча санна чухьоьлхура эскарна, амма тоьпийн баххийн а, цамзанийн а тохаршна кӀел белла оьгура. Зударший, бераший жигара дакъалоцура тӀамехь. Малх кхетча, тхуна хьалха хӀоьттина сурт инзаре ирча дара.**

Оха къинхетам ца бинера зударех, берех а...

Иштта цIийн лар йитира инарлаша, нийсса итт шо хьалха, шаьш Органна тIе экспедици йича а.

**БРИМЕР Э. В.:** — Ирча тIом хилира оха АтагIа дIалоцуш. Доьзалш, даьхний, йийбарш а юьртахь араяха цакхиъначу нохчаша дера дуьхьало йора. Бухабуьйлучу божаршна тIаьхxье цIа чу лелхачу салташна дуьхьалбовлура шаьлтанаш буйнахь зударий, бераш а. Шаьш цамзанашца дIатебаллалц дера летара уьш. ТIаьхьа дуккха а салташий, эпсарший дуьйцура юьхьаица шаьш ца тухура зударшна, амма церан карах салтий бала боьлча стен, боьрша а ца хоьржуш, цхьана маьIIера дуьйна дIа байа болийра бохуш. Цхьана цIа чохь суна сайна а гира, цIийх юьзна шаьлта а буйнахь йийна Iуьллу къона зуда...

Дуьххьара хIорш тIе Iоттабелла нохчо — къенастаг зандакъо вара, кхузткъе итт шо хенара. Ломан басахь, стаммий, лекхачу пепиийн хьун хьокхуш ирзо доккхуш воллура иза. Схьахетарехь, цхьа поп оxьатоха дезара цуьнан. ТIаккха иза кхада а, баго а безара. Хадийна охьатоьхначу попа тIе диг а доьгIна, некъа йистехь садоIуш хиъна Iара иза.

— Ассалум Iалайкум, — тIехIиттира цунна мухIажарш.

— Ва Iалайкум салам, — хьала а гIаьттина, цабевзачийн куьйгаш лоьцуш, леррина цаьрга хьоьжура къена стаг.

Кхузахь хала дацара дегIастанхо вовза. Духар-м хьовха, беснеш а яра церан билгал. Ткъа вист хилча иза вовза-м дание а хала дацара.

— Суьйлий дуй шу? — хьаьттира къеначу стага.

— Суьйлий бу тхо, — жоп делира нохчийн мотт хуучу Юнуса.

— Аш хIун до, лаа дуй шу?

— Лаа бу, цIинцкъал къачIийна, ахьар-пахьар безаш богIу.

Нохчочо тидам ца бира оцу дешнийн. Схьахетарехь, кхин дара цуьнан са дуург.

— Делхьа, шайх Шемалах хилларг шайна хаахь дийцахьара аш суна, иза вийна бохуш, гIазотан байракх йоьжна бохуш, шийла кхаь кхаьчна кхуза...

— Имам Шемал бийна бац, иза дийна бу, — элира Юнуса. Юнусан и къамел хуьлуш Шемал накъосташца хьалха дIаволавелира.

— Хьуна хьайна шина бIаьрга гиний иза? — къеначу стеган аз дегийра. Юнус кхийтира хIара шайн мостагIа ца хиларх..

— Хьуна гуш бу-кх иза, нохчо.

Къена стаг цецваьлла къаьрззина Юнусе хьаьжира. Цунна гун и хьаьрса, эндаже маж, охкаделла мекхаш, дуькъа цIоцкъамаш, цIен жима ши бIаьрг а тера бацара цо шена сурт хIитточу шайх Шемалан аматийх.

— Со бац иза, дIа хьалха беьдург бу, — элира нохчочун дагахь долчух кхеттачу Юнуса. Юнусана хаа а хууш къеначу нохчочун

дегI къоначун санна дайделира, букъ нисбелира, юьхь шовкъе йирзира.

— Шайх Шемал! — мохь белира цуьнан дегочу озаца.

Шемал кхийтира дерригенах а. Кхузара, оцу къеначу стагана тIера, дIадоладала деза цуьнан ирс, я дакъазалла, толам, я эшам. Шемал саца а сецна, вухахьаьжира. Цуьнан юьхьа тIехь хIинца гуш яцара оьгIазаллин, бекхамаллин а лар. ГIайгIане екхаелла, къайлено хьулйина.

— ХIун боху ахь, хIай делан лай? — хаьттира цо цIеххьана вуха а вирзина.

Къена нохчо хьаьдда тIе а вахана, Шемалан мара а кхетта, зуда санна вилхира.

— Дала Iалашвойла хьо, тхан устаз, шайх Шемал! — бохура цо, велхаран къурдаш а деш. — Хьо вийна, гIазотан байракх керстанийн кара яхана аьлла хезча гIайгIа-балано дIалийцира хIара сира лаьмнаш, къена хьаннаш...

Юнуса гочдира нохчочун дешнаш.

— Вай делан лаамца лелаш ца хилча, ишта хила а тарлора иза, воккха стаг, — цуьнан белш тIе куъг туьйхира Шемала, — Дала шен лайна букъ тоьхначу дийнахь хьуна хезнарг а хир ду. Ткъа хIинца, тхуна некъ бийца хьалхавалал, — омра дира цо. Къена нохчо, хIинцца пхийттара ваьлла жимстаг санна, каде хьалха дIахьаьдира...

* * *

Шаьш долчу туьша иккхина Шемал Даьттахехь декъалвора нохчаша. Цуьнан сийдеш сту а бийна шун хIоттийра. Кхо де даьккхира цо цигахь. Ткъа Бенахь жимма хьевелира иза. Кхузахь хазахетар а хилира цунна. Шемалан дукхаезачу зудчо ПетIамата кIант вира кхузахь. Беной а ца ийшира даьттахойл. КIантана цIе туьллуш, масех бежана а дуьйш, сагIа даьккхира цара. Иштта Бенахь дуьнена велира тIаьхьа пачччахьан эскаран инарла-майор хинволу Мохьмад-Шафи.

Амма воьалгIа кIант дуьнена валаро а ца яржайора Шемалан даг тIера дохк. Шемалан Нохчичу варан коьрта Iалашо яра: ДегIастанахь йоьжна маршонан байракх хIокху къармазечу нохчийн гIоьнца хьалаайба. Хьанна хаьа, цунах-м Нохчичоьнан а, ДегIастанан а имам хила а мегий. Делан къайленаш дукха ма ю. Азаллехь синош кхуллуш Шемалан сиз оцу агIор хьаькхна хила а ма мега. Кху деношкахь цунна тIеоьху бIеннаш могIара нохчий-м муьтIахь бара хIокхунна. Ткъа кхузахь Шемалан кхоллам къасто безарш элий а, Iеламнах а бац, амма цхьа цIе яххан чу майрачу баьччанаша атта кортош хьовзадо шайн нехан. Оцу баьччанийх уггар цIе яхана шиъ тахана Шемал волчу веана. ЦIонтаройн ШоIип а, ДаьргIойн Джовтха а. ШоIипан цIе яхана шен хьекъал-

ций, доза доцчу майраллиций а. Цул сов, гIеххьачул Iеламча а ву иза. Майраллий, сихаллий яцахьара, кхечу къомах а велахьара, кху нохчаша эвлаяъ кхайкхийна а хир волуш.

Джоватхана дуккха а шерашкахь оьрсийн эскарехь гIуллакх дина ГIизларахь. Цунна гIеххьачул оьрсийн мотт а, церан гIиллакхаш а хаьа. Майра а, хьекъале а ву иза. Оьрсийн инарлица юкъаметтигаш галъевлла виичу юьрта вирзина иза. Сий а, лерам а бу цуьнан нохчашлахь.

Уьш шиъ а дика вевза Шемална. Цаьршиммо мосазза а гIо дина цунна суьйлийн ярташ къаръеш а, оьрсийн инарлаша хIара гатте хьовзийча а. Амма Ташу-Хьаьжа вац гучуволуш. Ша гена воццушехьа а. Бенара дIа мохь тоьхча хеззехь ма ю Сесана. ХIетте а вагIац.

Кху шиммо а ца къададо шайн дагара. Шемала шегара бала а, дийнал-исламана тIе кхозабелла кхерам а мел балхабарх. Цо лечкъа а ца дора шен доьхна гIуллакх.

— Гимрахь имам ГIеза-Моллин карара йоьжна накъшбендин тIерикъатан а, гIазотан байракх, хьалха делан, шолгIа шун гIоьнца, ДегIастанахь хьалаайбира ас, — дуьйцура цо. — Амма пайда барий ткъа цигахь тIетовжа суна гIортор ца хилча? ДIа ког мел баьккхинчохь — ханийн ямартло. ГIеза-Моллина дуьхьал тIамехь шена доггах гIуллакх дарна, тахана суьйлашна байракх елла оьрсийн паччахьо. ТIаккха суна а ишта дуьхьалбевлла. Цхьаберш — керстанашна бохкабеллачу ханашна тIаьхьахIиттина, шолгIаниш я соьций, я цаьрций а боцуш, тоьллачаьргахьа хьийза. Ахульгохь хIалллакьхили берриге а сан тешаме гIоьнчий, накъостий а, мурдаш а. Цигахь йоьжна сан цIе а. Цигахь юьйжи дийнал-исламан байракх а. ХIинца цхьа виси со, генаш хаьдда дитт санна..

Дуткъачу дегIара, куьце ШоIип, шен хаза корта курра агIор а саттийна, месал цIоцкъамашна бухара Iаьржа ши бIаьрг ваго санна тIе а боьгIна, Шемале хьоьжу. Хаза хьовзийнчу мекхаша бухара дуткъа ши балда халла хаалуш доьлу. Цуьнан ирачу хьажарна дуьхьал сацалац имам. Иза, яй йовхарш а тухий, ши бIаьрг цIенкъа а бугIий, суьлхьанаш хьийзо волало.

Шемална кIезиг вевза ШоIип, амма вуьйцу дуккха а хезна. Цуьнан да воккха Iеламча а, дика стаг а ву бохура. Шозза Макка а вахана. КIант оьзда а, иманехь а кхио гIерташ, цкъа ша хьехнера цо цунна, тIаккха Нохчичуьрчу тоьллачу молланашца дешийтира. Амма дена хила лаьа Iелам стаг ца хилира цунах. Берахь дуьйна кIантах дукха дуьйлура да реза воцу гIиллакхаш. «Кхин хилча ца маггал харцахьара стаг хир ву цунах», — олура цо корта а хьийзош. Цо бохург хилира. Воккха ма хиллиехь юьртах ваьлла, Нохчичоь мел ю кхарставелира иза. Дукха хан ялале дена хезира, шен кIант обаргех кхетта, Теркал дехьа къоланашка лела бохуш. ТIаккха, цунах обаргийн баьчча хилла аьлла а, тIаккха цхьа хан Бийболатана тIаьхьа хIоьттина бохуш хезира. Бийболат вийначул

тӀаьхьа Ӏедало ша лаца хьовзийча, недда Нохчмахка а веана, Ташу Хьаьжина тӀаьхьа хӀоьттира. ХӀокху тӀаьххьарчу пхеа шарахь вилина дӀа цунна уллохь, цуьнан атту куьг хилла лелара иза. ШоӀип пан ткъе пхийтта шо делахь кхин дац. Амма хьекъале а, майра а стаг ву.

Ишта ву Шемална хьалха хиъна Ӏечу шинна цхьаъ. Харцхьа баьлла хьекъале корта. Жайнаш дӀа а кхийсина тур схьаэцна куьйгаш. Кура, шех тоам бина къона стаг.

«ХӀаъа, кху Нохчичохь суна кхераме Ташу-Хьаьжа хилла ца Ӏа. ХӀара ШоӀип цул хӀумма а кӀезиг кхераме вац. Цул тӀех хила а мега. ХӀара-х Ӏеламча ву. Цул сов, лом санна майра, леча санна каде».

Ткъа Джовтха тӀехьаьжча догдика стаг ву. Горга юьхь-марш, сийна ши бӀаьрг, цӀен-хьаьрса маж-мекх.

— Лаьий шайна — лаций, виге оьрсийн инарлашна дӀавохка со. Сан коьрта тӀера ахча кхайкхийна цара. Эзар сом деши.

— Нохчичохь адамех йохка-эцар ца йо, Шемал, — оьгӀазе экхийтира ШоӀипа. — Цкъа а хезний хьуна, нохчочо тангӀалкхашна тӀе хьалауллучу стагана кӀелхьара гӀант дӀадаьккхина, нохчо чаьлтача хилла цо хьешана ямартло йина бохуш? Шун элаша шу вовшийн кортош даха а, адамех йохка-эцар ян а Ӏамийна. Тхан тарлац иштаниг. Кхузахь хӀораммо а шен сий туьрца лардо. Тхо дерриг ду элий.

— Шун дерриге элий хилча, шун когара мачаш дӀа а хьан йоху, шун дой дӀа а хьан лоьцу? — велавелира Шемал.

— Оьздачу стага шен когара мачаш ша дӀайоху, тхан дой дӀа кегийрхоша лоьцу. Тхайна тӀевеана хьаша — къен-миска, эла-эпсар а оха цхьатерра лоьру.

— Цундела воьссина со шуна тӀе, — дӀахьовзийра Шемала шен къамел, — ДегӀастанахь меттиг бац суна. Аттала со виччу Гимрахь а. Сайн сий, сайн са а хьалха делан, шолгӀа шун кара ло ас.

Шемала доккха садаьккхира. Мухха делахь а, Джовтхана къахийтира шен махкара ведда, гӀаддайна кхузахь туш лаха веанчу ДегӀастанан имамах. Цхьа кӀант инарлин карахь ву. Зуда а, йиша а, кӀант а дийна...

— Воха ма вохалахь, Шемал. Далла лаахь нислур ду гӀуллакхаш. ДегӀастанахь байанчийн метта кхузахь гӀоьнчий, доттагӀий а карор бу хьуна, — сацам болуш дош делира Джовтхана.

Шемала паргӀатваьлла доккха садаьккхира.

* * *

Нохчийн тхьамданаша дагна маслаӀат динехь а, шен кхоллам шек волу Шемал ойлане вара.

— Ахь стенан ойла йо, имам? — хьаьттира Юнуса.

ХIара ворхI стаг шен уггар тешаме мурдаш белахь а, дагахь дерг дерриге а дIадийца ца хIуттура Шемал. Тахана верг кхана ямарт хуьлуш, доттагIа мостагI хуьлуш зама яра хIара. Чов хилла шен кIант цара ГIойсин чIежа тIехула цавакххар а, цунна хи цадалар а дагара ца долура. Амма Юнусах дагавала дезара. Иза хьекъале а, дуьне девзина а стаг вара. ТIехула тIе, Юнус дуккхаза а Нохчичохь хиллера, нохчийн мотт, гIиллакхаш. амалш евзара цунна.

— ХIокху нохчамахкахоша хаза сий деш тIелеци со, — элира имама доккха са а даьIна. — Церан тхьамданаша дош дели шаьш со ларвийр ву аьлла. Ткъа аренца болчу нохчаша хIун дийр ду-те? Уьш алсам ма бу. ТIе, нохчийн шайн гIарабевлла баьччанаш бу. Ташу-хьаьжа, ШоIип-молла, Уди-Молла, Домбай...

Юнус сапаргIат велавелира.

— Ойланаш ма ехьа, имам. Дерриг а дала дикачу агIор дIаниссдийр ду. Аренца бехачу нохчийн тайпанийн орамаш кху лаьмнашкахь ду. Кхузахь кога хIоьттина чIагIло-кх хьо — ерриг Нохчичоь хьан кара йогIу. ХIара нохчий уллора ца бевзанчарна моьтту хIорш цхьа буьрса, дера адамаш ду. ХIорш къармазе, майра болу дела. ХIокхара кху тIаьхьарчу бIешарахь хаддаза гауршца тIом бо дела. Амма царна юкъахь ваьхначунна ма-барра бевза хIорш. Дог цIена адамаш ду. Ахь хаза хабар дийцичхьана теша а, Iехабала а кийча. Амма кхеро гIоьртах-кх — дала ларвойла царах. Кхерабелла, эшна буха ца бовла летта лийр бу. Масала, хьал долчу, ницкъ болчу ханийн, элийн а олалло кIел Iазапах доьлла ламанан кхидолу къаьмнаш. Оцу элаша, ханаша, церан хьадалчаша шаьш сийсаздарх дуьхьало ца йо. Ткъа и элий, ханаш боцуш баьхначу нохчашна хIоранна ша эла хета. Доккхачу тайпанах, хьалдолчу стага ша сийсазвича, цунах бекхам оьцу. Хьекъал долу стаг хьесапе а ца лору цара. Майралла — иза ю церан коьрта. Ахь майра ву аьлла хаставахь, и шен майралла гайта гIерташ вала а кийча ву нохчо. Ахь хаза хабар дийцахь Iехавала а кийча ву. Амма кхеро гIортахь — баттара шаьлта йоккху. Оцу майралло даим хьекъал, собар а тIехьатоьтту, юкъа хьаьгIнаш, весаш, эххар а мостагIаллаш духку. ХIоранна лакхе езаро, ша кIел агIор виса ца лааро барт хила а, шайна тIехь цхьа Iедал, низам хIотто а, шайн хьекъале, доьналле къонахой лера а, церан сий дан а ца буьту.

Шемала хIор дош даг чу дижош лерина ладоьгIура Юнусе.

— Дийцарехь, шовзткъе пхийтта шо хьалха, гаурш Нохчичу гIоьртича, царна дуьхьал гIевттинчу нохчашна коьрте хIоьттина хилла имам Мансур. Хьекъале, майра, оьзда а, вуьззина къонах. Цуьнан цIе а, сий а лаьмнашкахь даржа доьлча, цхьа шо далале Нохчичуьра эккхийра цара иза. Ткъа вайна а дагахь, пхийтта шо хьалха хIун дира? Кху лаьмнашкахь а, Хонкарахь, ГIажарехь а, Гуьржех цIе яххана къонах вара церан Биболат. Пхийтта шо хьал-

ха шайн имам харжа цкъа гулбелча, Биболат имам харжарна дуьхьал бевлира нохчий. Къаьсттина динадай. ШолгIа гулбелча, вайн ДегIастанара, Кудатлара соьлн Махьма а валийна, иза шайн имам хаьржира. Сий деш аннра, хIинца а волуш волу Ташу-Хьаьжа а. Иза шайн нохчо воцу дела. Цхьаболчара нохчо ву, кхечара гIумки ву олу иза. ХIунда аьлча, Эндри-эвлахь бехаш дуккха а нохчий болу дела. Амма хьекъалечу Ташу-Хьаьжас ша мича къомах ву ца дуьйцу. Нохчо вуйла хиъча, ша эккхор вуйла хууш. Кхин цхьа мела меттиг а ю нохчийн. Iожаллех ца кхоьру уьш. ХIунда аьлча, бераллехь дуьйна цунна хьалха хIитта Iемина уьш. Элий, паччахьаш а дош ца хета царна. Шаьш санна адамаш лору цара уьш. Ша велча, эхартахь хIун хир ца хууш кхоьру иза. Цундела, цара доза доцуш чIогIа лоьру динадай. Цара аьлларг — дала аьлларг ду церан. Нохчий шена тIеберзо, царна тIехь шен Iедал латто луу стаг хьекъале, майра, мекара хилла ца Iеш, кIорггера Iилма долуш стаг хила веза. Цхьа дика гIиллакх ду нохчийн — къиза а бац уьш, ямартло, тешнабехк бийр бац цара. Берийн санна, дегнаш цIена, схьадиллина ду церан.

Юнуса дийцинчо дагна маслаIат дира Шемална.

— Доцца аьлча, со цец ца волу Мансурана а Биболатана а тIехь нохчаша динчух. ДегIастанхоша суна тIехь а иза дина. Нийса аьлла, шайн махкахь цхьаннех а пайхамар ца хилла. Массо пайхамар а хьийзийна шен халкъо. Со-м хIун дара...

Стеган амалш, хьекъал, доьналла а цхьана дийнахь гучу ца довлу. Замано хIиттийнчу хьелаша, дахарехь нисбеллачу некъаша, халонаша, сутаралло, хьоло гучуйоккху стеган майралла, кIиллолла а, хьекъал, сонталла а, оьздангалла, ямартло а. Доцца аьлча, стеган дегIаца долу дерриг диканиг а, вониг а.

Дзла доккха хьекъал а, йоккха майралла а, собар а, доьналла а, оцу тIе кIорггера Iилма а деллера Шемална. Оцу тIаьхьарчу итт шарахь цо бинчу халачу некъашкахь кIез-кIезиг самадуьйлуш гучудуьйлура цуьнан хьуьнарш. Хьалхара тIегIа — Гимра яра. ШозлагIниг — цо имамалла тIелаьцна де. КхозлагIниг — Ахульго. Амма цуьнан коьртера дерриг хьекъал, Iилма а, деган майралла а, собар а, доьналла а гучудаха деза тIегIанаш хьалха, лакхенгахь лаьттара.

Юнусан къамеле ладоьгIча цIеххьана болх бан доладелира сийна хIорд санна кIорга Шемалан хьекъал.

Шен юьртахочуьнца, доттагIчуьнца, устазаца ГIеза-Моллица цхьана гIазотан байракх кIел шаьшшинъ гаурех, церан хьадалчех а летачу хенахь Шемала кIорггера ойла ца йиннера лаьмнашка шершачу буьрсачу кхераман. МостагI къиза вуйла а, иза бусалба динан мостагI вуйла а хаьара. Амма гаурийн паччахьан мохк а, ницкъ а мел боккха бу ца хаьара. ДегIастанара важа къаьмнаш Iадда Iийча а шайн цхьана суьйлашна и мостагI а, кхузара церан хьадалчаш ханаш, бекаш, мунепикъаш эшалур бу а моьттура. Ат-

талла хIетталц, нохчаша шаьш бIешарахь паччахьна дуьхьал латточу къийсаман кIорггера ойла а ца йинера. ТIаккха ДегIастанарчу къаьмнийн барт цахиларо а, Ахульгохь хиллачу эшамо а, ша эккхийна маххах ваккхаро а цуьнга дог диллийтира цхьана суьйлашка-м хьовха, ерриг ДегIастанехь а мостагI эшалург хиларх. МостагIчун ницкъ алсам бара, ткъа тIулгийн лаьмнашкахь дуьйшдерзош а ялта доцуш болу ламанхой гIорасиз бара еххачу ханна гауршна дуьхьало ян. Пхийтта шо хьалха инарла Ярмола аренга довлу дерриг некъаш дIа а къевлина, арахьарчу дуьненах а хадийна ,пхьолийн гIирсаш бохка а, ялта эца а, балха мехе ваха а цхьа стаг дIаса ца волуьйтуш мацалла хIоттийра цаьрга.

Гаурш лаьмнашка гIерта. Цхьацца къам хьошуш. Нохчичу а, ДегIастана а, ГIебарта а, Чергазе а, Эдаге а. Цкъа юьхьанца маситта шарахь нохчий къарбан гIоьртн. Цунах гIуллакх ца хуьлийла хиъча, хIокху лаьмнийн дог хилла лаьтта уьш цхьана ханна ца хьебеш битина, важа, кегийра къаьмнаш кога кIел доьхки. АренгIера тIулган лаьмнашка а лоьхкуш, дIа мел лаьцначу лаьттан коржамна тIе гIаьпнаш югIуш, шайн Iедал хIоттош. ХIинца нохчашна таIзар дан кечлуш бу. Уьш эшахь ламаройн тIаьххьара чIагIо, гIортор, дегайовхо а южу. ТIаккха дог дилла деза маршонах. Бусалба дин дIадер ду. Къоман гIиллакхаш довр ду. Ламаройх гаурш хир бу. Керста далла гIуллакх деш. Хьакхарчий юуш...

Иза хуьлийтийла дац Шемалан. Маршонах хаьдда къам делла ду. Бусалба динах хаьдда къам — шозза ле. Иза а, важа а ца хилийта, маршонан дуьхьа, бусалба динан дуьхьа гIовтта деза ламанан къаьмнаш. ГIазотан тIамна. Ша-ша а ца гIоттуш. Цхьана а кхетта. Цхьа дуй биъна. Шайн маршо ларъян. Бусалба дин лардан.

Амма и бес-бесар метттанаш, гIиллакхаш, амалш, Iадаташ долу маситта ламанан халкъаш цхьана муха тоха деза, уьш гауршна дуьхьал гIовтто муха деза? Ма доккха хьекъал а, ницкъ а беза иза дан. Ткъа тахана цкъа Шемална ца го шегахь иза а, важа а. Накъостий а ма беза майра, хьекъале, тешаме. Оцу хIор къомах. Къинхетамечу дала хьекъал а, ницкъ а, собар а лур ду цунна, некъ а гойтур бу. Некъ-м гайтина ма бу. Дала пайхамарехула доссийначу КъорIанна чохь. Пайхамаран хьадисаша.

ДегIастанах дог диллина цо. ДегIаста — тIулгийн лаьмнаш ду. Оцу лаьмнашкахь деха маситта халкъ, туккхам. Бес-бесар метттанаш, гIиллакхаш, амалш, Iадаташ. Лекхачу лаьмнаша вовшех а къастийна, хIора а шен дахарца дехаш. ТIамехь зеделларг дац. Дуьйш-дерзо латта а дац. Хьаннаш яц.

Ерриг дегайовхо Нохчичохь ю. Цигахь беркате латта, юькъа хьаннаш, хьийкъина ялта а хуьлу. Нохчий бIе шарахь гауршца тIамехь бахчабелла говза, майра тIемалой бу. Церан шайн тIеман баьччанаш а бу. ТIехь цхьа а тайпа Iедал ца ловш маьрша баьхначу церан цкъа а машар хир бац гауршций, церан Iедалций, паччахьций. И къам дохка элий а бац церан.

— Ахь дийцарехь, Юнус, низаме дало хала къам ду иза.

— Нохчий боху ахь?

— ХIаъа. Маршо а ма ю тайп-тайпана. Нийса Iедал долуш, оцу Iедална муьтIахь, цуьнан низамаш кхочушдеш деха къам иза боккъал а маьрша къам ду. Амма тIехь цхьа а Iедал доцуш, низам доцуш, шайн хьекъалечу, майрачу, оьздачу къонахойн сий дан а, уьш лара а, ларбан а ца хаьа къам цкъа а маьрша хир дац. Иза даима кхерамна кIел хир ду. ХIор стаг а, дерриг халкъ а. Доккхачу тайпано жимачунна, нуцкъалчо гIийлачунна, хьалдолчо къечунна, хьолахойн гIерано дерриг къомана ницкъ беш. Ишта халкъ маьрша а хир дац, цуьнан барт хир бац, лелочух иман-беркат а хир дац. Барт болчу, низам долчу кхечу, цул жимчу халкъо а, атта олалла латтор ду цунна тIехь. Ахь дийцарехь и цамгар кхетта нохчашна.

Юнус вист ца хуьлуш ойлане ваьлла Iийра дикка.

— Цхьана агIор-м ишта нисло иза, — элира цо эххар а. — Дерриг дика долуш цхьа а халкъ дац. Вовшашлахь долчу гIуллакхашна тIехь барт ца хуьлу нохчийн, амма арахьара кхерам тIегIоьртича, шайна юкъара галморзахаллаш, мостагIаллаш а дитс, цхьа барт хуьлий дIахIуьтту. Шайн стаг лакхаваккха, цуьнгахула Iедал латто лаац, амма арахьара стаг ги а вуллий лелаво. Шайнаш коьрте ца баха, шайн юкъахь Iедал латто луларчу къаьмнийн элий балабо цара. ХIокху нохчамахкахсша — суьйлийн ханаш, гIумкийн элий а, ткъа малхбузехьарчу нохчаша — гIебартойн а, чергазийн а элий. Шайна тIехь Iедал латториг царна латта а, ясакх а луш. ТIаккха шайна тIехь харцонаш лело боьлча дIа а лелхош.

«Дийцарехь, шайн диканиг лакха тIе воккхуш гу а, вониг чуосуш ор а дац нохчийн, — ойла йора Шемала. — Иза а, важа а дац дезар ду. Коьртаниг — уьш майра а, тешаме нах хилар ду. Ткъа уьш тIеберзо дала гIо дийр ду суна...»

**ПОЛКОВНИК ТОМКЕЕВ: Ширчу заманахь дуьйна схьа** массо тайпачу социале кепех бозуш бецуш маьрша бу нохчий. Я **элий, я дворянаш, я динадай а, цхьа а тайпа сословеш йоцуш** демократин лакхарчу тIегIанехь **долчу оцу халкъана тIехь** паччахьалла латтош патриархальни демократии раж яра. Юкъара ахча, **нохчо хьекъална кхиъна, физически могаш-онда, бераллехь дуьйна** мацалло, халонаша, кхерамаша вахчийна тIемало-таллархочун **идеал ву. Нагахь санна, XIX бIешаран юьххьехь Нохчичоьнан кIентех политически цхьа дегI кхолла вовшахтаса цемент карийнехьара, оцу халкъо шен дозуш дацар лардийр дара еххачу ханна.**

Ахульгохь Шемал вохийча, ДегIастанца дерг чекхдаьлла лерара паччахьан правительствос. Малхбузе Кавказехь а толамца дIадоьлхура гIуллакхаш. Дерриге тохар Нохчичоьнна тIедерзо дезара хIинца. Инарла Ермоловс ма-аллара, ламанан къаьмнаша паччахьан Iедална кIел бахча, цаьрца цхьаьна шаьш а гIур дуйла хууш, хIокху нохчашца гергарло чIогIа ма латтадора. ХIорш оьр-

сийн паччахьан Іедална кІел бахча, цаьрца цхьаьна шаьш а гІур дуйла зууш. Цундела, хІара хен цкъа ирахь а буьтуш, генаш дІахедийра паччахьан инарлаша. ХІинца и хен охьатоха дезара.

Нохчичохь паччахьан Іедалан урхалла хІоттораи болх инарламайорана Пуллона тІебиллира кавказски командование. БІагІарчу инарло шен хьалхара гІулч тесира нохчашна тІе ясакх йожош. ХІан-хІа, ахча ца эцара Іедало. Герз бен. ХІокхеран дуьхьало гуттаренна а кагъярхьама. ХІор итт доьзална тІера амалтана цхьацца стаг а, хІор итт цІенна тІера цхьацца топ а. Нохчийн ярташна лулахь оьрсийн эскарийн тІеман чІагІонаш югІура, гІалгІазкхийн станицаш йоккура. Цхьана ханна юкъахйитина ермоловски система ерриг шен къизаллица карлаяккха йолийра кхузахь.

**ПУЛЛО:** Ламанхошна тІехь Іедал латто, масала, эскарш, амалтана балийна нах кхобуш а, пурстоьпашний, стражникашний ассигнацешца ткъа эзар, детица ткъа эзар — хІор шарахь — шовзткъа эзар сом дойура ас. ХІаъа ткъа, нохчийн шайн киснара а доккхий. И акхарой адаман амалшка дерзор, царна шен ахча дайар дукха хир дацар ткъа вайн правительствона? Церан ярташна тІелетарш хьаннашкахь гІа доьжча дора ас. Уггар дукха болх хуьлура гурахь, Іай. Дийнахь къайллах цхьана гІопе йоккха отряд гулйой, буьйсанна бодашкахь шовзткъе итт чакхарма некъ беш, нохчийн ярташ юккъе доьлхий, сатоссучу хенахь, стигалара диссича санна, бахархошна хьалхахІуьттура тхо. ТІаккха, церан бехке хьожжий, я юрт хІаллакйора оха, я гІуда тухий, амалтана нах а бохчи. тхьамданашна таІзар а дой, юхадоьрзура.

**МОХЬМАД-ТІАХИР:** Шемал Нохчичу а кхачале, оьрсаша хІора доьзална цхьацца сом ясакх туьйхира. ХІора цхьайтталгІачу стагера герз дІа а даьккхира. Цундела нохчаша баккхийбеш тІеийцира Шемал. Гаурша хьаьстина нохчий а богІура цунна тІе. Оьрсашца дерг шаьш гуттаренна а дІахадорна тешаллина шайн погонаш, жІараш схьа а йохуш, Шемална хьалха лаьттах етташ, когашца хьоьшура нохчийн эпсарша.

**ХЬАЬЖА-ІЕЛА:** ДІаккхоьссина Іуьллу тІелхнг санна, ГІорашкахь хан токхура Шемала. Цхьа а вацара цуьнга хьожуш, и тергалвеш а

**БЕРЖЕ:** Вайн эскарша Ахульго схьалоцуш вохийна цигара ведда имам, атталла тІехь чоа а доцуш, Нохчичу а иккхина, цхьана юьртара кхечу юьрта лелхаш, ваьлла лелара. Шаьш гІевттича дагавеанчу нохчашна халла карийра иза. Шуьйтахь. Цигахь цара, хІара кхечу къомах хиларе терра, шайн гІаттамна коьрте хІоттар дийхира цуьнга. Амма оцу къоман челакх амал хуу Шемал атта ца хилира реза.

**ЮРОВ:** Ахульгохь тІаьххьара тоба йоьхча, берриг бохург санна, дегІастанхоша дІа а тесна, цІа-цІе доцуш висина Шемал, ведда кІелхьарвала, Нохчичу вахара. Моьттура, ламанхошца дерг чекхдаьлла. Амма хІетталц сийсаш лаьттина Нохчичоь, хаьрцина

берд санна, вайн коьрта тӀе юьйжира. Ткъа инарла Граббена гергахь цхьана а хьесапе воцчу Шемала цунах говза пайдаийцира. Шеца шен доьзал, ворхӀ мурд волуш шотойн тайпанашна юккъехь лечкъаш лелара иза. Вай бӀарзбина, собарх баьхна гӀевттинчу нохчаша сацам бира кхечу къомах волчу цунах шайн имам ван. ТӀаьхьий-хьалхий цунна тӀеоьхучу нохчаша цуьнга шайн гӀаттамна коьрте хӀоттар доьхура. Амма мекара имам, царна вазлуш, жоп ца луш дикка Ӏийра. Шен накъостий бац, тӀехула тӀе и гӀуллакхаш шена кӀорда а дина, бохуш...

ГӀаьттинчу халкъана тхьамда ийшира. Шениг воцург. Даим шайн кочахь вуьсу воцург. ХӀокху оьрсашца дерг чекхдаьлча, юьстах кхосса.

Иштаниг Шемал хийтира нохчашна. Нохчийн лаьмнашкахь цхьана юьртара кхечу юьрта кхелхаш, хьаша хилла ваьлла лелаш. Кхузахь хуьлуш дерг лерина тергалдеш а, я баьчча хилла, я могӀара бӀаьхо хилла цуьнан дакъалаца кийча.

Шемалан хьекъалечу коьртана хьалха дуьйна гуш дерг хилира. Нохчаша цуьнга дийхира, гӀаттамна коьрте хӀоттар. Амма цунна дика бевзара уьш. Шайна тӀехь цхьа Ӏедал а, олалла а ца деза и шен лаамехь, тоьпан молха санна сиха, майра, тӀаьхьалонан ойла ца ен къам. Цо бехха эхийтира уьш шена тӀе. Цунна ца дицделлера шена ДегӀастанахь динарг. Ша имам хоржуш цо дуй бааийтинера шена тӀаьхьахӀуттучаьрга. Шена тешаме хила. Амма цуьнан жамӀ Ӏаш гуш ду-кх. Массарна а дуй баабойла ма дац. Дуккха а ойланаш йиничул тӀаьхьа, Нохчичуьра тхьамданаш шена тӀе а бехна, цаьрга дӀахьедира Шемала.

— Шуна лаарна, аш дехарна, делан а, бусалба динан а дуьхьа шун имам хила реза ву со, — элира цо, — нагахь санна шух хӀораммо шайн цхьацца доьзалхо соьга амалтана а лахь, суна тӀаьхьа хӀуттучу хӀора стага ас аьлларг дан, суна муьтӀахь хилий кьорӀан тӀехь дуй а баахь.

Тхьамаданаша тӀелецира Шемалан лаам.

Хьалха Шемал ДегӀастанан кхоалгӀа имам вара. Амма Нохчичоьнан имам вацара. ХӀинца гӀуллакх нисса юханехьа дирзира. Шемалах Нохчичоьнан воьалгӀа имам хилира — шайх Мансурал, Ховкил, Мохьмадал тӀаьхьа. Амма тахана цуьнан Ӏедал дацара ДегӀастанна тӀехь.

Кавказан къилбаседа агӀон тӀехь дехачу халкъийх барамехь уггар доккха халкъ ду хӀара нохчий. Церан мохк а бу кху агӀонан деггехь. Дуьйш-дерзош доцу тӀулгийн ДегӀаста яц Нохчичоь. Кхузара латта токхе ду. ХӀара ялтийн, стоьмийн мохк бу. Доцца аьлча, нохчийн ялтица хене бовлу дегӀастанхой. Къаьсттина суьйлий Варраш тӀехь богӀу уьш кхийра пхьегӀаш, эчигах, дешех, детех йина хӀуманаш йохка. Шайн пхьоланан гӀирсаш гехь ярташкахула буьйлалой лела. Доцца аьлча, нохчийн ялтица хене бовлу ламанан лулахой. ХӀинца цуьнан аьтту хир бу нохчийн эскаршца а, ялтица а

ДегIаста тIеерзо. Оцу хьакхарчашна инарлашна Граббена, Фезина гIо динчарна.

Чобаьккхинаройхь ШаIбанан хIусамехь и ойланаш йо Шемала цхьа йоццачу ханна. Буьйса яьлла. ХIинцца ярташка дIасабахна цо кхуза гулбина нохчийн тхьамданаш. Чохь кхин стаг вац хIусамда ШаIбан, дIаваха кечвелла ШоIип, Жовтхий воцург. Имаман кхозлагIа наиб Ахьвердин Махьма арентIа вахана. Имам тIеэца цигахь кечамбан. Дависарг, дош дац-кх, нохчийн эскаршца сихха ДегIастана ваха аьтто бацар. Амма тахана цкъа еккъа цхьа «имам» боху цIе бен кхин ницкъ бац цуьнан кхузахь. Нохчийн тхьамданаша имам кхайкхаварх, хIинца а халкъо хIун олу ца хаьа. Цхьанхьа ларамаза аьллачу дашо оьгIазвахийтиичу нохчочо шаьлта тоьхна агIо охьабахийтахь? Цунна-х цхьа а Iедал дац. ТIехула тIе, Ташу-Хьаьжин дагахь хIун ду а ца хаьа. Шена имамалла дезаш ву-те иза? ДегIастанахь имам и волуш-м гIо дира цо Шемална. ХIокху ШоIипа а, Жовтхана а дегIастанхойн тайпанаш кхунна тIе дерзош. ХIара — цигахь, ша — кхузахь коьрталла долуш лорура Ташу-Хьаьжас. ХIинца нохчаша Шемал имам харжар дезалур дуй-те цунна?

— Сан хьомсара ШоIип, Жовтха, — тийналла йохийра цо, — кху ламанан къаьмнашлахь хьаша-м дика тIеоьцу бохуш цIе яхана ду нохчийн къам. Эхьана а, бехкана а шуна тIевоьссина, шун хьаша ву со. Аш дахь, сий хир ду, аш дайахь и довр ду сан...

— И цхьаъ юх-юха хIунда дуьйцу ахь? Тхан баьччанаша дош делла хьуна тешаме хила. Иза кхин хьехо оьшуш дац, имам, — Шемалан къамел хадийра ШоIипа.

— Шуна хаьа-кх цхьаболчу дегIастанхоша суна йина ямартло?

— Хаьа, имам.

— И ямартло суна йина ца Iа цара. Иза бусалба динна, вайн массеран а юкъарчу гIуллакхана йина ямартло ю. ЛадогIал сан дуьххьарлерчу омре.

— Тхо ладугIуш ду, имам.

— Нагахь вешан гIуллакха тIехь вайна кхнам хила лаахь, ДегIаста ваьшна тIеерзо еза вай. И лан некъ бу: Нохчичоьнан ялтин рицкъех иза дIахадор а, тур а. Ткъа жимма вешан ницкъ IаьIча, церан ярташна тIе а гIур ду вай. ХIинца цигара схьа Нохчичу веана стаг талор ву аш. Иза Iеламастаг велахь — вей дIавакха. Ялта эца веанчуьнгара ялта а, вир а, говр а, галеш а схьадаха.

* * *

Хьокъале корта бара Шемалан. Цунна шера евзара ДегIастанарчу хIора къоман амалш. Ткъа хIинца, хIокху къармазечу нохчийн мела меттиг а. Нохчичохь шен гIуллакх ЧIебарлара дIа лаа ца долийра цо. Нохчмахкахь шайн тхьамаданаш бара. Вовшашца барт бацахь а. Цигахь Iеламнах а бара, дIо генара дешна, гIарабевлла бацахь а. Цул сов, ДегIастанан дозанехь бехачу шайн лу-

лахойн гIуллакхаш, гIиллакхаш а девзачу цигарчу бахархоша хIара къобал ца ван а тарлора. Арен тIехь, оьрсийн гIаьпнашна гергахьа йолчу нохчийн ярташкахь метта-мотт лоцур бара бохург хьехочохь а дацара.

Шемала шен дуьххьарлера резиденци ЧIебарлахь лецира. Цигахь вовшахтуьйхира цо шена тешаме муртазекъаш.[1] Царех хIоранна дуй бинйра, шен муьлхха а омра кхочушдан тIелоцуьйтуш. Оцу тобанца, цигара дIа аренга а, Нохчамахка а оьхура иза. Цигахь ша къобалвойтуш. АрентIарчу ярташа декъалвора шайн имам.

Амма дуьхьало йиийраш а нислора. Веданхошний, харачошний ца лаьара имаман Iедал тIелаца. Къаьсттина харачошна. ХIокхарна-м дан деззарг дира Шемала. Итт стаг вийра, бисиичарна луьра таIзар дира. Эххар а юьртах баьхна, ДегIастанахь, тIо санна, баржийра.

Нохчичохь кога хIоьттинчу имамах кхерабеллачу Iаьндоша, тиндоша ,богулхоша а, кхеч-кхечу а дегIастанхойн тукхамаша шайн векалш хьийсабора цунна тIе. Шаьш дохкодевлла, шаьш хьо къобалво, шайна гечдахьара бохуш. Амма имама уьш шена аьттехьа ца буьтура.

— ДIалахка и жIаьлеш! Сан бIаьрга ма гайталаш уьш! — карзахвийлара имам. — Ас дин лардан, шайн маршо ларъян гIазотан байракх айиичу хенахь мичхьа бара уьш? Цхьаберш гауршкахьа бевлла, цхьаберш маршонан гIуллакхе бен доцуш хьуьйсуш таьIна Iийра. ДегIастанан майрачу кIентийн цIий Iеночу хенахь. ХIинца дохкобевлла? ТIаьхьа ду! Сан майрачу наибашца ШоIипаца, Ташу-Хьаьжица, Жовтханца, Оьздамарца дIа а веана ас хоуьйтур ду царна шаьш эккхийнарг мила ву. Сайн наибийн тарращца ас тIеберзор бу уьш. ТIе ца боьрзачийн кортош дохур ду! Оцу Ахьмад-Хан, Хьаьжа-Мурд бохучу шина жIаьлин хьалха а дохуш!

Имам дарвеллийла хиъча, цунна гучубовла а ца хIуьттий, сихха цIехьа боьрзура дегIастанхой. Цуьнан кхерамаш эрна бацара. Хьалха, хIара Шемал ДегIастанан имам волуш, цунна гIо дан а богIура изза Ташу-Хьаьжа, ШоIип-Молла, Уди-Молла, Жовтха, Оьздамар. Домбай, Iумха, кхиберш.

Ткъа, ШоIипний, Жовтханий доггах кхочушдира имаман дуьххьарлера омра. Цара нохчийн махка тIе ца бовлуьйтура ялта эца а, шайн пхьоланан баккхал йохка а богIу дегIастанхой. Керахь ерг оззайой схьайоккхий, хьалахьопсабора.

* * *

Шемал тешна вара шен гIуллакхо Нохчичохь кIоргга орам тесна хиларх. Кхузарчу уггар йоккхачу юьртахь Хьалха-МартантIехь Нохчичоьнан имам кхайкхийра иза, шен Iедал даржор керла хIиттиначу наибашна Iисина, Оьздамарна, Iумхина, Уди-Моллина, Домбайна тIе а диллина, Чобаьккханаройх хьалавирзира.

[1] Муртазекъ — Шемал ларвархо, баккъал волу цуьнан мурд.

ХIара шен дуьххьарлера резиденци къахьъеллера имамана. Цхьа-ши кIира хьалха лекхачу бердах чу а яхана еллера цуьнан хьешан ШаIбанан йоI.

Дерриг бусалба халкъийн зударшна дихкина ду шайн яххьаш доьзалел арахьарчу божаршна гайтар. ХIокху нохчаша кхочуш ца бо и бехкам. ХIокхеран зударша юьхь ца лачкъайо. Нохчийн зударий маьрша бу, амма божарша йоI-бIаьрг санна лерина лардо церан сий. Нагахь доьзалехь боьрша стаг вацахь, юьртан кхеташонехь куьйган бакъо а ю церан. Нагахь кхечу бусалба къаьмнийн стеган еанга кхаччалц зуда хила бакъо елахь, шарIо божаршна елла и бакъо кхуза кхачанза ю. Нагахь невцо йитина шайн зуда цIа яийтахь, зудчун гергарчара дов хьедо: тхан зуда цIа хIун бехк баьлла яийтина ахь? Ткъа цунна тIе зуда ялийча-м невце, цуьнан тайпане мостагIалла а хьедеш меттиг хуьлу. Шаьш ца лоруш ялийна ахь, шаьш сийсаз дина ахь, олий.

Божарех ца къехка нохчийн зуда, амма шега ца догIучу а ца гIерта, шега эвхьаза дош а ца олуьйту. Маьрша, кура ю нохчийн зуда. Цунна хаьа шен сий, оьздангаллий лардеш халкъан Iадат дуйла. Нехан зудчунна ямарт хилла стаг, юьртах а, тайпанах а валькхина ца Iеш, махках воккху.

ХIусамден йоI цкъа а ца гинера Шемална. Хьешашна кхача неIаре кхаччалц зударша бохьу, ткъа хьалха — кегийрхоша буьллу. Кертахула башха волалой Шемал а ца лелара. Цундела ца гинера цунна хIусамден йоI.

Коре хиъна, суьлхьанаш хьийзош Iечу Шемална дуьххьар гира уьйтIахь девзиг хьоькхуш лела ткъа шо хенара йоI. Дуткъа, амма бIаьстенан юьххьехь дуьххьара заза хецна къона маргIал санна, дуьзна, доьттина дегI. Гоьлал лаха йолуш еха, стомма, дешин бос беттал у ши кIажар. ГIургIезан санна, кIайн деха лаг Хьаьжа тIехь дIасахьаьдда Iаьржа ши цкъоцкъам, цIен бос беттал ун кIайн юьхь, хIинцца беран бос байна, севсина, хилла баьллаш санна, балдаш. Цунна цкъа а ца гинера ишта хаза зудабер.

— И йоI хьенан ю? — хаьттира цо ШаIбане.

— Иза-м кху кертара шайтIа дара.

— Хьан йоI ю иза?

— Ю дера.

ДегIастанарчу цхьадолчу къаьмнаша эхь ца лору йоьIан дега-нене — йоI, веше — йиша маре ехар. Цара шичо шича а юьгу. Ткъа хIокху нохчийн, гIалгIайн шича хьовха, тайпанах йоI йига а ца мега. ЙоIана тIехьийзачу кIанта оцу шен безамах лоций хьехадац йоьIан гергарчу боьршачу стаге. Хьахийча эхь ду. Нохчашлахь дов а, мостагIалла а дукха хьолахь зударшца гIиллакх дохор тIехула хуьлу. И гIиллакхаш ца девзара Шемална. Ткъа йоI цунна дагара ца йолура. Эххар а ШаIбане цо хаийтира шена цуьнан йоI езаялар.

ШаIбан цкъа оьгIазвахара, тIаккха а, хIоккхеран ишта гIиллакх хир ду-кх аьлла, сатуьйхира.

— ЙоьIан дега олу ткъа иштаниг? — хьаьттира ШаIбана, иза зерхьама.

— ХIунда ца олу?

— Тхан гIиллакххехь чIогIа бехке ду иза. ТIе, нохчийн гIиллакххехь эхь ду, зудчунна тIе зуда ялийча а, зуда яхча а.

— Бусалбанашна массарна а мега гIиллакхаш ду шарIо вайна схьахьоьхуш, ШаIбан. Дала, пайхамара, шарIо адамаш ца къастадо нохчо, суьйли, гIумки бохуш. ЦIена бусалба стеган бакъо яц бусалбанаш къаьмнашка а бекъна, шарI тIаьхьа а тоьттуш, церан Iадаташ лера. Турпал-Iелас шен девешига, делан салам хиларе, Мохьмад-пайхамаре, цуьнан йоI, шен шича, ПетIамат ехна шена. Бусалба дино боьршачу стагана магийна еанга кхаччалц зуда хила. Пайхамаран а хилла масех зуда.

ШаIбан воьхна хьаьвзира.

— Ткъа шу, нохчий, шарIана дуьхьал долчу Iадатан гIиллакхашца деха хIинца а. Пайхамарша, эвлаяаша магийна массо бусалба наха лело гIиллакхаш тIелаца лаац шуна. Дийнал-ислам керстанах лардан, кху лаьмнийн къаьмнашлахь шарI чIагIдан, гIазотана вай, тхьамданаш, цхьа хьаьрк ца талхош, шарIо бохург деш хила деза.

ШаIбанан ойланаш екъаеллера. Делан таIзарх а кхоьрура иза, амма тIамарх доьллачу дайн гIиллакхаша дуьхьало а йора. ХIокху Шемалан бухахь зуда а, бераш а дацахьара-м реза хир вара ШаIбан. Мухха делахь а, хIара Шемал имам а, шайх а ву. ХIокхуьнца тесна гергарло кханалерачу эхартахь цхьа ял йоцуш довр дац. Бухара зуда хьахийча а, шарIаца некъ балор бу-кх хIокхо.

Дайн гIиллакхаша хьалхе яьккхира юха а.

— Шемал, хьо имам а, шайх а ву, — элира цо курра. — Ткъа со оьзда нохчо ву. Шайн цигахь суьйлийн гIиллакхаш лелор ахь. Лаьий, хьайна — хьайн йиша а, нана а йига. И сан гIуллакх дац. Амма сан хIусамехь нохчийн гIиллакхийн сий дан дезар ду хьан. Нагахь и тайпа эвхьаза дош суна шолгIа хеза-кх... Хьо милла велахь а, могуьйтур дац ас...

* * *

ШаIбанца и гIир-мир хиллачул тIаьхьа, цхьа масех де даьлча, кхечу хIусаме вахара Шемал. ХIусам хийца еза-м дикка хан яра. ХIара волчу хаддаза нах богIура арентIера а, ДегIастанара а. Шемалан бIаьхойн барам а алсамбаьллера. ХIокхуьнан муртазекъаш тарбан меттиг а бацара. Уьш цхьаццанхьа хIусамашка баржийна дIасатарбинера.

Шемал дуьххьара тIе воьссина ШаIбан а, я тIаме, я арентIерчу ярташка воьдий, наггахь бен цIахь ца хуьлура.

Денош дIаэхарх Шемална дагара ца йолура ШаIбанан йоI. Шен гIалатах а кхеттера иза. ХIара шолгIа тIевоьссиичу хIусамден зудчо хьийхира цунна лело дезарг. ЙоI ша берта ялор ю, тIаккха нохчийн гIиллакхехь иза еха ШаIбанна тIе нах бохуьйтур бу, аьлла. ЙоьIан нана яцара, ерриг ненан марзо шен ненайишица яра цуьнан. ХIусамнана сих-сиха йоьдура йоьIан ненайиша йолчу. ЦIа мосазза йогIу, йоI берта ян герга ю, цуьнан ненайиша оцу захалонна реза ю а олура.

Шемална дерриг дIанислуш ду аьлла хеттачу хенахь, цIеххьана бохам хилира. Цхьана Iуьйранна эвлал ара эса дIалалла яхана йоI лекхачу бердах чу а яхана елира...

Цхьа шо даьлча бен ца хиира Шемална йоьIан Iожаллех лаьцна даьккхина эладита.

... Догдика, къонах стаг яра ШаIбанан йоьIан ненайиша. Дахар а ца нисделлера цуьнан. Къона йолуш шина йоIаца хIара а юьсуш веллера цуьнан хIусамда. Дукха хан ялале лаьмнашкахь даьржиничу уьно оцу шина йоIах а яьккхира иза. ШозлагIа цIа лацар ца хьехош, есачу лаппагIаш чохь цхьа къанъеллера.

Цундела берашца бекъаза бисина шен берриг безам йишин йоIана дIалора цо. Иза шен йишин йоI хиларна а, буо хиларна а, иза малик санна, хазий, цIений йоI хиларна а. Йишин йоI а ца юьсура цунна декхарийлахь. Ненайиша шолгIа нана хилла дIахIоьттинера цунна. Ненал а тIех яра. Ша нене ца юьйцу йолу къайленаш а юьйцура цуьнга йоIа.

Оцу тIаьхьарчу хенахь даг чохь биллина дIа цхьа кхерам лаьтта йоккхастеган. ДIа ойла йича, вала гергара стаг вацара цуьнан. Нуц ШаIбан воцург. Иза могаш-таза вара. Амма виллина дIа я тIамехь, я Шемалан цхьацца тIедахкарш кхочушдеш лелаш.

Эххар а Шемал кертахь вехачу хIусамден зуда шайга лестаяла йоьлча дог кхиира цуьнан. Юьхьанца цхьацца эладитанаш а дуьйций, йоI а хестайой дIайоьдура иза. ТIаккха Шемална захало хьехо йолаелира. Иза цIе яххана шайх а, имам а ву. Ханна йоIал воккха велахь а, дегIана онда а, куц долуш а стаг ву, бохуш. ЙоIа хьеха а ца дойтура и захало. Ненайиша ша а яцара зуда а, бераш а долчу воккхачу стаге шен йишин йоI яхийта реза. Эххар а, хаза диййцича и шиъ берта ца йогIийла хиъча, кхерамаш тийса юьйлира и зуда. ЙоI а, цуьнан ненайиша а резахилчхьана, ШаIбан оцу захалонна реза ву бохура цо. Нагахь и шиъ дуьхьал ялахь, дас и захало дийр дац. ТIаккха буьрсачу имама цунах бекхам оьцур бу, я нуьцкъах йоI дIаюьгур ю, бохуш.

ЙоIана а, ненайишина а ца хаьара хIара шиъ кхерийна берта яло оцу зудчо иза шеггара кхоьллина дуьйцийла. И къамел хиллачул тIаьхьа масех де даьлча Iожалла хилира йоьIан. Йоккхачу стагана ца хаьара шен йишин йоьIан Iожалла муха хилла. Бертана галъяьлла бердах чу яханера, я ша чу иккхинера. Иза къайле яра.

Зударшна хиънарг эладитане ма долу. ЙоьIан Iожална гонах масех тайпа эладитанаш даьржира. Оцу зудчо йоIе а, цуьнан ненан йише дина къамел а даьллера нахала. И эладита даг чу дижинера ШаIбанагIеран цIийнан хьалхарчу нахах волчу бIаьрзечу ГIубшана. ЙоьIан Iожална Шемал бехке лоручу цо чIагIо йинера цунах бекхам эца. ГIубшана хаьара имам буса товханна хьалха мотт а буьллий охьавуьжуш хилар. Амма хIара бекхам эца ваханчу буса иза поппаран маьнги тIе вижнера.

Иштта дуьйцу халкъалахь йоьIан а, бIаьрзечу ГIубшан а Iожаллех лаьцна.[1]

* * *

Ткъа Мохьмад-ТIахIир ал-Карахис кхиняздо ГIубшан Iожаллех.

**МОХХЬУМАД-ТIАХIИР ал-КАРАХИ: ...ШубутIе (ЧIебарла) вухавирзина Шемал Хирехьа (ХIимой) охьавелира, цигахь оьрсийн некъ хадо. Чобаьккхинарой вахана, цигара нах шегахьа бехира цо. ХIара цигахула лелаш, хIетталц цунна муьтIахь хилла цхьа юрт дуьхьал гIаьттира. Вухавирзинчу Шемала берта ялийра иза. Оцу юьртахь вехаш вара ГIубаш тIе йолуш къиза, онда цхьа стаг. Некъашца дIасадала адам ца дуьтура цо. Бойура, я карахь мел дерг схьа а доккхий, дIахоьцура. И стаг ве аьлла, Шемале дIахьедира кхузарчу бахархоша.**

**Ткъа Шемала хьалха дош деллера царех стаг ца вен. Оцу шен дашах воха ца луучу Шемала омра дира, ГIубшан ши бIаьрг баккха, аьлла. Ши бIаьрг баьккхина, къевллина вехка а вихкина, цхьана цIа чу тесира ГIубаш. Инзаре боккха ницкъ бара цуьнан дегIехь. Омра кхочушдан воьллачу ворхI стеган ницкъ ца кхечира иза охьатоха. ЦIеххьана, катохьна ког ознйна, хIилланца охьа а виллина, баьккхира ГIубшан ши бIаьрг.**

**ГIубаш чу кхоьссинчу луларчу цIеношкахь шен накъосташца буьйса йоккхуш сецира Шемал. Цо далла гIуллакхаш деш сатосу хан а хилира. Iуьйра-ламаз дина, хехошка сема хила аьлла омра дира цо. Цхьа гIарол ГIубаш чохь волчу цIийнан неIаре а хIоттавайтира.**

**Берриш охьабиийшийра Шемал ша маьнги тIе вижира. Набарх воьллачу хенахь, гIенах санна, дардинчу жIаьлийчух тера цхьа гIовгIанаш хезира цунна. Дехьа чохь Iечу накъосташка мохь туьйхира Шемала, ара а довлий, и хIун ду хьовса, аьлла. Оцу хенахь, баттара яьккхина шаьлта а керахь неIарехь цхьа адам гучуделира. Шемал чу кхоссавелира цунна, ткъа кху чуьра нах бевдда баьржира. Шемалан гIоьнчех цхьа а вацара цуьнца. Керахь герз доцчу**

[1] Шемалан безамах а, йоьIан Iожаллех а, ГIубшан бекхам эца гIортарх лаьцна авторна дийцинера Ошаев Халида, Сулейманов Ахьмада.

Шемала катоьхна оцу стеган шаьлта буйнахь йолу пхьарс лецира, амма мел къийсарх аьтто ца болура цуьнгара шаьлта схьаяккха. «ХIокху мостагIчо со вуьйр ву! — кхойкхура Шемал шен накъосташка. — Соьгахь герз дац!» Ткъа тIелатар динарг тIетеIара, шен ма хуьллу, шаьлта тоьхна Шемал вожо гIерташ. Шемалан дегIана шийтта гергга чов йира цо, царех ворхI цIонгал лахахь, гай тIехь ворхIанхьа чкъор а хадийра, Шемалан некхан цхьа даьIахк а кагъеллера, некхаца цо мостагIчун корта таIийча. ТIаккха Шемална гIоьнна цIа чу иккхина хIусамда ШаIбан ал-Шубути ГIубша шаьлта тоьхна вожийна, велира.

ТIаккха Шемала, цIе а яьккхина, орца элира шен майрачу накъосте МаIаш ал-Зумен (Зумсарчу МаIаше). Чукхоссавелла иза кIоргга чов еш вожийра вукхо. Дуккха а къийсинчул тIаха, Шемалан аьтто хилира мостагI кIел вахийта. Вовшашна цергаш йоьхкира цаьршиммо: Шемала — цуьнан коьртах, вукхо — Шемалан куьйгах. Цул сов Шемала когаца таIийнера шаьлта керахь йолу цуьнан куьг. Оцу юккъехь цIа чу веара Зирал ал Шахади.

— Цуьнан буйнара шаьлта схьаяккха! — омра дира цунна Шемала.

— Яккхалац соьга! — жоп делира вукхо.

— ПIелгаш хедадай, схьаяккха! — мохь хьекхара Шемала.

ПIелгаш хедош, шаьлта схьа а яьккхина, ленволчу чов йина, цIенна тIехьарчу ор чу тесира ГIубаш. Ша лечу хенахь, халла балдаш хьадина, цхьаъ-м элира цо.

— Мила вара и суна тIелеттарг? — хьаьттира Шемала накъосташка.

— Ахь бIаьргаш бахийтинарг.

— Дика хьовсал шу, баккъал иза ву-вац.

— Иза ву.

— Сайна тIелеттарг иза вуйла хиънехь, ас атта вуьйр ма вара иза, — элира Шемала.

...Оцу чевнех воьжна ткъа дийнахь гергга Iиллира Шемал. Эххар а, чевнаш ерзале гIаьттина, цигара дIавахара...»

* * *

Дукха хан ялале стиглахь Шемалан седа летира. Къегина. Нохчичохь цхьанна тIаьххье кхин хуьлуш, эшамаш хуьлура паччахьан эскарийн. Шемалан сатийсамаш кхочушхиллера. Цуьнан ши ког ондда лаьттара: Нохчичохь цхьаъ, ДегIастанахь — важа.

Хьалха цо омра ма динера ДегIастанара Нохчичу богIу нах талабе, ткъа Iеламнах байа, аьлла. Амма иза оьгIазваханчу юккъехь дина омра дара. Шена тешнабехк бина дегIастанхой кога кIел берзолц. ХIинца хийца ма езара цаьрца йолу юкъаметтиг. Шиннахьа а шен Iедал чIогIа латто. Ткъа иза муха латтор ду? Ханаш, бекаш байарх хIумма а ца нисло. Ламанхошна латта а, маршо а еза.

Царна дала латта имаман дац. Мецачу адамашна имам хьашт хир вац.

Шемалан дог жима волуш дуьйна а гӀертара гоьвала. Юьхьанца шега нийсачу берашна, тӀаккха кегийрхошна. Хьуьжарехь — мутаӀеламашна. Лакхе схьалаца лаaро тоьттура иза Ӏилманехь кхиамашна тӀе а. Шен къечу хӀусамера, дахар хиица лууш. Ткъа цуьнан дегӀехь ницкъ а, коьртехь хьекъал а, дагехь майралла ма яра. Вовшашца къуьйсуш. КӀеж туьйсуш. Царна маршо а, меттиг а, аьтто а безара жигара болх бан. ХӀинца царна уьш хиллера.

ДегӀастанахь воьжна Шемал НохчичоӀь когахӀоьттира. Ахульгохь цӀеххьана къедда байна цуьнан седа нохчийн хьаннаш тӀехула юха а стиглахь къегира. Хьалхачул сирла. Ткъа шарна. ХӀанхӀа, бӀешерашкахь лепа.

Шемална цхьаъ бен гӀирс бацара хӀара бес-бесарчу меттанийн, амалийн, гӀиллакхийн ламаройн къаьмнаш цхьаьна а тоьхна, шен лаам кӀел дерзо, паччахьан колонизаторшна дуьхьал даха.

Иза — бусалба дин дара.

Паччахьан правительствос колонизаци йолаяллалц я ГӀеза-Молла а, я Хьамзат-бек а, я Шемал а ваьхьара вацара меттигерчу ханаший, бекаший дуьхьал герз айба. Иза дуьхьал хир дара бӀешерашкахь чӀагӀделлачу кхузарчу гӀиллакхашна. Бусалба дино къилахь лору нехан долаллина тӀе куьг дахьар, делан лаамца хӀиттинчу паччахьаший, элаший, церан гӀуллакхъхоший дуьхьал гӀовттар. Цундела оадеттара ДегӀастанерчу ахархоша шайн мехкадайша шаьш мел хьийзорах. Юнаш меттанийх чекхъяьхча а, Ӏуьттуш бӀаьргаш даьхча а. Даьпначу кортош тӀе кхехкаш кӀеж туьйсу даьтта доьттича а, эпиданаш чохь бахкийча а. ХӀуъу дича а. Уьш тешара делах а, динах а. Ца баьхьара Ӏеламнаха аьллачул тӀехбовла. Ткъа Ӏеламнаха халкъах лечкъабора бусалба динан коьрта цхьа хьехам: нагахь паччахь, цуьнан хьаькамаш къиза белахь, харцо лелош белахь, царна муьтӀахь ма хила, царна дуьхьал гӀовтта аьлла бусалба нахана тӀедиллар. Амма кхузахь российски колонизаци йолаелча, мехкадайша талхийра и хьехам. Ткъа, дегӀастанхойн мехкадай, шайна чинаш, совгӀаташ делча, муьтӀахь хилира керста паччахьана.

Керста паччахьан Ӏедалца машар — бусалба динадайн политически а, экономически а баххашна доккха тохар дара. Цундела гӀуьттура кхузахь Ӏеламнах адамашка гӀазоте кхойкхуш. Керсташна а, цаьрца машар болчу шайн ямартчу мехкадайшна а дуьхьал. Ткъа массо кепара шайн мостагӀийх бекхам эца лаарх буьзна ламарой сихха кӀелхӀиттира гӀазотан байракхна. Масех бӀешарахь феодалийн а, динадайн а Ӏедална кӀел лаьттинчу бес-бесарчу меттанийн а, гӀиллакхийн а ДегӀастанан къаьмнийн цхьа барт бан хала дара. Дукхахберш бӀаьрзе тӀаьхьа боьлхура шайн мехкадайшна, динадайшна. Цундела колонизаторийн, мехкадайн аьтто хилира дегӀастанхойн дуккха а юкъараллаш ГӀеза-Моллина

а, Шемална а дуьхьал яха. Къаьсттина граждански къийсам — тIом ца аьр цунах, — беха а, луьра а лаьттира ханийн Iедална кIел йолчу Аварехь. Шеко яцара цигахь берриге а къинхьегаман ламаройн Iалашо антиколониальни, антифеодальни къийсам хилар а.

Оцу бахьанаша ДегIастанахь кхиам хила ца буьтура Шемалан. Кхин хьал дара Нохчичохь. Кхузахь Шемал ца кхоьрура, шена ямартло а йина нохчий оьрсашкахьа бовларна. Иза аьттехьа а дацара. ДегIастанхойн наибаш Кибит-Махьма, Хьаьжа-Мурд а, Даниел-бек, кхиберш а дуьхьал бацара Шемал дIа а харцийна, имаман меттиг дIалаца. Я оьрсийн инарлашца берта а бахана, Шемал а, ДегIастана а царна йохка.

Масала, шовзткъалгIа шераш чекхдовлуш Шемалан лагерехь вовшашна а, Шемална а дуьхьал масех тоба кхоллаеллера.

Хьалхарчу тобанца бара султанан а, бекийн а цIийнах нах. Шайн хьолан, шайн даржийн бен бала боцу уьш кийча бара мелла а безчу мехах оьрсийн паччахьана бохкабала. Оцу тобанна юкъавогIура хьалха Елисуйски султан хилла Даниел-бек, цкъацкъа цунна тIетийжа цуьнан нуц, Шемалан кIант ГIеза-Махьма а. Бакъду, хIара тIаьхьарниг даима шен дений, стунденний юккъехь маслаIаташ деш хуьлура. ХIокху Даниел-бекана лаьара муьлххачу а некъашца хьалхалера шен султанан а, паччахьо шена делла инарла-майоран чин а, оьмаран пенси а юхадерзо. Цундела цо биллина дIа карчамна кечам бора. ДаьргIахь, имаман гонехь, дуккха а бартахой бара цуьнан. Нагахь гIуллакх галдаьлла ша имаман оьгIазлонна кIел водахь а бохуш, уьш оцу денна кечбора. Шемална ца хоуьйтуш, къайлах царна ахчанаш лора Даниел-бека, шена гонах Iеламнах гулбора, маьждигашна кузаш лора. Дуккха а наибаш шегахьа баьххера.

**ЗИССЕРМАН: Шемалан коьртачу гIоьнчас Елисуйски Даниел-бека 1858 шо чекхдолуш оьрсийн командованица дийцарш долийра. Ша ДегIастанан доккхахдолу дакъа имамана дуьхьал а гIаттор ду, вайна муьтIахь а дийр ду, бохура цо. Даниел-бека догдохура, шен нуц, Шемалан воккхахволу кIант ГIеза-Махьма, шеца цхьаьна шен дена дуьхьал валарга.**

**Иштта Iаьржа дог кийрахь леладора гIараваьллачу Хьаьжа-Мурда а. Цо а сатийсара ямартлонан мехаца паччахьера Аварски ханство эца. Даим Даниел-бекал лакхавала гIерташ къийсам а бара цуьнан, амма Даниел-бек чIогIа лоруш вара Шемалан лагерехь Цкъа-делахь, Шемалан кIентан стунда, шолгIа-делахь, хьалха хилла султан, хьалдолуш наиб Оцу къийсамо чIогIа новкъарло йора ДегIастанахь паччахьан эскаршна дуьхьало ярна.**

**Массарел хьалха Шемална дуьхьалваьллера Кибит-Махьма. ХIара мекара цхьогал дара. Кибит-Махьмас имамалле сатуьйсура. Цундела шен тобанца цо къийсам латтабора оцу метте безам болчу Даниел-бекана а, Хьажа-Мурдана а дуьхьал. Оцу хенахь има-**

мана кӀел ор а оххура цо. 1856 шарахь цо, Дениел-беким оьрсийн командованица къаьст-къаьстина дийцарш долийра, шаьшшиъ цуьнгахьа валарх лаьцна. Цаьрца барт болчу наибаша Шемал вер а хьехадора.

РУНОВСКИЙ: 1856 шарахь Кибит-Махьмас инарла-майор Агалар-хан Казикумухскехула оьрсашца дийцарш деш хиларан къайладаха йиш йоцу тешаллаш карадаьхкира Шемална. КъорӀанан а, Шемалан а законаш тӀе доьгӀча Кибит-Махьма вен везара. Амма Шемала иза вуьйчу меттана ша волчу ДаьргӀа кхайкхира.

— Хьо ямартхо хиларан тешаллаш ду сан карахь, — элира цо Кибит-Махьмега. — Халкъана хаьа хьо ямарт хилар, хьо ве боху соьга. Амма хьан хьекъал а, Ӏилма а, къеналла а, уггар хьалха — махкахь ахь дика Ӏедал латтор а бахьана долуш, халкъо доьхург кхочуш ца до ас.

ХӀетахь дуьйна, уллора дӀа ца хоьцуш, шеца Нохчичохь латтийра цо иза.

ЗИССЕРМАН: Шемалах ларвала, цуьнан стунда Джемал-Эддин а, мюридизман коьрта хьехамча Аслан-къеда Цудахьарски шен буйнахь а вуьтуш, 1859 шарахь, ша оьрсийн паччахьана муьтӀахь хилар хоуьйтуш, инарла Врангельна тӀе депутаци яхийтира Кибит-Махьмас. Депутаци тӀе а эцна, Андалале таттавелира Врангель. Шемал цига дӀахьаьдира, амма новкъахь Шемална тӀелеттачу кӀуядлинцаша 32 вьюк дегий, хӀумнаш йохуш, цуьнан шен обоз талийра. Дехьо ваьлча тӀелеттачу килитӀлинцаша йисина 50 вьюк а, пхийтта эзар сом детин ахча а дӀадаьккхира имаман.

Юккъехула аьлча, вуханехьа ДегӀастанан туьша иккхина имам сихха чӀана ваьккхира.

Шен хирг дора Шемала шел тӀаьхьа имам кхайкхинчу цуьнан кӀанта ГӀеза-Махьмас а. Шемалан «придворни партнершна» юкъа а вахана, дена дуьхьал-м ца вуьйлура иза, амма цуьнан мостагӀашца къийсам а ца латтабора. ХӀумма а кӀезиг эшамаш ца бора Шемална цуьнан сутаралло а...

ХЬАЬЖА-ӀЕЛА: Нагахь, варраш санна, ламарой кир кхехьа ларориг хилча, цаьрга хьуьнхара дечиг кхоьхьуьйтур дара ГӀеза-Махьмас. Иза вехачу ГоцӀатлара тӀе богӀу пайда юкъарчу хазне ца кхочуш, цуьнан шен дола болура...

ӀАБДУРАХЬМАН: Ялсаманах тера яра ГоцӀатӀла: кемсийн бошмаша Ӏиндагӏ латтадора цӀеношна тӀехула, лахахула сирла хиш оьхура.

И тайпа бартахой бацара нохчийн наибашна юкъахь. Цара имаматан муьтӀахь а болуш, амма вовшашца хьагӀнаш, мостагӀаллаш лелош, халкъан барт бохорца, Шемална кӀел ор оххура. Шемал кхоьрург — нохчийн къоман доккхалла а, кхечу къаьмнийх цуьнан дозуш цахилар а, мехкан таронаш а, политически, экономически ницкъ бара. Оцу халкъо ша тӀера дӀа а кхоьссина шен къийсам ша цхьаммо дӀабахьарна кхоьрура иза. Нохчийх хаьдда-

чу дийнахь шен оьмар чекхйолийла Іаламат дика хаара имамана.

**Ф А Д Е Е В**: Малхабале лаьмнашкахь дехачех, дуьйцийла йоццуш, уггар майра къам ду нохчий. Церан махка йина вайн походаш даима вайна зен хуьлуш чекхйовлура. Амма и къам цкъа а дацара мюридизм йийсарехь. Малхбален ламанхошлахь массарел тІех шайн къоман, хІораннан шен маршо а, бозуш бацар а Іалашдира нохчаша. ДегІастанахь деспотически Іедал латточу Шемале шайна тІехь иза ээ-ээарза кІаддайтира цара. Масала, Іедалан урхалла а, халкъан текхамаш а, динца дерг а. Оцу гІазот бохучух теша наггахь бен стаг а вацара нохчашлахь. Иза дуьххьал дІа, шайн къоман маршо, дозуш дацар Іалашдан, вайна тІелетарш дан лелош бахьана дара церан. Шемал цкъа а ца тешара нохчийх, шен Іедал царна тІехь чІагІделла хиларх тешна минот а яцара цуьнан. Цундела, мюрдизман буха тІехь кхоллаелла ламанхойн союз йохор Нохчичуьра дІадоло дезара. ХІара хьаннаша юкъйина Нохчичоь яра Кавказехь вайн бохамийн классически мохк. Амма Кавказ караерзор кхузара дІадоло дезара.

**И Н А Р Л А К**: Шемала шен сий, йоІ-бІаьрг санна, лардора Нохчичохь. Цо лорий ладугІура могІарчу адамийн, халкъан аьрзнашка. Нагахь нуцкъалчо гІорасизчунна халахетар, зулам динехь, нуьцкъалчух къинхетам ца бора. Иштта, 1847 шарахь цигахь кхоъ наиб мукъаваьккхира цо.

## V

1859 шеран 15 июлехь ерриге а Нохчичоь паччахьан Российн когашкахь Іуьллура.

Итт шо хьалха Нохчичу берзийна кавказски эскарийн коьрта ницкъаш а, тохар а 16 июлехь ДегІастанан махка тІе даьккхира.

Ткъа шо хьалха ведда Нохчичу веана Шемал хІинца паччахьан эскарша эккхийна юханехьа, ДегІастана, вуьгура. Шен тІаьхьалонна дитиничу туьша Гунибе хьаьдда воьду иза, дукха ца сецара ярташкахь. Цкъачунна резиденци лаьцначу Кнлатлера а сихха вада дийзира цуьнан.

Имамана ша чІогІа тера хета таллархоший, эраший лелхош кІаддина, цхьана сона дерзийнчу экханах. ХІара хІинца цо бадийнарг тІаххьара мур бу. Имамана го шен чаккхе. Гунибан лома буьххьехь. Хьалха, ткъа шо хьалха, ДегІастанара ведда Нохчичу воьдуш цуьнан сатуьйсийлаш а, догдохуьйлаш а яра. Уьш кхочуш а хилира цуьнан. ХІумма а воцуш, Нохчичу иккхинчу цунах шо хьовзале цкъа хьалха Нохчичоьнан, тІаккха Нохчичоьнан а, ДегІастанан а имам хилира.

Итт шарахь Нохчичоьнан тІехула пуьрах бегира цуьнан сирла седа. Иза латнйра Ташу-Хьаьжас ал-Сайсани, ШоІипа ал-ЦІонтари, Джоватхана ал-ДаьргІа, Юсуп-Хьаьжас ал-Алди, Микаила ал-ШубутІи, Іисас ал-Гендаргана, Эскас, СаьІадас ал-Мичик,

Бойсагlар ал-Беной, Саlабдуллас ал-Гехи, Тlелхага ал-Шела, Гlойтамара, Уллубис ал-Ауха, Ботас ал-Харачи, Атабис ал-Зумса, Ботакъас ал-Шуьйта, кхеч-кхечара а.

Шемалх имам вина ца Iийра уьш. Паччахь вира. Нохчичоьнан а, Дегlастанан а. Адамаша, пайхамаран санна, сий дора цуьнан. Цхьаболчара хlара шайна эшарна, шолгlачара — кхунах тешаш, кхоалгlачара — кхоьруш. Тlаьхьарнаш алсамо бара. Нохчаша дуй боура цуьнан цlарах. Шайх Шемал олура. Ткъа дегlастанхоша хlоккхунах «Сийлахь-воккха Шемал», кlантах Гlеза-Махьмех — «Сийлахь-воккхачу имаман сийлахь-воккха кlант» олура. Хlаъа, ткъа шарахь паччахь лаьттира иза Нохчичоьнан а, Дегlастанан а. Туркойн, оьрсийн, ингалсан паччахьийн санна, боккха мохк, хьал, ницкъ-м бацара цуьнан, делахь а, хlокху шина маххахь цо аьлларг — дала аьлларг дара.

Хlинца хlумма а вац иза. Имаман цlе-м ю. Тахана цкъа. Кхана хир яц. Иза шозлагlа денван Нохчичоь яц. Нисса ткъа шарахь хаддаза, дийнахь-бусий лиэтта Нохчичоь, хlинца ша а Iуьллу тlаьххьара сауьйзуш. Шен цlийлахь. Ягийна, ерина, талийна. Тlехула кlуьран мархаш а хlиттина.

Имама чlогlа тlараш туху. Неlарал арахь ха деш лаьттачу муртlазекъехь коьртаниг чоьхьаволу. Данма санна, «Хьуна хlун лаьа, сийлахь-воккха имам» ца хотту цо. Я хlара Шемал «сийлахь-воккха» волчуьра дlаваьллийла, я имам волчуьра дlавала герга вуйла хууш Iийра а хаац, я цуьнан кхоьлинчу юьхьа тlера гlайгlа гина Iийра а хаац. Тахана къаьсттина дукха а, шера а гора имаман беснеш тlера, берцан буьртигаш санна, кегийра тlедарчий. Кху масех дийнахь къаьсттина азъелла, яхъеллера юхь. Гlина дилла ца кхуьуш хьеделлачу цlечу можаний, мекхашний юккъехь кlайн чоьш гучудийлла. Халла хаалуш хьаьвзинера нийса букъ а. Цlенкъа даржийнчу истангаш тlехь, когаш кlел а бохкуш, настарш тlе хиъна иза. Зинданна чу тутмакх санна. Корта белшаш чу а оьзна, ши бlаьрг хьаббина, ойланe ваьлла.

— Мохьумад-Тlахlир ал-Карахи чукхайкха.

Муртlазекъ араваьлла цхьа-ши минот ялале, пхьаьрса кlел лаьцна тептар а, кера лаьцна кхийра шекъадуттург а йолуш, неlарх чоьхьавелира куьцечу дегlара цуьнан секретарь. Карахера Мохьмад-Тlахlир. Шега аларе а ца хьоьжуш, коран серлоне охьа а хиъна, тептаран цlена агlо схьа а йиллина, ирбина эрз кера а лаьцна, имаме хьаьжира иза.

— Тlаьххьара хlун яздина ахь? — хаьттира имама.

— Килитlхоший, Кибит-Махьмассий хьан хазна талор.

— Дешал.

Мохьмад-Тlахlира, масех агlо юханехьа а хаьрцина, тептар хьалалецира.

«...Нохчичоь оьрсаша дlалаьцча, Гунибе воьду имам а, цуьнан доьзал а, накъостий а къа ца хеташ талабора наха. Тlамний, та-

лорашний юккъехула шайна некъ буьллуш Ругж, Гувала лаьмнашкахьа дӀагӀертара уьш. Байттамалан хазна а, имаман шен мулк йохьуш йогӀу ковра а тӀаьхьа яра. Цуьнца вара хазанча Хаджияв ал-Урути.

...Цурибехь кхо де-буьйса даьккхира хазанчас а, цуьнан бӀаьхоша а. Цхьана буьйсанна Хаджиявс а, цуьнца болчу бӀаьхоша, наибаша Дибир ал-Анди, Исбахай ал-Чиркави, кхечара а сацам бира Деннел-бек волчу Ириб-ГӀопе баха. Шайн накъосташца цаьрца бара Каралялан наиб Курбанил-Махьмуд ал-Бацади а, Хьаьжа Дибир ал-Карахи кӀант Хаджияв а. И хиънaчу Карахан кхаа юьртарчу мунепакъаша, Бизав тогӀерчу хьуьнхахь дуьхьал а бевлла, хазна талийра.

...Цурибе бахана цигахь кхо де-буьйса даьккхира цара шаьш хӀун дер ца хууш. И хиънaчу Деннел-бека ша волчу Карахе бийхира уьш. Карахе кхаьчча, Куруш юьртахь севцира. ХӀорш тӀебиссиначу хӀусамдас, юьртан къедас Шемалан уггар дика жайнеш дӀадехира цуьнгара...»

— Дала бекхам оьцийла цунах! — мохь белира Шемалан.

«...ТӀаккха кхуза веара, хӀинца оьрсашкахьа ваьлла церан наиб волу Кибит-Махьмин ваша Моххьумад ал-ТӀилитӀли. Йисина хазна а, имаман мулк а цо лаххьийна дӀаяьккхира, уьш а, Хаджияван бӀаьхой а ТӀилитӀле дӀабигира. Цигахь оьрсийн сардала ахча а, мулк а Кибит-Махьмина а, Муртад-Ӏелина а дитира, ткъа бӀаьхой шен салтийх дӀатуьйхира. Хазанча Хаджияв ал-Урути набахте воьллира...»

Шемалан кийрара узам белира. Юкъахваьлла Мохьмад-ТӀахӀир дӀахьаьжира. Масех минот хьалхе кӀайн-мокха имаман хилла юьхь хӀинца цӀарах йогура.

— КхидӀа!

«...Деннел-султан, герзаца, хӀоъ-молханца Ирыб-ГӀап оьрсашна дӀа а елла, ша инарла волчу Тандубе вахара...»

— Тоййта! — имама тоьхначу маьхьаро декийра пенаца лаьтта цӀестан чарий, горга шуьний.

Имаман дегӀ шовкъе дегийра, тӀаккха ши бӀаьрг Мохьмад-ТӀахӀирна тӀе а богӀабелла, ангалин болуш санна, хӀоьттиначохь сецира. «Ванах, цамгар ян йоллу-те хӀокхуьна», — аьлла кхеравелира Мохьмад-ТӀахӀир. Ца хуучара иза Ӏала воьду а олуш, наггахь цамгар йогӀура имамана. Мохьмад-ТӀахӀира вахана кӀудалара доьттина шийла хи делира цунна кхийрачу зоки чохь.

Кху тӀаьхьарчу деношкахь галдуьйлучу гӀуллакхаша икъацкъа карзахвохуш, тӀаккха гӀайгӀане эгош, дийнахь-буьйсий мосаззе а хийцам хуьлура имаман юьхьа тӀехь. Мохьмад-ТӀахӀира шега кховдийнчу хих жима ши-кхо къурд а бина, мекхиех къуьг хьаькхира имама.

— Сан нохчийн наибах лаьцна айхьа яздинарг дешал, — омра дира цо, жимма ойла еш а Ӏийна.

Мохьмад-ТӀахӀира агӀонаш юханехьа хаьрцира.

«...Имам, шеца дукха эскарш долуш, ГӀази-ГӀумукан наибана гӀоьнна вахча, гаурийн начальник, неӀалт хилла граф,[1] дукха эскарца, хӀоъ-молханца, имаман доьзал болчу ДаьргӀа вахара Майрачу ШоӀипан а, аьккхойн наибан Уллубин а виллаеташна юккъехула, Кучулук агӀонгахьара схьавогӀура иза.

Оцу хенахь цӀе йоккхуш майра шайх Мирза ал-Дилими Аухан наиб Уллуби волчу вахара. Куьйга корта а лаьцна, гӀийла Ӏаш карийра цунна иза. Шен доьзал хьаьнца буьтур цахааро де дохийнера цуьнан.

ТӀаккха ШоӀип ал-ЦӀонтӀари волчу вахара шейх Мирза ал-Дилими. ТӀамна кечвелла иза, чуккхоссадала тебначу лоьмах тера карийра цунна.

«— ХӀун хьал ду хьоьгахь?» — хаьттира шайх Мирзас.

«— МостагӀчунна букъ ца гайта, тӀом бан дуй биъна ву со»

«— Эскар муха ду хьан?»

«— Хила ма-деззара».

ШоӀипа омра дира Шемалан доьзал къайллах Ӏаьнда бига аьлла. ТӀаккха даьргӀой гулбина, цаьрга элира:

«Суна чохь са а долуш ДаьргӀана герга богӀур бац оьрсий!»

Граббена некъ гойтучу гӀумкийн эло Хасин Мусас ал-Яхсави элира инарле:

«— Кху Нохчичоьнан хьаьннашкахь дехарш тӀемалой-лоьмаш ма ду. Ма гӀо цига, салтийн духар царна, декъий — жӀаьлешна, берзалошна дала».

Графа ла ца дуьйгӀира. Иза ца вешира Мусас дуьйцучух. Хьалхарий, шолгӀий де дӀадахара цхьа а хийцам боцуш. Эскар хьовха, атталла, герз карахь стаг а ца кхетара дуьхьал.

«— ХӀара ду хьан лоьмийн летар, хьан турпалийн дуьхьало?» — хаьттира инарлас Ӏоттаре.

«— Кханналц собарде ахь», — жоп лора Мусас.

КхоалгӀачу дийнахь тӀом болабелира. БелгӀатаний, ГӀоьрдаллий юккъехь бевдира салтий. Хи доцчу меттигс лаьхкина, ШоӀипа гобира царна. Диттийн ковстигаш юуура салташа.

...ТӀаьхьа, ша кӀелхьараваьлча, Граббес хабар дайитира ШоӀипе:

«— Хьуьнах дечиге вахана цхьа-ши салти айхьа вийна бохуш, кура ма вийла».

ШоӀипа, ца вешаш, жоп дахьийтира инарлина:

«— Баккъал, и гӀуллакх хуьлуш со вацара хьуна цигахь. Бакъ ду-дац хаац, чӀимашка даханчу тхан божабераша хьуьнахь тӀенисбелча, салташна йиттина бохуш, цхьа хабар хезна суна. Иза салташка хаьттича хьуна дика хуур ду».

— Баккъал, лом дара ШоӀип ал-ЦӀонтари, — куьйга корта а

1 Граф — инарла Граббе.

лаьцна, ши бІаьрг хьаббира Шемала. — Оцу деношкахь, хьесап дина ца валлал, дукха салтий байира цо.

**ДУБРОВИН: 1842 шарахь инарла Граббес Нохчмахка йина экспедици чекхъелира, цигахь цуьнан 66 эпсар, 1719 салти а вовш...**

* * *

— Кхин хІумма дуй цигахь?

— Инарла Воронцов вохорах лаьцна цхьа кІеззиг ду.

— Дешал.

«— Оьрсий ДегІастанхула хьаьвзина ДаьргІа богІийла хиъначу имама омра дира, шен йиисарехь болу оьрсийн эпсарш байа, аьлла. Уьш байа а байина, ДаьргІан чІожа чу кхийсира. ТІаккха Шемал Алмахале вахара. Цигахь оьрсий хих а, Ханчи а лаьмнашкахьа гІерташ буйла хиъна иза Іаьнда вахара, ткъа Іаьндой, зиллой цунна дуьхьал гІевттира.

— Ямарт жІаьлеш! Шозза тешнабехк бин цара... Деша ахь.

«— Оьрсий Іаьнда баьхкича, Шемал цигара дІавелира. Дукхахдолу цуьнан эскарш а дІасадаьржинера. Кхерабелла бІаьхой уьдура, некъ ца лоьхуш, хи а, берд а тергал ца деш. Шен ницкъ ма-кхоччу уьш совцо гІиртира имам, амма уьш совцо ницкъ бацара дуьненахь. Иттех накъостаца висина имам Нохчичу вахара».

— Иза шозлагІа дара, гІо эшна со Нохчичу иккхича. Деша ахь.

«— Нохчий болчу кхаьчча, имамана уьш ша гаре сатуьйсуш, шех хьаьгна Іаш карийра. Шемала царна къорІан тІехь дуй бинра, церан бертаза оьрсашца машар ца бан. Иштта дуй бинра наибаша а...»

Мохьмад-ТІахІир, шен тептар ваьшта а тоьхна, имаме хьажира.

— Хьо хІунда сецца?

— Кхин хІумма а дац цунах.

Имам цецвелира.

— Ой, сан оьмарехь хиллачу уггар боккхачу тІамах, сийлахьчу толамах кхин яздина хІумма а дац?

— Дац, имам. Хьуна ямарт хиллачу кхаа Іаьндочун хьан омрица наиба Рамадана ал-Іаьнди кортош а даьхна, хьокхаш тІе уьш дохкар бен.

— ХІунда дац?

— Ахь нохчийн наибийн а, эскарийн а пІуллакххех лаьцна язде ца аьллера соьга.

Шемалан юьхь цІеххьана цІийелира.

— Амма соьгахь ду цунах лаьцна Хьаьжа-Іелас яздинарг. Деша пурба дуй?

Имама корта таІийра. Тептара юккъера схьаэцна кехат бІаьргаш хьалха лецира Мохьмад-ТІахІира.

**ХЬАЛЬЖА-ІЕЛА: Коьрткомандующе волу сардал шен эскарща Внезапни гІопера ДегІастанан лаьмнашка волавелча, цига вахана шен наибаш гулбина. Шемала цаьрга элира:**

**« — Кху Кавказан махкахь болу-боцу ницкъ вовшахтоьхна, вайна тІе вогІуш ву и инарла. Я вай хІаллакдан, я муьтІахь дина кІелсовцо. ДІахоуьйту шуьга, оьрсашца машар бахьара аьлла сайна тІе веанчун ас са доккхург хилар, цуьнан муцІар, юца Іуьргаш дохуш, бахтарца дІатоьгург хилар. Лаххара таІзар — ткъе пхиъ гІаж!**

**И дешнаш дуйнаца чІагІдира Шемала. Амма оьрсаша Іанчемир лам дІалаьцча кхеравелла Шемал, цуьнан наибаш шаьш хІун дийр ду ца хууш бисира (Кхузахь къайллах имаме бІаьрг тоьхначу Мохьмад-ТІахІирна Шемалан хьаьжа юккъехь гулбелла шад гира). Цо Іаьнда юрт ягийра, тІаккха оьрсийн дошлой тхуна тІелетира. Шемалан эскарш, дуьхьал топ ца кхуссуш, дІасадаьржира».**

Шемал, бІаьргаш хьаббина, цхьана минотана шен ойланашца оцу деношка вухавахара. Цунна цкъа а дицлац и де. Ша шен нанна гІожмаш еттийтина де.

...Шемала шен омра дуйнца чІагІдина хиларна, цхьа а ца ваьхьира имаме машаран хьокъехь, я вухавала аьлла, дош ала. Амма цуьнан накъостий а бара мекара. Цара Шемалан нана Баху-Меседа яхийтира шен кІантана тІе...

— Имам! Сан кІант! Нахана кІордийна цІий Іенор. Адам кІаддина хІокху тІамо. ТІегІертачу керстанан ницкъ алсам бу вайчул. Машарна нах бахийта инарлина тІе...

Нене шен къамел чекх ца даккхийтира Шемала.

— Ткъе пхиъ гІаж тоха цунна!

Виллина дІа йоккха шаьлта а керахь, цунна уллохь хуьлу чаьлтача воьхна хьаьвзира. Имаман омрица наибашна а, Іеламчашна а, ханашна а, бекашна а таІзарш дан дезнера чаьлтачан. Амма имаман нанна гІожмаш тохар... Хьанна хаьа, ша аьллачунна сарале иза дохковалахь? Я цо иза нахана моттаргІина динехь а?

— Сиха кхочушде сан омра! Ца дахь, хьайна кхетар ю хьуна! — човхийра иза имама.

Чаьлтачо шен гІоьнчин гІоьнца охьайиллира Баху-Меседа.

— Имам! Ше-мал! Сан кІант! Хьайн нанна бан къинхетам бац хьан! — мохь эхара Баху-Меседан, амма Шемал, бІаьргнегІар ца тухуш, хьоьжура чаьлтачийн балхе.

— Вай аллахІ! —мохь белира ненан дуьххьар гІаж тоьхча. Шемала шен месала цкъоцкъамаш хабийра, хьаьж тІе шад хІоьттира.

— Вай аллахI!

Нанна мел кхеттачу гIажца, дегIе ов хьодура кIентан.

— Вай аллахI!

— Сацийта! — хьаланккхира имам. — Писнна ткъе шиъ суна тоха!

— Имам! — кхин тIе а цецвелира чаьлтача.

— Сан бакъо яц омра духадаккха. Нанна йоIу гIожмаш ас сайна тIе лоцу!

Шена тIера чоий, гIовталлий дIа а даьккхина, букъа тIера коч хьала а тесна, бертал охьавижира имам.

Чаьлтачо гIаж яй туьйхира.

— ЧIоггIа тоха!

Амма чаьлтачо меллаша тухура. Хьала а иккхина, цунна тIевирзира имам.

— Хьайн декхар доггах кхочуш хIунда ца до ахь? Ишта меллаша туху ахь нахана а? Схьало гIаж!

Кхеравеллачу чаьлтачо гIаж дIакховдийра имаме.

— Охьавижа, со санна!

Чаьлтача, букъ берзана а баьккхина, бертал охьавижира. Гезо куьйга, шен ницкъ ма-ббу ластийна гIаж тоьхна, цуьнан берстина, шуьйрачу букъа тIе цIен арс хIоттийра имама.

— Иштта тоха. Ахь хьалха тоьхна шиъ хьесапе а яц.

Иттех минот ялале имаман букъа тIехь цIен даI хIоьттира...

Имама ши бIаьрг биллира.

— Сан бехк бацара Воронцовна ДегIастанахь дуьхьало цаяр Цуьнан Пассек-инарлас масех топ кхоьссича наиб Хьаьж-Мурд ал-Хунзахи ведда лаьмнашкахь къайлавелира. Ас хIун дийр дара?

Шена маслаIат лоьхуш, Мохьмад-ТIахIире хьаьжира Шемал.

— Ахьа дан дезарг дира, имам. Хьаьжа-Iелас яздо: «Iши де даьлча нохчийн наибашкарий, Iеламчашкарий кехат кхечира Шемале: «Оха а, тхан зударша а цхьана дуйнаш бина, имам, хьан дуьхьа тхешан синош дIадала». ТIаккха Шемал нохчашца цхьана церан хьаннашкахь къайлавелира. Масех де даьлча Нохчамехкан хьаннашкахь тIом хилира. Цул тIаьхьа, хьалха вир ца хиллачу къехочун масех говр, кера лаца гIаж йоцуш лелларчун шортта герз, тIедуха исхарин чоьэш хилира. Наибаша а, халкъо а, къаьсттина зударшца цхьаьна тIом бечу нохчаша, дохийна, галийра оьрсийн эскарш».

— ХIаъ, иза тIом бара, бакъболу тIом! — имаман бIаьргаш самадевлира. — Цуьнга кхочуш тIом ца хилира хьалха а, тIаьхьа а. Оцу тIамехь вуьйжира майра Эльдар ал-Ведана, Суханб ал-Эрсени. Амма оцу Хьаьжа-Iелас майра яздо сох лаьцна. Кхин хIун яздина цо?

— ДIадаханчу шеран гурахь жумадул-аввал баттахь Шела улло а, кху шеран бIаьстенан юьххьехь оьрсаша ДаьргIа-Ведана дIалаьцча, Эрсана улло нохчийн наибаш, Iеламчаш гулбина,

хьо дӀа ма тасахьара бохуш цаьрга ахь дехарш дар а я-дина.

— Нохчийн наибех лаьцна хӀума аьллий?

— Юсуф-Хьаьжех ал-Алди лаьцна цхьа кӀеззиг. Иза цайна схьаяздайтина ас.

— Хьоьца дуй иза?

— Ду. Пурба дуй деша?

Шемала корта таӀийра. Юха а шен тептар кегийна, оцу юккъера лехна схьаэцна кехат бӀаьргашна хьалха лецира Мохьмад-ТӀахӀира.

**ХЬАЬЖА-ӀЕЛА: 1257 шарахь (1840) Шемалан дехарца Нохчичухула схьа Египтера инженер Юсуп-Гаджи Юсуф-заде-оглы веара. ХӀетталц ДегӀастанахь цхьанне дуьйцу а ца хезна Ӏилманаш хаара цунна. Цунна дика хаара дерриге а Ӏилманаш, къаьсттина тӀеман стагана чӀогӀа оьшуш йолу математикий, архитектурий. Цуьнан инзаре даккхий хаарш гинчу Шемала суна омра дира цуьнца деша. Гаджи-Юсуфа суна Ӏамийра шена хуу Ӏилманаш. ТӀаккха Гаджи-Юсуфа хьехарца шен эскарш низаме даьккхийра (регулярни эскаршка), уьш бӀенашка, иттанашка а доьккъуш, хӀора юкъараллин коьрте наиб а хӀоттош. Гаджи-Юсуфа гӀаьпнаш, чӀагӀонаш югӀура, урхаллин а, тӀеман а гӀуллакхаш тӀехь массо агӀор Шемална гӀо дан гӀертара. Шен гӀуллакхаш и бахьанехь тоделлийла хуучу Шемала, чӀогӀа лоруш, сий дора Юсупан. Амма Шемал Юсупан чӀогӀачу Ӏаткъамна кӀел гинчу наибаша иза сийсазван волийра... Туркойн маттахь яздина Хонкара дохьуьйту кехаташ Юсуп-Хьаьжа воцчунна деша ца хаара. Цунах пайдаийцира наибаша. Цара Шемале мотт бира, оцу кехаташ тӀехь яздинарг Юсупа уггар хьалха оьрсашка дӀакхачош ду, аьлла. Шемал тийшира церан меттанийх. Шена цо оццул дукха пайде гӀуллакхаш диннашехь, цуьнан бахам дӀа а боккхуш, ламанхоша Сибрех олучу Тиндехь йолчу Ахна юьрта вахийтира иза Шемала. Массара цуьнгахьа гӀо дохуш, дехарш дешшехь, схьа ца хоьцуш кхаа шарахь латтийра иза цигахь. ТӀаккха 1855 шарахь Иребехула, Чахкархула ведда Грозне веана иза, цул тӀаьхьа бархӀ бутт баьлча цигахь кхелхира...»**

* * *

Сапарчин Юсуп-Хьаьжа, я Хьаьжа-Юсуф ал-Алди хьахавелча шена шех эхь хетта юхь цӀийелира имаман. Дала шех къинхетам бина шена тӀе хьажийначу оцу нохчочун пусар дан ца хиира цунна. Дуьххьара и шиъ вовшахкхетча Юсуп-Хьаьжас дийцира цунна шен леламах лаьцна.

...Тоъал токхе вехачу Алдарчу Сапарчина жима Юсуп а вуьтуш кхелхира цуьнан зуда. Сапарча къеналлехьа лестинчу хенахь хиллера цаьршиннен и кӀант. Езачу зудчух ваьллаччу цо чӀагӀо йира кхин зуда ца яло а, цкъа Макка а вахана, хьаьжийн цӀенна тӀе хӀот-

га. Цига вовшуш кlант цlахь вита на лиира дена. Дуьненан ерриге а марзо бархI шо кхаьчначу кlантана тle ма йирзинера цуьнан. Маккара вухавирзина Уьстамала кхаьчча, цlеххьана кхеттачу цамгарх кхелхира къена Сапарча. Ткъа жима Юсуп хийрачу махкахь цхьа висира. Дlакхоьссина цициг санна, масех дийнахь лийлира иза гlалин урамашкахула волавелла. Буьйса йоьллачохь охьавуьжуш, хилча юуш, ца хилча меца. Эххар а туркойн цхьана пашас шена ялхочун гlуллакх дан вигира.

Майра а, дика тlемалой бу бохуш цle яханчу нохчийх а, хlуманна нэс долуш а хlара вуйла хиъначу туркочо деша велира Юсуп. Хьанна хаьа хlун lалашо яра оцу туркойн инарлин. Доцца аьлча, Юсупа Уьстамалахь тlеман-инженерин школа чеккхъяьккхира. Къона волуш цle яхара цуьнан говза инженер ву бохуш.

Оьрсийн а, туркойн а Кавказана тlехула дов доладелча, ламанхой Россина дуьхьал гlевттича, Юсуп-Хьаьжа кхуза хьажийра туркойн эскарийн генералитета. Хlара ламанхой оьрсашна дуьхьал кlамбан а, церан ойла туркошкахьа яккха а, ламанхойн баьччанашна туркойн пачхьалкхана пайдехьа хьехамаш бан а. Доцца аьлча, кхузахь туркойн политика кхочушъярехьа гlуллакх дан дезара цо. Оцу гlуллакхана цуьнга кхочуш стаг вацара туркойн эскарехь. Оьрсашна уггар дера дуьхьало ечу, цигарчу уггар доккхачу нохчийн къомах вара иза, муьлххачу агlор а ламанхошна хьехар дала хуур долуш. Кхозлагlа-делахь, цунна шен ненан нохчийниг боцург, и санна шера кхин а шийтта мотт хаьара.

Ша миччахула лелахь а, мел гlуллакх тоделча а, доьхна де деъча а, цкъа а, цхьана минотана а дагара ца болура цунна генара даймохк. Йиллина дlа дагахь лаьттара алдахойн хьаннаш, нохчийн миска хlусамаш, майра яххьаш. Мацах цкъа хlара жима волуш дас шена вийцинчу шайн юьртахочух шайх Мансурах лаьцна хаамаш а гулбора. Цунах доза доцуш дозалла а дора цо. Мацца а цкъа даймахка а вирзина шен маршонехьа къуьйсучу шен къомана гlо дан, шен дерриге хаарш а, ницкъ а, дахар а цунна дlадала салаьттара цуьнан.

Эххар а ша дукха сатийсинарг кхочушдан аьтто нисбелира: Нохчичоь гlаьттича, Шемал цуьнан коьрте хlоьттича, туркошца дуьххьар дийцарш дан эдагийн махка баьхкинчу Шемалан вкалшица даймахка веара иза.

Хlетахь Юсуп-Хьаьжас и дуьйцуш мосазза а бlаьргийх хиш даьхкира Шемална. Кхо шо хьалха инарла Граббес амалтана вигна шен Жамалда дагавогlура цунна. Иза а ма виггера бархI шо долуш. Хьанна хаьа, и Юсуп-Хьаьжа санна, иза а лела хир ву-кх ша винчу лаьмнашка, дега-нене, йиша-веше сатуьйсуш. Юсуп-Хьаьжи-м сагатдан да-нана а, гергара йиша-ваша а ца хиллера. Иза-м бусалбанашна юккъехь ма вара. Ткъа Жамалда вара керстаннйн керахь....

Дукха ца lеш Шемалан аьтто куьг хилла дlахlоьттира Юсуп-

Хьаьжа. Имаман куьйгаллин кIел долчу мехкашна а, халкъашна а Iедал хIотто вуьйлира иза. ХIара мохк масех виллаете бекъна, хIора виллаетан коьрте цхьацца наиб, тIаккха масех наибана тIе коьрта наиб — мудар а хIоттийра. ХIетталц масех дийнахь, кIирнах гулдан дезара эскарш. ХIинца Юсуп-Хьаьжас уьш а нисдира, имама омра динчу сохьтехь кийчча хила. Массо эскар дийкъира эзар, пхи бIе, кхо бIе, бIе, итт-итт а тIемало нисвеш. Майрачарна, тIамехь хьуьнар гайтинчарна яла мидалш а яйтира. Шемалан мехкан карта а хIоттийра. ХIинца Шемала оцу картица болх бора. Уггар коьртаниг — Юсуп-Хьаьжин куьйгаллица хIиттайора тIеман чIагIонаш, гIаьпнаш. Царах яра гIараевлла Салтара, Гергебилера, Чохара, Веданара гIаьпнаш...

Доцца аьлча, баьржина, дIасакхиссина лаьттачу имаман мехкан ницкъийх онда буй бина, иза оьрсашна дуьхьал берзийра Юсуп-Хьаьжас. Иза оцу заманан кIорггера коьртехь Iилма а долуш, хьекъале, майра, доьналла долуш стаг вара. Иза Шемалан шолгIа хье, аьтту куьг дара. Цундела имама чIогIа лоьрура Юсуп-Хьаьжа. Амма стагана ца веза шел тоьла стаг. Наибашна ца везара Юсуп-Хьаьжа. Цкъацкъа имаман даг чу а юссура хьагI Юьхьанца Шемал ца тешара наибаша шена тIе кхоьхьучу харц эладитанех. Теша ца лаьара. Юсуп-Хьаьжа воцуш йиш яцара цуьнан. Амма, дукха а хин тIадамаш тIедегийча тIулгана а Iуьрг долу, олуш ду-кх. И эладитанаш дукха шена тIекехьа доьлча, цкъа хьалха даг чу шеко йоьссира имамана, тIаккха царах тийшира иза. Эххара а Юсуп-Хьаьжа лаьцна чувоьллира Шемала.

Юсуп-Хьаьжичух тера кхоллам болуш кхин цхьа нохчийн наиб а вара Шемалан — Бота ал-Харачи. Шемална ца дезачу харачойн тайпанах волу Бота ворхI-бархI шо кхаьчна бер долуш, Ярмолинарлас берриг бахархошца Дади-Юрт хIаллакьеш, чов хилла Iуьллуш карийна салташа вигнера. Майра а, хьекъале а волчу Ботих воккха хилча паччахьан вешин уггар дукхавеза эпсар хилира. Цунна цхьана хьалдолчу элан йоI яло ойла хиллачу паччахьан вашас керста дине верзар дийхира цуьнга. Амма Ботас сацам боллуш дуьхьало йира керста дине верзарна. ТIаккха паччахьан веше цо дехар дира ша эскарехь гIуллакх дан Кавказе вахийтахьара, аьлла. Паччахьан вашас кхочушдира цуьнан дехар. Винчу лаьмнашка кхаьчча, дукха хан ялале, ведда Шемалехьа велира иза. Оьрсийниг боцург кхин а европахойн кхоъ мотт а хууш, оьрсийн Iедал, тIеман говзалла а евзаш волу и майра, хьекъале эпсар Шемал Нохчичу веанчу оцу хьалхарчу итт шарахь имаман аьтту куьг хилла лаьттира. ТIаккха, Хьаьжа-Мурд санна, ведда оьрсашкахьа велира. Хьаьжа-Мурд Шемалан нукерша вийра, ткъа Ботас оьрсийн паччахьана гIуллакх дира. Юсуп-Хьаьжас коьрталла ца лоьхура. Цо ца къуьйсура Шемалца. Цунна лакхе ца езара. Юсуп-Хьаьжин шин меттиг бара имамах ведда хьошалгIа эккха: оьрсий

а, туркой а. Амма Шемална хаара, Юсуп-Хьаьжин ямарт дог доцийла. Иза цкъа а Хонкара вухавоьрзур воцийла. Ша дукха хьегначу даймахках юха а къаста цуьнгахь ницкъ боцийла. Нагахь ша оьрсашкахьа валахь а, Шемална дуьхьал гӀуллакх дийр дацара цо.

* * *

Ши бӀаьрг цӀенкъа а боьгӀна, меллаша суьлхьанаш хьийзадора имама. ТӀаккха, цӀеххьана уьш совца а дина, Мохьмад-ТӀахӀире вистхилира иза:

— Дешахьа, Мохьмад-ТӀахӀир, оцу Шела уллохь а, Эрсанахь а ас дина къамел муха яздина Хьаьжа-Ӏелас?

**ХЬАЬЖА-ӀЕЛА: 1855 шеран гуьйренан хьалхарчу баттахь нохчийн берриге а наибашка шайн эскаршца Шела улло гулло аьлла омра дира Шемала. Цига гулло аьлла омра дира цо Нохчичоьнан а, ДегӀастанан а Ӏеламчашкий, цӀе йоккхуш лоьручу нахей. Шемала элира нохчашка: «Ма кхера оьрсийх! Ахульгохь ворхӀ стагаца кӀелхьарваьлла, ведда шуна тӀе веанчу сох шун гӀоьнца нуьцкъала имам хилла! Ма мотталаш шаьш дӀа а тийсина со лам чу гӀур ву! ХӀан-хӀа, со кхузахь, шун лаьтта тӀехь лийр ву! Шул майра а, хьуьнаре а халкъ дац! Собаре хила, ма кхера! Оьрсаша хьесап ца дадаллал дукха ахча дойу, дукха салти хӀаллакбо шун мохк дӀа а лаьцна, шу салтдаха, шун зударийх меташканаш бан гӀерташ. Цара герз дӀадоккхур ду шуьгара, атталла урс а дуьтур дац. Шун берриг къонахий Сибрех а бахийтина, бисанчийх муьжгий бийр бу. ТӀаккха хуур ду шуна, шайх хӀун хуьлу. ТӀаккха дохко а девлла, шайн пӀелгийх цергаш туьйсур ю аш, амма иза тӀаьхьа хир ду!»**

Доьшучуьра а сецца, имаме хьаьжира Мохьмад-ТӀахӀир. Цуьнан ши бӀаьрг хьаббина бара, балдаша, хала хаалуш, шабарш дора. «ЛаилахӀа-иллаллахӀ, лаилахӀа-иллаллахӀ...» Ткъа имам ша шен ойланца Шела уллохь вара.

* * *

1858 шеран 16 июлехь Шела улло гулбира цо нохчийн наибаш а, Ӏеламнах а. Итт де хьалха Шуьйта а гулбинера цо уьш. Нохийна, ягийна, ерзина яьхначу хьаннаш юккъехь, шуьйрачу арахь тийна дӀахӀиттина лаьттара нохчийн эскарш. Имамана тӀеваначу нохчийн коьртачу наиба шелахойн ТӀелхига, кхуза муьлха наибаш баьхкина а, цаьрца мел бӀаьхой бу а дийцира цунна доцца. Шемала бӀаьрг туьйхира бӀаьхошка. Дукха а тӀемашкахь зийначу, хӀокху Шемалх дуьненахь а цӀе яхана турпалхо винчу нохчийн хьалхалерчу майрачу гвардех бисина цхьа кана тӀемалой. Царна хьалха лаьттара цӀарна а цӀе яхана шелахойн ТӀелхаг, шотойн Ботукъ а, гиххойн Сайдулла, мичкхойн СоӀду, Эски а, оенойн

БойсгӀар, аьккхойн ГӀойтамар, гендаргенойн Ӏиса, кхин болу гӀарабевлла наибаш а.

Шемалиа дика евзина нохчийн амалш. ЦӀий сиха адамаш ду. Тоьпан молха санна, цӀе лата кийча. ТӀаьхьалонан ойла ца еш шайна дагадеанарг до. ТӀаккха дохкобовлу. Хилларг хилла даьлча, иза юха нислур доццучу хенахь. Цо кхайкхича схьагулбелла уьш. Цуьнан муьлха а омра кхочушдан кийча бу оцу сахьтехь. Амма цхьана пайда боццучу бахьанница дӀасабаха а тарло. Хьо тхан имам вац, оха хьо къобал ца во, хьайн ДегӀастана дӀагӀо, тхо тхаьш летар ду мостагӀех.

ХӀаъа, Шемалиа дика евза церан сонта майралла а, декъаза куралла а, сихалла а. Цундела иза цаьрца даима ларлуш хуьлу.

Шемалх цхьа кӀеззиг ледарло яьлча, даррехь боьлу уьш цунах. Къаьсттина иза дог кӀеда хийтира царна масех шо хьалха Мичкха йисттехь, гуьржийн эластунех хийцина шен кӀант Жамалда шена тӀе валийча, сила долчу халкъана хьалха иза мара а воьллина, бӀаьрхиш Ӏено воьлча. Ван а хӀунда вогӀу хӀара цунна дуьхьал? КӀант шена тӀе цӀа кхаччалц сатоха собар хӀунда дац хӀокхуьнан?

Мел гӀуллакх галдаьллехь а, Шемалиа дагадеара нохчашна тӀехь вела. ТӀехула тӀе, хӀорш шаьш а мел доьхна гӀуллакх тӀедарах шайн забарш юьтий ма ца Ӏа.

— ЛадогӀал, майра нохчий! — мохь туьйхира цо.

Аре дӀалаьцна долчу эскаро тап аьлла ладуьйгӀира.

— Шен зудчух ца кхоьруг хьалхаваьлла!

Цхьа а меттах ца хьайра. Шемал шозлагӀа а кхайкхира.

— Ас омра до шуьга, шен зудчух ца кхоьрург юкъара схьавала!

Массеран а кортош охьадахара. КхозлагӀа а мохь туьйхира имама:

— Майра нохчий! ДегӀастанахь вохийна, сан сайн махкахошна со дӀатесна витча, аш хьалаайбира со, Нохчичоьнан а, ДегӀастанан а имам вира сох. Кху тӀаьхьарчу ткъа шарахь шух гӀортор йина Ӏийна со. Лоьмаш санна, майрачу, цӀоькъалоьмаш санна, кадечу, ламанан аьрзонаш санна, курачу шуна юккъехь а вац-те шен зудчух ца кхоьруш стаг?

Массара кортош охкийра. ШагатӀулгах боьттича санна, тийна Ӏара уьш дойш тӀехь. Векънач ТӀелхиган хьажар а имамана тӀехула дӀа, Ӏаьржачу лома тӀе догӀаделира. Буьрса лом БойсагӀар а дӀахьаьвзира. Майрачу гиххойн Сайдуллиин ши бӀарг а шен хьар гӀачу динан лерган юккъе богӀабелира. ХӀара масех эзар стаг юьхьӀаьржа хӀоьттина воллуш, царна юккъехь мохь белира цхьаьннан.

— Некъ бита суна!

ТӀемалоша, дӀаса а хилла дитиичу кевнехула дикачу динахь, детица кхеличу герзашца кечвелла цхьа векъана бере веана имамана хьалха схьахӀоттира. Дин а, герзаш а дика ду цуьнан, амма тӀера барзакъ ду модаша дуьзна, дегӀ а гуш, эттӀа. Чорха

тӀехь шарйнча санна, йистош яшаелла цхарбоьлла кхакханан куй. Чуьра когийн пӀелгаш ара а къедда неӀармачаш.

— Имам, со ца кхоьру-кх сайн зудчух! — курра жоп делира беречо.

Коьртера когашка кхаччалц беркъечу беречуьнга бӀаьрг а тоьхна, юха а тӀемалошна тӀевирзира Шемал.

— Нохчий! Со реза ву шуна. Майра нах хилла ца Ӏеш, хьекъале нах ду шу. Делах а, шайн зударех а кхералаш. Зудчух цакхоьрург, хӀара майра бено санна, меца, верзана, модаша а вуьзна лелар ву шу!

Бенойн БойсагӀар цецвелира.

— Имам! — вистхилира иза Шемале, — хӀара бере бено вуйла стенах хиира хьуна?

— Сан майра лом БойсагӀар, иза бено вуйла хаа хала ма дацара. Нохчийн хӀора тайпанан шен-шен амалш ю. Беной дозалла дезаш нах бу. Цунах хиира суна, хӀара майра бере бено вуйла. Амма суо гӀалатваьллехь а аьлла, цуьнан когашка хьаьжира со. Хьайн коге а, оцу беречун когашка а хьажал, майра БойсагӀар. Нохчичохь лаа ца олу шух когаш баккхий беной!

Забаршца нохчий наибийн, Ӏеламнехан, тӀемалойн дог-ойла а айбина, тӀаккха цаьрга и кхайкхам бира Шемала.

* * *

1858 шеран июлехь пхийтта чакхарма еха юкъ дӀа а лаьцна хьалхатеӀа оьрсийн эскарш шайн тӀаьххьра ницкъаш тӀе а гулбина, гонна юкъахьовзира нохчийн наибаша. Амма инарла Евдокимови аьтто нисбелира нохчийн гуо хадо. Кхойтта дийнахь-бусий сацам-тем боцуш лаьттира и къиза тӀом. КӀез-кӀезиг лагта дӀалоьцуш, кхойтта дийнахь-бусий хьалхатийӀира салтий.

Цхьа а ницкъ бацара ткъа шеран тӀамо дийнахь-бусий иллина ягош, йоруш, талош лаьттина Нохчичоь ирахь сацо. ХӀинца хӀара цӀара юкъахьарчийна гӀишло санна ша-шах херцаюьйлира. Цхьацца маьӀиг тӀестталуш. Августехь шотойн къедас Суреп-Моллас цигара ярташ гӀовттийра Шемална дуьхьал. Кху Нохчичохь дуьхьара хӀара имам кхайкхийна ярташ. Сентябрехь чевнаша верина шотойн кьона наиб майра Ботукъа вахара Евдокимовна тӀе. Дукха хан ялале оьрсашкахьа бевлира Ӏуспан Сайдулла а, Жукин Дуба а...

1859 шеран февралехь тӀахьий-хьалхий Евдокимовна тӀе бахара шелахойн ТӀелхаг, веданхойн Эдал, аьккхойн Умалт.

ХьалхатеӀачу Евдокимове ша дӀа мел лаьцна юрт аренга кхалхийра.

Дейтта дийнахь турпал дуьхьало йиичул тӀаьхьа юьйжира Ведана а.

Шемала юха а гулбира нохчийн тхьамданаш.

ХЬАЬЖА-ІЕЛА: Оьрсаша Ведана а, ДаьргІа а дІалаьцча, нохчий шена тІаьхьа совцаре догдохийла йоццушехь, шозлагІа а гулло аьлла, царна омра дира цо. ХІинца уьш Эрсанахь гулбелира. Шемала элира цаьрга: «Нохчий! Шул майра халкъ дац ерриге ДегІастанахь! Динан нур ду шу, бусалбанийн гІортор ю шу! Шу бахьанехь меттахІоьттина кху лаьмнашкахь цкъа доьжна ислам! Аш дукха цІий Іенийна оьрсийн, дуккха а хІонц яьккхина цаьргара, церан цІарна а цІе яхана нах йийсаре лаьцна аш! Шух кхоьруш детталора церан дегнаш! Хаалаш, суо дийна мел ву, со шайн накъост, хьаша вуйла! Ас вайн делах дуй боу шуна, Нохчичохь цхьа дитт ирахь мел ду кхузара чу ца ваха!»

Амма цуьнан хабарх бала пайда боцийла хууш, нохчий шайн цІа дІасабахара. Царах догдиллина Шемал Ичичале вухавирзира.

ТІаккха? ТІаккха... Ведана а, ДаьргІа а йоьжча Учкъоьзна[1] тІе шаьш муьтІахь хилла кІел совцу аьлла, векалш бахийтира чІебарлоша, кІира даьлча — нохчмахкахоша, аьккхоша — ши кІира даьлча. ХІара Шемал Нохчичуьра дІаволуш, еккъа цхьа бенойн ярташ яра оьрсашна, къар ца луш, дуьхьало еш...

— ДІагІо, Моххьумад-ТІахІир. Наибаш а, Іеламчаш а балош диване кхайкха ГІеза-Махьмега.

Цхьа масех минот ялале чу гулбелира наибаш а, Іеламчаш а: ИбраьхІим ал-Черкаси, Хаджи-Насрулла ал-Кабири, Голбац ал-Карати, Хаджияв ал-Карахи, наибаш: Дибир ал-Іаьнди, Дибир ал-Хунзахи, Муртади ал-Ургачи, Осмон ал-Мичики.

ГІеза-Махьмас, цхьаъ бен боцу пхьарс лаьцна, чуваллийра майралла цІе яхана наиб БойсагІар ал-Бени. Ах гуо беш Шемална дуьхьал бирзина хевшинчу наибашний, Іеламчашний юккъе дІа а хІоьттина, шен туьра тІе тевжира иза. Моьнаша аьхначу цуьнан озачу юьхьа тІехь, седа санна лепа цхьаъ бен боцу Іаьржа бІаьрг чуьрчу нахана тІехула а кхерстина, имамана тІе богІабелира. Буьрса юьхь кІез-кІезиг екхаяла юьйлира, балдаш кІоршаме делакъежира. Цунах бІаьрг буьзна цуьнга хьоьжуш Іечу ГІеза-Махьмина хиира, иза имамана дуьхьал цхьаъ тІехтоха воллийла. Иштта ГІеза-Махьме хьаьжира БойсагІар, стохка иза лаца дас хІара Бена хьажийча а.

БойсагІар юьхьанца тата доцуш вела вуьйлира, тІаккха кІезкІезиг хецалуш кІажвахара. ОьгІазваханчу имаман дуькъа цкъоцкъамаш ирахдахара, хьажа юккъе шад гулбелира.

— Хьо стенах йоккхаве, сан майра лом БойсагІар? — хаьттира цо аз айдеш. — Кхечарна дагадеъча а могуьйту доцург ахь лелорах гечдеш, ас вон Іамийна хьо. Амма хаалахь, собаран а ю хьуна цхьа йист!

Баьллачу бІаьргах хи доладаллалц вийлина БойсагІар, дог Іаьбна, эххар сецира.

---

[1] Учкъоьз — (гІум.)граф Евдокимовх олуш хилла ламароша

— Со-м хӀун дара вийча а, витича а!—элира цо халла, охьа а хуш. — Цхьа куьг, цхьа ност, цхьа бӀаьрг боцу гуьйриг. Амма кортош даха дезарш кхебира ахь тӀе куьг хьоьккхуш, хьоьстуш. Со стенах воьлу хоьтту ахь? ХӀокху хьан махкахоша эккхийна хьо, тӀе а лаьцна, хьох имам вина, ткъа шарахь гехь лелийра оха! Ткъа шарахь хьуна тешаме гӀуллакх дира оха. Ткъа шарахь цхьа а нохчийн наиб а, Ӏеламча а хьайн диване ца ханйра ахь. Царалахь уггар гӀийлачу санний, Ӏусмананиий дуьххьара кхаж бели-кх кху чу охьахаа. Тамашийна болх бац хӀара? Ва-хьа-хьа-хьа! Ва-хьа-хьа-хьа!

— Тойита забарш, БойсагӀар! — човхийра иза имама.

— Ва-хьа-хьа-хьа!

Чохь болчийн дегӀе зуз хьодуьйтуш, воьлура БойсагӀар. Царна хаьара имама цуьнан сий дойла. Хаьара цуьнан кӀант ГӀеза-Махьма шена хьалха суждана воьдуш кху лаьмнашкахь и цхьа стаг бен цахилар а. Амма шайн имаман буьрса амал а евзара.

— Я-аллахӀ, ма яккхий ю-кх хьан къайленаш! — саца ца туьгура карзахе БойсагӀар. — Ӏилманца, хьекъалца цӀе яхана Юсуп-Хьаьжа, Сулима, Атаби! Майралла цӀе яхана ШоӀип, ТӀелхаг, Эска, ГӀойтамар, Ботукъа, СаӀдулла, Дуба! ХӀара сурт гича ма бӀаьргаш хье тӀе бевр бара шун!

Шемална хаьара БойсагӀаран юхахьара амал. Иза кхеро а, къарван а ницкъ бацара дуьненахь. Шена дуьхьало мел йин, дарлуш, карзахвийлара иза. Цундела, ала Ӏаддавитира цо иза.

— Мичхьа бу, тхо неӀаре а ца дуьтуш, ахь хьайца диване хийшийна хьан тешаме хьехамчаш? — имаман дага тӀе туьха туьйсура цо. — ХӀай? Мичхьа ву хьан бӀаьргаш боцу Кер-Моххьумад? Хьан стунда Джемалдин? Ӏаьмарха, Дибир-Хьаьжа, Метлик Муртаз-Ӏела? Яхьъя-Хьаьжа? Ахь чета боьхкина лелийна наибаш Кибит-Махьма, Деннел-бек, Албаз-Дибир?

— Шун нохчийн наибашна тӀаьххье гауршна мараделха бахана кх! — Ӏоттар йира собар кхачийначу имама.

— Тхан наибаш, тӀера гаурийн цӀий дакъадалаза тарраш а, шелдалаза топ-тапча а керахь бахана йийсаре, — моха еара БойсагӀарна. — КхидӀа дуьхьало ян ницкъ а ца тоьъна. Царех шиммо, Дубас, СаӀдуллас, бен шайн герз хьуна дуьхьал ца дерзийна. Ткъа гхайнаш дӀа а тоьттуш, айхьа сий деш лелийнчу дегӀастанхойн наибаша хьайна йина ямартло ган а гой хьуна? Хьох бевлда ца Ӏа уьш! Гауршкахьа бевлла ца Ӏа уьш! Оцу делан мостагӀашна гӀо деш бу боху. Хьо шайн ДегӀастанан махка тӀе ваьллачу шолгӀачу дийнахь хьан хазна а тали цара. Шех чим хиллачул тӀаьхьий бен тхан цхьа а юрт кӀел ца сецна гауршна. Оха цхьа буй а латта дӀа ца делла тхешан, гаурийн цӀийца хьандина бен. Ткъа кхузахь массо юрт цхьа топ а ца кхуссуш, зурманаш лоькхуш, цӀагарчий лестош, меттанаш даьхна, хьесталуш гаурашна хьалха хӀуьтту!

Шемал бехк боккхуш хьаьжира шен махкахошка. Имаман хьажар шена тӀе мел нисделлачун корта охьабоьдура. Кхечухьара бевдда кхуза баьхкина мухӀажарш ӀбрахӀим ал-Черкеси, Хьаьжа Насрулла ал-Къабири, Осмон ал-Мичики хьоьжура цуьнга майрра.

— Хьо бакъ ву, майра Бир-коьз, — маслаӀатана БойсагӀаре вистхилира ГӀеза-Махьма. — Вай вовшашна тӀехбеттамаш барх гӀуллакхаш нислур дац. Имам, хьан омре ладоьӀа кийча ду тхо.

Къармазечу БойсагӀара йолчу тӀе а йохийнера имамам дог-ойла. Ӏеламчаш а, наибаш а чукхайкхале цаьрга ала кечдинарг а даьржинера. ХӀара БойсагӀар даима ву аьрха. И цхьаъ вара, имаман пурбане ца хьоьжуш, мичча хенахь а иза волчу чу вогӀуш а, шен дагахь дерг юьхьа дуьхьал тухуш а.

— Шуна ма-хаара, гӀуллакхаш вон ду вайн, — долийра имама, чуьра дуладелла хьал жимма мал а далийтина. — Нохчичоь йоьжна. ХӀинццалц цигахь лаьттина оьрсийн берриге ницкъаш хӀинца ДегӀастанна чу берзийна. Вайн кӀажаш хьоьшуш тӀаьхьа вогӀуш ву Учкоьз. Салатаверний, Шура-ГӀаларий хьала цуьна дуьхьал вогӀу Врангал-инарла. Гуьржичуьра схьа ГӀойсица охьа МаӀаристана догӀуш а ду даккхий эскарш. Доцца аьлча, кхаа агӀор гӀедогӀучу эскарша юкъаӀовдуш лаьтта вай. И гаурш-м хала а ца хетара суна. Халаниг а, новкъадерг а кхин ду. Ткъа шо, пхийтта шо[1] хьалха санна, кхузара ярташ цхьа а тайпа дуьхьало ца еш оьрсашкахьа юьйлу. Со-м, хаза ДаьргӀал ара а валале, шаьш царна муьтӀахь хилар хоуьйтуш, оьрсашна тӀе векалш бахийтина Ӏаьндоша, ашильтоша, согратӀлахоша, гимрахоша, унцӀуклахоша, гоцӀатлахоша, ханзахоша, дарадахоша. Кибит-Махьмас суна дуьхьал яьхна тилитлахойн а, карахийн а ярташ. Даниял-бека шен лезгийн ярташ гӀовттийн суна дуьхьал. Доцца аьлча, хӀокху ДегӀастанара цхьа а юрт соьца яц. Юханехьа со шайн махка тӀе ваьлла а валале, байттамалан а, сайн а мулк талий...

— Собарде ахь, имам, жимма дехьа ваьлча иза дина а Ӏийр бац, гаурашна вухкур ву хьо. Цхьана чами ахьарх!

Имам оьгӀазе дӀахьаьжира шен цхьаъ бен боцчу пхьаьрсан гола месалчу куйна тӀе а гӀортийна, куьйга корта а лаьцна тевжина Ӏечу БойсагӀаре. Амма шен багара араэккха кечделла шога дош церташ таӀийна сацийра. ТӀехула тӀе, хӀуьттарена ца алахь, БойсагӀаре ала хӀума а дацара цуьнан. Бакъ ма лоьра иза.

— Вай Гунибе дӀадаха деза, — омрица чекхдаьккхира имама шен къамел.

ЦӀа чохь тийналла хӀоьттира. Цхьаммо хаттар ца деш, я дуьхьал дош ца олуш. Имаман омранна дуьхьало ян кхоьрура а хаац, я цуьнна резахилла севццера а хаац.

— ХӀан, Гунибе дӀа-м гӀур дара вай, тӀаккха хӀун хир ду? — ца Ӏевелира БойсагӀар.

---

[1] 1838 шарахь Ахульго южу шо, 1845 шарахь Воронцовн поход.

— Тlаккха хиндерг дела воцчунна ца хаьа, Бпркоьз, — дохийна жоп делира имама, доккха са а даьккхина.—Вешан оьмар чекхъяьллехь, лийр ду, ца яьллехь — даха дуьсур ду. Іожалан де кхаччалц.

— Цигахь летар ду вай тІаьххьара минот тІе хІотталц, — вистхилира Дибар ал-Анди.

— Лата меттиг боцуш уьду ткъа вай кху ткъех дийнахь?

— Гуниб дика чІагІо ю мостагІчунна дуьхьало ян.

— СогратІла? Ахульго? Геграбал? Уьш санна дуьхьало йоцуш дІаяла доьлху вай Гунибе?

— БойсагІар, хьанна тхоьца дІаван ца лаахь, хьайн нохчашца тхох дІакъаста пурба ду хьуна.

— Хьан пурбане хьоьжуш ца Іа со-м!

— Хьо стенга хьоьжу ткъа?

— Шемалан де доьхча бенойн БойсагІар цунах дІакъаьсти боху цІе сайна ца тиллийта.

— КІелхьаравала кхин некъ ца хилла, тІаьхьахІоьттина, — кхоссар йира неІаргехь Іечу Дибар ал-Хунзахис. — Хьалхе дІавада ца кхиъна висина, хІинца юханехьа боьду некъ бихкина.

— ТІаьхьа дац хІумма а, — корта агІор саттийна, шен цхьа бІаьрг цунна тІе буьйгІира БойсагІара. — ХІор денна гаурашна тІе уьдуш бац шун Іеламчаш, нанбаш? Цкъа шуьца Гунибе дІавогІур ву со. Шу пІазотехь муха ле, я герз охьа а тесна, гаурашна тІе доьлхуш хьажа. ТІаккха бохий ахь, Дибар, тхешан хьаннашка вухавогІур ву. Нагахь даланза оцу хенс довлахь (ткъа летта дала шун Іалашо яцарх со тешна ву), гур ду шуна хІокху сан туьро, хІокху сан цхьаъ бен боцчу буйнахь, гаурийн эскарш юккъехула юханехьа Нохчичу суна некъ буьллуш, цигахь гаурашна ас бурч юхкуш!

ХІара дешнаш а, тІехбеттамаш а кху тІаьхьарчу шерашкахь диллина лаьттира нохчашний, депІастанхошний юккъехь. Шемалан бертаза, амма цуьнан бехкенна.

— Тоьар ду, БойсагІар! — аз айдира цо. — Тоьар ю ахь ен Іиттарш, некъана кечамбан арадовла.

БойсагІарна дерриг ца хаьара. Цундела, цо дийцинарг ах бен бакъ дацара. Нохчаша тІаьххьара сахьт тІе хІотталц буьрса дуьхьало йира паччахьан эскаршна. Шайн ницкъ кхочу дуьхьало ца ин щхьана а юьртo герз охьа ца диллира. ТІаккха ерриг а Нохчичоь сецира къаръелла. Ницкъ эшна. Нохчийн наибаша а охьадиллира герз. Цхьаберш шайн муьтІахьалла гайта Барятинскина тІе и бахара. Ярташ Шемална дуьхьал гІовтто гІоьртинарш а бара. Барятинский йоьжначу Ведана вогІуш, иза толамца декъалван цунна дуьхьал бахана ца Іаш, цуьнан свитех дІакхетта нохчийн наибаш а бара. Цхьанне а тІехтохам бойла доцуш деррнге кегаре хиллера...

* * *

Нохчичохь ша даькххинчу ткъа шарахь Шемална сих-сиха дагадогlура мацах цкъа Бенахь шен а, Юнусан а хилла къамел.

Боккъал а, цхьана агlор буьрса къам дара иза. Дала тlамна, халонаш, баланаш лан кхоьллича санна. Цара йоl-бlаьрг санна ларйора и шайн цхьа а низам доцу маршо. Вовшашлахь а, арахьарчу мостагlех. Церан халкъан дерриг иллеш а дара майралла, доьналла, оьздангалла, тlеман хьуьнарш хестош. Леткъамаш беш цхьа а илли ца хезнера цунна. Оцу тlаьхьарчу ткъа шарахь хадда за паччахьан эскаршна дуьхьал леташ а бара уьш, хlокхуьнан lедална муьтlахь хилла совца ца лууш, цунна дуьхьалонаш а йора, вовшашца ца тарлуш даима вовшашлахь девнаш а дора.

**ИНАРЛА КАРЦЕВ: Новкъа ду Дегlастанахь а, Теркан областан Малхбузей, Малхбалей шиний отделехь вайн урхалла чlагlдечу хьелех цхьа а нохчий бехачу юккъерчу отделехь цахилар. Кхузахь дерриг а вайна дуьхьал дирзина: оцу халкъан амал а, юкъараллин дlахlоттам а, lер-дахар а, lаламан хьелаш а. Нохчаша вайца бинчу бехачу тlамо цуьрриг а ца хийцина церан амал. Вайн эскарийн толаршний, Шемалан деспотин lедалний юккъехь бисинчу нохчаша вайх ларбала а, Шемалан lедал дlакхосса а шиний агlор бекъа ницкъ боцуш, шайн герз а, мекарло а цкъа вайна, тlаккха Шемална, юха шайн вовшашлахь леташ, текхна хlара тlаьххьара а ткъа шо. Оцу шиний агlора юха вовшашлахь боцчу барто а хlаллакбина церан оьздангаллех болу кхетам а, вовшийн лерам а. Кхерам-м хьовха, lожалла а дош ца хета царна. Кхерамах а, lожаллех а боьллачу царна, оцу шина а бlаьргашна чу хьоьжуш дерг бен дахар ца хета. Хlокху тlаьххьарчу ткъа шарахь нохчийн цхьа а юрт тешна яцара ша тахана йолчохь кхана хир ю бохучух: цхьана агlор вайн эскарша йохайора уьш, вукху агlор — вай герга гlоьртича, Шемала нуьцкъах кхечухьа кхалхайора. Мохк ялтина дика а, токхе а хилар бахьана долуш, хlаллак ца хуьлуш дисина и халкъ, амма адамашка терра дахар бохучух кхетам а, тешам а байна церан. Демократизм уггар лакхарчу тlегlанна тlехь яра церан даима. Сословиш а, тlаьхьенга лун lедал а хlун ю-м муххале ца хаьара царна, атталла цхьа а тайпа lедал тlелаца а лаац. Иза-м хьовх, «приказ» боху дош а дац нохчийн маттахь...**

Ткъа вукху агlор, кегийчу берийн амалш а яра нохчийн. Нохчо кхерийна сацор ву бохург аьттехьа а дацара. Вуьир-м ву иза, амма иза кхеро ницкъ бац дуьненахь. Хlилланаш, мекарлонаш, ямартло, тешнабехк а бац. Массарна а схьадиллина ду цуьнан дог. Мостагlчунна а, доттагlчунна а. Безамна а, цабезамна а. Ткъа шарахь тlехь lедал латто доккха хьекъал а, собар а, мекарло а, цаьрца цхьаьна майралла а, юкъ-кара ондда буй а безара. И амалш дала еллера Шемална. Бlешерашкахь шайн ханийн lедалх

а, церан лаамах боьллачу дегIастанхошца Iедалан мотт буьйцура Шемала, ткъа нохчашца масех мотт бийца дийзира.

Уггар хьалха цо хестадора оцу къоман дIадахнарг — цо арахьарчу мостагIашна дуьхьал къийсамехь гайтина турпала хьуьнарш, майралла а, доьналла а. Масална балабора къоман турпалхой. Цуьнца нисбеш хастабора цхьацца наибаш, могIара бIаьхой а. Хала киртиг тIехIоьттиничу муьрехь кхайкхам бора, «шул майра къам хIокху лаьмнашкахь дац, кхузахь бусалба динан гIортор, цуьнан серло яржош нур ду шу» олий. Шех Нохчичоьнан а, ДегIастанан а имам винарг шу ду а олура сих-сиха. ДегIастанахьчул кIеда а латтадора Нохчичохь шен Iедал. Паччахьан а, шариIатан низамаш кIез-кIезиг цара талхорах гечдора. Мудираш, наибаш а царна беззарш хIиттабора. ХIетте а цкъа а уьш реза ца хуьлура. Цкъацкъа, нохчо наиб дIа а ваккхий, дегIастанхо хIоттаве шайна олий карзахбовлура, тIаккха жимма хан яьлча, шайна дегIастанхо наиб хIунда хIоттийна олий карзахбовлура.

Шемала доккхачу собарца ловра нохчийн аьрха, къармазе амалш. Хаара, цара дIатесча ша цхьалха вуьйсийла, тIаккха шен оьмар еха хир йоцийла. ТIе, иза даима тешара, гуттар а ницкъ эшна кIел биссалц, нохчий гауршна къарбелла, цаьрца машар бина кIел совцур боцийла а, цара цкъа а шена ямартло, тешнабехк бийриг цахилар а.

Нохчий тешара цунах. Уьш цунах тешаран а, цунна муьтIахь хиларан а бахьанаш масех дара. Шеманан доза доцу хьекъал, майралла, доьналла а. Амма коьрта бахьана кхечахьа доллура: имаман бусалбаналла а, цуьнан коьртера кIорга Iилма.

Оцу тIахьарчу бIе шарахь черганийн, гIебартойн эланийн, оьрсийн паччахьаний дуьхьал хаддаза тIемаш беш хиллачу нохчийн цкъа мукъа хан ца хиллера шайн къоман синкхачин гIайгIа бан. Цхьа яккхийчу ярташкахь бен хьуьжарш яцара, цигахь хьоьхуш болу молланаш а Iилманна кIорге йолуш бацара. Iаьрбийн маттахь яздан а, деша ма Iемманехь, герз кара а оьций, шайн маршо ларъян дIахIуьттура божабераш. Наггахь жимстаг ДегIастана а вогIий лаккхара дешар Iамадора. Оцу агIор нохчийн тIаьхьадисар дIадаккха Iалашо йолуш, нохчийн массо юьртахь хьуьжарш а ехкина, царна хьеха ДегIастанара молланаш балийра Шемала. Амма тIеман хьелашкахь оцу тIехь кхиамаш кIезиг хуьлура. Билиина дIа тIом. Мосазза а ягоза, кхалхоза цхьа а юрт яцара. Бергаза герз кара эца а, шайн ярташ, шайн мохк, маршо а ларъян дезара кегийрхойн.

Масех Iеламча а дера вара церан. КIорггера Iилма долуш. Сулейман-молла, Атаби, СоIаду а. Сулейман молла вара, тIемало вацара. Важа шиъ моллел тIех тIемало вара. Цул сов уьш нохчий бара. Ткъа нохчашна ца лаьара шайн стаг гу тIе лакха ваккха. Шемал саннарг вара царна оьшург. Хьекъале, майра, Iелам а, кхечу къомах а волуш. Цо ша эла, я эмир кхайкхинехь, цара

шо а далале Нохчичуьра эккхор вара иза. Имам иаччахь, эмир, эла а вац. Имам Делан баьчча ву. Шемал царна гергахь шайх, эвлаяъ вара. Цунна муьтІахь хиларх эхь-м муххале а дац, мелхо а Далла гергахь сийлахь ду. Ткъа Шемална хаара бусалба дин, шариІат кхайкхо, хьехамаш бан, уьш хасто, забар ян а, доцца аьлча, церан дегнашна тІе некъ лаха а, каро а, ша ларийта а, уьш лера а.

Церан хьекъале, майра, оьзда нах гу тІе лакха баха а гІиртира иза. Шел лакха ца бохуш, шега нис ца беш, шена кхераме хир боццучул. Амма цунах гІуллакх ца хилира. Нохчаша шаьш охьатосура цо айинарг. Берриг нохчийн наибаш бара майра тІемалой. ЦІонтаройн ШоІип-Молла а, Шелахойн ТІелхаг а, аьккхойн ГІойтамар а Дала тІамна кхоьллина нах бара. ШоІипана а, ТІелхигна а эшам бохург хІун ю ца хаьара. Царшиммо хийлазза йиттира шайн бІона уьттазза, ткъозза алсам долчу, коьртехь цІе яххана говза инарлаш болчу гаурийн эскаршна. Цаьршимма коьртаца, хьекъалца, говзаллийца бора тІом, ткъа бисинчу нохчийн наибаша — куьйгашца, майраллица.

Нохчаша шаьш вийра ШоІип-Молла, Удди-Молла. Бакъ дудац хаац. хІинцца, кхузахь хезира Шемална, тІом чекхбаьллачул тІаьхьа кхелхинчу ТІелхиган дакъа цуьнан мостагІаша кошара схьа а даьккхина, цуьнан доьзалан цІийнан неІаре кхоьссина хилла бохуш.

Халкъо къобал ца вина шайх Мансур Нохчичуьра дІа а ваханa кхечу къаьмнийн маршо ларъеш ялх шарахь турпала къийсам латтийна, цигахь йийсаре а лаьцна, хІокху гаурийн набахтехь велла. Лаьмнашкахь а, царна генахь а гІараваьлла хилла Бийболат а цамгаро лаьцна заьІап хиллачу хенахь цуьнан чІирхочо. ГІумкийн эло вийна. ШоІип-Молла, Удди-Молла, Домбай. Уьш а байина. Ткъа Шемална ца бевзарш, цІе йоккхуш гІарабовла ца кхиъна мел хІаллакьхилла хир бу. Нохчаша дола а ца дина. Ма нуьцкъала, ма сийлахь халкъ хир дара иза, шен майрачу, оьздачу, хьекъалечу къонахийн сий дан а, лера а, ларбан а хаахьара...

* * *

Наибаш, Іеламчаш а арабевлча цо ойла йора БойсагІара тІаьххьара а аьллачу дешнийн. Боккъал а, хІора дийнахь тоба лах луш Гунибе-м гІур бара уш, тІаккха? Я гІазотехь бала беза уьш, я гаурийн йийсаре баха беза. ХІун дийр ду-те цуьнан накъосташа?

ХІаъа, цо ша а, цуьнан Іеламчаша а хьехамаш а, кхайкхамаш а бора нахе, гаурех летта валар гІазот ду, гІазотехь велларг цхьа а тайпа барт-хаттам боцуш ялсамане гІур ву, иза далла гергахь даржана лакхахь хир ву, бохуш. Ткъа керстанах кхеравелла нухаваьлларг, дуьхьало ца еш цхьа ког а латта царна дІаделларг, це-

ран Іедална муьтІахь хилла кІелсецнарг дуьненахь а, эхартахь а декъаза хир ву, иза итт эзар, бІе эзар шерашкахь жожахатин цІергахь вогур ву бохуш.

Масане стаг вина оцу хьехамаша, оцу кхайкхамаша. Іожална кІелхьаравала аьтту боллушехь. Къона а, къена а бІаьхой, зударий а.

Шемала ойла йора. Ванах, оцу шаьш дуьйцучух а тешна гІазотехь белла Іеламчаш дукха буй-те, бохуш. Шемал дуй баа а вахьар волуш иштаниг цхьа ГІеза-Молла а бен вац. Цуьнан машар бацара керстанца. Цо кхочушдора ша дуьйцург. Цуьнан дешан шалхо яцара. Иза майра стаг вара. Цо шен са дІаделира халкъан а, бусалба динан а маршонан дуьхьа. Ткъа цунах, Шемалх, хІун хир ду-те? Майра а ву иза, лом санна. Хьекъал а ду цуьнгахь, хІорд санна. Собар а ду, лам санна. Ткъеясна чевнан муо бу цуьнан дегІа тІехь. Кхоъ чов тІамехь хилла щунна: Гимрахь дуьххьара а, луьра а шиъ, Ахульгохь яй цхьаъ. ГІубщас Чобаьккханарехь шийтта чов йина, важа йиъ а цхьана сонтачу шина нохчочун карах хилла.

Доза доцуш майра стаг ву иза. Іожална хьалха хІоттарх цкъа а бІаьрнегІар тоьхна а дац. Амма Шемалниг сонта, бІаьрзе майралла яц. Цуьнан майраллина уллохь хІорд санна кІорга хьекъал ду. Цундела, ша мел яккхийчу халонашна тІе нисваларх, цо цкъа а Іожалла ца лехна. Майралла гайтархьама эрна вала а ца гІиртина. ТІамехь а, кхечахьа а муьлхха хало тІехІоьттича дийна кІелхьаравала некъ лехна. Шен хьекъалций, туьрций. Іожалла делан карахь ма ю. Иза леха а, тІееха а ша еза. Ша тоьхначу минотехь дала дІаоьцур ду ша кхоьллина са. ХІетталц иза лардан деза стага. КІелхьаравала некъ, ницкъ, аьтто а болуш, гІазот доккху аьлла гаурийн цамзанашна тІе, тарраш на кІел, тоьпашна дуьхьал а иккхина эрна ца валарх даккхалур ду гІазот. МостагІех леташ, уьш хІаллакбеш. КІелхьаравала некъ, ницкъ, аьтту ца хилча валар ша ду. Оцу тІаьхьарчу ткъа шарахь герз карахь леташ тІамехь дакъа ца лаьцна Шемала. Цунна шен декхар хаьара. Шен декхар — шайн маршонехьа, бусалба динехьа гІевттиничу халкъашна тІехь хьекъале куьйгалла дар хетара цунна. Иштта бара халкъан лаам а.

**З И С С Е Р М А Н: Шемал цкъа а ца къаьстара тІеман говзаллица Кавказан ламанхойн хьелашкахь дика вовшахтохархо а, администратор а вара иза. Ткъа тІом бийраш цуьнан тоьлла наибаш бара. ШоІип, Ахьвердил-Махьма, Хьаьжа-Мурд а.**

ТІаьхьа тІеххийтира Юсуп-Хьаьжа ал-Алди, ГІелхаг ал-Шали, Бота ал-Харачи, Эски СоІаду ал-Мичикхи, ГІойтамар, Оьлаби ал-Лухи, БойсагІар ал-Бени, Іиса ал-Гендергени, Атаби, Ботукъа ал-Шоьти, Сабдулла ал-Гехи, Кибит-Махьма ал-Карахи, Даниял-бек ал-Элису, Дибир ал-Хунзахи, Дибир ал-Анди...

Шемал — накъшабендин тІерикъатан вели, халкъан баьчча

вара. Адамаш доггах тешара иза дала ницкъ белла эвлаяъ хиларх. ГӀалат вала а, галвала йиш йоцуш. Амма Шемална шена цкъа а ца дицлора ша могӀара адам, ламаро а хилар. Далла хьалха а, халкъана хьалха а шен декхарш, жоьпалла а хаьара.

ХӀинца Гунибе сихвелла иза. Кхин дӀа шен имамаллин оьмар йоцийла а хаьа.

КхиндӀа хиндерг дела воцчунна ца хаьа...

## IV

Гунибехь эла Барятинскийна хьалха хӀоьттира имам Шемал.

— Сардал, — элира цо эле. — Ас хьайга ла ца догӀарна гечделахь суна. Со миска ламаро ву, бусалба динан дуьхьа ткъе итт шарахь тӀом бина. ХӀинца халкъо а дӀатесна со, наибаш а дӀасабевдда. Со а къанвелла. Кхузткъе кхоъ шо ду сан. Може хьажча тера дац? Цуьнца ма лара сан шераш. ХӀара-м гӀина диллина яй. Гой хьуна бухара кӀайн чоьш? Ткъа хӀинца ас декъалво хьо ДегӀастанна тӀехь олалла хӀотторна. Даггара лаьа ламанхошна тӀехь Ӏедал латтош паччахьан кхиамаш хуьлийла а. Сайн доьзалца, гергарчу нахаца, Ахь тхьаш Макка дӀадохуьйтург хиларх теша со. .

— Ас хьем боцуш государь императорна тӀе дӀахьажор ву хьо. — жоп делира эло. — Хоьца хир ву сан лакхарчу эпсарийх цхьаъ. Ткъа хӀинца цкъа сан йийсархо ву хьо. Полковника Лазаревс лагерехь дӀатарвийр ву хьо а, хьан доьзал а.

Боккхачу тӀулга тӀе хиъна Ӏен эла Барятинский, къамел чекхдаьллийла хоуьйтуш, хьалагӀаьттира.

Дог дуьйхира имаман. ХӀара хьалхара цхьанакхетар цунна ца моьттучу тайпана шийла а, доца а хилира. Амма Шемал реза ца хилча ца волу. Юханехьа некъ дӀакъевлинера.

КхиндӀа шен гӀуллакхаш бакъалгахьа дерза доьлча санна хийтира Шемална. ХӀара Шура-ГӀала кхаьчча, инарла-лейтенанта барона Врангела шен тарантас елира цунна. Ткъа ша хаза гӀиллакхе вара. Чир-Юьрта кхачча, кхузахь графа Постица чӀогӀа цецваьккхира иза. Кхаа кога тӀе хӀоттийна цхьа яьшка хӀокхунна дуьхьал а ерзийна, ша сурт доккху бохуш. Керста наха иштта сурт доккху бохург-м хезнера Шемална. Иштта даьккхина сурт а гинера. Амма шена хьалха лаьттачу оцу яьшкано и доккхур ду бохучух ца тешаш, дагахь воьлура.

Оьрза-ГӀалахь Барятинскера керла совгӀат кхечира цунна — цӀена, басарийн хьожа а йогӀуш, карета.

Винчу лаьмнашна гена мел волура, дог Ӏийжара цуьнан. Амма хаддаза хуьлчу цхьанакхетарша а, керлачу тамашаша а хан ца юьтура шен кхолламан ойла ян. Цуьнан къоначу зудчун ШуӀаиатан вашас, эрмалойн совдегаро Улухановс Маздакехь шун хӀоттийра шен невцан сийнна. Георгиевскехь, Екатеринодарехь эпсарийн зударша масех концерт гайтира цунна.

Кхузахь паччахьера омра кхечира йийсар дӀавалаве, аьлла. Оцу деношкахь Чугуевхь тӀеман яккхий маневраш вовшахтоьхнера императора Александра II. Цунна чӀогӀа лаьара, ткъе пхеа шарахь шайна дуьхьало йинчу къеначу ламарочунна Росси ницкъ гайта.

Боккъал, онда ницкъ бара кхуза оьзнарг. ГӀашсалт, драгунаш, гусараш, артиллери, обозаш. Малхехь лепа болат а, ез а. ХӀора эскаран шен-шен герз, ша тайпа басахь дои. Итт эзарш салтий, эпсарш, инарлаш.

Дикачу дина а ханйина, Шемал шена улло ваьккхина лелавора императора. Сих-сиха бӀаьрг туху цо шен йийсаре. Амма Шемалан юьхьа тӀехь хаалац дагахь дерг. Ткъа шина декъе декъаделлачу эскарша вовшашна «тӀом» бо. Буьххьехь ира цхьамзанаш долу тоьпаш хьалха а лаьцна, нийсачу могӀанашца дуьхь-дуьхьал оьху гӀашсалтийн эскарш. Юьхьанца боларехь, тӀаккха чехка. Яккхий тоьпаш гӀергӀа. МаьӀ-маьӀнера схьа «ура» хеза. ХӀаваэхь лепа дерзана даьхна тарраш. Дерриге а цхьа хаза, цхьа а тайпа бохар, хьовр-зӀовр доцуш, амма буьрса, кхераме.

— Муха хета хьуна тхан эскарш? — хаьттира цуьнга Александра II.

Шемала сихха жоп ца делира, иза шен кийчча доллушехь...

— Сийлахь государ, сайна хеттарг ала ас, я — хьуна товрриг?

— Хьайна хетарг ала, Шемал.

— Суна хаац, малхбузехьарчу паччахьашца ахь тӀом муха бо. Цундела хала ду хьан эскарийн мах хадо. Амма суна дуьхьал леттачу хьан инарлаша шайн эскаршка иштта тӀемаш байтинехь, со хӀинца а лам чохь хир вара. Эскар доккха, герз дика ду хьан. ХӀумма сан бӀаьхой санна, кера съ-еънарг тӀсюйхина а бац. Бакъду, хьан пурбанца цхьаъ эр дара ас. Эскар доккха, герз ира хилар а пайда бац, бӀаьхой лата хууш а, инарлаш куьигалла деш ца хилча. И дӀо яккхий тоьпашна гергахьо дойш тӀе хуьйшу, гой хьуна? Яккхий тоьпашна оццул уллохь тӀе ховша мега ткъа? Доцца аьлча, сийлахь государ, хӀара хьан эскарш Нохчичохь а хилча, царна дуьхьал бевлларш нохчийн наибаш а хилча, и дошлой тоххара белла Ӏохкуш хир бара.

— Нийса а, майра а Ӏоттар ю! — Шемалан белшах куьг туьйхира императора.

Амма шен дагахь цуьрриг реза вацара цунна.

* * *

Къилбседехьа мехкан кӀорге мел вуьйли хаалора Шемална шен а, ламанан халкъийн а гӀорасизалла. Бутт кхочуш боллура уьш Кавказера схьабевлла. ХӀор дийнахь, сарралц бохург санна, некъ бора цара, станцешкахь сих-сиха говраш а хуьйцуш. Доза доцу шера аренаш. Яккхий шахьарш. Токхе мохк. Харьковхь дуьх-

хьара гира цунна оцу мехкан олаллахойн Iер-бахам. Губернатор волчохь хьошалгIахь а хилира. ГIараваьллачу йнйсархочун сийна бал хIоттийра цо а. Баккъал аьлча, Шемална хIинцале а кIордийнера дIа мел кхаьчначохь шена хIитто шун, цхьана низаре тамашийначу экхане санна, шега хьийса оьху и дворянаш, чиновникаш, церан зударий. Чомахь садаIа а, дегI могаш ца хилча, охьавижа а ца вуьтура. ХIара юкъавуьгучу гонна юккъехь дукха ца хуьлура гIиллакхе берш. ХIокхеран божарийн а, зударийн а аматашка, духаршка хьуьйсуш, ша тайпачу матте ла а доьгIущ, вовшашца лохха къамелаш деш, буьйлура, Шемал а, накъостий а шайн ницкъ ма кхоччу гIиллакхе хила гIертара иштачу адамашца. Амма цкъа собар кхачийра Шемалан.

Харьковехь цирке хьажа вигира иза. Тамашийна хIуманаш а дуккха дара кхузахь, амма дегIастанхойн майрачу пелхьонашка дукха хьежна хIара цецваккхал хIума дацара. КIадвелла, гIелвелла, хIара гIуллакх кIордийна а волчу Шемала бага гIаттийра, дуьхьал куьг а ца лоцуш.

Уллохь хиъна Iачу цхьана къеначу инарло, вела а велла, Шемале корта а тосуш, талмаже цхьаъ-м элира.

— Цо хIун боху? — хаьттира иза лортIехь гIуллакх доцийла хуучу Шемала.

— Оцу Шемала бага ма йоккха пIеттайо, ша дIакхалла ойла-м яц хир ю цуьнан, боху.

— АлхьамдулиллахI, со бусалба ву, ткъа бусалбано хьакха яац. Шегахьара хьуна кхерам бац, хьайна паргIат Iе боху, ала.

* * *

Москвахь дукха ца латтийра Шемал. Цунна шена а лаьара тIаьххьара а ша саца везачу дIакхача. Цуьнан накъостий а гIелбеллера. Махкаллаш а дора. Къаьсттина хала бара и беха некъ зударшна — цуьнан шина зудчунна ШуIанатанний, Заидатанний, шина йоIана Нафисатанний, Фатиматанний, несаршна Къариматанний, Аминатанний. Бенахь винчу Махьмуд-Шафис цамгарш лехьайора. Накъосташа денна хоьттура Петербухе дIа маца кхочу, бохуш. Шемална шена ца хаьара. Цо а дора и хеттарш. Даим цунна цхьа жоп лора.

— Петербург гена ю хIинца а. Москва кхаьчча сиха дIакхочур ду. Цигара дIа цIерпоштаца гIур ду вай.

Оцу цIерпоштах лаьцна а хезнера Шемална. Южуш сту, говр, бугIа а йоцуш, чкъургашна тIехь цIенош аьчган некъашна тIехула хехкало, бохуш. Шаьш вагонашна тIедовлале ламарой леррина хьийсира паравозе. Дечиг чу а туьйсуш ягош йоккха эчиган пеш а, кхехкаш хи а, схьатуьйсуш Iаь а, кIур а. Дисинарг дерриге а царна къайле яра.

ЦIерпошт дIайолаелча къамелаш, къийсамаш болабелира ла-

марошна юккъехь. ХIораммо а шена хет-хетарг дуьйцура. Цхьаболчара бохура изэ шайтIаннийн болх бу, вукхара — жиннийн болх бу.

ХIокхаьрца вогIучу полковника Богусловскийс, церан къийсамаш дIатийча, хаьттира:

— ТIаккха, Шемал, цецваьллий хьо тхан аьчган некъах?

— Дера ваьлла. ХIоккхул йоккхачу, хьолечу, нуьцкъалчу паччхьалкхан хIара цхьаъ бен некъ бацарх...

Петарбурган юкъараллин лакхенаша сий деш тIеийцира гIараваьлла имйсархо а, цуьнан некъахой а. Иза шайн цIа хьошалгIа кхойкхура паччахьана уллорчу наха. Исбаьхьчу гIалин хаза а, тамашийна а меттигаш гайтира. Нева тIехь лаьттачу цIенчу «Штандарт» пароходе а хьажийтира, цига императора вигира иза шеца. Кхузарчу мосуьйттазза тIе-кIел йиичу гIаланашка, яккхийчу килсашка, шуьйрачу, нийсачу урамашка, хьесап ца дадаллал дукхачу адамашка хьаьжча шайн ламанан къаьмнаш пийлаяна уллохь зингатий хеталора цунна. Цуьнан ДегIастацахь латта шен кIезгалла дешин меха дара. Латта хиллане а ца хиларна, дуьйшдерзош доцуш ярташ а дукха яра церан. Тхъа хIара оьрсийн мохк ма бу, дезар эца стаг воцуш эрна Iуьллуш. Цкъа а нох а ганза. Дийнахь сарралц некъ барх юрт ца гуш деош дукха даьхкира царна. ХIара хьошалгIа вуьгучу элийх цхьаьнан доларчу бахамах ерриг ДегIаста хьовха, цуьнца цхьаьна Нохчичоь а эцалур яра. ХIунда гIертара хIара паччахь оцу къечу лаьмнашка?

ШолгIа, Шемал цецвийлара оццул нуьцкъалчу паччахьана ма сийтта шарахь ламарой къар ца баларх а, уьш цунна дуьхьал лалабарх а. И дуьхьало ян царна аьтто бийриг ламанан хьелаш а, хийрачу олалле цабезам а хилнйтина ца Iара Шемал. Ламанхошна тIехь куьйгалла дан ша ца хиллехь, и дуьхьало оццул гена ериг цахиларх тешара иза.

И ойланаш къаьсттина цуьнан коьртехь гIуьттура тховса санна дуккха а адамаш юккъе нисвелча. Тховса «Пери» цIе йолчу балете хьажа валийнера иза. Театран уьйтIахь хIара карета тIера охьавоьссича, полковник Богусловский мел гIертарх, наха дIаваха ца вуьтура Шемал. Хьесан погонашца, накхош дуьззина орденаш оьхкина, дегIа тIе оьзна духарш дуьйхинчу элдара эпсарша, инарлаша, саьхьаш санна, лекха Iаьржа шляпанаш коьртахь, Iаьржа фраканашца штатски наха а, пхьаьрсаш, ах накхош дерзина а даьхна, еха кучумашца зударша а, мехкарша а юкъахьерчавора иза. Нехан керара а даьлла дедда дитта буьххье хиъначу олхазаран санна, сапарпIат делира цуьнан, шена къастийнчу ложи чу а кхаьчна, охьахиъча.

Лакхахь а, лахахь а, дуьхьал хевшина а, хIиттина а Iечу деншца, дарица духаделлачу адамашка бIаьрг а бетташ, юха а ойланашка велира Шемал. Шен кхолламах хиндерг цахааро тIаьхьтIаьхьа садоура цуьнан. Барятинскийна тIевогIуш цунна дош ма

деллера доьзалца, гергарчу нахаца цхьаьна Макка дIавахийта. Петарбухе хIара схьакхаьчча дикка хан ю, амма государа цунах дош ца олу.

Оцу шен ойланех иза юкъахваьккхира кирхьа дIаса оьзча сцени тIехь хIоттинчу сурто. Цигахь гойтуш яра малхбалин паччахьан дуккха зударийн гарем, султан ша а, евнухаш а, гIарбашаш а, мехкарех йохка-эцар а. Мел тера дара и дерриг дахарехь хуьлуш долчух! Шемална-м шарIо некъ лора цхьаннан меттана йиъ зуда хила. Ткъа хIара санначу малхбале паччахьийн, кху чохь ма-гайттара, уьш бIеннаш а хуьлура. Бакъду, Шемалан шен яцара гарем. Цхьана-шиннал тIех зуда ца хуьлура цуьнан. Амма керл-керла ялош ялх ялийра цо уьш. Цаьрга диллича, малик дара Шемал. Цаьрца хьовх, инарла Ермоловца вуьстича а. Оцу инарло а ялийнера Кавказехь ялх зуда. ДегIастанахь — пхиъ, Гуьржичохь — цхьаъ. Шена хазъелларг майрачуьнгара схьа а йоккхуш. КIордийча дIабохуьйтура уьш.

Шемала бIаьрг дIа ца боккхура ах берзинчу мехкаршна тIера...

КъорIано дихкина бусалба боьршачу стагана шен йоцчу зудчун дегIан меженашка хьежар. Ткъа зударшна — хийрачу боьршачу стагана шен хаза меже гайтар а. Атталла готтачу кучана я хечина чухула уьш гоьяхар а. Иза доккха къа лору. Амма цхьана юкъана Шемална бицбеллера и бехкам. БIаьрга тIе турмал а лаьцна иза лерина хьоьжура ах берзинчу мехкаршка. КIайн догIмаш, юьзна настарш, пхьаьрсаш, буто накхош, гIургIезийчех тера кIайн деха логмаш. Цунна даг чу иккхира, ма дуьне дац цо ша а, ламароша а дуург, аьлла.

Иблисо цхьана юкъана Iехийна Шемал меттавеара. ТIаккха шин бIаьрг хьаббина кхузза «ОстопиралахI» аьлла, кхузза «къулха» дийшира цо.

— Хазахетий хьуна? — хьаьттира цуьнга Богусловскийс.

Шемала сиха жоп делира.

— Тхан пайхамара тхуна ялсаманехь гур ду бохург шуна дуьненахь гуш ду, — элира цо полковникана там бан. ТIаккха гIайгIане полковнике хьаьжира. — ЦIа гIо вай? КIадвелла со...

* * *

Тахана тIаьххьара де дара Шемалан Петербургехь.

Кхана хиндерг хIинца а къайлехь ду, Макка дIадахийта барт хиллехь а, государ хIумма а сиха вац цунна. Цкъацкъа хетало Шемална, шена тешнабехк бинний-те олий. Ткъа кху тIаьхьарчу хенахь-м гуттар цунах тешна ваьлла иза. Муха ца теша ткъа, аттала кхунна гонах хIиттийнчу эпсарша а Макка багах йоккхуш ца хилча. Цуьнан меттана Калуга хьехайо. Кхана цига новкъа довлу боху. ХIун меттиг ю-те иза? Ламанхоша юьйцу Сибаре ю-

те? Цигахь набахтехь валлор-те цара я когах бахтар тесна дӀахецна леча санна, маршонна доза а тоьхна, арахь вуьтур-те? Шемална дагадеара юьхьанца цуьнан имаматехь оьрсийн йийсаршна тӀехь латтийна къизалла. Зинданаш чохь бахкабора цо уьш. Зиндан — иза лаьтта бухахь набахте ю. Я, вуьшта аьлча, кӀоргга даьккхина ор ду, тӀехула стомма тхов а болуш. Тховх Ӏуърг дуьту стаг чукхосса а, цунна кхачий, мала хий кховдо а. Чукхеташ малх хьовха, аттала цӀена хӀаваъ ца хуьлура. ТӀуьнчу ор чохь, яхкаеллачу хьожанехь бутт а, шо а доккхура йийсарша, гергарчара я полко, мах белла, шаьш дӀаэццалц.

Дукхах болу йийсарш ДегӀастанахь кхобура имама. КӀезиг берш — Веданахь. Шемалан а яра шен Сибаре — Тиндалера Акнада. Цигахь кхаа шарахь валлийра цо Алдара Юсуп-Хьаьжа.

Оцу ойланаша тахана ца гойтура цунна Паччахьан юьртан исбаьхьалла. Дуьххьал дӀа бен доцуш лелара иза полковник Богусловскиний, капитанна Руновскиний улло ваьлла. Цхьана зала чохь цуьнан тидам шена тӀе бахийтира «Христос Спасителеи» гравюро.

— ХӀара мила ву? — хаьттира цо, цунна хьалха а сецна.

— ХӀара дера ву тхан пайхамар Христос Ӏисус, — жоп делира Богусловскийс.

Шемал лерина хьаьжира Христан гӀайгӀанечу юьхье.

— Оха Ӏийса пайхамар эриг ву-кх хӀара. Тхан пайхамара лиирина хӀара, оха а лоьру. Аш санна ламаз дан бакъо яц сан, — гравюра схьа а эцна, цунна тӀе хьурмате куьг хьаькхира цо.

Богусловский, Руновский цецваьлла вовшашка хьаьжира.

— Ӏийса пайхамар лоруш ма ву бусалбанаша а, — элира Богусловскийс. — Цундела кхузахь цецвала хӀумма а дац.

Руновский, белш саттийна, вист ца хуьлуш Ӏийра.

Ши куьг букъа тӀехьа диллина, букар хьаьвзина хьалха дӀаволавелира Шемал.

— Хьан шеквийлар эрна дац моьтту суна, капитан, — Руновскийн пхьарс лецира полковника, дехьо ваьлча. — Суна хетарехь, хӀара аварец вайна ма моьтту фанатик ца хилла. Ша динан цӀарах ламанхошна доьхкуш хилла дерриг гӀуллакхаш царна гена ваьлча тардолуьйту хӀокхо. Масала, хьастагӀа хӀара дуьне диццелла хьийжира иза «Пэрига». Ткъа къорӀано бусалбанашна доьхку шен йоцчу зудчун юьхьа дуьхьал хьажар. Ахберзиичу зударшка хьежар-м хьехадойла а яц. Ша ламарошна йихкинчу музыке, иллешка, эшаршка мел самукъадолуш ладоьгӀу цо. Тамаша бу, кхуьнан динан фанатизм дӀа моттаргӀанаш, шен политически Ӏалашонаш кхочушъярхьама дуьхьал лаьцна кирхьа ца хиллехь.

Шемал, соцунгӀа а хилла, кху шинна улло нисвелира.

— Господин полковник, Макка дӀа ца вохуьйтуш оцу Калугехь дукха валлор вуй со?

— Хаац, Шемал. Цуьнан воккхаллин государ императоран ламе хьаьжна хир ду цу тӀехь хьан гӀуллакх.

Шемала доккха садаьккхира.

— Ахьа стенан ойла йо, Шемал?

— Нохчо, шайх Мансур дагавеанера суна-м.

— Муха?

— Сийлахь государ цунах диннарг сох а дан воллу-те аьлла.

— Цунах хилларг хаьа ткъа хьуна?

— Дуьйцу хезна. Иштта, со санна, цкъа Петарбухе, хӀетахь шун паччахь хиллачу зудчунна тӀе а валийна, хӀорда юккъерчу цхьана гӀайри тӀерачу набахтехь и вийна бохуш хезна суна.

— Вийна вац, иштта, делан Ӏожаллех кхелхина иза цигахь, — маслаӀат дан гӀоьртира Богусловский.

Шемала пӀайгӀане корта ластийра.

— Хьанна хаьа иза. ДӀовш малийна вен а вийна, шен Ӏожаллех велла аьлчхьана дӀа ма долу. Гена махкара валийна и нохчо а, хӀинца со суьйли а мухха велча а хьанна бала хир бара, тхан чӀир екха мила вер вара? Тхо муьлш ду кхузахь? — Шемала, шен жетарх баьккхина масех чо хьала а лаьцна, хӀуп аьлла байира. — Иза ду-кх тхо!

— Оцу тӀехь бакъ вац хьо, Шемал, — дуьхьало йира Богусловскийс. — Цуьнан воккхаллех государ императорх хьо цатешар хетало-кх иза.

Ша аьлларг кӀаддан гӀоьртира Шемал:

— Дала Ӏалашвойла со государ императорх вониг дагатасарх. Мелхо а, иза Ӏаламат дика ву соьца. Цо сан до дола уггар дикачу дас шен дикачу кӀентан а дийр дац. Мичара! Оццул дукха ваьхча сан ӀаьӀна мулк пхийтта эзар соьман бен яцара, ткъа государ императора суна шарахь ло оццул ахча. Кху деношкахь суна харжашна пхи эзар сом алсамдаьккхина. Цо динчу хӀор гӀуллакхо цхьана агӀор хьостий дог дохдо сан, вукху агӀор иза шаьлта хуьлий дагахь чекх а долу.

«Муьлха лоь-те бакъ? — ойла йора Руновскийс. — Хьаьжмурда дийцарехь, еккъачу цхьана Веданахь пхийтта эзар сом дара хӀокхуьнан. Ткъа шен кӀанта ГӀеза-Махьмас тешалла до, Денисел-бек волчохь дӀадиллина Шемалан цхьа миллион дато сом дара бохуш»

Шемал бехкала ваханийла хиъначу Руновскийс къамел кхечу агӀор хьовзийра.

— Оцу шайх Мансурах лаьцна Ӏахь хӀун эр дара, Шемал?

Шемала жимма ойла йира.

— Гой хьуна, капитан, шена гина воцчу стагах дерг ала хала ду. Со дуьнена вала бархӀ-исс шо хьалха лаьцна иза. Амма и гинарш, цунна улло бевлла лелларш гина суна. Ванах, хӀара ДегӀаста а, Нохчичоь а сайна тӀеерзо гӀерташ ас ма дукха къахьийгира, ткъа оцу къорӀанан элп деша а ца хуучу нохчийн жаӀуьнна

тӀаьхьа нохчийн хьовх, шайн элашца гӀумкий, чергазий, суьйлий, гӀебартой, эдагий, ногӀий ма атта хӀиттира, и хӀун ду хаьий шуна, аьлла ас хьаттича, баккхийчу наха жоп лора суна: «Мансур Ӏеламча вацара; амма иза санна маттана шера, хабарна говза, куьце стаг кхин хила йиш яц. Цуьнан майралла, хьекъал, низаре хаза куц, меттан говзалла, шен дешан да хилар — и дара адам цунна тӀедерзийнарг...» ХӀетахь шун паччахьо юьхьанца чӀогӀа сий деш тӀеэцна хиллера иза. ТӀаккха, вигна набахте кхоьссина. Ши-кхо шо далале оцу чохь къиза велла. Цундела сайна а изза хиларна со кхерарх бехк ма биллалаш.

Шемал, юха доккха са а даьккхина, букъа тӀехьа ши куьг диллина, хьалха дӀаволавелира. Цуьнан букъ кху тӀаьхьхьарчу деношкахь хаъал хьаьвзича санна хийтира Богусловскийна.

— Хьо кхера эшац, Шемал, — элира цо Шемале. — Шайх Мансур, хьой цхьаъ ма вац.

Шемал, саца а сецна, Богусловскийна тӀевирзира.

— ХӀунда?

— Цунах кхета хӀумма а хала дац. Шайх Мансур тӀаьххьара минот тӀехӀотталц летта тхох. Ша ламанхоша дӀатесча, туркойн гӀопе Анапе а вахана, цигахь а. Латар ша ду. Инарла Гудовича гобича, оцу гӀопахь шен коьртехь кхабунчукан паша Мустафа-паша а, цуьнан кӀант Батал-паша а волуш, туркойн Ӏаламат дукха эскар, яккхий тоьпаш яра. Амма хьалхарчу дийнахьехь кхераделлачу Мустафа-пашас сацам бинера, дуьхьало ца еш гӀап Гудовиче дӀа а елла, шен эскарца караваха. Оцу хенахь Анапе нисвеллачу шайх Мансура и ца дайтина Мустафа-паше. Мухха делахь а, иза шен буйна а воьллина, цуьнга ехха дуьхьало яйтира Мансура. Ткъа вейтта эзар тӀемалочуьнца ший паша кера веъча шен буйнара тур охьа ца диллина Мансура. ГӀап эккхийта дагахь хьаьштиг карахь, молха чохь долчу ларми чухьаьдда воьду иза тӀебеттабеллачу салташа схьалаьцира.

— Шен нохчий хиллий цуьнца? — хьаттира Шемала, Гунибехь цхьа кӀеззигчу нохчашца, оьрсийн гуо а хадийна, Нохчичу вухавирзина БойсагӀар дага а вeсана.

— Кхоъ стаг. ХӀинца хаьий хьуна цуьнан императорски йоккхалло Екатеринас иза набахте хӀунда кхоьссина? Мансур — ша велла дӀаваллалц Россин мостагӀа вара, ша эзар шерашкахь вахарх тхоьца машар а хир боцуш. ШолгӀа делахь, шайн махкал арахьа цхьаннe а ца вевзаш жаӀу бен вацара. Ткъа хьо дерриг дуьненна а вевза. Цундела, тхан государ императора а, оха массара а сий до хьан. Тхан государан сийлахь йийсар волу хьо кхера ца оьшу Мансурах хилларг хьайх хиларна.

СапаргӀатдаьллачу Шемала, вела а къежна, букъ нисбира.

— ХӀетте а, лаац суна кху шун махкахь суо дукха вуьсийла.

— ХӀунда?

— Сайн доьзалх кхоьру со.
— ХIунда?
— Кхузахь, керстанашна юккъехь хьебелча, сайн цхьа зуда юха а иза шен хьалхалерчу дине ерзарна. ТIаккха иза сох дIа-къаста йоккха юкъ а ца юьсу.
— Шуанат юха керста дине йоьрзур ю аьлла шек-м вац хьо? — зуьйра иза Богусловскийс.
Шемала корта ластийра.
— Хаац, зударийн хIума хийцалуш ду. Iехабеллий бу. Ткъа иза соьца дуьстича хIинца а бер ду...
— Иза керстан дине йирзича кхобур ярий ахь?
Шемала куьг тесира, жоп ца луш.
— Тховса со хьошалгIа кхойкхург мила ву?
— Инарла барон Николай. Вевзий хьуна?
— Нохчичохь дукха ярташ хIаллакйина цо. Кхана новкъа довлуш хилча, дукха хан яйа ца лаьара суна. Вай хьалххе цIа догIу хIума леладелахь. Цул сов, пондар локхуш хир буй цигахь? Ишта, тIе пIелгаш тухуш локху бокха пондар?
— Хила там бу.
— ХIета, жимма Iийр ду вай цигахь!

## VII

Шемал даймахках къастийна шо а ца даьллера хIетахь, амма оцу йоцачу ханахь иттех шарна къанвеллера имам. Юьхьанца Iедало шен бина гIайгIа а, терго а кIез-кIезиг шеллуш санна хетара Шемална.

Кху Калугехь, хьалхара денош дIадаьлча садаIа а, ойла ян а шорта хан йисира Шемалан. Оцу цхьана баттахь кхузахь хIара ган вогIург веана а, хьошалла дийриг чукхайкхина а ваьлла, хIинца шен кIезигчу тонна юккъехь висира. ХIоккхуна лерла тIечIагIвина пристав капитан Руновский, хьалхалера полковник Богусловский, ши талмаж.

Руновскийн декхар дара хIора денна Шемалца къамел а деш, имаматан къаьмнийн, цхьацца адамнийн амалех, гIиллакхех, Iедалех, тIеман гIуллакхех лаьцна цунна хуург схьадийцийтар а, иза дIаяздар а. Доцца аьлча, шен Iедал цигахь чIагIдан правительствона оцу махках, къаьмнех хаамаш оьшура.

Руновскиний, Богусловскиний гIезалойн мотт хаьара Шемалца къамел дан. ХIетте а, церан хеттарш, жоьпаш нийса гочдан хIоттийна ши стаг вара: правительствон цIарах цхьаъ, Шемалан накъостех важий.

ХIинца дуккхахйолу хан Кавказах а, цуьнан къаьмнех а, Шемалан Iедалан чолхе йоцчу чархах а, тIеман гIуллакхех а, динах а, Iеламчийх а, наибех а лаьцна къамелаш деш дIайоьдура кхузахь.
— Стенах кхоьру шу? Кавказехь гIаттам хиларний? ХIинца

Кавказ Калугехь ма ю, — шен некха тӀе куьйган нанапӀелг хьажабора цо, забаре вела а воьлуш. — Цигахь гӀаттам хиларна кхерам бац шуна. Нохчичохь цхьа а стаг вац гӀаттамна коьрте хӀотта хьовх, и хила лууш а. ДегӀастанахь веккъа цхьаъ ву сан меттиг дӀалаца ларор волуш. Кибит-Махьма. Соьга гӀоьртташ ДегӀастанахь дош лелачу цуьнан, халкъ пӀатто а, цуьнан коьрте хӀотта а ницкъ бу. Амма, суна хетарехь, хӀокху карахь йолчу хенахь цо иза дийр дац. Шена пайда хир боцу гӀуллакх доло сонта вац иза.

ДегӀастанан лаьмнашкахь виичу, кху тӀаьхьарчу ткъа шарахь нохчийн хьаннашкахь ваьхначу Шемална зинданах тарлора муьлхха а гӀала. Гаттий урамаш, тӀе-кӀел дина цӀенош, сесий санна, лела адамаш. Цундела бӀаьста а, аьхка а, гурахь а шен сагатделча, гӀалел арадовлар доьхура цо Руновскийга. Калугана гондӀара меттигаш дукхе-дукха тера яра Нохчичоьнах. Цигахь санна, юькъа, лекха хьаннаш, гунаш, хиш...

Шеца беана жима куз бай тӀе а баржийна охьахиира Шемал. Улло охьахиира ГӀеза-Махьма а.

— Кху хьаннашка ваьлча, суо Нохчичу кхаьчча санна хета суна, — элира цо бӀаьргаш хьабдина. — Оцу юккъера хӀинций-хӀинций сан майра нохчий схьа а лелхар бу, тӀаккха со а эцна лаьмнашка уьш дӀа а гӀур бу, бохуш, ладоьгӀу ас...

— Кхуза-м богӀур бац хир бу уьш, амма ткъех дошло цхьана а кхетий Тавкрополе, Аштаркхана боьлхий, цигара хӀонц йохьуш хӀума-м дора цара. Жимма а гергахьа хилча, и хьуна хетарг цара ца дер олийла а яцара.

Шемал вист ца хилира. Цуна наб озийна моттаделира кӀантана. ХӀара шиъ юьстах хӀунда ваьлла хаьа Руновскийна, талмажаш а улло ца гӀерташ дехьо севцира.

— Иттех шо хьаьлха-м дан а тарлора цара иза, — ши бӀаьрг ца боьллуш, вистхилира Шемал. — Шаьш сох тешачу хенахь.

— Цара хӀинца а вуьтур вацара хьо тесна.

— Хаац.

— Уьш оьзда нах бу. Ямартло, къизалла, кӀиллолла — и кхо амал яц оцу халкъан. Й шайн оьздангалла данма шайна бале йолу царна. Кхечу къаьмнаша эккхийнарг, гӀаддайна веънарг шаьшлахь дӀатарво. Атталла йийсаре балийна оьрсийн салтий а шайга иисбой кхобура. Цара доладинарг, церан шуьнахь ваьжнарг юха царна бале волуш меттиг а иислора.

— Вайша санний? — ши бӀаьрг биллина, кӀанте хьаьжира иза.

ГӀеза-Махьмина ца гира ден бӀаьргаш чохь йогу цӀе. ОьгӀазлонна елахь а, хьогӀана елахь а, я цабезамна елахь а. Шаьлтанан батта кӀел доллу урс схьа а даьккхина, цуьнца гӀаж шаръян хӀоьттира ГӀеза-Махьма.

— Хьуна ас бакъдерг олийла лаахь, вайша а. Суна дицлац сан ворхӀ шо долуш вешан суьйлаша лелхийна махках даьхна вай нохчаша тӀелацар. ХӀаъа, ткъа хьан угар тешаме бу бохучу, хьоь-

ца Нохчичу баьхкинчу накъосташа новкъахь цхьа къурд бан хи ца делира суна. Хьо хьуо вара хIетахь хьайна тешнабехк бинчу нахах бокхам нэцна лаарх вуьзна. Нохчаша хьуо хьалаайнча, ахь ШоIипе, Джоватхане омра дира...

— Нохчичу богIу дегIастанхой талабе, нагахь уьш Iеламчаш белахь, байа аьлла, — чекхдаьккхира Шемала кIентан дагара.

— Амма хьуо кога ирахIоьттина ваьлча, ахь диццира иза. ДегIастанхой тала-м муххале а ца байтира ахь, мелхо, вуьшта а лаьттан къоьлла хIоьттинчу нохчийн махка тIе суьлий баха ховшийра. Цига богIу Iеламчаш байа-м муххале а ца байира ахь, мелхо а уьш хьайна улло озийра. БойсагIар бакъ ма лоьра хьоьга. Оцу ткъа шарахь оьрсашца бинчу тIеман дукхах йолу йозалла нохчийн белшаш тIехь лаьттира, уьш бара даима вайшинна тешаме лаьттинарш. ХIетте а царех цхьа а стаг хьайн диване охьа ца хаийтира ахь. Нохчичохь дегIастанхой наибаш хIиттабора ахь, амма цкъа а, цхьа а нохчо ДегIастанахь наиб ца хIоттийра. Ахь даррехь вайчаьргахьа озабезамаш бора. Хьан оцу амало дегабаамаш бойтура цаьрга. Цхьаберш хьох тешамза а бовлура...

— Дукхахьолахь нохчийн шайн бертахь хIиттабора ас цига дегIастанхойн наибаш, дибираш а. Нохчийн наибашна хала дара шайн нохчашна тIехь Iедал латто, нийсо ян. ШариIатехь цара хьукма дича, цаьрга мостагIалла, чIир хьайора бехкечун дерриг а тайпано. Ткъа кхечу къомах волчу наиба, дибирас шайна тIехь динарг дерриг могуьйтура. Хьуна ма моьтта атта дацара оцу къармазечу къомана тIехь Iедал латто.

Шемал, бIаьргаш а хьаббина, ойланца хьомсарчу лаьмнашка вахара. Хоьрцура ПаьххьарчУ ткъе пхеа шеран денош. Хьамзатбек дIаваьлча ша ДегIастанан имам кхайкхор. Цигарчу мехкадайша а, царна тIаьхьа хIиттинчу цхьайолчуярташа шена дуьхьало яр. Нохчийн баьччанийн гIоьнца ша цигахь чIагIвалар. Ахульго. Ведда Нохчичу вар. Цигахь даьккхина ткъа шо а. Оцу ткъа шарахь нохчаша ша айина латтор, церан махкара дIаваьлла, юха ДегIастанан махка тIе ваьллачу кхоалгIачу дийнахь шен махкахоша ша талор, Гуниб...

ХIаъа, бакълоь ГIеза-Махьма. Юьхьанца Шемалан ойла хилира шена ямарт хиллачу дегIастанхойн мехкадайх, царна тIаьхьахIиттинчу яртех а нохчийн гIоьнца бекхам эца. Ша ДегIастана воьлуш шена ха дан нохчий буьгура цо, ткъа Нохчичохь дIаса воьдуш шена улло дегIастанхой бохура. Амма дукха хан ялале иза кхийтира шен гIалатах. Нагахь маршонехьа къийсаман кхиам хила оцу шина мехкан халкъийн барт а, вовшашка тешам а хила безарх. Даима олаллахойн буйнахь лаьттинчу дегIастанхошна тIехь Iедал латто хала а дацара Шемална. Халанаш а, карзахенаш а нохчий бара. Цкъа а цхьаннен а Iедална кIел латта ца Iемана. Цундела, диллина дIа церан ярташкахь таIзарийн эскарш латто дезара цуьнан.

Шайн маршо ларъян гӀерташ, даима тӀамехь лаьттинчу нохчийн Ӏеламнах кӀезиг бара. Цундела, нохчийн бераш Ӏамо Нохчичу ДегӀастанара молланаш балабора цо. Царна юкъахь йоза-дешар даржо а, къоман кхетам лаккхабаккха, шариӀат чӀагӀдан, низам латто, уьш шена муьтӀахь бан а Ӏалашо йолуш.

Майрачу, хьуьнаречу, нуьцкъалчу къонахчух бӀаьрг бузара нохчийн, амма стиглах корта хьекхалуш иза велахь а, коьрте а воккхий, цунна муьтӀахь хуьлий ца совцура. Царна хӀоранна а ша оцу стагал лахара а, лаккхара а ца хетара. Шемална карийнера нохчочун дегӀан мела пха — дин. Майрачу, хьуьнаречу, хьекъалечу къонахчуьнга ла ца дугӀура цара, амма мелла а дешна волчу Ӏеламчин дош дала аьлларг дара царна. Кхераме воцург лаккхавоккхура, улло озавора Шемала. Амма адам шена тӀаьхьа дига хьекъале а, майра а, хьуьнаре а волу Ӏеламча генахь латтавора.

Ша Нохчичоьнний, ДегӀастанний имам чӀагӀвелча, цо, кӀезкӀезиг тоттуш, юьстах теттира Ташу-Хьаьжи ал-Саясани. Ткъа, халкъо дийцарехь, оцу хьалхарчу шарахь Ташу-Хьаьжина мара а кхетта, аьлла бохура Шемала: «Сох имам вина шайх Ташу-Хьаьжа, ахь сан бинчу аьттонна дала ял йоцуш вуьтур вац хьо, цо даржехь лаккхавоккхур ву хьо...»

Оцу хьалхарчу деа-пхеа шарахь хӀаллакьхилира Ташу-Хьаьжа, ШоӀип-Молла ал-ЦӀонтари, Уди-Молла ал-ГӀордали. Царел тӀаьхьа Нохчичоьнан гӀарабевлла молланаш Сулейман-эфендий, Мохьмад-Эмин Малхбузе Кавказан лаьманхошна юкъахьажийра цо. Сулейман-эфенди, цигара цӀа а вирзина, Шемална дуьхьалвелира. Цо халкъе дӀаккхайкхийра, Шемалан Ӏедал, цо дӀакхоьхьу некъ къорӀаний, шарӀаний нийсса дуьхьал бу, ткъа дагахь иза ванне а бусалба вац, бохург. ГӀараваьллачу нохчийн моллин, Шемалан юкъаметтиг нигӀича хьалхарнг эца гӀоьртира оьрсийн эскаран командовани.

**Инарла-лейтенанта Лабинцевс**
**инарла-адъютанте эла Воронцовга:**

**«Хьалха ас хьан сийлалле ма-яздарра, вайн аванпостехь тхойшиннан хиллачу дуьххьарлерчу цхьанакхетарехь Сулейман-Эфендис соьга элира, Шемала дӀакхоьхьу некъ а, цуьнан Ӏедал а КъорӀанний, шарӀанний нийсса дуьхьал ду, цундела шен бакъо яц иза къобалван а, цунна гӀо дан а, шаьшшиннан юкъаметтигаш галъевлла, ша цунах дӀакъаста герга ву. Иштта цунна резадацар шега къадийна шен доттагӀий болчу Шемалан герггарчу хьехамчаша Джемал-Эддина а, Казикумухски къедас Мохьмада а. Нагахь вайн правительствос шайна Макка дӀадаха бакъо лахь, аьтто а бахь, шаьш Шемал дӀатосур ву, шарӀаний, къорӀаний дуьхьал цо лело гӀуллакхаш Ӏорадахарца халкъа юкъахь цуьнан сий а дожор ду. Амма дӀабаханчу беттан 22 дийнахь буьйсанна ши сахьт до-**

луш тхойшиннан шозлагIа хиллачу цхьанакхетарехь оцу шиннах лаьцна сецна дош ца элира Сулейман-Эфендис. Шена и шиъ ганза дукха хан ю, цаьршиннан дагахь хIинца хIун ду хаац шена, бохура. Шех дерг а шина даггахь дерзийра. Шена-м дера, Макка дIаваха ма лаара, амма цига воьдучу даьлча ша вайгахь вала веза, ткъа иза оцу некъехь шен дан йиш яц. Дийцарехь, Шемала цунна тIе доккхачу жоьпаллин гIуллакх диллина. И чекх ца доккхуш дIавахча, цо а, наха а ша ведларг, кIилло лорур ву бохура. ТIаккха ас хьаьттира, хIетталц нохчийх а, Шемалх а лаьцна тхуна къайлах хаамаш лур барий цо. Сулейман-Эфендис иза аьттехьа а ца дитира. Ша цкъа а ца хилла мотт тухуш, я хир а вац. Ша Шемалца ийгIина ваха гIерта Макка, ткъа шен халкъаца, Даймахкаца галваьлла ваха ца гIерта цига, амма хьаьнцца ийгIича а, шен ямарт хила йиш яц, элира цо...»

Амма Сулейман-молла эххар тIаьхьа Шемална дуьхьалвелира.

Мохьмад-Эмин вуха ца вирзира Нохчичу. Эдагийн къаьмнашна коьрте а хIоьттина, Шемал йийсаре вигначул тIаьхьа а цигахь массех баттахь цо кхиамца дуьхьало йира оьрсашна.

Мохьмад-Эмин шена вукхарел кхераме а ца хетара Шемална. Иза чIогIа муьтIахь вара имамана. Цунна тешалла ду, Малхбузе Кавказехь ша дина гIуллакхаш цо Шемалан цIарах дар а, туркойн султана шена яийтина байракх а, мидалш а цо Шемална яхьийтар а.

Шемал вехха Iийра бIаьргаш хьаббина. Цуьнан месала хьаьрса цкъоцкъамаш цкъацкъа дусалора, хьаьжа юккъе шад гуллора, юха цхьа чIогIа лазар тоьхча санна юьхь чIачкъара, гIоддах тIе таIийнчу бIаьргийн негIаршна юккъехула къорам хиш схьаIовдалора.

ГIеза-Махьмин керара гIаж цо цистина чIешалге йирзира. Иза ша а вара ойланийн кIорге вахана.

— Ас цхьа хьехар лур ду хьуна, кIант, — бIаьргаш ца боьллуш, вистхилира Шемал. — Паччахьалла дагна кIедачу, къинхетамечу нехан гIуллакх дац хьуна. Паччахь нийсо еш хила веза. Иза цуьнан декхар ду Далла хьалха. Адам тайп-тайпана амалш йолуш ду. Цхьаболчаьрга хаза ала деза, вуьш човхо беза, важболчийн коьртах куьг хьакха деза, вукхеран кортош даха деза. Нохчийн наибаш, Iеламчаш ас диванс хIунда ца битара бах ахь? Шен жа юкъа берзалой хьан хоьцур яра? Хьо-м оха вина стаг вай, бохуш, тIехбеттамаш беш, дош ала вуьтур вацара цара со. Цхьа декъаза кура амалш ю нохчийн а. Церан коьртехь воллушехь, сайна суо когашкахь хетара. Хьайн дагахь изза дацара алал ахь? Дара. Цул сов, стаг шегахьа озанза а ма Iац. Сайна мел тешамза хиллехь а, суна дукхаеза ДегIаста. Вайн суьйлий а. Сайн даймохк а, сайн халкъ а...

* * *

Хьуьнахула кхерсташ лелла вогIу Руновский, Шемална тIе-

чIагIвина лор Кричевский, Мохьмад-Шафий, Хаджияв нрзо тIехь гучувелира.

— Дерригсина бехке Шемалан зуда Зейдат яра, — дуьйцура Хаджиявс.

— Цуьнан хIумалгаш дара Кибит-Махьма а, Албаз-Дибар а Шемалца галбаьхнарг. ХIара Шемалан ши йоI Нафисат, Фатимат юьхьанца Кибит-Махьмас шен шина кIантана схна барт хилла лаьтташ дара. ТIаккха и захало кхечу агIор делира. Цхьаъ — Кибит-Махьмин кIанте, важа — Албаз-Дибиран кIанте яхийта сацам хуьлуш. Амма Зейдат ша ши йоI шен вежаршкий бен маре лур яц аьлла, дуьхьалъелира оцу захалонна.

— Цунах муха кхета веза? — цецвелира Руновский. — Зейдата шен ши йоI шен шина вешнга муха ло? Суна хезна хIума ма дац иза: стага шен йишин йоI ялайо, йоI ненавешега маре йоьду бохург? ТIехула тIе, зударшца йолчу агIонна шу ламаройн гIиллакхаш чIогIа а ма ду. Масала, нохчийн. Цара гергарниг хьовх, шайн тайпанах зуда а ца юьгу.

— Нохчийн, тхан гIиллакхаш цхьаьна ца догIу. Масала, царна юккъехь сагIа доьхуш, цхьанна чухIоьттина стаг хилац. Церан иза доккха эхь ду. Тка тхан, цхьаццa тукхамийн, сагIа дехар, нахана йолах болх бар тIехтохаме дац. Дуьйцуш воллурий со-м. Хьуна ма хаъара, Зейдат молла Джемал-Эддин йоI ю. Амма Шемалан и ши йоI Зейдата йина яцара. Воронцов лаьмнашка веанчу шарахь еллачу Шемалан зудчо ПетIмата йина яра и шиъ. Ткъа хIинца тхоьца кхузахь болу Нафисатан, Фатиматан марой Iабдурахьман, Iабдурахьим нанас дена бина Зейдатан вежарий бу. Зудчунна луург дохо ца ваьхьначу Шемала шен ши йоI шен стунвежаршка маре елира. ТIаккха Кибит-Махьмас, Албаз-Дибарий дуйнаш бинра, Шемала шайна йина юьхьIаьржо цунна екха. Цара иза йиткхира стохка, оьрсашкахьа а бевлла.

— ХIета, Зайдатан буйнахь хилла-кх Шемал?

— ХIаъ, — корта таIийра Хаджиявс. — Шен лехамашца цо шен бертаза ор охкура Шемална кIел. Цо Шемалан Iедална дина зулам суна санна дика хаахьара, эла Барятинскина санна, Зейдатана фельдмаршалан чин лур дара шун паччахьо.

— Нуьцкъала стаг хиллений хьан десте, — Мохьмад-Шафигахьа вирзира Руновский. — Хьоьца муха яра хIара?

Мохьмад-Шафис куьг ластийра.

— Мухха хилча а хIун дара. Муьлхха десте мерберана санна яра-кх. Хаджиявс нийса боху. Тхан дена хууш а, ца хууш а дукха талораш дира Зейдата. Нанбашкахула бахархошкара ясакх гулйора. Шемална а ца хууш цкъацкъа цуьнга шега омра а дайтора. Ткъа Шемална ца хаьара зудчо ша мича вуьгу.

Хийра нах герга кхочуш шаьшшиннан къамел сацийра Шемалий, ГIеза-Махьмассий. Ши кIант шена цхьатерра дукхавезахь а,

амма хIокхуьнга санна, Мохьмад-Шафига шен дагара-м ца дуьйцура Шемала.

— Наб кхетта-м вац хьо, Шемал? — Шен керара плащ бай тIе а яржийна, цунна улло бертал охьавижира Руновский. — Баккъал яц а ю хIара меттигаш Нохчичоьнах тера. Геннахь гуш лаьмнаш цахилар бен. Тапп ша цигара хьаннаш, гунаш, хиш... Жимма хабаре ваьлча хIун дара-те вайша, дукха кIад-м ца велла хьо?

Шемал дегаза кIегархиира.

— Ас хIун дийца лаара хьуна?

Руновскийс, ойла а ца еш, жоп делира:

— Хьан Iедална кIел бес-бесара къаьмнаш дара. ХIораннан шен-шен мотт, амалш, гIиллакхаш долуш. Суна хетарехь, ахь Iедал массарна тIехь цхьатерра ца латтадора. Адамаш ма хуьлу баш-башха. Цхьаъ хьаста, важа човхо везаш, кхоалгIаниг, къамкъарг лаьцна, буйнахь латто везаш. Муьлхачу къомаца муха юкъаметтиг лело еза оха? ГIаттам мичхьа хила тарло?

Шемал, куьйга корта а лоцуш, пхьаьрсан гола а гIортийна, дIатевжира.

— Хьалхалера боккха тIом кхин хиларна кхерам бац шуна. Ас хьалха ма-аллара, Кавказ хIинца Калугехь ю. Сан меттиг дIалаца ницкъ болу веккъа цхьа Кибит-Махьма вохкалуш ву. Кхин хIума дац. Бакъду, юьхьанца, кег-мерса гIовттамаш хилаза Iийр бац. Амма Уч-коьз, Орбел Лазар цигахь мел ву шуна кхерам бац. Оцу кхаанна дика бевза ламарой а, церан мохк а. Ламарой кога кIел латто дарба хоьтту ахь? ГIаттамана дуьхьал уггар тешаме дарба — бехкечийн кортош дахар ду. Шайна жимма а дуьхьало йиичу нехан кортош церан ярташкахь, адам гуллучу я дукха дIасалелачу урамашка, некъашка хьоккхаш тIе дохка.

— Тхан Iедалца, къоман гIиллакхашца ца йогIу и тайпа къизалла...

Шемал велавелира.

— Тхан Iедал а, къоман гIиллакхаш къиза ду ала гIерта хьо? Оха йийсаре лецначу оьрсийн эпсарша соьга кхин дуьйцура. Масала, шун Iедало шена дуьхьал бевлла нах ирх ухку, ворданан шина чкъурга юккъе боьхкий дуьхь-дуьхьал хьийзош, я са говре цхьаццa агIор дIаса ийзабойтуш меженаш вовшах йохуш, дийна боллуш цIергахь багош, Iай ша кIел хи чу туьйсуш къиза бойу, бохуш. Адамана тIехь и акха къизалла лелочул, зуламхо цкъа тоьхна корта а баьккхина вийна дIаваккхар гIолн ма ю. Тхан Iедало лелийнарг къизалла яц. Къизалла хIун ю сан кхетамехь? Нагахь паччахьо, цуьнан Iедало халкъана, я къаьсттинчу адамашна тIехь харцонаш лелаяхь, халкъ лоллехь, Iазапехь далладахь, иштачу паччахьна Iедална дуьхьало йиичу, я бехк-гуьнахь доцу адамаш таIзарш деш хьийзадахь оцу паччахьо а, Iедало а лелориг къизалла ю. Ткъа халкъо къобал дина тIеэцна пачхьалкхан нийса низамаш талхош, бусалба динах, адамаллин гIиллакхех, оьздан-

галлех боьхна, халкъан сий дойуш, халкъана зуламе бевлла лелачу къушна, ямаргхошна, кхечу зуламхошна луьра таІзар дар иза Далла а, халкъана а хьалха паччахьан а, Іедалан а декхар ду. Бусалба дино а, шариІато а, халкъо а сайна тІе диллина и декхар кхочушдан гІиртина со. Иза ас ца динехьара ламаройн пачхьалкхан оьмар цхьана шаре яьлла хир яцара, ткъа дуьненахь а нуьцкъалчу пачхьалкхана дуьхьал цара ткъе пхеа шарахь йина турпала дуьхьало ткъе пхеа дийнс яьлла хир яцара. И низам дара церан бартбинарг, и барт бара царна ницкъ белларг. Ткъа ламарой шайн лаамехь адамаш хилар дуьненна а хаьа.

Руновскийс ойла йира.

— ХІан-хІа, Шемал, цхьана хенахь лелийна тхан Іедало и ахь иийцина къизаллаш. ХІинца иза дойла яц. Тхаьшна дуьхьало йина ламарой ссылке бахийтича?

— ДІаваьллахь дІа, — корта хьовзийра Шемала. — Уьш шун оьрсашна, немцошна дика ю. Ткъа тхан ламарошна шайн цІахьчул цигахь тоьла. Суна дика бевза ламанхой. Іожаллех-м ца кхоьрий уьш. ХІор денна шайна гучу. Амма баьккхина корта гар ша ду. Ас царна хІун дора хьуна аьлча, Іедална дуьхьало йинчу стеган тухий корта а боккхуьйтий, хьокха тІе богІийтора иза. Цигара уьш дІа ца дахийтора ас, юьрто сайга дехар ца дича. Доцца аьлча, сайн Іедалан бух нехан даьхначу кортойх боьттинера ас. Изза хьехар шуна а до. Ткъа къаьмнех дерг аьлча, цигарчу къамнашлахь майраллица, доьналлица, къармазаллица хьалхарчу меттехь нохчий бу. Царна юккъехь а ду карзахе тайпанаш. Масала, шайн карзахаллица хьалхарчу меттигехь бу гихой. ТІаккха ГІойл дехьара дерриге тайпанаш а. Царна тІаьххье беной, харачой. Амма уггара къармазенаш беной бу. Ерриге а хьовр-зІовр цигара йолало. Цигара дІа Нохчичухула а долий, ДегІастана дІадаьржа дов. Цундела, шайна Кавказехь синтем хила лаахь, уггар хьалха Нохчмахкахойн хьаннаш, цхьа кол ца юьтуш, хьакхий, ягаяй дІаяха.

Кхин а ду шуна цхьаъ. Оха Бир-коьз олу бенойн БойсагІар дийна мел ву, церан ярташкахь машар хиларе догдохуьйла а яц шуна. Майра стаг ву иза, шел майраниг кхин хуьлийла доцуш. Ас ши мидал еллера цунна. Гунибехь шуна тІе ван со воьлча, суна дуьхьалвелира иза. Ца олуш хІума ца дитира. Ша дехарш дарх, кхерамаш тийсарх со вуха ца волийла хиъча, нахана хьалха дуй биира цо, шен белшаш тІехь корта мел бу и ши мидал дІа йоккхур яц ша, оьрсашна дуьхьал тІом а сацор бац ша, аьлла Цундела боху ас, БойсагІар царна юккъехь мел ву беной шуна тІебоьрзур бац. Ткъа иза, ша вен ца вехь, шуьца машар бийр болуш а, дийна кера вогІур волуш а вац. Дисничу къаьмнех хІара аьлла ала хІума дац. Іаьндой дов дезаш нах бац. ДегІастанан къаьмнех цхьадерш совдегаршна кхоьллина бу. Цигахь гІаттам хиларна кхерам бацие а бац шуна.

Ша ла а дугӀуш, тӀаккха талмажашка юха а дуьйцуьйтуш, Руновскийс доцца дӀаяздора Шемалан хабар.

— Ткъа сан Ӏедалх, таӀзарш дарх аьлча, уьш хуьлура къамнийн амалшка хьожжий. Масала, дегӀастанхошна таӀзарш дан ца оьшура. Уьш цхьа а тайпа дуьхьало йоцуш муьтӀахь хуьлура ас даьккхинчу хьукматана а, шайна тӀе хӀиттийнчу хьаькамашна а. Цхьа хьарк ца талхош кхочушдора цара шайна тӀе дехкина декхарш. Ткъа Нохчичохь дерриг нисса юханехьа нислора сан. Карзахе, цӀий сиха, шайн лаамехь болу нохчий цкъацкъа дийнна ярташ сох дӀа а къаьстий, оьрсашкахьа бовлуш меттигаш хуьлура. Сан Ӏедал вон ду, оьрсийн Ӏедална кӀел шайн аьтто хир бу бохург-м дац хир дара иза. Шайн сонталла цхьа пайда боцург схьа а лоций, бухъхьа бовлура-кх. Нийса дерг аьлча, сайн Ӏедал Нохчичохьчул чӀогӀа а, луьра а латтадора ас ДегӀастанахь. И нохчий дукха чӀичӀ болу дела, суо церан белшаш тӀехь а ларьтта дела, уьш сайна тӀаьхьара бовларна кхоьруш, сайн Ӏедал царна тӀехь мело латто гӀертара со. Масала, ДегӀастанахь наибаш айсса хӀиттабора ас, ткъа нохчашка юьхьанца шайга харжийтора уьш. ТӀаьхьа, со уьш сайггара хӀитто волча, весаш хила юйлира тхуна юкъахь. Иза мел дика велахь а, ас хӀоттийнчу наибана реза ца хуьлура нохчий. Шайна иза бӀаьрга а гале, муха ву а хаале, карзахбовлура. Царна юккъехь ас даьккхинчу ткъа шарахь цхьа де-м ца деара цара цхьанхьа суна дуьхьало ца еш. Лаац-кх царна цхьана а Ӏедална кӀел совца. Царел карзахе, синтем боцуш сонта адамаш дуьненахь кхин хила йиш яц. Цундела, царна тӀехь шайн Ӏедал хӀоттош дика ойла елаш. Иза чӀогӀа хила деза, маӀа санна. Керла гӀаттам хилийта ца беза цигахь. Адам эрна хӀаллакьхир ду.

Шемал, коьрта кӀел куьйгаш дохкуш, юха а аркъалвелира. Цкъацкъа хаза а хеташ лора цо Руновскийна и хаамаш. Амма тахана дог ца догӀура. ГӀеза-Махьмица хиллачу къамело догдохийнера цуьнан. Ша оьгӀазе я догдоьхна хилча, шен дешан дола ца далора цуьнга Ала ца дезарг олуш, ала дезарг дуьсуш меттигаш йогӀура. Цунна хетарехь, тахана а дийцина цо дийца ца догӀуш, къайлехь латто дезарш.

— ХӀара, Шемал, оцу хьайн экзекуционни эскарех алахьа, — хаьттира Руновскийс.

Оцу дашах Шемал а, цуьнан талмажаш а кхето гӀерташ дикка хан яйира цара. Эххар а Шемал кхийтира цуьнан маьӀнех.

— ХӀаъ, схьахетарехь, ас аьлларг ду-кх иза! — велавелира иза. — Ӏедалан хьукма талхочу ярташка эскарш дигна, таӀзар дар. Ас лакхахь ма-аллара, ДегӀастанахь ца оьшура и тайпа эскарш. Уьш ас диллина Нохчичохь латтадора. ДегӀастанхойх вовшах а тухий, даладора. Нийса дерг аьлча, ДегӀастанан лаьмнашкара нах ледара тӀемалой бара. Шайн лаьмнийн хьелашкахь-м дика летара, амма нохчийн аренашка, хьаннашка бевлча ницкъ бовра. Цуя сов, цига нуьцкъала бало а безара уьш. Цундела царех вовшахтухура

ас таIзарийн эскарш. Церан декхарриӣ? Хала дацара. Нохчийн каразахъяьллачу юьрта дуьгий, хIораннан керта пхиппа-ялх-ялх ламаро охьахаавора. ТIамо чIанабаьхна, вуьшта а къелла къикъ боьллачу нохчашна хала ма дара, наьрташ санна болу ламарой кхаба, ткъа хIорш бийшар-гIовттар, даар-малар бен кхин гIуллакхах тухуш куьг доцуш, шен вархIий ден баьрчче кхаьчча санна, наргIатбовлий Iара. И юрт берта яллалц. ТIаккха и эскар цигара дIадоккхура.

Царна жхача латторал а нохчашна халаниг церан боьха Iар, бухарчийн гIиллакхаш царна цахаар, хуург тергал ца дар дара. Цундела, сихха уьш юьртах бахархьама, бахархой шена къерахуьлуш хилар а дийцира Шемала.

— Ма-дарра аьлча, таIзарийн эскарш вовшахтоха дагадеанарг хIара ГIеза-Махьма вара, — кIантехьа корта ластийра Шемала. — Хьайн хан нисъеллачухула цуьнга дийцийта ахь. ХIаъ, кхин цхьаъ дицдина ас. Харачойх лаьцна ала. Царел харцхьара адамаш, баккхий къуй кху стпгална кIел хила йиш яц. Беной, цIонтарой, харачой а тоьар бу хIара дуьнe дакъо. ДегIастанахь вохийча Нохчийн туьша иккхина со дуьххьара Нохчмахка воьссира. Амма, цигахь ца соцуш, ЧIебарла (ШубутIа олу цунах) вахара. Нохчашна шаьш элий ма хета. Оцу Iовдалчу амалца билгалбуьйлу нохчмахкахой. Цара мегарг дог ца эцна ма вахара со ЧIебарла. Кхузара нах бодане бу. Iу воцчу бежах тера. Хьоьга кераIамабелчхьана, ахь аьлларг дийр долуш. ХIора итт-итт боьрша стаг ас декхарела винера вовшех жоп дала. Масала, жима а, доккха а шен лулахочуьнгара даьлларг шен нанбана тIе кхачо. Оцу хьоле хIиттийна уьш къайлах цхьа барт хилла суна дуьхьал я оьрсашкахьа бевр бу бохург хьехочохь а дацара. Бакъду, мел гIертарх соьга ца дохаделира церан цхьанца гIиллакхаш, амалш. Мел барт бацахь а, вовшашна гIо дора цара. Динца дерг а ца леладо кхечу бусалба къаьмнаша санна. Масала, тхан ДегIастанахь а, кхечу бусалба къаьмнаша а закат, мархин сагIий маьждигана, молланашна ло, ткъа нохчаша шайн мискачарнии, боберашний, жоьра зударшний доькъу. Атталла, йийсаре балийна салтий а ца бохура сагIин декъах. Кхечухьа массанхьа а ас дIадаьхнера самукъане ловзарш, ткъа нохчашка уьш дитийта ницкъ ца кхечира. Цхьанхьа ас шаьш гулдича, суна хIуьттаренна санна уггар хьалха хелхарш долалдора цара. Дика волучунна когаш юккъе тапчанаш а етташ. Самукъне къам ду. Мел боккхачу бохамс эгарх, шайн забарш йиттац.

— Суна хетарехь, и халкъ кхин кхераме хуьлучуьра даьлла. Кху тIаьххьарчу бIешарахь кхетта цамгар дIа ца йолуш, барт ца хуьлуш, эххар хIаллакьхир ду иза, я ша доккха делахь а, кхечийн цIоганехь лаьттар ду, — элира Руновскийс.

— ХIаъа ткъа. Ахь нийса боху, капитан. Къаьсттина кху тIаьхьарчу ткъа шаро, ангали санна, аьтта, кескаш йина дохийна мацах шкъа буто хилла и халкъ. Амма хаалаш, вовшашца мел ца

тарлахь а, арахьарчу мостагIчунна бертахь дуьхьал бовлу шуна уьш. Цундела, йиллина терго латто еза нохчашна тIехь. Бартхила уьш ца буьтуш. Шел тоьла стаг ца веза нохчочунна. Напахь ахь цуьнга, и хьан лулахо хьол тоьла олу-кх, шеко яц хьуна, иза цунан мостагIа хир ву-кх!

— И харачой тIебирзирий хьуна?

— Мичара! Хулхулойн чIажахула стаг дIасавала-м дера ца вуьтура. Хьуна ма бевзий Нохчамахкахула ДегIастана боьду некъ? Шелара хьала Веданахула, Хорачухула дIа, Iаьнда. Нохчичу шайна ялта дахьа йохка-эца богIучу дегIастанхоша денна аьрзнаш дора соьга харачоша шаьш оцу чIожахула дIасадовла дитац, царна таIзар дахьара бохуш. ТIаккха уьш лаххьийна тхайн цига а кхалхийца, цхьацца-шишша доьзал юьртана кхачош, и ДегIаста мел ю баржийра ас, ткъа Харачу йохийра. Цхьана ханна дIатийра аьрзнаш. Амма жимма Iийча ДегIастана массо юьртара схьаэха дуьйли-кх уьш. Ахь кхуза кхалхийнчу нохчаша къолаш деш, нах бойуш, садаIа дитац шаьш бохуш. Кхин хIун дийр ду а ца хиъна, шайн махка бухаберзийра ас уьш. Ва валлахI, иштта сол тоьлла ма севцира и харачой!

* * *

Тховса Шемал волчохь хьаша ву. ДегIастанара веана суьйли, ашилтахо Мохьуммад. Калуге шен ваша Парамонов волчу хьошалгIа веана иза. Парамонов штабс-капитан ву. Мацах цкъа оьрсаша Ашильта дIалоцуш хIетахь жима бер долу Мохьумадан ваша Хьасан-Хьаьжа салташа дIавигнера. ХIинца цунах эпсар хилла. Оьрсийн Iилма а, мотт а хууш. Оьрсийн фамили а, цIе а, зуда а йолуш.

Нохчичохь гIаттам хилла бохуш хабарш хьалха а хезнера кхузахь. Амма ма-дарра дийца стаг воцуш Iийнера. Мохьуммада деана цигара хабар. Цуьнга лерина ладоьгIу Шемала, ГIеза-Махьмас, Руновскийс, Кричевскийс, Мохьмад-Шафис, Хаджиявс, Iабдурахьмана, Iабдурахьима.

— Беноша болийра и гIаттам, —дуьйцура Мохьуммада. — Хьан майрачу наиба БойсагIара. Гунибехь оьрсийн эскарийн гуо а хадийна, масех нохчочуьнца вуха шайн хьаннашка вирзинчу цо герз охьа ца диллира. Амма беной цунна тIаьхьа ца хIуьттура. ТIаккха шен бIоца полковник Пейзулин Алибек вахара Бена. БойсагIар схьалаца гIо дийхира цо беношка. Амма цара иза тергал а ца вира. Тхуна и БойсагIар оьшуш вац, хьайна эшахь, айхьа лаха, лаца элира. ТIаккха полковника цаьрга дIахьедира, нара шена гIо ца дахь, ша уьш охьэжхалхориг хилар. ТIаккха гIаттам болабелира.

— Маца? — хаьттира Шемала.

— БIаьстенан юьххьехь.

— Даим санна, шайн хьаннашкахь гIа дукъделча бовлу нохчий карзах. ГIа доьжча аьтто буху церан.

— Церан амалш-м дика Iоминера тхуна! — велавелира Руновский.

Шемалан наибаш хилла БойсагIар, Солтамурд, Атаби, Iумма а коьртехь Нохчмахкахь а, Органца хьала а болабеллачу оцу гIаттамах хаамаш, Петербургехула хьовзабой, Руновскийга кхачабора. Амма капитана, шен йийсархошна дIакъадор бен, ма-дарра ца дуьйцура Нохчичохь хуьлуш дерг. Цигахь гIаттам хилла аьлла хезчхьана, чамбайнера Шемална. Цунна моьттура ша дIаваьлча Нохчичоь а, ДегIаста а коьрте хIотта стаг воцуш юьсу. Малхбузе Кавказехь Мохьмад-Эмин дуьхьало яхъялар а новкъа деара цунна, Шемал йийсаре вахана шо кхочуш доллу, ткъа Кубанал дехьарчу ламанхоша хIинца а тIом ца сацийна. Нохчичохь иза юха болабелла.

— ТIаккха Чертков цIе йолчу кхечу полковника БойсагIарна тIе векалш бахийтира, эрна цIий а ца Iенош, каравола аьлла, —дуьйцура Мохьуммада. — ХIокхсран къамел кешнашкахь хилла. Ишта-ишта хьал ду, дуьхьало ярх хьо тоьлар вац, полковника каравоьху хьо аьлла шеца къамел дича, БойсагIара, чарташ тIе пIелг а хьажийна, аьлла: «Оцу чарташка дийцийша шаьш деана гIуллакх. Царна хаза а мега аш дуьйцург».

Шомала дозаллица бIаьрг кхарстийра чохь болчу нахана тIехула.

— Бойсанпар таш-адам [1]! Суна дика вевза Бир-коьз! Гунибехь дуй биънера цо шен белшаш тIехь корта мел бу оьрсашца тIом бан. Ткъа иза цкъа а ца вуху шен дашах. Дика делахь а, вон делахь а, шена дагадеанарг до. Iумма, Атаби, Солтмурд — уьш кхераме бац, кхерамениг Бир-коьз ву. Амма иза а гIур вац гена. ХIинца Iа доьр ду, тIаккха чекхдер ду цуьнца дерг а. Бакъду, дийна керам вогIур вац шуна иза. Цо нийса аьлла Чертковн векалшка, БойсагIаре дуьйцучул чартийн тIулганка дийцар гIоли яра. ХIокху ГIеза-Махьмина дика вевза хьуна иза. ХIокхуьнан цкъа гIуллакх деана цуьнца.

Кхузахь Шемала деррнг ца элира Атабех лаьцна. Шемална хетарехь а, вуьшта а, Ташу-Хьаьжий, ШоIип-Моллий, Юсуп-Хьаьжий, Сулейма-Моллий — уьш дIабевлча Нохчичохь вгтар кхерамениг Атаби вара. Майраллица а, хьуьнарца а шелахойн ТIелхаг лакхахь-м вара цул. ТIелхаг, ШоIип — теман ши стратег вара, ткъа Атаби майра, хьуьнаре наиб хиларал совнаха, вокха Iеламча вара. Иза майра стаг хиларна тешалла дара, 1848 шеран 11 августехь шен доьзалца «ведда» оьрсийн лагере а веана, кхузахь нийса шина кIиранах лерина разведка а йина, цIеххьана иза лам чу дIавахар.

Шемал озалора Атин Атабех. Шен дагахь. Иза майра наиб хиларал сов вокха Iеламча а хиларна. Атаби вокъана, даим цамгаре хиларна, иза шена кхераме хетара Шемална. ТIе, Атаби ша Iала-

---

[1] Таш-адам — тIулг адам (гIумкех).

мат оьзда стаг вара, башха дуьненан хьал ца лоьхуш . ТӀаьхьа ша Порховехь ссылкехь волуш паччахье ша язднчу кехаташца а гайтира цо и шен амал.

ШемалгӀеран и къамел хилале цхьа масех бутт хьалха, Ӏаьнан цхьана шийлачу дийнахь бенойн хьаннашкахь тӀаьххьара сахьташ чекхдовлуш дара БойсагӀаран турпалчу къийсаман.

Гунибехь Шемална ша делла дош кхочушдеш, Нохчмехкан ярташ гӀовттийна шина шарахь гергга турпала дуьхьало йнра цо кхузахь шен ког гӀортийна чӀагӀдала гӀертачу паччахьан Ӏедална.

Шина шарахь гергга юха а сийначу цӀарах егира хьалха хиллачу иттанаш шерашкахь лаьттинчу тӀамо йитинчу овкъаршна тӀехь юха меттахӀиттийна нохчийн миска ярташ. БойсагӀара кхузахь болийнчу гӀаттаман цӀе ДегӀастана а кхерстира.

Нохчмахкахь а, Шотойн лаьмнашкахь а и гӀаттам къиза хьошуш коьрта куьйгалла деш вара Ичкерин округан начальник инарла Кундухов.

Паччахьан эскарша сийсочу Нохчмахкахь гатте хьовзийна БойсагӀар бенойн ярташна уллочу ломан БӀаьлла-хьех цӀе йолчу тӀулган хьехахь тӀаьххьара туш карийна къовлавелира. Цуьнца вара ши кӀант ТӀахӀир, Олхазар, йоӀ Лада, иза яхана нуц Муна, цаьршиннен диъ-пхи шо хенара кӀант Гарба, Мунин вежарий Солтмурд, Хаммурад, церан нана Довба, гӀалгӀа Малцаг а.

ХӀорш левчкъина меттиг юьйцуш мотт бина, паччахьан эскар далош Ӏуьйранна кхуза кхечира бенойн луларчу цхьана юьртан юьртда.

— БойсагӀар! Солтмурд! — мохь туьйхира оцу юьртдас. — ХӀара ас далийна эскар гой шуна? ХӀокхул уьттазза алсам кхин тӀе догӀуш а ду. Шу дийна, я декъий дай тӀе даладе аьлла омра дина инарлас. Схьаарайовла оцу Ӏуьргара, салораш, кӀелхьарадовла некъ бац шуна!

СолтмурдагӀарна вевзира и тешха нохчо. Божарий цкъа шина зудче, тӀаккха вовшашка хьаьвсира. Ладас къевллина шен некха тӀе таӀийра карахь Ӏуьллу жима кӀант. Чов хилла Ӏуьллу БойсагӀар вист ца хилира, церан дагара ца хиъча. Амма цо сацам бинера ша бахьана долуш и исс адам хӀаллак ца хилийта. Къена Довба кхийтира хӀоьттинчу хьолах.

— Варийлаш, кӀентий, кхералой оцу гаурийн кара ма гӀолаш, — элира цо сацам боллуш. — БойсагӀара шен йоӀ а, аш кхааммо шайн нана а ма кхоаелаш. Иштачу дийнахь сайна юьхькӀам болуш далийта дина ас шу. Вало, Солтмурд, жоп ло оцу тешхачу зуьдана!

Шен тоьпан а, доьхкарх йоьллинчу шина тапчин а мокхазаш, лергара молха а теллина, хьехан берте а вахана, охьа чу мохь туьйхира Солтамурда.

— Тхо дийна карадогӀур дац, тӀом болабе ала оцу къорзачу

эпсаршка! Ткъа хьо Сега бохучу кхахьпанан дог ас пах-даттаршца схьа ца даккхахь сох Солумгерин йоI аьр ахь!

Хьеха вуха а веана, накъосташка вистхилира Солтмурд:

— ТIамна кечло, кIентий. Бабас а, Ладас а яссаелла тоьпаш, тапчанаш а юзур ю.

ЦIерна хьалха даржнийчу вертанна тIехь горгвелла Iуьллу БойсагIар халла охьахиира.

— Дуьхьало яр эрна хир ду, Солтмурд. Машар бийца цаьрца. Со шайга дIавелча шу маьрша дуьтур ду цара. Вайца шиъ зуда а, жима бер а ду...

Солтмурдан буьрсачу хьажаро къамел сацийра цуьнан.

— Дала ойла тхан а яц, БойсагIар. МостагIийн декъашна тIехула некъ буьллуш кIелхьарадевр ду вай. ХIоъ-молха кIезиг ду, цхьа а хIоъ эрна ма бахийта. ТIаьххьара хIоъ-молха дисча, шаьлтанаш яьхна чухьолхур вай.

Лаха чохь, ломан когашкахь, йоккха йоцчу майдана гуллуш бара салтий. Царех цхьана тобанан карахь дехий гIуркхаш дара, баххьаш кхадаза.

— Цхьа а вен ма велаш уьш, — омра дора Кундуховс. — Уьш хьехара арабевлча тIе гIуркхаш детташ схьалеца.

Ши эпсар хьалха а волуш басех хьалагIоьртира салтий. Хьехара дуьххьар тоьхначу тоьпаша и ши эпсар а, виъ салти а вожийра. Цкъа юха а бевлла, тIаккха бертал бегна, тIулгашна тIехьа а лечкъаш, текхаш хьалагIоьртира уьш. Шиний агIорчарна зен ца хуьлуш сохха кхиссарш йира. Хьеха чохь болчийн хIоъ-молха кхачош доллура.

— Муна, Хаммурд, ашшиммо вайн нана дIаялае, ткъа ТIахIира а, Олхазара а — БойсагIар. Малцаг, хьо суна улло хIотта. Охашиммо салтий сецошшехь, аьрру агIор чудисса. Цигахь некъ маьрша бу.

КIоргачу лайлахула халла гIулчаш йохуш тарха тIехула дIабуьйлабелира уьш. БойсагIар шен шина кIанта айбина вуьгура, ткъа Муна а, Хаммурд а шайн ненан цхьацца пхьарс лаьцна вогIура. Гарби ги а тоьхна царна тIаьхьа гIертара Лада. Га тесна баханчу салташа дIакъевлира царна маьрша бисина и цхьа болу цхьа некъ а. Салтий гIуркхаш лестош дуьхьал хьаьлхира, амма бевдда богIучара тоьпаш, тапчанаш етташ тIе ца буьтура уьш.

Эскар далош веанчу нохчочо Кундуховн лере а вахана цхьаъ элира.

— Йоккхачу стагана топ тоха! — омра дира Кундуховс.

Хьалха вогIучу шина салтичо шайн карара гIуркхаш охьа а тийсина, кочара тоьпаш схьа а яьхна, йоккхачу стагана тIе а хьажийна цхьатерра тоьпаш туьйхира. Шина кIанта юккъе лаьцна яло Довба «Я, АллахI!» — аьлла мохь болуш, настаршна тIе охьаяхара. Хаммурдан белшах ов туьйхира.

— ТӀалхаш! Бабина топ кхетта! — хьалха воьдучу Солтмурде кхайкхира Муна.

Герз охьа тесна, нанна гонах хьаьвзира кхо кӀант. Оцу юкъах пайда а эцна, салтий БойсагӀар карахь ломах хьалагӀертачу ТӀахӀирний, Олхазарний тӀаьхьабевлира. ТӀекхиъначу цара гӀуркхаш тоьхна охьа а вожийна, тӀебеттабелла, букъа тӀехьа куьйгаш дихкира цаьршиннен.

Некхах топ кхеттачу Довбин халла хезаш мохь оьхура.

— ТӀалхаш, Муна... Хаммурд... Со а йите... кӀелхьарадовла... Дийна... я елла... наха со дӀаюьгур ю...

Гира кӀант охьа а тесна, дена а, вежаршна а гӀо дан гӀерташ, салташна буйнаш бетташ, церан яххьех мӀараш туьйсуш летара Лада.

Дехьо лайлахь, мела цӀий оьхуш, Іуьллура луьра чов хилла Малцаг.

Юьстах, деггелц лайлахь лаьттара ахверзина Гарба.

Солтмурда шена тӀера схьаяьккхина кетар лай тӀе а яржийна, къилбехьа а ерзийна оцу тӀе охьайиллира са дала хьийза нана. Цо са дӀаделча цуьнан меженаш дӀа а нисйина, юьхь тӀе башлакх а тесна, вежаршка вистхилира Солтмурд.

— Аьтто агӀор бердах чу а лилхина кӀелхьарадовла деза вай!

— Ненан дакъа а дитина кӀелхьара муха довлу? — элира Хаммурда куьйга чов хилла белш къуьйлуш.

— Вай даларх нана денлур яц. Церан кара дахча а денлур яц. КӀелхьарадовла деза. ХӀара йиййначех а, ойтинчех а, БойсагӀар лаьцначех, лацийтинчех а бекхам эца.

Лекхачу тӀулган бердехьа дӀахьаьдда воьду хӀорш кхоъ гай, настарш цӀийъелла лайлахь лаьттачу Гарбина тӀенисвелира. Мунас, катоьхна схьа а эцна, кара нийцира шен кӀант.

— Охьатаса кӀант! — ваша човхийра Солтмурда. — Салташа цунна хӀумма а дийр дац.

Гарбас ден лаг маракъевлира. Муна воьхна хьаьвзира, амма воккхачу вешин омра кхочушдан а дезара.

Охьатесна Гарба лайлахь лаьттара, уьш кхоъ лекхачу бердах чу тиллалц царна тӀаьхьа а хьоьжуш воьлхуш. ТӀаккха, шена герга кхочуш бохкучу салтех бӀаьрг кхетча, охьакхетта Іуьллучу попан гӀода кӀел вуьйлира. Цхьана салтичо озийна попа кӀелхьара схьаваьккхина каранийцира иза. Гарбас цуьнан бетах тӀара деттара, юьхьах мӀараш туьйсура. Салти воьлура. ТӀекхиъначу кхечу салтичо шекаран бӀелаг кховдийра кӀанте, амма цо куьг тоьхна дӀакхоьссина бӀелаг лайлахь къайлабелира.

Ткъа и де тӀекхаччалц, иттаннаш шерашкахь оьрсийн гӀарабевллачу инарлашна буьрса дуьхьалонча хилла лаьттина, халкъан маршонехьа къийсамехь заьІап хилла майра, къена БойсагӀар, уллохь тӀехьа куьйгаш дихкина ши кӀант а, маьхьарца йоьлхуш йоӀ

а йолуш, Дела воцург кхин накъост а воцуш, мостагlаша толаме маьхьарий детташ, айбина дlавигира...

Бойсагlар, Тlахlир, Олхазар, Гарба, Лада а масех баттахь Хаси-Юьртарчу набахтехь латтийра. Тlаьхьа, хlинца килс йолчу майданахь ирхъоллира Бойсагlар. Шина салтичо дlа лаьцна, цхьана кога тlехь дуккха а лаьттира иза, мах белча а цунна кlелхьара гlант дlадаккха стаг ца волуш. Эххар а, цхьана ламарочо мийра тоьхна дlакхоьссира цунна кlелхьара гlант.

Ша хьала кхозавалалс, шена коьртара баьккхина куй, майдана гулдинчу адамашка хьалха лаьттачу шина кlанте кхоьссира Бойсагlара:

— Хlокху сан куйнан дола делаш, ши кlант! Цуьнан сий ма дайалаш!

Тlахlир а, Олхазар а ткъаткъа шераш хенаш а тоьхна Сибрех вахийтира. И хан яьккхина цlа веана Тlахlир еххачу хенахь Веданахь, округан начальник волчохь, талмажан болх беш lийра.[1]

## VIII

1860 — 1861 шерашкахь Нохчмахкахь болийна Органан лакхешка баьржина гlаттам хьаьшча цуьнан куьйгалхой — чов хилла Бойсагlар шен шина кlантаца, йоlаца, йоьlан жимчу кlантаца Бена гена доццуш цхьана хьехахь схьалецна, йийсаре бигира.

Бойсагlар ирхоьллира Хаси-Юьртахь, хlинца килс йолчу майданахь.

Малхбале Нохчичохь гlаттам эшча, Бойсагlаран накъост Солтамурд Органца хьала а вахана, Атабех, lуммих дlакхийтира.

Цигара гlаттам хьаьшча, 1861 шеран 14 ноябрехь оьрсийн командованина ша тlевахара чов хилла Атин Атаби. Цул тlаьхьа нийса бутт баьлча, 14 декабрехь, инарла-адъютантана эла Святополк-Мирскина тlевеара Дудин lумма а.

Бенойн Бойсагlар ирхъоьллира, ткъа важа шиъ маьршачу ссылке хьажийра: Атаби — Порхове, lумма — Смоленске.

* * *

—Ас каравалор вара иза,—элира Гlеза-Махьмас, сацам болуш.
— Суна дика вевза иза.

— Муха? — хаьттира Руновскийс.

Гlеза-Махьма дела дlахьаьжира. Шемал кlадвелла гира цунна.

* * *

Гlеза-Махьминий, Бойсагlарний юккъехь деанарг хlун хилла хаа

[1] Гарба кхелхина 1944 шарахь нохчий махках баьхначул тlаьхьа Киргизехь. Лакхахь яздинарг Гарбин кlанта Увайса дийцина авторе.

сагатделла Руновский, шолгӀачу дийнахь шаьшшиъ тӀеттӀа ма кхеччи, оцу тӀе вирзира.

— ХӀара, ГӀеза-Махьма, хуӀн дара хьуний, БойсагӀарний юккъе деанарг?

Бурсанечу акхтарга кӀел лаьттачу, чуьйнан когаш болчу дезчу гӀанта охьахиира ГӀеза-Махьма.

— Охьахаа, капитан, — шена улло аннех куьг туьйхира цо. — Бир-коьзан а, сан а юкъаметтиг хьотту ахь? Изий бен шех со хьоьгуш стаг вацара Кавказан лаьмнашкахь. Оьрсаша Ведана дӀалацале, дена тӀе мотт беара бенойх теша мегар дац, аьлла. Шекваьллачу дас масех бӀе стагаца цига хьажийра со. Шена тӀе беана хаамаш а талла, беноша лелориг хӀун ду а хьажа, нагахь шега бина мотт бакъ карабахь, амалтана царалара уггар цӀе йоккху нах а балабе, аьлла. ХӀара беной шаьш цхьа сонта амалш йолуш нах ма бу. Дас ма-аллара, Нохчичохь массо дов цигара дӀадолало, иза ун хуьлий цкъа ерриге Нохчичу, тӀаккха ДегӀастана, тӀаккха массо лаьмнашка дӀасадаьржа. Уьш ямартлонна кечбелла ца карийра суна, амма цара цхьа доьхнарг дахь аьлла, амалтана нах къасто вуьйлира. Мила вара царалахь уггар майра а, цӀе йоккхуш а, лоруш а? БойсагӀар. Амма нрча, заьӀап, юьхь морзгалмоьнаша, чевнаша къарзйина, цхьа бӀаьрг, цхьа пхьарс, цхьа ност йоцуш волу. ШайтӀанан сурт ган луург цуьнга хьажа везара-кх.

«— Майра лом Бир-коьз, ас лаьцна сайца дӀавига веза хьо», — элира ас цуьнга.

«— ХӀунда?» — хаьттира цо цхьаъ бен боцу бӀаьрг суна тӀе а боьгӀна.

« —Имаман омра ду. Бенойх тешац иза. Амалтана нах балабе аьлла соьга».

БойсагӀар велавелира соьга а хьаьжна.

« — КӀант, хӀокху йоьхначу заманахь хьан да шек ву массарех а. Массо шена ямарт хила кечвелла Ӏеш ву моьтту цунна. Амма цунна моьттуриш дерриш а бакъ дац. Нохчичоь дӀаяьлла. Яьгна. Ткъа шарахь яьгна. Чим хилла. Тхан наибаша герз охьадиллина. Амма иза ямартло яц. Цара, оьрсашкахьа бевлла, Шемална дуьхьал тӀом бийр бац. Ткъа айса дерг ас алац хьоьга. Аьлча, хьуна моьттур ду, ас иза хӀокху минотехь хьайн дех кхеравелла, хьаставелла эли. Кхин ду цхьаъ. Ткъех шо хьалха, хӀинца хьайниг санна куьце дегӀ дара сан. Атталла, тӀера цхьа мерцхаг а даланза. Мех карша а къуьйсуш. ХӀинца хьуна гуш ву-кх со. Гауршина тӀамехь заьӀап хилла. Хьан ден дуьхьа ца летта со царех. Тхайн халкъан, маршонан дуьхьа, бусалба динан дуьхьа. Церан дуьхьа летта тхан дай, хьан дай, цуьнан дай дуьнена а бовлале. Хьан да, хьо дӀаваьлча а летар ду. Вуьшта, хьайна а эхь дацара хьуна, со гуьйриг айбина Ведана вахча? Ас ямартло ярна кхерам бац шуна. Ас-чул хьалха ашшимма йийр ю иза».

Ас ойла йира. ТӀамо верина хӀара заьӀапхо лаьцна воьду со ги-

ча наха хIумма а дика ниг эр дац суний, сан дений. ТIехула тIе хIара ямартло ен йолчу адамех а вац. Ойла йина, иза а витина кхин масех стаг лаьцна, Ведана вухавирзира со. Бир-кьоз хIунда ца валийна, хаьттира соьга дас. «Со теша цунах, — жоп делира ас. — Цул сов, и къармазе беной совцалур болуш стаг изий бен вац. ХIун гIуллакх ду оццул майра наиб царна тIера дIаваккха».

ГIеза-Махьмас доккха садаьккхира.

— ХIаъ, капитан, майра стаг а, къонаха а ву БойсагIар, — дуьйцура цо. — Суна чIогIа дукхавезара иза. ХIинца санна суо куц долуш ца хилийта, и санна заьIап хуьлуьйтур вара ас. Чевнаша эрчадаьккхина цуьнан куц, деган майраллий, син оьздангаллий товш дара вовшашца. Соьга хаьттича, цул куц долуш къонаха Кавказан лаьмнашкахь ца хилла! Юккъехула аьлча, Бир-коьзана со везара...

* * *

Калугехь Шемалца доцца цхьанакхетар хилира Петербурге веана Кавказе юха дIавоьдучу Мохьмад-Эминан.

Мохьмад-Эмин чекхваллалц тешаме висира шен имамана. Калугера дIа Шемала кехаташ кхехьнйтира цуьнга, оьрсашна дуьхьало яр эрна ду, тIом сацабе, бохуш. Цо аьлларг а дина, 1859 шеран 20 ноябрехь шеца шн эзар дошло а волуш, оьрсийн лагере веара Мохьмад-Эмин. Иза коьртехь волуш абадзехаша дуй бира Россина даима муьтIахь хила.

Мохьмад-Эмин гIуллакхаш а дацара вон. Россин гражданственность тIе эццехь а, туркошца йолу юкъаметтигаш ца малйинера цо. Шина аттах декхачу эсан санна, гIуллакх тоделлера цуьнан.

ХIара цхьанакхетар башха довха а ца хилира имаман, цуьнан наместникан. Ша Шемал мел лерахь а, амма кху тIаьххьарчу шерашкахь ша цул нуьцкъала а, лакхара а хетара Мохьмад-Эмина. ХIара мосазза а хиллера Стамбулехь, даккхий гергарлонаш тасаделлера туркойн тIеман а, пачхьалкхан а деятельшца. Султанаца шеца цхьанакхетарш а хилира цуьнан. Ткъа Шемална уьш цхьа а бIаьрга ца гина. Уьстамала мичхьа ю а ца хаьа.

Оьрсаша вон тIе ца ийцира Мохьмад-Эмин. ХIетте а, шен дуй къарбина, тIаьхьа ведда Турце дIавахара иза.

* * *

Оцу шерашкахь кест-кеста даймахкара хабарш кхочура Шемална. ХIора керлачу хабаро керла чов йора цуьнан къеначу дагна.

Нохчийн керла гIаттам къиза хьашар а, БойсагIар ирхъоллар а хиъча, иза Iаьткъина, масех дийнахь цхьанцце къамеле ца волуш кхоьлина лийлира иза. БойсагIар шеца мел кIоршаме хиллехь а, цо даггара лорура и майра, говза тIемало-баьчча.

ТIаккха цхьанна тIаьхьа кхин дохьуш хабарш деара ДегIаста-

нера а. Нохчийн гIаттам цига баьржинера. Цкъа хьалха Iаьнда а, Гумбет а гIаьттинера, тIаккха юкъа хан йолуьйтуш, цхьаниа тIаьхьа важа гIоттуш, Ункратла, Закатал, Кайтаг-Табасаран, Ашильта, Гимра а. Iаьндой, ункартлахой цкъа шаьш хьаьшча а ца къарлуш, цхьа хан ялийтина, шозлагIа а гIевттира.

Вуьшта а цигарчу ламаройн долахь кIезиг долу латтанаш а правительствос Шемална дуьхьал шена доггах гIуллакх дийчу меттигерчу ханийн, бекийн тIаьхьешна а, эпсаршна а совгIаташ деш дIадаха дойлийча, бахархошна такха ницкъ боцу ясакх тIееттэ йолийча, кхин дIа садетта собар а ца хилла, гIевттира уьш. Ткъа Закаталехь бусалба ламарой ницкъ беш керста дине берзо а болийнера.

Цхьаццанхьа хьошуш и массо гIаттам йоккхачу къизаллица хьаьшира паччахьан инарлаша. Нохчичоьнан гIаттаман куьйгалхойх цхьа БойсагIар бен ирх ца оьллира, ткъа ДегIастанахь хиллачу гIовттамийн маситта ирхъоьллира, бIенаш Россин къилбаседехьарчу губернешка бахийтира.

Доллучул а Шемална Iеткъара и гIовттамаш хьошуш паччахьан эскаршна меттигерчу бахархойх вовшахтоьхначу милицин отрядаша гIуллакх дар. Шемал кхийринарг хили Кавказан лаьмнашкахь. Гаурш ког хецца охьахевшин цигахь. Ламарошкара маршо дIаяьккхи. Уьш керста дине берзо а гIоьрти. Ламаройн гIиллакхаш, бусалба дин сийсаздан буьйли. Къаьмнашна юккъе доьллина ца Iеш, хIора къомана юкъа а мостагIаллаш доьхки. Малхбузен лаьмнашкара халкъаш нуьцкъах туркойн махка кхалхош ду. Новкъахь, хIорда тIехь а, дIакхаьчча цигахь а мозий санна леш бу. Дийна бисинарш а сагIадоьхургийн хьелашка хIиттийна.

И дерриг а хьалхе дуьйна гуш вара Шемал. И ца хилийта гIерташ, халкъаш цхьана а тоьхна, царах цхьа буй бина и лаьмнаш гаурех лардан гIерташ, дийнахь-буса а синтем боцуш, шен дегI ца кхоош къахьийгира цо.

ТIаьххьара минот тIехIотталц дог ца дуьллуш.

ХIинца цецвуьйлу Шемал шен а, ламаройн а хьуьнарех. Оццул нуьцкъалчу паччахьца ша ткъа шарахь ларорах. Оьрсийн махкаца буьстича, хIордан тIаддамал а бац берриг ламаройн мохк. Ткъа и ламарой шаьш гIамаран арахь гIамаран буьртигал бен бац. ХIетте ткъа шарахь ларийра. Дала ницкъ беллера. Церан къийсам бакъонан къийсам хиларна.

ХIинца дIадели дерриг а. Абаде далац барт хир бац ламанан халкъийн. Иза бан хьалхалера къонахий а бац. Хила буьтур а бац Мекара а, къиза а ву мостагI.

Делахь а Шемала дог ца дуьллу. Дала гIо дийр ду шен гIийлачу, мискачу бусалба лайшна. Шайн маршо юхаерзо, бусалба дин лардан.

И цхьа бала хилла ца Iа Шемалан кийрахь. Цийсаре лаьцна махках ваьккхичхьана, доьзалехь баккхий бохамаш хилла цуьнан.

Цуьнца цхьана Калуге бэлийра цуьнан шен доьзал а, ялхой а. Верриг ткъе шиъ адам. Царах вуьрхIитта кхузахь, хийрачу махкахь, кхелхина. Доьзалера уггар хьалха кхелхира Мохьмад-Шафин зуда Аминат. ТIаккха ГIеза-Махьмин зуда Къаримат. Цул тIаьхьа ши шо даьлча Шемалан йоI, Iабдурахьманин зуда Нафисат. ТIаьххьара шиъ дIайолла ДегIастана дIаяьхьира. Диллина дIа дог Iийжадора настарш сакхат йолчу йоIа Наджибата а...

* * *

Цуьнга бехкаш доху, дуккхамма а тIехтохамца а олу, Гунибехь гаурийн йийсаре хIунда вахара хьо, и тIаьххьара сахьт тIехIоьтича герз карахь леташ гIазотехь хIунда ца вуьйжира хьо, бохуш.

ХIаъа, и тIаьххьара сахьт тIехIотталц Шемал ша а кхайкхара халкъе тIом ма сацабе, оцу дийнахь тIамехь веллачунна ялсаманийн неIарш йиллина хир ю, далла гергахь иза уггар хьурматечу даржехь хир ву бохуш. Кхайкхамех а, дехарех а гIуллакх ца хуьлийла хиъча, кхерамаш тийса а вуьйлира.

Оцу лекхачу ломахь цуьнца биснарш ши бIе бIаьхо а, пиъ йоккхатоп а, бIеннаш зударий, бераш, къена нах бара.

Ткъа ломана гуо бина итт эзар гаур а, селханлера цуьнан наибаш а бара.

Арахьара тIедан орца а дацара. Оцу тIаххьарчу ткъа шарахь цуьнан гIортор хилла лаьттина Нохчичоь а, ягийна чим бина, кIур туьйсуш Iуьллура.

**Моххьумад-ТIахIир ал-Карахи: Москон султанна тIе вуьгу имам аренга ваьлча цигарчу цхьана Iелам стага хьо оьрсашна кара хIунда вахана, тIамехь Iожалла хIунда ца лехира ахь аьлла шега бехк баьккхнча, Шемала ойла а ца еш, КъорIанна тIера аят далийра: «АллахIан лаамций бен цхьана а са долчу хIуманан са дала йиш яц», — аьлла.**

Дера, цо-м нигат ма динера. МостагIийн кара ца ваха герз карахь летта вала. Амма азаллехь синош кхуллуш Дала кхечу агIор язбина хилла-кх цуьнан кхоллам.

**Моххьумад-ТIахIир ал-Карахи: Чохь мел долчу герзаца, яккхий тоьпашца, хIоъ-молханца Ыриб гIап оьрсашна дIа а елла, Дениял ша Тандубе ниарлина тIевахара. Оьрсашна кара ца йоьдуш цхьа а гIап ца йисира, оьрсашна хьалха корта охьа ца таIош цхьа а наиб ца висира. Оьрсаша Гуниб ломана гуо бира. Цаьрца бара бевдда наибаш а, шайн лаамехь оьрсашкахьа бевлла дегIастанхой а. Шемалца бисинера мухIажарш ИбрахIим ал-Черкаси, Хьаьжа-НасруллахI ал-Кабири-ал-Куралли а, Iеламчаш Галбац ал-Карати, Хаджияв ал-Карахи, Дибир ал-Анди, Дибир ал-Хунзахи, ИбрахIим ал-Гимри, Муртади-Iела ал-Чиркави, наибаш Муртади ал-Ургачи, Гурш ал-СогратIли, ГIеза-Махьма, цаьрца ши бIе гергга тIемало а. Инарла а, оьрсийн начальникаш а, цаьрца вайн хьола-**

хой, дегIастанхойн бIо а Гуниб лома тIе хьалабевлча, шеца болу берриг а боьрша нах маьждига чу а гулбина, цкъа хьалха массаьрга а, тIаккха хIораннан цIе йоккхуш шега-шега дехарш дира Шемала. Ца дохар доьхуш, духа ца довлар доьхуш, шеца цхьаьна бусалба динан дуьхьа летта кхузахь гIазотехь далар доьхуш. Амма цхьаммо а, атталла цуьнан шен кIенташа а, реза хилла жоп ца делира цунна. Шайн доьзалийн ойла ечу цара хIорамма а дуьхьало яр эрна ду, тIом сацабе бохура цуьнга. Оьрсаша имамана тIе векалш бахкийтира, машар а бай, Шемале инарлина тIе вола аьлла. Оцу тIе тоьттура Даниила шен нуц ГIеза-Махьма а. Дуьйцура, оьрсашна тIе ца ваха йиичу чIагIонах имам вухаваьккхинарг ГIеза-Махьма вара, бохуш...

«Делан кхел ю лелларг...» — юха-юха а олура цо ша-шега.

ХIаъа, цо дукха сатийсинера, цо дагца чIагIо йинера и лаьмнаш, цигара халкъаш, бусалба дин уостагIех лардан, церан маршо ларъян. Ца хили-кх цо дукха сатийсинарг. Я цунна шен ницкъ мел бу ца хаьара, я адамаш дика девзина ца хиллера.

**ХЬАЬЖА-IЕЛА: Шемал майра а, доьналла долуш, чIогIа делах тешаш воккха Iелам стаг вара. Цул совнаха, низаре дика говр-бере а, говза иччархо а вара иза. Маса вадарх, охьатохарх латарх, нека деш къовсаршкахь цуьнца ларош стаг вацара. Халкъ а, ДегIастанан мохк а дика девзара цунна.**

Дерриг а дика дIадоьдура иза Нохчичу веанчу хьалхарчу шерашкахь. ТIаккха, масех шо даьлча...

Халкъашна-м маршо езара. Цара-м оцу маршонехьа, бусалба динехьа къуьйсура. Оцу маршонан дуьхьа бIе эзарш турпала нйгира. Амма халкъийн даггарчу лаамах, иттанаш шерашкахь бахбеллачу тIамах, адамийн бохамах, баланех, гIайгIанех пайда а оьцуш, шайна дуьненан хьал лоьхурш, гулдийраш а бевлира. Цара талхадора Шемала хIоттийна шариIатан Iедал, ламаройн Iадаташ а. Цо дуккха а шерашкахь къахьогуш цхьана тоьхна халкъаш, тукхамаш, тайпанаш дIасакъестадора. Жимма а Шемала лакхаваьккхинарг шен халкъана, тукхамна, тайпанна коьрте а хIьоттина, шен лааме вала гIертара. ХIора наибана шен виллаетехь ша эла хетара. Дера кIезиг ма бацара цунна, Шемална, тешаме, халкъан маршонан дуьхьа белларш а, бала кийчаберш а. Наибаш, дивадай а. Амма оцу вукхара лелочу ямартлонаша, хьарамлонаша бохийна хьийзабора уьш. Харц эладитанаш тIе а кхуллий хIаллакбора, я юьстахбохура.

**Хьаьжа-Iела: 1264 (1847) шеран бIаьстенан юьххьехь ДегIастанара а, Нохчичуьра а наибаш, Iеламнах, халкъо лоруш болу нах а, баьччанаш а Нохчмахкарчу БелгIата юьрта гулло аьлла омра дира Шемала. Цигахь, Шемалан кIант ГIеза-Мохьмад Шемалан тIаьхьа имам а кхайкхош, цунна тешаме хила дуй биира цара. ТIаккха халкъа юкъахь хабар даьржира, Шемал шел тIаьхьа имамалла шен цIийнан тIаьхьенехь дита гIерта, шен дарж лардаран, шена**

хьал гулдаран бен цо ойла ца йо, бохуш. Оцу тӀехула Шемална а, наибашна а, Ӏеламнахана а юккъе херо юьйлира. Шайгахь Ӏедал дезаш болчу наибаша пайда ийцира оцу галморзахаллех. Берриг наибаш шайна хьал ӀаӀо, бехке боцу а, эрна а бусалбанаш байа, харц-бакъ ца къесто буьйлира. Шаьш Шемална тешаме, муьтӀахь а ду бохуш, къайлах цунна кӀел ор охкура. Шемална ца хаара цара лелориг, амма харцонаш, хьарамлонаш лелош волу наиб шена гучуваьлча, иза мукъавоккхура цо. Наибаша имамалла дезаш бу бохуш харц эладитанаш тӀе а кхуллуш, Шемална хьалха бехке бора цӀена, тешаме, оьзда, хьанал болу наибаш а, халкъо лоруш болу нах а. Оцу эладитанех тешачу Шемала мукъабохуш, шена уллора дӀабохура шена а, халкъана а тешаме болу къонахий. Шемалан низамаш талхадора цуьнан шен кӀенташа а. Цхьа хан яьлча имам кхийтира шена тешнабехк беш хиларх, амма тӀаьхьа дара. И цамгар дукха кӀаргъеллера, цунна дарба лело стаг вацара ша дела воцург. ХӀетахь дуьйна шариӀат талхо буьйлира, хӀораммо а иза шена аьтто хир болчу агӀор хьийзадора. Шемала дӀа мел долийнарг кхиамза чекхдолура. Шемала шена герга озийначу нехан а, цуьнан хьехамчийн а дегнаш чохь суна гора хьаьгӀнаш, сутаралла, вовшашна моттбеттар, муьлххачу а некъашца шайн хьал гулдаи гӀертар а. Цара нийсо ца лоьхура, халкъан бала бацара церан. Цара дуьне лоьхура, халкъан къих шайн хьал ӀаӀадора, бусалбанийн эрна цӀий Ӏенадора...

Ткъа оьрсаша даима дӀа питанаш туьйсура халкъашна а, тукхамашна а, тайпанашна а юкъа. Бохкалурш — дешех, совгӀатех чинех а оьцура. Ца бохкалурш — ярташ, бошмаш, ялташ, докъарш, цанаш ягош, мацалла бӀарзбой шайн Ӏедална кӀел берзабора.

Сэтийсам а хилла дисира цуьнан ламанан халкъаш цхьана а тоьхна, царах цхьа буй а бина, церан маьрша пачхьалкх кхолла дагалаьцнарг а. И ойла кхочушхиллехь ларлур яра цаьрга шайн маршо. ТӀаккха цхьана а мостагӀчо ког буьллур бацара церан лаьмнашка. Оцу халкъийн барт ца бабелира цуьнга. Росси нуьцкъала яра. Цуьнан дозанаша деха ламанан халкъаш кхоьрура цунах. Шайна мел оьрсийн Ӏедал ца дезахь а, ца даьхьара Шемалан байракх кӀел хӀитта. ГӀалгӀай мосазза а гӀоьртира Россина дуьхьал гӀортта. Шемал шаьш долчу а кхойкхура. Амма церан гӀаттам сихха хьошура паччахьан эскаршa. ГӀебартой, чергазой а шегахьа бахa цига гӀоьртира Шемал, амма иза а кхиамза чекхделира. Оцу кхаа халкъа юккъехь ког гӀорттийна чӀагӀбеллера гаурш. Ткъа хӀирийн дог-ойла даима шайца цхьана динехь болчу оьрсашкахьа яра. ГӀалгӀайн а, хӀирийн а махкахь чӀагӀбеллачу оьрсаша юккъе ондда зайл тоьхна вовшех къастийнера шайн маршонехьа къуьйсу малхбалехьарий, малхбузехьарин ламарой. Оьрсашца цхьана динехь болу гуьржий Шемалехьа бевр бу бохург хьехочохь а дацара, мелхо а цара гӀо дора оьрсашна ламарошна дуьхьал тӀом бан. Ткъа гӀажарашкара гӀо хир ду аьлла Шемална цкъа а дага а ца догӀура.

Доцца аьлча, барт бацара Кавказан халкъийн. Церан элий, хьоладай а бохкабеллера Россина. Шаьш а бохкабеллера, шайн халкъаш а доьхкинера. Церан маршо а йоьхкинера, кхин цкъа а юхайоьрзур йоцуш.

Шайн маршо ларъяран дуьхьа и халкъаш тIе а ца дирзича, цуьнан шен Iедална кIел долчу халкъийн барт а боьхча, цо муха ларйийр яра ламаройн маршо? Иза ларъян гIерташ шен дахаран ткъе итт шо хан дIаелла цо. Дийнахь а, буса и деза дукъ текхош. Оцу маршонан дуьхьа тIамехь белла цуьнан йиша, хIусамнана, ши кIант а. Дийна бисинчу доьзалца махках а ваьккхина. Уьш а бу кхузахь лош кхачалуш. Тахана дийна болчех кхана хIун хир а хаац. Кхузахь, даймахкана генахь, керстанашна юкъахь, кхана хIун хир а ца хууш, цхьана дийнахь вехачул, Гунибехь валар гIоли ма яра цунна. И ца хууш ма вац иза. Амма Iожалла цуьнан кхрахь ма яц. Дала кхоьллина, ша тоьхначу минотехь цо дIа а вуьгур ву. ХIунда йо цунна Iиттарш? Шайн лаьмнашкахь, шайн доьзалшна юкъахь бехачу наха.

* * *

ХIетте а, ша гаурийн караваханчул тIаьхьа-м иза ша а дохковаьллера. Церан каравахара ша хьалхара гIулч тасарх. Баттара тур шаьлта а даьккхина, шега велург вуьйш, безчу мехах шен са дIа ца даларх.

ТIеттIа тIе цунна ницкъ беш цуьнан даг чу хьийзара и ойланаш, винчу лаьмнашна гена мел волу а.

Амма делан кхел лелла яьллера.

Ша эла Барятинскийна тIе воьдуш, дог тешна вацахь а, цо дог дохура циггара дIа, шен доьзалца, безачу нахаца ша Макка дIавахийтарс. Цуьнан кхайкхамашна, шен хьехамашца оцу ткъе нхеа шарахь эзарнаш адамаш деллера гIазотан тIамехь. Доьзалш байлахь буьтуш дай а, къена да-наноа дуьтуш кIентий а. Iускалш дуьтуш къона нах а. ХIетте а, и хала киртиг тIехIоьттича, Шемала ойла йира шен доьзалан. Гергарчийн. Безачийн а. Шен къеналлин а.

ХIинца а хазадо цунна, йийсарехь гауршна хьесталуш лела, ламаройн мостагIашкара — паччахьера, инарлашкара совгIаташ схьа а оьцу, царна дIа а ло, бохуш.

Гена лаьмнашка а хевшина и хабарш дийца царна атта ма ду. Шемал йийсар ма ву. Дуьненахь а нуьцкъалчу къоман, цуьнан паччахьан. И ницкъ цунна хаалора гаурийн доза доьчу боккхачу мехкан кIорге мел гIоьрги. Чугуевхь паччахь а, цуьнан эскарш — гича. Яккхий шахьарш — Харьков, Москва, Петербург, кхин, кхин а. Цернопшташ, хIордан кеманаш, хабар дуьйцу эчиган серий гича. Мезаша юьзна кетарш юьйхина лелачу шен нанбех тера боцу Россера хьоладай, Iедалан дай, динадай, мехкадай гича. Шаьш

муьлханиг дуур ду, муьлханиг тIедухур ду ца хууш хьоло букъбина болу.

Церан мотт, гIиллакхаш, амалш ца хууш, царна юкъа нисвелла имам, цуьнан доьзал а. Гауриш шеца мел дика белахь а, царах боцу тешам. Кхана шех а, шен доьзалх а хиндерг цахаар. Шемал а, цуьнан доьзал а мостагIчуй йийсарехь ма бара. Шайна мел ца лаахь а, цо боххург дан дезаш. Гауриийн паччахьо шега кховдийна куьг лаца а, иза шена маранккхича а, цо шена оба аьлча а, сатоха а, сатоьхна ца Iеш, цунах ша воккхаве моттийта а дийзира, цунна совгIатана дешица кхелина тур дала а дийзира. Цо хазахета ма ца оьллинера ша чохь Iечу хIусаман пенах паччахьо шена совгIатана делла цуьнан портрет. Цо дог догIуш ма ца лоьккхуьйтура Мустафе органца дийнахь шозза «Дела, паччахь Iалашвелахь» бохуш йолало хIокху Россин гимн.

Ша йийсаре лаьцначу элана Барятинскийна хьеставала а дийзира. Театре эха дог догIура цуьнан? КъорIано шена бехкам бина, ах берзиичу-зударшка хьежа? ХIора дийнахь гауриийн хьолахойн цIа хьошалгIа эха, я уьш ша волчохь тIеэца сатесна вара иза? Шемал шен лаамехь ма вацара. Иза йийсар ма вара.

И дерриг а дора Шемала цхьана Iалашонца. ХIокху гауриийн махкара дIа а ваьлла, кхузахь леш кхачалуш болчу шен доьзалца цхьана Макка дIавахийтаре сатуьйсуш. Цо сих-сиха хьехадора иза юьхьанца Богусловскега а, хIинца Руновскига. Барятинскига а хьахийра шозза. Паччахье дехаре кехат а яздира.

Амма хIинца а къаьстина бац цуьнан кхоллам. Дала тоьхна цхьа де хир ду-кх. Я Макка дIаваха, я хIокху хийрачу махкахь лаьттах ваха. АлхьамдулиллахI, иза реза ву къинхетамечу Дала динчунна.

* * *

Нохчичоьнан а, ДегIастанан а имам чIагIвеллачу хьалхарчу итт шарахь нуьре лепара Шемалан седа. Уьш цуьнан толаман шераш дара. Цуьнан цIе хьурмате, хастаме йохура оцу лаьмнашна генахь. Россехь, Европехь, тюркийн, Iарбийн халкъашкахь а, генарчу Iамеркехь а. Иза а, ламарой а къилба дара шайн маршонехьа къуьйсучу дуьненарчу халкъийн.

Цуьнан лаам кхочушбан ца ваьхьаш стаг вацара Нохчичохь а, ДегIастанахь а. Шена муьтIахь болчаьрца къинхетаме а, догдика а вара иза, мостагIашца буьрса а, къинхетамза а вара. Цундела, хьалхарчара иза лоьруш, цуьнан сий деш кхочушбора цуьнан лаам, шолгIачара — цунах кхоьруш. Халкъан и ши дакъа шен Iедална кIел латто а хаара Шемалиа.

Дийнахь-буса ах хан дIайоьдура цуьнан я диванехь шен паччхьалкхан даккхий гIуллакхаш луьстуш, сацамаш тIеоьцуш, я наибашкара хаамаш схьаоьцуш, омраш луш, дехаре я дов къастадайта

баьхкинчу нехан гIуллакххаш къастош. Цкъацкъа, уьш дерриге а, доьзал а дIа а тосий, КъорIан, жайнаш доьшуш, Далла Iамал еш, дууш-молуш доцуш, наб ца еш дийнахь-буса цхьанхьа чу а къовла-лой, холбатахь Iара. Иштта хан а яьккхина араваьлча, азлой ихоь-лина хуьлура иза. Цхьанне а ца хаара ша висча цо деле хIун доь-хуш доIанаш дора. Даима цо Деле доьхург цхьаъ дара — хIокху лаьмнашкарчу халкъийн барт бар, уьш шена а, ша царна а муь-тIахь дар, хIара лаьмнаш, и халкъаш а, бусалба дин а гаурех лар-дан шайна ницкъ балар.

ХIора пIераскан дийнахь а, марха достуш, я гIурбанан бутт чекхболуш а, хIара Шемал ган а, декъалван а Нохчичуьрий, ДегIас-танарий генарчу ярташкара дуккха а адамаш догIура Ведана. Оцу деношкахь, хIара рузбан маьждиге ваха араваьлча, урамашца ши-ний агIор хIиттина, керташний, дитташний, тхевнашний тIехь а эзарнаш адамаш хуьлура. Божарий, зударий, бераш а. Баьццара я кIайн духар а дуьйхина вогIучу Шемална тIаьхьа цуьнан йозан-ча Iаьмархан, цунна тIаьхьа имаман кIентий, тIаккха герганаш, тIаьххьара а имам ларвеш болу муртазекъаш, мурдаш а хуьлура. Маьждиге кхаччалц, юханехьа цIа кхаччалц а зуькар дора цара. Ша урамехь халкъана юккъехула чекхволуш векхалой, дог дика шиний агIор корта а туьйсуш, гIийл-гIийлачарна цхьанца-шинна дош олий вист а хуьлуш, воьдура иза. Дукхахьолахь оцу пахана сагIина кегийра ахча а доькъуьйтора.

ХIаъа, халкъо даггара сий дора цуьнан. Веза а везара. Иза шен хьекъале, майра баьчча хиларна. Цо ханийн, ушмийн, бекийн Iазапах марша баьхнера дегIастанхой. Гуттаренна а. И нес корта болу саьрмакаш хIаллак а дина. Церан мохк халкъана дIабекъне-ра. Халкъ Iазапехь далло хьолахойн низамаш а дIадаьхнера. Хьо-лахо а, мисканиг а Iедална хьалха нисвинера. Наибаша, дибираша, кхечу Iедалхоша харцонца ницкъ бина миска стаг шена тIевеъча, ниййса кхел йора. ТIамехь, я цамгар тIера да велла бисинчу доь-залла, я доьзалхо воцуш бисинчу къеначарна ахчанца, ялтица, духарца гIо дора. Муьлххачу къомах, муьлххачу динехь иза велахь а, хIара ламанан халкъаш а, бусалба дин а цо гаурех лардора. Цо оцу халкъийн барт бинера. Цуьнан гIазотан байракх кIел шайн маршонехьа къуьйсуш дара ламанан дерриг халкъаш. Цо шена герга озабора массо къомах болу нах.

ХIетте а Шемална хаара шен мостагIий буйла. Къаьсттина а бIаьрг сирла, лерг сема цо тергам латтабора Хьаьжа-Мурдана, Дениел-бекана а, Кибит-Махьмина а тIехь. Иза цкъа а тешна вацара цара шена ямартло йийриг цахиларх. Цуьнан мостагIий бара цо хIаллакбинчу ханийн, бекийн а, хьалха гауриийн паччахьан ялхойн а тIаьхьенашна юкъахь. Цо бага дуьрста а йоьллина латточу цхьаболчу наибашна а ца везара иза. Цо шайга халкъ ца таладойту дела. Шайгарчу Iедална цо доза тоьхна дела. Хьалха хиллачу ханийн а, бекийн меттиг дIалаца шаьш ца буьту дела.

Иштачаьрца машар бацара цуьнан. Иштачарех иза ларвеш даим дӀа цунна уллохь хуьлура цунна тешаме хила къорӀанна тӀехь дуйнаца чӀагӀо йина муртазекъаш, чаьлтача а. Ца вевза стаг, я ца бевза нах иза волчу баьхкича, цо цаьрца къамел деш царах хӀоранна тӀе хьажийна юьйлина тоьпаш хуьлура. Цхьаболчийн карахь баттара даьхна тарраш, шаьлтанаш хуьлура.

Цо хьокъалла доллу таӀзар дора шен пачхьалкхан низамаш талхийначарна. Къушна, кхаьънаш оьцучарна, оьздангаллех боьхначарна, зуламхошна, ямартхошна, зударий сисазбечарна. Хийланна гӀуда тоьхнера, гӀожмаш йиттинера, зинлана чохь баллийнера, кортош даьхнера. Адамийн а, халкъийн а барт бан гӀерташ. Оьздангалла, бусалба дин лардан а, чӀагӀдан а гӀерташ. Адамийн а, халкъийн а маршо ларъян гӀерташ. И дерриг цуьнга далур ма дацара цхьана догдикаллица, къинхетамца. Цундела, даймахкана, халкъашна тешаме болчарна, бусалба динехь, оьзда, хьанал болчаьрца къинхетаме вара иза, оцу некъашна юьстах бевллачаьрца къиза а вара. Ишта ца хилча цунна ткъе пхеа шарахь ларлур ма дацара и халкъаш оцу лаьмнашка гӀертачу гаурех. Барт, нийсо, оьздангалла а йоцчу, бусалба динан новкъахь доцчу, низам доцчу халкъана шен маршо ларлур ма яц. Оцу махкахь цкъа а иман, беркат, маршо хир ма яц.

ТӀаьхьарчу ткъа шарахь цхьа тайпа дӀасахьовзам боцуш оцу новкъа нийса вахара иза. Ша далла а, халкъашна а хьалха нийса а, бакъ а хиларх цкъа а, цхьана минотана а цхьа хьаьрк шек а вацара. Амма ша биначу некъан ойла ян кхузахь шортта хан хилча, оцу бехачу некъан гӀулчаш юха юста а воьлча, цуьнан бертаза даг чу шеконаш лелхара. Ша бина некъ кхиам боцуш чекхбаларна. Оцу новкъа цо дигначу халкъашна даккхий зуламаш, зенаш хилла дела. Оцу ткъе пхеа шарахь итт эзарнаш нах хӀаллакьхилла дела. Итт эзарнаш цӀа-цӀе доцуш бисарна...

«Бакъо ярий-те сан халкъийн маршонан, бусалба динан маршонан дуьхьа бохуш адамаш, халкъаш гӀазотан тӀамна а гӀиттош хӀаллакдан? Суна вуйла а ца хууш нуцкъала ма хилла гаурийн паччахь... Маса эзар велла-те оцу тӀамехь? ТӀемалой боцурш, зударий, бераш, къена нах а? Маса да-нана, доьзалхо вийна, маса доьзал тӀера да вийна висина-те? Даима йорий-те ас нийса кхел? ГӀуллакх айса къастош-м нийса йора ас. Ткъа дукхах болу сацамаш, и бехке бийраш дуьхьал боцуш а тӀе ма оьцура. Наибаша а, церан дибираша а йина кхел ас чӀагӀ ма йора. Цхьана юьртарчу дукхах болчу нахера бехк баьлча ерриг юьртана таӀзар ма дора. Бехке боцчарна а цхьаьна. ТӀаме ваха ца луучунна а. Гауршца машар безачарна а. Дийнна ярташна. И сан наибаш, церан дибираш а ма дацара маликаш. Царна юкъахь ма бара къиза а, хьарам а нах. Шайна таӀзарш дарх а и шайн амалш ца хуьйцуш. Уьш дӀа а баьхна кхин хӀиттийча а, хьалхалерчарал тӀех къиза а, хьарам а хуьлуш бара...»

Ойланаш мел ен, шекончу оьхура иза. Халкънийн маршонан дуьхьа, бусалба динан, нийсонан дуьхьа дара цо кху тӀаьхьарчу ткъе пхеа шарахь динарг дерриг а. Ойланаш, Ӏалошанаш, яьккхина гӀулч, аьлла дош. Дерриг. Пайхамара а ма бина тӀом оццу Ӏалашонашца. Шемал хир вац далла а, халкъана а хьалха бехк. Амма, цкъацкъа иза Ӏехалуш меттиг а нислора. Халкъо шен сий дича, дуьненахь шен цӀе йоккху аьлла хезча даг чу куралла а ма юссура. Иза пайхамар ма вацара, массо санна адам ма дара. Шен а, доьзалан а гӀуллакхаш деш меттигаш а ма нислора. Шен кӀентан ГӀеза-Махьмин ялхийтта шо кхаьчча, шел тӀаьхьа иза имам вита а ма гӀоьртира. Массо агӀор а шен кӀантал тоьлаш дуккха а къонахой боллушехь.

Амма цо цкъа а шен дегӀана там, шен доьзална аьттонаш, дуьненан хьал ца лехна. Иза ца везачара эладитанаш кхуллура, цо шена хьал-бахам ӀаӀабо бохуш. Иза бакъ дацара. Дера тӀамехь тӀелетарш деш яьккхинчу хӀонцах шариӀатехь шена догӀу пхоьалгӀа дакъа схьа а ма оьцура цо. Цунах оцу ткъа шарахь дикка хазна а ма гулъеллера цунна. Амма Шемалан цкъа а ойла яцара и хазна шен доьзална пайдехьа хьовзо. Оцу хазнех гӀийлачарна, мискачарна, байшна, къеначарна, заьӀапхошна гӀо а ма дора цо. Имаматана эшначу хенахь и шен долара хазна цунна дӀаяла ойла а ма яра. Оцу шен амалх а, ойланех а ца воьхнера иза кхузахь, хийрачу махкахь а. Цкъа паччахьо хӀара ша волчу хьошалгӀа валийча, хӀокхунна хьалха дашо пхьегӀаш чохь кхача хӀоттийра. Шемала сацам боллуш дуьхьало йира оцу пхьегӀашна чуьра кхача баа. ТӀаккха паччахьо и пхьегӀаш совгӀатана Шемалан цӀа яхьийтира. Амма Шемала уьш шен хӀусаме чу ца яийтира. Схьаяийтинчу дӀахьо аьлла, буърса омра дира цо. ХӀуманна сутарчу Мохьмад-Шафис, къайллах шен хӀусаме а яьхьна, дӀаловчкъийра уьш. Мацца а цкъа и къайле гучуяьлча дас шайна массарна а луьра таӀзар дарна кхеравеллачу ГӀеза-Махьмас дега дӀадийцира жимахчу вашас динарг. ТӀаккха и пхьегӀаш керта ара а яхийтина, тур детташ этира Шемала.

Шемала шайн доьзалерчу зударшка ца лелайойтура царна совгӀатана кхузахь елла дашо хӀуманаш, жовхӀарш а. ГӀеза-Махьмин шолгӀа ялийначу къоначу зудчо Хьабибата, шена совгӀатана делла безчу механ жовхӀарийн туьтеш йоӀана ловзо аганан гӀожах оьхкинера. Зударшна совгӀатана елла дарин, чилланан, бархатан а кучамаш цаьрга тӀе ца юхийта, шаьлтанца этӀийра Шемала. ДегӀастанарчу зударийн йоцу бедарш лелор дихкинера цо царна.

ХӀаъа, шен дерриг а дахарехь шен ницкъ ма кхоччу цӀена, хьанал хила гӀиртинера иза. Дела пайхамарехула доссинчу КъорӀано гайтинчу некъа нисвала. Иза оцу новкъа дӀагӀиртича пайда барий ткъа, адамаш цунна тӀаьхьа ца даьхкича? ТӀаьххьарчу шарахь ша массара дӀатаса воьлча, сих-сиха цо Ӏаьрбийн цхьана назманчан дешнаш даладора: «Цхьана стаге йохалур йолу гӀишло еш

эзар стаг го суна! Цхьана стага йиичу гIишлонан хIун пайда бу, иза йохо тIехьа латтташ масех эзар стаг хилча?» Цуьнан Iедална кIелхьара, цунна уллора дерриг адамаш ма дацара щIена, тешаме. Царна юкъахь кIезиг дацара ямарт, тешха, сутара, къиза, сонта, кIилло, къуй, кхин массо а тайпа зуламе адамаш. Иттанаш шерашкахь бахбеллачу тIамо, къелло, мацалло, бохамаша а кхоьллинарш. Адамалла, оьздангалла цкъа а шайн цIийца цахилларш а. Делах ца кхоьруш а. Шайн гайш юьзчахьана, шайн цIоканаш ларъелчахьана, хIара Шемал, даймохк, халкъ хьовха, шайн да-нана а дукхур долуш. Оцу наха кхетамехь я кхетамза яцйира ламанхойн маршонехьа къийсаман оьмар.

Буьйсанна кест-кеста дагаоьхура ша вейтина жима хан Булач, майра Хьаьжа-Мурд, шен аьтту куьг хилла латттина Юсуп-Хьаьжа цуьнан мостагIийн мотт-ишарца чуволлийтар а. ТIамна дуьхьал хьехамаш бан воьлла Кунта-Хьаьжа а хьийзавар... Ванах, цо дийлийтина оцу гIалаташа оцу адамийн къа хьарчийна доьзалца цхьана махках ваьккхина-те иза? ХIокху гаурийн махкахь баланаш Iиша?

Оцу ойланаша дено-дено къанвеш ву иза. Къоначу хенахь онда а, каде а, куьце а ву бохуш лаьмнашкахь гIараваьлла хиллачу цуьнан дегI букар хьовза доьлла. Ийсаре валийчхьана дуьйна гIина диллаза йолу еха, шуьйра маж а ло санна кIайъелла. Дуьненахь а майраллина цIе яхана дог а кIадделла. Деккъа цхьаъ дисина цуьрриг эшаза: хIорд санна кIорга, лам санна лекха цуьнан коьртера хьекъал. Иза ца эшийна гинчу халонаша а, лайначу баланаша а, гIайгIанаша а.

ТIаккха буьйса юкъал тIехъяллалц ламазаш а дой, доIийна куьйгаш хьалалоцу:

«Я АллахI, хIай сийлахь, воккха, къинхетаме Дела! Хьан лаамца шайн маршонехьа, бусалба динан маршонехьа гIевттиничу халкъаша суо имам хаьржиничу дийнахь дуьйна, ткъе пхеа шарахь хIор ламаза тIехь ас Хьоьга доьхург цхьаъ дара-кх. Айхьа хIокху халачу новкъа ваьккхиничу хьайн гIийлачу лайна халкъийн сатийсам кхочушбан, цуьнан маршо, и тхан миска лаьмнаш керстанах лардан, адамийн, халкъийн барт бан ницкъ лолахь суна. Ас дийнахь-буса а хаддаза доьхура хьоьга оцу халачу новкъахь ас харцонина боккху ког бухаозалахь, харцонгахьа дош ала волахь сан мотт сацабелахь, харцонина айина куьг лахделахь, Iблисе со дуьненах ма Iехавайталахь, сан даг чу куралла, кIиллолла а ма йоссийталахь. Оцу ткъе пхеа шарахь Ахь Моххьуммад пайхмарехула адамашна ийса некъ гойтуш доссийнчу Сийлахьчу КъорIано хьоьхучу новкъа ваха гIиртина со, Ахь кхоьллина хьан лай бен ванара со, нагахь со гIалатваьллехь, Хьо реза воцург сох даьллехь, суна гечделахь, я АллахI...»

Ткъа кьевллина тIехьаббинчу бIаьргийн негIаршна юккъехула къоррам Iийдало бIаьрхиш, цIен бос богучу беснешна тIехула охьа

а лешаш, ло саннaчу кІайчу можана юккъехь къайладуьйлура...

* * *

Йийсарехь ша доккхучу оцу итт шарахь Шемала сих-сиха дехарш дора паччахье ша Макка вахийтахьара бохуш. Амма паччахьо, цхьацца доцу бахьанаш далош, духадеттара уьш.

Паччахьан дагахь кхин дара. Росси цкъа а дог ца дуьллура дуьненан юккъерчу хІорда тІехь Герггарчу Малхбалехь шен олалла хІотторах. Балканера а, Босфоран Малхбузехьара а туркой дІабаха гІерташ мосазза тІом биннера цо Турцица. Малхбалерчу Анатолига а, Мессопотамега са а туьйсура. Афганистан а яра дагахь. ХІинца а ерриг караерзийна ца яьллера Юккъера Ази а. Ах миллион Кавказера ламарой нуьцкъахь цигара дІа кхалхийча бен ца сецца ламароша ен дуьхьало а. Ткъа Шемал дуьненахь а гІараваьлла стаг вара. Дуьненахь а нуьцкъалчу Россина дуьхьал ткъе пхеа шарахь тІом бичу ламаройн баьчча. Майра а, хьекъале а, доьналле а баьчча. Макка хьажа цІа а вахана вухавогІур ма вац иза. ВухавогІуш ДегІастана верзахь, юха а ламарой гІовттур бу Россина дуьхьал. Россица даима мосталгІалла долчу Турцехь висахь, туркоша цунах пайдаоьцур бу Россина дуьхьал. Цигахь ах миллион сов ламарой ма бу, Росси нуьцкъах шайн даймахках баьхна цига кхалхийна. Оьрсашца цкъа а машар хир боцу мосталгІий. Нагахь оьрсийн-туркойн а керла тІом болалахь, лаххара а бІе эзар тІемало хІуттур ву Шемалан байракх кІел. И бІе эзар тІемало мух-мухха а ма вац, уьш иттанаш шерашкахь оьрсашца тІамехь бахчабелла говза тІемалой бу. Доггах летар болуш а, леташ лийр болуш а.

Шоко яц тІаккха Шемала Россина дуьхьал ерриг Къилбаседа Кавказ гІатториг хиларан. Хьанна хаьа, Россин дозанца долчу кхечу бусалба халкъаша хІун дер? ХІара Шемал бусалба халкъаша «шолгІа найхамар» лоруш ма ву!

И бахьанаш дара оьрсин паччахьо Шемал Макка цавахийтаран. Цхьана агІор, Турцица а, Иранца а йолу юкъаметтигаш машаре ерзарга хьежадора цо и гІуллакх. Вукху агІор, хан мел еля Шемал къанлуш, цамгаро гІорасиз веш а вара. Ткъа къанвелла, цамгаро кІелвитина Шемал кхераме хуьлучуьра волура Россира араваьккхича.

ХІинца иза дІахеца хан тІехІоьттинера. Россин арахьарчу мехкашца йолу юкъаметтигаш а машаре яра. Кавказ а ши корта болчу аьрзунан мІарашна юкъахь йоллура. Юккъерчу Азехь а дуьхьало йоцуш хьалха дІаоьхура Росси. Уггар коьртаниг — Шемал къанвеллера. Цамгаро а, хьегначу баланаша а, гІайгІанаша а кІелвитнера.

1870 шеран мартехь паччахьо 74 шо долчу Шемална бакъо ели-

ра Макка ваха. Амма Шемал къанвеллехь а, гIорасиз хиллехь а паччахь кхоьрура цунах. Цундела, Шемал дIахоьцуш амалтана цо Россихь сацийра цуьнан ши кIант ГIеза-Махьма а, Мохьмад-Шафи а, цаьршиннан доьзалш а. Мохьмад-Шафигара кхерам бацара Россина. Шемалан доьзал Росси ссылке балийча оьрсийн эскарс гIуллакх дан вахана иза дукха хан ялале паччахьан свите вигира, тIаккха инарла-майоран дарж делира. КIез-кIезиг херлуш, ламаройн гIиллакхех хервелира, атталла цкъа а шен къоман духар а ца дуьхуш. ТIаьхьа, дуккха шераш девлча, шен йиша-ваша долчу Уьстамала вахча, церан хIусамашкахь буьйса ца йоккхуш, гостиницехь сецира.

1866 шеран 26 августехь Шемала а, цуьнан доьзало а дуй биънера Россина, цуьнан паччахьашна муьтIахь, тешаме а хила. Мохьмад-Шафис ларбира и дуй ша валлалц. Амма ГIеза-Махьмина да гахь а дацара шаьш маьрша доцуш, нуьцкъах бaййна дуй ларбан. Ша велла дIаваллалц цуьнан безам бацара Россига. ТIаьхьа, ша Турцехь вехаш, 1877 шарахь оьрсийн-туркойн тIом болабелча, цигара пхи эзар ламарочух эскар вовшах а тоьхна, оьрсашна дуьхьал тIом бира цо...

* * *

1859-чу шеран гурахь, кареташна а, цIерпоштана а тIехь къилбаседехьа беха некъ бира Шемала. ХIетахь цуьнца бара цуьнан ши зуда а, ши кIант, пхи йоI, цхьа нус а (Каримат тIаьхьа ялийра Калуге), ши нуц, йоьIан йоI а, иттех ялхо а. Цхьана а минотана даг тIера ца йолура гIайгIа, лаьмнашна гена мел довлу тIеттIа тIе теIаш. Мича дуьгу а ца хууш. ДIакхаьчча шайх хIун хир ду а ца хууш. Даккхий корталиш яххьашна тIе а оьзна, къайлах бIаьрхиш Iенадора зударша. Месала куйнаш хьаж тIе а таIийна, гIайгIане хуьлура божарий. Шайн кхоллам муха хир бу ца хууш. Масийтта шарахь ламарошца тIом бина, церан ярташ ягийна, эзарнаш адамаш дайина, хIинца оцу лаьмнашка толаме охьахиъначу мостагIчун мохк. Цигарчу адамийн ца хаьа мотт, гIиллакхаш. Ткъа хIара Шемал ткъе пхеа шарахь мостагI лаьттина хIокху мехкан. Виначу лаьмнийн, цигарчу халкъийн маршо ларъян гIерташ. Цунна шен дай мохк, шен халкъ дезарна, маьрша ваха лаарна. ХIун хир ду-те дIакхаьчча? Я къиза юьйцучу набахтехь маршонах хедийна, сийсазбеш, мацалла, я даима Iа лаьттачу шийлачу Сибрех шелонехь бойур бу-те? Я нуьцкъах керста дине берзор бу-те?

Уьш кхийринарг цхьа а ца хилира. Оьрсийн паччахьо сий деш тIеийцира. Царна шен лаьмнашкахь гIенах а ца гинчу гIаланашкахь кхебира. Деза-деза даарш дууш. Дешин, жовхIарийн совгIаташ луш. Массо агIор хIокхеран дахар самукъане дан гIерташ. Амма царна ца эшара и дерриг а. Цхьана минотана а ца дицлора генахь дисина хьомсара лаьмнаш. Цигара къелла цара хуьйцур

яцара хIокху дерриг дьуненан хьолах. Оцу лаьмнашка сатуьйсуш даьккхира цара и итт шо. Цаьрга сатийсаро хсназа къайбинера уьш, цамгаре бинера уьш.

Шемала догдиллинера шена ДегIаста юха гург хилархь. Ша Гунибехь Барятинскийна хьалха хIоьттинчу сахьтехь дуьйна. ХIетахь дуьйна цо сатуьйсург — хIокху керстанийн махкара, керстанаш юкъара дIа а ваьлла, шен ваха дисина денош цхьанхьа бусалбанашна юккъехь такхар, велча бусалбанаша дIаволлар дара. Шен доIанашца даима цо Деле доьхура шен Iожалла пайхамаран махкахь хилийталахь бохуш. Дала жоп деллера цуьнан доIанашна.

ХIинца юханехьа, къилбехьа некъ беш вара иза. ХIинца цуьнан даг тIехь яцара хьалха къилбаседехьа вогIуш хилла гIайгIа. Бакъ ду, Анапе кхаьчча Кавказан лаьмнаш гича, бIаьргех хиш хьаьлхира, легашка хIоьттинчу шодо садукъдира. Оцу лаьмнийн малхбале йистошкахь ю ДегIаста. Иза вина юрт Гимра. Гергара нах, цуьнца оцу ткъе пхеа шарахь халонаш лайна бIаьхаллин накъостий. Цунна уллохь леташ беллачийн кешнаш а...

Россе йийсаре буьгуш Шемалца хилла доьзал а, накъостий, ялхой а берриг бацара цуьнца. ГIеза-Махьмин зуда Каримат а, Мохьмад-Шафин зуда Аминат а, Шемалан йоI, Iабдурахьманан зуда Нафисат а кхелхина Калугехь. Ши кIант а цуьнца ца вайтина Макка. И шиъ кхин цкъа а гур вац цунна. Iабдурахьман а, Хаджияв а ца всана цуьнца. Iабдурахьман оьрсийн эскаран полковник вара. Масех ялхо а Калугехь велла. Верриг а вуьрхIитта стаг. Цигахь Заидата вина кIант Мохьмад-Камал ву исс шо долуш. И цхьаъ тIеккхетта церан доьзалехь, кхоъ эшна...

* * *

Шемал тIехь волу хIордан кема Уьстамаларчу порте кхаьчча, хIара ган гулделла масийтта эзар адам дара. Туркой, Кавказан ламарой, Iаьрбий, курдой, кхин долчу къаьмнех а. Цара хастаме маьхьарий детташ декъал вора Шомал. Уггар хьалха, Уьстамалахь волчу оьрсийн векало ша волчу хьошалгIа кхайкхира иза. Амма Шемала духатуьйхира цуьнан дехар: «Шен махкахь волуш оьрсийн паччахьо хьошалла дина суна. ХIинца ислам динан махкахь, хIокху мехкан паччахьан хьаша ву,» — аьлла.

Туркойн султана Iабдул-Iаьзама хьурмате хьаша вина тIе ийцира Шемал. Шемал ша волчу цIа чу ваьлча, хьалагIаьттина цунна дуьхьал а вахана, цуьнан куьйгана барт баьккхира Султана. Боккъал аьлча, Уьстамал шахьаран бахархоша иза вазвина тIеэцча, иза сий деш лело волийча шен паччахьаллех кхеравелира Султан.. Халкъан шовкъ дIаяллалц, шена дуьхьалваьллачу Египтан пашица ИсмаIалца машар бахьара аьлла Шемал Каире вахийтира цо. ХIетахь Египет туркойн империна чуйогIуш яра, ткъа ИсмаIал-паша цигахь туркойн султанан сардал вара. Шемал ша волчу цIа чу

ваьлча, шен гІонтара хьала а гІаьттина, иза шен метта охьаханйра Исмаlала. Султанна а, шена а юккъехь машар бина Шемал дІавоьдуш, безчу механ совгІаташ а делира цунна.

Ялх баттахь Іийра Шемал Уьстамалахь. Цигахь ша эцна цІенош ламаройн ДегІастанахь шен хІусамехь хиллачу хьелашца кечдира. Ялх бутт баьлча, хьаьжцІа боьлхучу нахаца, ша дукха сатийсинчу пайхамаран даймахка новкъа велира иза. Некъана харжана султана кхо эзар деши а, иза а, цуьнан доьзал а цига дІабига уггар хаза, чехка хІордан кема а делира цунна. Шемал новкъа ваьккхира итт эзарнаш наха, цаьрца цхьана Хонкаран мехкан шайх-ул-ислама а, султанан визираша а, пачхьалкхан лакхарчу даржерчу хьаькамаша а. Шемалца бара цуьнан зударий Заидат, Шуаннат, йиъ йоІ а, кІант Мохьмад-Камал а, масех ялхо а.

Генахь Меданан маьждагийн момсарш гучусевлча Шемалан бІаьргех комаьршша хиш хьаьлхира. Пайхамара ламаз динчу Ровзат маьждига чохь воьлхуш доІица Деле дехар дира цо:

— Я АллахІ, хІай веза Дела, нагахь дуьненчохь ас яьккхинчу хенахь ас йина ойланаш, сан Іалашонаш, сатийсамаш, бусалба динан дуьхьа ас дина, со дан гІиртина гІуллакхаш а Ахь а, Хьан пайхамара а къобал динехь, Хьайн дукха везна пайхамар ваьхначу, цо Хьайна Іамал йинчу Маккахь я Меданахь сан Іожалла елахь. Айхьа Махьшарехь синош гІовттийнчу дийнахь, Моххьумад пайхамарна безачу нахаца нисвелахь со ,цуьнан къинхетамечу орцанах ма ваккхалахь со...

Оцу маьждига чуьра араваьлча цІеххьана цамгаро лаьцча санна юьхьа тІера бос хийцабелира Шемалан. Маьждига чохь бІаьргех доладелла хиш цІа кхаьчча а ца совцура. Оцу дийнахь дуьйна гІелдала дуьйлира мацах цкъа ДегІастанахь шел могаш, онда а, кадс а ца хилла дегІ, дуьненахь а цІе яхана майра дог а.

* * *

Цамгаро кІелвитина Шемал шен тІаьххьара зама Меданарчу шайхан Ахьмад ал-Ригунин хІусмашкахь, цхьана жимчу цІа чохь яьккхира. Оцу цІийнан корехула дІахьаьжча цунна гора Моххьумад пайхамаран зиярат.

Шемала дукха сатийсира ша валале ГІеза-Махьма шена тІекхачаре. Оьрсийн пачхьалкхе а, Кавказехь наместник волчу цуьнан веше а мосазза а кехаташ яздинера цо, ша валале ГІеза-Махьма шена тІекхачийтахьара бохуш дехарш деш. ХІора дийнахь-буса а иза схьакхочу бохуш ладоьгІура цо. ГІеза-Махьма неІарх чоьхьаволуш шена гайта, ша тІехь Іуьллу маьнга неІарна дуьхьал берзийна хІоттабайтинера цо.

Эрна дисира ГІеза-Махьмас ша цомгашчу дена тІе дІавахийта бохуш оьрсийн пачхьалкхе дина дехарш а. Шемал веллачул тІаьхьа бен Россира дІа ца хийцира иза пачхьалкхо.

Шемалал хьалха Меданахь дIакхелхира Заидат а, Шуаната йиша йоI Софият а, оцццу шарахь йоккхах йолу йоI Фатимат а.

1871 шеран 4 мартехь ша Деле дукха дехначу, пайхамар кхелхинчу Меданахь дIакхелхира Кавказан лаьмнийн, цигарчу халкъийн тешаме, сийлахь, майра кIант, ДегIастанан а, Нохчичоьнан а имам шайх Шемал ал-Гимри...

Меданахь, пайхамаран зиярат долчу Дженет ал-Бакъия кешнашкахь, дIавоьллира иза.

Шемал кхелхина хIоьттинчу тезетах лаьцна дуьйцура иза гинчара.

**ӀабдуллахI ал-СаградIли — ГIаравалаччу Iеламчас, имама, шайх Ахьмада ал-Мадини ар-Ригуни дийцира. Шемал дIавуллуш тезета гулделла Меданара халкъ, Iеламнах, суфияш, белха а боьлхуш, кхойкхура: «ХIай исламан султан! ХIай бусалба динехьа тIом беш леттачийн таж, бусалба дин лардинарг! Ма йоккха гIайгIа ю-кх исламана хьан Iожалла!» Шемале тIаьххьара бIаьрг тоха гIерташ ал-Бакъия ал-Гаркад цIе йолчу меттиге гулделлера дуккха а халкъ...**

**Исхьакь ал-Урмани — Шемал дIавуллучохь хиллачу цхьана хьажочо дийцира. Меданахь кхелхинчу Шемалан дакъа дIадоллале, пайхамаран (Iалайсалам) зияратана тIедеара, цигахь цуьна тIехь докъа ламаз дира. Шайхех коьртачо, гулделлачу халкъо тIаьхьара «Амин!» олуш, доIа дира. Оцу шайхо пайхамаран (Iалайсалам) зиярата тIе а вирзина элира: «Дала шарIат даржо ваийтинчу ахь даржийна шариIат шайн махкахь чIагIдеш шен ницкъ, са а ца кхоош доггах гIуллакх динера хIокху шайх Шемала. МостагIийн ша йийсаре лаццалц, хIокхо бакъонца тIом бинера Сийлахьчу Дала гайтинчу нийсачу новкъахь бусалба динан сий ойуш. Делан къинхетамца оцу мостагIийн йийсарера а ваьлла Делан цIа долчу, хьан зиярат долчу шена къинхетаме орца деха веанера хIара. Оха, кхуза гулделлачу халкъо, цIенчу даггара тешалла до хIара Шемал Делан цIена лай хиларна а, ша дуьненахь яьккхинчу ерриг хенахь бусалба динан цIенчу, нийсачу новкъахь хилла хиларна а, бусалба дин лардеш, цIандеш, чIагIдеш шен ницкъ, са а ца кхоош доггах къийсам латтийна хиларна а. ХIокху халкъо доьху хььога, хIара Деле воьхуш орцах валар.»**

Зама дIаоьхура. Амма Кавказан ламароша цкъа а ца вицвора Шемал. ХьаьжацIа вахана цхьа а ламаро цIа ца воьрзура шайн тешамечу, майрачу, сийлахьчу кIентан коша тIе ца хIуттуш...

## ДЕРЗОРАН ДОШ

«Сийлахь, хьекъале, оьзда нах цкъа а ирсе ца хуьлу, — яздина Гегела. — Церан дахар хала а, декъаза а хуьлу, уьш хеназа дуьненара дIакхелха, я бойу, я махках боху.»

Иштачу нехан дахар хала хIунда хуьлу аьлча, шайн хьекъалца

царна кIорга а, гена а го шайн заманахь хуьлуш долу гIуллакхаш а, бIешераш девлча оцу гIуллакхнйн хин йолу тIаьхьалонаш а. Церан дегнаша ца лов адамийн къизалла, харцонаш, ямартлонаш, шалхонаш, акхалла а. Кегий бераш санна, уьш атта теша, Iехало адамаша дуьйцучух, тIаккха цара шайна тешнабехк, харцо, ямартло йнча, шаьш санна уьш дог цIена, хьанал, къинхетаме ца карийча, шаьш диканиг дан гIоьртина нах шайх ца кхетча, уьш шайна дуьхьалбевлча, халахета царна, дегнашна чевнаш хуьлу.

Деспоташна, тиранашна, церан Iедалшна бIаьрга бан ца беза даккхий халкъаш долу оьзда нах. Деспоташка, тиранашка Iехало я кхерало бодане халкъ, я и халкъ ца кхета царa шайна тIехь латточу харцонех, къизаллех. Амма цаьрга ца Iехало я ца кхерало хьекъале, оьзда нах. ХIокху тIаьхьарчарна шера го деспотийн аьрталла, къизалла, харцонаш, зуламаш а. Хьекъалечу, оьздачу нахана ца лаьа церан карахь тайнигаш хилла баха я царна бохкабала. Цундела деспотийн Iедалхоша уьш бойу, я махках боху, я сийсазбеш къеллехь латтабо. Амма деспотийн Iедалхошна чIогIа оьшу хьекъал долу нах. Хьекъал дерш, амма оьзда боцурш. Шайна бохкалурш, шайн зуламийн декъашхой хинберш.

«Вайл тоьлаш верг кхечу махкахь дика ву» олий, шайн пачхьалкхашкара хьекъале, оьзда нах махках бохуш хилла Аристотела. Волги тIерачу булгараш болчохь хиллачу Ибн Фадлена яздина, цигарчу олаллахоша шайн халкъа юкъара ваьлла хьекъале, оьзда стаг гича, «иза Далла гIуллакх деш дика хир ву» олий, коча муш а тосий, диттах хьала оллара, бохуш.

ХIара эра тIекхачале VII бIешарахь тирана Периандра пач чахьалла дечу Коринфехь халкъ даима цунна дуьхьал гIуьттуш синтеме ца хилла. Ткъа луларчу Милети пачхьалкхехь даима дIа машаре хилла халкъ. Цунах цецваьллачу Периандра шен векал вахийтина Милете, цигарчу паччахьах Фрасибулах дагавала, бохуш яздо Геродота. ДIакхаьчначу векало Фрасибуле хаьттина, шайн пачхьалкхехь халкъ даима дIа паччахьана дуьхьал гIуьтту, пачхьалкхехь машар а, низам дац, ткъа ництаниг Милитехь хIунда на хуьлу, и ца хилийта ахь хIун до, аьлла. Векалан хаттарна жоп ца луш цуьнца цхьана гIалел араваьллачу Фрасибула хьийкъина кIа долчу кха тIе вигна иза. Хьеше хьо хIун гIуллакх дохьуш веанера олий, хаттар деш, амма цунна жоп ца луш, кIа юкъахь кхечарел лакхабаьлла кан хадабой юьстах кхуссуш, кха тIехула мосазза а чекхваьлла Фрасибул. И кIа а дохийна, гIала вухавирзича, кхин цунна жоп ца луш и векал Коринфе дIахьажийна паччахьо. ЦIа вирзича векало дийцина Периандре, шен хаттарна жоп ца делира Фрасибула, оцу хьераваьллачу паччахьо ша кIен ара а вигна, боккха-боккха кан хедош оццул хаза хьийкъина кIа дохийра, аьлла Периандр кхетта: пачхьалкхерчу хьекъалечу, оьздачу нехан кортош даха дезар.

Дуьненан исторехь деспотически Iедалийн уггар доккха гIалат

дара шайн махкара хьекъале, оьзда нах шайна тӀеозо, царах дагабийла, уьш лера, церан сийдан цахаар. Оцу гӀалато паччахьаш шайн даржах бохуш а, пачхьалкхаш йохош, хӀаллакьхуьлуш а меттигаш хилла. И гӀалат ца долуьйтучу паччахьийн, Ӏедалхойн а пачхьалкхаш машаре, токхе, дуьненахь лоьруш, сий деш меттигаш дукха нисъелла.

Халкъана, даймахкана тӀе бохам беача иза уггар хьалха хьекъалечу, оьздачу нехан дагах кхета, уьш халкъана, даймахкана уггар хьалха орцахбовлу, амма толамах пайда а, хастам а халкъаца бала боцчарна хуьлу.

Дукха меттигаш нисъелла исторехь хьекъалечу, оьздачу наха шайн хьекъалца, гӀуллакхашна шайн халкъан, даймехкан сий ойуш, ткъа цара и сий айиничу олаллахоша а, халкъо а уьш дӀатуьйсуш, бицбеш, сийсазбеш, бойуш, я ерриг а оьмар къеллехь, мацалла хьоьгуш чекхйолуш. Уьш халкъа дуьхьа беха, цара хьарам некъашца дуьненан хьал ца гулдо. Царна нуцкъалчарна хьастабала, бохкабала ца лаьа. Царна хала хуьлу сутаралло хьерадаьхначу адамашна юкъахь баха.

И тайпа кхоьламаш дукха хилла адамийн исторехь. Ткъа Россин а, Советски Союзан а пачхьалкхийн исторехь хьекъале, оьзда нах сийсазбарх, хӀаллакбарх а лаьцна бӀеннаш томаш язлур яра.

* * *

Хала а, чолхе а, гӀайгӀане, балане хилла Шемалан сийлахь, турпала дахар. Амма хьакъ долуш цхьа ирс хилла цуьнан: иза дийна а волуш дуьненахь хастаме цӀе яьржина Шемалан, мел зама дӀаэхарх ламанан халкъаша цкъа а ца вицвина шен сийлахь кӀант. Цуьнан заманахь а, тахана а мостагӀаша а цхьаьна лераме йоккху цуьнан цӀе. Большевикийн пачхьалкхехь Шемалан гӀалаташ дестадой дуьйцуш а, эладитанаш кхуллуш иза сийсазварца мосазза а иза халкъийн дегнаш чуьра дӀаваккха гӀоьртира. Амма кхочуш ца хилира большевикийн идеологии лаам, сатийсам а.

Шемал адам дара, ткъа гӀалаташ доцуш цхьа а адам ца хилла, хир а дац. Шемал ваьхна XIX бӀе шо дуьненан массо маьӀӀехь а исторически хийцамаш хуьлуш, мехкаш доькъуш, духкуш, нуцкъаца дӀалоьцуш, паччахьаш хуьйцуш, бойуш, тӀемаш беш, революциш, къаьмнийн маршонехьа боламаш хуьлуш чолхе зама яра. Оцу заманахь гӀалаташ ца довлуьйтуш хилла бац дуьненахь а цӀе яхана баккхий хьекъалчаш, философаш, пачхьалкхийн, тӀеман а деятельш. Ткъа Шемал ша мел хьекъале, майра, доьналла долуш хиллехь а, боданечу ламарошна юккъехь вина а, кхиъна а шен халкъан кӀант вара, амма и халкъаш шен хьекъалан, кхетаман а тӀегӀанна тӀе лакха даха ницкъ бацара цуьнан. Шемалан хьекъалан, кхетаман, майраллин, доьналлин кӀорге гойту цуьнан гӀуллакхаша. Тайп-тайпана меттанаш, гӀиллакхаш, амалш, исторически кхиаран

тайп-тайпанчу тIегIанашна тIехь лаьтта ламанан масийтта халкъ цхьаьна а тоьхна, церан цхьа барт а бина, дуьненахь а йоккхачу, нуьцкъалчу пачхьалкхана дуьхьал церан маршонехьа къийсамна тIехь ткъе пхеа шарахь куьйгалла дина стаг гIалаташ доцуш хуьлийла дац.

Шемал имаматан урхалла къиза хилла бохуш а яздина. Шемал къиза вацара, иза КъорIано, бусалба дино шега гайтинчу некъашца маршо а, бусалба дин лардан, цIандан, адамашна, халкъашна юккъехь нийсо, машар, барт а бан гIиртина. Цо шен законашца нийса хьукма дора хьолаца, къелльца, къаьмнашца а, динца а адамаш ца къесташ. Оцу законна кIелхьара ца бохура цо ша а, шен доьзал, а гергарнаш а. Халонашна, кхерамашна, Iожална юьстахца волура иза ша а, шен доьзалш а ца бохура. Шемала шена а, шен доьзална а дуьненан хьал ца лоьхура, цуьнан дерриг дахар, гIуллакхаш а халкъийн маршонан, бусалба динан дуьхьа дара. Оцу ткъе пхеа шарахь цуьнан масех доьзалхо вийра, бисинчаьрца даймахках ваьккхира иза, мостагIийн йийсарехь махкахь масех доьзалхо а велира цуьнан.

Цунна а, цуьнан доьзална а къоман бохаман дакъа ца кхаьчна ала меттиг ца бисина. Оцу заманахь массарчул а тIе гIайгIанаш а, баланаш а лайна Шемала а, цуьнан доьзало а.

Оццул шен халкъана, халкъашна муьтIахь волу, церан дуьхьа дуккха а баланаш, халонаш лайна волу Шемал, уггар хала киртиг тIехIоьттинчу хенахь массара дIатосуш, ша цхьа вуьсуш меттигаш а нисъелла, къаьсттина а, цунна шена уггар тешаме бу моьттинчу наибаша а, Iеламчаша а. ТIаьххьара а, шен доьзалца махках ваьккхинарг а иза вара. Ткъа цуьнан наибашна, Iеламчашна а таIзар ца дира пачхьан Iедало, цхьаберш хьаьстина шена тIе а озийра...

* * *

Шайн майраллица а, хьекъалца а, доьналлица а Шемалца цхьаьна тIегIанехь бара нохчийн къоман дуккха баьччанаш, динадай а. Кавказан лаьмнийн халкъийн дуьххьарлера имам шайх Мансур, Таймин Биболат, Iаьлбаг-Хьаьжа, нохчийн къоман турпалхо Зеламха а. Церан дахар, кхоллам а декъаза хилира.

Историхь шайх Мансур аьлла цIе яхана ткъе итт шо хенара Ушурма 1785 шарахь коьрте хIоьттира пачхьан колонизаторшна дуьхьал гIаьттинчу нохчийн халкъана. Дуьххьара Алда уллохь хиллачу боккхачу тIамехь цо толам баьккхира оьрсийн эскаршна тIехь. Цхьа йоццачу хенахь цуьнан ницкъ кхечира нохчий, чергазой, гIебартой, гIумкой, элагий, абзой, абазинаш, шапсугаш, убыхаш, кхин долу ламанан халкъаш шен байракха кIел а хIиттийна, дуьззинчу ялх шарахь пачхьан колонизаторшна турпала дуьхьало яи.

Цхьа шо далале шен нохчаша дIатесна иза малхбузе ламарошна юкъавахара, ша йийсаре лаццалц шен къийсам цигахь дIабаьхьира Мансура. 1971 шеран 21 июнехь паччахьан эскарша Анапа дIалоцуш туркоша герз охьадиллина гIап дIаелча а, тIаьххьара минот тIехIотталц герз буйнахь дуьхьало йира цо. Цигахь йийсаре лаьцна Росси вигна, Шлиссенбурган набахтехь 2 шо 5 бутт 27 даьлча 1794 шеран 13 апрелехь дIакхелхира иза. Вада гIоьртина аьлла бахьана а хIоттийна, вийна бохуш хабарш а девлира.

Шайх Мансур коьртехь волуш болабелла ламанхойн шайн маршонехьа къийсам кхидIа баьхьира Таймин Биболата. Кавказехь цуьнан цIе яхара XIX бIе шо долалуш. Иза чIогIа лоруш вара ламанан халкъаша. Цуьнан яккхий зIенаш яра ламанан феодалашца а, Тегеранехь, Стамбулехь а. Кестта Кавказехь уггар кхераме стаг хилла дIахIоьттира иза Россина. Майра, хьекъале, говза дипломат волу Биболат шайгахьа ваккха гIерташ цунна чинаш, кхаьънаш луш меттигаш а йира оьрсийн командованис. Амма Биболат ца Iехалора цаьрга. Эххар а къаналло, цамгарша а заьIап вина Биболат цо мацах цкъа да вийначу гIумкийн эло 1831 шеран 14 июлехь оьрсийн командованин гIоьнца тешнабехк бина вийра.

Шемал йийсаре вигначул тIаьхьа гIаьттиничу ламанан Нохчичоьно шен имам кхайкхийра БойсагIар. Шина шарахь герга паччахьан Iедална дуьхьало йира гIевттиначу ламароша. Амма аренца йолчу ярташа тIе ца лецира БойсагIар. ТIаьххьара, хала киртиг тIехIоьттиничу хенахь, шен доьзалца цхьа висина БойсагIар йийсаре вигна Хасн-юьртахь ирхъоьллира.

Паччахьан Iедало къелллица, мацаллица, харцонашца бIарзбина ламанан Нохчичоьнан бахархой гIевттира 1877 шарахь. Церан коьрте хIоьттира ткъе ялх шо хенара Iаьлбаг-Хьаьжа. Цуьнан байракх кIел ца хIиттира нохчийн аренца йолу ярташ. БархI баттахь тIом бира гIовттамхоша 40 эзар салтий, 104 йоккхатоп йолучу цига даьхкинчу паччахьан эскаршна дуьхьал. ГIаттам хьаъшначул тIаьхьа цхьа висина Iаьлбаг-Хьаьжа 1877 шеран ноябран 27 дийнахь шен лаамехь паччахьан эскарийн командованина тIевахара. 1878 шеран 9 мартехь Iуьйранна Грознехь ирхъоьллира Iаьлбаг-Хьаьжа а, цуьнан шийтта накъост а.

Кхойтта шарахь паччахьан Iедална дуьхьало йира гIараваьллачу обарга Гушмазакъан Зеламхас. Халкъан маршонехьа гIаьттинчу Зеламхан доьзало баккхий баланаш, халонаш лайра цIийнах-цIарах баьлла а, Сибрех а. Цамгаро лаьцна шен доттагIчун хIусамехь къайлаваьлла иза ахчанах Iедална вохкавеллачу цхьана айкхо далийначу эскаро 1913 шеран 27 сентябрехь Шела уллорчу цхьана кIотарахь вийра.

И цIераш яьхнарш халкъан истори юкъабаханчех масех стаг ву. Ткъа нохчийн халкъан дуьхьа баьхна, халкъа дуьхьа къахьегна, халкъа дуьхьа шайн дахар дIаделла, амма истори юкъа ца боьл-

хуш дуьненара дIакхелхина хьекъале, майра, оьзда, майра, доьналле къонахой мел дукха бу.

ЦхьакIеззиг Iеламчашний бен ца бевзаш халкъо бицбина лаьттина шайх Мансур, Биболат, БойсагIар, Iаьлбаг-Хьаьжа а, Шемалан гIарабевлла майра нанбаш а.

Цуьнан майраллех лаьцна халкъан шира иллеш ларделла хиларна Биболатан цIе евзара халкъана. Амма иза гена махкал арахьа вевзаш халкъан хьекъале, майра баьчча а, говза политик, дипломат а хилла хилар ца хаара. Я хIинца а ца хаьа цхьакIеззиг барамехь нах боцчарна.

Шайх Мансур — шина бIе шарахь, БойсагIар — бIе ткъе исс шарахь, Iаьлбаг-Хьаьжа — бIе дейтта шарахь лаьттина шайн халкъана бицбелла. Кошан баьрзнаш доцуш, мичхьа дIабоьхкина а ца хууш бу шайх Мансур, Iаьлбаг-Хьаьжа а. Ткъа шо хьалха ас теллича, беношна ца хаара БойсагIаран каш мичхьа ду. ХIинца а къастаза ю Биболат дIавоьллина меттиг а. Цунах лаьцна а тайп-тайпана хабарш дуьйцу. Шемалан гIарабевллачу напбийн кешнаш а цхьа наггахь стаг бен тIе ца хIуттуш дIатийсина лаьтта.

«Лаьмнашкахь ткъес» роман изъян материалаш гулъеш «Ленинан некъ» а, массо районан газеташна а тIе ас зорба тоха йтира, Iаьлбаг-Хьаьжин а, цуьнан гIоьнчийн а цIераш юьйцуш, оцу нахах шайна хуург дуьйцуш соьга кехаташ яздахьара аьлла сайн дехар. Цхьаммо а сан дехар кхочуш ца дира. Я къонахой тIаьхье йоцуш байнера а хаац, я оцу тIаьхьенийн шайн турпалчу дайн бала ца хиллера а хаац.

Амма хIокху тIаьхьарчу шерашкахь гучубуьйлу нохчийн къоман турпалхойн тIаьхьенех нах. Ша-ша вуйла ханйта гIерташ. ХIеттали шаьш бицбина лаьттинчу, я шаьш церан тIаьхьенах дуйла ханйта ца баьхьаш Iийна цхьацца нах хIинца оцу шайн дайн цIерех пайда а оьцуш, дуьненан аьттонаш лоьхуш а лела. Къоман турпалхойн цIерех шайн байракх йина лела цхьацца политически тобанаш, юкъараллин боламаш, Iедалан коьртехь берш а, Iедалан коьрте баха гIертарш а. Амма уьш дукхе дукха гена бу оцу турпалхойн хьекъална, оьздангаллина, доьналлина, халкъе безамна а. Царна юкъахь кIезиг карорбара и турпалхой санна, халкъан дуьхьа Iожалла тIеэца кийчаберш.

Шен истори цахааро, дIадаханчу бIешерашкахь ша бинчу бехачу, халачу, чолхечу новкъа юха а хьаьжна, оцу новкъахь ша нийса маца хилла, гIалаташ маца дийлина аьлла ойла ян цаҳааро, изза гIалаташ юх-юха а дуьйлуьйтуш, керла-керла дукха бохамаш хилла нохчийн къомана. Шен майралла, шен оьздангалла, шен доьналла хестадо, амма шегара дийлина гIалаташ, сонталла а ца хьехайо. Шен бохамашна бехкениш арахьа лоьху (уьш даима хилла, болуш а бу, амма шен я шен баьччанийн гIалаташ бахьана долуш хилла бохмаш бийца ца лаьа.)

ДIаяханчу заманахь нохчийн къомана хиллачу бохамийн ойла

йича, царах цхьаберш халкъан, я цуьнан цхьана декъан, я цуьнан коьрте гӀиртинчу цхьана тобанийн бехкенна хилла карабо. Хьекъале, майра, оьзда, доьналла долу, халкъан дуьхьа шайн синош дӀадала кийча болу шен къонахий къасто а, шен коьрте хӀитто а, церан кара шен кхоллам дӀабала а, церан сий дан а, уьш ларбан а ца хиъна я ца лиъна нохчашна. Дукхахьолахь халкъ Ӏехалора шен кхолламца бала боцчу, дуьненан хьолана сутарчу, шалхо йолчу, авантюристийн хазчу хабарх а, кхайкхамах а. Оцу тӀаьхьарчу наха шайн аьрталлица, стешхаллица халкъ бохаме дуьгура, халкъан бакъболу кӀентий хӀаллакбора.

Цхьа а халкъ ца хилла дуьненахь сонта, ямарт, стешха нах, зуламхой боцуш. Цхьа а стаг ца хилла дуьненахь гӀалаташ, айпаш доцуш. Майра стаг кхералуш, собарениг собарх вухуш, къинхетамениг къиза хуьлуш, хьекъалениг, оьзданиг галволуш меттигаш нисло дахарехь. Къелло, мацалло галбохурш а хуьлу, хьал, Ӏедалан дарж караделча кураволий амал хуьйцурш а хуьлу. Дерриг дика нисделла халкъ а, адам а дац. Шех долу диканиг а, вониг а, шен боккъала болу хьекъале, майра, оьзда, доьналла долу нах моттаргӀанашца халкъ Ӏехош лелачу авантюристех къасто ца хуучу, я ца луучу, я и дика, вон а вовшах къасто кхетам боцчу халкъан, хьекъалечу Шемала ма аллара, «шен сийлахьниг лакха тӀе ваккха гу а, зуламениг чу таса ор а доцчу» халкъан цкъа а сий хир дац, цуьнан кхоллам даима декъаза хир бу. Нийса аьлла Гегела: «Сийлахь, хьекъале, оьзда нах цкъа а ирсе ца хуьлу. Церан дахар хала а, декъаза а хуьлу, уьш хеназа дуьненара дӀаихелха, я бойу, я маххах боху».

Иштачех бара шайх Мансур, Биболат, ГӀеза-Молла, Шемал, Кунта-Хьаьжа, Ӏаьлбаг-Хьаьжа, Боматгери-Хьаьжа, Зеламха, Кавказан лаьмнийн халкъийн кхин бӀеннаш кӀентий.

Диттан локхалла иза хадийна охьатоьхча бен ца хаьа, олуш ду. Майра, оьзда, хьекъале, доьналла долчу нехан мах хаац уьш дуьненахь болуш. Цхьацца халкъаша и нах дуьненара дӀабевлча нисдо шайн гӀалат. Ткъа цхьацца халкъаша дуьненахь болуш церан сий ца до, уьш ца ларбо, дуьненара дӀабевлча бицбо.

Шен хьекъале, майра, оьзда, доьналла долу сийлахь кӀентий дуьненахь болуш уьш бовза, церан сий дан, ларбан а, дуьненара дӀабевлча уьш ца бицбан а хьекъал, кхетам, гӀиллакх доцчу халкъана хила хьакъ бац и тайпа къонахий...

1974-1992 шераш.

Кхолламан цхьа де . . . . . . . . . . . . 3
Маршонан кІентий . . . . . . . . . . . . 103
Калугера йийсар . . . . . . . . . . . . 220

Редактор С. А. Такалашов
Художник Е. М. Токарев
Художественный редактор И. И. Джансуева
Технический редактор С. П. Липатова
Корректор Т. И Бураева

Айдамиров Абузар Абдулхакимович
**ОДИН ДЕНЬ СУДЬБЫ**
ПОВЕСТИ
(на чеченском языке)

Сдано в набор 29.10. 1992 г. Подписано в печать 30.03. 1994г.
Формат 60x84 1/16 Бумага офс. № 2
Гарнитура литературная. Печать высокая. Усл. печ. л. 19,5
Уч.изд. л. 22,67 Тираж 5000. Заказ № 4651

Издательско-полиграфическое объединение «Книга»
Государственного комитета информации и печати ЧР
364907, г. Грозный, ул. Субботников, 35.

1994-чу шарахь дешархойн йовза атту хир бу нохчийн халкъан барта кхоллаpалла. Шуна девзар ду хьалха зорбане довлаза долу иллеш, эшарш, туьйранаш.

ХӀоттийнарг ву З. Джамалханов.